

DEBUTAN



[PWOFESE]

ane

3



*Liv edikasyon kretyen pou pwofesè primè (de 6 a 8 lane) ---
1, 2 ak 3 grad edikasyon primè oubyen elemantè).*

PWOFESÈ

Ane 3

**Pibliye pa Ministères de la Formation de Disciples -
Région Mésoamérique, Eglise du Nazaréen**

**Kopi yo kapab fèt nan paj sa yo pou liv pèsoneèl ak lizay nan legliz
la. Ou ka jwenn vèsyon elektwonik liv sa a nan:
www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org**

Tradiksyon ak adaptasyon - Dezama Jeudi

Copyright © 2018 Tout dwa rezève.

**Leson sa yo te tradwi epi adapte pa materyèl orijinal li an anglè
pa mwayen travay piblikasyon an aksyon.**

ISBN: 978-1-63580-106-4

**Tout pasaj bibliik yo soti nan Bib Jerizalèm vèsyon 1992, Sosyete
Bibliik Ini, sèlman kote yo endike lòt vèsyon.**

Enprime nan Etazini yo



TAB MATYÈ

ÈD POU PWOSESÈ A	4
RESOUS DIDAKTIK	9
◇ Resèt plastilin oubyen pat pou bay fòm	9
◇ Penti daktilik yo	10
◇ Lakòl blan	10
◇ Papye pou fè kat ak zèv alamen yo	10
◇ Sètifika Pwomosyon	12
Inite I: JEZI KÒMANSE MINISTÈ LI	13
Leson 1: Jezi aprann obeyi	14
Leson 2: Jezi batize	16
Leson 3: Jezi sibi tantasyon	19
Leson 4: Jezi chwazi disip li yo	21
Inite II: JEZI FÈ LADIFERANS	24
Leson 5: Jezi geri yon nonm ki gen lèp	25
Leson 6: Jezi transfòme Matye	27
Leson 7: Jezi renmen timoun yo	31
Leson 8: Jezi padone Pyè	34
Inite III: MIRAK YO AK MINISTÈ JEZI	37
Leson 9: Jezi, pi bon antrenè a	38
Leson 10: Jezi, pi bon doktè a	40
Leson 11: Jezi, sa ki gen plis pouvwa a	43
Leson 12: Jezi, pi bon lidè a	45
Inite IV: PLAN SALI A	48
Leson 13: Jezi te mouri pou nou	49
Leson 14: Jezi te resisite	53
Leson 15: Jezi se Sovè nou an	55
Inite V: 10 RÈG KI PLIS ENPÒTAN YO	58
Leson 16: Règ pou viv avèk sajès	59
Leson 17: Bondye dwe nan premye plas la	62
Leson 18: Ann onore paran nou yo	65
Leson 19: Fè atansyon ak panse w' yo	69
Leson 20: Vòlò ak bay manti pote konsekans	73
Leson 21: Lanbisyon an danjere	76
Inite VI: BONDYE PA GEN PARÈY EPI LI GEN POUVWA	79
Leson 22: Kontinye pou pi devan san krent	80
Leson 23: Kontinye pou pi devan avèk kouraj	82
Leson 24: Kontinye pou pi devan nan obeyisans	85
Leson 25: Kontinye pou pi devan avèk pouvwa li	89
Leson 26: Kontinye pou pi devan avèk pwomès li yo	92

<i>Inite VII: ANN IMITE JEZI</i>	96
Leson 27: Chèche kè poze	97
Leson 28: Chèche lanmou	100
Leson 29: Chèche Bondye	102
Leson 30: Chèche lavi	105
<i>Inite VIII: LEGLIZ LA NAN LEMONN ANTYE</i>	109
Leson 31: Bon nouvèl pou yon etyopyen	110
Leson 32: Bon nouvèl pou yon women	112
Leson 33: Bon nouvèl pou moun Antyòch yo	116
Leson 34: Bon nouvèl pou tout moun	119
<i>Inite IX: MIZÈRIKÒD BONDYE A</i>	122
Leson 35: Istwa tris Kayen avèk Abèl la	123
Leson 36: Yon nonm ki bon nan yon mond ki pa bon	126
Leson 37: Bondye sove Noye	129
Leson 38: Bondye fè yon pwomès	133
<i>Inite X: SÈVITÈ FIDÈL BONDYE YO</i>	136
Leson 39: Rit, yon sèvant ki fidèl	137
Leson 40: Bòz, yon sèvitè ki fidèl	139
Leson 41: Àn, yon sèvant ki fidèl	141
Leson 42: Samyèl, yon sèvitè ki fidèl	143
<i>Inite XI: GWO POUVWA BONDYE A</i>	146
Leson 43: Bondye bay Moyiz yon misyon espesyal	147
Leson 44: Bondye sove pèp li a	149
Leson 45: Bondye fè pwovizyon pou pèp li a	152
Leson 46: Bondye pwoteje pèp li a	154
Leson 47: Bondye montre pouvwa li	156
<i>Inite XII: INITE XII: ISTWA NOWÈL LA</i>	159
Leson 48: Kado obeyisans lan	160
Leson 49: Kado yon Sovè	162
Leson 50: Kado louwanj lan	164
Leson 51: Kado adorasyon an	167

Èd pou pwofesè a

I. ASPÈ JENERAL LESON AN

INTWODIKSYON INITE A

Se nan li w'ap jwenn baz bibliik inite a, pasaj bibliik yo, objektif la ak pou kisa timoun primè yo bezwen ansèyman sou inite a.

BAZ BIBLIK

Sinyale pasaj bibliik kote leson an soti a. ou kapab fè referans ak plizyè liv oswa pasaj bibliik. Ou dwe li pasaj la epi pou abitye ak li.

OBJEKTIF LESON AN

Bay esplikasyon sou ki kote ou vle mennen elèv ou yo epi kisa w vle fè pa mwayen pwosesis ansèyman aprantisaj sa a.

PASAJ INITE A POU MEMORIZE

Li rekoumande pou itilize yon sèl vèsè bibliik pou inite a avèk objektif pou konsantre sou verite santral inite a.

II. PREPARE W POU ANSEYE EPI KÒMANTÈ BIBLIK

Sa pral ede w konnen pi byen fason timoun ki nan primè yo panse epi sa pral ba ou ide sou kijan w kapab adapte w nan bay timoun ansèyman.

Dezyèm seksyon sa a prezante yon èd sou pasaj etid bibliik inite a, epi pral elaji konesans ou sou tèm nan. Li gen ladan l kòmantè bibliik tou ak kouman yo aprann timoun nan laj sa a. Pou yon pi bon travay, ou dwe rann ou kont de tout bagay sa a yo:

- **Priye** epi mande Bondye direksyon
- **Li** pasaj bibliik la plizyè fwa epi ekri ide santral ou rankontre yo nan yon kaye.
- **Konsilte** lòt vèsyon bibliik, kòmantè bibliik, diksyonè bibliik.
- **Konpare** ide ou yo ak sa ki prezante nan liv sa a.
- **Medite** sou yo chak epi fè refleksyon kijan w'ap ka aplike pasaj la nan pwòp lavi pa w ak lavi elèv ou yo.

III. DEVLOPMAN LESON AN

La a yo idantifye tan devlopman leson an pou yo ka jwenn pi bon rannman nan ansèyman an. Pa mwayen plizyè aktivite, jwèt, kesyon ak repons, sa pral bay timoun yo premye ide sou pwen ki pral trete nan leson an.

ISTWA BIBLIK

Istwa bibliik la dwe devlope pandan timoun yo pral gen yon bon patisipasyon ladan l. Ou dwe asire w ke pwen kle yo parèt klè pou timoun yo. Ou kapab fè pratik prezantasyon tèm nan lakay ou pou w ka santi w pi alèz lè w devan elèv yo. Ankouraje, travay la se pou Seyè a epi oumenm ou se yon estriman nan men li !

Sa a se moman pou elèv la reflechi sou lavi li chak jou, se moman pou ede l poze tèt li kesyon sou kijan lavi l ye pa rapò ak sa Bib la anseye. An jeneral, w'ap jwenn aktivite pou w ka jwenn repons pèsònèl yo. Dirije timoun nan pou l reflechi epi pa ede l nan repons li yo, sa a yo dwe pèsònèl epi sensè.

IV. AKTIVITE YO

Nan seksyon sa a ou pral jwenn lòt aktivite pou ranfòsman leson an, devwa nan liv ou yo, jwèt yo.

- a) Memorizasyon pasaj ak aktivite diferan yo konfòm ak chak laj.
- b) Pou fini : moman lapriyè ak refleksyon yo.

Konsèy pou ou pwofesè: Se pou w veje anpil pou leson an pa limite, se pou w prepare w pandan tout semèn nan.

- Priye epi kominike ak elèv yo pa mwayen lèt, apèl telefòn, envitasyon oswa vizite yo si yo sispann al patisipe nan klas la.
- Voye yon nòt bay elèv la menm ak / oswa paran yo epi mansyone evènman espesyal nan lavi elèv la tankou anivèsè nesans, jou espesyal, elatriye.
- Ankouraje elèv ou nan konpetisyon pou w' motive yo patisipe, aprann; memorize tèks, envite zanmi yo, elatriye.
- Rive bonè pou w' asirew ke sal kote w' pral bay klas la li pwòp.
- Pou prepare leson yo, sonje timoun ki prèske rive nan laj adolesan yo, bezwen ak pwoblèm yo.

SIJESYON POU MEMORIZE PAWÒL LA

1. KI SA VESE A DI?

Sa elèv ou yo wè ak eksprime sans yo.

Zye a

Nan Bib la.

Nan kat yo, moso katon, klenkan, èd vizyèl yo oubyen sou tablo.

Zòrèy la

Li li byen fò.

Se pou elèv yo li li.

Vwa a

Repete apre w' fin koute li. Li li ak lòt moun epi endividyèlman. Koral oswa yo nan gwoup.

Chante li.

Men yo

Ekri vèsè a sou tablo a, kat yo, bwat katon yo, ti moso papye oswa papye koulè. Ranpli espas vid yo. Devinèt.

2. KISA SA SA VLE DI?

Al chache definisyon yo

Se pou timoun ki prèske rive nan laj adolesan yo eksprime sa yo konprann sou vèsè Biblik la. Eksplike mo sa yo ke elèv yo pa konnen.

Diskite sou kontèks la

Ou ka ede ak komantè biblik, diksyonè oswa mande lòt moun. Fè rechèch sou vèsè biblik ki vin anvan yo.

Ki moun ki pale a oswa ak ki moun sa yo li pale?

Diskite sou reyalite yo oswa faktè ki te devlope yo.

Transfòme vèsè an blag

Montre desen oswa desen anime.

Trase foto.

Sèvi ak langaj siy oswa teyat.

3. KOUMAN POU MWEN APLIKE LI NAN LAVI M'?

Diskite sou bagay sa yo:

Aplikasyon ki gen vèsè biblik nan lavi chak jou.

Nan ki sikonstans sa pral ede li, ak ki konsekans sa ap pote nan lavi ou ak lavi lòt moun yo.

Sonje yon vèsè

Lè ou anba tantasyon.

Lè ou nan pwoblèm.

Lè w'ap ankouraje lòt yo.

TIMOUN PRIMÈ A, KONPÒTMAN LI AVÈK PWOSESÈ A

- 1) Chèche konprann elèv ou yo epi pèmèt yo genyen yon kondwit ki nòmal.
 - Timoun yo sou sa epi kirye.
 - Se pa kòm si se ti granmoun yo ye. Se pou nou toujou fè la diferans ant move konpòtman ak lòt moun nan pa gen matirite.
- 2) Bat pou gen yon bon atmosfè nan klas la ki va bay repons a yon bon konpòtman.
 - Bat pou timoun yo konnen ke w' renmen yo ak apresye yo.
 - Demontre ke w sousye de yo menm nan sa ki pase yo lè yo pa nan klas la.
 - Se pou w' byen organize sa w'ap fè epi nan fason w'ap aji ak elèv ou yo.
 - Fè yon gid byen klè, ki gen ladan li sa kew' ta renmen ke yo fè nan lavi yo.
 - Se pou w' evite genyen elèv ki pi zanmi w nan klas la.
- 3) Jwe wòl pwofesè.
 - Pran responsablite w' nan klas la.
 - Se pou elèv ou yo wè nan ou figi yon otorite yo dwe respekte.
 - Fè zanmi ak elèv ou yo.
 - Mansyone yon bon egzanp de moun ou vle yo fè tankou li.
- 4) Itilize metòd ki gen elèv yo ladan l' epi ki kapte lespri yo.
 - Se pou w' toujou byen prepare epi rive nan klas la anvan elèv ou yo.
 - Founi yon bann aktivite ki kapab apwopriye pou yo.
 - Itilize aktivite ki kapte lespri yo ak entelijans yo.
 - Kite jenn timoun yo chwazi kèk nan aktivite yo.
- 5) Afiche yon konpòtman ki pozitif.
 - Met limit nan nimewo règ yo.
 - Lè ou korije yon elèv, pale sa ak paran li yo, gadò li oswa responsab li yo.
 - Mande asistan ki pou ede w'.
 - Kite pòt oswa fenèt klas la ouvri.
 - Pwoteje timoun yo ke yo te konfyè w, respekte yo, pa rete ak timoun yo sèlman.

KISA KI DWE FÈT LÈ YON TIMOUN FÈ DEZÒD?

- 1) Chèche koz pwoblèm nan.
 - a) Eske elèv la gen pwoblèm aprantisaj oswa maladi ki anpeche li patisipe kòrèkteman nan klas la ?
 - b) Eske l'ap bat pou l' kontwole klas la poukont li ?

- c) Eske li gen talan espesyal oswa nivo ki pi wo pase lòt yo, ki pèmèt li dekouraje nan klas la?
 - d) Lè w' fin konn koz pwoblèm nan, petèt ou ka pote yon solisyon lèw' pale ak paran timoun sa.
- 2) Pran kontwòl sitiyasyon an.
- a) Pa bay konpòtman ki pa bay klas la pwoblèm valè.
 - b) Foure elèv la nan aktivite klas la.
 - c) Fè li konprann ke w' gen kontwòl vye konpòtman li yo.
 - d) Apwoche bò kote li.
 - e) Di li konsa, ak vwa w' byen ba, sa ou vle pou li fè a.
 - f) Esplike elèv la kisa ki ka rive li si li kontinye fè dezòd.
- 3) Pale ak paran yo oswa moun ki responsab yo.
- a) Si ou fè sa davans, pou w' pale ak paran li yo oswa moun ki responsab li yo, mennen li avèk ou.
 - b) Koumanse pou w' di paran yo kisa w renmen nan timoun sa a.
 - c) Mete pwoblèm nan sou tab epi poze kesyon pou w' jwenn solisyon li.

NOU DWE KONNEN TIMOUN PRIMÈ A

- Li byen aktif, epi kòdinasyon janm li yo vin pi nòmal.
- Li gen matirite pou l konte, pentire, kole, rekoupe epi double pi byen de tanzantan.
- Fason li panse baze nan eksperyans de sa l te wè avan oswa enteraksyon ak objè ke yo kapab wè.
- Aprann plis lè l'ap fè ke lè l wè.
- Chèche api sou granmoun ak kamarad yo.
- Bay lajistis valè epi pa konprann lè lwa yo chanje.
- Li gen matirite baz yo (li, ekri, òganize, klasifye) devlope oswa kont pou atenn objektif yo.
- Yo konprann konsèp tan an pi byen, espas ak distans.
- Akonpayman enpòtan anpil. Nan laj sa a, li plis enpòtan pou yo koute konsèy zanmi yo ke pa granmoun yo.
- L'ap aprann konnen objektif lòt moun epi konnen ke yon pwoblèm kapab genyen plizyè solisyon.
- Lè ou konsidere karakteristik sa yo nan etap nan devlopman elèv yo, nou mete kèk konsèy pou nou amelyore dinamik yo:
- Itilize èd moun kapab wè tankou videyo, ilustrasyon ak plizyè egzanp pou ede yo konprann ide ki kache yo.
- Mete règ ki fèm sou pye.
- Gide l vè deba k'ap ede l konprann konsèp yo, epi itilize egzanp ilustrasyon yo.
- Planifye aktivite pou travay an gwoup.
- Mande elèv yo pou yo bay ide pou planifye yon pwojè èd pou manm legliz yo ak kominote a, epi patisipe ladan yo. Fè remak sou enpòtans travay misyonè a genyen.
- Kreve okazyon pou yo debat epi panse osijè de tèm moral. Prezante istwa san fen pou yo ka fini yo epi pran desizyon yo.

Materyèl edikasyon kreyèn pou timoun yo

Kay Piblikasyon Nazareyen yo prezante ak anpil koleksyon konplèt edikasyon kreyèn l lan ak anpil konpliman.

Yo te fèt pou pwofesè timoun ak pou elèv ki gen laj soti nan 4 a 11 lane.

Timoun yo pral aprann leson yo ki nan Bib la selon laj yo. Epi pandan l'ap fini lekòl primè li, yo pral rekouri defni istwa bibliik yo, tankou divès tèm apwopriye tou pou chak etap anfans ak preadolesans li.

Materyèl sa a te fèt kòm diferan etap pou rive atenn yon lavi ki san peche. Li gen ladan l etap ki klè epi posib.

Liv pwofesè a pral ede ekipe moun sa a yo ki gen bèl devwa pou kondwi timoun yo pou yo konekte yo ak mesaj ki pra l chanje lavi yo pou toujou.

Pandan w'ap ede timoun nan nan menm ane a---konfòm ak laj li---li pral gen pou l etidye chak liv yo. Lè l gen 15 lane---si li te koumanse ak premye liv la---li pral gen pou l etidye 8 liv koleksyon sa a.

Yo te fè liv yo pou yo itilize nan lekòl di dimanch, moman lajwa, lekòl bibliik jou samdi yo, klèb pou timoun, ansèyman disip ak lekòl an jeneral.

Seri sa a santre sou:

- a) Efòse timoun yo aprann pawòl Bondye.
- b) Pèmèt yo grandi nan eksperyans yo kòm pitit Bondye.
- c) Agrandisman la fwa yo.
- d) Dirije yo pou y'aksepte Jezi kòm Seyè ak Sovè yo.
- e) Rive fè pati kominote kreyèn an, legliz la.

Tablo sa a pral ede w idantifye liv ki koresponn konfòm ak laj elèv yo:

Preskolè yo---4 ak 5 lane (Ane/liv 1 ak 2).

Debutan---6 a 8 lane (Ane/liv 1, 2 ak 3).

Pawòl ki bay lavi a (preadolesan yo)---9 a 11 lane (Ane/liv 1,2 ak 3).

Resous Didaktik

Chè pwofesè:

Nou prepare seri resous didaktik sa a yo pou ede w anrichi dinamik klas ou a.

Nan kèk leson, nan pati aktivite yo, yo mande pou w itilize materyèl sa a yo pou ankouraje timoun nan egzèsè kapasite l yo epi mache vè yon aprantisaj ki pi efikas.

RESÈT PLASTILIN OSWA MAS POU FÈ MODÈL

FARIN PAT AK SÈL

Engredyan yo:

- 2 oubyen 3 tas farin.
- 3/4 tas sèl.
- 1/2 tas dlo kèd.
- Dlo vejetal koulè

Enstriksyon yo:

Melanje farin frans la ak sèl, epi vide dlo kèd la pandan w' ap brase li. Men si ou vle ou kapab ajoute dlo vejetal koulè a, veye pou w' toujou vide kèk ti gout vejetal koulè pandan l'ap ranmase. Mas la gen pou l' fèt depandaman de kantite dlo ou mete. Lè mas la fin fèt, konsève li nan vèsò anndan frijidè a.

MAS KI KWIT LA

Engredyan yo:

- 2 tas farin frans.
- 1 tas sèl.
- 1 gwo kiyè lwil doliv.
- 2 ti kiyè krèmòl.
- 1/2 tas dlo.
- Dlo vejetal koulè

Enstriksyon yo:

Melanje engredyan sèk yo. Lè sa a, ajoute dlo ak lwil doliv la. Mete melanj lan sou dife a joukaske preparasyon an vin près, epi kontinye brase l' toutan.

Retire li sou dife a epi kite l' frèt. Pou rive jwenn koulè w' bezwen an, ajoute yon kèk gout dlo v pandan vejetal koulè pandan mas la ap ranmase. Li pral rete nan konsèp plis ke yon mwa si ou mete li nan yon vèsò ki fèmen.

MAS LABOU

Engredyan yo:

- 2 tas tè.
- 2 tas sab.
- 1/2 tas sèl.
- Dlo

Enstriksyon yo:

Melanje tè a, sab la ak sèl la. Apre sa ajoute dlo a, ti kras pa ti kras, jiskaske w' rive jwenn li janw vle li a pou fè modèl la.

PENTI DAKTILE OSWA DAKTILIK

Engredyan yo:

- 1 ak 1/4 tas lanmidon.
- 1/2 tas savon an poud.
- 3 tas dlo bouyi.
- 1 gwo kiyè gliserin.
- Dlo vejetal koulè oswa tanpè

Enstriksyon yo:

Fonn lanmidon an nan dlo frèt. Apre sa vide li tou dousman nan dlo bouyi a, pandan w' ap kontinye brase li pou w' anpeche l' fè boul. Ajoute savon, epi finalman ajoute gliserin nan. Pou w' ba l' koulè, ajoute dlo vejetal koulè a oswa tanpè a. Konsa, w'ap vin genyen yon preparasyon jelatin kipa yon pwazon. Si w' mete penti sa a nan boutèy plastik, li pral kenbe pandan plizyè jou.

LAKÒL BLAN

Engredyan yo:

- 4 tas dlo.
- 1 tas farin ble.
- 1/2 tas sik.
- 1/2 tas vinèg

Enstriksyon yo:

Bouyi twa tas dlo. Pandan se tan, nan yon bòl melanje yon tas dlo, farin frans, sik ak vinèg. Lè dlo a bouyi, ajoute melanj lan, epi brase l' dousman sou dife a jiskaske li lage premye bouyon an. Si rete boul, ou ka blennde melanj la. Si li twò epè, ajoute dlo. Si l' vin dlo, mete li bouyi pou plis tan. Konsève lakòl la nan yon bokal ak kouvèti.

PAPYE POU KAT AK ATIZANA

- 1) Tranpe 6 fèy papye blan nan dlo cho oswa papye jounal, koupe an ti moso.
- 2) Moulèn papye a nan blennde avèk mwatye tas avwan, oswa flè, oswa fwi bagas oswa legim, tankou kawòt, seleri, elatriye.
- 3) Koule melanj lan epi ajoute kat gwo kiyè gliserin ak 6 gwo kiyè lakòl blan.
- 4) Ouvè pat la sou yon plastik, ak yon woulo oswa yon planch ki fèt pou sa jouskaske li vin mens epi menm jan.
- 5) Kite l' nan solèy pou de jou.
- 6) Avèk papye a ou ka fè kat yo, sinyale oswa papye ki pou separe fèy liv, lèt, elatriye.

Enpòtans Pwomosyon Elèv Pou Pwochen Klas La

Chè lidè ak pwofesè edikasyon kretyen:

Kòm nan lekòl primè, timoun nan legliz la yo dwe fasilite yo pou fè pwomosyon “nan grad yo oswa klas imedyat siperyè.” Kòm yon pwofesè, li trè enpòtan pou ou ta ankouraje elèv yo nan fen ane eklezyastik la oubyen, sa ki ta dwe pi fasil, nan fen ane lekòl la. Pou fè sa, pale ak lidè yo nan edikasyon kretyèn nan kongregasyon yo oswa ak pastè a.

Ou ka prepare davans yon “seremoni” pwomosyon, epi bay chak elèv ki pase yon sètifikasyon pou antre nan klas k’ap vini apre a.

Seremoni an kapab fèt nan tanp lan pou tout kongregasyon an ka patisipe.

Envite paran ak fanmi elèv yo. Se pral yon bon okazyon pou w’ tou rekonèt yo, se pou yo rete asiste rès sèvis la epi tandè pawòl Bondye a.

Kòm patisipan espesyal yo, pwofesè ki fè klas yo dwe la ki pou ankouraje elèv yo. Se pral yon moman enpòtan lè ou di tout moun orevwa ak yon akolad, epi pwochen pwofesè a resevwa li, menm jan an tou, ak yon akolad pou di timoun nan byenvini nan nouvo klas la.

Sa t’ap bèl anpil si ou te prepare yon kat ki gen foto tout elèv ou yo ke w’ te fè nan klas la pandan ane a pou w’ montre nan seremoni an. Li ta bon tou si ou ta fè yon ekspozisyon ki gen kèk bèl souvni ou genyen de lavi elèv la pandan li avèk ou: priyè espesyal ki te fèt, dat li te konvèti a, temwayaj li te bay yo, kesyon ki te poze, epi moman kè kontan yo oswa tristès ke nou te fè fas pandan ane a. Prepare elèv ou a davans. Eksplike li detay sa yo, pou li ka dakò ak tout kòmantè ke w’ panse fè sou li, piga li sezi oswa pran tranble devan kongregasyon an.

Pale ak responsab ministè edikasyon kretyèn an oswa responsab klas la pou ke nan seremoni an yo bay chak elèv yon liv etid tou nèf pou pwochen ane ki pral antre a. Pou sa, ankouraje fanmi ki nan legliz la yo pou yo bay chak elèv yon liv, sitou sa yo ki gen paran yo pa asiste nan legliz la oubyen k’ pa byen ekonomikman. Nan chak kongregasyon gen fanmi ki ka fè timoun yo kado liv ak kè kontan.

Nou swete w benediksyon ki pi rich pou defi yo ke ministè ansèyman an reprezante pou ou ak kongregasyon ou.

Se pou Seyè ba w’ gras epi beni ministè sa a ou genyen an ki tèlman enpòtan.

Ekip editoryal KPN

Letifika Swomasyon

(Non elèv la)

Pwomèt pou klas siperyè
(*Legliz*)

Dat

“Pitit mwen, tande pawòl mwen...” Pwovèb 4:20^a

Lidè lekòl dominikal la

Pwofèsè

Ane 3

Entwodiksyon-Inite I

JEZI KÒMANSE MINISTÈ LI

Baz biblik: Lik 2:41-52; Matye 3:1-17;4:1-11; 4:18-22; Mak 3:13-19; Jan 1:35-51.

Tèks inite a: “Jezi t’ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t’ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi” (Lik 2:52).

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✘ Konnen premye etap nan ministè Jezi yo.
- ✘ Wè kwasans li nan konesans Bondye.
- ✘ Analize atitud obeyisans li lè l’ap batize a.
- ✘ Aprann nan fòm ki tèlman patikilye ke Jezi te itilize, pou chwazi disip li yo.

Leson inite a

Leson 1: Jezi aprann obeyi

Leson 2: Jezi batize

Leson 3: Jezi sibi tantasyon

Leson 4: Jezi chwazi disip li yo

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Li enpòtan pou timoun primè yo konnen ke Jezikris se yon pèsonay nan yon istwa ki reyèl. Anpil fwa yo konn konfonn limit ant istwa enretesan yo ke yo wè nan ti komik yo (imaj) ak reyalite a.

Se la ke yo dwe kòmanse konnen kèk bagay osijè de Jezi depi nan anfans yo. Nòmalman, seri leson sa pral pèmèt ke elèv ou yo konnen Jezi depi byen bonè nan laj 12 lane.

Atravè vèsè biblik yo, y ap kòmanse abitye, premyeman avèk yon ti piti ki te kapte atansyon moun pou sa jès li; dezyèmman, avèk fason li te reponn ak Pawòl la fas avèk tantasyon dyab la; epi finalman, avèk fason espesyal li pou chwazi kimoun sa yo ki ta vin fè pati gwoup bon zanmi li yo: li pat chwazi moun rich, ni moun ki popilè, men se te pito moun ki senp e menm brital.

Pou nou kapab renmen yon moun, fòk nou rekonèt li. Se poutèt sa, ede timoun yo tranpe nan pèsonalite ak aksyon saj Jezi yo, epi sa ap ede yo renmen li.

Jezi aprann obeyi

Baz biblik: Lik 2:41-52

Objektif lesan an: Montre timoun primè yo ke Jezi te obeyi Papa l' Bondye epi yo kapab fè menm bagay la tou.

Vèsè pou aprann: *Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi (Lik 2:52).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Lè nou gade timoun nan kongregasyon nou yo k'ap kouri nan koridò yo, ap ri epi jwe, nou konn gen tandans komèt fot paske nou tèlman majè: nou panse ke timoun nou yo pa gen kapasite pou yo panse byen epi yo pa gen matirite espiyèl.

Nou dwe korije fason nou konn panse sa. Timoun piti yo genyen yon gwo kapasite pou yo konprann nati espiyèl mond nou an, menm pi klè pase nou menm granmoun yo pafwa. Se poutèt sa, menm jan avèk yo, nou kapab aprann lesan ki gen valè sou devlopman espiyèl yo, anmezi ke nou wè yo k'ap remèt ti lavi yo nan gwo men Bondye a. Timoun yo pa konnen anyen sou teyoloji ak doktrin, men yo kapab eksperimante reyalyte ke konsèp enpòtan yo gen ladan yo.

Kòm pwofesè, ede yo ap wofondikonpreyasyon yo nan Bib la ak otè li yo. Lespri enpresyonan ak kè sansib yo dwe ranpli ak verite Bondye yo, se menm jan lespri ak kè Jezi te ye lè li te tankou yon timoun. Premye ane sa yo ap detèmine direksyon elèv ou yo pral swiv nan lavni. Ala gwo privilèj ak responsablite ou genyen antanke antrenè!

KÒMANTÈ BIBLIK

Mwen sonje avèk nostalji vwayaj ke nou te fè kòm fanmi, ak paran mwen yo ak frè m' yo. Nou toujou kanpe pou nou konnen kote ki enteresan ak moniman istorik yo. Pandan nou t'ap vwayaje, nou te konn rakonte istwa ak sekre. Nou te jwi tan nou te ansanm nan.

Nan istwa Lik 2: 41-52, nou jwenn Jezi ki nan vwayaj ak fanmi li nan lavil Jerizalèm. Te gen anpil fèt sou kalandriye jwif la. Youn nan fèt sa yo se te fèt pak lan, kote yo te raple yo mirak liberasyon an apre 400 ane esklavaj nan peyi Lejip.

Vwayaj sa an patikilye te trè espesyal pou Jezi. Yon ti gason jwif ki te gen laj 13 lane te konn reyini nan kominote a kòm yon manm, menm jan jèn ti gason ki nan laj sa yo fè sa jodi a. Nan pasaj sa a, Jezi te te vwayaje nan lavil Jerizalèm nan preparasyon

pou evènman ane pwochèn nan. Nou ka imajine emosyon li te santi lè li te aprann ke li ta byento gen responsablite ki konsène mond granmoun yo.

Lè fèt Delivrans lan fini, fanmi Jezi te kite lavil Jerizalèm ak tout rès gwoup la e li te vwayaje pandan tout yon jounen. Gwoup la te gen anpil moun epi moun yo t'ap deplase soti nan yon zòn pou ale nan yon lòt. Pou rezon sa a, li te fasil pou Jezi te separe de paran l' yo.

Jozèf ak Mari te retounen Jerizalèm pou ale chèche pitit gason yo. Lè yo finalman jwenn li, yo te jwenn li ak doktè lalwa yo. Yo tout te sezi pou entelijans ak repons Jezi yo. Jozèf ak Mari te eksprime enkyetid yo antanke paran lè yo te jwenn li. Jezi tou senpleman reponn yo ke li t'ap fè sa ki te pi bon pou li: regle biznis Papa li. Priyorite li yo te gen dimansyon tèrès ak selès.

Bib la di ke Jezi avèk obeyisans te swiv paran tèrès li yo pou tounen nan Nazarèt. Se la li te viv anba soumisyon, pandan l'ap ranfòse relasyon li ak Papa l' ki nan syèl la.

Lik 5:22 raple nou ke Jezi te devlope tankou tout timoun-fizikman, entelektyèlman, ak espiyèlman, men tou li te grandi "nan favè Bondye ak lèzòm". Nou konnen, ak sètitud, ke nan laj 12 an li konprann enpòtans relasyon li avèk Bondye. Lesan ke li te aprann yo kòm adolesan ta pita ede l' mete konfyans nan moun ki voye l' la pou li ranpli misyon li tankou Sovè mond lan.

DEVLOPMAN LESAN AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou lesan sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou w atire atansyon elèv ou yo.

Ann fè yon vwayaj

Anvan klas la, prepare yon malèt (valiz oubyen sak) vwayaj epi mete l devan klas la, nan yon plas ki vizib, pou ilistre lide vwayaj la.

Mande timoun yo nan klas la, pou yo reflechi sou vwayaj oswa pwomnad famiyal yo apèn reyalize. Mande yo: Ki sa nou te kanpe pou nou te pran sou wout vwayaj nou an? Konbyen tan vwayaj sa te dire? Ki sa nou te wè sou wout la? Ki kote nou te ale? Fè timoun yo rakonte eksperyans yo.

Ann koute yon istwa enteresan osijè de yon vwayaj ke Jezi te fè ak fanmi l'. Vwayaj la pa tèlman enpòtan, men se kote yo ta prale a: Jerizalèm. Ann wè sa ki te pase e poukisa li te enpòtan.

Èske ou te pèdi?

Poze kesyon: Konbyen nan nou ki te pèdi lè nou te kite paran nou nan yon sant komèsyal oswa yon pak? (Pifò timoun yo te fè eksperyans sa a.) Poze kesyon:

- ✗ Ki jan nou te santi nou?
- ✗ Ki jan paran nou yo te santi yo?
- ✗ Èske paran nou yo te jwenn nou?
- ✗ Èske nou te jwenn paran nou yo?
- ✗ Kisa ki te rive lè nou te rankontre ak yo?

Pèmèt timoun yo rakonte eksperyans yo. Poze kesyon: Èske nou kwè ke Jezi te pèdi kèk fwa? Istwa Jodi a pale nou sou yon bagay ki te rive l'è li te yon ti gason tou piti.

ISTWA BIBLIK

Antrenè, sèvi ak foto oswa imaj ki montre Jezi chita bò kote doktè lalwa yo pou ilistre istwa biblik la bay timoun yo.

Bagay ki pi enpòtan pou Jezi

Sa ki pi enpòtan pou Jezi a

Chak ane, paran Jezi yo te prepare pou y'ale Jerizalèm pou yon selebrasyon espesyal ki rele Pak. Yo te prepare manje, rad, ak lòt bagay yo ta bezwen pandan vwayaj la. Apre sa, yo te konn reyini ak lòt manm fanmi ak zanmi pou vwayaj long pou direksyon lavil sa a. Anmezi yo t'ap mache, yo te konn pale sou sa yo ta fè ak wè lè yo ta rive.

“Jozèf te di Jezi, pitit gason li a konsa: Kounye ou gen 12 lane, ou prèske pare pou w' vin yon nonm”. Gade jèn ti gason ki pi gran pase w' yo byen sou fason y'ap prepare yo pou evènman espesyal k'ap vini yo.

Lajwa nan Jezi te kontinye ap grandi dezantan li t'ap pwoche bò lavil la. Li te konnen ke yon bagay enpòtan te gen pou rive. Pak te yon gwo fèt pou jwif yo. Yo te ofri sakrifis, yo te manje pen san ledven, yo te chonje lè Bondye te delivre yo anba lanmò lè yo te pentire pòt yo ak san ti mouton yo, sonje lè Bondye te fè yo soti nan peyi Lejip apre anpil ane nan esklavaj, yo adore, tandè pawòl Bondye a nan tanp Jerizalèm nan.

Apre kèk jou, fèt la te fini, epi tout moun t'ap retounen lakay yo. Pandan yo t'ap mache, Jozèf ak Mari t'ap pale de sa ki te pase nan vil sen an ak benediksyon Bondye yo.

Mari di konsa: “Mwen panse ke Jezi te pase yon bon moman”.

Jozèf di konsa: __li koumanse ap fè gwo ti jennan wi.

Tou de te koumanse mande pèp la:

“Èske nou te wè Jezi?” Èske ou ak pitit ou yo?

Pa gen moun ki te wè li. Yo pa t'kapab jwenn li. Finalman yo te deside retounen Jerizalèm.

Jozèf mande: “Ki sa ou panse ki te rive l'?”

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w' kapte atansyon elèv ou yo.

Mari reponn ak kè sote: “Mwen swete li byen!”

Jozèf te reponn li: __ou pa bezwen enkyete w', mwen pral chèche li.

Li te pran yo tout yon jounen pou yo te retounen Jerizalèm. Yo te kontinye chèche li.

Pandan se tan, Jezi te nan sinagòg la ap koute doktè lalwa yo. Malgre ke li te gen sèlman 12 ane, yo te pèmèt li chita, koute e menm poze kesyon. Doktè lalwa yo te admire konesans ak konpreyansyon li.

Finalman paran l' yo te jwenn li! Lè yo te wè l' ak doktè yo ak antrenè yo, yo te sezi, men tou yo te byen fache. Manman l' Mari te mande li:

__”Poukisa ou pa t' tounen avèk nou?” Lè nou pa t' wè ou la, nou te koumanse enkyete. Nou te chèche w' toupatou!

Jezi te sezi.

__”Poukisa nou te chèche m'?” Èske nou pa konnen ke li nesèsè pou mwen okipe m' nan biznis papa m' lan? Lik 2:49).

Jozèf ak Mari pa t' konprann sa l' te di yo a.

Finalman, yo touletwa te retounen Nazarèt. Sepandan, paran li yo pa t' konprann li, Jezi obeye yo. Li te onore Bondye lè li te obeyisan avèk paran tèrès li yo. “Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi” (Lik 2:52).

AKTIVITE YO

Ann fè yon vwayaj!

Di konsa: Jodi a nou pral fè yon vwayaj. Kisa vwayaje ye” (Kite kèk nan yo reponn). Wi, li se soti yon kote pou ale yon lòt kote. Vwayaj nou an ap mennen nou yon kote ke nou pral tandè yon istwa biblik.

Fè timoun yo swiv ou, mache alantou legliz la, atravè koulwa yo, kwizin yo, ak lòt kote, kote nou pap deranje lòt klas yo. Pase nan sanntye prensipal la, jaden an avèk lakou yo.

Lè w' rive nan kote w' pral rakonte istwa a, pèmèt timoun yo chita bò kote ou. Di yo konsa: Finalman nou rive! Sa te pran anpil tan pou nou. Istwa nou an jodi a pale de lè Jezi ak fanmi l' te fè yon vwayaj ki long soti nan Nazarèt pou ale lavil Jerizalèm. Vwayaj nou an te pran sèlman kèk minit, men li te pran yo plizyè jou. Koute sa Bib la di sou Jezi. Kenbe Bib nou tou louvri. Rakonte istwa ki nan Lik 2: 41-52.

Aprè sa, mande kèk timoun an kachèt pou li tou rete menm kote li te rakonte istwa a. Pandan yo retounen nan sal klas la, mande yo: Èske yo tout la? Si pa gen moun ki reponn, gade nan sal la epi konte konbyen timoun ki genyen. Pran pòz ke ou sezi paske gen youn ki manke. Nou dwe retounen pou al chèche li.

Yo tout ap koumanse mande youn lòt: _____ (non timoun ki manke a), li pa nan gwoup la! (Si yon moun mansyone non timoun ki manke a, mande l' pou l' retounen al chèche li).

Lè w' retounen nan salon an avèk yo tout, di konsa: "_____ rete kote nou te ye a. Li pat retounen avèk gwoup la. Nou dwe panse kòman paran Jezi yo te santi yo lè yo te ran yo kont ke li pat ansanm avèk yo. Kisa Jezi te di yo lè yo te jwenn li nan lakou tanp lan?" ("Èske nou pa konnen ke li nesèsè pou m nan biznis Papa m'?). Relasyon ak Papa a te enpòtan anpil pou Jezi, men si jiskaprezan li te timoun.

Jezi te anvi konnen Bondye.

Sa ki plis enpòtan pou Jezi a

Pou aktivite sa, epi depi davans ou dwe prepare model "televizyon majik". Eleman nesèsè yo: sizo, lakòl ak kreyon koulè. W'ap bezwen pou chak timoun: 1 bwat mouchwa papyè (Kleenex) nan fòm kib epi 4 ti plat an katon ki gen 15 cm. dyamèt, Swiv enstriksyon aktivite leson 1. Chak timoun ap bezwen: 1 bwat mouchwa an papyè oubyen yon bwat katon ki sanble, nan fòm kib, epi 4 ti plat an katon, oubyen 4 sèk papyè bristòl ki genyen 15 cm. dyamèt, pou fè "televizyon majik la"

Prepare kib yo jan dyagram nan montre l' la.

Di nan klas la: Jezi te vle plis pase nenpòt lòt bagay pou l' te gen yon bon jan relasyon ak Bondye. Menm jan ak Jezi, timoun yo ka gen yon relasyon sere avèk Bondye. Mande yo: Ki jan yo ka reyalize sa? (Lekti ak obeyi pawòl Bondye a, priye ak koute sa paran nou yo, pastè yo ak pwofesè yo di sou Bondye).

Bay yo fèy aktivite a epi mande yo pou yo ekri

oswa trase nan sèk vid la yon bagay yo ka fè pou yo pwoche bò kote Bondye. Montre yo modèl ou te prepare davans lan. Bay timoun yo bwat yo ak 4 bwat katon yo, epi ede yo prepare "televizyon majik" yo.

Avèk aktivite sa a, epi kòm yon revizyon, mande yo pou yo rakonte w' istwa bibliik la ak verite a yo aprann nan.

Memorizasyon

"Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi" (Lik 2:52).

Ou pral bezwen yon boul oswa sak ki plen ak grenn. Divize klas la fè de ekip. Yo kapab kanpe oswa chita, yon ekip fas ak lòt la. Bay yon premye timoun ki nan youn nan de ekip yo boul la oswa sak la. Timoun sa ap di premye mo vèsè a "Epi". Aprè sa, li dwe voye boul la sou yon premye timoun ki nan ekip kontrè a, epi sa ki resevwa boul la ap di dezyèm mo a ("Jezi"). Boul la ap kontinye pase nan men tout timoun yo, nan yon sistèm altènatif, jouk tout moun di yon mo nan tèks la. Lè yo fin di li, ak tout nimewo vèsè a tou, rekòmanse. Nan repete li, timoun yo ap aprann tèks bibliik la nan fè jwèt.

Pou fini

Priye avèk timoun yo pou w' mande Senyè a pou yo vin obeyisan jan Jezi te ye a epi pou yo pi pwòch Bondye menm jan li te fè a.

Si sa nesèsè, mete yon tan disponib pou w' fè yon lapriyè sou lotèl - si gen timoun ki dezobeyi fas ak Bondye ak paran yo.

Envite timoun yo retounen dimanch pwochen. Ou ka distribye kat ak non timoun ki bezwen lapriyè yo. Ankouraje yo priye youn pou lòt.

Fè yo sonje pote televizyon yo nan yo. Mande yo pou yo rakonte istwa bibliik jodi a bay paran yo, frè yo ak zanmi yo. Di yo ke, nan fason sa a, anpil moun ap aprann konnen ti bebe Jezi epi konnen ke li te obeyi paran li yo.

Leson 2

Jezi batize

Baz bibliik: Matye 3:1-17

Objektif Leson an: Ede timoun primè yo rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye a epi konprann ke batèm li montre nou ke li te vin sove nou anba peche.

Vèsè pou aprann: *Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi (Lik 2:52).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo pa kapab eksperimente temwayaj nan lavi yo apati de paran yo oswa lòt granmoun nan legliz la. Li trè enpòtan pou nou afime ke devlopman esprityèl timoun yo. Menm si yo tou piti, yo ka deside renmen ak sèvi Bondye. Yo obsève egzanp granmoun ki nan antouraj yo. Responsablite pou devlopman esprityèl yo soti nan yon patenarya ant ansyen ki tou pre yo ak Bondye. Se pou nou eseye adapte pèsesyon timoun nan sou Bondye epi ba li opòtinite pou l' fè eksperyans lanmou ak favè Bondye.

Leson sa yo sou ministè Jezi a ap ede yo pi byen konprann lavi ak mesaj li a. Menm jan konpreyansyon li grandi a, se konsa tou kapasite pou reponn ak mesaj levanjil la nan yon fason pozitif te ogmante. Priye pou timoun w'ap anseye chak semèn yo epi mande Bondye benediksyon li pou w' prezante verite Pawòl li a ba yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Matye 3: 1-17. Apre Jezi te fin al lavil Nazarèt avèk Jozèf e Mari (Matye 2: 19-23), Bib la pa di nou anpil sou lavi l'. Ta sanble ke li te travay kòm yon bòs chapant avèk Jozèf, papa l', isit la sou tè a, epi pwobableman li te pran biznis la lè Jozèf te mouri. Pandan Jezi t'ap travay nan santye a, kouzen li, Jan Batis, te preche nan dezè a. Mesaj Jan Batis la te: "Tounen vin jwenn Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la tou pre".

Lè moun yo te tande predikasyon Jan an, yo te konfese peche yo epi resevwa batèm nan larivyè Jouden an. Mo "tounen vin jwenn Bondye" vle di vire 180 degre nan lavi yo epi deplase nan yon direksyon ki totalman opoze ak sa li t'ap Mennen anvan an. Nan ka sa a—e menm jodi a toujou, li enplique ke gen moun ki kite peche yo epi pran yon chemen nouvo vè yon lavi ki dwat. Men, ki moun ki pral ban nou pouvwa pou nou mache nan direksyon Bondye?

Nou konnen ke nou bezwen repanti pou peche nou yo kapab padone, men tou, nou konnen ke nou bezwen yon chanjman reyèl nan kè nou pou nou pa kontinye nan peche. Jan itilize batèm dlo kòm yon fason pou montre ke moun nan sispann dezobeyi Bondye. Batèm avèk Sentespri a (vv.11-12) te yon bagay ke Jezi ta bay moun yo pou yo kapab genyen yon kè ki pwòp, yon fason pou yo ta kapab gen pouvwa pou obeyi Bondye epi viv pou li.

Lè tan pou Jezi te kòmanse ministè piblik li a te rive, li t'al vizite Jan nan larivyè Jouden an. Jezi se Pitit Bondye a; li pat bezwen repanti pou peche.

Antanke Sovè, premye bagay ke Jezi te fè se te anonse piblikman ke li te idantifye l'ak moun ki pèdi yo, li te vini pou sove epi li te obeyi volonte Bondye.

Lè Sentespri a desann "tankou yon ti pijon", se te yon fason pou Bondye a di mond lan ke Jezi se Pitit li a epi li ta pote plan delivrans pou tout limanite. Timoun piti yo dwe konnen ke lè yo renmen Jezi, yo renmen yon moun ke Bondye renmen anpil. Yo dwe konnen ke lè yo repanti pou peche yo, yo di ke yo renmen Bondye e yo vle obeyi l'. Se Sentespri a ki pral ede yo fè sa.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou

leson sa a depi davans epi pare sal klas ou a anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo epi pran kowòdone yo pou w' kapab kontakte yo pandan semèn nan.

Ou ka fè aktivite sa yo pou w' atire atansyon timoun yo.

Kisa sa ye?

Anvan klas la, ekri chak lèt mo "batèm" nan kare bwat katon an separeman (ou ka mete bag an adezif dèyè lèt la, oswa pèse li epi mete yon fil pou kwoke li).

Pandan ke y'ap devine, timoun yo ka mete chak lèt sou yon miray nan panno a, oswa sou tablo a.

Melanje lèt yo nan klas la, epi remèt yo bay timoun yo. Di yo konsa: Annou ranje lèt sa yo pou nou fòme yon mo ki genyen yon siyifikasyon espesyal. Si ou gen lèt ki koresponn ak kle ke mwen pral bay la, pote l' vini, kwoke li.

- ✗ Premye lèt la se dezyèm lèt alfabè a (B)
- ✗ La Dezyèm lèt la se premye lèt alfabè a (A)
- ✗ Twazyèm lèt la se dènye vwayèl la (U)
- ✗ Katriyèm lèt la se non yon bwason (T)
- ✗ Senkyèm lèt la se yon vwayèl ki gen pwèn (I)
- ✗ Sizyèm lèt la sanble ak yon sèpan (S)
- ✗ Avan dènye lèt la genyen de mòn (M)
- ✗ Dènye lèt la sanble yon bag (O)

Poze kesyon: Ki mo nou fòme ak lèt sa yo? (Batèm). Pou jwif yo, batèm nan te yon fason pou montre ke yo te repanti pou peche yo. Li te montre tou ke yo te vle viv pou Bondye.

Lè Jan Batis te preche, li te di pèp la ke yo bezwen tounen vin jwenn Bondye epi yo dwe batize. Istwa bibliik nou an jodi a pale nou sou yon moun ki te fè l' konsa.

ISTWA BIBLIK

"Bonjou, non mwen se Alberto. Mwen pral pale nou de yon nonm etranj. Non li se Jan epi li te konn pale avèk moun ki te bò larivyè Jouden an. Mwen te mande manman m' si nou te ka ale wè li. Devine kisa? Nou te deside ale, epi nou te wè bagay ki te pi etonan!

"Nonm nan abiye ak rad ki fèt avèk plim chamo. Li te gen yon sentiwon kwi. Gen yon moun ki di ke li te konn manje siwo myèl ak krikèt. Èske ou ka imajine ki jan sa te terib?"

"Apre sa, nou te tande ke li t'ap di ke pèp la te bezwen rekonèt peche yo epi mande Bondye padon. Si yo te fè sa konsa, yo te dwe mache al nan rivyè a epi nonm lan pouse yo nan dlo a. Manman m' te di m' ke sa rele batèm, e se poutèt sa moun yo rele nonm nan

'Jan Batis' la.

“Nou te chita sou yon wòch ap plede gade. Lè sa a, nou tande lè yon gwoup Farizyen ak Sadiseyen te apwoche; yon moun te di m’ ke sa a yo se lidè relijye ki pi enpòtan yo. Jan te wè yo ap vini, li di yo ke yo te tankou vipè. Sa te sanble yon jouman pou mwen! Mwen kwè ke pa t’ tèlman renmen sa Jan te di yo a. Reyèlman, Batis te di bagay ki etranj: li te pale sou yon moun ki ta gen pou vini, moun sa ta trè pwisan. Li pap diy pou li mare lasèt soulye ki nan pye moun sa a. Mwen te panse ke nonm sa a se ta yon vanyan sòlda ki ta rive sou yon chwal blan, ak anpil sòlda, oswa sou yon bèl charyo ak koulè klere. Men, se pa t’ konsa.

“Avèk Manman m’ nou te wè yon nonm senp, ki te vini nan rivyè a. Mwen gen asirans ke Jan te frisonen lè li te wè l’. Yon moun te pale tou piti nan zorèy manman m’ pou di li ke nonm sa a te rele Jezi. Mwen tande ke li te vle batize, men Jan pat vle. Nou tande Jan di Jezi konsa: ‘Mwen bezwen se ou menm ki pou batize m’ pito, poukisa ou vin jwenn mwen?’

“Jezi te ensiste epi li te mande Jan pou l’ batize li. Finalman, li te aksepte. Yo tou de te mache nan direksyon rivyè a epi Jan te ede Jezi desann nan dlo yo. Lè li te soti nan dlo a, bagay ke moun pat janm ko wè te rive.

“Nan moman sa a nou te wè ke syèl la te ouvè epi Lespri Bondye a desann sou Jezi tankou yon ti pijon. Pijon an te vrèman bèl! Mwen pa panse m’ap janm wè youn tankou sa ankò.

“Lè sa a, nou tout nou te tande yon vwa ki te di: Sa a se pitit mwen renmen anpil la, li fè kè m’ kontan anpil.

“Je ak zòrèy nou yo pa t’ kapab kwè li. Nou te retounen lakay nou byen enpresyone pou tout sa ki te rive yo!”

AKTIVITE YO

Jezi batize

Swiv enstriksyon yo ki nan leson 2 nan liv Elèv la pou nou rantre figi yo. Ede timoun yo konplete sesyon dlo a, si yo gen pwoblèm fè sa. Pèmèt yo kanpe figi yo a sou tab la; sèvi avèk yo pou w’ revize sa ki te rive nan istwa a.

Montre timoun yo ki jan pou yo mete dlo a pou yo devwale Jezi. Remèt yo figi yo pou yo kapab rakonte istwa a bay manm fanmi ak zanmi yo.

Poze yo kesyon: Kimoun ki te batize moun yo? (Jan Batis la). Kisa Jan te di Jezi? (“Mwen bezwen se ou menm ki pou batize m’ pito, poukisa ou vin jwenn mwen?”). Kisa ki te pase lè Jezi te soti nan dlo a? (Sentespri a te desann sou li sou fòm yon ti pijon epi tande vwa Bondye). Ki jan Jezi te prepare li pou l’ te fè travay Bondye te planifye a?

(Li te batize). Poukisa ou panse ke li te enpòtan? (Paskè li te montre ke li te renmen pechè yo epi li te vini pou ede yo). Ki jan nou montre rekonesans nou anvè Jezi ki se Sovè nou an?

(Renmen Bondye epi fè sa li vle pou nou fè; aksepte Jezi kòm Sovè nou).

Fè Bondye plezi

W’ap bezwen yon boul. Divize timoun yo fè de gwoup (ou ka fè pati youn nan de gwoup yo).

Poze kesyon: Nan ki fason nou kapab fè Bondye plezi epi montre lajwa pliske Jezi se Sovè nou? Fè yo bay kantite repons ki posib, pandan ou menm w’ap ekri yo sou tablo a oswa nan yon katèl: priye, li Labib, al legliz, obeyi paran yo, vin janti, renmen lòt moun, pale epi aji avèk verite, rete fidèl, elatriye. Apre sa, divize klas la fè de gwoup.

Ranje chèz yo, oubyen yo kapab kanpe, yon ekip fas ak lòt. Remèt yon timoun nan premye ekip la boul la. Li pral di yon fason pou fè Bondye plezi (pa egzanp: priye), apre sa, l’ap pase boul la bay premye timoun ki nan ekip kontrè a, e sa ap eksprime li yon lòt fason (pa egzanp: li Bib la). Se konsa, boul la ap kontinye pase nan men tout timoun yo jiskaske tout moun rive patisipe. Repons yo ka repete. Di konsa: Fè bagay ki fè Bondye plezi ap ede nou grandi tankou Jezi. Sonje: nou dwe obeyi menm jan Jezi te fè a!

Memorizasyon

Ou ka sèvi ak dinamik ki pi wo a ak boul la pou timoun yo aprann vèsè a. Lè timoun nan gen boul la nan men l’, li dwe di yon mo nan tèks la, epi pandan li pase nan men timoun ak timoun, yo pral aprann vèsè a pa repetisyon. Yon ti moun ki kite boul la tonbe dwe di de mo. Nenpòt moun ki ka di vèsè a tout antye li ka kite jwèt la epi se pou yo ba l’ yon gwo aplodisman.

Chèche tèks ki pèdi

Anvan klas la, ekri tèks nan kat ki fèt ak papye bristòl, gwosè mwayèn (20 cm x 20 cm), epi ekri yon mo sou chak kat. W’ap bezwen 18 kat, ki gen ladan l’ sitasyon bibliik la. Anvan timoun yo rive, kache kat yo nan diferan kote nan sal la. Apre lapriyè, akeyi yo epi repete vèsè pou aprann nan plizyè fwa ki pral ekri sou tablo a, mande timoun yo pou yo chèche tèks ki pèdi a. Lè yo jwenn li, yo dwe rete kanpe, epi yo chak dwe rete nan plas kote yo ye a, se konsa ke tèks la va ranje nan lòd kòrèkteman. Ou ka chwazi twa timoun pou sèvi kòm jij epi di si pasaj la ranje kòrèkteman.

Yon lòt dinamik: Chanje timoun ki sèvi kòm jij yo epi chwazi lòt timoun. Lè sa a, fè youn chanje kat avèk lòt epi remonte tèks la yon lòt fwa ankò. Nouvo jij yo ap di si tèks la nan lòd ki kòrèk la.

Sa a se yon aktivite ki trè sere, men timoun yo ap pran plezi nan jwe ak aprann vèsè memwa a.

Ou ka repete kalite aktivite sa a pandan inite a epi fè yo ak nenpòt lòt sijè ke ou genyen pou w' fè fas.

Si kantite elèv yo anpil, ou kapab divize klas la an de oubyen plis gwoup pou tout moun kapab patisipe: kèk nan yo pou jij ak lòt ki pou mete tèks la nan lòd.

Leson 3

JEZI SIBI TANTASYON

Baz bibliik: Matye 4:1-11

Objektif leson an: Montre timoun primè yo ke lè Jezi Jezi te sibi tantasyon pa Satan an, li te deside obeyi Bondye. Se poutèt sa, yo kapab aji menm jan tou.

Vèsè pou aprann: *Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi (Lik 2:52).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Nan moman sa yo kote mond lan afime ke pa gen okenn absolutis, epi se raman li di ke yon bagay reyèlman bon oswa pa bon, timoun yo bezwen konnen ke gen kèk desizyon ki pa kòrèk. Desizyon pou dezobeyi Bondye toujou pa bon. Bondye pa janm chanje. Si li di ke yon bagay pa bon, l'ap toujou pa bon. Sepandan, Satan ap chèche fè nou swiv dezi chanèl yo.

Tandans aktyèl la se bay priyorite avèk “mwen” epi ak sa ki satisfè nou. Bondye vle nou obeyi Li epi chèche li an premye. Leson sa a pral ede timoun yo konprann ke menm jan Jezi te oblije deside ant obeyi Bondye oswa Satan, yo menm tou yo pral oblije pran desizyon sa a. Ankouraje yo pou yo mande èd Bondye pou simonte tantasyon an, paske li konnen epi renmen yo. Bondye konprann feblès nou yo epi li ka ban nou fòs lè nou tante.

Seri leson sa a sou lavi Jezi ap mennen timoun yo nan direksyon Bondye. Li se egzanp obeyisans nou ak devosyon pou Kreyatè a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Lè Jezi te batize, li te deklare piblikman ke li ta pral akonpli plan Bondye a. Li te angaje nan akonpli volonte ki soti nan Bondye a. Men, pou li te fè sa, li te oblije fè fas ak Satan, lènmi Bondye

Pou fini

Toujou ba yo opòtinite pou yo poze kesyon sou leson an. Ou pral sezi wè ke kèk nan yo ap montre yon gwo dezi pou apwofondi nan pawòl Bondye a ak evènman bibliik yo. Chante yon kè chan ki gen pou wè avèk tèm leson an. Anvan ou voye yo ale, mande yo pou yo fè yon wonn epi priye avèk yo.

a. Avèk chak tantasyon, Satan te eseye konvenk li pou l' te pran yon chemen kout nan akonplisman misyon li a. Epi, nan chak tantasyon, li te fè fas ak sa vin Pitit Bondye a vle di.

Li te tante Jezi pou l' te ka mete nesosite fizik li anvan volonte Bondye, nan fè wòch tounen pen. Pita, nan ministè li, li te fè mirak pou bay plizyè mil moun manje; men nan fè fas ak tantasyon an, li te chwazi pa aksepte lòd lènmi an.

Aprè sa, li te tante l' lè li te fè tès sou Bondye ak pwomès li yo, men li te deside mete konfyans nan Papa l'.

Finalman, li te tante apwopriye desten l' anvan kòmanse ministè li. Jezi te konnen ke yon jou Papa a ta va ba li ‘tout wayòm ki nan mond lan, epi li ta leve tèt li, epi fè tout moun bese tèt devan li. Men, li te dwe mouri sou yon kwa anvan. Antanke yon Pitit obeyisan, Li pa t' vle pran daso pou li te rive nan laglwa.

Aprè li te fin kenbe tèt ak Satan pandan li t'ap sèvi avèk Pawòl la, Jezi te konnen ke l' te prepare pou misyon Papa a te ba li: pou preche ak anseye bon nouvèl la ke Bondye se lanmou epi li vle pou nou kwè nan li pou nou kapab sove.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke sal klas la pwòp lè yo rive. Anvan w' antre nan sijè jodi a, revize de leson anvan yo byen vit epi mande elèv ou yo pou yo bay kèk egzanp sou fason yo te rete fidèl ak Bondye pandan mwa k'ap fini an. Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w' kapte atansyon elèv ou yo nan ansèyman bibliik la.

Vokabilè enpòtan

Anvan klas la, ekri chak lèt mo “tantasyon” sou yon kat ki fèt ak papye bristòl. Kole yo nan tablo a nan lòd, men san yo pa montre lèt yo ekri yo. Lè sa a, ekri definisyon an sou yon lòt kat.

Di elèv ou yo nan klas la ke yo pral aprann yon nouvo tèm. Poze yo kesyon, ba yo opòtinite pou yo reponn tout moun. Moun ki fè l' kòrèkteman ka vire youn nan lèt yo. Prepare kesyon senp tankou pa egzanp: Èske ou dwe obeyi paran ou yo? Èske li

kòrèk pou moun manti? Èske li bon pou ou pran yon bagay ki pa pou ou? Èske ou ta dwe frape frè ou oswa sè w'? Èske w' gen dwa fè kopi devwa yon kolèg oswa egzamen?

Lè yo ka wè plizyè nan lèt yo, nenpòt timoun ka eseye devine ki pawòl li ye. Lè yo fin fè li, mande yo si yo konnen kisa "tantasyon" vle di. Se pou yo bay opinyon yo, epi lè sa a, si yo bezwen, ofri definisyon sa a: "Tantasyon se tout bagay ki ankouraje oswa pouse nou dezobeyi Bondye, fè sa sanble dwat".

Di yo konsa: Nou tout nou fè fas ak tantasyon. Anpil fwa nou dwe chwazi ant byen ak mal. Jodi a istwa nou an pale de yon moun ki te fè fas ak tantasyon. Ann wè si li te pran bon desizyon.

Bay timoun yo tan pou yo konplete mo kwaze yo ki nan liv Elèv la. Kesyon ki parèt nan fen an yo ap ede ou revize leson an.

Pen fre

Pote yon pen espesyal pou klas ou a (si li fenk kwit ... se pi bon toujou!) Pou pataje ak elèv ou yo.

Mete pen an nan yon pla, devan timoun yo. Mande yo: Si nou pa manje anyen pandan yon jou, yon mwa, yon semèn, èske nou ta gen anvi manje pen sa?

Bay chak timoun yon ti moso pen epi mande yo kijan li ye. Di konsa: Pen satisfè nou lè nou grangou. Leson nou an jodi a gen pou wè avèk pen. Swiv istwa a avèk atansyon pou konnen ki sa ki te pase.

Genyen relò a

Anvan klas la, jwenn yon relò kwizin oswa yon kwonomèt. Pwogramme li pou l' ka sonnen lè l' rive sou yon minit. Ekri chak mo tèks pou aprann yo nan kat yo.

Nan sal klas la, pèmèt timoun yo vire epi kouri ranje kat yo nan lòd anvan relò a sonnen. Lè fini, se pou tout moun li vèsè a byen fò.

Di konsa: Vèsè sa a di nou kijan Jezi te grandi.

Li te prepare ministè li pandan li t'ap obeyi Bondye epi montre nou ki jan yo fè l' plezi.

Di konsa: Istwa bibliik jodi a montre nou yon lòt fason ke Jezi te prepare li pou l' te akonpli misyon Bondye a sou latè. Ann gade sa ki te pase apre Jan fin batize Jezi.

ISTWA BIBLIK

Bay chak timoun yon fèy ak yon kreyon. Endike yo pliye fèy la nan mwaye; apre sa, se pou yo ouvè l', pliye li nan mwaye nan direksyon opoze a. Se konsa, papyè a ap divize an kat seksyon egal. Mande yo pou yo nimewote li de 1 a 4. Pandan w'ap rakonte istwa a, pran yon poz nan fen chak sèn, epi mande timoun yo pou yo desine yon desen senp ki gen rapò ak li.

Yon tès difisil pou Jezi (Matye 4: 1-11)

Sèn 1: Apre Jan te fin batize Jezi, Lespri Bondye a mennen l' nan dezè a. Kòm preparasyon anvan li te kòmanse travay ke Bondye te konfyè l' la, Jezi te dwe konnen ki sa ki se tante pou dezobeyi Papa a. Pandan 40 jou ak 40 nwit, li pat manje anyen. Èske ou ka imajine ki kalite grangou li te santi? Lè sa a, move lespri a di l' konsa: Si ou se Pitit Bondye, bay wòch sa yo lòd pou yo tounen pen non.

Jezi te grangou, men li te di dyab la: "Moun pa dwe viv avèk pen sèlman, men ak tout pawòl ki soti nan bouch Bondye".

Sèn 2: Lè sa a, dyab la mennen Jezi nan lavil Jerizalèm. Li mete l' kote ki pi wo nan tanp lan, li eseye sonde l' ankò, li di: "Si ou se Pitit Bondye a, lage tèt ou anba, paske pawòl Bondye a di ke zanj yo ap pran swen ou si w'ap tonbe. Yo pap kite ou fè tèt ou mal".

Men Jezi te reponn pawòl ki nan Det 6:16: "Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe tante Senyè Bondye w' la".

Sèn 3: Finalman, dyab la te mennen Jezi nan tèt yon mòn byen wo. Depi la, li te kapab wè anpil kilomèt byen lwen. Apre sa, li di: "M'ap ba ou tout wayòm ki nan mond lan si ou mete ajenou devan m' epi adore m'".

Jezi reponn li: Ale. Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi".

Sèn 4- Konklizyon: Fwa sa a, grandyab la kite l'. Latou, kèk zanj Bondye pwoche bò kote Jezi, yo sèvi l'. Li te pase gwo tès avèk siksè. Chak fwa Satan te eseye tante l', li te deside obeyi Bondye.

Apre istwa a, pèmèt kèk timoun rakonte li byen brèf pandan y'ap itilize desen yo.

AKTIVITE YO

Ann melanje istwa a

Anvan klas la, chèche 9 fèy. Ekri youn nan nimewo sa yo ak fraz sa yo: 1 - 2 - 3

- Fè wòch tounen pen - Lage kò anba

- Mete ajenou ak adore - dezè - Tanp - Mòn.

Pou revize istwa a, divize 9 fèy papyè yo ant timoun yo. Pandan ke yo kenbe yo, yo dwe li epi ekri ladan yo. Timoun ki gen nimewo 1, 2 ak 3 reprezante twa tantasyon Jezi yo. Endike yo pou yo chèche kanmarad ki gen enfòmasyon ki gen rapò ak chak tantasyon epi se pou chak gwoup fòme yon liy epi ap gade devan.

Si klas ou a gwo, prepare twa lòt fèy anplis ak repons Jezi yo. Si klas la piti, itilize sèlman sis fèy, pandan y'ap relye nimewo a ak fraz ki konsène a.

Ranfòse ansèyman yo pandan w'ap di konsa: dyab la te tante Jezi twa fwa e chak fwa sa yo Jezi

te deside rete fidèl avèk Bondye.

Nou menm tou nou kapab deside obeyi Bondye epi fè volonte li.

Mòn nan obeyisans lan

Pale avèk timoun yo sou fason nou kapab obeyi Bondye. (Repons posib: li Labib, priye, mete sa Pawòl la di an pratik, fè bon, renmen ak sèvi Bondye, ede pwochen an).

Distribye fèy liv Elèv la epi mande: Ki sa ilustrasyon sa a montre nou? (Jezi sou mòn nan kote dyab la te pwomèt li' ke l' ta ba li tout wayòm yo ki nan mond lan si li ta mete ajenou epi adore l'). Mande yo pou nan espas yo bay la pou yo trase oswa ekri yon bagay ke yo kapab fè pou yo obeyi Bondye.

Aprè sa, di yo pou yo koupe mòn lan ak liy B a. Montre yo ki jan pou yo bati mòn nan. Ede timoun ki bezwen asistans yo.

Mande pou kèk nan yo li sa yo te ekri oswa montre desen yo. Ankouraje yo al montre travay yo a lakay la epi pou yo rakonte istwa jodi a.

Lè n'ap fè fas ak tantasyon yo

Chèche ilustrasyon oswa trase sityasyon kote ki genyen yon timoun tante pou fè yon move bagay. Pale avèk elèv ou yo sou chak ka epi di yo ki repons

li dwe ye, pandan w'ap swiv egzanp Jezi a

Memorizasyon

“Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi” (Lik 2:52).

Ou pral bezwen yon boul oswa sa ki plen ak grenn. Divize klas la fè de ekip. Yo kapab kanpe oswa chita, yon ekip fas ak lòt la. Bay yon premye timoun ki nan youn nan de ekip yo boul la oswa sak la. Timoun sa ap di premye mo vèsè a “Epi”. Aprè sa, li dwe voye boul la sou yon premye timoun ki nan ekip kontrè a, epi sa ki resevwa boul la ap di dezyèm mo a (“Jezi”). Boul la ap kontinye pase nan men tout timoun yo, nan yon sistèm altènatif, jouk tout moun di yon mo nan tèks la. Lè yo fin di li, ak tout nimewo vèsè a tou, rekòmanse. Nan repete li, timoun yo ap aprann tèks bibliik la nan fè jwèt.

Pou fini

Mande timoun yo si yo gen demann lapriyè. Priye pou demann sa yo epi aprè sa pou elèv ou yo, mande Bondye pou ede yo simonte tantasyon menm jan Jezi te fè a.

Ankouraje yo vini nan pwochen klas la epi rakonte lòt moun istwa jodi a.

Lesson 4

Jezi chwazi disip li yo

Baz bibliik: Matye 4:18-22, Mak 3:13-19, Jan 1:35-51.

Objektif leson an: Ede timoun primè yo vin disip Jezi.

Vèsè pou aprann: *Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi (Lik 2:52).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo kwè ke yo pa kapab fè anpil bagay pou Jezi paske yo twò piti.

Li enpòtan pou yo konnen ke Bondye bannou valè epi li pa rete endiferan fas ak nesite nou yo. Jezi bezwen disip jodi a ki pou fè gaye Bon Nouvèl yo: ke Bondye renmen epi pran swen tout moun. Gen anpil fòm kote timoun primè yo kapab vin èd Jezi. Leson sa ap ede timoun yo yo kòmanse konprann siyifikasyon vin yon disip Jezi epi idantifye yo avèk fòm ke yo kapab ede nan travay Bondye a nan mond jodi a.

Nan tout istwa a, gen egzanp kote ke timoun yo te enstriman ke Bondye te chwazi pou mennen paran yo vin jwenn Kris. Si w' konnen kèk ka, rakonte klas ou a li. Mande pastè w' la pou l' vizite klas ou a epi rakonte kèk istwa sou kòman timoun yo te konn ede make diferans lan. Istwa sa yo pral ankouraje elèv ou yo.

KÒMANTE BIBLIK

Jezi te prepare li pou l' te reyalize travay ke Papa l' te voye l' vin fè a.

Li te anonse batèm li piblikman. Se te yon Pitit ki te dou epi li di “wi” ak volonte Bondye. Lè fini tou lè pèsòn pat wè li pandan moman tantasyon nan dezè a, li te demontre ke li te yon Pitit obeyisan.

Jezi te panse ke li te pare pou l' te kòmanse travay espesyal li a pou Bondye. Li te konnen ke li pat kapab fè bagay yo ap pwòp kouraj li. Li te konnen tou ke li pa t'ap rete sou latè aprè rezireksyon li. Se poutèt sa ke Jezi te chwazi 12 disip kòm konpany, pou ede li reyalize travay ke Papa l' Bondye te anchaje l' la. Jezi te rekonèt ke li te bezwen chwazi ak anseye yon gwoup moun ki ta pou ansanm avèk li chak jou.

Aprè rezireksyon li, fanm avèk gason sa yo ta prepare pou pote Bon Nouvèl levanjil la nan lemond

antye epi di yo konbyen Bondye renmen yo.

Premye moun ke Jezi te rankontre pou ede l' yo se te de frè yo: Andre ak Pyè. Yo te pechè pwason nan Lanmè Galile a, menm jan lòt frè yo Jak avèk Jan te menm bagay la tou. Pita, Jezi te rankontre ak Filip epi li te di l' pou l' te fè pati ekip li a. Filip te rankontre avèk Natanayèl epi li te di l' konsa ke Jezi, Sovè a, t'ap chèche kèk bon èd.

Konsa, nan yon ti tan ki te tou kout li te gentan konte sou sis moun ki ta pou vin kolabore avèk li.

Kèk jou aprè, gen plizyè lòt ki te vin fè pati gwoup disip li yo, tankou Matye, pèseptè kontribisyon an. Finalman, Jezi te chwazi 12 pami moun yo ki pou swiv li. Se de gwoup sa ke Jezi ta depann pou pote Bon Nouvèl lanmou Bondye a bay tout moun. 12 moun sa yo te wè ak tande tout bagay ke Jezi te fè ak di.

Se te yon gwo privilèj pou nou vin disip Jezi, tèlman admirab ke chak disip te kite sa yo t'ap fè pou aksepte apèl pou swiv li. Sa nou konnen seke pechè pwason yo pat kite travay yo tikras pa tikras. Matye nonplis pat kite travay li a tikras pa tikras. Moun sa yo pat evite pou yo te vin disip Jezi, yo te fè li menm kote a, nan premye opòtinite a, san evite.

Timoun primè yo kapab aprann ke nou dwe pare pou reponn lè Jezi rele nou vin swiv li. Epi tou, yo dwe konnen ke lè yo swiv Jezi, yo vin konvèti an kolaboratè nan travay enpòtan an ki te kòmanse sa fè depi 2,000 ane epi k'ap kontinye jodi a: rakonte mond lan ke Bondye tèlman renmen nou, li te voye Pitit li Jezi vin mouri sou lakwa pou sove nou anba peche nou yo. Yo rele mesaj sa "Bon Nouvèl yo" oubyen "levanjil la". Ann transmèt bay timoun yo ke Bondye mete sou responsablite nou pou yo reponn ak apèl Jezi pou akonpli ak devwa sa nan tout mond lan byen vit

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke sal klas la pwòp lè yo rive. Anvan w' antre nan tèm jodi a, repase twa leson anvan yo byen vit epi mande elèv ou yo pou yo bay kèk egzanp sou fason yo te rete fidèl ak Bondye pandan mwa k'ap fini an. Reyalize aktivite sa a pou w' santrè ansèyman jodi a:

Simon di...

Poze kesyon: Ki kote yo ban nou enstriksyon, ke nou dwe akonpli? (Kite timoun yo eksplike. Repons posib yo: nan lekòl la, nan yon plas divèsyon, nan yon sant kòmèsyal, lè kèk objè monte). Kounye a ann gade kijan nou kapab koute ak swiv enstriksyon yo. Jwe nan "Simon di..." avèk timoun yo. Ba yo plizyè enstriksyon epi nan kèk

okazyon piga w' di: "Simon di..." Moun ki rive reyalize enstriksyon an san w' pa di "Simon di", ap rete deyò nan jwèt la. Pa egzanp: Simon di: touche nen w'.

Simon di: sote sou yon pye. Sote de fwa. (Si timoun yo sote fwa sa a, y'ap rete deyò jwèt la). Mande: Kisa w' dwe fè pou w' jije "Simon di..." a byen? (Koute endikasyon yo epi fè sa Simon di). Ou dwe swiv enstriksyon yo. Li enpòtan pou w' swiv ak atansyon.

Istwa jodi a pale nou sou kèk moun ki te koute ak swiv enstriksyon yo.

Ann tande kimoun yo te ye epi ki presèp yo te dwe swiv.

ISTWA BIBLIK

Aprè batèm ak tantasyon li, Jezi te kòmanse avèk ministè li a. Yon jou konsa, pandan li t'ap mache bò lanmè ki nan Galile a, Jezi te wè kèk pechè pwason. Yo te rete bò dlo a pandan yo t'ap voye trivye yo pou peche. Non yo se te: Simon ki te pote non Pyè, ak frè li Andre. Yo te byen okipe nan lapèch la nan moman Jezi te rele yo a.

Jezi di yo:--Vini jwenn mwen, epi m'ap fè nou vin pechè moun.

Pyè avèk Andre te gade youn lòt, yo te gade trivye yo epi kite trivye yo menm kote a pou yo swiv li.

Pandan yo t'ap mache ak Jezi sou plaj la, yo te wè de nan zanmi yo te genyen yo, Jak avèk Jan.

Dezòm sa yo te chita nan kannòt pechè a, ap ranje trivye yo. Yo te fè Pyè ak Andre yon siy pandan yo t'ap pase tou pre a. Jezi gade yo epi li di yo konsa--: Swiv mwen epi aprann pou nou vin pechè moun.

Rapidman, Jak avèk Jan te leve kanpe, yo vole soti nan kannòt la, epi yo te swiv Jezi.

Aprè kèk jou, nazareyen an te deside kite zòn Galile. Epi li te rankontre Filip, ki te soti nan menm vil avèk Pyè ak Andre, epi tou li te rele l' pou ke l' te swiv li.

Filip te rankontre ak zanmi li Natanayèl.

Li di l' konsa:--Ou dwe vini epi w'ap konnen yon moun, non li se Jezi ki soti Nazarèt epi se li menm ki se Sovè yo te pwomèt la, se sou li menm ke Moyiz ak pwofèt yo te ekri a.

Natanayèl mande:--Ou di ke se Jezi ki soti nan Nazarèt?

--Ki bon bagay ki ka soti Nazarèt? Filip reponn li: --Vini non, wa wè.

Lè Jezi wè Natanayèl ap vin bò kote l', li di sou li: --Men yon moun pèp Izrayèl tout bon. Se yon nonm ki pa gen riz nan li!

Natanayèl mande li: --Ki jan ou fè konnen

mwen? Jezi reponn li: --Anvan Filip te rele ou la, mwen te wè ou lè ou te anba pye fig frans lan.

Lè sa a, Natanayèl di li: --Mèt, ou se Pitit Bondye a. Ou se wa pèp Izrayèl la!

Jezi reponn li:

--Paske mwen di ou mwen te wè ou anba fig frans lan, poutèt sa ase ou kwè? Ou gen pou wè bagay pi gwo pase sa!

Jezi ak disip li yo te vwayaje nan rejyon an. Anpil te ransanble ak gwoup ki te koute ansèyman yo epi te wè mirak yo.

Après sa, li moute sou yon ti mòn. Li rele moun li te bezwen yo, epi li di 12 yo konsa:

--Nou pral kolaboratè mwen. Nou va pote non apot. Mwen vle pou nou rete avèk mwen epi aprann. Mwen pral voye nou preche epi m'ap ban nou pouvwa pou nou goumen kont lènmi an.

12 mesye sa yo se te: Men douz moun li te chwazi yo: Se te Simon (Jezi te ba li yon ti non Pyè), de pitit Zebede yo: Jak ak Jan, frè l' la. Jezi te ba yo yon ti non Boanèj, ki vle di Pitit loraj. Te gen Andre, Filip, Batèlmi, Matye, Toma, Jak, pitit Alfe a, Tade, Simon, patriyòt la, ak Jida Iskariòt, nonm ki te lage Jezi nan men lènmi li yo. 12 sa yo te vin kolaboratè espesyal Jezi. Yo te konn vwayaje avèk li epi ede l' nan ministè li isit sou tè a. Li te rele yo "disip" tou.

Jiskaprezan Jezi bezwen kolaboratè pou swiv li, pou yo aprann de li, pou yo obeyi li, pou yo sèvi li, epi pou yo vin disip li. Ou kapab vin moun sa yo. Sa se yon bon moman pou ke timoun yo ekri non yo epi desine yon pyès oubyen pou yo kole yon foto yo menm nan espas ilustrasyon liv Elèv la

AKTIVITE YO

Fè yon revizyon sou istwa a. Chèche figi ak foto ki idantifye Jezi avèk pechè pwason yo ki te kòmanse swiv li yo.

Ou kapab trase figi yo pou ke timoun yo pentire yo. Reyalize depi davans, nan papyè bristol, yon sèn pou tablo afich la.

Desine yon tablo lanmè, plaj ak kèk kannòt; ou kapab fè yo avèk tras ki senp epi rapid. Lè w'ap rakonte istwa sa a, pèmèt pou kèk elèv plase figi diferan yo nan menm moman sa. Figi Jezi yo, Pyè avèk lòt apot yo kapab genyen yon riban adezif nan pati dèyè a, oubyen ou kapab kole yo nan yon leman pou yo kapab rete fèm lè w' kole yo nan tablo afich la avèk imaj lanmè ak plaj la. Timoun yo ap santi yo byen lè yo vin "kolaboratè" antrenè la pandan dewoulman istwa bibliik la.

Sa t'ap vrèman enteresan si w' ta kapab prepare plizyè figi plizyè moun anplis, e menm plizyè timoun depi davans (ou kapab kopye yo sou magazin nan). Mete non chak timoun nan klas ou yo ladan li. Timoun yo kapab pentire figi yo. Après sa, lè w' fin fè envitasyon pou vin swiv Kris Jezi a, timoun yo kapab pase epi mete figi yo avèk non yo k'ap swiv Jezi, ansanm avèk imaj Pyè, Filip ak lòt disip yo.

Reprezantasyon: istwa sa apwopriye pou ke kèk nan timoun yo dramatize sèn pechè, Jezi, trivye yo (li kapab yon vye tapi oubyen dra) epi 12 disip Mèt la.

Avèk yon senp: "Vini, swiv mwen", y'ap kapte lide sa Jezi fè a ak desizyon ke disip yo te pran.

Antrenè, sonje ke pou nenpòt timoun nan nenpòt laj, konpreyansyon lide yo pi fasil lè sa yo toujou anba revizyon oubyen mete an pratik.

Memorizasyon

Pandan timoun yo ap pase pou ale kote tablo afich la pou kole imaj yo avèk non yo, yo kapab repete vèsè pou aprann nan plizyè fwa: "Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi".

Pou fini

Lè yo fin kole imaj yo avèk non yo, yo tout kapab rete debou toupre tablo afich la. La menm ou dwe priye pou yo chak pou ke yo kapab vin vrè disip ak kolaboratè Jezi. Mete fen avèk yon kè chan ki apwopriye.

Nòt mwen yo:

Ane 3

Entwodiksyon—Inite II

JEZI FÈ LADIFERANS

Baz biblik: Mak 1:40-44; 2:13-16; 14:66-72; Jan 21:1-29.

Tèks inite a: *Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a (2 Korentyen 5:17).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✗ Konprann ke moun sa yo ki aksepte Jezi pap menm jan avèk anvan.
- ✗ Asire ke Kris la ap gide yo epi y'ap vin pi bon moun.
- ✗ Konnen ke kounye a yo se disip yon Bondye ki tèlman gen pouvwa tankou lanmou.
- ✗ Konfye ke Seyè a kapab chanje menm moun ki pi pechè ak mechan.

Leson inite a

Leson 5: Jezi geri yon nonm ki gen lèp

Leson 6: Jezi transfòme Matye

Leson 7: Jezi renmen timoun yo

Leson 8: Jezi padone Pyè

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Li pa fasil pou yon timoun ki nan primè konprann mo peche. Se poutèt sa, nou pa dwe sèten ke y'ap kapte vokabilè a pandan dewoulman klas la. Men wi yo gen kapasite pou yo disènen lè yon moun fè bagay ki byen oubyen mal.

Atravè inite sa a, y'ap kapab rann yo kont de benefis ke sa ap pote lefè ke nou vin bon ak janti. Yo pral rann yo kont tou ke Jezi se espesyalis nan ede yo vin pi bon pitit, elèv ak zanmi.

Ede yo konprann ke anvan, lè yo potko aksepte Kris la nan kè yo, yo te anba dominasyon dyab la (wayòm fènwa yo), men kounye a yo se pitit Bondye (wayòm limyè a).

Di yo konsa ke si anvan, yo te abitye bay manti, vòlò oubyen di move pawòl, kounye a y'ap konnen ke tout sa yo se bagay ki mal yo ye epi yo pap santi dezi pou repete yo.

Ede yo konprann ke lè Bondye fin ban nou yon kè nouvo, nou pa vle peche ankò, men pito se fè bagay ki pwòp ak onèt.

Jezi geri yon nonm ki gen lèp

Baz biblik: Mak 1:40-44

Objektif lesan an: Ede timoun primè yo kwè ak eksperimante lanmou Jezi a.

Vèsè pou aprann: *Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèt ki pran plas yo koulye a (2 Korentyen 5:17).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Youn nan zouti ki plis efikas nan ansèyman nan tout branch aprantisaj se modèl konpòtman an. Timoun primè yo obsève konpòtman nan fwaye a, nan lekòl ak nan legliz la, epi li kòmanse ap antre yo nan pwòp aksyon li avèk atitid li yo avèk fasilite. Yo kapab karakteristik pozitif oubyen negatif, toudepann de sikonstans yo.

Istwa Jezi ki t'ap geri nonm ki gen lèp la se yon lesan dinamik k'ap ede elèv ou yo konprann konpasyon ak swen anvè malere yo. San gade jan lavi timoun nan solid nan fwaye a avèk enstriksyon kretyèn ke li genyen; asireman w'ap jwenn atitid ki dwòl anvè lòt moun nan eksperyans.

Yo deyò fwaye lakay yo.

Si vrèman timoun primè yo kòmanse konprann santiman ak pwoblèm lèzòt yo, nouvo konesans sa kapab "toufe" pa akseptasyon frè parèy yo. Pou ke elèv ou yo santi konpasyon ak lanmou pou lèzòt yo, yo dwe genyen modèl konpòtman. Sa ap ede yo konprann ke Jezi renmen yo.

Leson sa ap montre yo verite ke Jezi renmen moun ki meprize yo epi lanmou l'atenn yo tou. Alafwa, timoun yo ap aprann ke nan menm fòm nan, yo kapab pote bezwen ak pwoblèm yo nan pye Jezi.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Mak 1:40-44. Nan ministè Jezi, li te an kontak avèk moun ki te genyen plizyè kalite nesosite fizik ak espiritiyèl.

Pa gen youn nan yo ki tèlman devoran tankou lèp. Yo te rele nenpòt maladi sou po, lèp.

Lefè ke Jezi te touche nonm ki gen lèp la, sa te genyen yon gwo enpòtans. Dapre lwa seremonyèl yo, yo te konsidere moun ki gen lèp yo kòm enpi, epi moun ki te touche yon moun nan kondisyon sa te fè pati menm kategori a.

Pou rezon sa a, yo te konn mande moun ki gen

lèp yo pou yo te kite lakay yo, fanmi ak zanmi yo epi rete byen lwen tout moun.

Konpasyon Jezi a te pi gran pase nenpòt rityèl. Si byen li te gen respè pou lalwa, li te toujou montre ke nesosite moun yo nan premye plas. Nan obsèvan nonm ki te gen lèp la, Jezi te wè yon moun avèk yon gwo nesosite epi li pat vyole pwotokòl relijye a.

Lè Jezi te geri nonm ki te gen lèp la, li te fè l'paske li te renmen l', se paske li te bezwen favè nan je lidè piblik ak relijye yo.

Li fasil pou nou santi konpasyon pou moun ki bon oubyen pwòp. Lè zanmi nou yo malad oubyen nan nesosite, li genyen sans pou fè yon bagay pou ede yo. Men, epi èske si moun ki nan nesosite a gen move sant, abiye avèk vye rad oubyen se klèman diferan de nou? Èske nou kapab montre konpasyon pou kalite moun sa a? Èske nou kapab montre afeksyon pou yo?

Nan prèch sou Mòn nan, Jezi te pale sou konbyen li fasil pou nou renmen moun ki renmen nou (Matye 5:43-48).

Li te di ke, li difisil pou w' montre lanmou pou moun sa yo ke w' konsidere kòm lènmi w' yo. Li difisil anpil tou pou w' renmen tout bon moun sa yo ki sanble pa genyen lanmou.

Ann wè pwòp sitiyasyon nou. Li pa difisil pou w' renmen timoun ki janti nan klas ou yo, men avèk timoun ki refize obeyi yo, sitiyasyon an diferan. Li fasil pou nou anbrase timoun ki pwòp ak byen abiye yo, se pa vre?

L'ap trè difisil pou nou ofri menm bagay la bay sa yo santi fò oubyen ki vini nan klas la avèk rad sal sou li.

Semèn sa a w'ap genyen devwa pou w' anseye timoun ou yo osijè de lanmou Bondye.

Atravè istwa enteresan sa, timoun yo pral kapab gen konesans sou konpasyon ak lanmou Jezi a. Yo pral wè ke li pat pè touche yon moun nan yon kondisyon deplorab. Jezi pat pè touche nonm ki te gen lèp la, malgre li te kapab kontajye.

Sepandan, lesan sou konpasyon an kòmanse depi anvan w' te kòmanse ansèyman an. Li kòmanse nan menm moman kote timoun yo antre nan salon an.

Konfòm ak fason ke w' sèvi ak yo chak, w'ap fè yo eksperimante vrèman lanmou ak konpasyon Jezi a.

Lè w' gen pou w' apwoche vè klas ou a semèn sa, mande Bondye pou w' kapab reflekte lanmou moun sa n'ap pale de li jodi a. Demontre ke w' enterese ak timoun yo men se pa avèk aksyon oubyen aparans yo. Pèmèt ke yo apresye yon demonstrasyon ki klè de Jezi nan klas ou a semèn sa.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou w' atire atansyon elèv ou yo.

Piramid mo yo

Anvan klas la, prepare avèk papyè bristol oubyen katon fen, kat ki genyen 16 cm.x 12cm. sou fòm brik, pentire, pou monte yon piramid.

Aprè sa, ekri yon mo vèsè a ak sitasyon de 2 Korentyen 5:17 nan chak kat yo. Plase yon zanno adezif nan pati dèyè chak kat oubyen brik.

Nan klas la, se pou nou repete vèsè biblika la plizyè fwa ansanm. Di konsa: Leson inite sa a yo pral ede nou konprann siyifikasyon vèsè sa.

Montre yo kòman konstwi piramid la pandan y'ap sèvi avèk blòk koulè lè y'ap repete vèsè memwa a. Plase kat yo sou yon tab avèk mo yo fas anba. Chak timoun dwe pase, pran yon kat/brik, li pawòl epi plase li nan plas ki kòrèk pou fòmè piramid la. Pèmèt timoun yo jwe pandan y'ap fòmè piramid la epi nan menm tan an resite vèsè memwa a.

Senbòl lanmou

W'ap bezwen pou chak timoun: yon kare papyè wouj ki genyen 10 cm. x 10 cm., lakòl, yon bwa oubyen palèt krèm ki genyen 20cm. nan longè ak sizo. Anvan klas la, doublé chak kare nan mitan epi avèk liy pwen yo desine modèl yon kè.

Pandan dewoulman klas la, mande timoun yo pou yo koupe ak retire kè nan chak kare. Timoun nan ap rete avèk kè a tout antye e se li menm ke l'ap kole nan ti bwa oubyen palèt krèm nan.

Lè yo fini ak aktivite manyèl la, poze yo kesyon: Kisa kè a reprezante? (Lanmou). Nou pral itilize kè a pou nou prezante leson jodi a. N'ap leve kè a chak fwa ke nou tande yon bagay ki endike ke Jezi te montre lanmou li

ISTWA BIBLIK

Yon nonm ki gen lèp jwenn sekou

"Enpi, enpi!". Nonm tris epi malad la t'ap rele di pawòl sa yo chak jou. Li te toujou chita nan lari a ap gade moun ki nan lajwa epi ansante k'ap pase bò la a. Lidè yo ki nan vil la te fè soti yon lwa ki afime ke yon moun ki gen lèp te dwe rele byen fò pou di "enpi" pou ke pèsòn moun pa apwoche epi atrape maladi l' la. Yo pat pèmèt pou moun malad yo te antre nan kay yo oubyen rete tou pre lòt moun yo. Rad li yo te sal epi chire. Ala difisil sa te difisil pou l' te jwenn manje! Epi maleng te nan

tout kò li, yo te fè mal epi byen lèd. Moun te konn fè siy sou li epi kouri pase lòt kote. Nonm nan te santi l' pou kont li.

Se menm bagay la te pase chak jou. Men gen yon bon maten, pandan li t'ap rele: "enpi!, enpi!", pou l' te avèti pèp la pou yo pat apwoche, nonm ki gen lèp la te remake yon nonm ke li pat janm wè anvan.

Li te reflechi ak kè kontan, "èske sa posib?". "Èske se de Jezi mwen te tande y'ap pale a, li menm ki di ke li kapab geri maladi yo? Mwen santi m'ap mouri an detay anba lèp terib sa, epi petèt nonm sa ta kapab ede mwen".

Se konsa, nonm nan te pwoche bò kote Jezi. Ajenou, li priye epi di:

- Mèt, si ou vle, ou ka geri mwen.

Jezi te gade nonm malad la ki te ajenou devan li, li te renmen l' epi, menm kote a, li te ede l': pandan li lonje men l' epi touche nonm lan pandan li t'ap di:

- Wi, mwen vle ou geri. Menm lè a, lèp la kite li.

Nonm nan te leve geri! Li pat malad ankò! Li pat konnen kisa pou l' te pansè! Rèv li a te vin reyalyte! Wi, sa te posib! Deja, sa pat yon rèv, se te reyalyte ke yo te rakonte l' la. Moun ki te pwoche bò kote Jezi, te resevwa gerizon, padon, mizèrikòd ak esperans.

Nonm nan kriye byen fò: o, mèsì, pandan li t'ap gade bra l' ak pye li yo ki te kouvri avèk maleng kèk tan anvan kounye a yo geri epi swa. Po li te tou nèf. Nonm nan te rele kriye avèk anpil kè kontan: Mwen tèlman rekonesan ak kontan, mwen dwe al rakonte tout moun sa ki rive m' nan!

Men Jezi te di l' konsa: Jezi pase l' lòd sevè sa a: Pa di pesonn sa. Men, ale fè prèt la wè ki jan ou ye. Aprè sa, wa ofri sa Moyiz te bay lòd ofri a. Konsa wa bay tout moun prèv ou geri.

Nonm nan byen kontan, li te reponn:

- Mèsì, mèsì! Mwen prale kounye a menm, mwen kontan!

Konsa, li te disparèt pami foul la, ap mache rakonte moun sa Jezi te fè avèk li a.

Se te yon gwo jou pou nonm malere sa a. Li te leve malad nan maten, avèk lèp epi enpi, men nan nwit li te al dòmi pwòp epi geri, pandan li te konprann ke Jezi te renmen li, malgre maladi tèlman terib li a.

AKTIVITE YO

Jezi fè ladiferans

Distribye fèy aktivite nan liv Elèv la bay timoun yo (5 leson). Pèmèt ke timoun yo obsève toude sèn yo. Li enstriksyon yo pou klas la. Pèmèt ke timoun yo konpare yo epi pale sou diferans ki genyen ant de aksyon yo.

Asire w' ke chak timoun konprann konsèp anvan an avèk aprè a, de ke Jezi te geri nonm ki te gen lèp la. Poze kesyon: Nan ki sitiasyon nonm ki

te mande Jezi sekou a te ye? (Li te malad avèk lèp).

Kisa Jezi te fè? (Li te geri l'). Di konsa: Jezi te geri li, se poutèt sa li te vin tounen yon nonm nouvo. Vèsè pou nou aprann nan pale de yon nouvo kreyasyon. Nonm ki gen lèp la te eksperimente benediksyon ke Kris la te pote pou li a.

Bay timoun yo tan pou yo kolore kare nonm ki gen lèp la.

Ann chante yon kantik

Di konsa: èske nou kapab imajine nou kòman Jezi te santi l' lè Jezi te fin geri l' la? San dout li te konprann konbyen Jezi te renmen li. Jezi renmen w' epi renmen tout moun, san gade kòman nou ye. Ann chante louwanj pou Seyè a avèk kè kontan epi di l' mèsì pou lanmou li (prepare de kè chan lajwa epi ki apwopriye depi davans).

E si se te nou menm?

Pou aktivite sa a, prepare imaj magazin ki rekoupe ak jounal plizyè moun "diferan": malad nan kabann, timoun ak granmoun sou chèz woulèt, timoun avèk linèt oubyen avèk chen kondiktè, nenpòt ki eksprime lide "diferans lan".

Bay chak timoun plizyè imaj, epi poze kesyon: Kisa w' wè nan foto sa?

Kisa w' panse ke moun sa genyen? Kòman w' t'ap santi w' si se te ou menm, ki te chita sou chèz woulèt sa yo oubyen kouche sou kabann sa? Èske Jezi kapab geri moun sa a? Mete aksan sou pouvwa gerizon ke Bondye genyen an. Pale de jan moun sa yo dwe tris lè nou pase lwen yo, oubyen fawouche yo. Di konsa: Ann mande Seyè a pou l' fè nou gen konpasyon, epi pou nou rakonte moun sa yo ke Jezi se yon Bondye lanmou epi li renmen yo menm jan ke nou renmen yo tou.

Memorizasyon

Repete vèsè pou aprann nan plizyè fwa ansanm

avèk klas la. Ou kapab itilize aktivite memorizasyon sa nan kat leson inite a (leson 5 a 8). Anvan klas la, ekri vèsè pou aprann nan nan yon papye bristòl oubyen tablo a pasyèlman. Pa egzanp: "Si _____ ap viv nan _____ la, li vin yon _____. Bagay _____ yo _____, se lòt _____ ki pran plas yo koulye a (2 Korentyen 5:17). Kite espas vid yo pou timoun yo ranpli avèk mo ki koresponn yo, yo menm ki gen pou ekri nan moso papye bristòl epi sere nan plizyè kote nan sal klas la. Timoun yo dwe chèche mo yo, kouri sou tablo a epi plase yo nan plas ki kòrèk yo, jiskaske yo konplete vèsè pou aprann nan. (Sa a yo se moman k'ap gen anpil bri, avèti lòt antrenè ki nan klas tou pre yo). Ou kapab fè de jwèt papye bristòl avèk vèsè a, pou w'a divize klas la fè de gwoup. Konpetisyon an ap enteresan anpil pou timoun yo.

Di konsa: Vèsè sa se youn nan sa ki bay plis kè kontan nan Bib la. Sa vle di ke Jezi renmen w' anpil epi si w' mande l' sa li kapab chanje lavi w'. L'ap ede w' epi vin Sovè ou. Nan menm fason ke li te geri nonm ki gen lèp la nan istwa nou an, Jezi kapab geri w' epi padone peche w' yo.

Bay tan pou timoun yo konplete paj liv Elèv la: "Tèks ki pèdi a".

Pou fini

Rasanble timoun yo pou yon moman lapriyè. Di konsa: Mèsì Bondye, dèske w' montre nou lanmou ou atravè istwa Jezi k'ap geri nonm ki gen lèp la. Mèsì dèske w' renmen nou. Ede nou gen plis lanmou pou lèzòt yo, espesyalman pou moun sa yo ki pa gen renmen, pou sa ki malad yo epi pou sa yo ki diferan de nou menm. Amèn.

Pou semèn nan: mande timoun yo pou yo chèche opòtinite pou ede ak priye pou yon moun ki nan kèk sitiyasyon ki yon ti jan malere. Di yo ke dimanch pwochen y'ap kapab rakonte klas la kòman yo te santi yo lè yo t'ap ede moun sa.

a (2 Korentyen 5:17).

Lesson 6

Jezi transfòme Matye

Baz bibliik: Mak 2:13-17

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konnen ke moun yo kapab vin tounen disip Jezi san gade jan yo te ye nan tan ki pase yo. Jezi tou pare pou padone moun ki mande li.

Vèsè pou aprann: *Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèt ki pran plas yo koulye*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Ki lè se tan ki apwopriye pou sispann trete timoun yo kòm bebe epi depoze konfyans nou nan yo? Repons la se: byen vit posib. Men nan ka timoun primè yo, nou dwe sonje ke entèlijans li pou panse ak sa ki konkrè depase dominasyon abstrè a. Nou dwe asire pou nou pale avèk yo nan yon fason konpreyansif pou yo.

Leson sa pale sou padon avèk Sali a.

Petèt sa ka sanble yon konsèp ki trè fò pou timoun ki nan premye ak dezyèm ane yo, men se pa konsa. Lanmou an se baz padon ke Jezi ofri a, epi timoun

yo konprann kisa lanmou an ye, men si yo resevwa l' nan yon fason ki regilye oubyen non. Sepandan, li pi fasil pou transmèt ba yo lide peche a.

Nan laj sa li pi fasil pou endike fot ak peche nan lòt yo pase rekonèt yo pèsònèlman. Leson sa ap entwodwi lefè ke nou tout se pechè epi nou bezwen jwenn padon nan men Jezi; sa ap ofri yon opòtinite pou ke timoun yo priye epi mande Jezi padon pou peche yo.

Se nan laj konsèp konkrè sa, kote timoun yo kapab rive konnen Jezi kòm Sovè pèsònèl yo. Yo konfye yo nan sa granmoun yo di epi santi lanmou lè paran, fanmi, antrenè oubyen lòt moun ofri yo li. Pandan preparasyon klas ou a, priye pou ke timoun yo kapab sansib fas ak mesaj la epi rive vin disip Mèt la.

KÒMANTÈ BIBLIK

Pou kisa Jezi manje avèk pechè yo?

Ala yon kesyon enteresan! Moun sa yo ki te poze l' la yo se te antrenè lalwa. Se te moun ki te pase anpil ane ap etidye. Lavi yo te rich ak aprantisaj lalwa Bondye epi travay yo a se te distribye konnesans bay lòt yo.

Li te apwopriye pou antrè sa yo te poze kèk kesyon teyolojik ki pwofon. Si yo te kwè ke Jezi te Pitit Bondye a, jan li te di l' la, yo ta dwe byen motive tou pou yo te mande epou absòbe ansèyman yo. Men si yo pat kwè, yo te gen dwa pou yo te poze kesyon ki pwofon pou fè Jezi pase pou yon fo.

Pou motif sa a, yo te vle konnen rezon ki te fè Jezi manje avèk pechè yo. Se te yon aksyon ki te ale pi lwen pase konpreyansyon yo. Si Jezi te Pitit Bondye a, èske l' ta kapab fè asosye avèk kalite moun sa yo? Epi si se te yon pyèj, poukisa li ta riske tout bagay pou yon erè tèlman klè?

Ebyen, "poukisa li manje avèk pechè yo?" se te gwo kesyon an, epi sanble ke pèsòn pat kapab bay yon repons ki klè.

Semèn pase a nou te aprann kòman Jezi te montre konpasyon pou yon nonm ki gen lalèp "enpi" epi li te geri l'. Pechè sa yo pat malad fizikman, men yo te enpi menm jan ak nonm lèp la. Se jwif "bon" yo te ye epi yo te resevwa avètisman pou yo te elwanye yo de pèsèptè kontribisyon yo, adiltè, vòlè ak moun sa yo ki te refize obsève lalwa. Bon moun pat konn manje avèk pechè yo, paske manje ansanm te vle di ke yo te zanmi oubyen "menm jan avèk yo".

Ebyen, poukisa Jezi te manje avèk pechè yo?

Premyeman, gwoup "pechè" sa yo te genyen ladan li yon ansyen pechè ki rele Levi (oubyen Matye).

Nan kòmansman, Jezi te mande Levi pou l' te swiv li. Menm kote a, Levi te kite travay ranmase

kontribisyon an ak kalite lavi dezòd ke li t'ap mennen an pou l' swiv Jezi. Lavi li te chanje.

Jezi te nan fèt la ap selebre lavi tou nèf sa!

Dezyèmman, kòm ansyen pechè, Levi te genyen anpil zanmi ki te nan "kategori sa" jiskaprezan. Lè li te prepare yon fèt pou l' selebre lavi tou nèf li a, Levi te envite moun ke l' te rekonèt yo, sa vle di lòt pechè parèy li yo. Levi pat yon "bon jennonm" pou anpil tan tankou pou konnen ke li pat dwe kontinye rete zanmi avèk yo.

Twazyèmman, epi li trè enpòtan, sa se kalite moun ke Jezi te vin chèche. Jezi pat vin "geri moun sa yo ki te deja geri", li te vini chèche moun sa yo ki te bezwen èd, pechè yo.

Lè farizyen yo te gade fèt Levi a atravè fenèt yo, yo te wè yon sèn pechè epi dezagreyab. Youn ki te di ke li se Pitit Bondye mete tèt li ansanm avèk yon bann enpi epi pechè! Yo te an kòlè akoz de aksyon Jezi yo.

Lè Jezi te gade toutotou nan sal la li te wè plizyè moun ki te malad. Yo pat malad fizikman, men pito yo te malad espiyèlman epi Jezi te Gran Doktè. Sa se motif ki te fè l' vin geri tout moun sa yo ki te mande li.

Iwonikman, farizyen yo te malad, men yo pat rekonèt sa. Se menm severite yo a ki pat kite yo wè Jezi, ni eksperimante gerizon espiyèl ke li menm sèlman te kapab ofri.

Nou menm, olye nou mande nou poukisa Jezi te manje avèk pechè yo, nou dwe di mèsì paske se konsa ke l' te fè li. Nou di Bondye mèsì paske Jezi te pase tan avèk pechè yo, paske sa genyen nou menm ladan l' tou, epi li te fè l' pou l' te ban nou yon lavi tou nèf.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Ou kapab repete jwèt konstriksyon piramid ke w' te reyalize semèn anvan an.

Kounye a se yon bon moman pou gen rapèl sou leson pase a. Reyalize kèk kesyon sou sa ki te pase nan leson sa. Kimoun ke Jezi te geri? (Yon nonm ki malad). Ki kalite maladi nonm sa te genyen? (Lèp). Kisa nonm nan t'ap rele di pou tèt li? (Enpi, enpi). Èske Jezi te geri nonm nan? (Wi), elatriye.

Lè timoun yo rive nan klas la, yo kapab kòmansè pratike tèks ki ekri nan blòk oubyen brik yo avèk mo yo anba yo. Timoun yo kapab kòmansè bati piramid la lè y'ap plase mo yo nan plas ki kòrèk la.

Mo enpòtan

Anvan klas la, prepare yon kat avèk mo “padon” epi enprime definisyon an nan pati ki dèyè a. Kouvri kat la avèk tep opak oubyen papye pou plastifye.

Nan klas la, prezante mo “padon”. Di konsa: Jodi a nou genyen yon jwèt ki byen enteresan ki pou ede nou konprann yon mo nouvo: “padon”. Padon an se yon kado Bondye. Lè nou atriste paske nou dezobeyi Bondye, Jezi chaje peche nou yo sou do li epi delivre nou anba pinisyon an. “Padon” Bondye a ini nou avèk li yon lòt fwa ankò.

Swiv lidè a

Mande timoun yo kimoun ki konn jwe “Swiv lidè a”.

Mete timoun yo nan yon liy youn dèyè lòt; se ou menm k’ap lidè a. Ou dwe asire w’ ke gen espas ase pou w’ vire tounen nan salon an. Si pa genyen li, ale yon kote ki pi laj. Ou dwe genyen definisyon mo “padon” an ekri nan yon papye pandan y’ap jwe a.

Di klas la ke lè w’ mansyone mo “padon” oubyen yon pati nan siyifikasyon li, yo kapab swiv epi fè sa ke w’ fè a. Si w’ di yon bagay anplis ki pa gen anyen pou wè avèk mo “padon”, klas la ap kanpe sou aksyon an oubyen ap rete san fè mouvman kote yo ye a epi yo pap swiv li.

Itilize mo avèk fraz ki pa genyen anyen pou wè ak lesou jodi a pou ke timoun yo kapab asire yo ke w’ap di mo “padon” an avèk siyifikasyon li. Gen kèk egzanp ki kapab: zèb, planch pou patinen, papiyon, tanpri, pase pòm detè yo, je twèt, elatriye. Jwe jiskaske elèv yo konprann ke yo koute mo “padon” ak siyifikasyon li. Ri avèk yo ak mo e fraz senp yo, ranplase yo pou w’ detache yo.

ISTWA BIBLIK

Matye jwenn yon Sovè

Se te yon bèl jou epi Jezi t’ap mache bò lanmè a ap anseye moun yo osijè de lanmou Bondye a.

--Yo t’ap rele byen fò: --Jezi, pale avèk nou pi plis!

Jezi te pase anpil tan ap pale avèk yo. Yon gwo foul moun t’ap swiv li nenpòt kote li ta prale.

Yon jou konsa, Jezi avèk moun yo t’ap mache toupren lavil la. Levi, ki te vin pote non Matye, te chita ap touche lajan kontribisyon yo nan yon biwo. Pèseptè a t’ap gade moun ki t’ap pase bò la yo avèk anpil endiferans. Menm si li te konnen byen ke li pat fè zanmi ni ak youn menm. Se te yon jou boulevèse kote ke te genyen anpil moun ki t’ap vwayaje de yon kote pou ale yon lòt kote.

Travay Matye se te ranmase lajan kontribisyon moun ki t’ap vwayaje deyò vil la oubyen nan menm moun ki t’ap antre ladan l’. Anpil te rayi Levi paske

travay li a se te pou gouvènman women an.

Jeneralman, grèk yo te konn ranmase yon ti lajan anplis pou yo, se poutèt sa ke pèsòn pat di anyen sou Levi. Se te yon sipriz pou yon moun ta pale di yon bagay ki byen de jwif sa, se mèt lajan sèlman ki te zanmi li.

Jezi te sèlman di li:--Vini, swiv mwen.

Matye te fikse je li sou moun ki te pale avèk li a. Se te Jezi! Men Mèt la te lonje anvè Matye. Matye te rete san souf!

Menm kote a, Li te leve sou tab li a epi li te swiv Jezi. Li pat gade dèyè; li pat mande nonplis si l’ te pran yon bon desizyon. Li pat mande tèt li: “Se lajan m’ nan, se benefis mwen yo?” Li pat mande Jezi nonplis ki kote li t’ap swiv li ale. Li te sèlman koute vwa Mèt la epi li te fè sa ke Jezi te di l’ la: Li te swiv li!

Nan demen, Matye te decide fè yon fèt lakay li.

Kòman pou l’ pa ta fè yon fèt si Jezi te la epi li te chanje lavi li totalman! Se te moman enpòtan pou ke li te prezante li devan zanmi l’ yo. Jezi avèk disip li yo t’al manje lakay Matye avèk li. Anpil nan zanmi--pèseptè kontribisyon parèy li--yo te rive nan fèt la. Genyen kèk pami yo ki pat onèt paske yo te fè vòl nan koze lajan ak kontribisyon yo. Te genyen kèk lòt pechè sou tab la tou, ki potko konnen Jezi.

Matye te reflechi: “Si moun sa yo vin manje lakay mwen, y’ap koute sa Jezi gen pou di yo epi li posib pou yo vin disip li”.

Pandan dewoulman koze manje a, Jezi te chita nan mitan pèseptè kontribisyon avèk pechè yo. Li te souri epi pale avèk yo pandan yo t’ap manje. Sa te dwe yon dyalòg ki te byen enteresan.

Mesye sa yo te tandè kòman yo te kapab resevwa padon Bondye epi swiv Jezi.

Yo tout te pase yon moman agreyab nan fèt la, yo te pale epi tandè bèl mesaj ke Jezi te genyen pou ba yo a.

Se konsa te gen yon moun ki te bay nouvel ke te genyen yon gwoup farizyen toupren a...ap obsève yo. Se nonm sa yo ki t’ap enpoze lalwa yo, epi Jezi pat fè yo plezi. Pat gen pèsòn pami yo ki te konfyè ni kwè nan Jezi kòm Sovè a. Farizyen yo te plenyen epi fache.

Jezi te tandè youn nan yo ki t’ap di konsa:

---Poukisa Jezi sa manje avèk pèseptè kontribisyon ak pechè yo? Si li se moun li di ke l’ ye a, ebyen li dwe pase lwen moun sa yo!

Mèt la pat fache avèk farizyen yo ni nonplis fè yo leve nan kay la. Olye de sa, li te gade yo epi anseye yo yon bagay enpòtan. Li te di yo konsa:

--Moun ki geri yo pa gen bezwen doktè, men pito, se moun ki malad yo.

Mwen pat vini pou m’ rele moun k’ap mache

dwat, sinon, pechè yo.

Farizyen yo pat konprann sa Jezi te di yo a. Yo te kontinye tou fache. Men Matye te konprann trè byen. Li te kapab renmen Jezi paske Jezi te renmen li epi li te renmen tout zanmi l' yo. Nonm Nazarèt la te konnen ke pèseptè kontribisyon ak pechè yo pat konn aji byen. Li konnen yo pa t'ap viv nan yon fason ki kòrèk, men li te vle ede yo pou yo te aprann osijè de Bondye epi konnen ke peche yo te kapab padone. Jezi te pwofite bèl opòtinite sa pou bay mesaj Papa a. Tout moun ki te bò tab sa, lakay Levi, te bezwen padon, restorasyon ak yon lavi ki nouvo. Se rezon sa a ki fè li t'al nan fèt avèk yo tout la. Lanmou ak padon li se pou tout moun!

Lanmou ak padon li te epi toujou pi enpòtan pase peche ke yo tout ta komèt.

Poze kesyon: Kisa Jezi te di Levi? (Swiv mwen).

Kisa Levi te fè? (Li te kite tout bagay epi swiv Jezi). Pou ki rezon nou panse li te envite zanmi l' yo vini nan fèt lakay li? (Li te vle yo koute Jezi). Kisa sa vle di lè Jezi te di ke moun ki pa malad yo pa bezwen doktè men pito se moun ki malad yo? (Jezi rele moun sa yo ki malad avèk peche pou yo swiv li epi sispann fè peche).

Bamaryonèt yo (chosèt)

W'ap bezwen: Yon ba oubyen chosèt ki pwòp pou chak timoun, makè oubyen fet, penti pou twal, lakòl, sizo, plizyè di moso fil oubyen lenn pou cheve, kare papyè ki fèmen oubyen katon, je mouvab oubyen bouton yo.

Di konsa: reyèlman Matye te bezwen yon Sovè epi fè sa ki dwat pou swiv Jezi. Li te konprann siyifikasyon sa li te di l' la: ke moun ki pa malad pa bezwen doktè, men se moun ki malad ki bezwen doktè.

Pèmèt timoun yo reponn, epi dirije panse yo vè lide ke Jezi renmen tout moun epi vle padone yo.

Di konsa: Nou pral fè yon maryonèt ak chosèt ki pou reprezante istwa ke nou tande a.

Pandan timoun yo ap travay, repase etap istwa a avèk yo.

Pèmèt ke chak timoun fè yon maryonèt senp avèk chosèt la. Se pou timoun yo mete men yo nan katon an andedan chosèt la pou trase ak desine bouch la avèk tout trè vizaj yo. Sa ap evite ke lank oubyen lakòl la koule nan pati ki dèyè ti rad la.

Timoun yo ap bezwen sipò yon granmoun pou yo desine vizaj la. Yo kapab kole je mouvab oubyen bouton yo; si yo pa genyen yo, desine yo avèk makè. Ou kapab ajoute cheve ki fèt ak fil gra oubyen lenn. Lè yo fini, mande timoun yo pou yo repete istwa a pandan y'ap itilize maryonèt yo a.

AKTIVITE YO

Swiv mwen!

Di konsa: Jezi te santre atansyon li nan Matye ak ou menm tou. Li vle pou lavi w' vin diferan.

Remèt chak timoun paj leson 6 ki nan liv Elèv la. Fè timoun yo swiv enstriksyon yo. Nan konplete pwojè a, pale sou kòman Jezi pran swen nou.

Di konsa: Nou te aprann ke lè Jezi te di Matye pou l' te swiv li a, Matye te obeyi. Nou menm tou nou kapab swiv Jezi. Nan menm fason an, nou pa dwe bay manti nonplis, ni vòlò, ni anganyan lòt moun ak lajan li, jan Matye ak zanmi l' yo te konn fè a. Nou tout se pechè paske nou te dezobeyi Bondye.

Nou kapab mande Seyè a padon epi vin tounen disip li apre sa.

Levi te deside swiv Jezi. Ou menm tou, ou kapab pran desizyon sa.

Sa a se yon bon moman pou fè timoun yo yon envitasyon sou Sali a. Ankouraje yo rakonte istwa bibliki la bay yon moun lakay yo pandan y'ap itilize istwa ki ilistre nan kaye yo a.

Pou fini, si gen timoun ki deside swiv Jezi, pale epi priye avèk yo apa, apre w' fin fè lapriyè pou w' voye yo tout ale. Mande yon asistan pou l' voye rès timoun yo ale, pou ou menm ou kapab rete pou kèk minit anplis ak timoun sa yo ki te aksepte Jezi nan kè yo a.

Memorizasyon

“Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèt ki pran plas yo koulye a” (2 Korentyen 5:17).

Repete vèsè pou aprann nan plizyè fwa ansanm avèk klas la. Ou kapab itilize aktivite memorizasyon sa nan kat leson inite a (leson 5 a 8). Anvan klas la, ekri vèsè pou aprann nan yon papyè bristòl oubyen tablo a pasyèlman. Pa egzanp: “Si _____ ap viv nan _____ la, li vin yon _____. Bagay _____ yo _____, se lòt _____ ki pran plas yo koulye a (2 Korentyen 5:17). Kite espas vid yo pou timoun yo ranpli avèk mo ki koresponn yo, yo menm ki gen pou ekri nan moso papyè bristòl epi sere nan plizyè kote nan sal klas la. Timoun yo dwe chèche mo yo, kouri sou tablo a epi plase yo nan plas ki kòrèk yo, jiskaske yo konplete vèsè pou aprann nan. (Sa a yo se moman k'ap gen anpil bri, avèti lòt antrenè ki nan klas tou pre yo). Ou kapab fè de jwèt papyè bristòl avèk vèsè a, pou w'a divize klas la fè de gwoup. Konpetisyon an ap enteresan anpil pou timoun yo.

Di konsa: Vèsè sa se youn nan sa ki bay plis kè kontan nan Bib la. Sa vle di ke Jezi renmen w' anpil epi si w' mande l' sa li kapab chanje lavi w'. L'ap ede w' epi vin Sovè ou. Menm jan ak Matye nan

istwa nou an, Jezi kapab netwaye w' epi padone peche w' yo.

Pou fini

Pwofite opòtinite sa pou w' envite timoun yo aksepte Jezi kòm Sovè pèsonèl yo. Fè moman sa tounen yon tan espesyal, pou ke timoun piti yo

konprann ke yo se pechè epi Jezi pare pou padone yo, si yo mande l' sa.

Priye avèk yo, epi pandan semèn nan, etabli dyalòg avèk paran sa ki te aksepte Jezi yo epi ak pastè a, pou ke yo kapab selebre “nouvo nesans” timoun primè yo.

Leson 7

Jezi renmen timoun yo

Baz bibliik: Mak 10:13-16

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo aprann ke Jezi renmen tout timoun epi li vle yo genyen yo pou li.

Vèsè pou aprann: *Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèt ki pran plas yo koulye a (2 Korentyen 5:17).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Sa se yon opòtinite ki gen anpil valè pou ou kòm antrenè timoun primè yo. Menm si se yon klas ki gen de oubyen 20 timoun ke w' genyen, ou kapab asire w' de ke yo tout soti nan yon atmosfè ak anbyans ki diferan.

Genyen kèk pami yo ki deja koute istwa Jezi lakay yo, yo te deja wè foto ak penti Mèt la k'ap anbrase timoun yo, gen lòt ki te deja wè fim oubyen videyo kretyen, epi gen yon bon kantite ki te deja aksepte Jezi kòm Sovè pèsonèl yo.

Men gen timoun ki poko janm pase pa eksperyans sa yo.

Pa genyen yon mesaj ki pi senp nan tout Bib la pase sa ki dwe anseye jodi a. Jezi renmen tout timoun yo.

Li renmen yo nan yon fason endividyèl, epi nan fòm inivèsèl. Li renmen yo nan moman lajwa kòm nan moman tristès. Li renmen yo lè yo pran bon oubyen move desizyon yo. Li renmen yo san kondisyon. Yo pa kapab chape anba gwo lanmou li a.

Timoun primè yo gen kè sansib epi kapab konprann konsèp de ke Jezi renmen tout timoun yo. Menm si pou moun sa yo ki eksperimente pwoblèm lakay yo oubyen nan lekòl pral difisil pou konprann lide ke Jezi renmen yo nan yon fason ki endividyèl, nan menm fòm nan li renmen tout timoun yo. Atravè istwa bibliik avèk aktivite jodi yo, w'ap gide klas la nan konsèp sa yo sou lanmou Jezi a pou yo, kòm gwoup ak nan fòm endividyèl. Sa se fason kote ke elèv ou yo pral

gen anvi aksepte epi aksepte lanmou Bondye, epi konprann ke se pou li yo ye.

KÒMANTÈ BIBLIK

“Se pa kounye a!” “Mwen okipe” “èske w' pa wè m'ap pale?”

Sa yo se ekspresyon ke timoun yo koute anpil nan fwa yo nan bouch granmoun yo. Yo se “entèripsyon” k'ap mache. Se ke yo poko genyen jiskaprezan sans tan ni okazyon yo. Yo pale de moman ki pa posib yo epi di pawòl ki pa gen sans.

Anplis de sa, yo genyen “entèlijans” pou fè paran yo wont.

Eseye pou timoun yo sispann entèwonp konvèsasyon granmoun yo te fini avèk enpasyans pawòl disip yo depi 2,000 lane. Atravè istwa a, li te mete timoun yo dèyè foul moun yo epi te di yo pou yo te rete tan san pale. Pratikman nan tout kilti timoun yo okipe dènye plas la.

Nan tan bibliik yo, espesyalman manman yo anpil fwa te konn mande yon mèt ki popilè beni timoun yo, espesyalman lè timoun nan te sou wout pou genyen premye ane li nan lavi. Paran sa yo te kwè ke touch ak benediksyon Jezi a te ede timoun yo. Se pou w' etone. Yo te obsève ke Jezi te geri malad la, fè avèg wè epi fè paralize yo mache.

Ki moun ki konnen ki benediksyon paran sa yo t'ap chèche! Petèt yo te vle gerizon pou timoun yo ki te malad. Petèt yo t'ap chèche yon bagay espesyal pou yo ta simonte sikonstans yo ak maladi ki te konn ap touye jèn yo nan tan sa yo. Oswa petèt benediksyon Jezi a ta garanti yon bon lavi ak byennèt pou timoun ou yo nan tan k'ap vini an.

Malerezman, Jezi pa t'gen tan pou timoun yo. Se sa disip yo te panse, byenke pasaj la pa eksplike li. Petèt yo te panse, “Jezi gen bagay ki pi enpòtan pou l' fè. Li posib pou timoun sa yo pat ‘pwòp’ kòm rityèl yo te konn divilge sa. Gen anpil moun (“granmoun”) ke Jezi dwe pran swen ak ede. Jezi se yon nonm trè okipe ... timoun yo dwe rete tann. “Men disip yo te twonpe. Lè Jezi wè disip yo te rejte timoun yo, li te fache. Nan lang orijinal la, tèm sa a mete aksan sou yon degre kòlè trè fò. Seyè a pat yon politisyen k'ap eseye fè timoun yo favè. Sa a se te Pitit Bondye a ki te fache paske disip li yo te meprize yo.

Menm kote a, Jezi te sispann aksyon disip yo, li rele timoun yo devan foul moun yo. Li pa sèlman ba yo benediksyon li, men li itilize yo kòm objè yon leson enpòtan. Ki sakaje istwa! Kèk minit anvan, timoun sa yo te pouse tounen nan foul moun yo. Kounye a, Jezi itilize yo kòm yon egzanp sou fason “granmoun yo” dwe ye pou yo antre nan Peyi kote Bondye Wa a.

Timoun nan klas ou yo ap souvan fè eksperyans sa kote yo trete yo kòm sitwayen dezyèm klas. Menm si paran yo gen lanmou epi pasyan, lòt granmounm yo pral bliye yo. Kilti nou yo pa diferan pase kilti Jezi a nan jou sa yo, omwens nan pwèn sa a.

Nan fason sa a, timoun yo ap aprann kijan yo enpòtan pou Bondye. Atravè leson sa a, y’ap konnen ke, san gade kijan lòt moun trete yo, Jezi renmen yo chak nan yon fason patikilye.

DEVLOPMAN LESON AN

Byen akeyi elèv ou yo epi asire w’ke sal klas la pwòp anvan yo rive. Anvan ou ale nan sijè jodi a, revize byen brèf de leson pase yo epi mande elèv ou yo bay kèk egzanp sou kijan yo te fidèl ak Bondye pandan semèn sa yo.

Mo ki enpòtan yo

Anvan klas la, prepare mo: “padon”, “disip” ak “Sovè” sou gwo kat avèk.

Sou do a, ekri siyifikasyon yo chak. Apre sa, mete yo nan yon gwo anvlòp.

Padon: se kado Bondye. Lè nou tris paske nou te dezobeyi li, Li retire peche nou yo ak rebelyon nou yo. Padone fè nou santi ke nou byen ak Bondye.

Disip: Yo se moun ki renmen Jezi epi ki obeyi ansèyman l’ yo. Lè Jezi te sou latè, li chwazi 12 moun ki pou swiv li. Li te rele yo disip.

Sovè: yon sovè bay libète ak moun ki bezwen li. Jezi se Sovè nou an.

Li te vin sou tè a pou montre nou lanmou Bondye. Jezi te mouri pou ban nou libète anba peche nou yo.

Mande timoun yo pou yo chita sou fòm yon sèk. Kòmanse pase yon anvlòp ak mo enpòtan yo bay timoun ki sou bò dwat ou a, pandan y’ap mete mizik. Lè mizik la sispann, timoun nan ak anvlòp la pral pran yon kat epi li mo enpòtan an. Si l’ li kote ki gen mo a, ou ka bay endikasyon sou siyifikasyon li yo. Men, si l’ li siyifikasyon an, ou ka bay endikasyon sou pawòl la. Pa egzanp: “PADON”: kòmanse avèk “p” epi fini avèk “n”. Se poutèt sa Jezi te mouri pou nou. Lè yon timoun fini, yo ka bat bravo oswa rele: “Trè byen!”

Nan ka mo “disip”, ou pral gen opòtinite pou w’ revize leson anvan an epi poze plizyè kesyon ki te

prepare davans.

Si lè mizik la sispann timoun nan pa konnen mo sa a oswa siyifikasyon li, kontinye ak mizik la jiskaske anvlòp la tonbe nan men yon lòt ti moun. Pèsonn pa dwe ri oswa fè plezi sou moun ki pa konnen Mo ki enpòtan yo. Jwèt ak repetisyon an ap ede yo aprann.

ISTWA BIBLIK

Timoun yo jwenn yon zanmi

Yon jou, Jezi t’ap anseye anpil moun. Gen kèk ki te pote pitit yo.

Mèt la te pase anpil tan ap anseye pandan li te sou latè. Foul moun yo te konn swiv li. Paran ki t’ap koute yo te vle pou pitit yo te konnen Jezi. Yo te vle l’manyen yo epi chita sou janm li. Paran yo bezwen Jezi pou te priye pou pitit yo.

Moun te konnen ke Seyè a te espesyal. Petèt yo te wè l’geri malad yo epi te vle “touche espesyal” sa pou pitit yo. Men, disip yo pa t’renmen sa. Yo te bay papa ak maman yo move rega.

Yo te di yo: ---Kanpe la, pa fè sa!”

Li posib ke disip yo te panse Jezi te twò okipe pou l’bay timoun yo tan ak atansyon. Petèt yo te panse timoun yo pa t’enpòtan.

Men Jezi te leve tèt li gade disip yo, li tande sa yo t’ap di yo.

Jezi pa t’kontan ak sa disip li yo te fè a. Se poutèt sa li te vin fache anpil e li te di:

“Se pou timoun yo vin jwenn mwen, pa fè yo soti nan prezans mwen!”

Li te vle wè yo. Li te kontan pou yo te vizite li.

Jezi te renmen timoun yo epi jodi a Li renmen nou chak tou an patikilye, menm jan ak tout timoun yo ki nan mond lan tou.

Jezi di yo konsa:

Bondye renmen timoun yo. Peyi kote Bondye Wa a se pou moun ki tankou yon timoun.

Mèt la te konnen ke Bondye te preokipe epi gen enterè pou tout moun, pa sèlman pou granmoun yo. Li renmen tout timoun yo.

Lè sa a, Jezi te gade yon timoun piti, li di granmoun yo konsa:

Ou dwe tankou yon timoun, sinon ou pap kapab antre nan Peyi Wa ki nan syèl la.

Jezi te vle tout moun konprann ke yo bezwen vin jwenn Bondye avèk konfyans ak obeyisans tankou yon timoun fè.

Timoun yo te rive kot Jezi te ye a. Li leve yo mete sou li, li te pale avèk yo, li te beni yo.

Jezi te di yo chak:--Bondye renmen w’. Ou trè espesyal pou Bondye.

Li te ede moun sa yo konprann ke Bondye renmen timoun yo menm jan ak granmoun yo.

Timoun yo espesyal pou Papa a. Jezi vle timoun yo pou disip li tou.

Dramatisasyon

Ou pral bezwen mask, yon sèl moun ki reprezante Jezi, lòt 2 oswa 3 pèsonifye disip yo, epi yon lòt gwoup aji kòm paran yo.

Ankouraje timoun yo patisipe nan dramatisasyon bibliik sa. Yo kapab fè tout bagay ak mim oswa si yo vle yo ka aprann fraz kout yo pou rakonte istwa jodi a.

AKTIVITE YO

Jezi renmen mwen

Bay timoun primè yo sèn Jezi yo avèk timoun yo sou bra l' yo, ki soti nan liv Elèv la (leson 7). Bay yo kreyon pou yo kolore yo. Anplis de sa, koupe kare papye bristòl la yon tijan pi gwo (3 cm. plis sou chak bò) pase sèn yo.

Rekoupe arebò a nan fòm dekoratif. Fè de mak sou tèt la nan kat yo pou ke timoun yo fouye yo. Bay chak timoun branch fil oswa lenn koryas pou pase nan twou ki nan kare yo. Pandan w'ap travay sou aktivite sa a, revize leson an. Mande timoun yo nan ki fason yo santi ke Jezi renmen yo (ba yo delivrans, bay lasante epi bay paran yo travay, ba yo lasante, bay manje chak jou, ba yo nouvo zanmi, yon kay kote pou yo viv, pèmèt yo etidye). Di timoun yo ke yo kapab bay yon zanmi yo youn nan sèn yo epi di yo ke Jezi renmen li.

Memorizasyon

“Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a (2 Korentyen 5:17).”

Repete vèsè pou aprann nan plizyè fwa ansanm avèk klas la. Ou kapab itilize aktivite memorizasyon sa nan kat leson inite a (leson 5 a 8). Anvan klas la, ekri vèsè pou aprann nan nan yon papye bristòl oubyen tablo a pasyèlman. Pa egzanp: “Si _____ ap viv nan _____ la, li vin yon

_____. Bagay _____ yo _____, se lòt _____ ki pran plas yo koulye a (2 Korentyen 5:17). Kite espas vid yo pou timoun yo ranpli avèk mo ki koresponn yo, yo menm ki gen pou ekri nan moso papye bristòl epi sere nan plizyè kote nan sal klas la. Timoun yo dwe chèche mo yo, kouri sou tablo a epi plase yo nan plas ki kòrèk yo, jiskaske yo konplete vèsè pou aprann nan. (Sa a yo se moman k'ap gen anpil bri, avèti lòt antrenè ki nan klas tou pre yo). Ou kapab fè de jwèt papye bristòl avèk vèsè a, pou w'ka divize klas la fè de gwoup. Konpetisyon an ap enteresan anpil pou timoun yo.

Di konsa: Vèsè sa se youn nan sa ki bay plis kè kontan nan Bib la. Sa vle di ke Jezi renmen w' anpil epi si w' mande l' sa li kapab chanje lavi w'. L'ap ede w' epi kapab vin Sovè ou. Jezi kapab netwaye w' epi padone peche w' yo.

Di: “Vèsè sa a se youn nan pi bèl nan Bib la. Sa vle di ke Jezi renmen ou anpil e ke si ou mande l' li ka chanje lavi ou. Li ede ou e li kapab Sovè ou. Jezi ka netwaye ou e padone peche ou.”

Pou fini

Diskite avèk timoun yo lefèt ke Jezi renmen tout timoun yo, se pa sèlman moun ki tande l' pale sou li souvan, oswa moun ki vini legliz la chak semèn, oswa moun ki memorize vèsè bibliik la. Mande yo si yo konnen lòt timoun ke pèsonn moun pa renmen nan lekòl la oswa nan katye a.

Atansyon: Pa kite yo di non timoun yo pa renmen an.

Objektif kesyon an se pou ke timoun nan klas ou yo priye pou sa ki pi malere yo, swa paske yo diferan, pa gen okenn lajan, oswa aji sibatman. Mande timoun yo pou yo priye an silans. Lè sa a, priye pou timoun “difisil” sa yo (san yo pa repete non), Apre sa, fè l' pou klas yo, pou ke elèv ou yo kapab renmen timoun ki pa gen renmen yo. Voye timoun yo ale ak yon akolad epi di yo ke Jezi renmen yo epi ou menm tou.

Pa bliye remèt atizana jodi yo.



Nòt mwen yo:

Jezi padone Pyè

Baz biblik: Mak 14:66-72; Jan 21:1-19

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke, menm jan Jezi te padone Pyè lè li te nye l' la, i kapab padone peche yo tou.

Vèsè pou aprann: *Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a (2 Korentyan 5:17).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pè echèk la antre depi nan yon laj byen bonè. Mond lan ap rele byen fò ke se pou triyonf nou yo nou va jije. Sa pa sèlman pase nan travay la, oubyen avèk granmoun yo, men tou sa konn pase nan klas primè a, nan lakou a avèk salon jwèt la, oubyen nan salamanje lekòl la. Timoun primè yo vin abitye avèk siksè ak echèk. Malerezman, yo abitye ak kwayans popilè ki di: "Si m' pa reyalize l' nan premye esèy la, m'ap bay vag".

Leson jodi a montre elèv yo verite ke Jezi pa konsantre sou erè nou yo, men pito li pare pou padone nou si fè peche. Pyè te nye Jezi. Sa se te peche. Se konsa, timoun yo pral dekouvri jodi a ke Jezi te padone Pyè lè li te vin repanti l'. Si nou peche, Jezi padone nou. Nou sèlman dwe ale devan li ak yon vrè repantans (doulè) dèske nou te fè l'. Pyè te fè l' konsa, epi li te vin tounen apot epi lidè legliz primitiv la.

Elèv ou yo dwe santi yo ankouraje pa mwayen leson sa lè yo tande istwa lafwa Pyè a. Yo dwe santi yo ankouraje lè yo vin konnen ke si yo fè erè oubyen peche, Jezi ap padone yo. Yo dwe santi yo kontan lè yo vin konnen ke Bondye transfòme yo epi travay atravè yo menm pou pote Sali a bay lòt fanmi ak zanmi yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Mak 14:66-72 ak Jan 21:1-19

Èske ou sonje yon okazyon lè ou te twonpe Jezi? Èske ou sonje lè ou "nye" Seyè a nan yon fason oswa yon lòt? Pou kèk nan nou, echèk nou yo pat tèlman grav menm jan ak pa Pyè a. Nou pa nye Jezi piblikman nan yon mache menm jan sa te rive apot la. Men wi, nou rekonèt fot nou yo trè byen. Epi Jezi tou.

Li fasil pou nou familiarize nou avèk Pyè. Malgre kout gonfle lestomak li, Pyè te tonbe nan dife a.

Yon ti tan anvan li te pwomèt pou l' goumen pou Jezi. Men sa te pran l' pa sipriz lè l' te wè moun

ki fache, avèk baton epi nepe, te arete Mèt li a, epi li te tonbe nan panik la.

Li trè fasil pou pran pozisyon an favè Seyè a nan mitan sèvis Dimanch lan. Nan sitiasyon sa a li pap difisil pou atache avèk Jezi. Nou kontan lè nou chante, priye e menm leve men nou yo.

!La a pa gen pwoblèm!

Sa ki difisil la se viv lavi nan mond reyèl la, nan lari a. Sa vin difisil lè li pa popilè pou w kreyen. Li pa fasil pou nou kenbe fèm ak Jezi lè lòt ap fawouche oubyen menase nou.

Si w' te ofanse Jezi, ou konnen kijan sa fè mal. Ou ofanse moun ki pi enpòtan nan lavi w' la. Ou te fè yon pwomès epi ou vyole l' ankò.

Gwo angajman w' lan tonbe anba presyon yo. Epi mande: "Kòman Jezi kapab konfyè nan mwen yon lòt fwa ankò?"

Menm konsa, li kontinye mete konfyans li nan nou. L'ap tan nou nan plaj la epi li prepare dejene pou nou. Li pa fè sa pou l' ka ban nou baton apre sa pou move konpòtman nou yo non. Li fè sa paske li renmen nou epi deside pase tan ansanm avèk nou.

Epi se la a kesyon Jezi a vini:

"Èske w' renmen m'?"

Epi nou reflechi... "Mwen te deja konnen sa! Li te toujou sonje sa jiskaprezan! Li fache oubyen ofanse!"

Men, se pa konsa. Nan kesyon an gen yon opòtinite pou di, "Wi, mwen toujou renmen ou". San kesyon an nou pa gen okenn fason pou nou reponn. Si li pa konsilte nou, nou pa ka kite l' konnen, nan kè nou, ke nou kontinye renmen l'. Kesyon an bay nou opòtinite pou eksprime sa nou vle di dezespereman. "Mwen te fè erè, men mwen toujou renmen ou". Nan yon kòmansman nou kapab panse ke li ta pi bon si Jezi te di li: "Mwen renmen w". Men fraz sa pat nesèsè. Lefèt ke Jezi te renmen Pyè epi li renmen nou, sa fasil pou konprann.

Prè lanmou sou anpil fòm, sa se san mansyone chemen li vè lakwa. Jezi pat janm twonpe nou, ni li pap fè sa. Lanmou li pou nou pap janm gen dout.

Jezi te renmen nonm ki gen lèp la ase pou l' manyen ak geri l'.

Jezi te renmen yon pechè tankou Levi ase pou rele l' pou l' te vin youn nan disip li yo.

Jezi te renmen timoun yo ase pou l' te ba yo tan li epi itilize yo kòm sant yon egzant sou fason nou dwe ye si nou vle antre nan Peyi kote li se Wa a.

Jezi renmen w' avèk mwen ase tankou pou touche nou epi chèche nou nan kondisyon peche a. Li tèlman renmen nou li atire nou vè li menm. Li te renmen nou ase pou l' te mouri sou kwa a. Li kontinye renmen nou menm si nou twonpe tèt nou.

Epi kounye a, li prepare dejene pou nou epi

envite vin chita manje avèk li. Yon sèl kesyon k'ap poze: “èske w' renmen li?”

DEVLOPMAN LESON AN

Byen akeyi elèv ou yo epi asire w' ke sal klas la pwòp anvan yo rive. Anvan ou ale nan sijè jodi a, revize byen brèf twa leson pase yo epi mande elèv ou yo bay kèk egzanp sou kijan yo te fidèl ak Bondye pandan mwa sa k'ap fini an.

Li aktivite “Piramid mo yo” ankò ki nan leson 5, 6 ak 7 pou pratike vèsè biblik la. Nan moman kote timoun yo antre nan klas la, yo kapab genyen kat yo, blòk sou tab la pou egzès ak repete vèsè a. Deja pou jodi a, tout timoun yo ta dwe konnen vèsè a de memwa.

Mande pou tout volontè ki te deja aprann li yo pase devane epi di l' pou tout klas la, pandan y'ap plase blòk piramid la nan plas ki koresponn nan.

Mo enpòtan yo

Kòm sa se dènye leson nan inite a, fè jwèt anvlòp avèk mo enpòtan yo. Timoun yo dwe konnen mo yo avèk siyifikasyon yo: padon, disip ak Sovè.

ISTWA BIBLIK

Pyè jwenn padon

Jou lannwit sa a te trankil epi fènwa. Pyè pat janm tris nan lavi li menm jan li te tris nan moman sa a. Kèk èdtan de sòlda yo te rive e yo te pran Mèt la. Pyè te konnen mesye sa yo te vle fè Jezi mal. Disip sa a te konfonn e li te fache. Pandan ke li te kanpe nan lakou palè kote yo te pran Jezi a, Pyè t'ap chofe men l' nan dife a. Li t'ap tranble ak fredli!

Li te bò kote Jezi nan sitiasyon emosyonan yo lè li t'ap anseye sou lanmou Bondye pou pèp li a.

Li te aprann anpil bagay de li epi li te renmen l'. Men, sware sa a, Pyè te pè.

Pyè te rete l'ap reflechi: “Yo arete Jezi”. “Kisa mwen kapab fè?” Pyè te sezi lè li te wè yon moun t'al kote l' te ye a. Malgre te genyen anpil moun la, li pat vle pou pèsòn te anmègde li.

Yon fanm di l' konsa: --Ou te ansanm avèk Jezi nonm Nazarèt la!

Pyè te reponn li: --Mwen pa konn sa w'ap di a, ni de kimoun w'ap pale la!

Li te deplase epi ale nan yon lakou ki toupre a. Li te vle rete poukont li.

Anpil tan pat pase lè fanm nan te pwoche bò kote Pyè yon lòt fwa ankò. Men fwa sa a li pat pale avèk Pyè, men pito se avèk tout moun ki t'ap pase bò la a ak moun ki renmen konnen yo ki te kanpe ap gade yo.

--Li t'ap rele byen fò epi lonje dwèt sou Pyè: --Sa a se youn nan yo!

Men fwa sa a, li te retounen nye l' ankò.

--Non, Non!

Yon gwoup moun kouri vini kot Pyè te ye a. Li te pè tankou sourit.

Plizyè lòt moun te la ap pousèd dife:

--Vrèman vre ou se youn nan yo, paske ou se galileyen epi fason w' pale sanble avèk li.

Men li te fache anpil epi kòmanse bay madichon ak sèmante:

--Mwen pa konnen nonm sa!

Menm kote a, yon gwo bri te fèt nan lè a. Se te chan kòk nan vwazinay la.

Li pat sèlman chante yon fwa, men se te pito de fwa. Pyè te vin pi frèt... ap koute. Li pat kapab kwè l'! Se nan moman sa li te sonje pawòl Jezi yo ke li te tèlman renmen. “Depi anvan kòk la chante de fwa, w'ap gentan nye mwen twa fwa!”

Sa te twòp pou Pyè. Se pou premye fwa li te santi l' tèlman mal alèz. Jezi te gen rezon. Pyè te nye li epi se pat sèlman sa, li te bay manti lè li te di ke li pat konnen l'. Li te nye l' twa fwa! Apot la te tonbe atè pou l' te pete rèl ak dezolasyon.

Aprè kèk jou aprè krisifikasyon Jezi a, li te mouri epi resisite, Pyè te ansanm ak zanmi l' yo, eseye peche nan lanmè Galile.

Mesye yo te fatige, yo te eseye pandan tout nwit la, men yo pat pran menm yon sèl pwason. Yo tout te santi yo byen mal, yo te dekouraje epi tris.

Solèy nan maten an te byen klere epi jou a te bèl anpil. Limyè a pat kite yo wè avèk klète a. Men genyen youn nan yo ki t'ap obsève nan plaj la kòm si li t'ap kontwòle yo. Se te Jezi, men pechè pwason yo pat rekonèt li. Konsa li te mande yo:

--èske nou gen yon bagay pou moun manje la? Yo te reponn:--Non.

Li di yo konsa:---Voye trivye a sou bò dwat kannòt la epi, n'ap jwenn.

Pèsòn pat kapab kwè li! Mesye yo te fwote je yo epi panse pou konnen kimoun sa ki t'ap rele yo byen fò nan plaj la.

Youn nan yo te di Pyè konsa:

--Se Seyè a!

Menm kote a, disip la te foure yon rad sou li lage kò l' nan dlo. Lòt yo te vini bò lanmè a avèk kannòt pandan yo te trennen li plen ak pwason. Pyè pat kapab sipòte ankò, li te tèlman sezi li te naje ale sou rivaj la.

Lè yo tout te fin rive atè, yo te note ke te genyen yon ti dife, yon pwason ki t'ap boukannen epi te genyen pen tou. Se konsa ke Jezi te di yo pou yo te pote plis pwason, nan sa yo te pran yo.

Pyè te kouri al pran trivye lou a pote vini. Pwason yo te gwo anpil, bèl.

Te genyen 153 epi trivye a te dechire.

Jezi te envite yo manje. Ala bèl sa bèl! Mesye fatigue ak grangou sa yo te genyen yon dejene pare! Men sa ki te pi bèl la se moun ki te prepare l' pou yo a.

Aprè yo te fin manje epi rasazyè, Jezi te kòmanse pale avèk yo. Li te vire gade Pyè epi li te di l' konsa:

--Simon, èske w' renmen mwen plis pase sa yo?

Li te reponn:--Wi, Seyè; ou kounnen ke mwen renmen w'.

Jezi te mande Pyè si l' te renmen l' nan de okazyon.

Pyè te reponn pou tou de:--Wi.

Jezi te padone Pyè pou sa l' te fè a.

Pandan yo t'ap pale nan plaj la, Jezi te di li kèk bagay enpòtan ke li te dwe fè. Li te mande l' pou l' te bay mouton li yo manje, pou l' te pran swen yo epi yon lòt fwa ankò pou l' te bay yo manje.

Jezi pat di Pyè pou l' te pran swen vrè mouton yo, men pito pou l' te pran swen moun yo, epi pou l' te pale avèk yo sou lanmou Kris la. Dènye bagay ke Mèt la te di Pyè se te yon sèl bagay, petèt se pawòl ki pi enpòtan nan tout linivè a:

--Swiv mwen!

Pyè te swiv Jezi jiskalanmò. Men anvan sa, li te youn nan pi gwo predikatè legliz primitiv la.

AKTIVITE YO

Peche padon an

W'ap bezwen: sizo, lakòl ak kreyon.

Remèt timoun yo fèy aktivite leson 8 la ki nan liv Elèv la. Eksplike yo enstriksyon yo. Poze kesyon: Kòman Pyè te trayi Jezi? (Li te nye li). Kisa Jezi te fè pou Pyè? (Li te padone l'). Kòman Pyè te chanje? (Pyè te rive vin yon gran predikatè nan legliz primitiv). Kòman lavi w' chanje dèske

Jezi padone w'? (Kite timoun yo reponn).

Tèks dous yo

W'ap bezwen: paj aktivite yo ki nan liv Elèv la nan leson 8, sizo, fèy papyè bristol ki pi gwo pase boutèy dous yo, ak koulè. W' ap jwenn vèsè pou aprann nan nan divès pati nan liv Elèv la pou chak inite, sou fòm sirèt oubyen dous avèk vèsè yo ekri nan yo chak. Lè timoun nan fin aprann vèsè bibliik la de memwa, pèmèt li koupe dous inite sa epi kole li andedan oubyen arebò boutèy la. Lè ane a fini, y'ap kapab pote boutèy la avèk dous la lakay yo. Nan fason sa a y'ap kapab repete vèsè yo aprann yo devan fanmi yo.

Memorizasyon

Yo deja rive nan fen inite 2 a, ou kapab fè yon konpetisyon. Divize klas la fè de gwoup. Mande pou 2 oubyen 3 timoun ke yo menm yo chwazi (oubyen pa ou menm) nan chak gwoup yo, yo dwe resite tèks la. Gwoup ki resite l' san li pa twonpe a ap resevwa yon bravo espesyal, oubyen ap soti nan sal la an premye, elatriye. Itilize pwòp entelijans ou pou w' rekonpanse timoun yo. Petèt ou vle angase yo avèk bonbon, oubyen yon moso fwi.

Pou fini

Mande timoun yo pou yo konplete fèy liv Elèv la: Yon kado Bondye, epi pou yo siyen lèt y'ap voye bay Bondye a. Fè yon priyè pou sa ki akseptè Jezi pandan dezyèm inite sa.

Pèmèt yo rakonte sa yo santi kounye a ke Jezi ap viv nan kè yo epi padone peche yo a.

Ankouraje yo retounen lakay yo epi rakonte zanmi ak fanmi yo eksperyans ke yo fè avèk Seyè a.

 **Nòt mwen yo:**

Ane 3

Entwodiksyon - Inite III MIRAK AK MINISTÈ JEZI YO

Baz biblik: Mak 1:21-28; 4:35-41; Lik 7:1-17; 9:1-6; 10:1-20.

Tèks inite a: *Yo tande yon vwa soti nan nwaj la, li di: Sa se pitit mwèn renmen anpil la. Li fè kè m' kon-tan anpil. Koute li (Matye 17:5).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✗ Dekrive gran pouvwa Jezi a.
- ✗ Etone epi toujou sonje mirak ke li te gen kapasite pou l' te fè yo.
- ✗ Sèten ke Jezi itilize pouvwa sa a pou l' libere nou nan sitiasyon difisil yo.

Leson inite a

Leson 9: Jezi, pi bon antrenè a

Leson 10: Jezi, pi bon doktè a

Leson 11: Jezi, sa ki gen plis pouvwa a

Leson 12: Jezi, pi bon lidè a

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Timoun primè yo ap travèse yon etap nan laj yo kote ke kapasite pou yo etone a byen wo epi kiryozi a pouse yo dekouvri bagay ki nouvo yo.

Fasèt sa fè ke aksyon ekstraòdinè Jezi yo rete grave nan yo nan yon fason ki trè espesyal.

Poutèt sa, lè nou wè Jezi ki sanble yon nonm senp, li te bloke vag lanmè yo avèk otorite vwa li, geri pitit sòlda women an konplètman ki te prèske mouri epi li te reyalize plizyè aksyon ki pwòp avèk èt sinatirèl li, ou pral fè elèv ou yo sezi. Epi l'ap difisil pou yo bliye pouvwa Bondye.

Li bon pou w' fè yo remake ke Jezi pat sèlman fè mirak pou l' te distrè moun yo, men pito atire yo sou li menm epi chanje lavi yo.

Jezi, pi gwo antrenè a

Baz biblik: Mak 1:21-28

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke Jezi te aji ak anseye nan yon fason ki mèveye, pou ke yo te kapab kwè epi genyen lafwa nan li.

Vèsè pou aprann: *Yo tande yon vwa soti nan nwa la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil. Koute li (Matye 17:5).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Kilti jodi a yo se kilti ki vizyèl epi rich ak imaj. Sa fè mwen sonje yon sèvis pak ke mwen te asiste. Pandan kè a t'ap chante, imaj Jezi yo k'ap soufri sou kwa a te vini nan lespri mwen, ap ajoute dimansyon sou mizik la.

Kòm timoun yo grandi ak ankourajman vizyèl yo, li trè difisil pou nou kominike avèk yo lè nou pa genyen resous sa yo. Anplis de sa, timoun ki nan klas ou yo pat bezwen la lè Jezi t'ap anseye nan sinagòg la. Li difisil pou nou konprann admirasyon moun yo te santi lè yo te konn chita tande Jezi. Sa te dwe enkwayab pou wè mirak ak gerizon ki te konn pwodwi pandan ministè li.

Leson sa yo ap bay timoun yo opòtinite pou yo eksperimante yon bagay nan admirasyon sa. Itilize aktivite yo pou w' kapte atansyon epi ankouraje imajinasyon pou yon pi bon konpreyansyon istwa yo. Pandan sesyon sa a, kondwi yo nan epòk lè moun yo te konn ak tande ansèyman Jezi yo. Ede yo konprann rezon ki fè ke Mèt la te tèlman diferan de lòt yo. Otorite li te soti nan Bondye, paske li te Pitit Bondye a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Mak 1:21-28. Lè w' te timoun piti, èske antrenè w' la te konn anseye w' avèk imaj epi objè? Madmwazèl mwen an te konn fè li. Atravè ane yo, mwen te wè istwa biblik yo ilistre avèk imaj, desen nan tablo, epi tou avèk maryonèt yo. Yo mete an fas mwen yon bann objè ki fèt ak papye journal pou gide mwen pandan dewoulman leson an.

Youn nan leson ke mwen plis sonje se lè papa m' te eksplike m' levanjil la atravè yon eksperyans chimik. Li te genyen yon vè avèk yon likid klè, li te ajoute lòt likid bwen ladan l', pandan li t'ap pale nou de kòman peche a te tache lavi nou. Dezyèm likid la te twouble premye a jiskaske li te rann li prèske

nwa. Apre sa, lè l' pale de Jezi ki te pèmèt san li koule sou kwa a pou peche nou yo, papa m' te ajoute yon lòt likid wouj nan vè twoub la. Majikman, likid la te vin tounen klè ankò. Se te enpresyonan!

Wè transfòmasyon an te yon ekspresyon enpòtan pou mwen. Sonje ke “wè” a se yon pati nan aprantisaj nou, toudepann de kòman enfòmasyon an rive sou nou. Pèmèt ke mwen eksplike li.

Lè nou aprann, kòman nou resevwa enfòmasyon?

Pafwa li rive jwenn nou atravè touch: manyen yon objè, touche tout kò li. Kèk lòt fwa nou aprann pandan n'ap koute: lè yon moun rakonte nou yon istwa.

Nou enstwi tèt nou nan fè lekti tou (nou fè pi fò nan aprantisaj biblik nou an semèn sa). Epi w' ap poze kesyon tankou, kòman “nou fè wè” nan fason sa? Lè nou aprann pa mwayen touche, dwèt nou yo transmèt sansasyon bay yon seri de kat jeyografik ki nan sèvo nou.

Lè nou li kèk istwa, nou wè sèn nan lepri nou. Pita, lè yon moun fè nou sonje istwa sa, menm kote a byen vit imaj yo retounen.

Lè nou li, tradwi mo yo an imaj ki reprezante pawòl yo. Pa egzanp, si nou di “fouchèt” menm kote a n'ap trase nan lespri nou imaj yon metal, plastik oubyen bwa, avèk yon manch epi twa oubyen kat dan. Nou fè sa plis pase san fwa, chak fwa ke nou li yon paj, san nou pa menm konnen sa n'ap reyalize. Se poutan, tout bagay la se “wè”, menm si se avèk dwèt nou yo, avèk je nou yo, avèk respirasyon oubyen avèk imaj metal yo.

Nan Mak 1:21-28 pèp la te “wè” ansèyman Jezi yo. Menm si Jezi te itilize pawòl yo, moun yo te kapab “wè” ke bagay yo t'ap chanje. Otorite li te prezan ladan yo fizikman. Pouvwa satan te detwi devan pwòp je yo. Yon bagay nouvo, ekstraòdinè t'ap pase. Ansèyman Jezi yo te genyen otorite pouvwa Bondye a.

Lòt aspè ki enpòtan ankò nan “wè” a se konprann. Atravè pawòl Jezi yo ak gerizon nonm ki te gen move lespri a, foul moun yo te “wè” (sa vle di ke yo te konprann) ke Jezi se: Pitit Bondye a.

Nan responsablite w' kòm antrenè timoun yo, kòman ou anseye? Èske w' depann de fòs lachè, entelijans pou w' kreye natirèlman epi de kèk nan talan ke Bondye te ba ou yo; oubyen ou santi otorite Bondye dèyè verite ke w' ap anseye timoun ou yo?

Men m' si w' bay yo objè pou yo manyen, ou rakonte yo yon istwa oubyen ou bay yo yon lekti biblik pou yo fè, timoun yo ap aprann pibyen lè yo wè reflè Jezi nan ou.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa a depi davans epi pare sal klas ou a anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo epi pran kowòdone yo pou w' kapab kontakte yo pandan semèn nan.

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w' kapte atansyon timoun primè yo nan tèms etid la.

Kòman nou koute?

Poze kesyon: Kisa ki pase pafwa lè nou dwe koute avèk atansyon? Èske nou kapab tandè sa lòt moun nan di si gen anpil bri?

Kite timoun yo reponn.

Di konsa: Nou pral fè eksperyans sa, mwen pral li yon bagay pou nou. Pandan m'ap li a, nou kapab bouche zòrèy nou, bat men yo, frape pye epi pale avèk moun ki bò kote nou an. Pran plezi nou! Men nou dwe fè silans lè mwen endike epi leve men m' (montre timoun yo lè w' leve men w' nan). Trè byen, kòmanse!

Li Matye 15:5 pandan timoun yo ap fè bri.

Lè w' fin li, leve men w' epi mande:

Kimoun ki te tandè sa m' te li a? (li posib pou pa genyen menm yon sèl). Kounye a koute avèk atansyon lè m'ap li.

Retounen li tèks la. Mande: Kimoun ki kapab di mwen sa m' sot li fwa sa a?

Eksplike ke sa se vèsè pou yo aprann pandan mwa a.

Di yo konsa: Vèsè sa di ke Bondye vle pou nou mete tan apa pou nou koute ansèyman Jezi yo. Kòman nou kapab fè li? (Nan vini legliz, asiste lekòl dominikal, nan yon klas pandan semèn nan, nan li Labib, koute mesaj pastè a, koute vwa kè nou k'ap fè nou sonje sa ke Jezi vle pou nou menm ak sa li vle pou nou fè). "Istwa nou an pale de tan kote kèk moun te pwoche pou koute Jezi".

Mo enpòtan yo

Ekri mo tankou: "Pitit Bondye" ak "mirak" nan kat ki mezire 10 cm.x 10 cm. Nan lòt bò a, siyifikasyon an.

Pitit Bondye: Se yon non espesyal pou Jezi.

Lè nou konnen Jezi, nou konnen kimoun ak kòman Bondye ye.

Mirak: se yon evènman enkwayab ki montre pouvwa Bondye. Li pa kapab eksplike nan okenn lòt fason.

Mete kat yo nan yon sak epi, apre w' fin repase siyifikasyon mo yo plizyè fwa, mande pou kèk nan volontè yo fougè men pran yon kat epi di siyifikasyon mo sa. Sonje ke jwèt la ap ede timoun yo aprann. Repete aktivite sa nan chak leson inite

a. Si w' vle, ou mèt ajoute lòt mo nan chak leson.

ISTWA BIBLIK

Sipriz nan sinagòg la!

Li Mak 1:21-28 depi davans.

Jezi di konsa:---Men nou la!

Apre sa, Jezi ale ak disip li yo nan yon lavil yo rele Kapènawòm. Jou repo a, Jezi antre nan sinagòg la; li kòmanse moutre moun yo anpil bagay osijè de Bondye.

Moun nan sinagòg yo te konn abitye tandè vwa direktè lalwa yo. Chak semèn, direktè lalwa yo te konn vin esplike yo Pawòl la.

---Men lè Jezi te koumanse pale, menm kote a tout moun te gentan mete tout atansyon yo. Yo te sezi tandè sa l' t'ap moutre yo. Se pa t' menm jan avèk direktè lalwa yo, paske li te pale ak yo tankou yon moun ki otorize, ---se sa yon kanmarad te di zanmi l' lan.

Lòt la te reponn:---Mwen déjà konn sa. ---ou kapab rann ou kont ke li konnen sa l'ap pale a byen.

Yon moun te di anplis: ---mwen dakò wi, li fè w' santi ke li vrèman konnen Bondye.

Nan moman sa te genyen yon sèl eskandal ki te eklate nan sinagòg la. Tout moun te pete koken! (Si w' genyen yon fèy ki genyen imaj Jezi avèk yon foul moun, se moman pou w' retire li pou w' montre li).

---Kisa sa te ye?

Gade nonm sa a ki genyen yon move lespri sou li k'ap donte l'!

Jezi t'al kote nonm ki t'ap rele san pran souf la.

Move lespri ki domine nonm nan te di byen fache: --ey Jezi, moun Nazarèt, kisa nou gen avè ou? Ou vin isit la pou detwi nou? Nou konnen byen pwòp ki moun ou ye. Ou se moun Bondye chwazi a.

Jezi pale byen fò ak move lespri ki te sou nonm lan, li di li: --Pe la! Soti sou nonm sa a.

Move lespri a souke nonm lan byen souke, li bay yon gwo rèl, epi li soti, li ale.

Tout moun yo te sitèlman sezi, youn t'ap mande lòt:

---Sa sa ye la a menm! Sa se yon lòt bagay l'ap moutre nou la a. Menm move lespri yo, li pase yo lòd ak otorite, yo obeyi li.

Gen kèk ki te di: ---Se yon nouvo ansèyman!

Gen lòt moun ki t'ap kòmanse:---Avèk ki otorite! Li pase move lespri yo lòd epi yo obeyi li!

Jezi avèk zanmi l' yo te kite sinagòg la. Men moun yo pat bliye li. Moun yo te rakonte zanmi yo sa ki te pase nan jou a. Nouvèl yo te gaye nan tout peyi a.

Revize istwa biblik la

Pou aktivite revizyon sa a, remèt fèy liv Elèv la: Kimoun ki te di li? Gide timoun yo pou yo rekoupe, kole ak monte woul revizyon an. Ou kapab bay yo

kèk minit pou yo fòme plizyè ekip ki gen de moun epi jwe, pandan ke w'ap poze kesyon sou istwa ki parèt nan woul la. Timoun yo dwe rekoupe kimoun ki te di sa ki site a nan twa vèsè biblik yo.

AKTIVITE YO

Makè pou Bib ou

Depi anvan klas la kòmanse, ekri nan ti moso papye ki mezire 2 cm. x 15 cm. tèks la pou memorize Matye 17:5.

Anplis de sa, koupe an papye bristòl oubyen ti moso katon ki pa twò gwo ak mezi de 4 cm. x 17 cm.

Nan klas la, remèt chak timoun ti moso papye avèk tèks biblik ak katon yo. Endike timoun yo pou yo kole vèsè a nan katon an. Distribye ti imaj yo oubyen etikèt pou ke timoun primè yo fleri makè yo. Nan pati dèyè a yo kapab mete non yo.

Di konsa: Jezi te yon antrenè espesyal. Anseyman ak mirak li yo te demontre ke se Pitit Bondye li te ye. Ajoute: Se pou yo plase makè yo nan Bib yo, nan istwa jodi a. Lè yo rive lakay yo, yo kapab li l' avèk fanmi ak zanmi yo.

Memorizasyon

yo: "Kimoun ki te di l'?"

Leson 10

Jezi, pi bon doktè a

Baz biblik: Lik 7:1-17

Objektif leson an: Se pou timoun yo konprann ke Jezi, yo te Pitit Bondye a, ka geri maladi ak leve vivan nan lanmò; e menm Jezi jodi a ka ede yo lè yo bezwen.

Vèsè pou aprann: *Yo tande yon vwa soti nan nwaj la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil. Koute li (Matye 17:5).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pou anpil nan timoun yo, lide ke yon moun kapab jwenn gerizon an egziste nòmalman nan istwa Bib yo. Sèlman si timoun yo te deja eksperimante mirak gerizon kèk manm nan fanmi yo, petèt yo pa kapab asosye fòm pwisans Bondye sa avèk lavi yo chak jou.

Leson sa a ap bay yon bèl opòtinite pou ke yon moun ke w' konnen oubyen ou menm temwaye sou gerizon. Temwayaj la, nan konbinezon avèk istwa biblik la, pral ede pouwva Jezi a vin reyalite

Kimoun ki genyen?

Pou inite sa, ekri vèsè pou aprann nan nan plizyè moso papye bristòl nan fòm nyaj oubyen lòt fòm ki nan gou w'.

Plase yon mo tèks Matye 17:5 lan nan yo chak. Melanje yo sou yon tab, avèk mo yo sou anba.

Aprè tèks la fin repete plizyè fwa, ankouraje timoun yo plase vèsè biblik la nan lòd.

Pou aktivite memorizasyon sa, ou kapab divize timoun yo an de oubyen twa ti gwoup. Si se konsa, ou dwe prepare de oubyen twa jwèt vèsè biblik yo. Reyalize yon konpetisyon. Ekip ki aprann tèks la epi plase li nan lòd kòrèk, li kapab resevwa yon ti prim, tankou kreyon, etikèt oubyen etanp. Ou kapab repete aktivite sa chak dimanch pandan w'ap anseye inite sa.

Pou fini

Mande timoun yo pou yo fè silans. Prepare yon sesyon de 3 oubyen 4 kesyon sou leson ak istwa biblik la. Lè revizyon an fini, mande pou yon timoun priye pou ke yo kapab sonje leson nan pandan semèn nan. Priye pou w' voye yo ale. Mande yo pou yo rakonte istwa biblik la pou paran, frè, sè ak zanmi yo. Se pou sa woul la ap itil

nan lavi timoun yo. Anplis de sa, l'ap kreye yon pon ant istwa biblik yo ak verite pawòl Bondye a kòm yon reyalite nan mond jodi a.

Mande Bondye pou l' ede w' ministre timoun ki nan klas ou yo. Anmezi ke w' pale sou pouwva Jezi a, ou dwe konnen ke genyen kèk pami yo ki genyen gwo nesosite. Gen plizyè k'ap gen maladi ke Bondye pa geri.

Gen anpil lòt ki genyen paran oubyen zanmi ki malad.

Itilize leson sa a pou w' anseye enpòtans lapriyè a nan chak sikonstans. Fè elèv ou yo sonje ke Bondye toujou tande nou lè nou priye. Lè fini tou, Bondye preokipe li pou fredy ak grafonyen yo menm fason ke li preokipe pou lòt sitiyasyon ki pi serye yo tou. Ankouraje klas la priye epi mande Bondye lè yo gen maladi ak soufrans nan fanmi yo.

Di yo ke volonte Bondye pa toujou fòk nou geri, men wi se volonte Bondye pou nou priye epi aksepte li avèk konfyans de ke li konnen sa ki pi bon pou nou.

KÒMANTÈ BIBLIK

Chak istwa genyen "pwen segondè a": li. Nan yon blag "pwen segondè a": rive sanzatann epi se poutèt sa li komik. Nan istwa a, menm sa a kapab genyen plis pase yon liy. Men menm konsa, li fonksyone menm fason an. Objektif la se fini avèk

istwa nan yon fason ki espektakilè.

“Pwen segondè a”: se ka ki pral fè nou sonje istwa patikilye sa.

Istwa Lik 7 la genyen “pwen segondè a”: sa yo: “Bondye te vizite pèp li a”(v.16). Sèlman fraz sa ase pou ankouraje nou, malgre tout soufrans ke mond malad sa ap fè nou travèse. E menm gen pi plis nan pasaj sa! Nou genyen de demonstrasyon mèveye sou kòman Bondye te ede pèp li a atravè Jezi.

Premye istwa a se sou yon nonm ki te panse ke li te kapab fè tout bagay poukont li nan prèske tout etap nan lavi li. Kòm lidè militè, li te genyen yon bon kantite sòlda ki te konn egzekite lòd li yo. Men li te rekonèt ke te genyen yon nivo ki te rive pi lwen pase pouvw pa l’ la: li pat genyen kapasite pou l’ te geri sèvitè l’ la ki te malad atik de mò. Li te fè sa li te kapab: li te voye kèk zanmi jwif li ki te nan gwo ran pou al mande Jezi sekou.

Dezyèm istwa a montre nou lòt moun ki pat genyen anpil resous. Li te vèv epi t’ap kriye pou lanmò sèl pitit li a. Non sèlman li te pèdi sipò mari li, li menm ki te nesesè pou l’ te genyen valè nan sosyete a, men tou, li te sou wout pou l’ te antere sèl mwayen ki ta chèche manje ba li a.

Jezi te reyaji fas avèk de moun sa yo. Li te “sezi” (v.9) pou lafwa kaptenn lame women an. Lè sòlda women an te di ke Jezi pat bezwen rive lakay li pou l’ te geri domestik li a, li te demontre plis lafwa pase sa ke Jezi te jwenn nan jwif yo nan epòk li a.

An diferans, kè Jezi te “touche” (v.13) li pou vèv la lè li te rankontre avèk antèman pitit li a. Jezi te reyaji fas ak doule vèv la nan menm fason ke li te aji fas ak demann sòlda women an.

Li pat sèlman reyaji, men tou li te reponn fas ak chak sitiyaasyon yo. Jezi te geri sèvitè sòlda women an “avèk remòt kontwòl”. Li te rive tou pre kay la, men se pat nan kay la. De retou, mesaje yo pou ale nan kay la, yo te jwenn domestik la gentan nan bon kondisyon. An diferans, Jezi te reponn vèv la pandan li t’ap aji. Li te touche sèkèy la epi bay jennonm nan lavi ankò, pandan li te restore sou sipò fanm pòv malerèz sa. Apre sa, Lik montre nou reyaksyon moun yo: “Se konsa ke yo tout te vin pè..:” (v.16).

Sa mennen nou nan “pwen segondè a”: “Bondye te vin ede pèp la” (v.16).

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa a depi davans epi pare sal klas ou a anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo epi pran kowòdone yo pou w’ kapab kontakte yo pandan semèn nan.

“M” se pou “Mirak”, revizyon ak mo enpòtan an

W’ap bezwen: katon oubyen papye bristol, sizo, penti, kreyon koulè, makè, figi, etikèt oubyen kupon, papye koulè oubyen ti klere ki koupe yo, elatriye. pou dekore lèt “M” yo.

Anvan klas la, koupe lèt “M” yo byen gwo, de 6 cm. nan lajè, pou chak timoun.

Nan klas la, pandan timoun yo ap dekore lèt “M” yo a, endike ke lèt “M” nan se lèt ki kòmanse mo “MIRAK”. Kisa yon mirak ye? (Yon aksyon pwisan ke pouvw Bondye a montre. Nou pa kapab eksplike aksyon sa nan okenn lòt fason).

De kimirak nou te pale semèn pase a? (Jezi te chase yon move lespri nan yon nonm).

Bay tan pou ke timoun ou yo montre kamarad yo lèt “M” pa yo a ki an koulè. Yon fwa ke yo te fin fè travay la, mete lèt “M” yo nan sou yon tablo afich nan youn nan mi ki nan klas la.

Ou kapab mete yo pandan w’ap antoure mo “MIRAK” ak yon foto Jezi.

ISTWA BIBLIK

Sòlda women an te di kòmandan konsa: --Domestik ou a malad anpil wi, mwen pa kwè ke l’ap refè non.

Kòmandan te reponn li: --Mwen konnen sa. Mwen enkyete anpil wi. Li se yon bon domestik. Nou fè tout sa ki posib pou nou te geri li, men li vin pi mal.

Anmezi jou yo t’ap pase, domestik la te vin pi mal toujou. Finalman, kòmandan an te rann li kont ke si li pat chèche sekou byen vit, domestik li a t’ap mouri. Kisa li te kapab fè?

Menm kote a, yon lidè te monte nan tèt li. Li te panse epi di konsa: Petèt gwo save jwif sa ki se Jezi, ta kapab ede li. “Mwen konn tande bèl istwa sou li wi! Epi kounye a li sou wout pou l’ vini bò lakay nou”.

Byen vit, sòlda women an te voye yon mesaj bay zanmi jwif li yo. Yo te lidè ki te anpòtan anpil.

Li te di yo konsa: ---Tanpri, ale kote Jezi epi mande l’ pou l’ geri sèvitè m’ nan.

Lidè jwif yo te byen kontan pou yo te fè sa kòmandan te mande yo a. Jeneralman, jwif yo pat alèz ak sòlda women yo. Men, sòlda sa te diferan de lòt yo, konsa, yo te kouri al chèche Jezi.

Yo sipriye Jezi konsa:---Jezi, tanpri, vini lakay kòmandan an epi geri domestik li a. Women sa se yon bon gason li ye. Li renmen jwif yo, epi li te menm konstwi yon sinagòg pou nou.

Menm kote a, Jezi te ale avèk mesye yo. Men lè yo te rive tou pre kay kòmandan an, yon moun te soti vin rankontre avèk li.

Li te di konsa:--Seyè, ou pa bezwen enkyete w, kòmandan di m' pou m' di w' konsa ke li pa sen ase pou w' antre anba fetay kay li. Li konnen ke si w' sèlman di yon pawòl, sèvitè l' la ap geri.

Lè Jezi te tandè sa, li te sezi anpil pou kòmandan...li te vire epi gade moun ki te ansanm avèk li yo, li di yo konsa:

---M'ap di nou ke menm nan tout peyi Izrayèl mwen pa jwenn tout lafwa sa.

---Aprè sa, li gade mesajè sòlda women an yo, li di yo konsa:---Retounen lakay kòmandan an. (Fè yon ti poze epi di konsa: Ala yon sipriz! Kisa nou kwè ki te rive? Kite timoun yo devine kisa ki premye sipriz istwa a. Kontinye).

Mesye sa yo ki se zanmi kòmandan an yo te retounen lakay. Se la yo te dekouvri gwo verite a.

Domestik kaptenn women an te gentan geri konplètman!

Yon ti tan apre, Jezi te ale nan lavil Nayim.

Disip yo avèk yon gwo foul moun te ansanm avèk li. Se konsa pandan li t'ap antre nan vil la li te wè yon antèman.

Yon jenn ti gason ki te mouri epi yo t'ap pote l' al antere. Manman l' ta prale avèk yo.

Jezi te pran pitye pou pòv malèz fanm nan. Mari l' te deja mouri depi kèk tan. Se sèlman pitit sa li te genyen pou te pran swen li. Epi men kounye a li te mouri.

Kisa fanm sa te kapab fè?

Jezi te di vèv la konsa:---Pa kriye. Apre sa, li te pwoche bò kote sèkèy la, li te touche l' epi deklare: Jèn, mwen menm m'ap di w', leve!

(yon lòt ti kanpe ankò epi di konsa: Sipriz! Kisa ki te rive? Kite timoun yo devine ki sa ki te dezyèm sipriz la. Apre sa, kontinye).

Menm kote a, jèn gason an te leve chita epi te kòmanse pale. Li te byen vivan!

Jezi te gade manman jennonm nan; fanm nan t'ap gade Jezi avèk yon admirasyon total.

Jezi te di li: --Men pitit ou.

Tout moun yo te sezi epi kòmanse bay Bondye glwa.

Yo t'ap di konsa:---Yon gwo pwofèt parèt nan mitan nou. Bondye vizite pèp li a!

AKTIVITE YO

Temwayaj gerizon

Anvan klas la kòmanse, envite yon moun ki pou vin rakonte kòman Jezi te geri li.

Pandan dewoulman klas la, pèmèt ke vizitè a temwaye sou eksperyans gerizon li. Ankouraje timoun yo poze li kesyon.

Di konsa: Jezi se Pitit Bondye a, ki genyen gwo

pouvwa. Li itilize pouvwa li pou l' ede moun. Pafwa li geri moun, jan li te fè sa nan tan bibliik yo.

Pafwa, Jezi ofri lòt kalite èd. Sa gade kisa n'ap fè fas, nou kapab konfyè ke Jezi ap ede nou paske li se Pitit Bondye a. Pa gen anyen ke Bondye pa kapab fè!

Prepare yon vè gazez ak bonbon pou w' pataje avèk vizitè ak konpany li yo.

Envite a dwe bay yon temwayaj ki gen pou wè avèk laj timoun yo sou yon gerizon fizik, epi pa pale de enterè pèsònèl yo. Li enpòtan pou se yon moun ki kapab pale nan nivo timoun yo. Pèmèt ke se pastè a ki pou chwazi moun sa.

Enstriman doktè yo...

Endike timoun yo pou yo rekoupe fèy aktivite nan liv Elèv la (leson 10). Di yo pou yo swiv enstriksyon nan jounal la. Y'ap kapab koupe, pentire ak kole enstriman ke kèk doktè konn itilize nan yon papye bristòl. Apre sa, mande yo pou yo ekri non yo nan chak: 1. Tèmomèt, 2. Sereng, 3. Pansman, 4. Medsin, 5. Estetoskòp, 6. Palèt pou desann lang, 7. Enstriman pou zòrèy, 8. Enstriman pou mezire tansyon, 9. Dyès.

Pansman pou yo tout

Pote yon bwat pansman nan klas la. Ekri nan chak pansman: "Jezi konn geri". Bay chak timoun pansman epi di yo pou yo itilize yo kòm souvni de ke Jezi se Pitit Bondye a, ki kapab fè mirak epi nan chak mirak li montre nou pouvwa li.

Mande yo pou yo chita sou fòm yon sèk, pou ke yo chak rakonte nesosite yo. Pase yon moman nan lapriyè pou nesosite sa yo.

Memorizasyon

Kontinye sèvi avèk menm vèsè bibliik pou memorize a. Ekri chak mo sou fòm nyaj oubyen lòt fòm. Divize klas la fè de gwoup epi remèt chak timoun yon jwèt ak vèsè bibliik la. Ekip ki konplete vèsè a anvan, se li menm ki genyen. Ankouraje lòt gwoup la kontinye pratike pou l' konprann vèsè a.

Pou fini

Mande timoun yo pou yo priye pou fanmi ak zanmi yo ki malad.

Fè yon lis sou tablo a ki genyen non moun sa yo ki malad. Di konsa: Paske Jezi se Pitit Bondye a, nou konnen ke li genyen pouvwa pou l' ede nou epi geri malad yo. Ann priye pou zanmi ak fanmi nou yo ki malad. Ann mande Seyè a pou l' geri yo, men tou n'ap mande pou ke, se pa volonte li pou l' geri yo, ni yo menm ni nou menm, se pou nou aprann kontan avèk volonte Bondye pou lavi nou. Li kapab ede moun ki malad yo travèse moman doulè a. Li ban nou kouraj nan mitan doulè a.

Jezi, sa ki gen plis pouvwa a

Baz biblik: Mak 4:35-41

Objektif lesan: Ede timoun primè yo konprann ke Jezi, kòm Pitit Bondye, genyen pouvwa sou fòs lanati, sou maladi yo epi sou nenpòt lòt bagay. Se pou yo konnen ke li la avèk nou lè nou pè.

Vèsè pou aprann: *Yo tande yon vwa soti nan nwaj la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil. Koute li (Matye 17:5).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Gen anpil bagay nan mond lan ki fè timoun primè yo pè, tankou tanpèt, bri lannwit oswa yo te lwen manman ak papa yo. Gen anpil laperèz ki afekte chak timoun an patikilye. Kenbe nan tèt ou ke yo kapab fè fas a gwo pè nan lavi yo chak jou.

Timoun primè yo genyen yon vye ti kontwòl sou lavi yo. Y'ap dirije pa paran yo, pwofesè yo ak lòt granmoun. Sa a, nan li, ka fè yo pè. Malgre ke yo pap janm nan yon bato pandan yon tanpèt, laperèz yo egalman reyèl. Li enpòtan ke kòm yon granmoun ki reprezante Jezi pou lavi yo, ou rekonèt ke gen tankou yon santiman nan yo.

Nan lesan jodi a, timoun yo pral aprann ke toujou gen moun ki fò ki pè tanpèt yo.

Li bon pou timoun yo konnen ke granmoun yo pè tou. Timoun yo konprann pè ki soti nan gwo tanpèt, loraj ak zèklè. Sa a se yon istwa ke yo kapab idantifye yo.

Fondman istwa a se ke nou ka fè Bondye konfyans lè nou pè.

Itilize lesan sa pou w' bay elèv ou yo yon zouti enpòtan: konfyans nan Bondye. Di yo ke Jezi ansanm avèk yo nenpòt kote yo ye epi l'ap ede epi pwoteje yo lè yo anba lapèrèz.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Mak 4:35-41.

---Li mande de fwa, ap eseye kontwòl tranbleman vwa li.—Kisa ki pase?

Li menm ak madanm li te pase de dènye èdtan yo nan sal dijans la. Yon lòt konviksyon doule a te frape kò fanm nan.

--Li te mande ak feblès:--Mwen pa konnen non.

Li menm nonplis li pat konnen sa. Tout sa li te konnen se ke li te santi l' pè anpil.

Yon doktè ak yon enfimyè te antre andedan sal la.

--Mari a te mande, san sere lapèrèz li: --Tanpri, èske w' kapab ede li?

--Se sèten ke doktè a te di--, nou pral bay li yon bagay pou doule kounye a menm. Apre sa, n'ap pote l' nan sal chiriji a pou panse zòn emoraji a. L'ap vin byen.

Ala gwo diferans lè nou gen konesans sou yon bagay! Nonm nan pat konnen sa ki te pase madanm li, poutèt sa li te pè. Doktè te konnen sa ki te pase a epi li te kapab solisyone li, kidonk, li pat pè.

Pafwa, sekirite a soti nan men konesans lan.

Si nou konnen repons kesyon yo, nou pap pè lè y'ap fè egzamen pou nou. Si nou tande yon bri lakay nou, pandan lannwit, nou pap enkyete si nou konnen kimoun k'ap fè li. Epi nou kapab sèten lè nou konnen ke yon pouvwa siperyè ansanm avèk nou pou pwoteje nou.

Sant istwa Mak la, sou "tanpèt la" ki frape Jezi ak disip li yo, te gen pou wè ak konnen; konnen ki moun Jezi ye epi li gen pouvwa aji.

Jezi te nan menm kannòt avèk disip li yo literal epi senbolikman. Jezi te dòmi nan kwen kannòt ki t'ap pote yo lòtbò lanmè a. Sa se istwa ki te pase a. Menm si Jezi te "nan kannòt la tou", kòm nou tout—ap fè eksperyans nan lavi tankou nou lòm--, menm konsa li te pè lè disip ki te pè yo te reveye li epi akize li kòm ke li pat enterese de yo. Jezi te sèlman leve, "Jezi leve, li pale byen fò ak van an, li di:

Pe la. Li di dlo a: -Rete trankil!" (v.39).

Jezi te konnen sa, se poutèt sa li te trankil.

Èske disip yo te konnen? Yo t'ap mande youn lòt: "ki jan de moun li ye?" (v.41).

Yo te ansanm avèk Jezi depi anpil tan, men demonstrasyon sa ak pouvwa li te enpresyone yo.

Sa te plen yo ak krent tou. Yo t'ap mande si reyèlman yo te konnen Jezi. Se poutan, yo te konnen li yon ti kras, men jiskaprezan yo te genyen anpil pou aprann.

Kesyon sa nan fen chapit la fè nou menm tou n'ap mande nou: "Ki moun sa ye?"

Èske nou konnen Jezi? Èske nou konnen li kòm moun sa ki genyen repons pou tout pwoblèm ki pi difisil yo? Èske nou konnen li kòm pwotektè nou lè n'ap travèse nwit ki pi fènwa yo? Èske nou konnen ke pouvwa li pi gwo pase nenpòt lòt pouvwa nan linivè a?

Si nou pa konnen Jezi nan fason sa, n'ap toujou pè, paske lavi ranpli ak tanpèt. Okontrè, si nou konnen li, n'ap genyen lapè nan mitan tanpèt yo.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke sal klas la pwòp lè yo rive. Anvan w' antre nan tèm jodi a, repase de lesan anvan yo byen vit epi

mande elèv ou yo pou yo bay kèk egzans epi mande elèv ou yo pou yo bay kèk egzans sou fason yo te rete fidèl ak Bondye pandan semèn sa ki pase a.

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou w' kapte atansyon timoun yo sou leson an.

Bri toumant lan

Fè timoun yo kanpe sou fòm yon sèk. Mande yo pou yo imite plizyè kalite bri tanpèt (lapli, kout zèklè, van). Pou lapli a, fè Timoun yo frape men yo byen vit sou kwis yo.

Pou kout zèklè yo, mande yo pou yo frape atè a avèk pla pye yo, tankou si yo t'ap kouri. Pou van an, mande yo pou yo soufle byen fò epi fè bri pandan y'ap di: Ououou! Ououou!

Pase yon tan ap jwe. Endike yo yon etap nan bri tanpèt la. Kòmanse tou piti, apre sa pi fò, pi vit, elatriye.

Poze yo kesyon: Kòman nou santi nou lè lapli a kòmanse avèk gwo van epi nou koute kout tonnè epi nou wè kout zèklè yo? (Kite timoun yo reponn).

Di konsa: Nan istwa bibliik jodi a, Jezi te ansanm avèk disip li yo lè yon gwo tanpèt byen fò te frape yo. Ann gade sa ki te pase.

Pe la! Rete trankil!

Sa se yon jwèt enteresan. Mande timoun yo pou yo fè yon liy akote a oubyen nan fen salon an. Di yo konsa: "Lè mwen bouche je m' yo, n'ap kapab deplase pou vini kote m' ye a. Lè mwen di: "Pe! Rete trankil!", n'ap sispann menm kote a.

M'ap debouche je mwen yo epi mwen wè ke genyen yon moun ki kouri, li dwe retounen nan plas ouvèti a".

Fè jwèt sa toudepann de sa tan pèmèt ou. Di konsa: "Pe! Rete trankil! Ann gade sa ki te pase lè Jezi te di pawòl sa yo".

ISTWA BIBLIK

Van avèk lanm yo rete trankil!

Li te rive nan apremidi. Jezi te deja anseye anpil moun pandan tout jounen an, se poutèt sa li te tris anpil. Anvan li te fè nwa nèt, li te deside fè yon ti repoze. Li te di disip li yo: "Ann pase nan lòt bò a". yo tout te monte nan kannòt la, yo te dekwoche li epi kòmanse navige. Jezi te rekouche sou kousen epi dòmi te pran li sou yon zòrye.

Pandan yo t'ap naje, yon gwo van te leve. Van te kòmanse soufle byen fò. Li t'ap voye kannòt de yon zòn pou yon lòt. Apre sa, li te kòmanse fè lapli avèk tèlman gwo fòs, sa te koz ke nou te prèske pat wè anyen. Yon gwo tanpèt te vin twouble moun yo.

Disip yo t'ap tranble avèk lapèrèz. Yo te tèlman pè yo pat konnen sa pou yo te fè. Yo tout te pè pou

konnòt la pat koule.

---Yo t'ap rele byen fò:--Kisa nou pral fè kounye a? N'ap nwaye!

Lè yo te gade nan alantou yo, yo te jije ke Jezi pa t'ap ede yo. Li menm ki te toujou ap dòmi nan pati ki dèyè kannòt la. Disip yo dechennen.

Kisa k'ap pase la? Kòman Jezi fè kapab dòmi nan mitan gwo tanpèt sa?

--Disip yo te tonbe rele byen fò: --Mèt! Sa pap fè w' anyen si nou mouri?

Jezi te ouvè je li byen dousman, li te leve epi gade nan antouraj li. Li te wè van ki t'ap voye kannòt la bò isit ak bò lòt bò. Gwo lapli t'ap frape nan figi li, pandan li t'ap gade syèl la ki te tou fè nwa. Apre sa, li te vire gade lanmè a epi li te pase van lòd pou l' te sispann soufle.

---Lòd Jezi a se te: ---Pe la! Rete trankil!

Van an te sispann soufle. Lapli a te kanpe. Tanpèt la te kalme. Tout bagay te trankil. Disip yo ki te mouye tranp, yo t'ap gade byen sezi.

Mèt la te gade yo nan je epi li di mande yo:

---Poukisa nou pè konsa? Kòman! Èske nou pa genyen lafwa?

Disip yo te sezi anpil.

Yonn t'ap di lòt konsa: Ki moun li ye menm? Li kòmande menm van ak lanmè, yo obeyi li.

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w' konekte verite bibliik la avèk lavi chak jou a.

Lè nou pè

Remèt chak timoun fèy aktivite liv Elèv la epi plizyè koulè.

Poze yo kesyon: Ki bagay ki fè timoun oubyen granmoun yo pè? Kisa ki fè nou pè?

Prepare w' pou w' di timoun yo yon bagay ke w' pè kounye a epi ki te fè w' pè lè w' te piti.

Mande pou timoun primè yo desine nan fèy la yon bagay ki fè yo santi lapèrèz. Pandan y'ap fè li, poze yo kesyon:

Kisa nou kapab fè lè nou pè? (Priye. Sonje ke Bondye la avèk yo). Kòman Jezi kapab ede yo lè yo pè? (Ba yo trankilite, ede yo panse ak sa yo dwe fè, chanje sitiyasyon an). Yon fwa ke yo fin desine, yo kapab plake li nan tablo afich la pou kèk semèn. Kòm tit, ekri nan tablo afich la: "Jezi, sa ki gen plis pouvwa a".

Gide timoun yo pou yo kolore figi ki nan liv Elèv la (leson 11). Swiv enstriksyon yo ki nan menm paj la.

Poze kesyon yo ki parèt nan fèy la, kòm revizyon. Mande timoun yo pou yo rakonte klas la kèk bagay sou sa. Ankouraje yo pandan w'ap

di yo ke, ni timoun tankou granmoun, anpil fwa nou santi lapèrèz nan anpil fason diferan. Di yo ke yo pa bezwen santi lawont, se pa yo menm sèlman ki konn santi lapèrèz.

Memorizasyon

Ekri vèsè pou aprann nan nan tablo a. Apre nou fin repete li plizyè fwa, efase yon mo, pandan w'ap kòmanse avèk premye a, jiskaske timoun yo fin aprann vèsè a konplètman. Mande pou plizyè pami yo ekri de oubyen twa mo nan vèsè a nan tablo a. Ou kapab divize tablo a fè plizyè pati epi bay chans pou plizyè pami yo ale sou tablo a

epi ekri pati tèks yo. Ede sa ki fè erè yo, oubyen mande sa ki deja konnen vèsè a pou l' ede sa ki poko konnen li yo.

Pou fini

Montre timoun yo priye lè yo santi yo pè pou kèk motif. Ankouraje yo pou yo toujou sonje ke Jezi se sa ki gen plis pouvwa a, li toujou la ansanm avèk nou epi prezans li klere nan kwen ki pi fè nwa yo epi li se yon medikaman kont lapèrèz.

Fè yo kanpe an yon sèk. Nan fason sa, yon timoun kapab priye pou lapèrèz kamarad sou bò dwat li a, epi konsa youn aprè lòt jiskaske li fini sou ou, ki pral priye pou tout klas la.

Leson 12

Jezi, pi bon lidè a

Baz bibliik: Lik 9:1-16; 10:1-20

Objektif leson an: Se pou yo konnen ke Jezi te mande disip li yo pou te ede li nan travay li a epi li te ba yo kapasite pou reyalize li. Bat pou timoun yo pare pou fè sa Seyè mande yo epi konfye ke l'ap ede yo nan misyon sa.

Vèsè pou aprann: *Yo tande yon vwa soti nan nwaj la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil. Koute li (Matye 17:5).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Anjeneral, timoun nan laj sa a pa gen opòtinite pou patisipe nan travay legliz la. Nan anpil ka, aksyon nou yo ranfòse lide yo ke yo se "legliz demen", olye de fè yo yon pati nan legliz la jodi a.

Leson sa a pral pèmèt ou montre timoun ki jan Jezi vle enplike nou tout nan travay li. Sa a gen ladan yo menm sa ki pi piti yo. Pran tan pou w' reflechi sou ki aktivite elèv ou yo ka ede pandan klas la. Pa envite yo patisipe sèlman nan leson sa a, olye de sa, kontinye bay opòtinite pou yo sèvi nan tout klas yo. Ede yo konprann ke yo ka pale ak zanmi yo sou Jezi epi sa a tou se ede Bondye.

Sèl rezon ki fè timoun byen souvan pa konprann konsèp sa a se ke nou pa ba yo opòtinite pou yo sèvi. Se pou semèn sa a se yon semèn chanjman. Bay opòtinite pou sèvis; kite yo eksperyman kè kontan ke okazyon sa yo pwodwi epi ankouraje yo pou sèvis la vin tounen yon kalite lavi pou yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li lik 9:1-6; 10:1-20. Apot Pòl di nou ke Bondye mete plizyè travayè nan legliz la. Premyeman, apot yo, apre sa, pwofèt yo, epi nan twazyèm pozisyon, antrenè yo (1 Korentyen 12:27-28).

Èske ou janm remake ke antrenè yo moute sou echèl la, ansanm ak de lòt yo? Eske ou te janm kirye pou konnen poukisa pozisyon sa yo?

Apot yo: mo grèk kote vokabilè sa soti a, nan lang nou an li vle di "mesaje". Ebyen, apot yo se "mesaje yo" literalman.

Pwofèt yo: Pwofèt: Pwofèt yo nan Bib la te konn fè de travay fondamantalman: bay mesaj la epi transmèt li bay pèp la. Souvan, mesaj yo te resevwa nan men Bondye te vini anvan kèk evènman te rive, se konsa mesaj la te fè fas ak sa ki ta rive nan lavni an. Nan lòt tan, pwofèt yo te pale pawòl Bondye te voye bay pèp la. Nan nenpòt ka, pwofèt yo te dwe pale laverite pou yo aprann konsekans peche kontinyèl la epi ede pèp la rete nan chemen Bondye a.

Antrenè yo: Antrenè ke Bondye te chwazi yo se te fòmatè lavi yo. Yo te aple pou aplike verite Bondye a nan lavi. Pami premye antrenè kreyen yo se apot Pòl. Lèt enstriktif li yo toujou anseye nou epi fòme kòm disip Kris la. Lè Jezi te voye 12 disip yo, nan Lik 9: 1-6, li te transfòme disip li yo an apot. Li voye yo anonse bon nouvèl la ke yo te aprann nan men l'. Lè Jezi te komisyone 70 yo nan Lik 10: 1-20, li te transfòme plizyè nan disip li yo an apot. Li te voye yo travay di nan yon teren espiyèlman prepare pou mesaj la; teren an pat gen okenn travayè. 12 ak 70 te gen ministè trè aktif ak efikas. Sepandan, Jezi te di yo ke bagay ki pi enpòtan, pi lwen pase nenpòt siksè, se te ke yo ta ka konnen ke yo menm se pou Bondye yo ye.

Pandan li te prepare l' pou monte nan syèl la, Jezi te make teritwa ke mesaje li yo ta kouvri ak mesaj la: "Nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide, nan Samari ak

nan dènye bout latè” (Travay 1: 8). Li te komisyonè yo pou elaji ministè yo pi lwen pase sant mond yo a, lavil Jerizalèm, menm kote ki pi lwen sou planèt la.

Yo te obeyi manda l’ la. Apot yo te gaye Pawòl la. Pwofèt yo te pale verite a. Epi antrenè yo te fòme lavi. Pandan plizyè syèk, anpil moun fidèl te fè sa Bondye te rele yo vin fè. Yo te rakonte istwa levanjil la, pou soti nan epòk Jezi a pou rive nan epòk pa nou an. Epi, kounye a nou transmèt li bay elèv nou yo, pwochen jenerasyon mesaj Bondye yo.

Se te yon chenn istorik byen long. Li te epi kontinye kòm yon istwa espesyal ki chanje lavi. Moun ki te ale bay li yo te gen yon lavi okipe, epi byen souvan ki te ranpli ak danje. Men, pliske nan chak jenerasyon te gen anpil fidèl, yo elaji mesaj la, se ke nou menm, ou menm ak mwen, kapab fè kè nou kontan paske “non nou ekri nan syèl la” (Lik 10: 20b). Elèv nou yo merite menm privilèj la. Se dezi Bondye pou yo konnen li pèsònèlman; Lè sa a, devwa nou an se ale epi di yo sa.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w’ ke sal klas la pwòp lè yo rive. Anvan w’ antre nan tèm jodi a, repase de leson anvan yo byen vit epi mande elèv ou yo pou yo bay kèk egzanp epi mande elèv ou yo pou yo bay kèk egzanp sou fason yo te rete fidèl ak Bondye pandan mwa ki prèske fini an.

Nou kapab ede

Anvan klas la: Semèn sa a, pèmèt ke elèv ou yo ede w’ prepare klas la. Chwazi devwa ke yo kapab reyalize (distribye fèy aktivite yo, prepare sal klas la, akeyi kamarad klas yo, elatriye.). Ekri chak devwa nan yon kat. Pou devwa ki pi difisil yo, ekri menm nan, nan plizyè kat.

Plase kat la sou tab la avèk pati ki ekri a anba.

Nan klas la: envite timoun yo gade kat yo epi chwazi yon devwa pou reyalize volontèman. Ankouraje yo, pandan y’ap fè travay yo a. Si sa nesèsè, ede yo. Felisite yo pou jèfò yo. (li ta bon pou w’ fè aktivite sa nan chak klas).

Di konsa: Nou te sèvi kòm bon sipò jodi a. Jezi santi li kontan lè nou ede konsa. Nan istwa bibliik jodi a ann al wè kòman Jezi te chwazi sipòtè yo.

ISTWA BIBLIK

“Ale, preche ak geri!”

Li Lik 9:1-6; 10:1-20

Anpil moun te konnen anpil bagay sou Jezi. Moun yo te kanpe ap gade lè li t’ap antre nan bouk yo a. Anpil moun te pran nouvel osijè de mirak enkwayab ke li te konn fè yo.

Li te konnen ke anpil te kapab konnen Bondye si disip li yo te ale epi pale ak moun yo. Lè sa a, yon jou, Jezi te rele disip li yo.

Li te di yo konsa: --Mwen gen yon travay enpòtan pou nou. Mwen ban nou pèmision ak pouvwa pou nou akonpli travay sa a. Ale nan lavil kote mwen voye nou yo. Preche sou Peyi kote Bondye Wa a, geri malad yo, epi chase move lespri yo. Li te ajoute:--Pa pote anyen. --Pa pote manje, lajan oswa rad. Lè nou rive nan yon vilaj, moun ap ofri nou kay pou nou rete. Rete avèk yo jiskaske nou kite vil la.

Jezi te konnen ke se pa tout moun ki ta resevwa disip yo.

Li di yo:--Si yo pa resevwa nou, lè sa a, yo souke pousyè a nan pye nou.

12 disip obeyisan yo te ale de vil an vil ap preche epi geri moun yo.

Aprè sa, Mèt la te voye plis moun ki pou te reyalize misyon li a. li te rele 70, ki te disip li yo, epi tou li te voye yo al preche ak geri.

Jezi te di 70 disip yo nan Lik 10:3: Ale: m’ap voye nou tankou ti mouton nan mitan chen mawon.

Pa pote anyen, sèlman ale, preche ak geri. M’ap la avèk nou.

Disip li yo te ale. Yo te preche moun yo osijè de Bondye. Nan chak kote yo ta prale, anpil malad te geri.

--Disip yo te di konsa:--Sa a bèl anpil wi!

Jezi chwazi nou pou nou fè travay li.

Disip yo te retounen vin jwenn Jezi. Yo te chaje ak emosyon ak rekonesans dèske li te foute yo nan misyon li a.

Seyè a te reponn yo konsa:-- Men, nou pa bezwen kontan dapre move lespri yo soumèt devan nou. Fè kè n’ kontan pito dapre non nou ekri nan syèl la.

Aprè istwa bibliik la, di konsa: Nou menm tou nou kapab ede Jezi reyalize misyon li a. Nou dwe ale epi pale ak lòt sou lanmou Bondye a.

Mande timoun yo pou yo site yon gwo lye kote yo kapab ale epi pale avèk lèzòt yo de Jezi. Poze yo kesyon kisa yo kapab rakonte li epi kisa ki fason pou pataje lanmou Bondye avèk yon moun ki malad oubyen anba soufrans. Di konsa: Nou se sipòtè Jezi. Nou kapab konfyan ke l’ap ede nou rakonte lèzòt yo osijè de lanmou ak pouvwa Bondye a.

AKTIVITE YO

Sipòtè yo nan legliz la

Anvan klas la, mande pastè w’ la si elèv ou yo kapab ede nan sèvis prensipal la. Si yo kapab fè li, òganize ansanm avèk pastè a pou timoun yo akeyi moun yo, distribye bilten yo, oubyen patisipe nan

ranmase ofrann nan.

Nan klas la, di konsa: Jodi a ann al bay èd nan sèvis la.

Endike yo sa yo pral fè a. Fè kòmantè sou responsablite ke yo chak ap genyen.

Di konsa: Jezi te chwazi nou pou nou ranpli misyon li. Jodi a nou pral ede Jezi pandan n'ap fè travay li a nan: (dekrive travay ke timoun yo ap gen pou yo fè pandan sèvis la).

Tablo afich: Prepare nou pou nou vwayaje

W'ap bezwen: makè, kreyon oubyen penti koulè, rekoupe oubyen desine yon malèt oswa valiz, sizo ak lakòl. Nan yon papyè bristòl oubyen katon ki mens, ekri :

“Kisa nou bezwen pou vwayaj la ?” Apre sa, nan mitan, kole oubyen desine yon malèt oswa valiz. Mande timoun yo ki bagay ki nesèsè pou fè yon vwayaj k'ap dire twa jou. Remèt yo yon fèy blan oubyen papyè bristòl pou yo fè desen epi kolore tout atik ke yo kwè ki nesèsè pou vwayaj la. Nan fen an, mande yo pou yo kole desen yo fè yo alantou valiz la avèk yon moso tep. Mande yo èske chak atik reyèlman nesèsè pou vwayaj la vre. Poze kesyon: Si nou t'ap fè vwayaj sa nan epòk Jezi a, èske li t'ap kite nou ale avèk bagay sa yo oubyen li t'ap fè nou kite yo?

Remèt timoun yo fèy aktivite liv Elèv la (leson 12) epi endike yo pou yo konplete sa ki manke a. Se pou timoun yo kole oubyen desine yon foto Jezi nan kat la. Apre sa, se pou yo fouye plizyè twou sou kote yo, yon rebò avèk yon lenn ki pa pwès, pandan y'ap pase li nan yon twou pou soti nan lòt.

Swiv lidè a

Di timoun ke se ou menm k'ap lidè a epi yo dwe swiv ou epi fè tout sa w' fè. Sa se yon bon aktivite ki pou fèt nan yon lakou. Fòme yon liy avèk timoun yo dèyè w'. Kòmmanse mache ak son nenpòt kantik ki baze sou tèm nan. Fè jès ke timoun yo kapab fè,

tankou kanpe epi kwaze pye yo, leve tou de men yo, leve yon sèl men, soufle, grate tèt, elatriye. Objektif aktivite sa se pou ke timoun yo konprann sa ki rele swiv ak obeyi lidè a.

Lè aktivite a fini, poze kèk kesyon kòm revizyon istwa bibliik la. Di konsa : menm jan nou te swiv antrenè-lidè a epi fè tout sa li te endike nou yo, se konsa Seyè a te chwazi plizyè lidè, sa vle di pwofèt, apot ak antrenè yo. Se poutèt sa, disip yo te swiv ak obeyi yo, pandan yo t'ap fè sa Jezi te endike yo a. Yote dwe preche Bon Nouvèl Sali a.

Memorizasyon

Ekri vèsè memwa a nan tablo a. Montre timoun yo vèsè a mo apre mo, epi fè yo repete li plizyè fwa jiskaske yo aprann li. Apre sa, kòmmanse efase yon mo epi fè yo repete vèsè a konplèt. Apre sa, efase yon lòt epi konsa youn apre lòt jiskaske yo fin di l- de memwa. Chak fwa ke ou efase yon mo, ankouraje timoun primè yo epi fè kòmantè tankou : Se sèten ke nou pa kapab di l', li difisil anpil... (pou w' bay yo defi). Bat bravo lè yo di li. Finalman, lè pa genyen anyen ekri sou tablo a ankò, fè yo repete li yon lòt fwa ankò avèk tout fòs yo.

Pou fini

Di konsa: Ala yon bèl istwa nou te aprann jodi a !

Ala bon sa bon lè nou konnen ke Jezi vle pou nou ede li!

Men nou dwe deplwaye tout efò nou yon fason pou nou kapab fè travay li a pibyen toujou jan sa posib. Kimoun la ki pare pou fè sa Jezi mande l' fè?

Lapriyè final: Mèsi, Seyè, paske nou kapab kolabore nan travay ou a. Ede nou konfyans de ke w'ap ban nou kapasite pou nou fè li. Nou vle vin bon sipòtè! Nan non ou, amèn.

 **Nòt mwen yo:**

Ane 3

Entwodiksyon – Inite IV

PLAN SALI A

Baz biblik: Lik 22 : 47-53, 63 -71 ; Lik 23 ; 24 : 1-12, 336-53 ; Mak 16 : 15-16, 19-20.

Tèks inite a: *Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a (Travay 2:32).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✗ Konnen ke lè Kris la te mouri sou kwa pou nou, li te peye pou peche nou yo.
- ✗ Santi nou choke fas ak yon Jezi ki te leve soti vivan nan lanmò.
- ✗ Aksepte avèk lafwa ak rekonesans ke li se Sovè nou.

Leson inite a

Leson 13: Jezi te mouri pou nou.

Leson 14: Jezi te resisite.

Leson 15: Jezi se Sovè nou an.

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Yon moun ki mouri sou yon kwa se prèske yon imaj enkonpreyansib pou yon timoun nan laj sa, pliske se yon abitud nan mond aktyèl la. Se sa ki fè li pap kapab konprann li, menm imajine l' (sèlman si yo ta esplike li istwa Jezi depi tou piti).

L'ap enkonpreyansib, konsa, pote imaj ki montre moman lanmò Jezi sou bwa Kalvè a epi eksplike ke li te soumèt li avèk yon lanmò diferan, pou de rezon:

Youn, pou ke sa ki te anonse nan Ansyen Testaman an te akonpli, epi de, pou ke li te peye avèk lanmò li peche tout fanm ak gason ki nan tout mond lan.

Li enpòtan pou timoun yo pa wè sa sèlman tankou yon leson istwa, men pito pou ke yo konprann ke lanmò sa a, ki te pase sa fè depi 2,000 ane a, gen efè nan lavi yo jodi a. Menm si nan laj sa a yo pap gen matirite ase pou yo konprann responsablite tout moun nan lanmò Jezi a, li nesèsè pou yo santi ke akòz de mechanste lèzòm, ki gen timoun yo ladan l' tou, Kris te oblije peye yon sakrifis parèy.

Kite yon nòt pozitif pou yo lè w' anseye yo ke lanmò sa te sèvi pou bay yo lavi pou toujou, lavi ki pap janm fini an.

Jezi te mouri pou nou

Baz biblik: Lik 22 :47-53, 63-71; Lik 23

Objektif lesan an: Se pou timoun yo konnen rezon ki fè ke Jezi te vini nan mond lan epi mouri sou kwa a; ke li te mouri pou peche yo, epi se pou yo mande l' padon pou yo.

Vèsè pou aprann: *Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a (Travay 2:32).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo pa tèlman piti tankou pou yo pa konnen ke Jezi te mouri sou kwa a pou peche yo. Klas sa a pral apwopriye pou envite timoun yo resevwa li kòm Sovè yo. Sepandan, nou dwe fè l' nan fason ki pi apwopriye a.

Doktè Catherine Stonehouse nan Seminè Teyoloji Asbury a montre ke premye etap ke yo dwe pran se tranpe timoun nan verite lanmou Bondye a pou li. Dapre Stonehouse, lè timoun nan konprann (pa sèlman konnen) ke Bondye renmen l' san kondisyon, li vin pi fasil pou l' vin resevwa padon li.

Leson sa a pral ba ou opòtinite pou w' rive fè elèv ou yo konprann pi klè lanmou Bondye gen pou yo a. Li renmen yo nan yon fason ke li te bay Jezi, sèl Pitit li, soufri epi mouri sou kwa a. Jezi te renmen epi akeyi vòlè a ki te repanti. Nan menm fason an li te renmen moun ki konplote lanmò li. Malerezman, jodi a anpil timoun pa santi Bondye renmen yo san kondisyon oswa nenpòt lòt moun. Mande Bondye pou l' ede ou fè sa rive nan chak timoun ki nan klas ou a. Si ou fè sa, priye pou ke Bondye pèmèt ou se moun ki montre timoun primè a ke li bezwen reponn moun ki renmen l' pi plis pase nenpòt lòt moun nan: Jezi.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Lik 22:47-53; 63-71, ak Lik 23.

Nan Mak 15:12 Pilat rele byen fò: “Kisa nou vle pou m' fè avèk nonm sa ke nou rele Wa jwif yo?”

Pilat pat rann li kont jan kesyon li te poze a te kritik. Men desten etènèl tout limanite te depann de sa moun sa yo « te fè » avèk Jezi a.

Nan tèks jodi a nou wè kèk moun k'ap “aji” sou fòm diferans fas ak repons Pilat la:

✘ **Repons trayizon an.** Sa se te repons Jida ak Pyè, sa ki te parèt atwòs. Trayizon an se kontrè ak sa yon moun ta espere nan yon relasyon.

Nan tan biblik yo, yon bo nan kou oswa nan machè se te yon fason komen nan salitasyon lèmòm. Jida itilize siy sa a ki reprezante amitye ak estim pou abandone Jezi, remèt li bay lènmi l' yo. Refi Pyè a totalman chanje pwomès li yo ki te: swiv Jezi jouk nan lanmò. Se sa ki fè nou menm tou nou trayi Jezi si nou viv nan ipokrizi oswa abandone angajman nou avèk li lè wout la vin difisil pou nou.

✘ **Repons fawouch la.** Li reflekte fason Ewòd, sòlda yo (eksepte kaptenn lan), gouvènè yo, pèp la, ak yon vye vòlè ki te reponn Jezi. Pou yo, li te tou senpleman objè yon bon blag. Yo pat wè anyen prive nan li ni nan sa ke li te reprezante pou ke li ta resevwa lonè. Eske w'konnen kèk moun ki pa konsidere anyen sakre ? Lè yo fè fas ak Jezi, ak pèp Bondye a, oswa ak enstitisyon kretyèn yo, youn apwoche bò kote lòt pou pete kout ri, gen kèk okazyon, yo konn menm pale mal sou Bondye.

✘ **Repons endiferans lan.** Sa tou se te repons Ewòd. Nou t'ap tann yon investigasyon serye sou yon krim antparantèz konsa. Men, tout bagay ke li te vle wè se te yon estrateji majik Jezi. Lè Jezi te refize fè sa, Ewòd te vin pèdi enterè. Se konsa sa ye pliske moun yo pat kapab reponn souvan lè yo dekouvri ke yo pa kapab manipile li pou objektif patikilye yo.

✘ **Repons rayisans lan.** Sa se repons ki pi vyolan, epi li te reprezante, nan premye pozisyon, pa mwayen lidè relijye yo. Mesye sa yo te konn adore pouvwa a, resevwa lonè avèk posede byen materyèl yo. Lè Jezi te opoze avèk yo piblikman avèk agiman li yo, te genyen yon sèl bagay ki te rete pou yo fè: elimine li. Menm jodi a toujou Jezi gen rayisans pa moun sa yo ki vle pase tèt yo pou bondye, yo menm, kriyèlman, toumante, pèsekite epi sasinen disip li yo.

✘ **Repons yon lidè: “anyen pa gade m”.** Pilat prèske sanble bon ti gason nan istwa a. Li te rekonèt ke Jezi pat merite lanmò epi li te fè anpil efò pou evite egzeksyon li. Li te voye l' bay Ewòd, pandan li t'ap atann ke fas ak sityasyon sa a li t'ap rive etabli yon solisyon. Apre sa, li pwopoze li nan pwogram anyèl la : “libere yon prizonye”. Lè sa pat reyalize, li te fè lide pou bay yo bat li epi lage l'. Men, kòm okenn nan estrateji sa yo te fonksyone, Pilat te monte zèpòl li yo, li te lave men l' yo (Matye 27 :24) epi li te ale lwen Jezi. Nou wè repons Pilat la nan moun sa yo ki endiferan fas ak levanjil oubyen refize li ouvètman.

✘ **Repons akseptasyon an:** Gwoup sa piti, men li

enpòtan. Li te genyen ladan li fanm ki te kriye pou li a, vòlè ki te repanti a, sòlda women ki te pè a, ak Jozèf Arimate. Menm si detay ke lik bay yo yon ti jan pa fin klè, nou kapab wè nan moun sa yo yon entansyon pou apwoche bò kote Jezi, avèk diferan nivo lanmou ak lafwa. Gen plizyè fason diferan pou nou reponn Seyè a, epi chak moun resonsab pou chwa li. Ebyen, kesyon an toujou se: “Kisa, nou vle pou m’ fè avèk nonm sa ki se Wa jwif yo?”

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w’ kontakte yo pandan semèn nan.

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou w’ ede timoun yo santre atansyon yo sou tèms ki pou trete a epi prepare yo pou aprann verite bibliik la.

C-H-È-C-H-E MO BIBLIK YO

Depi anvan klas kòmanse, trase yon kare nan tablo a ki genyen sis ti kawo nan sans orizontal, epi sèt nan sans vètikal. Nan sis kawo ki gen sans (orizontal la) ekri C-H-È-C-H-E. Nan kawo anba yo, ekri pawòl ke timoun yo sigjere yo epi yo dwe gen relasyon avèk tèms leson jodi a. Pou sa, fè yon lis ki gen fraz kle oubyen flach, k’ap sèvi kòm èd pou ke timoun yo jwenn mo kòrèk la.

Pa egzanp:

- ✕ Liv espesyal Bondye a (BIB)
- ✕ Papa ki la pou toutan nou an (BONDYE)
- ✕ Dezobeyisans fas ak Bondye (PECHE)

Nan mo ki ladan l’ yo mete “krisifiksyon” ak “rezireksyon”, avèk flach li yo oubyen siyifikasyon ki koresponn yo. Di timoun yo konsa: Mwen pral ban nou yon flach sou kèk pawòl ki nan Bib la. Moun ki konnen de ki pawòl l’ap pale, leve men, pase devan, pran yon lakrè oubyen makè epi fè yon kwa sou pawòl la.

Aprè sa, mwen pral li lòt sit, epi konsa youn aprè lòt. Moun ki jwenn plis mo a se li menm ki genyen.

Li sit yo nan plizyè lòd diferan. Pou bay repons lan, timoun nan dwe pase devan, siyale mo a, di li epi tache li avèk lakrè a oubyen makè.

Yo kapab jwe jiskaske timoun yo jwenn tout mo yo. Moun ki jwen pi plis la se li ki genyen.

Poze yo kesyon : Konbyen nouvo pawòl yo te aprann nan jwèt sa? (Krisifiksyon ak rezireksyon). Èske w te konn tande pawòl sa yo anvan? Kisa yo vle di? Kite timoun yo reponn. Di yo konsa: Istwa bibliik nou an jodi a pale osijè de sa yo.

Peche-Se mal!

Anvan klas la, ekri tit aktivite a nan papyè afich oubyen papyè bristòl (papyè pou katèl yo) epi kole yo nan mi an kote je timoun yo kapab wè.

Nan klas la, montre timoun yo mo “PECHE” (li menm k’ap ekri an lèt majiskil epi gwo lèt) epi mande yo pou yo eksplike kisa li vle di.

Di konsa: Nan peryòd pak, yo toujou pale de lanmò Jezi sou kwa a, epi se pou sa ke moun yo kapab resevwa padon pou peche yo. Ann panse pou ki peche Jezi te mouri.

Remèt yo fèy blan, epi pèmèt ke youn ekri mo oubyen plizyè fraz pandan w’ap site plizyè peche diferan. Di yo ke yo kapab dekore yo avèk koulè bwen nan yon fason pou yo kapab parèt lèd epi fè nwa, men, yon fason pou ke lòt yo kapab li yo. Timoun yo kapab fè yon ilustrasyon osijè de sa yo te ekri yo, epi aprè sa, koupe fèy yo sou plizyè fòm diferan. Finalman, se pou yo chak kole fèy pa yo a nan tablo afich ke ou te mete nan mi an, anba tit la.

Poze kesyon: Ki bagay peche a lakoz nan mond lan avèk moun yo?

Kite timoun yo pale, epi repete sa ki pi enpòtan ke yo chak te di. Ajoute: Jezi pat janm fè anyen nan bagay mal sa yo, men, li te soufri epi mouri pou peche sa yo. Nou pral aprann plis sou sa nan istwa bibliik nou an jodi a.

ISTWA BIBLIK

Jou ki gen plis tristès ak plis lajwa nan istwa

Li Lik 22:47-53, 67-71; Lik 23

--Gen kèk pami disip yo ki te tonbe plenyen, pandan yo t’ap eseye leve kanpe. --Ki bwi sa a?

Depi byen lwen nou te kapab tande son metalik nepe ak bòt lou yo. Nan moman sa, limyè flambo yo te klere nan fè nwa jaden an. Menm douz gason, ame avèk baton ak nepe, te parèt sanzatann. Se Jida ki te nan tèt gwoup la, disip Jezi a. Byen vit, Jezi te avanse sou li epi bay li salitasyon ak respè zanmitay la: yon bo nan machè li.

Avèk tristès, Jezi te gade disip li a:

---Men, Jezi di li: Jida, se avèk yon bo w’ap trayi Moun Bondye voye nan lachè a?

Disip yo te byen reveye lè sa, prè pou defann Jezi. Menm kote a, Pyè pou defann Jezi. Byen vit, Pyè te pran nepe li epi koupe zorèy sèvitè granprèt la.

Men, Jezi di yo: Non. ---Ase. Li manyen zòrèy nonm lan, li geri li.

Aprè sa, Jezi pale ak chèf prèt yo, chèf lagad tanp lan ansanm ak chèf fanmi yo ki te vin pran li. Li di yo: Nou vin dèyè m’ ak nepe epi baton, tankou si m’ te yon ansasen.

Chèf lagad tan lan yo, te rele di byen fò: --An

ale! –yo menm ki te arete Jezi epi ale avèk li ak anpil vyolans.

Disip yo ki te tèlman ranpli ak doulè e lapèrèz te pete kouri pou sove lavi yo epi kite li poukont li.

Nan sware sa a, lagad yo te bat Jezi ak frèt kòde ki te plen ak ti pwent fè ladan li. Apre sa, yo te bouche je l' yo. Pandan y'ap fè gwo kout ri, yo te di l' konsa:

---Ey, pwofèt! Chak fwa nou frape w', di nou kimoun ki te fè sa.

Epi yo te ofanse li pandan yo t'ap di l' anpil lòt pawòl sal.

Apre sa, yo te mennen Jezi devan Pilat. Epi se la a yo te kòmanse akize li sou tout kalite krim.

---Nou jwenn nonm sa a ap moute tèt pèt la. L'ap di yo pou yo pa peye Seza lajan taks yo. Li menm rive pretann se Kris la li ye, yon Wa.

Pilat mande Jezi:

---Èske ou se wa jwif yo?

Jezi reponn li: ---Se ou ki di li.

Pilat tounen poze li lòt kesyon ankò. Apre sa, li vire gade foul moun yo byen fache epi li di konsa:

---Nonm sa pa fè anyen ki mal.

Lidè yo di konsa:---Jezi fè tout moun fache. Li kòmanse travay sa a depi nan peyi Galile, li pase nan tout peyi Jide a, li rive jouk isit la.

Lè Pilat tande sa, li mande yo si Jezi se moun Galile.

Sa te bay Pilat yon lide. Li te panse: "Mwen pa vle anchaje m' avèk sa", M'ap voye Jezi bay Ewòd. L'ap gouvène nan vil kote Jezi te fèt la. Ann kite l' deside kisa li dwe fè avèk Jezi.

Ewòd pa t' manke kontan lè li wè Jezi.

---Li di l' konsa: ---fè kèk mirak non.

Men Jezi te rete kanpe debou a byen trankil san di yon mo.

Menm kote a, Ewòd te fatigue. Li menm ansanm avèk solda li yo te fawouche Jezi pandan yon bon bout tan. Konsa, yo te mete gwo rad ble wa sou li, voye l' bay Pilat ankò.

Pilat te koumanse fache avèk lidè relijye yo.

Epi li di yo: ---Mwen pa janm jwenn li koupab.

Konsa: Mwen pral fè yo bat li byen bat, apre sa m'a lage li.

Yo tout pran rele ansanm: ---Non! Touye nonm sa a, lage Barabas ban nou.

Barabas sa a, se te yon nonm ki te nan prizon poutèt lèzam li te pran kont gouvènman an epi pou yon moun li te touye nan lavil la. Pilat menm te vle lage Jezi. Li pale ak foul moun yo ankò.

Men yo rele: ---Kloure l' sou yon kwa! Kloure l' sou yon kwa!

Yo sitèlman rele, Pilat ba yo lenge.

Se konsa Pilat pran desizyon pou l' ba yo sa yo te mande a.

Sòlda yo te retire Jezi nan plas kote li te ye a, epi yo te mete yon kwa byen lou sou do li. Apre sa yo te fè l' pran wout pou ale kote yo te konn krisifye kriminèl yo. Men, Jezi te febli anpil apre tout move tretman sa yo ke li te fin resevwa. Epi li pat kapab chaje kwa a.

Antan sòlda yo t'ap mennen Jezi ale, yo kontre Simon, yon moun peyi Sirèn.

Li te soti nan jaden. Yo di li: --Ey, oumenm! chaje kwa sa a rive jouk Gòlgota.

Finalman, yo te rive Gòlgota, montay krisifiksyon an. Sòlda yo te kloure Jezi sou kwa a epi koke yon pankat ki te di konsa: "SA SE WA JWIF YO".

Apre yo te fin plante kwa a ki te atè a. Doulè Jezi a te ensipòtab.

Yo kloure de kriminèl yo sou de lòt kwa, yonn chak bò li.

Jezi te gade foul moun yo, lidè relijye yo, sòlda yo, ak pèp la epi li di konsa: ---Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y'ap fè.

Youn nan kriminèl yo te kloure sou kwa yo t'ap joure li. Li t'ap di li: ---Se pa ou ki Kris la? Sove tèt ou non, epi sove nou ansanm avè ou tou. Men lòt la reprann li, li di li: ---Gen lè ou pa pè Bondye, ou menm ki anba menm kondannasyon avèk li a?

Pou nou menm se jistis, paske nou resevwa sa nou merite pou krim nou fè. Men li menm, li pa fè anyen.

Epi li di Jezi: ---Sonje m' wi lè wa vin pran gouvènman an nan men ou!

Jezi reponn li avèk lanmou: ---Sa m'ap di ou la, se vre wi: Jòdi a ou pral avè m' nan paradi.

Li te midi konsa lè solèy la sispann klere sou tout peyi a jouk vè twazè nan apremidi.

Jezi rele byen fò, li di: ---Papa, m' ap renmèt lespri mwen nan men ou. Apre l' fin di pawòl sa yo, li te mouri.

Lè kaptenn lame a wè sak te rive, li fè lwanj Bondye, epi li di: Se vre wi. Nonm sa a te inonsan.

Tout moun ki te vini an foul pou asiste espektak sa a te wè sak te rive. Yo tounen al lakay yo, yo t'ap bat lestonmak yo.

Tout zanmi Jezi yo te rete yon ti jan lwen ansanm ak fanm ki t'ap mache avè l' yo depi nan peyi Galile. Yo tout t'ap gade sak t'ap pase. Te gen yon jwif ki te rele Jozèf, moun lavil Arimate. Se te yon bon gason ki te mache dwat devan Bondye.

Li t'ap tan kilè Bondye t'ap vin pran pouvwa a nan men li. Li te fè pati Gran Konsèy jwif yo, men li pa t' dakò ak sa lòt yo te fè ni ak sa yo te deside.

Jozèf al lakay Pilat, li di l' konsa: Tanpri, banm pèmisyon pou m' pran kadav Jezi a pou m' al antere li.

Pilat te reponn li:---Ou mèt pran l'.

Aprè sa, l'al desann kò a sou kwa a, li te pote l al mete nan kavò ki te nan jaden an. Ranpli ak doulè, li te ale lakay li al prepare espès awòm ak pafen pou mete sou kò a. Zanmi l' lan te mouri! Se te jou ki te pi tris nan istwa a!

Aprè w' fini ak istwa a, di timoun yo konsa: Tit istwa bibliik nou an se: "Jou ki pi tris ak bay plis kè kontan nan istwa a". Poukisa nou di ke se te jou ki pi tris? (Paske yon bann mechan te krisifye Jezi, Pitit Bondye a). Poukisa w' panse tou ke nou kapab rele li jou ki bay plis kè kontan? (Paske kounye a nou konnen ke Jezi te soufri epi mouri pou peche nou yo, epi li te resisite twa jou aprè.).

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w' ede timoun yo konprann plan Sali a.

Jezi se SOVÈ nou an

Mande timoun yo:

- ✗ Kisa ki te peche ke moun sa yo te komèt nan istwa bibliik nou sot rakonte la a?
- ✗ Èske Jezi te mouri pou peche sa yo?
- ✗ Èske li ta kapab padone yo si yo te mande l' li?
- ✗ Ki kalite peche moun jodi yo komèt?
- ✗ Èske Jezi te mouri pou peche sa yo? Èske l'ap padone nou si nou mande l' li?

Di yo konsa: Tout moun komèt peche. Li sèten ke nou menm nou pa touye pèsòn, ni anganyan pèsòn pou yo arete epi touye yon moun. Men nou tout te dezobeyi Bondye. Se rezon sa a ki fè ke Jezi te vin sou latè. Li te vini pou montre nou lanmou li epi mouri pou peche nou yo. Nenpòt moun nan mond lan kapab jwenn padon pou bagay ki mal ke l' te fè yo, paske Jezi te mouri pou peche l' yo. Mwen pral rakonte nou kòmman nou kapab resevwa padon an epi vin tounen zanmi Bondye.

Mande timoun yo pou yo konplete aktivite ki nan liv Elèv la (leson 13) epi pou yo ekri etap ke yon moun dwe pase pou li aksepte padon pou peche l' yo: 1) Admèt ke li se pechè: repantans. 2) Kwe avèk lafwa ke Jezi te mouri pou peche l' yo epi Bondye renmen li. 3) Konfese, rakonte lèzòt yo ke Jezi te padone peche l' yo, sa vle di ke li te deja remèt lavi li bay Jezi.

Di yo konsa: Petèt genyen kèk pami nou ki repanti paske li te dezobeyi Bondye epi vle mande pou Jezi vin Sovè li.

Mande timoun yo pou yo bese tèt yo. Chante kèk chan ki pale de repantans, padon pou peche oubyen remisyon nan Kris la.

Aprè sa, di konsa: Si w' vle resevwa Jezi kòm

Sovè w', leve men w'.

Si gen kèk ki aksepte, mande kèk nan sipòtè w' yo pou yo anchaje yo de lòt timoun yo. Epi ou menm ansanm avèk lòt sipòtè w' yo pale epi priye avèk sa yo ki te reponn ak apèl la. Pèmèt ke Bondye dirije w' nan travay sa.

Kwa a

Anvan klas la, fè yon demonstrasyon avèk fòm yon kwa an katon. Avèk modèl sa, kreye yon kwòk avèk yon kwa. Ou dwe te deja genyen li fini pou w montre timoun yo li. Materyèl ke w' dwe pote yo se: papye bristòl oubyen katon koulè mawon, sizo, lakòl, kòd plastik, kreyon, pens, elatriye.

Nan klas la, bay timoun yo enstriksyon sou kòmman pou yo konstwi yon kwa: pran modèl kwa an katon ke w' te reyalize a, desine rebò a nan papye bristòl la, rekoupe li, fè pwent pati siperyè a pou foure kòdon an ladan li epi kapab koke li nan kou l. Ede timoun yo.

Ankouraje yo itilize kwòk la pou ke yo toujou sonje ke Jezi te mouri pou yo.

Memorizasyon

Anvan klas la, ekri vèsè pou aprann nan, an lèt enprime an gran lèt, nan yon papye bristòl ("Jezi sa ke Bondye te resisite, ke nou tout se temwen"). Aprè sa, koupe chak mo, nan yon fòm pou yo chak rete separe, nan mòd devinèt pou monte.

Nan klas la, li vèsè pou aprann nan (Travay 2:32) epi repete li ansanm plizyè fwa. Aprè sa, mete pawòl ke ou te koupe yo nan yon sak. Melanje yo byen. Pèmèt ke chak timoun pran yon pawòl.

Poze kesyon: "Kimoun ki genyen katon avèk mo "Jezi a"? Di vèsè a avèk mwen.

Kite timoun nan di l' poukont li. Aprè sa, mande l' pou l' mete li sou tab la.

Aprè sa, mande: Kimoun ki genyen katon ak mo "temwen an"? Di vèsè a avèk mwen.

Kite li menm tou li di poukont li epi epi mete katon an sou tab la. Chak timoun dwe mete katon pa yo a sou tab la nan plas ki kòrèk la jiskaske li monte vèsè a konplèt, nan fason sa, yo tout ap repete vèsè pou aprann nan.

Pou fini

Fè yon wonn avèk timoun yo. Di yo pou yo mete kolye yo avèk kwa a. Mande pou kèk volontè priye di Bondye mèsi pou lanmou li, dèske li te voye voye Jezi vin mouri sou bwa Kalvè a epi paske li te sove yo.

Ankouraje yo li istwa bibliik la pou kèk nan manm nan fanmi yo epi eksplike yo rezon tit "Jou ki pi tris epi ki bay plis kè kontan nan istwa a". Chante yon kè ki apwopriye.

Jezi te resisite!

Baz biblik: Lik 24:1-12

Objektif lesan an: Ede timoun prime yo pou ke yo konnen ak kwè ke Jezi te mouri epi antere, men ke Bondye te resisite li. Anseye yo ke istwa pak la se pou selebre ke li vivan.

Vèsè pou aprann: *Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a (Travay 2:32).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Konbyen reyèl ak enpresyonan nou kapab fè rezireksyon pou timoun ki genyen lespri yo nan lapen ak ze chokola? Verite a se ke nou pa genyen yon bon repons. Timoun yo pa revele imedyatman lè yon verite esprityèl rive sou yo. Epi anpil fwa nou menm antrenè yo nou pa konprann siyal ke yo te voye ban nou yo.

Kòm antrenè, nou responsab pou nou fè verite biblik yo vin reyèl pou timoun yo; sa se devwa Sentespri a. Objektif nou se prezante verite a avèk fidelite ak pi bon fason ki posib, epi sèten ke Sentespri a pral aplike li.

Pandan w'ap prepare lesan an, konsidere sa rezireksyon an siyifi pou ou. Èske li pote lajwa pou ou, sekirite ak esperans? Èske li ede w' konnen ke w' kapab jwenn viktwa sou peche yo? Èske li ogmante lafwa w' nan Bondye lè w'ap fè fas ak batay chak jou yo?

Ou "anseye" elèv ou yo refleto avèk lavi yo sa w' di avèk pawòl ou yo. Nan menm fason ke w' pale sou rezireksyon an, w'ap gen pou fè yo konnen reyalyte aksyon sa fas avèk yo. Se sa ki fè, menm si w' resevwa endikasyon oubyen non bò kote timoun yo, anseye lesan sa avèk konfyans. Atravè rezireksyon an, w'ap kapab konnen ke Bondye, nan tan li, pral fè verite sa manifeste kòm yon bagay reyèl pou yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Lik 24:1-12

Sekirite rezireksyon Jezi a ap anglobe mesaj Nouvo Testaman an. Premyeman, rezireksyon an, pita, otorite Sentespri a, li menm ki te bay apot yo kapasite pou pote mesaj Bon Nouvèl la. Dezyèmman, pliske rezireksyon an te yon tèm santral nan mesaj apot yo, menm jan sa ye nan Travay yo.

Youn nan evènman plis admirad nan istwa rezireksyon an se ke menm zanmi ki pi pwòch Jezi yo te sanble pat sonje oubyen kwè nan anpil predikasyon sou krisifikasyon ak rezireksyon an

(Lik 9:21-27, 44-45, 18:31-34).

Okontrè, lènmi li yo sonje li trè byen.

Se rezon sa ki fè ke lidè relijye yo te asire yo ke tonbo Jezi a te sele epi pwoteje pa lagad yo jiska twazyèm jou a.

Jou repo a (sabbat) se te jou samdi a; se sa ki fè ke "premye jou" nan semèn nan se te jou dimanch nou an. Plizyè fanm te ale nan tonbo a pou konplete rityèl fineray la, nan plase espès nan rebò dra yo ki te double kò Jezi a.

Kòm nan pi fò okazyon yo kote moun yo te rankontre avèk plizyè bèt vivan ki soti nan syèl yo, medam yo te pantan anpil. Lik pa dekrive de mesye yo kòm zanj, men wi se sa yo te ye. Rad sou yo te "klere" –nan fason sa a rad Jezi yo te dekrive nan istwa transfigirasyon an (Lik 9:29).

Lefèt ke medam yo te premye temwen rezireksyon Jezi a, sa te enpòtan.

Yon teyori kont verite rezireksyon an endike ke se disip yo te envante istwa sa.

Menm konsa, nan tan biblik yo, yo pat konn pèmèt medam yo vin temwen ofisyèl. Si disip yo t'ap trase istwa rezireksyon an, se sèten yo pa t'ap mete medam yo kòm temwen ki te wè yo.

Yon dezyèm evidans kont "gwo teyori" a se ke disip yo pat fin kwè vre ke Jezi te resisite. Lè medam yo te bay enfòmasyon yo a, yo te repouse li kòm yon bagay ki pat gen sans. Menm si Pyè omwen te montre kiryozi, epi ansanm avèk Jan (Jan 20:3-4) te kouri al fè yon koudèy. An patikilye, li te note pozisyon dra a, ki pat sanble yon bagay ke kèk vòlè tonbo te deplase anvan li te pote kò Jezi a ale. Men, menm konsa, Pyè pat kwè; li te sèlman mande kisa ki te pase.

Lik pa bay tout detay yo sou rezireksyon ki andedan Levanjil yo. Li demontre sètitud rezireksyon an. "Li pa isit la, men li te resisite!"

Verite rezireksyon an se sant krisyanis la. Kòmantè biblik ki aplike an anglè a di rezon ki fè ke Kris te resisite pami mò yo:

- ✘ Nou menm kretyen yo nou konnen ke Wayòm syèl yo te kase istwa mond tèrès la. Mond lan ap mache vè redanmsyon li epi non vè dezafinal la.
- ✘ Lanmò a pat kapab avèk li epi nou tout nou genyen esperans rezireksyon an ak lavi ki pap janm fini an avèk Kris.
- ✘ Temwayaj nou nan mond lan genyen otorite.
- ✘ Pi gwo trajedi a-krifikasyon Kris la-te genyen siyifikasyon li. Sa vle di ke nou kapab jwenn siyifikasyon an nan trajedi lavi yo epi genyen esperans pou demen.

- ✘ Nou genyen sekirite de ke Kris la vivan epi l'ap gouvène. Li pa yon lejand; li vivan epi reyèl.
- ✘ Pouvwa Bondye ki te leve Kris la pami mò yo disponib pou ede nou viv yon lavi an viktwa san peche nan mond kòwonpi sa.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

“Jezi te resisite!”

Di konsa: Rekoupe epi monte figi leson 14 nan liv Elèv la. Lè w' fini, relye pwent yo pou w' dekouvri mesaj ki kache a. pote figi yo lakay ou epi montre zanmi ak frè w' yo li.

Rakonte yo istwa rezireksyon Jezi a. W'ap wè konbyen li enpresyonan! Sonje di Bondye mèsi paske nou genyen Jezi ki te leve vivan pami mò yo. Jezi pa ni sou kwa a, ni nan tonbo a! Tout moun ki koute w' kapab konnen Jezi. Ou se disip li epi ou kapab rakonte istwa l' la.

ISTWA BIBLIK

“Li pa isit la, li te resisite!”

Li Lik 24:1-12

Mari Magdalena te di youn nan zanmi l' yo konsa: ---Mwen poko ka kwè l'! --Se tankou yon kochma.

Lòt la te reponn li: --Mwen deja konnen sa.— Poukisa yo touye Jezi nan yon fason tèlman dwòl?

Li te yon dimanch nan maten. Mari Magdala, Mari manman Jak ak plizyè lòt medam ki te renmen Jezi t'ap mache pou ale nan kavò a. Yo te anvi reyini tout detay espesyal ke moun yo te konn reyalize pou pwòch yo ki te mouri. Medam yo te pote plizyè po avèk espès pafen ki santi bon. Yo ta mete pafen yo nan rebò dra ki kouvri kò Kris la.

Pandan medam yo t'ap mache, yo t'ap pale.

Youn ladan yo te mande:--Kòman n'ap fè antre nan kavò Jezi a?

Lòt la te reponn li:--Sa a se yon bon kesyon!

Yon twazyèm te reponn:--Nou gen rezon wi! Lidè tanp yo te mete yon gwo wòch pou bouche antre kavò a epi yo sele li. Epi kounye a yo genyen sòlda k'ap siveye li. Petèt se menm sòlda sa yo k'ap ede nou woule wòch la.

Youn nan medam yo te rele byen fò: --Gade! -- Wòch la te woule. Kavò a te debouche!

Byen vit, medam yo te antre nan kavò a.

Jezi pat la!

--Youn t'ap mande lòt—Ki kote kò Jezi a ye. Kisa ki te pase menm? Kimoun ki ale avèk li?

Nan moman sa, medam yo te wè de mesye ki te parèt devan yo. Men sa yo se pat moun ki te nòmal yo te ye. Rad ki te sou yo te klere tankou zèklè. Se zanj yo te ye.

Medam yo te tonbe ajenou, byen pè.

--Zanj yo te mande: ---Li pa isit la, li te resisite. Èske nou pa sonje sa Jezi te di anvan li mouri?

Moun Bondye voye nan lachè a gen pou tonbe anba men pechè yo; yo gen pou yo kloure l' sou yon kwa. Men, sou twa jou l'ap leve soti vivan ankò. Pandan zanj lan t'ap pale, medam yo te kòmanse sonje pawòl Jezi yo. Byen, yo te byen kontan epi kouri al kote disip Jezi yo te ye a.

--Yo te di byen sezi:---Wòch la te woule, tonm nan te vid! De zanj te di nou ke Jezi vivan, menm jan li te deja di l' anvan an!

Disip yo te di konsa: --Sa pa gen sans!.

Yo te wè lè Jezi te mouri sou kwa a anba gwo doulè. Yo te wè lè Jozèf, nonm lavil Arimate a t'ap mete kò Jezi nan kavò a. Yo pat sonje pawòl Mèt la te di yo sou koze rezireksyon an. Se sa ki fè, yo pat kwè medam yo.

Pyè te vle wè ak pwòp je li. Li te kouri al nan kavò a. Li te bese, li te wè kavò a ouvè epi li te wè dra ki te vlope kò Jezi a.

Te genyen yon bagay etranj la. Pyè te souke tèt li, li te deplase epi ale kot disip yo. Li t'ap mande: “kisa ki do te pase la menm? Èske sa ta posib pou ke Jezi ta vivan?”

Lè istwa fini, mande timoun yo:

- ✘ Ki mirak Bondye te fè nan maten Pak la? (Li te fè Jezi viv ankò).
- ✘ Kimoun sa yo ki te kwè nan bon nouvèl ke Jezi te vivan an? (Nan kòmansman, pèsòn pat kwè, pita, se medam yo ki te kwè).
- ✘ Poukisa nou kwè ke istwa rezireksyon an se sa ki pi enpòtan pou krisyanis la?

Koute repons timoun yo avèk anpil atansyon. Li posib pou kèk pami yo konprann yon bagay sou sa. Di konsa: istwa jodi a se pi bon istwa nan tout Bib la. Krisyanis la se sèl relijyon ke lidè li, Jezi, te leve vivan pami mò yo epi Jodi a l'ap viv nan syèl la. Epi dèske Jezi te resisite, nou menm kretyen yo nou konnen ke pouvwa Bondye a pi gwo pase nanpòt lòt bagay. Nou menm kretyen yo nou konnen ke lè nou mouri na viv ankò epi nou va ansanm avèk Bondye ak Jezi nan syèl la.

Sa se bon nouvèl rezireksyon an!

AKTIVITE YO

Ann sonje sèn yo ansanm ak kavo vid la (dramatizasyon)

Chwazi plizyè timoun ki pou reprezante diferan pèsonaj istwa rezireksyon an. Aktè yo: 3 medam yo, Pyè, twa oubyen kat sòlda yo, de zanj yo, plizyè disip.

Prepare yon dyalòg byen kout depi davans ant tout pèsonaj yo pou nou fè yon reprezantasyon jou rezireksyon an. Ou kapab ajoute plis pèsonaj jan Levanjil yo endike l' la. Sèvi ak entelijans ou pou w' kreye kavo a avèk wòch woule a.

Konvenk Pyè

Di konsa: Ann fè pòz ke nou rankontre avèk Pyè k'ap tounen lè li te soti nan kavo vid la. Pyè twouble anpil pou sa li te wè a. Kisa nou ta di Pyè (avèk pwòp pawòl nou yo) pou nou ede li rekonèt epi kwè nan gwo nouvèl ke Jezi vivan an? Kòman nou kapab konvenk li?

Chwazi yon timoun ki pou jwe wòl Pyè a epi rès klas la, avèk kè kontan, ap ba li bon nouvèl la

epi eseye konvenk li ke se verite. Pyè pral plenyen epi ap di ke sa yo rakonte l' la se pa vre. Alafen, yon timoun kapab vin parèt ak yon wòb blan sou li byen sanble ak Jezi, se pou li salye Pyè ak tout moun ki te rasanble yo.

Memorizasyon

Ekri vèsè pou aprann nan byen gaye sou tablo a. Pa egzanp: "Bondye soti leve sa a vivan fè Jezi...". Apre yo fin aprann li, pèmèt timoun yo pase youn pa youn pou y'al ekri tèks la kòrèk epi nan lòd sou tablo a.

Pou fini

Ou dwe sèten ke timoun yo konprann vrè siyifikasyon rezireksyon an. Di Seyè a mèsè pou li, paske lanmò te pèdi batay.

Montre yo dyalòg sa, sou fòm "salitasyon Pak oubyen rezireksyon":

Mèt: --Seyè a te resisite!

Elèv yo: --Vrèman, li te resisite!

Apre sa, yo chak dwe di orevwa avèk menm salitasyon an.

Leson 15

Jezi se Sovè nou an

Baz biblik: Mak 16:15-16, 19-20; Lik 24:36-53

Objektif leson an: Se pou timoun prime yo konnen ke disip Jezi te wè lè l' t'ap retounen nan syèl la apre Bondye te fin leve li pami mò yo.

Vèsè pou aprann: *Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a (Travay 2:32).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pou ki rezon nou investi tout tan sa yo ap mete aksan sou rezireksyon Jezi a, avèk timoun prime yo? Paske timoun ki nan premye ak dezyèm ane yo ap grandi nan yon mond ki fokis sou akseptasyon chak kwayans relijye kòm yon bagay ki kòrèk. Konsèp sa devwale sou plizyè fòm: "Mwen kwè ke plizyè relijyon diferan yo se bon mannyè pou rive devan Bondye". Gen anpil lòt ki di konsa: "Krisyanis la bon pou kretyen yo, men lòt relijyon yo bon tou". Epi genyen lòt k'ap mande: Kilès mwen ye pou m' di ke se sèl relijyon pa m' nan ki kòrèk?"

Akoz de klima espirityèl sa, li pa janm twò bone pou nou anseye timoun yo verite vital sou

krisifikasyon, rezireksyon ak asansyon Jezi a.

Premyeman, timoun yo dwe konnen ke se sèlman kretyen yo ki genyen yon Seyè ki resisite epi ki vivan.

Dezyèmman, yo dwe konprann ke menm si pa ansanm avèk nou nan lachè, totalman li avèk nou pa mwayen Sentespri a. Li toujou kontinye travay atravè lavi nou.

Epi finalman, nou vle pou timoun yo kòmanse ap preokipe yo pou moun yo, genyen kèk nan moun sa yo --ki pa kwè nan Jezi ki sensè. Yo pral peri pou toutan, a mwens ke yon moun ede yo konnen Kris epi resevwa l' kòm Sovè.

Li posib pou timoun primè yo la oubyen pare pou temwaye Kris devan zanmi yo ki pa kretyen. Menm konsa, aprann avèk apwofondi konsèp fondamantal lafwa a, pandan yo tou piti, l'ap ede yo fòme lavi kretyèn yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Pasaj biblik ke nou konsidere yo pale sou "final yo", paske yo pale sou dènye jou Jezi yo sou latè anvan li asansyon li, yo pale de "kòmansman" nouvo wayòm Bondye a sou late ak evanjelizasyon mond lan.

Li Lik 24: 36-43. Evènman sa yo ki nan pasaj sa a, te pase dimanch lannwit rezireksyon an. Epi menm si te genyen plizyè nimewo ak plizyè kalite rapò sou sa, disip yo te doute fò ke Jezi te vivan. Petèt dout sa yo te kòmanse ap soti anmezi yo t'ap

tande enfòmasyon mesye ki te sou wout Emayis yo (Lik 24:13-35); sepandan, menm konsa, tout dout yo potko fin pase.

Pandan disip yo t'ap fè diskisyon sou rapò Emayis la, Jezi te parèt sou yo sanzatan.

Jan rakonte nou ke yo te andedan yon kay epi fèmèn pòt la avèk kle (20:19). Se sa ki fè, se klè ke Jezi te antre nan yon lòt fason ki pat nòmal. Nan kò resisite l' la, Jezi te lib de limitasyon tèrès yo.

Li te ofri dives prèv pou li te demontre ke li pat yon lespri. Li te pèmèt yo touche kò li-li menm ki Lib yen solid, se te vyann moun-epi li te kite yo obsève blesi li yo.

Li te manje yon bagay tou, yon bagay ke yon lespri pa ta kapab fè. Finalman, sanble ke disip yo te vin dakò.

Li Lik 24:44-49 ak Mak 16:15-16. Evènman ke Lik mansyone yo te pase aprè rezireksyon an.

Nou konnen atravè Travay 1:3, ke Jezi te rete sou late pandan 40 jou anplis. Pandan tan sa a, li te parèt devan disip li yo ak lòt moun ankò nan plizyè okazyon.

Jan tèks la endike l' la, Jezi te enstwi disip li yo nan ansèyman Ansyen Testaman sou Sovè a, pandan li t'ap ede yo konprann ke se li menm ki te akonplisman pwofesi sa yo. Sa ki te pi klè se te aksan ke Jezi te mete sou verite krisifiksyon ak rezireksyon an. Evènman istorik sa yo se sant predikasyon apot yo nan liv Travay.

Ni Lik, ni Mak, yo te pale de mesaj ke Jezi te vle pou disip li yo te preche a, men yo te fè apwòch sou plizyè lide diferan. Lik te pale osijè de repantans ak padon pou peche atravè Jezikris. Mak te mete aksan sou nesosite pou kwè nan Jezi. An mezi ke disip yo t'ap rann yo kont ke kwè nan Jezi a se pat yon bagay ki fasil; men li te espi rete enpòtan pou delivrans lan.

Li Lik 24:50-53 ak Mak 16:19-20. Dènye moman yo ke Mèt la te pase sou tè sa a, li te pase yo akonpanye avèk gwo soufrans ak triyonf. Antre triyonfal la, benediksyon timoun yo, rezireksyon Laza a, Jetsemani ak krisifiksyon an, lanmò ak rezireksyon, tout te pase nan Jerizalèm ak nan ti vil tou prè yo.

Pandan Jezi t'ap prepare li pou l' te kite tè sa, li te afime pwomès Sentespri a. Disip yo te jwenn otorite pa li menm, yo ta pote mesaj krisifiksyon, rezireksyon ak asansyon Seyè a bay tout moun epi bay tout moun ki kwè epi aksepte li kòm Sovè yo lavi ki pap janm fini an.

DEVLOPMAN LESON AN

Fè yon ti souri lè w'ap akeyi elèv ou yo. Ou dwe pou sal klas la byen pwòp epi byen ranje la yo rive. Plase kèk pou flè sou tab la.

Anvan w' antre nan sijè jodi a, revize de leson anvan yo byen vit epi mande elèv ou yo pou yo bay kèk egzanp sou fason yo te rete fidèl ak Bondye pandan semèn sa a. Ou menm tou ou kapab rakonte pwòp eksperyans ou yo avèk Seyè a.

Èske nou sonje klas pase a?

Anvan klas la, prepare de moso papyè bristòl ak plizyè fraz ki genyen evènman ki te pase nan kavo vid yo, pandan w'ap baze sou Lik 24:1-12. Pa egzanp:

1. Disip 1.t e ranpli ak lajwa paske Jezi te resisite.
2. Disip 2.t e tris paske Jezi te mouri.
3. Disip 3.t e tris paske yo te vòlò kò Jezi a.
4. Medam 4.t e kwè nan Bon Nouvèl la, men disip yo non.
5. Pèsòn pat kwè ke Jezi te resisite.
6. Konbyen medam ki t'ale nan kavo a?
7. Te genyen yon gwo wòch ki 7. bouch kavo a.
8. Konbye mesye ki te parèt ak rad kle a sou yo?
9. Èske medam yo se a 3 zè nan aprèmidi yo t'al nan kavo a?
10. Kimoun ki te kouri antre andedan kavo a?

Divize klas la fè de ti gwoup epi remèt yo chak senk kesyon. Òganize yon konpetisyon ant de gwoup yo pou wè kimoun sa yo ki sonje istwa klas pase a pi byen. Gwoup ki reponn pi fò kesyon yo kapab resevwa yon prim.

Mo enpòtan yo

Ekri mo enpòtan leson sa yo nan gwo kat: nan yon bò ekri mo "asansyon" epi nan yon lòt ekri siyifikasyon li: Apre Seyè Jezi te fin pale ak yo konsa, li moute nan syèl, li al chita sou bò dwat Bondye (Mak 16:19). "Temwen": Moun ki te wè yon aksyon oubyen yon evènman. Disip yo te wè asansyon Jezi a pou syèl la. Yo te dwe kontinye rakonte tout moun sa ke yo te wè ak aprann nan men Mèt la. Se poutèt sa, kounye a nou kapab adore Seyè a, paske lòt moun te rakonte nou bèl istwa asansyon an.

Kache kat yo nan sal la. Mande timoun yo pou yo chèche yo. Lè yo jwenn yo, yo dwe li yo (petèt avèk èd ou) epi di sa chak mo siyifi. Apre sa, yo kapab chwazi lòt timoun pou yo bay kat la, epi konsa youn apre lòt jiskaske yo tout rive li pawòl yo ak siyifikasyon yo.

ISTWA BIBLIK

Ki kote Jezi ye?

Li Mak 16:15-16; 19-20 ak Lik 24:36-53.

Nan yon chanm kay fèmen avèk kle, nan lavil Jeziralèm, disip Jezi yo ak zanmi yo te chita ap diskite.

Yo te byen pè epi, artiste, konfonn epi an menm tan kontan. De nan nouvo disip Jezi yo te kouri antre nan salon Emayis sa.

---Yo tout t'ap rele di:---Jezi vivan! Li te mache avèk nou nan tout wout Emayis la, men nou pat konnen kilès li te ye. Apre sa nou envite l' soupe avèk nou. Pandan nou te mande l' pou li te priye, finalman nou te rekonèt li. Jezi vivan!

---Disip yo te reponn di:---se pa vre. Jezi te mouri. Nou te wè l' te mouri a. Moun ki mouri depi twa jou pa konn resisite!

--De mesye yo te ensiste:---Men se vre.

Anplis de sa li te fè Simon wè li.

Pandan yo te kontinye ak dyalòg sa a, Jezi te parèt sou yo nan chanm nan. Li di yo:---Lapè avèk nou.

Kèk pami yo te di: --Li se yon lespri!

Yo tout t'ap tranble avèk lapèrèz.

Jezi te di yo: --- Poukisa nou pè konsa? Pouki tout lide sa yo nan tèt nou?

Gade men m' ak pye m' yo. Se mwen menm wi. Nou mèt manyen m'. Gade m' byen: yon lespri pa gen vyann ak zo jan nou wè m' genyen an.

Finalman, disip yo te oblije kwè nan Bon Nouvèl la. Li pat yon lespri. Se te Jezi, epi reyèlman li te vivan!

Nan pwochen 40 jou yo, Mèt la te parèt sou disip yo nan plizyè okazyon. Li te pale yo de tout bagay ki te pase yo. Li te anseye yo sou mesaj Ansyen Testaman yo ki pale de krisifiksyon ak rezireksyon li, epi li te kòmanse pale ak zanmi l' yo sou misyon enpòtan ke l' te vle yo reyalize.

--Jezi di konsa: --Nou te wè tout sa ki te rive mwen. Kounye a, mwen vle pou n'ale nan tout mond lan epi preche Bon Nouvèl la bay tout moun. Di moun yo ke si yo abandone peche yo y'ap jwenn padon. Moun ki kwè nan mwen ap sove. Men, sa yo ki refize kwè nan mwen, yo pap sove.

--Apot yo t'ap poze kesyon ant yo menm:--èske nou dwe kòmanse epi kwè kounye a menm?

Jezi te reponn kesyon yo a byen vit.

40 jou yo 4 0pase byen rapid. Kòm disip yo de anvè ansanm ak Jezi yon fwa ankò! Konsa, yon jou, li te ale avèk yo yon kote espesyal nan Mòn Oliv yo. Epi pandan li te leve men li pou mande Papa a benediksyon.

Pandan li t'ap pale a, li te kòmanse monte nan syèl. Epi nan yon ti tan li te disparèt. Disip yo pat janm tounen wè l' ankò sou tè sa.

Èske yo te tris? Petèt yon ti kras, menm jan ak lè yon moun nou renmen ale kite nou. Men tou disip yo te ranpli avèk kè kontan. Jezi te vivan! Byento li t'ap vin voye Sentespri a pou l' te ansanm avèk yo pou toutan. Epi sa ki te pi enpòtan se: disip yo te genyen yon misyon pou akonpli.

Yo ted we di tout moun ke Jezi te vivan epi li ta padone tout peche yo si yo te mande li.

AKTIVITE YO

"Jezi vivan!"

Rekoupe epi monte figi leson 15 ki nan liv Elèv la. Lè w' fin monte li, rakonte antrenè ak zanmi w' yo istwa asansyon an. Eseye fè l' lakay ou epi avèk zanmi lekòl ou yo.

Sonje di mèsè paske Jezi t'ale nan syèl epi li chita ansanm ak Papa li.

Mwen vle pale lòt yo de Jezi!

Anseye timoun yo pou yo pratike fòm natirèl pou vin temwen epi rakonte fanmi ak zanmi yo sou Jezi, Sovè a.

Kisa w' ta di yo? Kòman w' ta di yo li?

1. Yon zanmi mande w' poukisa w' pa kapab ale nan yon pak divèsyon avèk li ledimanch.
2. Yon zanmi remake ke w' genyen yon Bib oubyen Nouvo Testaman ke w' renmen li epi mande w' poukisa w' li l'.
3. Gran oubyen gran papa ou yo pa kretyen. Gade desen w' yo ak atizana avèk tèks bibliki yo epi vle konnen siyifikasyon li.
4. Yon zanmi lekòl ou di w' ke piga w' kwè nan Bondye.
5. Yo te fè w' kado yon kasèt oubyen CD mizik kretyen ak zanmi w' yo mande ou ki kalite mizik li ye.

Memorizasyon

Ekri tèks pou aprann nan devan dèyè nan tablo a. Mande pou kèk volontè pase epi ekri li ankò, men fwa sa a se nan lòd kòrèk.

Pou fini

Envite timoun yo priye. Mande yo: èske nou konnen yon moun ki poko konnen Jezi?

Pèmèt ke timoun yo site plizyè moun ke yo rekonèt, zanmi, oubyen fanmi yo. Apre sa, divize timoun yo pa de.

Chak timoun ap priye pou fanmi oubyen zanmi lòt ki poko konnen Jezi a. Ankouraje timoun piti yo anonse ke Jezi te resisite epi kounye a l'ap viv bò kote Papa a.

Fini avèk yon priyè pou non timoun yo te site yo epi mande Seyè a pou l' fè yo brav pou yo vin disip Jezi, jan disip yo te ye a.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite V

10 RÈG KI PI ENPÒTAN YO

Baz bibliik: Egzòd 19:1–20:21; 24:12–18; 32:1–33:6; 34:1–14; 1 Samyèl 17:12–20; 22:1–4; 1 Samyèl 24; Matye 5:21–22, 43–45; 2 Wa 5:13–27; 1 Wa 21:1–29.

Tèks inite a: *Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a (Detewonòm 27:10).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✗ Konnen règ yo ke Bondye te kite pou nou viv avèk sajès. Pran swen panse yo.
- ✗ Respekte ak renmen paran yo.
- ✗ Konnen ke manti a pote move konsekans.
- ✗ Konprann ke Bondye toujou nan premye plas la.

Leson inite a

- Leson 16:** Règ pou viv avèk sajès
- Leson 17:** Bondye dwe nan premye plas la
- Leson 18:** Ann onore paran nou yo
- Leson 19:** Fè atansyon ak panse w' yo
- Leson 20:** Vòlò ak bay manti pote konsekans
- Leson 21:** Lanbisyon an danjere

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Timoun prime yo kapab kapte, menm nan laj byen bone, ke Bib la se yon liv pou viv li; se pa yon istwa ki pale de yon Bondye ki t'ap viv depi plizyè mil ane epi sèlman te yon gwo liv epi difisil pou konprann.

Se konsa, li enpòtan pou w' fè yo konnen ke kòmandman ak règ ke Bondye te kite pou lòm yo te entèdiksyon yon moun ki vle limite libète li e menm lajwa li. Règ sa yo se pou evite li soufrans yo epi pou ke lavi li fonksyone an pè ak amoni.

L'ap bon pou w' montre yo, ak patisipasyon pwòp elèv yo, pri ke moun sa yo ki vyole dispozisyon ke Bondye te etabli yo dwe peye.

Règ pou viv avèk sajès

Baz biblik: Egzòd 19:1-20:21

Objektif lesan an: Anseye timoun yo enpòtans obeyi Dis kòmandman yo ke Bondye te bay pèp Izrayèl la, pèp li te chwazi a, aprann viv konsa.

Vèsè pou aprann: *Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a* (Detewonòm 27:10).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo dwe konnen enpòtans Dis kòmandman yo. Yo bezwen rezon ki te fè Bondye te bay izrayelit yo, men sa ki enpòtan se pou yo konnen enpòtans vital ke kòmandman sa yo genyen pou lavi yo.

Timoun nan klas ou yo ap grandi nan yon mond ki byen diferan ak mond ke w' te grandi a. Yo te tandè moun ap di, pa egzanp, chak moun chwazi sa li wè ki sanble bon pou lavi li. Yo di yo ke li endispansab pou w' gen tolerans —ki vle di konsantman ak akseptasyon—pou tout relijyon ak kwayans yo.

Dis kòmandman yo transmèt yon mesaj ki diferan bay timoun yo, paske li di yo ke Bondye te mete règ pou yo kapab viv kòrèkteman, ke li atann genyen premye plas nan lavi yo, epi yo dwe trete lèzòt yo avèk respè, jan li menm li fè l' la.

Lè timoun yo kòmanse etid sis lesyon sa yo, se pou yo fè referans ak dis règ ke Bondye te etabli yo, kòmanse konprann ke respè pou Bondye ak pwochen yo pa genyen yon desizyon pèsònèlmen pito li te fèt nan yon relasyon lanmou ak Kreyatè a. Bondye pa vle pou yo akonpli avèk règ yo atravè oubyen kòm yon objektif nan li menm. Okontrè, timoun yo, menm jan avèk nou tout, y'ap obeyi Dis kòmandman yo paske yo renmen Seyè a epi vle viv nan fòm ke li anseye yo fè l' la.

KÒMANTÈ BIBLIK

Lè m' te timoun mwen te kwè ke paran m' yo te etabli kèk règ byen detèmine pou m' te fè, konsa, mwen te obeyi yo pou m' te ka fè yo plezi; mwen pat vle pou yo te fache avèk mwen.

An mezi ke mwen t'ap grandi, mwen te rive konprann ke paran m' yo pat egzije mwen règ sa yo yon fason pou yo te kontwole mwen, men pito se te pou gide ak pwoteje mwen. Mwen te

konprann ke règ sa yo te reflekte lanmou yo pou mwen. Avèk letan, mwen te rann mwen kont ke yo te bay moun ke mwen ye a fòm ak relasyon mwen genyen avèk yo a. Kounye a, antan ke granmoun, manman m' se youn nan pi bon zanmi m' yo, e mwen konnen ke m' kapab fè papa m' konfyans.

Lè Bondye te dikte Dis kòmandman yo nan Mòn Sinayi a, li t'ap montre lanmou yon papa ki vle gide piti li yo. Izrayelit yo te viv plizyè santèn ane nan esklavaj, sa te lakòz ke yo pat kapab pran okenn desizyon poukont yo, men pito yo t'ap pratike anpil lwa ak mès mèt yo, ejipsyen yo. Yo pat pare pou yo te pèp ke Bondye ta vle siyen kontra a, se poutèt sa, yo te bezwen aprann kisa sa vle di viv nan relasyon avèk yon Bondye ki sen epi viv apa pou li.

Dis kòmandman yo se te rezilta lanmou, yon pati nan pwomès ke Bondye te fè pèp li a. Ki pwomès sa te ye? Ke li ta vin Bondye yo epi yo menm ta vin pèp obeyisan li a. An mezi ke izrayelit yo t'ap viv nan yon bon relasyon ak Bondye, pandan yo t'ap obeyi règ li yo, li ta ba yo lanmou, direksyon ak pwoteksyon li, epi li ta vin chanje yo kòm yon gwo nasyon.

Nou menm tou, kòm kretyen, nou se yon pèp ki sen epi aple pou viv yon lavi ki sen epi konplètman apa pou Bondye. Dis kòmandman yo te sèvi izrayelit kòm bousòl lè yo t'ap traverse dezè a, epi apre sa yo te vin transfòmè an yon nasyon ki te genyen pwòp tè pa yo. Se menm kòmandman sa yo k'ap gide nou menm kretyen yo pou nou viv nan mond jodi a avèk ladwati. Kat premye yo di nou kòman pou nou viv yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye. Sis dènye yo endike nou fason nou dwe etabli relasyon nou avèk frè parèy nou yo. Nan yon mond kote ke, jeneralman, yo konsidere ke atake règ yo depann de desizyon pèsònèl chak moun, nou gen sekirite ak libète ki fè nou konnen sa Bondye ap atann de nou.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou lesan sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfò sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou w' kapte atansyon elèv ou yo.

Depi davans, prepare yon tablo afich la byen gwo avèk Dis Kòmandman yo ladan li. W'ap sèvi avèk li pandan tout inite V lan. Ou kapab ekri chak kòmandman avèk yon plan ki diferan pou w' kapab fè li parèt pi klè.

Dis règ fou yo

Di konsa: Ann gade si nou kapab devine yon nimewo ke mwen genyen nan lespri m' epi ki gen pou wè avèk lesan jodi a.

Pandan w'ap bay yo ti poul sa yo, youn pa youn, pèmèt yo bay repons yo nan yon fason ki volontè.

1. Se yon nimewo ki nan Bib la, nan Ansyen Testaman.
2. Li plase ant 1 ak 12.
3. Li genyen nimewo "1" ladan li.
4. Li plase anvan "12" epi apre "8".

Lè timoun yo fin devine nimewo 10 la, fè yo konpliman epi, pou kontinye, di yo konsa: nan leson jodi a, nimewo sa gen pou wè ak règ (oubyen regleman). Sa vle di kounye a ann al jwe pandan nou pran envante kèk règ ki byen fou. Nou va rele yo: "Dis règ ki pi fou nan mond lan".

Ou kapab sigjere yo kèk egzanz tankou: "Pa janm manje chokola" oubyen nenpòt lòt règ ki komik. Elèv yo kapab ilistre yo tou, menm jan ak kèk ki bon. An mezi ke timoun yo ap envante etap yo, w'ap plase yo nan katèl oubyen tablo a. Elèv yo kapab ilistre yo tou.

Aprè etap sa fin konkli, poze yo kesyon: kounye a nou sot jwe, kisa nou remake ki gen pou wè avèk leson bibliik nou an pou jodi a?

Pèmèt ke timoun yo reponn.

Sa se moman pou w' montre tablo afich la avèk Dis Kòmandman yo, epi li sa yo chak di. Aprè sa, pwopoze timoun yo refleksyon sa a: èske nou kwè ke règ fou nou yo ap sèvi nou yon bagay? Asireman non, men sa fè anpil tan, Bondye te bay 10 bon règ ki te rele Dis Kòmandman yo. Pandan sis pwochen semèn yo, nou pral etidye rezon ki fè Dis Kòmandman sa yo tèlman enpòtan.

Pou fè kisa Pou sa yo sèvi?

Mande timoun yo pou yo chita oubyen kanpe sou fòm yon wonn, avèk ou menm tou, epi pase yon ti wòch ki byen swa men nan men. Lè w' di: "Dis kòmandman yo", timoun ki genyen ti wòch la nan men yo a sispann pase li, epi w'ap di: Rakonte kèk bagay sou règ ki genyen lakay ou. Kite timoun nan eksplike kèk règ ki genyen lakay li. Aprè sa, mande li: Pouki rezon ou kwè ke papa w' (oswa manman, oubyen paran w' yo, dapre ka a) yo te mete règ sa? Kontinye avèk jwèt la, lè w'ap pèmèt tout timoun yo patisipe kote ti wòch la va rete nan men yo epi konsa yo va rive pale osijè de kèk règ ki etabli nan pwòp fwaye yo.

Finalman, w'ap sispann pase ti wòch la lè li rive nan men w' epi w'ap di: Paran nou yo te etabli règ pou nou te akonpli. Avèk yo n'ap viv ak plis sekirite epi n'ap aprann osijè de lavi. Bondye genyen 10 règ espesyal jan li vle pou pèp li a viv. Histwa bibliik sa jodi a pale sou 10 règ enpòtan sa yo. Kimoun ki konnen kòman yo rele? (Dis Kòmandman yo).

ISTWA BIBLIK

Izrayelit yo te mòn nan ki te devan yo a, li te wo anpil! Yo te pase twa mwa konpèt ap vwayaje lòt bò a.

--Moyiz di yo konsa: ---Nou mèt kanpe la, n'ap rete la pou yon tan.

Bondye te mennen izrayelit yo nan montay sa. Li te renmen yo epi ede yo chape kite peyi Lejip, kote se esklav yo te ye. Li te fann lanmè a pou l' te ka fè yo chape devan lame Farawon an. Li te bay yo manje ak dlo pandan yo t'ap travèse dezè a. Kounye a, li te prepare l' pou li montre pèp la lanmou linan yon fason ki tou nèf.

Pandan yo te kanpe anba mòn nan, Moyiz te pale ak Bondye. Li te di l' konsa:

---Koulye a menm, si nou koute sa mwen di nou, si nou kenbe kontra mwen an, se nou menm m'ap chwazi pou moun pa m' nan mitan tout pèp ki sou latè. Tout latè se pou mwen, se vre.

Moyiz te retounen kote pèp la epi kominike yo sa Bondye te di l' la.

Tout pèp la reponn ansanm, yo di: ---N'a fè tou sa Seyè a di nou fè.

Moyiz te retounen sou montay la epi Bondye te di l' konsa:

---Seyè a di Moyiz: -- Se pou yo byen benyen epi lave rad yo. Nan twazyèm jou a, m'ap vini pou m' pale avèk ou. Pèp la va koute mwen, epi yo va konnen ke yo kapab konte sou ou kòm lidè, paske se mwen menm ki te chwazi w'.

Men ou dwe fè yo rete byen lwen montay la, paske li sen. Yo pa kapab touche l'. Moyiz ak pèp la te obeyi Bondye epi yo te prepare yo. Sou twazyèm jou a vre, nan granm maten, loraj t'ap gwonde sou mòn lan. Te gen zèklè ak yon gwo nwaj byen pwès sou mòn lan tou. Yon twonpèt t'ap kònen byen fò.

Tout moun t'ap tranble kou fèy bwa kote yo te ye a, sitelman yo te pè. Moyiz fè pèp la soti kote yo te moute tant yo a pou y al kontre Bondye. Yo rete nan pye mòn lan.

Pandan moun yo te rete ap tan konsa, lite bay Moyiz 10 enpòtan yo pou yo te akonpli yo.

Règ sa yo se Dis Kòmandman yo, atravè yo menm Bondye ta montre pèp li a kòman pou l'viv.

Kat premye Kòmandman yo endike pèp la kijan nou dwe onore ak respekte Bondye.

"Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm sèlman".

Pèp Bondye a pat dwe renmen ni adore okenn lòt bagay ke li menm, sèl vrè Bondye a.

"Piga nou janm fè ankenn estati ni ankenn pòtre". Bondye te di pèp li a pou l'pat fè okenn imaj oubyen eskilti.

"Piga nou sèvi mal ak non Seyè a, Bondye nou

an". Pèp Bondye a te dwe itilize non li sèlman nan yon fason ki te demontre lanmou ak respè anvè li menm.

"Toujou chonje jou repo a pou nou mete l' apa pou mwen".

Sa se te jou espesyal Seyè a, epi pèp la te dwe mete Bondye nan premye plas, pandan yo te dwe chwazi jou sa pou yo te adore li epi repoze.

Sis dènye Kòmandman yo anseye kòman nou dwe trete lòt moun yo, oubyen pwochen nou.

"Respekte manman nou ak papa nou". Bondye te vle pou pèp li a te obeyi paran yo.

"Piga nou touye moun".

"Piga nou fè adiltè". Pèp Bondye a te akonpli pwomès matrimonyal yo. Se poutèt sa, yon fanm ki te deja marye pat kapab fè lanmou avèk yon lòt gason. Nan menm faso nan tou, okenn gason ki marye pat gen dwa antre nan yon relasyon santimantal (sa vle di, lanmou) avèk lòt fanm ki pat madanm li. Mari yo te dwe rete fidèl youn avèk lòt. Sa a se pa komèt adiltè.

"Piga nou pran sa ki pa pou nou".

"Piga nou bay manti sou frè parèy nou". Pèp Bondye a pat dwe bay manti.

"Piga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou". Bondye pat vle pou pèp li a te anvi bagay ke lòt moun posede.

Men, moun yo te pè jiskaprezan! Bondye te sanble tèlman fò ak pwisan!

Moyiz te reponn pèp la: "Nou pa bezwen pè".

Li te konnen ke Bondye t'ap bay pèp la règ sa yo paske li te renmen yo epi li te vle pou pèp li a, alafwa, renmen li. Dis Kòmandman yo ta ede izrayelit yo viv kòm pèp espesyal Bondye. Yo se 10 bon fason pou renmen ak obeyi Kreyatè a.

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w' kapte atansyon timoun primè yo nan tèm etid la.

Machin Dis Kòmandman yo

Anvan klas la, li epi prepare pwòp machin ou pou ke w' kapab gidè timoun yo monte pa yo a. Sa se yon atizana ki fèt ak plizyè pyès. Nan klas la, timoun yo ap monte machin yo a avèk èd ou. Pandan ke y'ap travay anba direksyon ou, w'ap kapab revize rezon ki fè ke Bondye te bay izrayelit yo Dis Kòmandman yo. Poze timoun yo kesyon: Poukisa nou menm nou kwè ke li enpòtan pou nou obeyi règ Bondye te etabli nan kòmandman li yo?

Konseye timoun yo pou yo pote machin yo lakay yo epi sèvi avèk yo pou sonje ke pou yo viv kòrèkteman, nou dwe obeyi kòmandman Bondye

yo. Ankouraje yo aprann Dis Kòmandman de memwa.

Wòch plat yo

Depi davans, prepare yon pat pou fè modèl. Distribye yon moso pat bay chak timoun (gade resèt ki nan premye paj liv ou a), yon fèy papye fèmèn ak yon kwi dan. Eksplike yo ke Bondye te chanje Dis Kòmandman yo an de moso wòch ki rele "wòch plat". Endike timoun yo pou yo fè de modèl wòch avèk pat la epi ekri nimewo 10 nan yo chak. Ou kapab pote yon figi pou w' montre yo kòman wòch plat yo te ye. Itilize yon makè ki vèsè byen pou w'dekrive non chak timoun, epi mete yo yon kote ki ansekirite.

Di timoun yo konsa ke semèn pwochen, yon fwa yo fin sèk, y'ap kapab pote li lakay yo. Nan rès tan an, poze yo kesyon sou Dis Kòmandman yo, tankou pa egzanp:

- ✗ Kisa Bondye t'ap atann de izrayelit yo lè li te ba yo Dis Kòmandman? (Aprann yo epi Akonpli yo).
- ✗ Poukisa li tèlman enpòtan pou nou obeyi kòmandman Bondye yo? (Paske y'ap ede nou viv jan Bondye vle a epi demontre lanmou nou pou li).
- ✗ Nan ki fason nou ta kapab akonpli kòmandman yo semèn sa?

An mezi ke timoun yo ap bay repons yo, ou kapab relye chak repons avèk yon kòmandman espesifik.

Mo enpòtan yo

Nan leson sa a w'ap kapab entwodwi mo enpòtan yo nan relasyon avèk Inite V, ke yo pral sèvi sipò pou nenpòt aktivite ke w' vle fè avèk timoun yo pandan 6 leson yo. Anvan inite sa, ekri mo enpòtan yo avèk siyifikasyon yo. Eksplike timoun yo kisa mo sa yo vle di epi ba yo egzanp. Yo se: obeyi, Yo se: obeyi, onore ak respekte.

Prepare plizyè kawo ki fèt avèk papye bristòl de 8 cm. x 8 cm. y ekri ladan yo: nan yon bò, mo "Obeyi", "Onore" ak "Respekte", epi nan lòt la, siyifikasyon li. Plase kat sa yo nan yon anvlòp oubyen andedan yon sak. Mande pou timoun yo chita an sèk. Apre yo fin pase sak la youn pou lòt nan wonn sèk la. Ou dwe rete pa do avèk yo, ap bat men w' yo. Lè w' sispann bat men w' menm kote a, vire epi gade timoun ki genyen sak la. Timoun sa dwe retire yon kat, li mo a epi eksplike sa li siyifi. Si l' pa konnen kisa li ye, yon lòt timoun kapab ede l', oubyen ou menm kapab fè sa avèk konsèy, pandan w'ap bay yon kòmandman ki gen pou wè avèk mo sa a. Jwèt la dwe repete pou ke pi fò nan timoun yo patisipe ap aprann mo enpòtan ak siyifikasyon yo si sa posib.

Memorizasyon

Ekri vèsè a nan tablo a: “Se pou nou obeyi l’, se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a” (Detewonòm 27:10). Apre sa, pratike li plizyè fwa avèk elèv ou yo pou ke yo aprann li de memwa. Lè tan etid la fini, efase vèsè a epi ekri tout degaye. Mande pou kèk volontè ke deja konnen li, pou ale sou tablo a epi ekri vèsè a nan lòd epi kòrèkteman. Ankouraje timoun yo etidye Dis Kòmandman yo. Yo kapab etidye ak aprann de pa klas ke inite a dire a.

Ou kapab ekri yo nan kat ki fèt ak papyè oubyen bristol.

Ekri de kòmandman nan chak kat, pou chak timoun. Ou kapab bay yo li chak jou klas. Nan fason sa a, yo pap aprann epi y’ap genyen Dis Kòmandman yo nan fen inite a.

Pou fini

Fè timoun yo pran pozisyon yo pou yo priye. Apre ke w’ fin priye pou yo, ou kapab konseye yo chante yon chan ki pale de obeyisans lalwa Bondye a.

Apre sa, mande yo:

- ✗ Kisa obeyi Bondye siyifi? (Fè sa li vle pou nou fè)
- ✗ Nan ki fason ou kapab obeyi Bondye semèn sa a lakay ou, nan katye oubyen lekòl ou a?

Si w’ vle li, ou kapab envite yo chante yon lòt fwa ankò, epi apre sa, di yon bagay tankou sa: “Nou pa genyen pou nou tante obeyi kòmandman Bondye yo pa pwòp fòs nou. Nou kapab priye mande Bondye pou l’ ede nou obeyi yo epi l’ap fè l’”.

Priye pou ke Bondye ede timoun ki deside obeyi li pandan pwochèn semèn sa a.

Finalman, asire w’ ke timoun primè yo pote travay yo te fè yo lakay yo.

Leson 17

Bondye dwe nan premye plas la

Baz biblik: Egzòd 20:1-6; 24:12-18; 32:1-33:6; 34:1-14

Objektif leson an: Montre timoun primè yo idantifye kèk aspè nan lavi ki pi enterese nou pase lanmou Bondye a, epi jwenn fason pou nou mete li nan premye plas la.

Vèsè pou aprann: *Se pou nou obeyi l’, se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a* (Detewonòm 27:10).

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Jounen jodi a, timoun primè yo ap devlope chak fwa plis aktivite epi genyen plis relasyon entèpèsònèl deyò koutim fwaye ak fanmi an. Anplis de sa, li pi fasil pou yo distenge sa ki byen de sa ki mal, menm jan ak diferansye reyalyte plezi a. Anmezi yo plis ap devlope kapasite sa yo, tantasyon pou yo bay enpòtans ak lòt bagay oubyen moun pase Bondye. Pandan tou piti, elèv ou yo bezwen konnen verite enpòtan sa: ke Bondye dwe gen premye plas nan lavi yo epi, menm si nan laj sa a yo pa kapab konprann li konplètman, men wi yo kapab tandè li epi kòmanse, tikras pa tikras, abitye ak siyifikasyon li.

Leson sa kapab mennen kèk kesyon difisil pou timoun yo. Pa egzanp: “èske mwen dwe renmen Bondye plis pase manman m’oubyen papa m’?” oubyen “èske se yon bagay ki mal pou nou gen

yon jwèt videyo?”

Petèt pi bon fason pou reponn yon timoun nan laj sa se avèk konfimasyon klè epi asire, kòm: “Lè nou renmen Bondye plis pase tout lòt yo, nou gen plis lanmou pou moun yo”, oubyen: “se byen pou w’ genyen yon jwèt videyo, fòk ou toujou kontan menm jan si w’ pa ta genyen li”.

Nan leson sa a w’ap kapab bay elèv ou yo egzanp sou kisa sa vle di mete Bondye nan premye plas. Pi bon ilistrasyon w’ap kapab itilize se pwòp lavi pa ou. Lè yo wè kijan ou renmen ak sèvi Bondye, y’ap aprann sa renmen Bondye plis pase tout bagay vle di.

KÒMANTÈ BIBLIK

Nan sosyete aktyèl la, mo “prijorite yo” pa alamòd. Jenerasyon sa a abitye ak planifye bagay yo jou apre jou, li konnen ke sèl fason pou yon moun fè tout sa li te pwopoze se konprann kisa ki priyorite yo epi òdone yo dapre enpòtans yo.

Pwoblèm nan kòmanse se lè genyen yon lis bagay byen long k’ap fè konpetisyon pou yo nan menm nivo preferans lan.

Se klè ke fanmi, legliz ak travay toujou anwo, nan premye plas yo. Men, kisa nou kapab di avèk tan lib yo, aktivite fizik la, travay nan kay yo, preparasyon ke machin nan bezwen, asistans espektak espòtif yo, devwa ak pwogram lekòl yo?

èske nou kapab mete kèk limit ak kantite bagay ke atansyon nou mande chak jou?

Nou eseye rezoud pwoblèm nan pandan n’ap li liv ki baze sou administrasyon tan oubyen nan asiste atelye kote yo montre nou etabli priyorite nan lavi.

Nou depanse yon bon kantite lajan enpòtan sèlman pou jwenn zouti ki bon k'ap ede nou òganize lavi gaye nou an. Nou mete tout atansyon nou pou nou siyale dat ak evènman nan kalandriye nou, nan nenpòt plas ki vizib, oubyen an plizyè nòt ki kole ak leman nan pòt frijidè a.

Sepandan, nou bliye tout nòt ak trè ke nou itilize pou nou òganize nou yo pou yon tan, epi ann wè kesa Egzòd 20 di nou. Sa fè depi plizyè santèn ane, Bondye te kreye yon plan pou ede nou kontwole priyorite nou yo. Se Dis Kòmandman yo ke plan sa a genyen ladan li.

De premye kòmandman yo anseye nou ke pou nou etabli priyorite yo kòrèkteman, se pou nou kòmanse bay Bondye premye plas nan lavi nou.

Menm si li kapab sanble senp, sa a se yon verite ki kapab transfòme egzistans konplèt yo. Bondye te mete nou apa pou li, nou se yon pèp chwazi; se pou li nou ye epi li se Bondye nou. Prensip fondamantal sa egzije yon lavi ki konplètman angaje avèk Seyè a ak sa li vle pou nou. Si nou kapab konprann sa, l'ap pi fasil pou nou mete lòt bagay lòt bagay yo nan plas yo.

Dezyèm prensip ke nou kapab aplike pou nou fè ke Bondye vin nan premye plas la se anpeche ke nanpòt lòt bagay gen enpòtans pase Bondye. Men, de kisa n'ap pale? Ak nenpòt bagay ki vle pran plas Bondye, oubyen menm nan plas ki pi wo pase li. Li kapab yon djòb, yon travay wo nivo, yon bon kay, yon machin espòtif, oubyen prestij oubyen pozisyon ekonomik sa ke nou rive atenn nan. Se anpil aspè nan lavi k'ap fè konkou ak Bondye pou okipe plas enpòtans li a. Sa rive byen fasil lè nou divize lavi nou an plizyè zòn epi bay Bondye youn anplis, nan menm nivo ak sa ke nou bay lòt enterè yo. Nou resevwa yon kòmandman: mete Bondye nan premye plas epi lage nou nan men l' konplètman.

Dezyèm kòmandman gen pou wè avèk "imaj" nou ki se pou Bondye. Nan tan bibliki yo, yo te konn fabrike zidòl, kote ke yo te konn fè kwè ke yo te gen konsèp karakteristik Bondye yo. Pa egzanp, avèk imaj yon towò bèf li te kapab reprezante fòs oubyen kapasite li pou l' fè pitit. Men, menm si nou ta fòse li, nou menm lèzòm nou pap kapab reprezante li nan yon fason ki kòrèk pa mwayen yon imaj vizib pou reprezante li. Nou dwe mete konfyans nou nan revelasyon ke Bondye ban nou atravè Pawòl la, aksyon li nan istwa a, Jezikris ak Sentespri a.

"Bondye anvan!" Li fasil pou di l', men li difisil pou viv li. Sepandan, lè volontèman nou rive bay Bondye premye plas la, lòt priyorite yo rete nan plas kòrèk la.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfò sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Kimoun ki vle vin premye?

Anvan klas la, ekri sa yo nan papye bristòl oubyen lòt papye, epi mete lèt yo nan twa kwen sal la. Yo dwe di konsa:

- ✗ Mwen ta renmen vin premye.
- ✗ Daprè mwen se menm bagay la vin premye oubyen pa vin premye.
- ✗ Mwen pa ta renmen vin premye.

Di nan klas la: Jodi a nou pral pale de kijan yon moun santi l' lè li se premye a. Mwen pral li kèk fraz. Apre chak fraz, se pou chak moun ale nan kwen kote ki ekri sa li santi osijè de sa. Li twa katèl yo avèk timoun yo. Apre sa, li kèk fraz pou yo tankou sa yo:

Kisa w' ta remake si w' ta vin premye a...?

(Chak fwa ke timoun yo chwazi yon bagay, mande yo pou ki rezon ki fè yo te chwazi ale nan kwen sa kote yo ye a).

- ✗ Chwazi yon sirèt nan yon plato.
- ✗ Li Bib la byen fò.
- ✗ Chwazi pwogram TV moun pral wè lakay.
- ✗ Benyen anvan ale nan kabann.
- ✗ Ale nan kabann nan nwit.
- ✗ Ouvè yon kado Nowèl.

Enpòtans aktivite sa gen ladan l' kote ke timoun yo dwe konprann siyifikasyon vin premye a.

ISTWA BIBLIK

Èske se Bondye oubyen yon ti bèf an lò?

--Nou pral fè tout sa Seyè a di. N'ap obeyi li.

Sa a se te pwomès pèp Bondye a te fè apre li te fin ba yo Dis Kòmandman yo. Li te bay pèp li a kòmandman sa yo paske li te renmen yo, li te konnen ke si yo te obeyi lalwa li yo, yo t'ap bon epi ta genyen kè kontan, e yo t'ap onore li avèk konpòtman yo.

Bondye te di Moyiz konsa:

--Monte sou mòn nan epi jwenn avèk mwen la. Mwen pral ba ou wòch plat yo avèk lalwa mwen an ekri ladan yo.

Moyiz te pale avèk lidè yo ki te nan mitan pèp la:

--Lè mwen pa la, frè m' Arawon avèk sipòtè li a pral rete kòm responsab tout bagay. Si nou gen kèk pwoblèm, nou mèt al rezoud li avèk yo.

Moyiz te monte sou mòn nan pou li te jwenn ak Bondye, epi li te rete la pandan karant jou ak karant nwit. Kreyatè a te ba li wòch plat ki te gen Dis Kòmandman yo. Epi li te ba li kèk lòt

enstriksyon enpòtan ankò.

Tout bagay te sanble ap byen mache nan kòmansman nan kan an. Men apre yon tan, moun yo te kòmanse ap prewokipe yo. Lè yo te voye je yo nan mòn nan, sèl bagay ke yo te wè se te lafimen ak dife.

Finalman, pèp la te pwoche bò kote Arawon, epi di l' konsa:

-- Fè lòt bondye ki pou mache devan nou, paske nou pa konnen sa ki rive nonm yo rele Moyiz la ki te fè nou soti kite peyi Lejip la.

Arawon te fatigue avèk tout pawòl anpil ak tout plenyen sa yo. Devwa li se te anseye pèp la adore sèl Bondye vrè a, epi sèlman li menm. Men kounye a li pat gen valè ase pou obeyi.

---Li te di izrayelit yo konsa: ---Pote lò nou genyen an ban mwen.

Apre sa, li te fonn lò a epi li te ba li fòm yon bèl ti bèf. E apre li di konsa---: Izrayèl, men bondye nou yo ki te retire nou nan peyi Lejip la.

Pèp Izrayèl la te kontan wè jan ti bèf an lò a te klere. Lè yo te gade li, yo te santi ke se kòm si Bondye te la ansanm avèk yo, epi se pat lwen, sou tèt yon mòn.

Arawon te konstwi yon lotèl pou ti bèf an lò a tou. Epi apre sa li di yo:

---Demen nou pral fè yon gwo fèt pou nou adore Bondye.

Nan demen, pèp la te boule ofrann ou adore ti bèf lò a. Yo te adore li tankou si se te Bondye, epi yo te kòmanse selebre. Yo te manje, bwè, danse ak chante. Yo te bliye obeyi Seyè a epi te kòmanse dezobeyi.

Bondye te konnen sa yo t'ap fè a. Epi se klè, ke li te byen fache! Li te renmen yo anpil, men yo t'ap kraze tout plan byenfè ke li te genyen pou yo.

Konsa, Bondye te pale ak Moyiz, epi li te di l':

--Pèp sa gen tèt di epi li dezobeyi mwen. Mwen pral detwi l' nèt.

--Moyiz sipriye li:---Non, Bondye mwen, pa fè sa, tanpri. Se ou menm ki te retire pèp sa nan peyi Lejip, epi si kounye a ou detwi yo, ejipsyen yo pral di ke ou se yon dye ki mechan. Tanpri, padone pèp la.

Bondye te reponn li:

---Se byen. Mwen pap detwi l' nèt.

Moyiz te prese pou li te desann mòn nan. Deja li te kapab tande son ak gwo eskandal ki te genyen nan kan an. Li te pwoche, epi konsa li te wè ti bèf an lò a ko pèp la t'ap adore.

Poum! Moyiz te frape wòch plat yo atè.

Krach! Wòch plat yo te kraze fè mil mòso.

Apre sa, li te pran ti bèf la epi voye li nan dife.

Apre sa, li te mande Arawon:

--Kisa pèp sa te fè w' pou w' atire gwo gwo peche sa a kont li?

Arawon te eseye eksplike li, men eskiz li yo te san sans, konsa, li te lage tò a sou pèp la. Menm kote a, Moyiz te elwaye li de Arawon.

--Moyiz te rele di byen fò: --Moun nan mitan nou ki pou Seyè a, nin jwenn mwen kounye a. Epi kèk pami pèp la te pwoche bò kote li.

Nan deman, Moyiz di pèp la konsa:

--Nou te fè yon gwo peche. Men koulye a, mwen pral moute sou mòn lan bò kote Seyè a. m'a wè si m' ka jwenn padon pou peche nou an.

Pèp la te regrèt pou sa yo te fè a; yo tout te tonbe kriye epi retire bijou sou yo pou demontre kòman yo te santi yo.

Bondye te padone pèp la, menm si li te gen pou pini yo pou peche yo a tou. Konsa li te mande Moyiz pou l' te retounen al sou mòn nan, epi Bondye menm te ekri Dis Kòmandman yo nan de lòt wòch plat. Epi apre sa, li te di yon bèl bagay: Moyiz te pwoche tou pre ase tankou pou ke li te kapab wè Bondye, menm si se yon tikras.

--Li di Moyiz konsa: ---Mwen se yon Bondye ki gen pitye pou moun, yon Bondye ki gen bon kè. Mwen pa fè kòlè fasil, mwen p'ap janm sispann renmen, m'ap toujou kenbe pawòl mwen.

Seyè a reponn: -Mwen pral fè yon kontra avèk nou. Devan tout pèp la, mwen pral fè gwo bèl bagay, bèl bagay ankenn peyi sou latè ni ankenn nasyon poko janm wè. Konsa, tout pèp ki avè ou yo dwe obeyi mwen. Pa mete ajenou devan okenn lòt dye. Sèlman devan mwen!

AKTIVITE YO

“Bondye anvan” (avèk mizik)

Pote yon radyo nan klas la oubyen yon aparèy pou koute mizik.

Prepare kèk moso papye bristòl oubyen katon, avèk yon nimewo ekri nan pati anlè a, kòmanse avèk 1. Fè youn pou chak timoun. Mande yo pou yo panse ak yon mo kle epi pou yo ekri li nan espas vid ki nan katèl la. Mo a pral fè referans ak nenpòt sitiyasyon kote ke yon moun kapab mete Bondye anvan pwòp enterè li yo, pa egzanp: lekòl, kay, kote moun fè antrènman, vwazinay, legliz, elatriye. Fè yon repetisyon tou brèf kote w'ap mande elèv yo pou yo bay yon egzanp youn apre lòt (pa plis ke de oubyen twa) nan desizyon ke yo kapab pran nan sitiyasyon sa yo pou yo mete Bondye nan premye plas la. Apre sa, fè y'al kanpe nan plizyè kwen diferan nan salon an avèk katèl yo nan men yo.

Di yo konsa: Mwen pral mete mizik la, Nou dwe mache nan sal la, epi lè mizik la kanpe, nou chak dwe rete kote nou ye a epi montre katèl la sou tèt li. M'ap vire epi di yon nimewo. Moun

ki gen nimewo sa nan katèl li a, ap eksplike tout moun yon fason nou ka mete Bondye nan premye plas nan sitiyasyon ke lekriti a di l' la.

Repete jwèt la plizyè fwa, pou ke yo tout kapab gen chans pou yo reponn.

Metete Bondye nan premye plas!

Gide elèv yo nan aktivite atizana ki nan liv Elèv la (leson 17). Mande pou timoun yo rekoupe, kolore epi kouvri avèk papye plastifye, kwòk pou pòt la, makè pou Bib, ak ti postè.

Pandan y'ap travay nan atizana a, pwofite tan an pou w' fè yon revizyon sou istwa bibliik avèk kesyon tankou:

1. Kimoun sa yo ki te pèsonaj nan istwa a?
2. Kisa pèp Izrayèl te fè pou l' te dezobeyi Bondye?
3. Kisa Bondye te mande pou pèp la te fè?
4. Pou ki rezon ke Bondye vle okipe premye plas nan lavi nou?

Ajoute plis kesyon ke ou menm menm kapab prepare.

Memorizasyon

Tèks devinèt yo

Prepare de blòk kat: Youn ki gen vèsè pou aprann nan epi lòt la ak kòmandman yo 1 ak 2. Fè

timoun yo fòme de ekip epi bay chak gwoup yon blòk kat. Pandan youn ap ede lòt, y'ap monte vèsè bibliik yo lè y'ap mete kat yo nan plas ki pou yo a. Gwoup ki monte li anvan an, li genyen pari a. Apre sa, yo kapab gaye kat yo sou tab la, epi repete vèsè a ansanm de memwa, yon gwoup apre yon lòt. Lè sa a, fè yon chanjman ak kat yo pou ke tout timoun yo aprann vèsè a ak de kòmandman yo. Di yo pou yo pratike pou pwochen klas kòmandman 3 ak 4. Y'ap kontinye ak menm aktivite memorizasyon an epi monte tèks devinèt yo.

Pou fini

Di timoun yo pou yo pote atizana a lakay yo pou yo kapab sonje pandan tout semèn nan ke yo dwe mete Bondye nan premye plas nan nenpòt sitiyasyon nan lavi yo. Ou kapab ajoute tankou: Lè nou bay Bondye premye plas la, se lonè nou ba li, epi nou resevwa benediksyon li ni pou nou tankou pou moun ki nan antouraj nou. Se pou nou sonje li Bib la nan semèn sa.

Nou kapab mete separatè a nan paj lekti jodi a, epi tounen li istwa ti bèf an lò a lakay yo.

Priye avèk timoun yo epi envite sa ki vle pou yo fè l' pou yon kamarad mande Bondye pou li ede yo obeyi pandan semèn nan, pandan n'ap ba li premye plas nan tout aktivite nou yo ak tout kote.

Leson 18

Ann onore paran nou yo

Baz bibliik: Egzòd 20:12; 1 Samyèl 17:12-20, 22:1-4

Objektif leson an: Ede timoun primè yo ki santi pa egzanp obeyisans filial David la, pou yo pare pou yo onore paran yo, nan sèvi avèk yo jan Bondye te bay lòd la.

Vèsè pou aprann: *Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a* (Detewonòm 27:10).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Relasyon avèk paran yo se premye opòtinite yon timoun genyen pou li aprann obeyi otorite a, epi lide sa ede li konprann pwòp lide li sou Bondye ak fason pou li familyarize l' avèk li.

Timoun primè yo fonksyone nan plizyè andwa deyò fwaye ak fanmi yo: lekòl, sant espòtif yo, legliz ak aktivite sosyal yo. Nan tout sitiyasyon sa

yo, yo antre nan kontak avèk moun ki, pa byen ou pa mal, enfluyans nan atitid ak konpòtman yo. Li nòmal pou timoun yo tande kòmantè nan bouch lòt kamarad yo k'ap pale mal kont papa ak manman yo menm jan.

Se poutèt sa ke leson sa enpòtan anpil.

L'ap ede timoun yo konprann ke Bondye ap tan pou yo respekte ak onore paran yo. Anplis, sa se fason ke li menm li vle pou nou trete li kòm Papa nou tou.

Leson sa pral sèvi pou ke timoun yo dekouvri aspè ki genyen ladan l' mo onore (paran yo, nan ka sa a), tankou pa egzanp: bay valè, respekte, koute, enterese ak obeyi.

Ou menm kòm antrenè, ou kapab montre timoun yo siyifikasyon onè ak respè pandan w'ap pran pwòp lavi w' kòm egzanp. Rakonte yo kèk bagay osijè de fòmasyon w' te resevwa nan men paran w' yo, epi eksplike yo nan ki fason ou onore yo. Konsa, elèv ou yo pap sèlman aprann de paran yo, men tou, atravè modèl ou a.

Malerezman, nou kapab di ke gen paran kèk timoun ki pa merite onè. Mete w' prè, akoz de posiblite ke kèk nan elèv ou yo te viktim de move tretman nan moun ki pi fò pase, oubyen nan kèk

fason yo te santi yo viktim de abi paran yo. Priye pou timoun sa yo, epi kontwole si y'ap sibi abi, pale avèk pastè yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li egzòd 20:12. Depi nan senkyèm pou rive nan dizyèm kòmandman an, yo tout pale osijè de relasyon nou avèk pwochen an. Li bon pou siyale ke premye nan sis kòmandman sa yo, “respekte manman ak papa w”, fè referans ak premye relasyon nou genyen nan lavi: relasyon avèk paran nou yo.

Mo ebre ki pou “onè” se kabed, epi li vle di “vin apa”, “ajoute pèz”, epi sa pote lide pou trete paran nou yo avèk seryozite. Nan kòmandman sa, Bondye te pran an kont nesosite timoun yo nan yon kominote izrayelit an boujònman, ak pa paran yo tou.

Timoun piti yo bezwen enstriksyon ak ansèyman, men yo pa toujou wè sajès ki soti nan moun k'ap gide yo ak aksyon paran yo. Lè yo gen endikasyon pou yo onore paran yo a, Bondye t'ap di yo kòman pou yo te konpòte yo, toudepann de santiman yo. Si yo te onore yo, yo ta rive vin yon “nouvo jenerasyon” responsab, kapab viv avèk sajès epi gouvène tè yo a.

Anplis de sa, izrayelit yo te bati yon kominote sou baz lafwa nan sèl vrè Bondye a. Pou ke antite sa te genyen estabilite ak kontinite, paran yo ta bezwen transmèt istwa ki te dekrive nati Bondye, travay li yo, menm jan avèk tradisyon ki te konn fè yo vin kòm pèp Bondye. Pou ke sa te rive fèt, li te nesèsè pou timoun yo te koute ak obeyi paran yo.

Finalman, kòmandman sa a te pwoteje paran yo kont batay ki ta kapab pwodwi avèk pitit yo ki fristre ak dezobeyisan, epi tou li te pwoteje yo pou yo pat sibe move tretman oubyen abandon lè yo ta rive nan yon laj avance epi pa ta kapab travay plis.

Li 1 Samyèl 17:12-20. Pasaj sa prezante nou youn nan istwa ki plis popilè ak chouchoute nan Bib la: pa David ak Golyat la. Men tou, li ban nou opòtinite pou nou konnen osijè de karakteristik David ke anpil fwa nou pa bay enpòtans: fason ke li te onore paran l' yo.

Nan jou sa yo, sòlda yo te genyen de sous ekonomik prensipal: richès yo te antre avèk echèk lènmi yo oubyen sipò pwòp fanmi pa yo. Lefèt ke lame izrayelit ak filisten yo te fè 40 jou san batay, pat gen richès posib.

Akoz de preokipasyon, Izayi te voye David pote pwovizyon epi retounen byen vit avèk nouvel yo, jan li te konn fè nan lòt okazyon yo.

Nou obsève ke David te akonpli demann paran li a avèk vitès, deja li te soti “nan maten” (v.20).

Li te demontre responsablite ke l' te genyen nan pran swen byen paran l' yo lè li te kite “mouton yo anba pwoteksyon yon gadyen” (v.20). Epi finalman, li te akonpli dezi papa l' la, jan “Izayi te mande l' la” (v.20).

Li 1 Samyèl 22:1-4. Pou moman sa a, David t'ap kouri pou Sayil epi li te egzile nan teritwa lènmi an. Sepandan, onè ke jèn ti gason an te montre nan relasyon ak paran li yo te akonpanye li jiskaske li te vin gran, lè li te kontinye ap demontre respè, atansyon ak afeksyon pou yo.

Twou wòch ki pi pre yo nan Adilam, kachkach David la, li posib pou li te tou pre Betleyèm. Petèt fanmi li t'al jwenn li pou ba li sipò yo oubyen pou lapèz yo devan menas Sayil. Men ta sanble ke David pat asire li ke kachkach sa yo te tèlman an sekirite pou paran l' yo, epi ni yo menm tou pat nan kondisyon, paske yo te fin granmoun, pou fè pati de yon gwoup sòlda ki pa genyen yon direksyon fiks, yon fason pou ke David t'al chèche yon refij ki asire pou yo nan Mowab, lwen teritwa Sayil la.

Respè pou paran nou yo fondamantal anpil. Lè nou respekte yo, se Bondye ki kreye yo a ke nou onore, epi nou montre yon pèp ki pa kwè kòman pèp Bondye a viv. Aprann kwè, respekte ak obeyi paran nou yo gen gwo enpòtans nan relasyon nou avèk Bondye.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou w' kapte atansyon atansyon timoun primè yo sou tèm etid la.

Konpetisyon kòmandman yo

Anvan klas la, prepare 2 jwèt ki genyen 10 kat an papye bristòl oubyen katon, epi ekri yon kòmandman nan yo chak. Apre sa, melanje kat yo nan chak jwèt separeman epi plase yo fas anba.

Nan klas la, se pou elèv yo separe yo fè de gwoup, epi se pou chak gwoup, avèk vitès ki posib la, kouri ranje Dis Kòmandman yo nan lòd kòrèk.

Premye gwoup ki rive fè l' la, li pral li yo devan klas la.

Respekte paran w' yo

Depi anvan klas la, kole avèk yon tep, oubyen koke nan mi an, yon gwo papye bristòl pou w' fè yon tablo afich.

Ekri fraz nou pral prezante w' anba yo an gran lèt. Nan kolòn dwat la, timoun yo ap gen opòtinite pou kole mo kòrèk ki ale avèk fraz sa. Pa egzanp: Koute...sa paran w' yo di ou.

- ✘ **Koute...**sa paran w' yo di ou.
- ✘ **Aprann...**de paran w' yo.
- ✘ **Ede...**paran w' yo ak kè kontan.
- ✘ **Janti...**avèk paran w' yo.
- ✘ **Priye...**pou paran w' yo.
- ✘ **Di...**paran w' yo ke ou renmen yo.
- ✘ **Anbrase...**paran w' yo chak jou.
- ✘ **Pale...**avèk paran w' yo chak jou.
- ✘ **Souri...**ak paran w' yo chak maten.
- ✘ **Lave...**asyèt manman w' yo kèk fwa nan semèn nan,
- ✘ **Ede...**papa wete fatra.

Ekri mo ki an nwa yo nan kat yo separeman (sèvi ak gran lèt epi li dwe mwazi pou ti moun yo kapab kolore oubyen ranpli ak ti grenn oubyen pentire li, si yo vle).

Rekoupe mo yo pou ke timoun yo kapab travay ladan yo.

Nan klas la, dirije atansyon elèv yo vè senkyèm kòmandman an "respekte papa w' avèk manman ou".

Aprè sa, mande yo: Kisa nou remake "respekte paran nou yo" siyifi?

Montre yo afich ki nan mi an, pandan w'ap endike yo ke fraz yo anseye nou kèk fason pou nou fè li, men yo tout manke mo. Lè nou fin dekore oubyen kolore mo pawòl yo, timoun yo pral kapab, avèk sipò ou, chèche mo ki konplete fraz ki nan men w' lan. Mande yo pou yo chèche fraz ki mo ki ekri nan papye bristòl la, epi pou yo kole mo ki kòrèk la. Ou kapab panse yon tèm pou chak timoun nan klas ou a. Pou fini, li fraz yo konplètman.

ISTWA BIBLIK

--Izayi papa David te panse, epi li te di:--M'ap poze m' kesyon sou kòman sa ye pou timoun mwen yo nan lame a. Èske yo an sekirite? Èske yo gen yon bagay pou yo manje? Kijan sa ye nan lagè a?

Twa pi gran pitit Izayi yo, frè David yo, te sòlda nan lame wa Sayil la, ki t'ap batay kont lame filisten yo nan menm moman sa. Filisten yo te lènmi pwisan epi mechan, epi bagay yo pat ap mache twò byen pou lame Sayil la. Filisten yo te genyen nan mitan lame pa yo a yon vanyan sòlda

ki te rele Golyat, li menm ke pèsòn pat pran chans al kanpe pou fè fas avèk li; konsa, pandan 40 jou, tou de lame yo te rete chita epi trankil.

Sonje ke nan epòk sa pat genyen radyo ni televizyon pou moun te pran nouvèl pou konnen sa ki t'ap pase nan lagè. Sèl fason ki te genyen se te ale kote sòlda yo te ye a pou wè yo.

Anplis de sa, direksyon an pat toujou gen manje ase pou bay sòlda yo manje, nan fason sa a fanmi yo te oblije pote manje ba yo.

David, pitit Izayi, t'ap gade mouton papa l' yo nan Betleyèm. Izayi te voye chèche li.

Lè David rive, papa l' te ba li lòd sa: --Pran yon mamit grenn griye ak dis pen sa yo, kouri pote yo bay frè ou yo nan kan an. Pran dis fwomaj sa yo, pote yo bay kòmandan an. W'a pran nouvèl frè ou yo, ki jan yo ye. Epi w'a fè yo ba ou yon bagay pou m' sèten ou wè yo an sante.

David reponn li: --Wi papa, mwen prale byen bonè nan maten.

Nan demen, David te obeyi tout sa papa li di l' fè yo. Li te leve byen bonè, li kite yon gadò pou veye mouton yo pou li, li pran manje a, epi li pati jan

Izayi te di l' la. Lè li rive nan kan an, moun pèp Izrayèl yo te fèk soti pou y' al pran pozisyon batay.

Yo t'ap rele pou chofe sòlda yo. David te jwenn avèk frè li yo epi ba yo manje a epi li te mande yo kòman sa t'ap mache. Pita, aprè yon gwo batay kote David te touye Golyat, gwo zotobre filisten an, li te retounen lakay avèk bon nouvèl sa yo pou papa li.

Anpil ane te pase epi David te vin grandi. Pandan tout tan sa a, li te obeyi Bondye ak papa l' tou. Bondye te pran plezi avèk li, men wa Sayil te fache. Li te vle touye David paske li te konnen ke yon jou li ta vin pran plas li epi li ta vin wa peyi Izrayèl.

Pou rezon sa a, li te oblije chape poul li pou l' te sove lavi li!

Finalman, pitit Izayi a te jwenn andedan yon twou wòch yon bon kote pou l' te kache. Papa li, manman l' ak frè li te konnen kote li te ye, epi yo t'al la pou yo te rete avèk li.

David te kontan lè li te wè fanmi li, men li te preokipe pou paran l' yo.

Li te reflechi konsa:--Papa m' avèk manman m' fin vye granmoun, mwen pa kwè ke se yon bon lide pou yo rete kache ansanm avèk mwen nan plas ki pa asire sa. Wa Sayil ta kapab jwenn yo epi fè yo mal. Nonplis yo pa kapab soti avèk mwen lè m' va gen pou m' soti nan twou wòch la pou goumen avèk lènmi an...Kisa mwen pral fè pou yo kapab an sekirite?

Konsa, Bondye te ede David òganize plan an. Ti gason an t'al kote wa peyi Mowab la, yon peyi kote Rit te soti a, gran gran David, sa fè anpil tan de sa. Wa Mowab la pat gen bèl lè ak Sayil. Petèt li ta kapab ede yo.

David te bese tèt li devan wa peyi Mowab la, epi li te di konsa:

--Tanpri, kite papa m' ak manman m' vin rete isit la lakay ou, jouk mwen rive konnen sa Bondye vle fè avè m'. Yo va an sekirite la.

Wa te reponn li: --Yo kapab rete la.

David te kite paran l' yo epi retounen nan refij li a. Yon jou li ta vin wa peyi Izrayèl epi li ta kapab mennen yo retounen lakay. Men pou kounye a, pandan ke li te dwe nan kouri, kache ak goumen, li te kontan pou yo te yon kote ki gen sekirite.

AKTIVITE YO

Ou ekri istwa a

Bondye mande nou pou nou respekte paran nou yo. Pou aktivite sa, epi anvan klas la, ou dwe gen foto paran elèv ou yo prepare. Ou kapab mande paran timoun yo li depi youn oubyen de semèn anvan.

Nan klas la, di yon bagay tankou: David te onore Bondye epi obeyi paran l' yo. Nan ki lòt fason yon timoun kapab onore paran li yo? Kite yo eksprime lide yo.

Dirije atansyon timoun yo nan aktivite "Ou ekri istwa a". Eksplike yo kòman pou yo fè li. Lè yo fini istwa a, mande pou sa ki vle yo li l' byen fò. Fè chanjman lide sou kesyon ki parèt nan fen an.

Mande timoun yo pou yo kolore ak fabrike pwòp ankadreman yo pou plase foto yo avèk paran yo.

Si timoun yo pa genyen foto, yo kapab desine yo.

Kolasyon David la

Mete kèk ti manje sèch nan mitan tab la (ti sándwich pen oubyen bonbon, plizyè ti moso biskwit, moso fwi, elatriye.). ti napkin. Chak timoun ap pran yon ti manje epi mete andedan napkin nan, konsa l'ap genyen "kolasyon li a prepare pou pote". Apre sa, akonpanye timoun yo ale yon kote ki espesyal, menm si se yon espas ki lib nan tanp lan, epi rasanble ansanm pou nou jwi kolasyon an. Pandan tan sa nou kapab repase istwa David la ke nou te deja li anlè a. Mande pou yo di nan ki fòm yo kwè ke yon moun (timoun oubyen granmoun) kapab onore paran l' yo. Yo kapab bay pwòp egzanp pa yo sou kijan yo onore yo, oubyen nan lòt fòm posib ke yo ta renmen mete an pratik. Mete fen ak inite a avèk yon lapriyè

remèsiman pou kolasyon nou sot manje a, mande Bondye pou ede yo onore paran yo. Moman sa yo ap byen apwopriye pou fè yon revizyon ak yon rapèl sou leson ki pale de David la. Prepare kèk kesyon apwopriye pou w' poze timoun yo.

Memorizasyon

Materyèl nesèsè: Yon kib ki gwo ase, de nenpòt materyèl, kote nou kapab ekri yon pawòl nan chak kote yo. Ou kapab fè li avèk papye bristol.

Anplis de sa, w'ap bezwen lakòl, sizo, tep, makè.

Divize kontni tèks la pou memorize an kat fraz epi chwazi, dapre konpreyansyon w', yon mo kle pou w' bay pou yo chak:

1. Se pou ou obeyi (mo kle: "obeyi").
2. Seyè a se Bondye ou ("Seyè" oubyen "Bondye").
3. Se pou ou swiv ("swiv" oubyen "lòd").
4. Tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a ("lòd").
5. Vid
6. Vid

Nan kat kote kib la ekri mo kle yo, ki pral sèvi espas pou ke timoun yo kapab redwi fraz konplèt vèsè a. Nan de bò ki rete yo, pa ekri anyen. Fè timoun yo ekri trase yon sèk alantou tab la oubyen atè a, epi pou yon volontè fè bokit la vire, menm jan ak yon zo. Selon jan li tonbe, menm timoun nan ap li mo kle a epi l'ap fòme fraz la avèk li. Lè li touche yon pati ki vid nan kib la, y'ap kapab sonje kèk aksyon ansanm: di tout vèsè a, oubyen chwazi yon fraz de memwa.

Pou fini

Rasanble timoun yo pou priye. Dirije yo nan lapriyè, epi apre sa, di yo konsa: li pa toujou fasil pou nou onore ak obeyi paran nou yo, men Bondye kapab toujou ede nou. Si li difisil pou nou fè li, di Bondye sa epi mande l' èd li. Si nou deside onore paran nou yo pi plis, mande Seyè a pou l' ede nou akonpli pwomès li a. Ala bèl sa bèl lè nou onore paran nou yo! Bondye di ke n'ap resevwa benediksyon.

Fè atansyon ak panse w' yo

Baz biblik: Egzòd 20:13; 1 Samyèl 24; Matye 5:21-22, 43-45

Objektif lesan an: Se pou timoun yo kòmanse konprann ke panse ki pran nesans nan santiman rayisans yo fè moun aji nan yon fason ki fatal. Se pou yo konprann jan sa enpòtan pou yo padone moun sa yo ki te fè oubyen fè yo mechanste.

Vèsè pou aprann: *Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a* (Detewonòm 27:10).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Èske yon timoun ki nan laj 6 oubyen 7 ane ta kapab sasinen yon moun?

Nou kapab di mèsì, se yon vye ti kras—si genyen—ki komèt Krim sa. Sepandan, pa gen pèsòn moun ki inyore zak vyolans yo ke kèk timoun komèt. Se sa ki fè ke, menm si tèm ke lesan sa abòde a se yon bagay komen pou timoun ki nan laj sa yo, menm konsa, li enpòtan.

Nan yon epòk kote mond lan di ke pa genyen anyen ki bon nèt ni mal, timoun yo ki gen laj 6 ak 8 ane bezwen yon direksyon klè konsènan kisa yo dwe fè avèk emosyon fò yo tankou kòlè oubyen rayisans. Vyolans konstan ke timoun nan lekòl primè yo ekspoze atravè mwayen difizyon yo, li kapab fè ke konsyans yo vin ensansib. Lesan sa ap ede elèv ou yo konprann ke Bondye mande pou nou respekte lavi frè parèy nou yo, epi kòmandman sa pa sèlman entèdi nou touye yon moun, men tou li mande nou pou nou evite santiman rayisans oubyen revanj; epi anplis de sa se pou nou toujou ap chèche byen pou lènmi nou yo.

Menm si sa se pa yon bagay ki fasil pou anseye timoun yo, an mezi ke mond nou an ap vin pi violan, enstriksyon sa vin gen plis enpòtans. Istwa biblik avèk aktivite ke lesan an genyen ladan li a pral bay elèv ou yo plizyè konsèy pratik pou akonpli kòmandman yo, ni nan Ansyen tankou Nouvo Testaman. Priye pou ke timoun yo pran chemen lanmou ke Bondye endike nou ke nou dwe pran anvè moun sa yo ki te fè nou kèk mechanste.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Egzòd 20:13. “Mwen ta vle touye nonm sa a...fanm sa a...ti gason sa a!” Byen souvan nou tandè fraz tankou sa ke, si yo konn di sa nan jwèt,

li konn soti tou nan yon santiman fistrasyon, men li pa genyen yon vrè entansyon pou fè li. Petèt nou dwe rekonsidere ekspresyon rayisans sa, aparaman “lejè”, lè nou konnen ke Bondye pa pran اساسina an jwèt. Lè li te kòmanse abòde relasyon entèpèsònèl yo nan Dis Kòmandman yo, avètisman pa touye yon pwochen an te vini imedyatman apre kòmandman pou obeyi paran yo.

Nan pasaj sa, “touye” siyifi اساسina, sa vle di, destriksyon delibere ak vajans lavi yon moun.

Bondye entèdi touye paske li se Kreyatè lavi a epi konsidere l' espesyal.

Li Matye 5:21-22 ak 43-44. Si li bon pou nou refize komèt yon zak vyolans kont lòt moun, sa pa ase. Jezi fè limyè ki tou nèf sou sizyèm kòmandman paske li wè pi lwen pase aksyon ekstèn nan, li te kapab wè emosyon yo ki pouse moun nan komèt li a.

Pa genyen okenn pasaj nan Ansyen Testaman kote ke Bondye mande nou “rayi lènmi ou”, men se lekòtrè (Egzòd 23:4-5 ak Pwovèb 25:21-22). Men pandan ane yo ap pase, “teyoloji popilè” ki te egziste pami jwif yo te bay move entèpretasyon sa de lalwa. Okontrè, Jezi te di ke fache kont yon pwochen se menm peche ak destriksyon tankou اساسina. Mo ke nou tradwi kòm fache pa fè referans ak yon eksplozyon kòlè ki parèt epi disparèt avèk menm fasilite a, men pito li vini ak yon santiman pou devore k'ap rasanble an mezi tan ap pase. Olye pou n'ap bay santiman sa plas, pèp Bondye a dwe kenbe tèt ak rayisans epi vyolans la ke lòt moun kapab pwovoke li, avèk yon reyaksyon ki soti nan lanmou epi li genyen twa bagay ladan li: lapriyè, ak bonte, ak pawòl janti (gade Lik 6:28).

Li 1 Samyèl 24. Nan bèl istwa sa, David pat sèlman akonpli kòmandman Ansyen Testaman an, men tou li te antre davans nan ansèyman Jezi yo. David te twouve li nan yon danje ki grav. Twou kote li te kache yo te kapab sèvi li yon pèlen san posiblite pou chape. Pa youn nan detou etranj sa yo nan lavi, pwòp Sayil te tonbe nan pèlen an, lè li te antre espesyalman nan twou kote ke David te kache a. Malgre konsèy mesye li yo, David pat janm panse ak touye Sayil; okontrè li te regrèt paske li te koupe ke manto a, konpòtman ki te konsidere kòm yon zak rebelyon ak mank de respè anvè yon lidè. Malgre konpòtman Sayil, David te respekte yerachi li a kòm wa ke Bondye te chwazi. Anplis de sa, jèn ti gason an te mete konfyans li nan Seyè a epi te konnen ke li te chwazi li pou l' te vin ranplase Sayil, men li pat vle manipile sikonstans yo pou akselere devlopman evènman yo ke Bondye te genyen prepare. Okontrè, David te “desann” li devan Sayil nan fason ke Matye ak Lik dekrive l' la.

- ✘ Li te itilize bèl pawòl bonte: “Seyè” ak “papa mwen” (v.8 ak 11).
- ✘ Li te aji san kondisyon, lè li te refize touye Sayil nan moman sa oubyen nan nenpòt lòt okazyon fiti, epi li te pwomèt mizèrikòd pou fanmi Sayil. Nan epòk sa yo, wa ki te responsab gouvènman an te genyen pou abityid voye touye tout fanmi an ak zanmi ki pwòch wa anvan an, avèk objektif pou elimine potansyèl rival yo.
- ✘ Tout sa ke David di Sayil gen aparans yon lapriyè. Yon lòt kote, lè Sayil te vin mouri, (2 Samyèl 1) David te ekspriime regrè li pou li avèk yon doule sensè.

Nan deside panse ak konpòte li kòrèkteman, David te evite konvèti li an sa ke Sayil te ye a—yon nonm toumante ak remò vanjans-pou vin, yon lòt bò, yon moun ke Bondye te kapab di: “yon nonm dapre kè mwen” (Travay 13:22). Ala bèl pawòl Jezi yo te bèl nan Matye 5:48! “Non, nou fèt pou nou bon nèt, menm jan Bondye Papa nou ki nan syèl la bon nèt”.

Padon an kòmanse avèk yon desizyon. Lè yon moun fè w’ kèk mal, èske w’ deside padone yo?

Èske w’ deside renmen li avèk lanmou Bondye olye pou l’ priye li?

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w’ ke sal klas la pwòp lè yo rive. Anvan w’ antre nan sijè jodi a, revize de leson pase inite sa yo byen vit epi mande elèv ou yo pou yo bay kèk egzanp sou fason yo te rete fidèl ak Bondye pandan dènye semèn sa.

Ak kisa w’ap panse?

Fè timoun yo chita sou fòm yon sèk.

Pandan w’ap mache alantou yo, touche zèpòl yo tou dousman. Yon moman konsa, fè yon ti kanpe epi mande kèk ladan yo: ak kisa w’ap panse? Timoun nan pral reponn kesyon an epi pran plas antrenè a: l’ap mache andeyò sèk la, l’ap touche zèpòl lòt konpayèl la tou piti epi poze l’ menm kesyon an. Kontinye avèk jwèt la jiskaske tout timoun yo fin reponn epi mache.

Lè jwèt la fini, di yo konsa: Sa te fè plezi pou nou te konnen kisa nou chak t’ap panse, pa vre? Men kounye a mwen genyen yon kesyon pou m’ poze nou.

Ekri kesyon an sou tablo a: “èske sa nou panse a tèlman enpòtan kòm sa nou fè?” (Timoun yo ap kapab bay opinyon yo epi eksplike li).

ISTWA BIBLIK

David deside renmen

Wa Sayil te mete zam sou li epi prepare nepe li. Li te fenk rive sot pèsèkite filisten yo, men li pat panse repoze. Kounye a li pat kapab!

Li te fenk fin resevwa yon mesaj enpòtan.

Mesaj la te di konsa: “David nan dezè a”.

Sayil te reflechi: “Fwa sa a se opòtinite pa m’ nan. Finalman m’ap kapab touye li”.

Sayil se te premye wa nan peyi Izrayèl. Bondye te chwazi l’ pou l’ te vin wa, epi nan kòmansman li te mache dwat, men apre, li te kòmanse dezobeyi Bondye epi fè tout bagay jan li te vle. Pou rezon sa li te oblije chwazi lòt wa, youn ki ta obeyi li.

Bondye te deside pou pwochen wa Izrayèl la te David, paske li te renmen ak obeyi kòmandman li yo, epi pèp la te renmen David tou. Sa te fè wa Sayil fache anpil, epi poutèt sa li te kòmanse fè move lide kont jèn ti nonm nan.

Youn ak lòt fwa ankò, Sayil te panse: “Mwen rayi David. L’ap eseye pran twòn mwen an”.

Sa se pat verite, men an mezi li te konn ap panse ak David avèk rayisans pi plis, li t’ap vin pi konvenki ke se te lènmi li, jiskaske li te panse: “M’ap touye li”.

Konsa li te kòmanse ap chèche fason pou l’ te sasinen David. Bagay yo te vin tèlman mal, pitit Izayi a te oblije kouri pou al kache nan kèk twou wòch nan dezè a. Te genyen plizyè lòt gason ki te rasanble avèk li paske yo te konnen ke li t’ap obeyi Bondye. Men, lavi te anba yon danje byen grav.

Sayil te li mesaj la ankò. Kounye a li te konnen kote David te ye a, yon fason ke li te rele lame twa mil sòlda li yo epi li te ale avèk yo pou y’al chèche li.

David te kache nan yon twou wòch, epi li te tande yon bri. Te gen lòt moun nan twou wòch la” Li menm ansanm avèk mesye li yo te gade... Wa Sayil te la menm!

Konsa, zanmi David yo di li konsa: --sa se opòtinite pa w’ la pou w’ tou touye Sayil la. Li mechan, li dezobeyi Bondye, epi anplis de sa, l’ap bat pou l’ touye w’. Li merite mouri! Nou kwè ke Bondye mennen li jous la a pou w’ ka touye li.

(Li pwochen fraz yo dousman epi avèk dramatis.)

David te pwoche bò kote Sayil la tou piti, li te retire kouto li epi koupe yon ti moso nan manto a. Apre sa, byen dousman li te retounen sou pwent pye li pou al jwenn mesye ki te avèk li yo. Sayil pat ni tande ni santi anyen.

Men David te santi li koupab menm kote a: Sa mwen sot fè a se yon gwo mank respè pou yon wa. Li di moun li yo: --Mande Bondye padon! Mwen p’ap fè bagay konsa sou mèt mwen, moun Bondye

chwazi pou wa a. Mwen p'ap janm leve men mwen sou li, paske se Seyè a menm ki te chwazi l' pou wa. David pale ak mesye l' yo pou yo wete lide konsa nan tèt yo. Li pa kite yo fè Sayil anyen. Sayil leve, li soti nan twou wòch la, li mache al fè wout li.

Lè sa a, David soti dèyè l', li rele l': --Monwa! Monwa! Sayil vire gade dèyè li.

David tonbe ajenou, li bese tèt li jouk atè:

Epi li di: --Poukisa w'ap koute moun k'ap di ou m'ap chache fè malè sou ou? Gade, jòdi a ou wè ak je ou ki jan Seyè a te lage ou nan men m' anndan gwòt la. Gen moun ki di m' se pou m' te touye ou. Men, kè m' fè m' mal pou ou. Mwen di mwen p'ap janm leve men m' sou mèt mwen, paske se Seyè a menm ki te chwazi ou pou wa. Gade, papa mwen! Men yon moso ke rad ou nan men m'! Mwen koupe moso ke rad ou, men mwen pa t' touye ou. Sayil te wè moso manto l' la nan men David. Li pat kapab kwè li:--se sa li te panse! Konsa li te reflechi: "David te kapab detwi lavi mwen, epi mwen menm mwen te vle sasinen li". Wa Sayil te regrèt fachman li a anvè David, ak entansyon pou touye l' la".

Finalman li di konsa:

--Ou se pi bon nonm pase mwen. Koulye a, mwen konnen ou gen pou ou wa vre. Avèk ou menm wa pèp Izrayèl la, gouvènman an ap kanpe fèm. Men tanpri, pwomèt mwen, nan non Seyè a, ou p'ap touye pitit mwen yo lè m'a mouri, pou non m' pa disparèt nan fanmi papa m'.

David reponn li:--Mwen pwomèt li.

Après sa, Sayil al lakay li. David menm tounen nan kachèt li ansanm ak mesye pa l' yo. Li pat kapab konfyè nan Sayil, li menm ki te kapab chanje lide epi eseye touye l' ankò. Men li te mete konfyans li ke Bondye ta ede li, epi lè li ta jije bon an, li ta fè l' vin wa. Men jiskaskè jou sa te rive, David te akonpli kòmandman Bondye a, epi li pa ta detwi Sayil.

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w' kapte atansyon timoun primè yo sou tèm etid la.

Woule pou panse ak aji

Ede timoun yo renmen woulman revizyon istwa bibliki yo dapre enstriksyon ki eksplike nan liv Elèv la (leson 19). Fè timoun yo woule woul la vè Sayil. Pale avèk yo sou sa mesye sa te fè epi konpare li avèk sa David te panse ak sa li te fè aprè.

Poze yo kesyon: Ki panse avèk aksyon ki te fè Bondye plezi, èske se pa Sayil yo oubyen pa David yo? (Pa David yo).

Fè timoun yo vire woul la epi monte li ankò, fwa sa a se pandan y'ap montre pati ki kòresponn ak Jezi e timoun jodi yo. Mande pou kèk volontè li sa Jezi te di a, epi mande yo: Pou ki rezon Jezi di pou

nou renmen lènmi nou yo epi priye pou yo? (Paskè konsèy li ede nou aji avèk lanmou ak onètete).

Fè ke timoun primè yo idantifye, nan chak figi, aksyon ki kòrèk yo. Apre sa, mande yo:

Èske nou kwè ke li fasil pou nou obeyi ansèyman Jezi yo?

Kisa nou kapab fè si li difisil pou nou renmen lènmi nou yo epi priye pou yo? (Mande Bondye pou l' ede nou obeyi).

Mete fen pou w' di: Si yon moun kontinye fache ak move panse, li kapab rive fè peche. Se poutèt sa, Bondye vle pou nou genyen bon panse ak padon, epi l'ap ede nou. Si nou panse byen, n'ap fè sa ki dwat tou.

Pran distans

Fòme yon sèk avèk elèv ou yo. Repase kòmandman leson jodi a, nan fason ke David te akonpli l' ak sa Jezi te di pou nou te fè avèk pwochen nou yo. Eksplike yo ke pafwa, lè nou nan pwoblèm, yon zanmi oubyen antrenè kapab ban nou yon konsèy tankou: "panse l' de fwa", oubyen "konsilte zòrye a", epi sa li vle di nou an se ke, anvan nou aji, nou dwe pran distans oubyen ale lwen pwoblèm nan epi fè yon kanpe pou panse ak sa nou pral fè a.

Di yo konsa: Lè Sayil t'ap bat pou l' te touye David, li te "pran distans", "rete lwen"; li te mete konfyans li nan Bondye, epi apre sa li te fè sa ki dwat. Bondye vle pou nou fè menm bagay la lè yon moun maltrete nou. Kounye a m'ap li plizyè sitiyasyon pou nou, epi m'ap chwazi youn pami nou. Youn ke mwen siyale, ap fè yon pa dèyè (ki vle di pran distans) epi l'ap di: "M'ap obeyi Bondye epi m'ap fè sa ki dwat", epi apre sa l'ap di nou kisa li ta fè nan sitiyasyon sa.

Ou kapab li pou yo sitiyasyon sa yo oubyen lòt ke w' konsidere ki bon:

- ✘ Pi bon zanmi w' lan fawouche w' paske w' renmen dòmi avèk nounous ou a.
- ✘ Kamarad klas ki chita kote w' la te fè plizyè trè nan kaye w' la.
- ✘ Yon elèv senkyèm ane kanpe w' devan pòt lekòl la epi li pran kòb ou te genyen pou w' te itilize nan rekreyasyon an.

Men, eksplike yo ke Jezi di ke nou dwe renmen lènmi nou yo epi priye pou sa ki maltrete nou yo, paske Bondye vle pou pèp li a chwazi lanmou nan plas mechainste.

Pou fini, di yo: Semèn sa, se pou nou sonje ke enterese ak sa nou panse menm jan ak sa nou fè.

Memorizasyon

Divize vèsè a konplèt (Detewonòm 27:10) an plizyè fraz de yon mo oubyen plis, pa egzanzp: “w’a obeyi”, “lòd”, “jodi a”. prepare yon jwèt kat papye bristòl ki gen menm gwosè epi nan chak, ekri mo sa yo ki konpoze vèsè a. Mete kat yo fas anlè sou tab la epi mande yon volontè pou li melanje yo byen. Pa relèv, chak timoun ap pran yon kat epi, avèk mo a oubyen fraz ki ekri ladan l’ lan, li dwe fòme yon fraz kout ki pi konplèt, san di tout vèsè a (egzanzp: kat la di: “w’a obeyi”, epi timoun nan konplete: “obeyi vwa Seyè a”). Apre sa, l’ap mete kat la fas anlè sou tab la. An mezi ke chak timoun ap pase pou pran youn nan yo epi konplete fraz la, li prale nan plas ki pou li a jiskaske vèsè a fin ranje konplètman sou tab la. Jwèt la ap fini lè vèsè a fin ranje nèt epi li kapab li tankou yon kè chan. (Nòt: si gen plis timoun pase kantite kat yo, yo kapab fè de jwèt oubyen plis, dapre nesosite a).

Pou fini

Mande timoun yo pou yo fè silans, epi di:

Kimoun ki kapab di mwen fason Jezi vle pou nou sèvi ak lènmi nou yo? (Avèk lanmou, padon epi lapriyè).

Desine nan tablo a yon vizaj ki montre kòlè ak yon lòt k’ak souri, epi ba yo nimewo 1 ak 2. Apre sa, di timoun yo ke priyè a pral fèt nan de etap, pandan w’ap eksplike yo: Premyeman, gade vizaj ki move a epi panse ak yon moun ki te fè nou yon bagay dezagreyab. Kounye a priye an silans pou moun sa. Lè yo fini, gade vizaj k’ap souri a epi panse kòman nou pral kontan lè nou rankontre ak moun sa ke nou sot padone a epi demontre li lanmou. Kounye a pap genyen fachman ankò, epi zanmitay la ap kontinye!

Finalman, mande pou yon volontè priye pou ke Bondye ede yo renmen ak padone moun sa yo ki te maltrete yo.



Nòt mwen yo:

Vòlò ak bay manti pote konsekans

Baz biblik: Egzòd 20:15-16; 2 Wa 5:13-27

Objektif lesan an: Ede timoun primè yo konprann ke vòlò ak bay manti pa bon, se peche, men Bondye kapab padone yo si yo repanti.

Vèsè pou aprann: *Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a (Detewonòm 27:10).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Leson semèn sa a eksplike kòmandman Bondye pou nou pa vòlò ak bay manti.

Leson sa ap bay elèv ou yo yon nouvo fason de panse sou vòlò. Vòlò a se plis pase pran yon objè ki pa pou ou. Vòlò a deranje tou de, vòlò a avèk viktim vòlò la.

Timoun primè yo vle tout fòs, akseptasyon ak apwobasyon de moun sa yo k'ap egzèse otorite sou yo. Li posib pou yo fè manti pou yo ka pa gen pwoblèm oubyen pou yo pa fè paran ak antrenè yo fache. Yo bezwen tandè nan bouch moun k'ap dirije yo a ke vòlò ak bay manti pa sèlman bay desepsyon, men ke dezobeyisans règ sa yo lakòz separasyon ak Bondye. Yo bezwen konnen ke Jezi pa aksepte eskiz pou okenn peche, menm pou peche ke nou kapab konside kòm ti peche oubyen ki pa siyifi anyen. Sa se yon bon opòtinite pou w' prezante bay timoun yo verite ke Bondye ap ede nou obeyi règ li yo epi ban nou fòs pou nou pa fè peche.

KÒMANTÈ BIBLIK

Se enkwayab pou jan moun ki nan antouraj nou yo ap eseye kase oubyen kraze règ yo. Nou tout konnen atitid sa yo trè byen. Yo refleto nan konpòtman tankou pa egzanp rete nan plas ki rezève pou moun andikape yo avèk jistifikasyon de ke y'ap la nan biznis la pandan kèk minit ase.

Anpil fwa nou jistifye konpòtman nou epi nou kondane menm konpòtman sa nan lòt yo.

Konpòtman sa yo se pa bagay ki nouvo. Nan 2 Wa, chapit 5, istwa di nou ke pwofèt Elize te geri kòmandan militè a Naaman anba lèp li a, yon maladi ki te bay anpil pwoblèm nan tan biblik yo, kòm jodi a se SIDA li ye pou nou.

Aprè Elize te fin refize pèyman Naaman an, Gerazi, te kouri dèyè militè a epi li di l' ke Elize ta renmen aksepte kado a de tout fason. Pou Gerazi te kouvri onètete li, li te oblije bay manti lè Elize

te kontrekare li sou koze a. Rezilta peche a te fè ke Gerazi te rete avèk lèp ansanm avèk tout fanmi li.

Se yon benediksyon lè rebelyon nou yo pa pote menm soufrans ke Gerazi te genyen an. Menm si sa ta rive, nou ta kapab wè mwens koken, mwens vòlò ak mwens manti nan mond nou an. Nou dwe sonje ke lè nou vyole lalwa Bondye yo, n'ap soufri konsekans ki vrèman serye kòm rezilta pou yo. Vyole kòmandman ki di pa vòlò ak bay manti a kapab fini an aksyon ki legal e menm ak prizon, e tou, lawont ak desepsyon pou moun ke nou renmen yo.

Aksyon nou yo---bon oubyen move---refleto gwo lonbray.

Menm si nou pa fè konplo pou vòlò nan yon bank oubyen kòmantè fo temwayaj devan yon jij, tantasyon pou w' kraze kòmandman sa yo byen reyèl nan sosyete nou an. Pafwa nou santi tantasyon pou di yon ti manti pou nou pa mete tèt nou nan pwoblèm, oubyen sere yon lajan anplis lè yo remèt nou yon monnen anplis. Lè nou pa anvi pase yon week-end avèk kèk fanmi oubyen zanmi, ta sanble ke di yon "manti saj" se yon bagay ki pa gen gwo enpòtans.

Men kòm disip Jezi, nou pap janm kapab jistifye aksyon nou yo demontre ke genyen kèk ti diferans. Bondye rele nou pou nou viv nan yon dimansyon ki pi wo.

Mond lan kapab pa obsève Dis Kòmandman yo epi chwazi kalite lavi ki fè Bondye plezi a; men, kòm kretyen, nou te ap pou nou viv yon lavi ki diferan. Lè li te bay pèp li a Dis Kòmandman yo, li t'ap di yo: "rès mond lan kapab viv dapre pwòp règ li yo, men, nou menm, pèp mwen chwazi a, nou dwe viv nan fason sa". Lè nou di ke n'ap viv nan kominyon avèk Bondye, chwa nou yo simante nan Pawòl la, li genyen Dis Kòmandman yo ladan li.

Pandan w'ap prepare w' pou w' anseye timoun ou yo semèn sa, mete nan tèt ou ke w' pral fè yon efè pozitif oubyen negatif. Si nou echwe nan objektif pou obeyi Bondye a, konsekans yo pa twò sevè kòm pinisyon avèk lèp jan sa te pase Gerazi a. Men Jezi te montre klè nan Lik 7:12, ke li pa pran an jwèt si nou fè lòt moun peche. Jan li di nan v.3: "Fè atansyon!"

Mete nan tèt ou ke gen lòt moun k'ap obsève w' epi timoun yo espesyalman bezwen wè yon obeyisans ki soti nan Pawòl Bondye nan moun k'ap dirije ak anseye yo a.

DEVLOPMAN LESON AN

Anvan w' antre nan sijè jodi a, repase kat lesan pase yo byen vit. Poze kesyon ki senp epi dirèk osijè de pèsonaj ki etidye yo avèk evènman ki plis

enpòtan yo.

Maryonèt avèk vòlè a

Anvan klas la, bat pou w' pote yon maryonèt pou w' itilize nan aktivite a. (Ou kapab fè li ou menm avèk yon ba oubyen chosèt). Mete men w' nan chosèt la epi make kote je yo prale, yo kapab de bouton, mete yon souri ladan l' (bouch fèmen avèk twal lòt koulè). Avèk ti fil lenn ou kapab fè sousi yo avèk cheve a.

Ajoute yon nen ladan li sou fòm triyang. Ou kapab fè l' tou avèk yon sakit (sak papyè) ki mwayen. Ba li non.

Ekri yon dyalòg tankou sa yo:

Di: Sa se zanmi mwen (Jaime oubyen Izabèl). Li dwe ban nou yon nouvel ki tris sou yon bagay ki te pase semèn sa. Lajan Jaime a te pèdi.

Antrenè: --Bonjou Jaime. Èske w' kapab rakonte nou sa ki te pase w' semèn pase a?

Jaime:--Genyen yon bagay tris ki te rive mwen! Mwen pa kapab kwè li! Manman m' te ban mwen lajan pou travay mwen te fè nan kay la. Mwen te sere yon kantite pou m' te peye ofrann epi mwen te mete rès la nan bou mwen. Mwen te vle achte yon jwèt espesyal, ki te fè m'ap sanble kòb la. Mwen pral sere lajan pandan de mwa!

Antrenè: --Sa pa tèlman sanble terib! Men, kisa ki te pase menm?

Jaime: --Mwen te pote bous mwen an nan lekòl la paske lè m'ap soti nan klas yo mwen ta al achte yon jwèt. Pandan rekreyasyon an mwen te kite li nan tiwa m' nan. Lè mwen te rive nan chòp la epi mwen ouvè li, mwen te manke lajan. Èske nou kapab kwè li? Lajan ke mmwen t'ap rasanble epi rasanble a...te disparèt. Mwen te deja pat ka achte jwèt mwen an. Mwen pat gen lajan ditou. Mwen te prèske pete rèl kriye nan chòp la!

Antrenè: --Sa terib vre Jaime! Yon moun te vòlò lajan nan bous ou a. Epi ou te travay pandan de mwa pou w' te rasanble li. Sa a fè mal vre.

Jaime: --Sa te fèm mal anpil epi sa ki pi mal la mwen pa konnen si m' ka fè yon moun konfyans ankò. Mwen pa kwè ke m'ap kapab fè kamarad klas mwen yo konfyans ankò. È si se kèk nan zanmi m' yo ki te pran lajan m' nan? Li te kapab nenpòt!

Antrenè: --Sa se vre. Men gen yon bagay ke w' kapab fè. Ou kapab priye pou ke Bondye ede w' padone moun sa epi pou w' kapab konfyè nan zanmi w' yo yon lòt fwa ankò. Bondye va ede w'.

Jaime: --Èske w' kapab priye avèk mwen? Antrenè: --Wi, Jaime, dakò!

Di konsa: Vòlò ak bay manti ofanse Bondye ak lòt moun.

Kòman vòlò la te deranje Jaime/Izabèl? (Li te

pèdi lajan li ak konfyans nan zanmi l' yo. Li pat kapab achte jwèt li a, ke li t'ap sere lajan pou li sa fè bon lontan.).

Dirije atasyon timoun yo nan tablo afich kote ki genyen Dis Kòmandman yo. Mande pou yon timoun al li kòmandman nimewo 7 la. Mande: Èske nou kwè ke règ Bondye a bon? Poukisa?

Ann bay ofrann nou yo

W'ap bezwen yon panye oubyen yon vèsò an plastik pou ranmase ofrann nan.

Mande pou tout gwoup la chita sou fòm yon sèk. Montre timoun yo yon vèsò ki genyen plizyè pyès monnen landan li.

Poze kesyon: Pou ki rezon nou mete ofrann nan legliz la? (Pou ede legliz la preche lòt yo sou Jezi). Kounye a nou pral pase plato oubyen panye a nan sèk la epi nou pral mete ofrann nou yo.

Lè plato a ap pase devan w' lan, rete byen serye epi pran kèk monnen ladan li olye pou w ta mete (ou kapab ranje avèk yon timoun pou l' retounen pase plato a ankò kote w'ap tounen pran ankò). W'ap tande gen kèk timoun k'ap kòmanse kòmante.

Di konsa: Poukisa se yon bagay ki mal si yon moun pran lajan nan plato ofrann nan? (sa se vòlò. laja nan se pou Bondye ak legliz la). Retounen mete lajan an nan plato a.

Di konsa: Nan lesou nou an jodi a, nou pral pale osijè de sa ke Bondye te di nan Pawòl li sou vòlò ak bay manti.

ISTWA BIBLIK

Naaman te yon nonm enpòtan k'ap travay pou wa. Li t'ap viv lwen Izrayèl, epi li te genyen yon domestik ki t'ap travay pou li. Se izrayeli li te ye epi konnen vrè Bondye a. Naaman te malad byen grav.

Li te atrape yon maladi mòtèl ki te afekte po li epi ba li maleng sou tout kò li. Sa te rele lèp. Naaman te gen blese ki te enpresyonan. Li te fè anpil tretman, men ni youn nan yo pat ede li. Chak fwa li te vin pi mal toujou!

Yon jou, domestik li a te pale avèk madanm Naaman epi li te di l' konsa:

--Pwofèt Bondye a, elize, li kapab ede mari w' wi. Li abite Jerizalèm. Li ta dwe al wè li!

Naaman te ale nan peyi Izrayèl. Li te vizite Elize. Pwofèt la te konnen sa general la te dwe fè pou li te geri.

Naaman te byen kontan. Li te fè sa pwofèt la te endike l' la epi lèp li a te disparèt. Pou li te vin tankou tou nèf, tout maleng yo te disparèt!

Li te di Elize—Mèsi, mèsi---. Kounye a mwen konnen ke pa genyen Bondye nan tout mond la tankou Bondye Izrayèl la. Tanpri, aksepte kado sa

yo kòm remèsiman.

---Elize te reponn—non. —Se Bondye ki te geri w', se pat mwen menm ki te fè li.

--Mwen pran Seyè vivan m'ap sèvi a pou temwen, mwen p'ap resevwa ankenn kado. Naaman t'ap fòse l' pou l' pran kado a, men Elize derefize.

---Elize te di Naaman konsa:--Ale ak kè poze.

Gerazi, domestik Elize a te tande. Li te panse: "Mwen poko ka kwè ke Elize pa ta resevwa anyen nan men Naaman, siriye sa a Naaman!"

Domestik la te kontinye ap panse. Finalman li te deside fè sa li ta fè a: "M'ap kouri dèyè Naaman epi m'ap mande l' yon kado pou mwen".

Gerazi te kòmanse kouri. Depi yon bon distans, Naaman te wè l' k'ap pwoche epi li te retounen pou rankontre avèk domestik Elize a.

Naaman te mande li:

---Èske tout bagay byen?

Gerazi te reponn:---Wi, tout bagay trè byen. ---Men, Elize voye yon mesj ba ou. Genyen de jèn ki bezwen èd ou epi li vle pou w' ban mwen kado lajan ak rad yo.

---Naaman di:---Pa gen pwoblèm! ---M'ap ba ou kado yo pou Elize.

Gerazi te ale lwen Naaman avèk kado yo. Li te fè tankou si pa gen anyen ki te pase.

---Elize mande: ---Ki kote w' te ye Gerazi?

---Li reponn: ---Mwen pat ale okenn kote non.

Elize te sekwe tèt li avèk tristès epi li di:

---Mwen konnen sa w' sot fè Gerazi! Ou sot bay manti epi vòlò.

Anplis de sa, ou sot fè peche kont Bondye. Ou sot vyole kòmandman li yo.

Gerazi te bese tèt li, avèk lawont. Elize te dekouvri li.

Elize deklare li: ---Kounye a w'ap resevwa santans pou peche w' la!. ---Ou menm avèk pitit ou va gen lèp menm fason ke Naaman te genyen l' anvan li te geri a.

Epi se konsa sa te rive. Gerazi te oblije aprann siyifikasyon vyole kòmandman Bondye yo nan yon fason ki byen tris.

AKTIVITE YO

"Kisa w' te tande?" Revizyon

Pran yon tan pou w' revize istwa a. Tout timoun yo ap chita sou fòm yon won. Kòmanse ou menm dabò, chak moun ap di kamarad ki sou bò goch li a: "Kisa w' te tande?" (an relasyon avèk istwa bibliik la).

W'ap di konsa: Mwen te tande ke te genyen yon nonm enpòtan ki te yon militè.

Aprè sa: Kisa w' te tande osijè de li menm, Elize?

Elisa pral di: Non li se te Naaman.

Aprè, Elisa ap poze Mario kesyon: Kisa w' te tande, Mario?

Mario pral di: Naaman te genyen yon domestik. Epi nan fason sa a, y'ap kontinye istwa bibliik la.

Si manke kèk pati ladan li, w'ap poze kesyon: Èske te manke yon bagay?

Pèmèt ke moun ki konnen sa ki manke a mete li nan istwa a. retounen kote istwa te kanpe a epi mande: Kisa w' te tande?

Epi fè yo kontinye istwa a.

Mete fen avèk kesyon ki kapab general oubyen repetisyon nan istwa a.

Memorizasyon

Kisa Gerazi te fè?

W'ap bezwen: makè, kwòk pou papyè ki gen 2 pat, sizo, kwòk klipè pou papyè.

Ede timoun yo reyalize aktivite liv Elèv la, lesan 20. Mande yo pou yo pentire figi yo epi reponn kesyon yo. Ba yo tan pou ke yo konplete jwèt la.

Mande timoun yo pou yo kole chemen Dis Kòmandman yo nan yon papyè bristòl oubyen katon ki pwès. Si gen tan ase, pèmèt ke yo jwe. Di timoun yo ke yo kapab jwe lakay yo epi rakonte fanmi yo rezon ki fè li enpòtan pou nou obeyi kòmandman Bondye yo.

Anvan w' fini avèk klas la, mande pou yo di vèsè ki pou aprann nan twa fwa oubyen plis. "Piga nou pran sa ki pa pou nou. Piga nou bay manti sou frè parèy nou" (Egzòd 20:15-16).

Pou fini

Priye pou ke timoun yo kapab obeyisan fas ak Dis Kòmandman Seyè a.

Yo kapab chante kè sa, sou son mizik ke w' vle.

Repete li plizyè fwa, chak fwa pi vit.

"Seyè mwen pwomèt pou m pa bay manti ak vòlò Mwen pwomèt ou Seyè, pou m obeyi kòmandman ou yo".

Di konsa: Nou tout nou responsab pou nou pa bay manti ak vòlò, menm si nou se timoun oubyen granmoun. Bondye gen pouvwa pou padone ak kenbe nou pou nou pa tonbe.

Lanbisyon an danjere

Baz bibliik: Egzòd 20:13-17; 1 wa 21:1-29

Objektif leson an: Ede timoun yo konprann siyifikasyon lanbisyon an epi kontante yo avèk sa yo genyen.

Vèsè pou aprann: *Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a* (Detewonòm 27:10).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo gen yon atitud ke sosyete konsomasyon an enfliyanse ladan yo, epi yo di: “plis, plis, mwen vle plis”. Pwopagann ak anons yo bonbade timoun yo avèk imaj kreyatif rapid, plen ak plizyè koulè epi byen atiran. Tout pou fè anvi dènye pwodwi ki parèt sou mache a. Ajan piblisite yo vle pou timoun yo chèche genyen jwèt ki tou nèf, jwèt elektwonik, rad ki alamòd oubyen dènye modèl òdinatè a. Tout ---timoun ---adolesan ak ---jèn yo ---anba konsomasyon anvi san fren pou genyen plis, pi gwo ak pi bon kalite a.

Leson sa se repons Bondye fas ak anvi pou genyen plis, plis ak pi plis.

Li mande nou pou nou kontante avèk sa nou genyen an.

Li avèti nou tou pou di ke pote lanvi sou sa ke nou pa kapab posede ap mennen nou fè aksyon ki gen peche.

Pandan leson sa, ede timoun yo konsantre yo sou Bondye ak nan tout sa li ba yo. Di yo pou yo mete je yo sou li, se pou yo sonje kòmandman li yo epi di li mèsi pou tout bon bagay ke li ofri yo. Li posib pou sa pa satisfè dezi pou genyen sa ki pi bèl ak modèn, men l'ap mennen yo panse oubyen gen lide de ke Bondye gen pi bon bagay nan tèt li pou yo, pase sa mond lan ap ofri yo a.

KÒMANTÈ BIBLIK

“Piga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou” (v.17). Se te avèk dènye kòmandman sa ke izrayelit yo te pran tranble nan prezans Bondye ki gen tout pouvwa a. Anplis de sa, yo te sipriye Moyiz: “--Pito se ou menm ki pale ak nou, n'a koute sa w'ap di. Men, si se Bondye ki pou pale avèk nou, n'a mouri” (v.19). Izrayelit yo te santi yo pat genyen okenn valè pou yo te parèt devan Bondye Kreyatè a.

Moyiz te vin konvèti an medyatè ant Bondye avèk pèp la. Bondye te pale ak Moyiz epi li te ba li mesaj pou bay pèp la. Wòl medyatè sa te reyalize pa plizyè sèvitè atravè istwa Izrayèl la. Moyiz, Jozye, Jij yo, pwofèt yo, wa yo kò Sayil ak David, yo tout te enpòtan pou Bondye. Dènye ak medyatè pafè a se te Jezikris, Pitit li a.

Kontra ant Bondye ak pèp li a te etabli avèk remisyon lalwa a. Dis Kòmandman yo se règ Bondye pou nou viv nan yon relasyon kòrèk avèk li epi pwochen nou tou.

Kontre yo te siyen epi fen kontra yo te etabli. Li ta vin sèl Bondye pèp Izrayèl la; li ta gid yo, gadò ak lidè yo, si yo te viv nan obeyisans ak onètete devan li.

Règ yo te la, men, èske pèp la te kapab obeyi li?

Malerezman, non. Atravè istwa Izrayèl, nou te wè anpil egzanp dezobeyisans. Te gen moman kote yo tout te vire do bay Bondye, epi te genyen lòt kote yon sèl moun te peche e li te trennen tout nasyon an fè l' tou.

Nan chak ka, nou wè demonstrasyon jistis ak gras Bondye.

Li 1 Wa 21:1-19. Istwa Akab la se yon egzanp ki montre kòman lanbisyon an fè moun peche.

Akan se te wa nan Nò yon Izrayèl divize. Kòm Wa, li te responsab pou l' te sèvi entèmedye ant Bondye ak pèp li a. Men Akab pat pran responsablite a avèk seryozite. Li te itilize wòl chèf la pou l' te jwenn sa li te anvi epi se pat pou l' te fè sa ki pi bon pou moun yo.

Yon jou, Akab te wè yon bèl jaden rezen epi li te vle pou l' te pou li.

Li pat sèlman renmen jaden rezen an, men tou li te pare pou l' te fè nenpòt bagay pou genyen li.

Akab te pèmèt ke mèl li a, Nabòt te sibi asasina avèk entansyon pou l' te ka posede jaden rezen an. Epi konsa li te vyole de kòmandman: sa ki di “pa pote lanvi sou sa ki pa pou nou an” avèk “piga nou touye moun”.

Bondye te voye pwofèt li a, Eli, avèk yon mesaj pou Akab. Konbyen fwa, lè nou refize koute Bondye, li voye lòt moun vin pran nou mennen retounen epi fè nou konprann sa li vle pou nou? Akab te aprann ke menm li menm ki te wa, te dwe obeyi Bondye. Epi kounye a li ta responsab pou peche li.

Nan sosyete nou an yo di nou ke pa genyen anyen ki definitif ni absolè, kesyon bon oubyen move se yon kesyon de opinyon. Nan awogans nou, nou kwè ke Bondye pa wè peche nou yo oubyen li fèmen je l' sou yo. Men se pa konsa. Bondye ki te bay Dis Kòmandman yo kòm règ pou viv la se menm Bondye sa ki se Kreyatè ak souverèn linivè

a. Nou dwe deside viv nan obeyisans devan li epi nou kapab reyalize li si nou re etabli relasyon nou avèk Bondye, atravè Jezikris.

Kòman istwa Akab la te fini nan pasaj jodi a?

Akab te imilye li devan Bondye. Nan 1 Wa 21:29 nou wè yon lòt fwa ankò ke gras Bondye a etann vè moun sa yo ki imilye yo nan obeyisans. Bondye te padone Akab epi li pat pini l' menm kote a.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke sal klas la pwòp lè yo rive. Mande yo si yo te obeyi Seyè a nan semèn sa epi si yo te kapab akonpli tout kòmandman yo te aprann rive jouk jodi a.

Mo enpòtan yo

Anvan klas la, ekri mo "LANBISYON" pou ajoute rès mo enpòtan yo nan tablo afich la.

Nan 7 kat ki fèt avèk papyè bristol de 15 cm. x 15 cm. ekri mo "lanbisyon", chak lèt separeman. Sere lèt yo nan plizyè kote nan sal la. Mande elèv yo pou yo chèche kat yo, se pou yo pote yo mete sou tab la epi pou yo ranje mo enpòtan an.

Estati yo: "Ou gen lanvi?"

Mande elèv yo pou yo fòme yon sèk. Si sal la piti, ou kapab fè li nan lakou a.

Mande yo pou yo mache dousman sou son mizik konpa, sou son yon bandlèt, oubyen sou son bat men, san kraze sèk la, jiskaske son an kanpe. Nan moman sa nou dwe sispann mache, ou dwe mache nan alantou sèk la epi touche zèpòl kèk elèv. Mande li: èske w' konn anvi yon bagay ak tout kè w'? Kisa li ye?

Kontinye avèk jwèt la jiskaske yo tout rakonte sa yo vle a. Si w' vle, ou menm tou ou kapab di sa w' te vle ak sa w' vle.

Eksplike ke se byen pou nou anvi yon bagay ke nou renmen. Sa ki mal la se nan anvi bagay la tèlman, li mennen nou vyole lalwa Bondye a, sa vle di Dis Kòmandman yo. Sa se lanbisyon.

ISTWA BIBLIK

Wa Akab te pote lanvi sou jaden rezen Nabòt la.

--Akab di konsa: --Ala yon bèl jaden rezen! Gade tout rezen sa yo, gade jan grap yo bèl! Tè sa yo bon nèt pou jaden legim mwen yo!

An mezi li t'ap gade jaden rezen an, se plis li te vle pou l' te pou li. --li di konsa: "Jaden rezen sa dwe pou mwen. Se mwen menm ki wa a, mwen dwe posede pi bon tè yo".

Aprè sa li te leve pou l' t'ap wè Nabòt, mèt jaden an.

---Akab : ---Bonjou Nabòt. ---mwen bezwen pale avèk ou.

---Nabòt mande li: --Kisa ki pase?

---Mwen renmen jaden rezen w' lan, epi mwen vle l', sa vle di ke ou dwe ban mwen l'. Ou kapab gen lòt, si w' vle, mwen ba w' pèmision pou w' chwazi nenpòt sa w' vle.

--Nabòt reponn li: --Non, mèsi. --Jaden rezen sa se pou fanmi mwen sa depi anpil tan epi m'ap kontinye konsève l' pou li.

Sa te fè ke wa a te fache anpil epi li te menm chanje koulè akòz de kòlè ke li te santi a.

Wa a te replike:--Kimoun Nabòt sa kwè ke li ye? --Se mwen menm ki wa a, epi mwen vle jaden rezen sa!

Wa a te retounen nan palè a epi fèmen tèt li andedan chanm li. L'al kouche nan kabann li, li pat leve, li pat manje ni bwè epi li te kontinye fache.

Chak fwa li te panse ak bèl jaden rezen an. "li te panse: li bon nèt". "Li dwe pou mwen. Mwen vle li pou mwen. Se mwen menm ki wa a". Li te tèlman plenyen, larenn nan Jezabèl te bouke koute li. Yon jou li te deside pale avèk li.

--Li te mande li: ---Poukisa w' pa manje? --Ki pwoblèm ou genyen? Pou ki rezon w'ap plede plenyen konsa?

--Wa te reponn: mwen tris epi mwen fache. --Mwen vle jaden rezen Nabòt la epi li pa vle ban mwen l'. Mwen sot ofri l' ke m'ap peye li l' epi li di mwen ke li pap aksepte li. Kòman li kapab tèlman egoyis?

Jezabèl te mare sèt pli sou fwon li lè li te tande wa a.

--Larèn nan di: --Pa aji tankou ti bebe. Kòm si la a se pa ou ki wa Izrayèl la? Leve, manje, fè kè w' kontan; m'ap ba ou jaden rezen Nabòt la.

Epi li te reyalize yon plan ki terib. Li te pran plas wa Akab la. Li te ekri plizyè lèt epi sele yo avèk bag wayal la.

Tout moun te kwè ke se Akab ki te ekri yo.

Wa a pat pran an chaj sa madnm li t'ap fè a. Sèlman sa ki te entere li se te posede jaden rezen nonm sa nenpòt jan.

Larenn nan te ekri: "Se pou nou prepare yon repa espesyal epi envite Nabòt". "Ba li yon chèz espesyal, aprè sa se pou nou di ke envite a te di pawòl ki mal sou Bondye epi touye li".

Lidè yo te fè sa larenn nan te ekri a.

Yo te envite Nabòt nan yon repa espesyal la.

Yo di Nabòt konsa: --Chita la non. Nou genyen chèz espesyal sa pou ou.

Nabòt te chita. Aprè sa, de nonm mechan te lonje dwèt sou Nabòt epi yo te rele di byen fò--: Li te mal sou Bondye!

Yo tout te dakò ke Nabòt te dwe mouri. Yo te

touye li epi voye yon mesaj bay larenn Jezabèl. “Yo te lapide Nabòt epi li te mouri”.

Jezabèl te kontan anpil. Li te pete kouri pou al rakonte wa a ke Nabòt te mouri. Wa a te soti ak kè kontan nan direksyon jaden rezen an.

Akab te fèmen men l’ yo kòm yon timoun ki kontan avèk jwèt prefere li a. “Jaden rezen sa yo se pou mwen kounye a!” Li te pran yon ti priz tè epi kite l’ glise tonbe nan mitan dwèt li yo tou dousman, pandan li t’ap pran sant gou laviktwa.

--Akab te touye Nabòt epi li te pran byen li a. Bondye te di Eli konsa: --Al kote li ye a.

Eli te jwenn wa a byen kontan nan nouvo jaden rezen li yo.

--Eli di l’ konsa: --Bondye fache anpil avèk ou.

Ou sot fè peche, ou sot vyole kòmandman li yo! Ou sot dezobeyi Bondye! Bondye pral pran tout sa w’ genyen epi w’ap mouri!

Menm kote a wa Akab te rann li kont de mekanste li a epi li te tonbe nan gwo tristès.

Li te kriye epi ap di: --Kòman m’ te kapab fè yon bagay tèlman terib? Akab te konnen ke li te fè peche. Li te konnen ke li te fè sa ki mal. Li te kriye epi kriye. Li te repanti epi abiye ak rad sak, epi li te mande Bondye pou l’ te padone li.

Bondye te konnen ke Akab te repanti. Konsa, li te padone li, men li te di l’ ke pitit li yo pat kapab vin wa.

Akab te aprann ke li pat kapab vyole lwa Bondye yo san peye konsekans yo. Li te konprann jan sa te enpòtan pou obeyi Bondye.

AKTIVITE YO

Branch kontantman

Remèt elèv ou yo aktivite liv Elèv la, leson 21. Swiv enstriksyon yo pou w’ fè branch lan.

W’ap bezwen: sizo, ti bwa oubyen kab koulè vèt, gwo vè dechetchab, sab pou ranpli vè a, tep ak lakòl, pou chak timoun.

Di konsa: Sa se yon branch lajwa. Bèl flè yo se kado Bondye. Lè yo wè yon flè nan jaden yo oubyen Pals yo, fè yon kanpe pou di Bondye mèsè pou tout bèl bagay li ban nou yo.

Mande pou yo li chak fraz ki parèt nan flè yo:

- ✗ Rejwi epi kontante w’ avèk sa w’ posede.
- ✗ Pa pote lanvi sou sa ki pa pou ou. Di lanbisyon an non.
- ✗ Si ou gen rad ak manje, fè kè w’ kontan.
- ✗ Di Bondye mèsè.

Pote branch lajwa ak kontantman lakay yo. Plase li yon kote ke tout moun kapab wè li. Di Bondye mèsè chak jou pou sa nou genyen yo. Sa

ap ede yo sonje ke yo dwe fè kè yo kontan epi rejwi e di Seyè a mèsè dèske nou pa pote lanvi sou sa nou pa genyen.

Memorizasyon

“Pa pote lanvi sou sa ki pa pou nou” (Egzòd 20:17). Mande timoun yo pou yo repete tèks la plizyè fwa.

Kòm se dènye leson nan mwa a, reyalize yon aktivite espesyal pou w’ repase Dis Kòmandman yo.

Fè timoun yo chita sou fòm yon sèk. Se pou yo pase yon ti boul piti epi lejè. Mete mizik ki dousman. Lè mizik la fini, timoun ki rete ak ti boul la nan men li an dwe di vèsè ki nan inite V. Pase mizik la ankò. Pwochen timoun k’ap genyen boul la nan menm li lè mizik la kanpe a dwe di premye kòmandman an, epi youn apre lòt. Si gen timoun ki pa sonje kòmandman yo, lòt yo kapab ede yo, oubyen ou kapab fè li atravè mo kle yo.

Pou fini

Pèmèt ke timoun yo pran yon ti kolasyon lejè, li kapab fwi, bonbon ak dous kòm “prim pou asistans ak patisipasyon pou aprann Dis Kòmandman yo.

Fè yon lapriyè avèk je yo fèmen. Tout timoun yo ap patisipe ladan li. Yo kapab kanpe epi fòme yon sèk.

Yo tout ap di fraz kout tankou: “Mwen di w’ mèsè Seyè pou manman m”. Mwen di w’ mèsè Seyè pou papa mwen”. (Kontinye di Bondye mèsè pou tout bagay ke Bondye ban nou: lasante, fanmi an, frè ak sè yo, travay la, lekòl la, jwèt yo, zanmi yo, antrenè yo, pastè yo, pye bwa yo, flè yo, animal yo.).

Mete fen pandan w’ap priye pou timoun yo pou ke Seyè a ede yo gen kè kontan ak rekonesan, olye pou pote lanvi sou bagay ke lòt moun genyen oubyen pou anvi epi pa kabap genyen. Di Seyè a mèsè paske timoun yo te aprann Dis Kòmandman yo epi mande pou l’ ede yo sonje lalwa ke Bondye te kite pou nou akonpli yo epi pou nou kontan.

Ankouraje yo pandan semèn nan pou yo di Seyè a mèsè olye pou yo plenyen.

Chante yon kè chan ki sanble ak kè kontan, kontantman an oubyen rekonesans.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite VI

BONDYE PA GEN PARÈY EPI LI GEN POUVWA

Baz bibliik: Nonb 13:1-14:42; Nonb 27:12-23; Jozye 1; Jozye 3-4; Jozye 6; 14:6-15.

Tèks inite a: *Bondye ou la, ap toujou kanpe la avèk ou kote ou pase* (Jozye 1:9b).

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✕ Pèdi lapèrèz epi mete konfyans nan Bondye.
- ✕ Genyen kouraj pou fè fas ak sitiyaasyon difisil yo.
- ✕ Rann yo kont ke lè yo obeyi, Bondye ede yo.

Leson inite a

Leson 22: Kontinye pou pi devan san krent

Leson 23: Kontinye pou pi devan avèk kouraj

Leson 24: Kontinye pou pi devan nan obeyisans

Leson 25: Kontinye pou pi devan avèk pouvwa li

Leson 26: Kontinye pou pi devan avèk pwomès li yo

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Lapèrèz, mank de kouraj pou fè fas ak kèk bagay epi dezobeyisans lan komen anpil nan timoun primè yo.

Se poutèt sa ke, dapre sans ak dinamik ke ou bay klas ou a, w'ap kapab pèmèt ke yo santi yo lib devan ti fado yo, sa ki kapab rann yo trè danjre.

Se pou yo kapab rive konprann ke, menm si se envizib nan je moun, Bondye la ansanm avèk yo tout kote. Sa ap ede yo venk yon “lespri” ki bay anpil kè sote: santi yo poukont yo, lwen lakay yo oubeyen san defans.

Anplis de sa, y'ap kontinye aprann—se pa yon jou pou lòt la, men wi avèk letan—dèske li tou prè, Bondye santi li kontan lè yo obeyi epi okipe yo nan bay sitiyaasyon yo valè ki pwodwi ensekirite pou yo jeneralman.

Li enpòtan pou timoun primè yo kòmanse konprann ke Bondye se yon zanmi ki toujou toupre yo.

Kontinye pou pi devan san krent

Baz biblik: Nonb 13:1-14:42

Objektif leson an: Se pou timoun yo konprann ki sa siyifi mete konfyans nan Bondye ak obeyi li, epi pou yo kapab kwè ke l'ap ba yo kouraj pou reyalize nenpòt bagay ke li mande yo fè.

Vèsè pou aprann: *Senyè a, Bondye ou la ap toujou kanpe avèk ou kote ou pase* (Jozye 1:9b).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo gen anpil lapèrèz. Byen souvan yo pè animal yo, fè nwa, moun yo pa konnen ak eksperyans ki tou nèt yo. Selon pèsonalite li, timoun yo ekspriye lapèrèz yo sou plizyè fason: rele fò, kriye, kenbe rad granmoun oubyen aji avèk dekourajman. Youn nan ti zanmi m' yo pa janm di m' egzaktman: "Mwen pè lè m' lwen lakay mwen". Men byen souvan li mande m': "èske nou lwen kay krèm glase a?"

Kisa nou pral fè kounye a? A ki distans kay mwen ye la?

Leson sa ap montre timoun nan, ki pafwa e menm nou menm granmoun yo konn santi lapèrèz. Men, mete konfyans nan Bondye a make diferans ant vin brav oubyen pè. Moun sa yo ki mete konfyans yo nan Bondye, yo kwè nan bonte ak lanmou li anvè yo. Yo kwè ke li pi gran pase tout bagay.

Yo rete tann avèk konfyans ke l'ap ede yo fè nenpòt bagay ke li mande yo pou yo fè.

Kalite konfyans sa pa konstwi soti nan yon jou pou antre nan yon lòt. Men, leson yo ki nan inite sa a se brik enpòtan pou konstriksyon verite yo nan timoun yo. Bondye pa sèlman di pou ke nou mete konfyans nou nan li, men tou atravè Pawòl la li montre nou kijan li ye, kòman li kenbe pwomès li yo, epi kòman li te konn ede moun ki te vini anvan nou yo fè li.

Asire w' ke w' pataje kòman Bondye te rive nan lavi w' ak elèv ou yo. Temwayaj ou, ansanm avèk dokiman ki genyen Pawòl la ladan li, se lòt brik pou simante lafwa nan timoun yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Istwa rebelyon izrayelit yo nan Kadès Baneya ilistre laverite ki mansyone nan Ebre 11:6: "Pèsòn pa kapab fè Bondye plèzi si li pa gen konfyans nan

Bondye". Bondye te kondwi pèp li a lwen esklavaj avèk fidelite, li te etabli yon kontra avèk yo, li te ba yo sa yo te gen bezwen nan fè mirak. Epi lè a te rive pou yo te antre nan tè pwomès la: Kanaran. Men akòz de enkredilite ak rebelyon yo, izrayelit yo te pèdi dwa yo nan eritaj la, se youn nan pi move dezaz ke istwa biblik la rakonte.

Ensidan sa te rive 14 oubyen 15 mwa apre yo te fin kite peyi Lejip. Moyiz te voye 12 lidè nan yon misyon pou fè espyon pou te kapab dekouvri ki opòtinite ak defi ke Kanaran te prezante. Espyon yo te pase 40 jou pou yo te fè travay la epi retounen akòz de distans ki te egziste ant dezè a avèk Kanaran, li menm ki te yon distans de 402 Km. Lè yo te retounen, yo te rekonèt ke se te yon bon tè, sa ki te parèt klè pou fwi ke yo te pote yo.

Sepandan, nou kapab dekouvri premye siy pwoblèm sa nan v.13:27, lè espyon yo di: "Nou rive nan tè kote w' te VOYE NOU AN..." (Avèk presizyon ki ajoute). Anvan sa, Anvan sa, byen souvan yo te konn fè referans ak Kanaran kòm yon bèl kado Bondye (wè v.13:2). Fraz espyon yo nan v. 27 la revele santiman negatif yo anvè tè sa.

Pwoblèm espyon yo te santre li nan negativite yo a. Anpil nan kananèyen yo te rekonèt akòz de fòs ke yo te genyen. Epi Ebwon se te yon vil ki te byen barikade. Se pandan, nan plizyè okazyon yo, Bondye te pwomèt pèp li a ke li ta ba yo tè Kanaran.

Jozye ak Kalèb te fè pati pa yo a lè yo te santre atansyon pèp la sou pwomès Bondye yo (13:30 ak 14:6-9). Poutan, espyon enkredil yo te sèlman vin pi rebèl epi yo te bay yon "move" enfòmasyon. Pawòl sa vle di ke non sèlman kòmantè yo te negatif, men tou egzajere epi fo. Diskou terib la te pwodwi gwo lapèrèz. Izrayelit yo te fè egzijans pou retounen nan peyi Lejip epi menase a mò Moyiz, Jozye ak Kalèb.

Iwoni byen tris istwa sa a se ke sa ke izrayelit te predi ki ta pase pitit yo si yo pat ale Kanaran, se sa ki te pase yo an reyalite paske yo pat kwè nan pouvwa Bondye.

Finalman, Bondye te padone pèp li a epi konsève pwomès li a avèk yo. Sepandan, li te kite yo pou yo te fè fas ak konsekans aksyon yo. Konsekans sa yo te afekte ni inosan ni koupab yo. Jozye avèk Kalèb, antan ke nonm ki mache dwat, yo te oblije soufri privasyon pou viv nan dezè a pou 40 ane olye pou sipòte yo sèlman pou kèk semèn. Men, finalman, se sèlman pitit izrayelit plenyadò yo.

Bondye ap atann pou pèp li a mete konfyans yo nan li. Menm jan li te fè l' avèk izrayelit yo, li ofri nou ase demonstrasyon lanmou, fòs ak kapasite pou devlope lafwa nou. Poutan, alafen, chwa ap

toujou pou nou.

Nou kapab deside mete konfyans nou nan Bondye, pandan n'ap konsidere eksperyans nou yo avèk li, oubyen doute epi fè rebèl. Konfye a difisil. Men, kòm istwa a montre nou li lajman, pa konfye a pi mal toujou.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Kisa ou pè?

Anvan klas la kòmanse, mete yon tapi oubyen yon kouvèti plastik sou tab la.

Nan klas la, separe bay chak timoun pat pou fè modèl oubyen plastilin (wè resèt yo nan kòmansman liv sa).

Mande yo pou yo fè yon figi ki reprezante yon objè oubyen yon sitiyasyon ki fè nou pè. Kite yon montre w' sa yo te fè a epi pou yo chak rakonte poukisa.

Poze kesyon: Kisa timoun yo fè lè kè yo sote?

Di konsa: Tout moun nou konn santi lapère pafwa. Kèk fwa, santi krentif la bon. Li ede nou pwoteje tèt nou kont danje. Men nan lòt okazyon yo, li anpeche ke moun yo fè sa Bondye vle pou yo fè. Nan istwa nou an jodi a, moun yo te pè. Ann wè sa yo te fè.

ISTWA BIBLIK

Ou pa bezwen pè

Sa se yon istwa ki senp pou ilistre. Chèche figi plizyè pèsonaj bibliik nan liv Elèv la, fè fotokopi, Moyiz, Arawon, yon foul moun, pentire yo epi kole yo nan mitan grap rezen yo. An mezi w'ap rakonte istwa a, bloke figi yo avèk metal, anpaye li avèk tep. Timoun yo kapab fè yon gwo tablo afich tou avèk anpil rezen, grap, ak pye bwa ki gen fwi yo. Apre sa yo kapan fikse imaj espyon yo.

Bondye te di yon jou:--Moyiz, voye kèk nan mesye yo nan tè Kanaran pou al vizite tè ke mwen pral ban nou an.

Moyiz te rele 12 lidè pami pèp la:

--Moyiz te di yo konsa:--Ale vizite tè epi dekouvri si li bon oubyen move. Kontwole byen kòman vil yo ye epi si tè a bon pou fè jaden. Pote kèk fwi ki grandi nan Kanaran.

12 mesye yo t'ale Kanaran imedyatman. Pandan 40 jou, yo te mache vizite tout tè a. La yo te wè kote ki sèk ak dezètik, chan ki genyen anpil grenn ki mi, epi genyen anpil riviyè ki byen

laj. Gen anpil gwo fwi dous ki grandi la. Espyon yo te pran plizyè fwi avèk grap, epi yo te koupe yon gwo grap rezen.

Li te tèlman gwo, se te de mesye ki te mete yo ansanm pou pote li. Karant jou apre yo te retounen pou enfòmè Moyiz.

Lè yo rive, yo te montre Moyiz, Arawon ak tout pèp la fwi yo te pote yo. Apre sa, 10 nan espyon yo te kòmanse di:

--Kanaran se yon bon tè. Gade bèl fwi li yo! Sepandan, abitan Kanaran yo te byen gwo epi fò. Y'ap viv nan vil ki genyen barikad ak gwo miray solid.

--Kalèb ki te youn nan espyon yo te di: --Nou pa ta dwe enkyete nou pou sa--. Mwen kwè ke nou ta kapab ale kounye a epi pran tè a. Nou kapab fè li!

--Lòt yo rele byen fò: --Non! Nou pa kapab atake moun sa yo, paske yo pa gwo nèg, yo se gwo zotobre!

Y'ap fè nou vin tounen krikèt!

Izrayelit yo te kòmanse fache:

--Yo te kòmanse plenyen. --Oh, poukisa nou te vin la?

Bondye ap kite yo touye nou tout. Lènmi yo ap pran madanm ak pitit nou yo. Nou ta dwe retounen nan peyi Lejip. Ann chwazi yon nouvo lidè ki pou mennen nou retounen.

Moyiz avèk Arawon te tibe sou jenou yo ak vizaj yo atè. Pèp la t'ap dezonore Bondye lè yo t'ap di tout bagay mal sa yo sou li. Kisa Bondye ta fè?

Jozye ak Kalèb te chire rad sou yo pou montre pèp la kijan yo te ofanse.

--Jozye ak Kalèb te di: --Piga nou pale nan fason sa! Tè a bon epi nou dwe mete konfyans nou nan Bondye. Piga nou fè pèp la pè. Bondye avèk nou. Nou kapab pran tè a!

Men pèp la pat vle koute yo. Yo te tèlman pè epi fache, yo te menm vle touye Moyiz, Jozye ak Kalèb.

Menm kote a, Bondye te parèt sou yo tankou yon limyè ki byen klere nan yon nyaj! Li menm tou li te fache.

--Bondye te mande Moyiz: --Jis kilè pèp sa va kontinye san konfye yo nan mwen? Mwen pral detwi yo tout epi kòmanse yon nasyon tou nèf avèk fanmi ou.

--Moyiz priye konsa:--Non, Bondye, tanpri pa fè sa! Ou te mennen nou soti nan peyi Lejip epi tout moun nan peyi Kanaran yo konnen sa. Ou gen bon kè epi konn padone.

Padone pèp sa tanpri menm si yo te fè bagay ki mal anpil!

M'ap padone yo men mwen pap kite okenn pami yo antre nan Kanaran. Yo te wè tout mirak ke mwen te fè nan mitan yo, men yo pat mete

konfyans yo nan mwen ni obeyi mwen.

Bay pèp la mesaj sa:

Nou pral viv nan dezè a pou lòt 40 ane ankò. Sa ap reprezante yon ane pou chak jou ke espyon yo te vizite tè a. Tout sa yo ki genyen laj 20 ane pou pi plis pral mouri, sof Jozye avèk Kalèb, ki te mete konfyans yo nan mwen. Pitit nou yo gen pou viv nan peyi Kanaran yon jou, men nou menm, non.

Lè Moyiz te rakonte pèp la sa Bondye te di a, yo te atriste anpil.

Yo te di konsa:--Nou te fè peche. Poutèt sa, kounye a nou prale nan tè Bondye te pwomèt nou an.

Moyiz di yo konsa: --Piga nou fè sa! Li deja twò ta pou n'al Kanaran.

Yon vye ti tan apre, 10 espyon ki pat mete konfyans nan Bondye yo te mouri. Sèlman Jozye ak Kalèb ki te viv. Epi yo te oblije rete tann pou 40 ane byen long yo pase. Men yo te konnen ke Bondye t'ap kenbe pwomès li epi mennen yo nan tè Kanaran.

Di timoun yo: Jozye ak Kalèb nan pwomès ke Bondye ta ba yo yon kay tou nèf. Yo te mete konfyans yo nan Bondye epi te vle obeyi li. Bondye vle pou nou mete konfyans nou nan li epi obeyi li. Nou pa dwe pè pou nou fè sa Bondye vle pou nou fè.

AKTIVITE YO

Labirent pou pye

Remèt timoun yo fèy aktivite ki nan liv Elèv la, leson 22. An mezi y'ap trase labirent lan, yo kapab repete vèsv biblik pou aprann nan.

Poze kesyon revizyon sou vwayaj espyon izrayelit yo, pinisyon Bondye a, elatriye.

Soup lèt yo

Mande timoun yo pou yo travay nan soup lèt

yo epi konplete fraz yo avèk mo: "konfyè", "obeyi", "Bondye", "mwen" ak "kouraj".

De aktivite yo ap ba w' opòtinite pou w' fè yon revizyon lesò nan avèk kesyon ki apwopriye, prepare pa oumenm, depi davans.

"Obeyi ak konfyè"

Ekri yon jwèt avèk mo "Obeyi" ak "konfyè" pou chak timoun. Lè de mon yo dwe laj ase, pou ranpli, pentire ak desine. Ekri yo nan papye bristòl de 15 cm. x 30 cm. Pote koulè, penti, pensèl, makè, kreyon, ti grenn, pwa, mayi, diri, gòm pou kole, ti etikèt fwi, elatriye. Mande timoun yo pou yo dekore mo yo fason ki fè yo plezi. Pandan y'ap travay la, pwofite pou w' poze yo kesyon sou lesò an epi pou eksplike siyifikasyon mo sa yo.

Memorizasyon

Òdone tèks la

Apre nou fin repete vèsè pou aprann nan plizyè fwa, ekri li nan tablo a tou gaye. Apre sa mande timoun yo pou yo al sou tablo a pou al ranje vèsè a nan lòd. Bay chans pou tout timoun yo patisipe. Sa ki pa konnen li yo, yo kapab repete li avèk èd lòt timoun ki te deja aprann li yo.

Pou fini

Nan klas la, chante 2 oubyen 3 kè chan ki pale sou gen lapèrez ak mete konfyans nan Bondye.

Di konsa: Konfyè ak obeyti Bondye se yon bagay ki pa fasil. Men, Bondye ap ede nou, menm jan li te ede Jozye ak Kalèb.

Di yo pou yo site motif remèsiman devan Bondye ak demann lapriyè. Priye pou demann sa yo. Mande Seyè a pou li ede timoun yo aprann mete konfyans yo nan li ak obeyi li jan Jozye ak Kalèb te fè l' la.

Leson 23

Kontinye pou pi devan avèk kouraj

Baz biblik: Nonb 27:12-23; Jezye 1.

Objektif leson an: Se pou timoun yo konnen ke, menm jan Bondye te bay Jozye kouraj pou l' te vin lidè pèp li a, l'ap ban nou kouraj nou pou nou kapab reyalize tout sa li mande nou fè.

Vèsè pou aprann: *Bondye ou la, ap toujou kanpe la avèk ou kote ou pase* (Jozye 1:9b).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Leson sa genyen de aplikasyon posib pou timoun primè yo.

Nan premye pozisyon, istwa biblik la montre nou kòman Bondye te bay Jozye fòs pou vin konvèti an nouvo lidè izrayelit yo. Li te mande Jozye pou l' te vin fò epi vanyan.

Konsa li te ba li kalite sa yo, avèk pwomès de ke li ta avèk li epi fè l' fè siksè.

Bondye pap mande timoun yo pou yo konvèti an lidè nasyon yo. Men pafwa li vle pou timoun yo fè kèk bagay ki mande kouraj. Pa egzanp, nan epòk sa a l'ap bezwen anpil kouraj pou l' fè fas ak yon zanmi epi di li ke l'ap fè yon chwa ki mal. Leson sa kapab fè timoun nan sèten ke Bondye bò

kote li, pandan l'ap ede l' fè sa ki dwat.

Nan dezyèm pozisyon, l'ap ede timoun primè a respekte ak obeyi lidè li yo. Malerezman, imaj otorite ke timoun yo genyen jodi a se pa moun k'ap bay fawouch ak dezobeyi. Chak jou, pwogram televizyon yo montre paran yo kòm moun ki pa gen anpil sajès oubyen pi mal. Li posib pou frè ki pi gran yo pale san respè de antrenè oubyen moun k'ap egzèse otorite yo. Leson sa pral montre timoun yo kòm nou menm pitit Bondye yo nou dwe trete lidè yo: Avèk respè ak obeyisans.

Mande Bondye pou l' ede timoun yo aprann epi sonje istwa bibliik ke w' anseye yo a. Bondye te ban nou istwa sa yo pou nou kapab aprann kòm li ye epi pou sa kapab ede nou bati lafwa nou.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Nonb 27:12-23. Eskpresyon "pase flanbo" fè referans ak rapèl konpetisyon olenmpik yo, kote ke yon flanbo limen pase de yon atlèt pou yon lòt. Li fè referans ak transfè lidèchip de yon lidè ansien pou yon lòt jenerasyon.

Ministè Moyiz nan tèt pèp Izrayèl la ta fini byento. Akoz de pawòl ak atitud rebelyon pèp nan dezè a (Nonb 20:1-13), Bondye te anpeche li antre nan Kanaran. Sepandan, Moyiz te wè tè a depi sou tèt mòn Nebo anvan li mouri.

Jozye se te nouvo lidè ke Bondye te chwazi.

Reyèlman li te montre kouraj ak lafwa l' nan li. Li te sèvi kòm asistan Moyi pandan 40 an kote ke yo t'ap fè pelerinaj nan dezè a.

Nan yon seremoni espesyal, transfè ministè Moyiz pou Jozye te fèt piblikman. Nan tan bibliik yo, poze men te endike ke yon moun t'ap vini chèf oubyen reprezantan apre lòt la. Pratik sa jan l' ye a te genyen benediksyon transferans lan ki te konn swiv lòt moun nan oubyenyon animal sakrifye.

Jozye ta nan anpil aspè, yon lidè kòm Moyiz.

Poutan, te genyen anpil diferans enpòtan.

Moyiz te pale ak Bondye fas a fas. Entimite Jozye avèk Bondye se te atravè prèt Elyaza, li menm ki te chèche direksyon Seyè a atravè Ourim ak Tourim. Sa yo se te wòch espesyal, kòm yon fòm pou fè tirajosò pou detèmine kisa ki te volonte Bondye.

Li Jozye 1'. Jan chapit sa kòmanse a, Moyiz te mouri epi Jozye te pran tout responsablite ministè a. Chapit la siyale divès pwèn sou ministè li:

1. Ministè Jozye a se te yon pozisyon responsablite. Moyiz te retire pèp la nan peyi Lejip; Jozye te anchaje pou antre avèk yo nan Kanaran.
2. Jozye pa ta gouvène yo poukont li. Bondye te pwomèt yon lòt fwa ankò ke li t'ap bay pèp li a tè a. Si yo ta gen pou bagay pou

genyen li, yo ta sèlman fè li lè yo konnen ke vikwa a te asire. Bondye te pwomèt tou ke li t'ap ansanm avèk Jozye menm jan li te ansanm avèk Moyiz nan chak sitiyaasyon (v.5-9). Lòd ki bay nan vèsè 9 la make pwèn sa. Nan Ebre a li di: "Paske Seyè Bondye w' la ansanm avèk ou".

3. Jozye ta bezwen yon gwo lafwa ak anpil kouraj, tou de karakteristik inevitab yo ni pou yon lidè militè kòm espiyèl. Nan twa okazyon Bondye te pase Jozye lòd: "se mete gason sou ou, pa janm dekouraje" (v. 6, 7 ak 9). De fwa kòmandman sa te fè referans ak anchajman tè Karan an. Men nan vèsè 7, Bondye te di li: "se mete gason sou ou, pa janm dekouraje. Veye kò ou pou ou mache dapre tout lòd Moyiz, sèvitè m' lan, te ba ou yo".

J. Gordon Harris di konsa: "Lè lidè yo chèche fè volonte Bondye fidèlman, yo dekouvri ke Bondye te prepare chemen siksè a".

An mezi ke w'ap anseye timoun primè yo, ou menm tou pou kapab konte sou Bondye, lè w' konnen ke l'ap akonpli pwomès Jozye a 1:9.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfò sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Swiv lidè a

Mennen timoun yo nan yon lakou oubyen nan yon salon ki ouvri kote y'ap jwenn espas pou yo fè mouvman. Chwazi yon timoun ki pou sèvi tankou lidè. Di timoun yo pou yo fè tout sa lidè a fè. Eksplike li ke l' kapab mache, kouri, sote, sote sou yon pye, elatriye. Lidè a kapab fè jès avèk men l' yo oubyen nenpòt lòt mouvman avèk kò li pou ke klas la swiv li. Apre kèk minit, fè chanjman pou yon lòt timoun reyalize fonksyon an. Kontinye jès la jiskaske yo tout fè yon kout lidè.

Fè timoun yo chita an sèk epi fè deba sou jwèt la.

Di konsa: Pafwa li difisil pou nou fè moun swiv nou.

Istwa bibliik nou an jodi a rakonte nou kòm Bondye te rele yon lidè fè yon devwa difisil. Ann dekouvri kisa Bondye te voye l' fè epi kisa Bondye te pwomèt li.

Revizyon istwa bibliik klas pase a

Rele kèk volontè epi fòse yo rakonte istwa klas pase. Si timoun ki pale a bliye oubyen sote kèk detay, lòt kapab leve men, oswa pase devan epi kanpe bò kote timoun k'ap pale a epi di: "Mwen

sonje ke: ...” epi rakonte pati ki te sote oubyen bliye a. Yon fwa ke yo fin sonje tout istwa a (ou kapab entewonp yo pou w’ poze kesyon ki apwopriye ak klas pase a, pou ke yo kapab sonje), di konsa:

Semèn pase a nou te aprann ke Jozye ak Kalèb te sèl de espyon ki te obeyi Bondye epi yo te antre nan Kanaran. Semèn sa nou pral koute plis osijè de Jozye. Mwen mande mwen kisa ki pral pase avèk li aprè.

ISTWA BIBLIK

Kouraj Bondye a

Moyiz te vin vye anpil. Li te konnen lè pou l’ te mouri a te prèske rive, epi li te prewokipe pou pèp Izrayèl la. Yo te fè pelerinaj nan dezè a pandan 40 an. Byento yo ta dwe antre nan tè nouvo ke Bondye te pwomèt yo depi anpil tan. Konsa, Moyiz te di Bondye konsa:

--Moun sa yo tankou mouton. Yo bezwen pou yon moun te dirije yo oubyen kontinye fè pelerinaj la.

Seyè a te reponn li:

--Jozye se nonm ki te chwazi pou misyon sa.

Li mete konfyans li nan mwen, epi li obeyi mwen. L’ap yon lidè saj. Fè Jozye ale avèk ou ak prèt la, epi kanpe avèk pèp la. Mete men w’ sou li epi montre l’ pèp ke w’ap mete Joze nan tèt yo a.

--Moyiz te reponn: --M’ap fè tout sa ou di mwen.

Li te rasanble ansanm ak tout pèp la. Ak prèt Elyaza, yo te kanpe devan pèp la. Moyiz te mete men li sou Jozye epi mete l’ kòm lidè pèp la.

Yon ti tan aprè, Moyiz te mouri. Anpil tan pat pase, Bondye te vin pale ak Jozye.

Bondye te di l’ konsa: --Jozye, ou dwe dirije pèp la atravè Larivyè Jouden an pou w’ entwodwi yo nan nouvo tè ki rele Kanaran. M’ap kenbe pwomès ke mwen te fè Moyiz ke mwen ta ba yo tè mwen te pwomèt la. M’ap toujou avèk ou. Se mete gason sou ou, pa janm dekouraje. Veye kò ou pou ou mache dapre tout lòd Moyiz, sèvitè m’ lan, te ba ou yo.

Pa janm neglije anyen nan sa li te di ou, pou zafè ou ka mache byen kote ou pase.

Jozye te bay pèp la lòd la pou yo te prepare yo pou travèse Jouden an epi pran direksyon nouvo tè a.

Èske pèp la ta obeyi? Pandan plizyè ane Moyiz te lidè yo.

Sepandan, tout pèp la te dakò pou obeyi Jozye jan yo te obeyi Moyiz. Yo te konfyè ak kwè ke Bondye te ansanm avèk Jozye menm jan li te ansanm avèk Moyiz la. Avèk anpil enpasyans, pèp la t’ap tann pwochen lòd Jozye yo. An brèf yo ta antre nan nouvo tè a.

Aprè istwa a, yo jwe ta-te-ti (prea n liy oubyen do-di-to). Desine yon kare ta-te-ti nan tablo a (3

kare orizontal x 3 kare vètikal). Divize klas la fè de ekip. Prepare kesyon an relasyon avèk istwa ki rakonte a. Poze premye ekip la yon kesyon. Si l’ reponn li kòrèkteman, di youn nan manm yo pou l’ mete yon X nan kare ke ekip la chwazi a. Poze dezyèm ekip la yon kesyon. Kite ekip la trase yon O si l’ te reponn kòrèkteman. Si ekip la reponn mal, li pèdi patisipasyon pa l’ la epi se lòt ekip la k’ap pase pou jwe. Kontinye jwe jiskaske kèk nan ekip yo fòme yon liy de 3 kwazman oubyen sèk nan sans vètikal, orizontal oubyen dyagonal, oubyen lè 9 kare yo fin plen, kote ke sa ki ranpli plis kare a ap chanpyon.

AKTIVITE YO

Reyalize aktivite sa pou w’ ede elèv yo konekte verite bibliik sa yo avèk lavi yo.

Swiv lidè yo

Di konsa: Bondye te chwazi Jozye pou li te vin lidè pèp li a. Pèp la te pwomèt obeyi ak swiv li.

Poze kesyon: Kilès lidè sa yo ke nou dwe obeyi nan tan nou jodi a? (Paran yo, antrenè yo, pastè yo, gran papa ka grann yo, moun ki nan gouvènman yo). Kòman nou dwe fè pou nou respekte yo? (Obeyi yo, janti, priye pou yo).

Bay chak timoun yon plat katon. Di yo pou yo desine figi kèk lidè ke yo dwe swiv oubyen obeyi. Kite yo dekore plat la pandan y’ap desine vizaj la avèk makè oubyen fib yo, epi pou yo kole fil oubyen lenn pou fè cheve a. Di yo chak pou yo kole yon bwa (bwa pou krèm, anpoul plastik oubyen chalimo) nan pati anba vizaj ki trase a, pou soutni li. Lè yo fini, mande pou yo chak leve vizaj yo epi rakonte rès klas la kimoun yo te desine a.

Mande chak timoun: Ki bagay ou kapab fè pou w’ respekte lidè sa? Kòman ou kapab swiv li? Kite timoun yo pataje opinyon yo.

Di konsa: Nou obeyi Bondye pandan n’ap respekte epi obeyi lidè li mete yo. Vin lidè pa fasil. Men nou kapab ede yo pandan n’ap priye pou yo.

Mache ansanm

Anvan klas la, prepare oubyen chèche prete enstriman senp ke timoun yo kapab itilize.

Deja nan klas la, distribye yo. Mete yon tèm mizikal avèk anpil kadans. Di timoun yo pou yo mache nan sal la akonpanye tèm mizikal la avèk enstriman pèkisyon yo, avèk batman pla men oubyen soufle. An mezi y’ap mache, kanpe mizik la nan plizyè okazyon. Lè w’ kanpe li a, di konsa:

Antrenè: ---Kimoun ki ban nou kouraj?

Elèv: ---Bondye!

Antrenè: --Nan kimoun nou dwe mete konfyans nou?

Elèv: ---Nan Bondye!

Antrenè: ---Kimoun nou dwe obeyi?

Elèv:---Bondye!

Kontinye jwe, manche, epi pwoklame dapre jan tan pèmèt li a. Chak fwa ke w' fin fè youn nan pwoklamasyon sa yo, chante chan yon lòt fwa ankò.

Aprè, di konsa: Jodi a nou te aprann ke Jozye te kontinye pou pi devan avèk kouraj. Lè Bondye te mande li pou l' te vin lidè a, Jozye te konfyè ak obeyi li. Seyè a te bay Jozye kouraj ke li te bezwen an pou l' te vin yon bon lidè. Se menm jan tou, l'ap ban nou kouraj pou nou fè fas ak sitiyasyon difisil n'ap viv yo.

Memorizasyon

Mak pye komik yo

Anvan klas la, fè modèl yon ti mak pye epi fotokopye 8 pou chak timoun. Enprime vèsè Jozye 1:9 nan yon fèy epi bay yo chak yon kopi.

Nan klas la, bay chak timoun 8 mak pye epi yon fèy avèk vèsè a. Di yo pou yo koupe vèsè a pou 8 mo yo rete separe de 8 ti bwa yo, epi pou apre yo kole youn nan yo nan youn nan mak pye yo.

Pèmèt yo fè pratik pandan y'ap mete mak pye yo nan lòd, yon fason pou ke vèsè a rete byen ranje. Apre sa di yo pou yo yo melanje tout mak pye yo epi fè yo fè pil devan yo a. Lè w' fin bay siyal la, di yo pou yo kòmanse mete yo nan lòd byen vit posib jiskaske yo mete vèsè a nan lòd ki kòrèk la. Premye timoun ki rive fè l' se li menm ki pral gide gwoup la pou di vèsè a. Fè l' plizyè fwa.

Bay chak timoun yon oubyen anvlòp oubyen sachè plastik pou konsève mak yo. Se pou yo chak ekri non yo nan anvlòp la oubyen sachè a. Konsève yo pou nou itilize yo semèn k'ap vini an.

Di yo konsa: Vèsè sa di ke Bondye ap la avèk nou nenpòt ki kote nou prale. Se yon pwomès

espesyal pou moun sa yo k'ap eseye fè sa Bondye mande pou yo fè. Nan istwa biblik nou an jodi a, Jozye te resevwa yon misyon espesyal nan men Bondye. Epi nou te wè kijan li te kapab akonpli li ak kòman Seyè a te ankouraje li pou l' te gen kouraj pou reyalize li.

Pou fini

Di konsa: Panse ak kèk sitiyasyon kote nou bezwen kouraj pou nou fè bagay ke Bondye vle pou nou fè. Kite timoun yo reponn epi di tout moun li.

Di konsa: Kisa nou kapab fè lè nou bezwen kouraj pou nou fè yon bagay?

Anpil fwa timoun yo kapab genyen menm twòp opinyon. Remèt timoun yo fèy aktivite liv Elèv la epi mande yo pou yo swiv enstriksyon yo.

Ba yo kreyon oubyen makè wouj ak vèt. Kite yo konplete paj la epi dekouvri mo "Priye".

Di konsa: Kilè nou kapab priye? (Nan nenpòt moman nou bezwen sipò Bondye). Sonje ke nou kapab pale avèk Bondye nenpòt lè a, nenpòt kote epi sou nenpòt bagay.

Rakonte yo kèk eksperyans kote w' te mande Bondye pou l' te ba w' kouraj pou w' fè yon bagay ke li te vle w' reyalize. Rakonte yo kòman Bondye te ede w'.

Mande elèv yo pou yo konplete fèy aktivite ki nan liv Elèv la: "Kilès li ye?"

Mete fen ak klas la pandan w'ap priye pou kèk demann (pou kouraj pou fè fas ak sitiyasyon difisil yo) epi lò bezwen ak motif remèsiman ke timoun yo genyen. Mande Bondye pou li ede timoun yo sonje priye chak fwa yo bezwen kouraj.

Lè timoun yo prale, ou dwe sèten ke yo pote travay manyèl yo a.

Leson 24

Kontinye pou pi devan nan obeyisans

Baz biblik: Jozye 3-4.

Objektif leson an: Se pou timoun yo konnen ke Bondye ap onore yo lè yo swiv enstriksyon li yo, epi l'ap fè yo brav lè yo fè efò pou obeyi li.

Vèsè pou aprann: *Bondye ou la, ap toujou kanpe la avèk ou kote ou pase* (Jozye 1:9b).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pèsonaj yo ki nan Bib la, men sa yo ki te patisipe nan istwa mirak yo, yo kapab dekourajan pou timoun yo si w' konpare yo avèk ti komik yo. Genyen kèk nan timoun primè yo, sa ki pi piti yo espesyalman, yo gen difikilte pou yo diferansye lejand lan de reyalite a.

Youn nan objektif nou yo kòm antrenè se ede timoun nan rann li kont ke istwa biblik yo reyèl. Lè elèv ou yo site non yon aktè nan televizyon, toujou fè yo sonje ke pèsonaj sa pa reyèl, men pèsonaj nan Bib la yo wi.

Istwa biblik jodi a rakonte nou kòman Bondye te itilize pouvwa li pou ede moun sa yo ki te mete

konfyans yo nan li ak obeyi li. Timoun yo ap viv nan yon mond dwategòch, epi anpil fwa plen ak lapèrèz. Yo bezwen konnen ke Bondye ki mèt linivè a ap pwoteje yo epi gen pouvwa pou li ede yo.

Nan ansèyman w' lan, demontre ke Bondye konnen epi vle sa ki pi bon pou nou. Kwè sa ap etabli fondman pou konfyans ak obeyisans.

Leson yo pou mwa sa a ap santre li sou konfyans nan Bondye. Jozye ak Kalèb te mete konfyans yo nan li lè lòt yo pat fè li. Jozye te konfyè l' le Bondye t'ap fè li vin nouvo lidè a. Jozye ak izrayelit yo te konfyè yo nan Bondye ke li t'ap ede yo travèse larivyè Jouden an—menm avèk rebò li yo inonde—epi mennen yo nan Kanaran. Egzanp aktè Ansyen Testaman sa yo kapab ede timoun premye ak dezyèm ane yo konnen yo menm tou yo kapab konfyè ak obeyi Bondye.

KÒMANTÈ BIBLIK

40 ane pelerinaj nan dezè a te fini, Bondye te gide pèp Izrayèl la akote larivyè Jouden an. Plan li yo pou pèp li a se te menm nan pou anvan: ta ale Kanaran epi ta posede tè ke li te pwomèt Abraram depi anpil tan deja. Obeyi kòmandman diven an pa ta twò tèlman fasil jan sa te ye 40 ki pase yo. Epi li te kapab vin pi difisil pou kounye a, pliske limit larivyè Jouden an t'ap debòde.

Sou ministè Moyiz la, Bondye te bay Izrayèl yon nyaj ak yon kolòn dife pou gide yo. Kounye a, bwat kontra a se te siyal vizib prezans li. Prèt yo te mache devan pèp la, ap pote bwat kontra a, kòm senbòl prezans Bondye, li menm ki te pran devan yo pou montre yo chemen nan.

Yon fwa ke yo te fin rive nan jouden an epi etabli tant la a, Jozye te rete tan pandan twa jou pou l' te ka rete tan siyal Seyè a. Finalman, li te di pèp la pou l' te prepare li paske li te fè lè pou yo te kòmanse mache. Sanntifikasyon an ta prepare pèp la pou vin temwen gwo aksyon Kreyatè a. Li ta montre yo depandans yo de li. Se sèlman lè n'al kote Bondye epi nou depann de Li, Seyè a kapab fè gwo mèvyè atravè nou menm.

Aprè sanntifikasyon an, pèp la te pare pou travèse Jouden an. Se menm kote prèt ki te pote bwat kontra yo te pile dlo yo, larivyè a te seche. Prèt yo te nan mitan larivyè a lè pèp la te travèse ak pye y'p san mouye. Aprè yo tout te fin travèse, Jezye te rele yon moun ki te soti nan 12 branch fanmi an. Li te di yo pou yo te pran yon wòch ki te soti nan fon larivyè kote prèt yo te kanpe a. Avèk 12 wòch sa yo, yo te konstwi yon lotèl. Sa se te pou pèp la sonje gran pouvwa Bondye ak kòman li te sèvi ak pwisans li pou ede yo lè yo te swiv endikasyon yo.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou w' ede timoun yo santre atansyon yo sou tèm ki pou trete a epi prepare yo pou aprann verite bibliik jodi a.

Swiv endikasyon yo

Anvan klas la, kouvri yon bwat katon ---avèk fòm kib ---avèk papyè koulè (li kapab kouvri, afich, papyè kreye, elatriye.). Ekri endikasyon sa yo, youn nan chak 6 fas kib la:

- ✗ Ouvè Bib la nan liv Jozye.
- ✗ Ekri non w' sou tablo a avèk lèt majiskil.
- ✗ Mache pa do rive jous nan pòt la, epi apre sa retounen nan plas ou.
- ✗ Chante yon ti kèchan prefere w' la.
- ✗ Bay 3 moun la men (salitasyon fòmèl pami granmoun yo), san w' pa souri avèk yo.
- ✗ Pran twa so ak je ou fèmèn.

Nan klas la, di yo konsa: Jodi a nou pral wè si nou konn swiv endikasyon yo.

Fè timoun yo voye kib la anlè youn apre lòt epi kite l' tonbe atè. Lè premye a fè li, ede l' li endikasyon ki parèt nan fas ki rete anlè a. Kite chak timoun voye li epi reyalize sa ki ekri la a. Apre sa, poze yo kesyon sa yo:

- ✗ Èske li te difisil pou nou te swiv endikasyon yo?
- ✗ Pou ki rezon moun yo bay endikasyon yo? (Paske yo vle pou nou fè bagay yo yon fason espesifik oubyen pou ke nou aprann yon bagay).
- ✗ Èske li enpòtan pou nou swiv endikasyon yo?
- ✗ Kisa ki kapab pase si w' pa swiv endikasyon yo ba ou yo?

Di yo konsa: Endikasyon jwèt ke nou sot reyalize a yo se te sèlman pou nou te pran plezi nou, men, swiv yo trè enpòtan. Nan istwa bibliik nou an nou pral dekouvri konbyen sa enpòtan pou nou swiv endikasyon ke Bondye ban nou yo.

Travèse larivyè a

Anvan klas la, ekri mo sa yo nan plizyè kat diferan: “naje”, “flote”, “travèse pon”, “bwa fouye”, “motosiklèt dlo”, “kanal”, “kannòt” ak “vwalye”. Mete kat yo nan yon ti bwat.

Di nan klas la: Jodi a nou pral fè yon jwèt k'ap

montre nou tout fòm ki posib pou nou travèse yon larivyè.

Fè chak timoun yo chwazi yon kat, youn aprè lòt. Mande yo chak: Kòman w' pral travèse larivyè a?

Timoun nan dwe li sa kat li a di a epi fè jès yo, san li pa di ni yon mo. Se pou rès timoun yo eseye devine sou ki fòm timoun sa pral fè travès la.

(Opsyon: Si kantite timoun ki nan klas ou yo plis pase kantite kat ou te fè yo, mande yo pou yo regwoupe yo.)

Mande: Kisa w' kwè ke leson jodi a gen pou wè ak travèse larivyè? Koute istwa bibliik la epi w'ap dekouvri li.

ISTWA BIBLIK

Mande timoun yo pou yo koupe paj leson sa ki nan liv Elèv la. Montre yo koupe epi ranje figi yo.

W'ap bezwen pou chak timoun: plizyè moso papyè bristòl pou w' kole figi ak kreyon koulè yo oubyen kreyon senp yo (koulè jòn oubyen dore pou pentire bwat la). Yon fwa ke yo te fin monte ak pentire figi yo, y'ap kapab kontinye istwa bibliik ke w' pral rakonte a.

Di konsa: Jodi a mwen vle pou nou ede m' rakonte istwa bibliik la. M'ap fè nou siy lè n'ap gen pou nou chèche figi a epi deplase li. Istwa nou an jodi a twouve li nan liv ki rele Jozye a. Liv sa pale nou de Jozye. Semèn pase a nou te wè ke Moyiz te prezante Jozye devan pèp la kòm nouvo lidv li.

Èske nou sonje poukisa Bondye te chwazi Jozye pou gouvène pèp la? (Paske Jozye te kofye ak obeyi Bondye. Paske Moyiz te deja fin vye granmoun.)

Mannèw pou travèse larivyè a

(Endike timoun yo pou yo chèche figi Jozye kote l'ap pale ak pèp la).

Jozye te pale ak izrayelit yo, epi li di yo konsa:

---Li fè lè pou nou ale nan nouvo tè nou an.

Chèf prèt yo va pote bwa kontra a.

Se pou nou swiv yo. Epi konsa, n'ap konnen kote nou dwe ale.

Rete tan epi n'ap wè kòman Seyè a pral fè gwo mèvèy nan mitan nou.

Trè byento tout pèp la ta kapab wè pouvwa Bondye a an aksyon.

Bwat kontra a se yon espès de bwat ki fèt an lò avèk de zanj ki genyen zèl li yo lonje sou kouvèti a.

Se te sebòl prezans Bondye. Prèt yo te chaje bwat kontra a, epi konsa, moun yo ta konnen ke Bondye te avèk yo.

(Di yo pou yo chèche imaj prèt yo k'ap pote bwat kontra a).

Bondye te pale ak Jozye:

--Di prèt yo pou yo kanpe nan mitan larivyè a.

Di pèp la piga yo manyen bwat kontra a; yo

dwe rete yon bèl distans.

Prèt yo avèk pèp la te obeyi Bondye ak Jozye.

Nan epòk sa nan ane a, kouran larivyè Jouden yo t'ap debòde. Dlo a te fon. Se sèten ke prèt yo te mande: "Poukisa Bondye mande nou pou nou fè yon bagay ki tèlman danjre?" Men yo te deside mete konfyans yo nan Bondye epi obeyi li. Kisa nou kwè ki te pase? (Pèmèt timoun yo reponn).

(Mande yo pou yo chèche figi larivyè a).

Prèt yo mete pye yo nan dlo a.

Larivyè a te sispann kouri! Larivyè a te kanpe!

Tè larivyè a te vin sèche! Ala gwo mèvèy!

Pèp la te gade avèk sezisman epi li te kapab wè kòman dlo yo te sispann kouri nan moman ke prèt yo te obeyi Bondye epi antre nan dlo yo.

Moun sa yo te tande istwa sou kòman Bondye te ouvè yon chemen sèk nan mitan lanmè wouj, men yo potko wè li avèk pwòp je yo. Se kounye a y'ap wè pouvwa Bondye a an aksyon!

Pèp Izrayèl te travèse larivyè a ak tè sèk.

Men prèt yo te rete kanpe nan Jouden an.

Yo te rete ap tan jiskaske Bondye te di yo: "Ale lòtbò a".

Aprè yo te fin travèse larivyè a, Jozye te kontinye obeyi chak enstriksyon ke Bondye te ba li.

Bondye te di Jozye konsa:

--Chwazi 12 gason. Di yo pou yo pran 12 wòch nan larivyè a. Mande yo pou yo pote yo rive jous kote n'ap rete aswè a.

--Yo te reponn: --Se konsa n'ap fè.

Mesye sa yo te chaje wòch yo sou zèpòl yo epi pote yo soti depi nan mitan larivyè a, kote prèt yo te kanpe a, pou rive nan nouvo patri yo a:

Kanaran. Te genyen yon wòch pou chak branch fanmi izrayelit yo.

(Mande pou timoun yo pran figi prèt yo avèk bwat kontra a).

Bondye te di Jozye konsa:

--Di prèt yo pou yo soti nan laprivyè a.

Finalman, dènye prèt la te soti nan larivyè a.

Dlo a te kòmanse kouri ankò.

Lè pèp la te wè sa Bondye te fè, yo te onore Jozye kòm lidv yo.

--Yo tout t'ap di: --Bondye ansanm ak Jozye, menm jan li te avèk Moyiz la.

(Mande yo pou yo chèche imaj kote Jozye ansanm ak pèp la).

Jozye te kondwi pèp la.

Yo t'ale kote yo te dwe pase nwit la.

Jozye te itilize 12 wòch yo pou li te konstwi yon lotèl.

(Mande yo pou yo chèche imaj 12 wòch yo).

Jozye di konsa: ---Yon jou, pitit nou yo va mande nou: Poukisa wòch sa yo la?

---Nou va rakonte yo ke Bondye te ede nou travèse larivyè a ak tè sèk. Di yo ke yo kapab konfyè ak obeyi Bondye.

Jou sa a, izrayelit yo te aprann ke pouvwa Bondye a pi gran epi pi pwisan pase nenpòt moun oubyen bagay ki te kapab egziste. Bondye kapab fè tout bagay. Li itilize pouvwa li pou l' pwoteje mond lan ak moun yo.

Nou kapab mete konfyans nou nan li, menm si nou pa konprann plan li yo.

Fè yon revizyon sou istwa a epi poze kesyon:

- ✘ Kòman Bondye te fè pou montre pèp Izrayèl pouvwa li nan istwa bibliik jodi a? (li te ede yo travèse larivyè jouden an a pye sèk).
- ✘ Ki endikasyon ke Bondye te bay pèp la? (Pou yo pat manyen bwat kontra a; pou yo te pran 12 wòch nan mitan larivyè a).
- ✘ Poukisa li te enpòtan pou izrayelit yo te swiv endikasyon Bondye yo? (Pou yo te kapab travèse lòt bò larivyè a ak nan tè pwomès la).

Di yo konsa: Konfyè vle di obeyi Bondye menm si nou pa konprann plan li yo. Jozye ak izrayelit yo te mete konfyans yo epi te obeyi, epi nou menm nou kapab fè menm bagay la.

AKTIVITE YO

Reyalize aktivite sa pou w' ede elèv yo konekte verite bibliik sa yo avèk lavi yo.

Pouvwa Bondye a

Chèche yon kè chan ki apwopriye ke timoun yo konnen, sou pouvwa Bondye a.

Wòch pou souvni yo

Anvan klas la kòmanse, sanble yon ti wòch pou chak timoun. Yo dwe gwo epi swa ase tankou pou yo kole youn nan mo sa yo: "Konfyè", "obeyi", oubyen "pouvwa Bondye". Ekri pawòl sa yo nan plizyè fèy papye.

Mande nan klas la: Poukisa Bondye te fè pèp la bati yon lotèl avèk 12 wòch yo? (Pou te fè yo menm ak pitit yo sonje kòman Bondye te ede yo).

Bay chak timoun yon ti wòch. Poze yo kesyon: Ki pawòl k'ap fè w' sonje istwa sa a ak pouvwa

Bondye a pi byen?

Gide timoun yo pou yo chwazi youn nan yo, epi pou yo kole li nan wòch pa yo a. Di yo konsa: Wòch nou yo ap fè nou sonje istwa sa a. Nou kapab konfyè epi obeyi Bondye, menm lè nou pa konprann plan ak endikasyon li yo.

Memorizasyon

Devinèt mak pye yo

Si w' pat fè li pou leson 22 inite sa a, prepare de jwèt kat papye bristòl sou fòm mak pye de 15 cm. lajè. Ekri yon mo nan vèsè pou aprann nan nan chak mak pye. Divize gwoup la fè de, epi remèt yo chak yon jwèt. Mande yo pou yo plase mak yo avèk tèks yo fas anba sou tab la epi melanje yo. Apre sa mande yo pou yo ranje devinèt/tèks la nan fòm kòrèk la. Gwoup ki fini anvan an se li menm k'ap chanpyon.

Apre sa, mande pou yon timoun ki nan gwoup ki genyen an resite vèsè bibliik la.

Lòt modèl pou apran an jwèt: Kole oubye plase mak pye yo nan lòd (fòm vèsè a kòrèkteman) nan mi oubyen tablo a.

Di timoun yo pou yo li vèsè a ansanm. Apre sa, kite pou youn nan yo pran youn nan mak yo. Endike yo pou yo tout repete vèsè a, lè y'ap konplete pawòl ki pa la a. Kontinye nan fason sa lè w'ap mande yon timoun alafwa pou retire yon lòt nan mak yo, jiskaske yo retiyè tout epi yo kapab di vèsè a de memwa.

Moun sa yo ki te aprann Jozye 1:9 de memwa, ap kapab kole vèsè memwa a nan bokal karamèl/dous la sou fòm karamèl. Alafen, timoun yo kapab pote istwa travès larivyè Jouden an lakay yo. Di yo pou yo rakonte istwa sou gwo pouvwa Bondye a lè li ede pèp li a travèse laryè a ak pye sèk.

Pou fini

Dispoze yon moman lapriyè, kote ke yo chak kapab di Bondye mvisi dèske li te ede yo. Mete fen pandan w'ap mande seyè a pou li ede chak timoun obeyi epi mete konfyans yo nan li. Se pou nou di Bondye mèsi paske èd li ap kontinye jous jounen jodi a.

 **Nòt mwen yo:**

Kontinye pou pi devan avèk pouwva li

Baz bibliik: Jozye 6.

Objektif lesan: Se pou timoun yo konnen ke miray Jeriko a te tonbe paske Bondye te akonpli sa li te pwomèt la; epi, nan menm fason an, jodi a nou kapab mete tout konfyans nou nan Bondye epi obeyi li paske li konnen sa ki pi bon pou nou.

Vèsè pou aprann: *Bondye ou la, ap toujou kanpe la avèk ou kote ou pase* (Jozye 1:9b).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Aprann mete konfyans nan Bondye melanje anpil avèk konfyans nan lòt moun. Anpil fwa granmoun yo mande timoun yo pou yo fè bagay ke yo pa konprann. Si yo mande pou ki rezon, moun ki gen otorite a dwe ede yo konprann.

Metòd sa a fonksyone nan pi fò okazyon yo. Sepandan, gan moman kote ke timoun yo dwe konfyans yo nan desizyon pi gran yo epi obeyi avèk yo, menm si yo pa konprann yo. Lè genyen yon relasyon konfyans ki devlope avèk timoun yo, li fasil pou yo fè sa moun mande yo fè, menm si yo pa konprann li.

Lè Bondye montre nou sa li vle pou nou fè, li pa toujou montre nou poukisa. Obeyisans nan moman sa yo kapab pi difisil, men malgre konsa, nou dwe akonpli. Ede timoun yo konprann ke yo dwe mete konfyans yo nan Bondye san pè, paske yo kapab konfyans yo de ke li konnen epi pral fè sa ki pi bon an pou yo.

Istwa bibliik jodi a se yon bèl ilustrasyon sou verite sa. Enstriksyon ke Bondye te bay Jozye yo kapab sanble etranj. Men, akòz de konfyans ak obeyisans li, miray Jeriko a te tonbe!

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Jozye 6. Lè 12 espyon yo te retounen soti Kanaran, yo te dakò omwen pou yon bagay: lavil yo te genyen gwo miray ki te fè yo asire. Gwo twou ansyen yo jwenn la yo demontre ke, genyen kèk nan vil yo ki te genyen doub mi. Li posib pou ke youn nan yo se ta kote istwa jodi a te dewoule.

Nan Jozye 6 :1 li di: “Yo te fèmen tout pòtay lavil Jeriko yo, yo te barikade yo poutèt moun pèp Izrayèl yo. Deyò pa antre, anndan pa soti”. Abitan

yo te pè izrayelit yo. Pèsòn pat kapab antre nan vil la, ni kite li. Sitwayen nan Jeriko yo te santi yo te an sekirite kont lènmi yo, men yo pat konnen ke defans sekre sa a pa ta kapab bloke Bondye pèp Izrayèl la.

Destriksyon Jeriko a te enpòtan ni pou rezon relijye kòm militè yo. Se te plas santral adorasyon dye lalin nan. (Li pwobab pou “Jeriko” siyifi : “vil lalin nan”). Youn nan pi gwo prewokipasyon ke Bondye te genyen se pou pèp li a pat pratike relijyon kananeyen yo.

Enstriksyon ke Bondye te bay Jozye pou l' te antre pran Kanaran dwe rezilta etranj pou gèye ki gen eksperyans yo, men yo te kòmanse avèk pwomès: “Koute. Mwen pral lage lavil Jeriko nan men ou ansanm ak wa a ak tout vanyan sòlda li yo” (Jozye 6:2). Sòlda avèk zam yo te pran devan sèt prèt yo ki te pote pòt vwa yo (twonpèt) kòn belye a. Prèt yo ki te pote bwat kontra a te mache dèyè moun ki t'ap sonnen twonpèt yo. Pòsyon lame ki pou mache devan an pran devan prèt ki t'ap kònen yo. Pòsyon lame ki pou mache dèyè a t'ap mache dèyè Bwat Kontra a. Pandan yo t'ap mache konsa, yo t'ap kònen kòn belye yo.

Kòn belye a te pouse yon son byen fò yo te konn frape atansyon moun yo. Se poutèt sa ke son sèt kòn sa yo te frape avèti pèp Jeriko a ke gen yon bagay ki ta pral pase.

Nan premye jou a, pèp la te mache fè wonn vil la san sonnen okenn vwa. Sèlman prèt yo ki t'ap soufle kòn yo. Metòd sa te dewoule soti dezyèm pou rive sizyèm jou a. Sou setyèm jou a, pèp la te fè wonn vil la sèt fwa. Swivan endikasyon ke Bondye te bay yo, sou setyèm tou a, prèt yo te sonnen twonpèt yo, pèp la te kriye byen fò, epi... “Se konsa, yo kònen kòn belye yo. Tande pèp la tandè son kòn belye yo, yo pouse yon sèl gwo rèl, epi miray ranpa lavil la tonbe plat atè. Epi chak moun pran mache dwat devan yo sou lavil la, yo anvayi l'” (Jozye 6 :20).

Se yon fòm etranj wi pou kraze yon vil ki barikade konsa, pavye? men li te fonksyone, paske Jozye avèk pèp la te mete konfyans yo nan Bondye. Si yo pat byen konprann kijan li te pral aji, yo te obeyi enstriksyon yo. Epi akòz de obeyisans yo, li te akonpli sa ke li te pwomèt la.

DEVLOPMAN LESAN AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke salklas la pwòp lè yo rive. Anvan w' antre nan sijè jodi a, revize twa lesan anvan yo byen vit epi mande elèv ou yo pou yo rakonte fason yo te rete fidèl ak Bondye.

Twonpèt timoun yo

Ofri chak timoun yon tib an katon (li kapab se an papye ijèn oubyen woulo papye pou seche men yo). Di yo pou yo dekore li avèk makè oubyen kreyon epi ekri non yo ladan li. Apre sa, remèt chak timoun yon kare de 10 cm. X 10 cm ak papye klere oubyen gra. Ede yo double youn nan pwent tib la, yon fason pou l' rete bouche, rete li avèk yon bann elastik oubyen riban adezif. Avèk yon pens oubyen yon sizo ki gen pwent, fè kat oubyen senk ti twou nan papye klere a. apre sa, di yo pou yo soufle nan lòt pwent tib ki ouvè a pou son an kapab soti.

Kite timoun yo mache fè wonn sal la ap soufle twonpèt yo pandan y'ap chante yon chan. Apre sa, konsève tib yo pou itilize yo pita.

Di yo konsa: twonpèt nou yo fè yon bri ki sanble ak pa enstriman mizikal la. Genyen yon enstriman mizikal ki te jwe yon wòl enpòtan nan istwa biblik nou an jodi a.

Ki enstriman nou kwè ke li ye? Kite timoun yo devine.

Apre sa, di yo konsa: Ann dekouvri sa ki te pase.

Mo enpòtan yo

Revize mo nouvo enpòtan yo pou inite sa: "admirasyon", "pouvwa Bondye" ak "sajès". Ekri chak mo sa yo nan tablo a, men se avèk lèt yo melanje. Trase yon liy dwat sou kote mo a. Pa egzanp: "pwuvao nyBoed" _____. Mande pou kèk volontè pou yo ankouraje vin dechifre mo yo (pouvwa Bondye) epi pou yo ekri l' sou liy lan kòrèkteman.

Mande pou yon lòt idantifye dezyèm pawòl ki mele a (avèk lèt yo melanje). Fè ke timoun yo ekri "admirasyon" nan espas yo gen la a. Poze yo kesyon:

- ✕ Ki siyifi mo "admirasyon"?
- ✕ Kisa ki te pase nan istwa biblik semèn pase a ki te fè pèp la santi admirasyon pou sa ki te rive lè yo te wè pouvwa Bondye a? (Bondye te fè larivyè a sispann koule epi pèp la te kapab pase a pye sèk).

Mande timoun yo kounye a pou yo mete nan lòd epi dechifre mo: "sajès".

Mande: Kisa sajès vle di? (Itilize sa nou konnen pou nou fè sa ki dwat). Bondye konn tout bagay. Bondye toujou fè sa ki dwat. Bay plizyè egzanp avèk chak mo enpòtan yo.

ISTWA BIBLIK

Gwo son kòn nan ak miray ki kraze yo

Li Jozye 6. Ala enpresyonan jou sa yo te ye pou izrayelit yo nan jou sa yo! Yo te déjà nan nouvo

patri yo a : Kanaran.

Yo te rete tann anpil tan, men Bondye te akonpli pwomès li pou mennen yo nan tè sa.

Li te pwoteje Jozye ak pèp la atravè larivyè Jouden an. Epi kounye a yo te pare pou pran vil yo.

Gwo lavil Jeriko a pat twò lwen la.

Li te genyen gwo miray ak pòt ki te byen wo epi byen solid. Men andedan vil la, moun yo te pè. Yo te tandè anpil istwa osijè de izrayelit yo ak Bondye yo a.

--Yon nonm nan vil Jeriko di konsa: ---Mwen te tandè ke sa te fè anpil ane déjà kote Bondye yo a te detwi lame Farawon an epi libere yo nan peyi Lejip wi.

--Yon madanm te ajoute : ---Mwen te tandè ke Bondye yo a te avèk yo epi li te pwoteje yo.

--yon lòt nonm te reponn : --Mwen te tandè ke Bondye yo a te batay pou yo wi !

Abitan nan Jeriko yo te tèlman pè, yo te rete ak pòt lavil la fèmen epi aji avèk pridans. Pèsòn pat kapab antre ni soti ladan li.

Bondye te pale ak Jozye epi ba li yon plan pou l' pran vil la.

--Fè sa mwen di w' epi vil la va pou nou.

--Jozye te koute chak endikasyon Bondye yo avèk atansyon--. Nan premye pozisyon, se pou nou mache fè wonn Jeriko yon fwa pa jou pandan sis jou. Sèt prèt va pote sèt twonpèt kòn belye devan bwat kontra a. --Se sèten, Jozye ta dwe sezi lè li te tandè sa Bondye te di pou l' te fè a. Sa se pa yon fason nòmal pou fè batay. Men Jozye te kwè epi konfye li nan Bondye. Epi Bondye te ba li plis enstriksyon--. Sou setyèm jou a, n'ap fè sèt tou vil la, epi prèt yo va sonnen klewon yo.

Epi li te kontinye :

Lè prèt yo sonnen klewon yo pou yon bon bout tan, pèp Izrayèl la ap rele byen fò !

Miray Jeriko yo ap tonbe, epi lame w' la pral kapab antre tou dwat vè lavan epi detwi vil la.

---Jozye reponn : --N'ap fè tout sa ou ban nou lòd fè.

Konsa, pèp la te rasanble epi transmèt sa plan Bondye a ba yo.

---Prèt yo te mande : --Kisa nou pral fè?

--Pote bwat kontra a. Nou dwe fè wonn vil la avèk bwat kontra.

---Lòt sèt prèt yo te endike—N'ap obeyi tout lòd yo.

---Se pou nou mache devan bwat kontra a epi sonnen twonpèt yo.

--Sòlda yo te replike : --Di nou nan kisa nou kapab sèvi.

--Genyen kèk nan nou k'ap mache devan prèt yo. Gen lòt k'ap mache dèyè bwat kontra a.

--Pèp la te reponn: --Nou menm tou nou kapab kolabore.

An mezi y'ap fè tout sa, piga nou bay kri lagè ni di anyen. Rete tann jiskaske mwen fè nou siy.

Lè mwen ban nou lòd la, rele byen fò!

Tout izrayelit yo te konfyè yo nan Bondye. Yo te pare pou yo te obeyi.

--Youn te di lòt: ---An anvan!

Premye jou a, izrayelit yo te mache fè wonn vil la yon fwa epi apre sa yo te retounen nan kan yo.

Nan dezyèm jou a ye te kontinye mache.

Sou setyèm jou a yo te leve byen bonè nan maten. Epi yo te mache fè wonn vil la ankò. Men jou sa a, yo pat pat sispann apre yo te fin fè premye tou a. Yo te mache de fwa, apre sa twa. Chak fwa yo te koute bri pa yo pi fò toujou. Apre yo mache pou katriyèm nan, senk ak sis fwa! Pye yo te vin sonnen tankou kout tonè ki te sekwe tè a.

Finalman, izrayelit yo te mache fè wonn Jeriko pou setyèm ak dènye fwa. Prèt yo te sonnen twonpèt yo byen fò epi pou yon bon bout tan.

Menm kote a, Jozye di :

---Rele, paske Seyè a ban nou vil la!

Lè sa a, pèp la rele byen fò!

Poum...poum, krach, Pwouuuuuuum! Miray yo te kòmanse tranble. Krach, smach, kraaaak ! Tè a t'ap tranble! Epi apre... krach, kraaaak, bouuuuum! Miray Jeriko a te kraze epi tonbe atè!

Sòlda izrayelit yo te piye vil la. Nan yon ti tan yo te detwi lènmi yo a konplètman.

Nan sware sa te gen gwo lajwa nan kan an!

Bondye kapab fè pagay ki enposib lè nou konfyè ak obeyi li. Pèp la te konfyè epi obeyi Bondye. Se poutèt sa, li te itilize pouvwa li pou l' te fè sa ki te enposib. Miray yo avèk vil Jeriko a te disparèt!

Apre istwa a, reyalize yon jwèt pou revizyon, pandan w'ap itilize kesyon ke w' te déjà prepare davans. Pa egzanp: Konbyen tou izrayelit yo te fè, toutotou lavil Jeriko nan premye jou a ? (Yon sèl).

Eske se sòlda yo ki te pote bwat kontra a? (Non, prèt yo). Sou wout la, èske bwat kontra te mache dèyè pèp la? (Non, li te ale devan pèp la epi avèk yon bon distans), elatriye.

Apre jwèt la, remèt timoun yo twonpèt ke yo te fè yo. Si ou vle, ou kapab fè yo bati "miray" lè y'ap fè pil bwat youn sou lòt ki kapab "kraze". Apre sa, fè ke yo reprezante istwa a pandan y'ap mache sèt fwa alantou sal la oubyen fè wonn bwat yo te anpile yo pandan y'ap sonnen twonpèt yo a. Ba yo lòd pou yo: rele byen fò! Epi fè yo di byen fò: "Lwanj pou Seyè a!"

Ede yo bat men ak aplodi paske miray yo te tonbe. Lè istwa fini, di timoun yo ke yo kapab pote twonpèt yo lakay yo.

Fè timoun yo sonje ke Bondye kapab fè bagay ki enposib lè nou mete konfyans nou nan li epi obeyi li.

AKTIVITE YO

Bwooooooum...! Miray yo tonbe!

Apèn nou fini istwa bibliik la, remèt timoun yo fèy aktivite ki nan liv Elèv yo, leson 25.

Mande yo pou yo koupe imaj yo, monte miray la epi kolore sèn yo, sòlda yo avèk pèp la. Itilize moman sa pou w' poze kesyon revizyon sou istwa ke w' sot rakonte a.

Brik lafwa yo

Bay chak timoun yon moso pat labou (ou kapab itilize resèt kòmansman liv sa). Di yo konsa: nan istwa bibliik nou an jodi a, pouvwa Bondye te detwi gwo vil avèk gwo miray yo. Miray sa yo te dwe fèt avèk brik ki byen solid. Jodi a nou pral bati yon brik k'ap ede nou sonje istwa sa.

Kite timoun yo travay labou a pou ba li fòm yon brik rektangilè (pa twò fen). Di yo pou yo grave lèt "J" nan brik la avèk yon kreyon oubyen yon objè ki gen pwent.

Di yo konsa: "J" a nan brik la ap fè yo sonje "Jozye" ak "Jeriko". Bondye te fè yon bagay ki enposib pou Jozye ak izrayelit yo. Epi tou li kapab fè bagay ki enposib lè nou konfyè ak obeyi li. Lè pafwa w'ap fè fas ak kèk sitiyasyon ki byen difisil, sonje kòman Bondye te ede Jozye ak pèp li a.

Konfyè ke Bondye ap ede ou, epi obeyi li paske li konnen sa ki pi bon pou ou.

Fè timoun yo plase brik yo a sou yon moso papye aliminyòm oubyen papye klere pou sechwa a.

Apre sa, di yo pou yo pran yon moso adezif, ki kole nan papye klere a, avèk non yo chak.

Timoun yo ap pote brik yo lakay yo semèn pwochèn, lè yo fin sèch.

Memorizasyon

"Di vèsè a!"

Anvan klas la, mete nan yon sachè oubyen bwat, mak yo avèk tèks pou aprann nan ki genyen vèsè mwa ladan li.

Nan klas la, kite timoun yo chwazi yon konpany. Di yo: Ann jwe yon jwèt memwa!

Chak timoun pral eseye di vèsè a avèk pi piti kantite mo posib (mak ke mo vèsè yo genyen ladan li). Vèsè nou an genyen 8 mo. Deside konbyen mo ki bezwen wè pou kapab "resite vèsè a".

Chwazi de timoun pou w' kòmanse jwèt la. Fè yo rete kanpe oubyen chita youn fas ak lòt. Youn nan timoun yo pral di: Mwen kapab di vèsè a lè mwen wè (5) mo. Lòt timoun nan ap kontrekare li pou di: Mwen kapab di vèsè a lè mwen wè (3) mo.

Si premye timoun nan panse ke li kapab di vèsè a avèk yon mwens kantite pawòl ki la yo, w'ap kontinye defi a pandan w'ap redwi nimewo a.

Si w' wè ke li pa kapab reyalize l', li dwe di opozan li a konsa: Di vèsè a! Timoun ki defye a pral retire nan bwat la nimewo mak ke li di a epi eseye resite li pandan l'ap ede tèt li sèlman avèk mo sa yo.

Si timoun nan site vèsè a kòrèkteman, ba li yon ti prim, tankou pa egzanp yon kreyon. Apre sa fè yon dezyèm koup timoun pase. Si yo pat fè li dimanch pase a, timoun yo ki kapab di vèsè memwa a kapab ajoute dous/karamèl la nan bokal karamèl yo.

Di yo konsa: Vèsè sa di ke Bondye avèk nou

nenpòt kote nou ye. Bondye vle pou nou mete konfyans nou nan li ak obeyi li. Jan nou sot wè li nan istwa bibliik nou an jodi a, pèp Izrayèl te konfye li nan Bondye pou reyalize yon evènman ki vrèman etranj. Ala bèl sa bèl pou wè kòman Seyè a te ede yo venk lènmi an!

Pou fini

Se pou timoun yo mansyone demann lapriyè yo ak motif remèsiman. Di yo: Nou kapab konfye ak obeyi Bondye paske li konnen sa ki pi bon pou nou. Ann di li mèsi pou sajès ak pouvwa li.

Priye pou demann ak remèsiman timoun yo.

Di Seyè a mèsi dèske li ede yo konfye nan li epi obeyi li.

Leson 26

Kontinye pou pi devan avèk pwomès li yo

Baz bibliik: Jozye 14:6-15.

Objektif leson an: Se pou timoun yo konprann ke Bondye akonpli pwomès li yo epi anpil fwa li itilize pèp li a pou sa. Pou konfyans li kapab grandi nan Bondye nan menm tan nan pwomès li yo.

Vèsè pou aprann: *Bondye ou la, ap toujou kanpe la avèk ou kote ou pase* (Jozye 1:9b).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Rete tann nan difisil anpil pou timoun ki nan laj 6-8 an yo, paske dapre yo menm tan pase twò dousman.

Mwen kapab sonje jou sa yo kote ke sanble se te kòm si twa zan pase ant 1 Desanm ak jou Nowèl la. Rive nan dezyèm ane te sanble yon rèv enposib pou reyalize.

Non sèlman ke tan an pase dousman dapre timoun yo, men tou pou pi fò nan timoun sa yo, tan an pa genyen anpil oubyen okenn valè. Yon semèn oubyen de ki pase yo, mwen te montre elèv nan klas mwen yo yon Bib ke yo te fè m' kado lè m' te piti. Mwen te poze yo kesyon:

--Konbyen ane nou panse ke Bib sa genyen? Premye repons ke yo te kouri ban mwen se te:

--San!

Nan istwa jodi a, itilize karakteristik sa ke timoun yo genyen pou w' mete aksan sou leson w' lan: Kalèb te oblije rete tann yon tan ki byen long pou li te resevwa sa ke Bondye te pwomèt li a. Pi fò nan paran timoun ki nan klas ou yo pa rive nan laj 45 an. Jodi a yo pral wè ke Kalèb te oblije rete tann, tann, epi tann; men Bondye te akonpli pwomès li, jan li toujou fè l'.

Nou pa toujou gen pou nou rete tann tèlman long tan pou resevwa sa ke Bondye te pwomèt la. Pafwa, tan pou rete tann nan kapab byen brèf; nan plizyè lòt okazyon n'ap gen pou nou rete tann pi plis. Men timoun nan klas ou yo pral kòmanse gen konfyans ke Bondye toujou akonpli pwomès li yo anvè moun sa yo ki mete konfyans yo nan li avèk kouraj epi ki obeyi li.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Jozye 14:6-15. Èske ou ta renmen genyen yon non ki siyifi deyò "chen"? Li pwobab pou se non. Nan nenpòt fason, sa se siyifikasyon non aktè ki nan istwa bibliik nou an pou jodi a. Men sa gade si paran li yo te konnen li oubyen non, yo te chwazi yon non ki byen sanble pou pitit yo a, Kalèb.

Anpil chen rekonèt pou devosyon ak onètete yo anvè mèt yo, epi kalite sa yo te karakterize relasyon Kalèb avèk Bondye. Leson jodi a fè nou sonje ke fidelite li te mennen rekonpans pa youn ki te rekonèt pa tout Bib la "Bondye fidèl la" (Detewonòm 7:9).

Izrayelit yo te twouve yo nan moman kote ke yo t'ap separe tè Kanaran nan lwès Jouden an. Te genyen de branch fanmi edmi ki te pran teren ki nan lès Jouden an. Kounye a, nèf edmi ki te rete yo t'ap resevwa sa ki te pou yo a.

Pandan pwosesis sa, Kalèb te pran devan pou fè Jozye sonje pwomès ke Bondye te fè li atravè Moyiz (v.9). Depi karann senkan deja, pandan misyon espyon yo nan Kanaran, Kalèb te bay yon enfòmasyon ki te fidèlman favorab osijè de tè a. Men si ke li menm (ak Jozye) te ankouraje pèp la obeyi Bondye epi antre, sa te refize. Tout moun ki te gentan plis pase 20 an te peri nan dezè a. Men atravè Moyiz, Bondye te pwomèt: “Ann wete Kalèb, pitit gason Jefoune a, ki va antre nan peyi sa a. M’a ba li peyi li te al espyonnen an, pou li ak pou pitit li yo, paske li te obeyi m’ san gad dèyè” (Detewonòm 1:36).

Nou jwenn de iwoni nan pasaj sa.

Premye a, Kalèb pat izrayelit, men pito “senezyen”—nive Senaz —li menm ki te nive Ezawou (Jenèz 36:10-11). Men onètete li devan Bondye te depase pa izrayelit natirèl yo.

Dezyèm nan gen pou wè avèk demann ke Kalèb te fè Jozye a. Li te mande sa ki te fè kè pèp Izrayèl yo sote a sa fè 45 an deja. Esansyèlman, Kalèb t’ap deklare: “Ban mwen vil sa yo ki barikade avèk gwo zotobre yo (anazeyen yo), paske avèk sekou Bondye m’ap mete yo deyò!” (v.12).

Jozye te rekonèt senserite Kalèb nan demann li an epi li te reponn li pozitivman. Gen kèk save ki kwè ke benediksyon Jozye a te bay Kalèb fòs espirituel ke li te bezwen pou akonpli misyon pou antre nan Ebwon.

Pasaj sa ap mennen nou nan refleksyon sa yo:

1. Sa ke nou “ye” pa tèlman enpòtan tankou sa ke “nou pral tounen” pa gras Bondye. Kalèb, “chen” (yon tèm ke izrayelit yo te aplike iwonikman pou izrayelit yo), li te deyò pwomès Bondye yo. Epi li te vin konvèti an premye egzanp de sa ke yon “chen” izrayelit te kapab vin: fidèl, jis epi brav.
2. Pwòp chwa a---se pa kote moun nan fèt la ni antouraj li---detèmine si yon moun se pou Bondye. Li chwazi nou depi nan gras li depi davans.
3. Nou kapab re kwè ke Bondye ap toujou fidèl, men nou dwe konnen pou nou rete tann moman ki pwopis la. Kalèb te rete tann 45 an pou li te jwenn tè ke Bondye te pwomèt li a. Pou kèk sitiyasyon, rekonpans pou fidelite nou an petèt gen dwa pa vini pandan n’ap viv. Sepandan, l’ap vini. Bondye nou an te pwomèt li!

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w’ ke salklas la pwòp lè yo rive. Anvan w’ antre nan sijè jodi a, revize kat leson anvan yo byen vit.

Kib lèt ak mo enpòtan yo

Anvan klas la, kouvri yon bwat katon vid avèk papye koulè an fòm yon kib. Nan chak bò bwat la ekri premye lèt ki nan chak sis mo enpòtan yo nan inite sa: “Sezisman”, “Kouraj”, “Pouvwa Bondye”, “Obeyisans”, “Konfyans” ak “Sajès”.

Revize mo enpòtan ki nan inite yo nan klas la. Fè timoun yo di epi defini kisa mo sa yo vle di.

Montre kib ki gen lèt yo epi fè youn nan yo voye l’ ba ou. Gade byen pou w’ wè ki lèt ki rete anlè epi site mo enpòtan ki kòmanse ak lèt sa. Apre sa bay mo sa yon ti definisyon. Oubyen itilize mo sa nan yon fraz sou yon bagay ki te pase nan inite sa. Pa egzanp: “Sezisman”. “Izrayelit yo te fè sezisman lè yo te wè kòman Bondye te fann larivyè Jouden an”.

“Sajès”. “Jozye ak Kalèb te aji avèk sajès lè yo te bay yon bon rapò sou Kanaran”.

Pèmèt ke timoun yo make pozisyon pou voye kib la soti nan men youn pou rive nan men lòt. Ede yo, si yo bezwen, avèk definisyon oubyen fraz yo. Asire w’ ke chak timoun jwe.

Di yo konsa: Jozye avèk izrayelit yo te aji avèk sajès lè yo te mete konfyans yo nan Bondye epi obeyi li. Bondye te te ba yo kouraj pou yo fè sa li te mande yo fè a. Bondye te itilize pouvwa ak sajès pou li ede pèp li a. Pèp la te fè sezisman lè yo te wè sa Bondye te fè. Istwa nou an montre nou kòman Kalèb te mete konfyans li nan Bondye yon lòt fwa ankò.

Pwomès akonpli yo

Depi anvan klas la, prepare plizyè kalite egredyen “anyen ki dous ni gou”: yon tas sab, yon bann ti wòch, yon po ki gen mouch, yon ki dlo ki gen grès, elatriye. Yon lòt kote, prepare yon bèl kolasyon: fwomaj ki koupe an kib, ti bonbon sale, ne salami, bokit fwi, pòm detè fwi, ak sa w’ kapab mete ladan li. Kèk bwason, vè ak napkin.

Di nan klas la: Jodi a mwen pral prepare yon kolasyon byen gou pou nou. Mwen pwomèt nou ke n’ap renmen l’ anpil.

Plase egredyen “ki pa dous ni gou yo” ou te prepare yo youn apre lòt.

An mezi ke w’ap mete yo, poze kesyon: èske w’ renmen li? Poukisa w’ pa renmen li? Men mwen te pwomèt nou ke mwen t’ap ban nou yon kolasyon ki gou.

Pèmèt ke timoun yo eksprime kontraryete yo. Kounye a plase vrè engredyen yo. Mande yo: èske nou renmen kolasyon sa?

Pataje kolasyon gou a epi kite timoun yo manje. Pandan y'ap fè li, mande yo sa:

- ✘ Kòman nou te santi nou lè mwen te ofri nou sab, wòch, mouch ak dlo sal la, kòm kolasyon?
- ✘ Poukisa nou te kontrarye epi fache? (Paske se yon kolasyon ki gou ou te pwomèt, men ou te ba yo yon bagay ki lèd.).
- ✘ Èske li enpòtan pou nou akonpli sa nou pwomèt?
- ✘ Kòman w' santi w' lè yon moun akonpli sa ke li te pwomèt ou?
- ✘ Ki jan ou santi ou lè yon moun pa satisfè sa li te pwomèt ou a?

Kòmante: Genyen yon moun ki te fè Kalèb yon pwomès enpòtan, nonm istwa bibliik nou an pou jodi a. Ann wè si moun sa te akonpli pwomès li.

ISTWA BIBLIK

Kontinye pou pi devan

Li Jozye 14:6-15. Apre izrayelit yo te fin pran lavil Jeriko, yo te ale nan direksyon tè ke Bondye te pwomèt yo a. Jozye te kondwi pèp la nan anpil batay kont kananeyen yo. Bondye te ede yo venk lènmi yo epi pran tè a pou yo.

Finalman, apre anpil kwazad, izrayelit yo te rive pran pi fò nan Kanaran. Kounye a se te tan pou yo te divize tè ant plizyè branch fanmi pèp Izrayèl la. Bondye te di Moyiz kòman pou l' te fè li. Kounye a Jozye te gen travay sa.

Yon jou, Kalèb te vini bò kote Jozye epi li di l' konsa:

--Jozye, èske w' sonje lè anpil ane pase, oumenm avèk mwen te fè pati 12 espyon ke Moyiz te voye pou vizite nouvo tè a?

--Jozye te reponn: --Mwen sonje sa trè byen.

---Kalèb te kontinye: --se byen, ---lè sa a mwen te genyen 40 an. Lè mwen te retounen sot nan vwayaj sa mwen te di pèp la ke nou t'ap obeyi Bondye epi nou ta antre nan tè a.

--Jozye di wi --, epi mwen te dakò avèk tout sa ke w' te di. Ou te di Moyiz ke tè a se te yon bon tè, epi Bondye ta ede nou venk moun ki t'ap viv la yo. Ou te sipriye nou pou nou mete konfyans nou nan Bondye epi pou nou te obeyi li.

--Kalèb te afime: --Wi se vre. Men èske w' sonje sa ki te pase apre? Lòt espyon yo te tèlman bay yon move rapò, sa te fè pèp la te pè swiv Bondye.

---Jozye-Mwen sonje sa byen.—Sa ki fè ke nou te pèdi 40 ane byen long nan dezè a! ---Kalèb te kontinye pou l' di--: Men mwen te obeyi Bondye ak tout kè mwen. Poutèt sa, Bondye te pale ak Moyiz epi fè m' yon pwomès. Li te pwomèt ke mwen pa ta mouri nan dezè a. Li te di ke lè nouvo tè a ta pou nou, mwen ta resevwa yon pati nan tè kote mwen pral mache a, kòm byen pa mwen.

---Jozye ap panse—se vre.

Seyè a kenbe pwomès ke li te fè mwen sa fè depi 45 ane lè nou t'ap vini atravè dezè a.---Kalèb di konsa: Kounye a mwen genyen 85 an. Men mwen santi m' gen fòs pliske jamè. Mwen pare pou m' batay pou tè ke Bondye te pwomèt mwen an, mwen prale epi m'ap venk zotobre sa yo k'ap viv la a. Epi Bondye va ede mwen!

Jozye te reponn: --Mwen kontan pou m' ba ou lavil Ebwon, li menm ki fè pati tè ke Bondye te pwomèt la. Ou te rete fidèl pou w' te obeyi li. Epi kounye a mwen ba ou benediksyon Bondye.

Kalèb pat pèdi tan. Li t'ale Ebwon epi venk lènmi yo ki te abite nan vil sa. De dat sa pou ale pi devan, Ebwon te pou Kalèb avèk fanmi li.

Bondye te akonpli pwomès ke li te fè l' la paske li te konfyè ak obeyi Seyè a.

Apre istwa a, mete aksan sou konbyen ke Kalèb te rete tann pou ke Bondye te akonpli pwomès li.

Di yo konsa: 45 ane te pase depi ke Bondye te fè Kalèb pwomès ke li t'ap ba li tè a jous nan moman sa. Konbyen ane ou genyen? Ekri repons timoun yo nan tablo a.

Poze yo kesyon: Konbyen ane w'ap genyen nan 45 an ankò? Montre timoun yo kòman pou yo itilize dwèt yo pou yo konte 6 oubyen 7 (laj yo) pou rive nan nimewo 45. Plase nimewo sa yo sou tablo a.

Poze yo kesyon: èske nou remake kantite ane a anpil? (Li pwobab pou kantite ane sa difisil pou timoun yo imajine yo). Fè kèk konparezon tankou: Gran papa ak gran nou yo dwe genyen (51, 52, 53) ane.

Di yo konsa: Kalèb te oblije rete tann yon tan byen long pou ke li te resevwa sa ke Bondye te pwomèt li t'ap ba li a. Men Bondye te akonpli li. Bondye toujou akonpli pwomès li yo anvè moun sa yo ki mete konfyans yo nan li epi obeyi li.

AKTIVITE YO

Reyalize aktivite sa pou w' ede elèv yo konekte verite bibliik sa yo avèk lavi yo.

Pwomès akonpli a

Remèt tmoun yo fèy aktivite ki nan liv Elèv la, leson 26, pou ke yo li l' ansanm avèk antrenè a.

Se yon aktivite ki apwopriye pou revize istwa bibliik la. Ou kapab ajoute kesyon ki an relasyon avèk li.

Vire, vire

Remèt timoun yo dezyèm fèy aktivite a ki nan liv Elèv la. Ede yo monte sèk pou jwe nan "Vire, vire" a. Mande timoun yo pou yo swiv enstriksyon yo pou monte sèk la. W'ap bezwen sizo, papye bristòl, lakòl, kwòp klip pou papye ak pens ki genyen de pat yo. Apre sa, pèmèt ke yo vire klip la pou ke sèk la kòmanse vire, epi yo kapab li pawòl ki soti lè sèk la kanpe a. Endike yo chèche tèm oubyen kote pawòl sa ye nan fraz la. Pèmèt ke yo ekri mo a nan plas ki kòrèk la oubyen pentire li. Fraz konplèt la se: "Bondye akonpli pwomès anvè moun sa yo ki mete konfyans yo nan li epi obeyi li". Fè timoun yo li fraz la.

Di yo konsa: Kalèb te mete konfyans li nan Bondye epi obeyi li. Poutèt sa, Bondye te akonpli pwomès ke li te fè l' la. Pafwa Seyè a chwazi lòt moun ki pou travay pou li, pou ede li akonpli pwomès li yo. Poze yo kesyon: Kimoun ki te ede Bondye akonpli pwomès ke li te fè Kalèb la? (Jozye).

Leman avèk rekonpans

Anvan klas la, rasanble plizyè leman avèk piblisite ki nan frijidè w' la, oubyen mande zanmi w' yo leman oubyen nan biznis ki tou prè w' yo. Si w' pa genyen ase, tankou pou w' bay chak timoun youn, itilize tep pou w' kenbe papye yo.

Nan klas la, remèt chak timoun yon leman, yon fèy papye blan, koulè, penti, makè, etikèt, elatriye. Apre sa di yo konsa pou yo ekri fraz sa nan fèy la: "Bondye akonpli pwomès li yo". Di yo ke yo kapab dekore fèy la, rekoupe rebò yo, epi apre sa kole li nan bò kote leman ye a, yon fason pou li ka rete kanpe nan frijidè lakay yo a.

Di yo konsa: Jodi a nou te aprann ke Bondye

te akonpli pwomès ke li te fè Kalèb la. Bondye toujou akonpli pwomès li yo.

Pafwa nou dwe rete tann, men nou kapab mete konfyè nou ke Bondye ap fè sa li te pwomèt la. Konsève fèy sa pou ke nou kapab sonje ke Seyè a toujou akonpli pwomès li yo.

Memorizasyon

Konpetisyon vèsè bibliik la

Pou dènye klas nan inite sa, timoun yo dwe konnen vèsè bibliik la. Jodi a yo kapab pratike yon konpetisyon ekstraòdinè.

Divize timoun yo fè de ekip. Li pi bon si yo jwe nan yon lakou, pou yo kapab rele fò san yo pa entewonp lòt klas yo.

W'ap rete nan yon bon distans de yo. De premye nan chak ekip ap kouri vini kote w' ye a. Lè yo rive, y'ap vire epi gade ekip yo a, apre sa y'ap rele di premye mo tèks la byen fò. Moun ki pa konnen l' dwe retounnen al nan ke liy pa l' la. Apre sa de lòt premye nan chak gwoup yo ap kouri epi di de pwochen mo ki nan vèsè bibliik la. Ekip ki fini anvan epi san li pa twonpe a, l'ap rele di vèsè bibliik la konplèt avèk nimewo vèsè bibliik la, epi se li menm k'ap chanpyon.

Si w' vle, epi gen tan, mande pou yo chak resite vèsè a konplèt. Sa ki pat kole dous yo a nan bokal karamèl yo, yo kapab fè li nan okazyon sa.

Pou fini

Si gen tanjiskaprezan, fè yon revizyon sou tout leson yo ki nan inite a avèk kesyon ki senp ke ou menm ou prepare davans. Fè yo sonje lidè ki te kondwi pèp Izrayèl antre nan tè pwomès la. Kòman yo te konfyè yo nan Bondye epi kijan li pat janm abandone yo.

Pou fini, sa a se yon bon moman pou w' priye pou timoun yo. Mande Seyè a pou yo tout kabab brav menm jan ak Kalèb, ki te yon nonm ki te konn kòman pou l' batay kont lènmi l' yo, men tou li te konn rete tann pou ke Bondye te akonpli pwomès li yo.

Envite timoun yo nan pwochen seri leson yo pou ke yo aprann, jwen, epi wè leson enpresyonan yo osijè de Jezi.

 **Nòt mwen yo:**

Ane 3

Entwodiksyon – Inite VII

ANN IMITE JEZI

Baz bibliik: Lik 9:51-56; 12:13-21; Mak 12:38-44; Jan 4:1-42.

Tèks inite a: “*Moun ki asepte kòmandman m’ yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m’ va renmen moun ki renmen mwen*” (Jan 14:21a).

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✗ Aprann, atravè lavi Jezi, imite valè li yo.
- ✗ Toujou chwazi chemen lapè ak pa non vyolans lan.
- ✗ Konnen ke nonm nan vo pou sa ke li ye, se pa pou sa ke li genyen.
- ✗ Konnen ke menm si yo se timoun, yo bezwen Sovè a.

Leson inite a

- Leson 27: Chèche kè poze**
- Leson 28: Chèche lanmou**
- Leson 29: Chèche Bondye**
- Leson 30: Chèche lavi**

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Nan epòk kote manke modèl ki diy pou imite, inite sa genyen yon enpòtans ki fondamantal.

Pa gen anyen ki pi efikas pou yon timoun santi li atire pa kèk move egzanp nan televizyon, pase montre li modèl ki bon nèt la: Jezi.

Nan inite sa ki genyen kat leson, w’ap gen opòtinite pou w’ anseye li valè ki tèlman enpòtan tankou lapè, lanmou, plas ke Bondye dwe okipe nan lavi yo ak enpòtans pou genyen Seyè a nan kè yo.

Timoun primè yo nan yon laj kote yo make tout fòs pa valè kamamarad yo gen nan lekòl la. Nou konnen byen atitud ak fòm lavi timoun jodi yo ki soti nan fwaye ki pa kretyen yo. La a, enpòtans ke ansèyman sa mande ki envite nou vin imite Jezi a, epi se pa aktè oubyen pèsonaj nan televizyon yo.

Chèche kè poze

Baz biblik: Lik 9:51-56

Objektif lesan an: Ede timoun primè yo konprann ke yo dwe viv nan lapè avèk lòt yo, menm avèk sa yo panse ki pa zanmi yo.

Vèsè pou aprann: “Moun ki asepte kòmandman m’ yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m’ va renmen moun ki renmen mwen” (Jan 14:21a).

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Kòm granmoun, nou gen tandans sonje anfans nou avèk nostalji, pandan n’ap bliye mive eksperyans yo epi sonje bon moman yo.

Se atravè mwayen sa nou imajine anfans nou kòm yon moman lajwa, san kesyon, san prewokipasyon, ni vyolans.

Epi se vre ke pi fò tan ladan yo se te yon tan san prewokipasyon, menm si vyolans lan egziste epi lakrent lan anvayi lavi anpil timoun. Timoun primè yo, yo menm ke w’ap anseye, konsyan de vyolans ki antoure yo. Yo wè li nan televizyon, yo tande l’ nan radyo, li parèt nan òdinatv a, epi yo tande sa nan konvèsasyon granmoun yo.

Lè trajedi a ap frape, se pa sèlman granmoun yo ki mande: “Poukisa?” oubyen “Kòman?”

Avèk lesan sa a, timoun yo va konprann ke vyolans lan pa fè pati plan Bondye pou pitit li yo. Yo pral aprann osijè de ansèyman Jezi yo, ke Bondye genyen lòt plan pou pèp li a.

L’ap tann pou disip li yo chwazi lapè. Jezi te chwazi ale lwen samariten yo. Sa se pou ke timoun yo, swiv egzant li, pou yo elwanye ak separe yo de moun sa yo k’ap chèche goumen nan lakou rekreyasyon an, oubyen de moun k’ap fè vye blag ki dwòl, oswa de granmoun k’ap ba yo remò. Lapè se pi bon plan kont vyolans; epi kounye a, lè lè timoun yo piti, ke nou genyen opòtinite pou anseye yo reponn sitiyasyon violan yo avèk lapè.

KÒMANTÈ BIBLIK

Menas dife nan syèl yo fè lektè Bib yo sonje rankont wa Okozyas ak pwofèt Eli nan 2 Wa chapit 1. Istwa yo gen resanblans ak diferans enpòtan.

Tou de istwa yo genyen mesaj ladan yo. Jezi te voye mesaj li yo nan yon vil nan peyi Samari pou al fè rezèvasyon pou yon sware. Wa Okozyas te voye chèche konnen si fo dye Baal-zebou ta kapab

geri maleng li yo.

Bondye pat kontan ditou avèk aksyon wa a epi li te bay pwofèt la yon mesaj ba li.

Refi a jwe yon wòl enpòtan nan tou de istwa yo.

Bondye te santi refi Okozyas la lè li te konsilte yon zidòl, epi li te enstwi Eli pou ke li te di mesaj wa a ke li te wa peyi Izrayèl epi Okozyas pa t’ap viv ak maleng li yo. Mesaje Jezi yo pat kapab jwenn kote pou yo te fè ladesant nan vil la paske samariten yo te rayi epi rejte jwif yo.

Dife diskisyon an te pare pou eklate. Twa fwa wa Okozyas te voye kaptenn li yo avèk 50 sòlda pou eseye mennen Eli ale kote li te ye a epi konsa pou yo te touye li.

De nan rankont yo te fini kote Eli t’ap mande pou dife te soti nan syèl la, sa ki te boule sòlda yo, demontre ke pwofèt la te soti nan Bondye vre.

Lè disip yo te wè yo pat byen resevwa yo nan vil la, yo te sonje eksperyans Eli a. Epi yo te poze kesyon: “Mèt, ou pa ta vle nou bay lòd pou dife nan syèl la desann fin ak yo?” (Lik 9:54).

La a se pwèn kote de istwa yo pa menm. Jezi te reprann disip li yo. Mwen prèske kapab tande li di:

“Non, definitivman!” epi yo te kontinye wout yo pou pase nan lòt vil kote yo te byen resevwa yo finalman.

Istwa sa poze nou yon kesyon enpòtan:

Kòman nou abòde refi a, lè li vini espesyalman kòm reyaksyon pou kwayans kretyèn nou yo? Èske nou mande Bondye revanj kont moun ki fè l’ yo? (Genyen anpil Sòm, ke nou kapab sonje, kote salmis la fè egzaktman sa). Oubyen, èske nou chwazi fòmil Jezi a? Fòmil Jezi a se pa kenbe tèt ak moun ki refize nou yo (Matye 3:39), pa tire revanj, priye pou lènmi nou yo (5:44), padone yo menm jan nou vle pou yo padone nou an (6:14-15).

Se klè, ke fason Jezi a se sèl fason ke n’ap atann pou kretyen yo reyaji. Se konsa nou dwe viv! Se nan fason sa nou vle pou elèv nou yo viv.

Nan epòk sa kote vyolans ak revanj ap pwoklame a, kòman n’ap kapab konsantre sou fòm non vyolan Jezi a nan ansèyman nou yo?

DEVLOPMAN LESAN AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou lesan sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfò sou yo pou w’ kontakte yo pandan semèn nan.

Aktivite sa a se pou kapte atansyon timoun primè yo epi prepare yo pou aprann verite leson sa.

Mo enpòtan yo

“Disip Jezi yo” ak “Lavi ki papa janm fini an”

W’ap bezwen: papye bristòl, sizo ak makè. Anvan klas la, trase plizyè kè ak mak pye nan papye bristòl la pou distribye bay chak timoun (Youn pou yo chak).

Kè avèk tras yo kapab trase an kare de 12 cm. x 12 cm. Timoun yo ap rekoupe yo nan klas la.

“**Disip Jezi yo**”: Se moun sa yo ki kwè ke Jezi se Pitit Bondye a. Disip Jezi a renmen ak obeyi li.

“**Lavi ki pap janm fini an**”: Se viv pou toutan. Moun sa yo ki aksepte Jezi kòm Sovè yo, lè yo mouri sou latè, y’ap kontinye viv nan syèl la avèk li.

Ekri mo yo avèk siyifikasyon yo nan tablo a. Apre sa, di timoun yo pou yo fè li nan yon bò kè yo yon mo enpòtan, epi nan lòt bò a, definisyon an avèk non li. Yo dwe ekri akote tras la lòt mo enpòtan an avèk siyifikasyon li, ak non li dèyè do a.

Timoun yo pral aprann mo sa yo ak siyifikasyon yo epi y’ap kapab di li nan zòrèy ou kòm si se ta yon sekre. Sa ki di li kòrèkteman ap genyen yon prim nan fen kat leson inite VII la. (Li kapab yon kreyon, yon liv avèk pòsyon bibliik, yon fèy ak imaj oubyen etikèt, yon fwi, elatriye.).

Lv klas la fini, timoun yo kite kè yo avèk mak yo nan yon bwat oubyen yon sachè pou fè menm bagay la nan pwochen rankont lan.

Tablo afich yon flann dife

Sa se lòt leson ki fasil pou ilistre. Ou dwe gen lakòl, koulè, makè, penti, bout papye journal ki gen gwo kay ki byen wo, kay avèk yon vil; epi timoun yo ap desine pye bwa, plant ak moun. Nan mitan gwo kay yo avèk vil la, yo kapab pentire flann dife, pou ilistre yon vil an dife ki reprezante kòman Samari t’ap ye si dife te desann soti nan syèl jan disip yo te mande l’ la. Ekri vèsè pou aprann nan nan pye tablo afich la: “Moun ki asepte kòmandman m’ yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m’ va renmen moun ki renmen mwen” (Jan 14:21a).

Avèk yon tablo konsa, w’ap kapab ilistre leson an byen epi fè l’ klè pou elèv ou yo.

ISTWA BIBLIK

Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi yo?

Jezi te pase anpil tan ap anseye sou lanmou Bondye. Li te di yo kòman li te vle pou yo viv. Li te enstwi yo tou sou kòman pou yo sèvi ak lòt

moun. Jezi te ede moun yo, pou sa, li te geri yo.

Seyè a te anseye nan Galile, men gen kèk jou li te oblije ale Jerizalèm pou di moun yo ke Bondye te renmen yo. Jezi te konnen ke nan Samari te gen bagay enteresan ki te gen pou pase. Youn nan bagay yo se ke lanmò li sou kwa a t’ap apwoche. Li te konnen ke tan pou l’ te monte nan syèl la te prè. Epi li te di disip li yo konsa:

--Lè a rive pou m’ ale Jerizalèm.

Yo tout te kòmanse ap prepare sa yo ta gen bezwen pou vwayaj la. Youn nan disip yo te mande Jezi pou kisa li ta ale.

--Jezi reponn li--. Fason ki pi rapid la se pase pa Samari. N’ap fè twa jou nan wout si nou pase la.

--Yon lòt disip te di:--Men, Jezi—Samariten yo rayi jwif yo. Si nou pase pa Samari n’ap gen pwoblèm wi.

--Seyè a di:--Se la a nou pral pase--. Se Bondye ki te kreye jwif yo avèk samariten yo. Li renmen yo tout menm jan. Lè nou rive tou pre vil la, kèk nan nou kapab ale devan pou al pale avèk moun yo. Y’ap kapab di yo ke nou pa pral mal trete pèsòn, nou se moun ki renmen lapè.

An mezi yo t’ap mache nan direksyon pou Jerizalèm, Jezi te anseye yo. Li te vle pou disip li yo te konprann ke Bondye te vle pou yo te montre lanmou yo youn pou lòt, menm si yo mechan oubyen tousenpleman endiferan.

Yo te mache rive jous nan apre midi. Li te deja fè lè pou yo te kanpe pou manje ak repoze.

--Jezi te lonje dwèt li pou l’ te di: --La a genyen yon ti bouk--. Tanpri, ale epi mande si nou kapab pase nwit la lè a epi èske yo gen manje.

Kèk nan disip yo te ale jous nan ti bouk la. Yon nonm te rele di yo byen fò:

--Nou pa moun isit la, nou se jwif. Nou rayi jwif yo!

--Youn nan disip Jezi yo te di:--Gade, se Jerizalèm nou prale--. Antre bouk la yon ti jan lwen nou la. Nou bezwen yon kote pou nou rete aswè a. Èske nou kapab rete la? Yon lòt samariten te rele di: --Nou deja konnen kote nou prale! --epi se sa ki fè nou fache a. Nou kwè ke nou pa tèlman bon pou n’al Jerizalèm.

Kote n’ap adore Bondye a pa bon ase pou jwif yo!

Jwif yo te panse ke samariten yo te twonpe yo paske yo t’ap ofri sakrifis bay Bondye sou yon mòn nan Samari. Yo te panse ke sèl kote kòrèk

pou ofri sakrifis se te tanp Jerizalèm nan.

Disip yo te vire do yo kite mesye fache sa yo epi soti nan bouk la. Yo te retounen epi rakonte Jezi sa ki te pase a.

--Yo di konsa:--Nou pa kapab rete!--Yo pa vle konnen anyen de jwif yo!

Jak avèk Jan te tandè sa ki te pase a.

--Yo rele byen fò: --Ki moun samariten awogan sa yo kwè yo ye? Yo te rekonèt Jak avèk Jan kòm pitit loray paske yo te konn fache avèk fasilite.

--Yo te poze Jezi kesyon.—èske se paske samariten egare sa yo pa konnen ki lès ke w' ye?

--Ou plis pwisan pase pwofèt Eli! Mwen konnen sa nou pral fè, ann fè dife sot nan syèl! Se pou l' boule tout bouk la, sa ap ba yo yon bon pinisyon!

Jezi te plenn epi sekwe tèt li. De disip sa yo te gen anpil pou yo aprann de lanmou Bondye.

--Jezi te eklèsi pou yo: --Nou pa kapab boule moun yo avèk kay yo tousenpleman paske yo mechan! Sa a mal, mwen bezwen moun ki konprann lanmou Bondye!

Move aksyon yo pa ede moun yo konprann lanmou Bondye pou yo!

--Jak ak Jan te mande: --Men, kisa nou dwe fè?

--Mèt la te reponn: --Nou pral lòt kote, nan lòt vil.

Jou sa a, Jezi te anseye pitit loray yo yon leson enpòtan. Yo te aprann ke Bondye vle ke pèp li a viv nan lapè avèk frè parèy li, se pou yo montre lanmou li, menm si lòt yo pa emab.

Nou kapab aprann de Jezi. Nou kapab chwazi lapè epi deside pase lwen lè lòt yo vle goumen oubyen diskite avèk nou.

AKTIVITE YO

Zanmitay oswa pa zanmitay? San pawòl

W'ap bezwen pou chak timoun: modèl plizyè men k'ap lapriyè, yon flanm dife, ti bwa oubyen palèt krèm de 15 cm., sizo, kreyon koulè, lakòl oubyen tep.

Mande yo pou yo koupe flanm dife ak men yo ke w' desine oubyen fotokopye depi davans yo.

Apre yo fin pentire yo.

Lè w' poze kesyon yo, ti moun yo ap sèlman leve men yo nan lapriyè oubyen flanm nan toudepann de sitiyasyon w'ap kòmante a, pèsòn pat dwe di ni yon mo. Di yo konsa:

1. Jezi te tandè Papa li, Bondye. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?
2. Jezi te obeyi Bondye epi pran wout pou Jerizalèm. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?
3. Jezi avèk disip li yo te pale sou lanmou Bondye. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?
4. Jezi te voye kèk nan disip li yo ale Samari. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?
5. Samariten yo te rayi jwif yo. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?
6. Samariten yo pat vle bay Jezi ak disip li yo ladesant. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?
7. Jezi avèk zanmi l' yo te ale jous nan lòt vil la. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?
8. Disip yo te vle pou dife te tonbe soti nan syèl la sou Samari. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?
9. Jezi vle pou tout moun youn renmen lòt epi pa goumen ant yo menm. Renmen zanmi oubyen pa renmen zanmi?

Memorizasyon

Dous ak karamèl biblik yo!

Achte yon dous pou chak ti moun, kote ke w'ap kapab kole oubyen koke tèks biblik la pou aprann nan sou li.

“Moun ki asepte kòmmandman m' yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m' va renmen moun ki renmen mwen” (Jan 14:21a).

Se pou ti moun yo pote dous yo lakay yo epi pratike vèsè a. Yo kapab di l' devan manman, papa oubyen yon frè yo. Lè yo fin di tout de memwa, y'ap kapab manje kolasyon an. Di konsa: “Nan pwochen klas la, nou pral di m' vèsè a an sekre. Y'ap kapab di li lè Inite VII la fini, epi koupe dous avèk tèks la pou kole li nan bokal karamèl yo”.

Pou fini

Mande timoun yo pou yo rekoupe, pentire ak konplete leson 27 ki nan liv Elèv la. Apre sa priye pou yo kapab vin mesajè lapè nan mitan zanmi yo, nan fanmi an ak nan nenpòt sitiyasyon difisil.

Mande Seyè a pou l' pwoteje yo nan malè. Ankouraje yo retounen nan pwochen klas la.

Chèche lanmou

Baz biblik: Mak 12:38-44

Objektif lesan an: Se pou ti moun primè yo, kòm disip Jezi, kapab bay nan sa yo genyen akòz de lanmou Bondye a epi se pa pou lòt moun wè yo.

Vèsè pou aprann: “Moun ki asepte kòmandman m’ yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m’ va renmen moun ki renmen mwen” (Jan 14:21a).

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Ti moun primè yo ap viv nan yon mond ki anseye yo pou yo pi bon nan tout bagay. An mezi ke y’ap grandi, yo konprann ke siksè a mezire pou sa lòt yo panse de yo epi pou kantite lajan ak posesyon ke yo rive genyen nan lavi.

Leson sa ap ba w’ opòtinite pou w’ montre yo ke genyen yon fòm ki diferan ak pi bon: fason ke Bondye vle pou li ye. Yo bezwen konnen ke opinyon Bondye a se li menm ki gen valè reyèlman. Epi yo fè li plezi lè yo montre lanmou yo pou li ak pwochen yo.

Yo dwe konnen ke kantite lajan oubyen oubyen kantite bagay ke yo posede a pa enterese Bondye. Bondye prewokipe li pou jan kè yo avèk relasyon yo avèk li e avèk pwochen yo ye.

Ede elèv ou yo dekri fòm pou yo demontre lanmou yo pou Bondye. Apre sa yo kapab fè yon pwomès pou renmen epi onore Seyè a plis pase tout bagay yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Kòman w’ santi ou lè w’ bò kote yon moun ki kwè ke li trè enpòtan? Èske w’ konnen de kisa mwen vle pale? De kalite moun sa yo ki mete bèl rad epi ki di: “Gade m!”

Epi kisa ki pase ak moun sa menm k’ap fè moun wè gwo relò chè ke li genyen nan ponyèt li a? Oubyen sa k’ap kondwi yon machin nan dènye modèl epi k’ap viv nan yon rezidans?

Mwen konnen kòman w’ santi w’: trè mal alèz! Pèsònèlman mwen menm santi m’ wont lè mwen tou pre moun k’ap montre fòtin yo konsa.

Sa ki dekri anvan an fè mwen sonje yon nonm ki te fè siksè nan biznis li, li menm ki te vle fè dyòlè ak fòtin li a devan zanmi l’ yo. Konsa, li t’ap achte yon machin de zewo kilomèt ke li te peye...kach.

Nan demen maten li te kondwi machin li pou al nan travay la. Li te pakin devan biwo l’ la. Nan

moman kote li te ouvè pòt la, yon kamyon te frape li sou kote, rache pòt machin nan epi koupe yon ponyèt mèt li a.

Lapolis te rive menm kote a epi nonm blese a te kòmanse rele:

--Chèche chofè kamyon an! Li kraze machin zewo kilomèt mwen an, li fè m’ wont devan zanmi m’ yo! Sa a terib!

Chèf polis la reponn:

--Mesye, nou pral eseye jwenn lòt chofè a! Men, nou vle ba w’ swen anvan!

Èske w’ pa rann ou kont nan ki kondisyon ke w’ pèdi ponyèt ou?

Nonm nan te fè yon ti gade kò li ki te benyen avèk san epi li rele byen fò:

--O non! Kote relè chè m’ nan?

Sa se te yon nonm ki te genyen priyorite li yo chanje!

Okontrè, gen anpil moun ki ede epi bay nan lajan yo pou ke lòt viv alèz. Gen moun ki investi nan lekòl yo, legliz yo, lopital yo, oubyen rechèch syantifik pou ke lòt moun amelyore lasante yo oubyen geri de maladi ki pa kapab jwenn tretman yo. Yo se egzanp modèn, tankou vèv ke Jezi te mansyone a te ye a. Li te bay tout sa l’ te genyen an; li pat bay yon pousantaj, ni sa ki te rete, li te bay tout. Vèv la te bay tout ti kòb li a epi li te rete sou depandans Bondye konplètman. Li te bay paske li te renmen Bondye. Li pat fè pati moun sa yo ki t’ap bat pou fè moun wè epi jwenn admirasyon pou sa ke li te genyen.

Pòl te ekri: “Chonje sa byen: Moun ki simen ti kras va rekòlte ti kras.

Moun ki simen anpil va rekòlte anpil. Se pou chak moun bay jan yo te deside nan kè yo, san yo pa règrèt anyen, san moun pa bezwen fòse yo, paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan” (2 Korentyen 9:6-7).

Bay avèk kè se rezilta lanmou ki soti nan Bondye ak pou pwochen an.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfo sou yo pou w’ kontakte yo pandan semèn nan.

Ann ranmase ofrann nan

Mande timoun yo si yo konnen pou kisa ak pou ki rezon yo ranmase ofrann yo nan legliz la. Pèmèt ke yo bay opinyon yo. Eklèsi lide ki pa klè yo, tankou tout ofrann yo se pou pastè a. Eksplike yo ke kèk nan ofrann yo se pou misyon yo, pou ke Pawòl Bondye a preche nan lòt peyi yo, pou yo

peye sèvis yo nan tanp lan, pou salè pastoral la, elatriye. Apre sa, di timoun yo ke yo pral ranmase ofrann nan. Yon ti moun kapab fè li epi yon lòt fè yon priyè de remèsiman.

Apre sa mande yo kòman yo te santi yo lè yo t'ap mete ofrann nan.

Mande si genyen kèk ki te vle pou zanmi yo te wè sa yo te mete a. Si se te konsa, poukisa li te vle pou yo te wè l'? Sa a se pral yon bon leson pratik pou kòmanse leson jodi a.

Devinèt kado lanmou

Mande timoun yo pou yo koupe sèk yo ki nan liv Elèv la, leson 28. Apre yo fin kole li nan yon papye bristòl oubyen yon katon ki pa pwès. Di yo pou yo koupe figi yo epi pentire yo. Nan lòt fas sèk la, endike yo pou yo desine yon fason kote yo kapab montre lanmou yo pou Bondye. Chèche yon sak oubyen anvlop pou yo pote pòsyon yo lakay yo.

ISTWA BIBLIK

Yon gwo kado lanmou

--Jezi di: --Yo kwè nan mete rad ki koute chè sou yo. Yo kwè ke sa bon anpil pou fè tout moun fikse je sou yo. Yo renmen fè moun wè yo lè yo chita nan plas devan nan moman adorasyon yo. Yo toujou ap tann epi chèche pi bon plas nan fèt yo tou. Yo eseye montre ke yo renmen Bondye epi yo obeye li, men verite a se lòt bagay.

Yo sèlman montre lanmou pou tèt pa yo. Lapriyè awotvwa yo se sèlman pou fè lòt moun tandè yo, men se pa pou Bondye tandè yo.

--Yon fanmi di konsa: --Sa vre genyen sans pou mwen.—Si m'ap priye epi deranje lòt yo, sa se pa montre yo ke mwen renmen yo.

Apre sa Jezi te chita. Tou pre a la, li te kapab wè plato ofrann yo. Li te gade nan alantou li, epi li te wè jan moun yo t'ap pase epi depoze ofrann pa yo a.

Yon nonm rich, ki te sanble byen enpòtan te apwoche pou bay ofrann pa l' la. Li te asire li ke moun yo t'ap gade li.

Li te lage yon bon kantite lajan epi gade nan antouraj li avèk anpil lògèy. Li te vle pou moun yo wè jan li te enpòtan.

Jezi te kontinye ap obsève rich yo ki t'ap fè menm bagay la avèk gwo atansyon.

Yo te santi yo ògeye anpil. San dout, okenn nan yo pa t'ap panse ak Bondye.

Apre sa, Jezi te wè yon vèv byen pòv ki te apwoche byen senp. Fanm nan pat gade pèsòn. Li te mache ak tèt li bese. Li te parèt an chandriyon, avèk rad tache epi dechire. Mari li te mouri. Tout sa ke li te genyen se te de monnen yo!

Jezi te souri lè li te wè l' apwoche epi bay Bondye tout sa ke li te posede a.

--Jezi te moun ki te ansanm avèk li yo konsa: --Gade pòv malere fanm sa.

--apòt yo te di: --Si li prèske pa genyen anyen pou l' bay Bondye.

Men Jezi te reponn:

--Mwen vle pou nou sonje verite enpòtan sa:

Fanm pòv sa bay Bondye plis pase tout rich sa yo. Li te mete plis nan plato a pase tout moun. Paske yo tout te mete nan rès sa yo te rete, men li menm, nan povrete li a, li te mete tout sa l' te genyen, tout avre li.

Bondye pa vle pou nou bay pou ke lòt moun panse ke nou se bon moun. Li vle pou nou bay tout sa ke nou kapab paske nou renmen li, se pa paske li fè nou santi nou enpòtan.

Finalman, disip Jezi yo te konprann sa li t'ap anseye yo a. Kounye a yo te konprann ke sa ki enterese Bondye se pou nou renmen li epi renmen pwochen nou nou, men se pa pou yo ka wè nou. Sa te yon leson enpòtan nan tanp lan.

Sa se yon bon opòtinite pou w' fè ranmase ofrann nan. Ou kapab di konsa: "Jezi te anseye bagay ki trè enpòtan. Nan Bib la, istwa nou an jodi a anseye nou ke sa ki enpòtan se pa anpil bagay ke nou bay pou Bondye; sa ki enpòtan pou li se rezon ki fè nou ba li. Li vle pou nou bay sa ki pi bon an paske nou renmen li.

AKTIVITE YO

Devwa pratik: "Règ lanmou yo"

Youn oubyen de semèn anvan klas la: Mande elèv ou yo ke avèk pwòp lajan yo pou yo achte ¼ kilo, ½ kilo oubyen 1 kilo nan nenpòt manje ki pap gate pou mete li nan 1 oubyen 2 sachè oubyen bwat. Prepare bwat yo (yo pa dwe twò gwo). Ou kapab kouvri yo avèk yon papye kado ki atire atansyon epi mete yon gwo tit ki di: "Kado lanmou pa nou an".

Mande pastè oubyen paran timoun yo si gen yon fanmi ki nan nesosite ke klas ou a kapab fè kado bwat yo.

Eklèsi yo ke moun sa yo ki pa kapab pote kado pa yo a, pa dwe santi yo mal alèz. Sa yo ki kapab pote plis pase 1 kilo, yo pa dwe santi yo ògeye (oubyen enpòtan).

Fè ansòt ke nou pral pote kado sa yo paske nou renmen Bondye ak moun yo.

Timoun yo kapab kreye de kat ki mezire 30 cm. x 25 cm. chak sa ki di:

"Kado lanmou nou pou ou, Bondye beni ou/nou! Se: klas timoun primè yo". Mande yo pou yo dekore kat yo avèk etikèt epi koulè.

Yo tout—e menm antrenè a—kapab siyen kat yo. Kado yo kapab ale pa mwayen antrenè a avèk 2 oubyen 3 elèv pou pote yo bay fanmi ki nan nesosite yo pèsònèlman.

Monnen pèdi epi retwouve yo!

Kache de monnen ki pa gen anpil valè nan salon an. Mande ti moun yo pou yo chèche yo. De premye ti moun ki jwenn yo a kapab konsève monnen yo epi pote yo lakay yo pou yo fè zanmi yo kado. Apre sa, di yo pou yo rakonte zanmi yo a istwa bibliik jodi a.

Memorizasyon

Kopye oubyen desine fas plizyè monnen nan peyi ou.

Fè yo nan papye bristòl oubyen katon de 10 cm. de dyamèt.

Pentire yo avèk koulè dore, lajan oubyen koulè metal. Nan pati ki dèyè fas monnen an ekri yon mo tèks memwa nan yo chak.

Kache yo nan tout salòn an. Anvan rechèch yo kòmanse, ekri tèks la nan tablo a epi pratike li plizyè fwa. Mande timoun yo pou yo chèche 24 monnen yo, ak sit bibliik la tou: “Moun ki asepte

kòmandman m’ yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m’ va renmen moun ki renmen mwen” (Jan 14:21a).

Lè timoun yo jwenn monnen yo, yo dwe kouri epi mete yo sou tab la, nan plas ki kòrèk la pou fòme tèks bibliik la. Sa ki pa jwenn monnen yo kapab ede nan kòmantè sou tab la. Konsève monnen yo pou memorizasyon ak revizyon pwochen klas la.

Pou fini

Mande timoun yo kòman yo te santi yo lè yo te bay kado lanmou yo a epi itilize pwòp lajan yo pou yo achte bagay pou moun manje yo.

Fè gwoup fòme yon sèk. Mande yo pou yo kòmanse pandan y’ap priye pou kamarad ki sou bò goch yo a. yo chak dwe priye pou pwochen ti moun nan. Lè sa rive sou antrenè a, l’ap priye pou ti moun ki sou bò goch li epi pou tout rès klas la, pou yo kapab vin ti moun ki plen ak lanmou epi fidèl nan akonpli Pawòl Bondye a, genyen anvi pou renmen Seyè a avèk pwochen yo san bat pou fè moun wè yo. Di Bondye mèsè pou lanmou ke ti moun yo te demontre lè yo te bay nan lajan yo epi achte manje pou moun ki nan bezwen yo.

Leson 29

Chèche Bondye

Baz bibliik: Lik 12:13-21

Objektif leson an: Se pou ti moun primè yo konnen ke li mal pou gen lanbi epi egoyis, e pou Bondye kapab ede yo renmen li plis pase bagay ki sou latè yo.

Vèsè pou aprann: “Moun ki asepte kòmandman m’ yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen” (Jan 14:21a).

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Televizyon ak lòt sous piblisite yo fèt pou ke nou anvi genyen epi depanse plis.

Objektif yo se fè nou kwè ke pwodwi ke nou wè, tandè ak li yo nesèsè pou nou kapab vin alèz.

Piblisite yo se pa pou gran moun sèlman. Èske w’ konn wè pwogram nan televizyon pou ti moun yo? Pa genyen okenn dout nan sa pou wè yo fèt pou atire yo, paske ajan piblisite yo konnen ke anpil ti moun gen lajan pou yo depanse, oubyen yo kapab mande paran yo.

Jezi montre nou yon fason diferan pou nou

gade sa nou anvi yo. Jezi montre nou ke posesyon ak richès pa bay kè kontan. Ke vrè kè kontan an soti nan yon relasyon pwofon avèk Bondye. Jodi a ti moun yo bezwen tandè ke Seyè a gen plis pou yo pase posesyon materyèl ak richès yo. Li genyen lavi ki pap janm fini an nan lespri li epi yo dwe pran yon desizyon. Ti moun yo kapab chwazi Bondye premyeman, san gade sou sa lòt yo fè oubyen di.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li difisil pou pretann ke ti moun k’ap grandi nan sosyete eklere a konprann siyifikasyon parabòl rich la avèk pòv la. Okontrè, li pral pi fasil pou ti moun ki an kontak avèk yon gran kantite nesosite yo konprann istwa jodi a. De tout fason, pwèn ke Jezi touche nan vèsè sa yo enpòtan pou viv nan fason ki fè Bondye plezi a.

Sosyete nou an vin fou pou konsonmen. Nan ka sa an patikilye, Jezi rele atansyon nonm rich awogan an ki t’ap goute epi depann de fòtin li a. Sa se yon bon moman pou w’ ede elèv ou yo genyen konpòtman kretyen yo anvè lòt moun epi anvè posesyon yo.

La a nou prezante senk pèspektiv k’ap kapab ede w’ prezante leson sa.

Jwèt ak objè yo. Pa genyen anyen ki mal pou genyen zouti ki kòrèk yo pou devlope yon travay.

Li pa mal nonplis pou nou divèti nou, sa ki pèmèt nou distrè nou de devwa nou yo. Men si nou kòmanse bay tèt nou valè kòm moun dapre kantite jwèt oubyen bagay materyèl ke nou posede, nou pral peye yon pri ki byen chè; jwèt yo ak bagay yo okipe tan avèk atansyon nou. Si yo plis enpòtan, sa ap ede nou vin neglijan avèk lavi espiyèl nou, epi pwoblèm yo ap kòmanse resanti ni nan lavi nou pèsònèl nou kòm relasyon nou avèk lòt moun.

Mwen menm epi se toujou mwen menm! Rich san entelijans nan istwa Jezi a te komèt erè lè li te panse ke richès li yo se tout bagay ke li te bezwen pou li te kapab alèz nan lavi a. Li te kwè ke li menm pou tèt pa l', li te pwodwi tout rekòt yo, pandan ke yo bliye konplètman si posesyon li yo te yon kado Bondye pou li. Nonm nan te vin tounen sant pwòp mond li. Se menm bagay la ki kapab pase nou, si nou toujou santi nesite pou vin "mwen an premye epi toujou mwen menm".

Plis, mwen vle plis! Genyen yon bagay etranj nan aspè rasanble plis ak pi plis la. Pou kèk rezon, (plis) pa janm rive ase. Pi fò moun ki anbarase yo nan materyalis la pa janm rive satisfè. Yo kwè ke "yon bagay an plis" ap fè yo vin alèz, yo pa rann kont ke genyen "plis ak pi plis" se yon sèk ki gen vis ki pa janm fini.

Divèsyon ak plis divèsyon! Erè kèk moun se kwè ke objektif la vi a se plezi. Doulè ak pwoblèm yo konsidere kòm obstak pou pa rive atenn felisite a. Anpil fwa bagay yo vin plis konplike epi mennen moun nan yon lòt fwa ankò pi lwen Bondye-lè plezi a melanje ak posesyon yo. Panse a se: "An mezi ke mwen gen plis jwèt, se plis m'ap pran plezi mwen". Men lajwa a pa dire pou anpil tan.

Ki kote Bondye ye? Konsantre nan li menm ak richès li yo, nonm rich san entelijans lan vin konvèti an yon vrè ate. Li te elimine Bondye nan lavi li. Menm danje sa egziste pou nou tou jounen jodi a ak pou toujou. Si objektif nou se genyen richès ak plezi, n'ap eseye satisfè dezi egoyis nou yo. Kesyon debaz ke desten nou depann de li a se: èske n'ap viv pou nou sèlman, oubyen nou pral chwazi Bondye nan chemen li yo?

Semèn sa, pandan w'ap enspire elèv ou yo, priye pou ke yo kapab wè ak konprann verite ke Bondye vle anseye yo a.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke salklas la pwòp lè yo rive. Anvan w' antre nan tèm jodi a, repase twa leson anvan yo

byen vit. Mande ti moun yo kòman sa te ye pou yo nan semèn nan epi si yo genyen kèk depann lapriyè.

Chwazi yon aktivite k'ap ede timoun yo konprann leson jodi a.

Ann chèche nan Bib la!

Li rekòmande pou chak klas genyen yon kantite Bib pou ti moun yo oubyen, pi bon toujou, ke chak ti moun pote Bib pa yo.

Mande yo pou yo chita sou fòm yon sèk. W'ap rete kanpe deyò sèk la, pou jwèt la/aktivite a kòmanse.

Tout ti moun ak gen Bib yo fèmen. Kòmanse mache fè wonn yo. Yon moman konsa, kanpe epi mansyone vèsè biblik inite a: Jan 14:21 (piga pèsòn ouvè Bib li toutotan ou pa di: ya!). Lè w' di: ya!, premye ti moun ki jwenn sit biblik la ap kanpe epi li l' byen fò. Apre sa, kontinye mache. Tout timoun yo dwe gen Bib yo fèmen. Kounye a w'ap di sit biblik istwa jodi a: Lik 12:13-21. Apre sa, di: ya!

Premye ti moun ki jwenn li an ap li istwa biblik la oubyen vèsè ki plis enpòtan an, tankou pa egzanzp Lik 12:15. Repete jwèt la an mezi gen tan oubyen enterè.

Aktivite sa ap ede ti moun yo nan lizay Bib la. Si gen ti moun ki nouvo oubyen ki pa konn itilize li, pratike pou kèk minit anvan aktivite a.

Mo enpòtan yo

"Disip Jezi yo" ak **"Lavi ki pap janm fini an"**

Ou te deja gen kè yo avèk mak yo pou aktivite sa, ki fèt nan leson 27 la.

"Disip Jezi yo": Se moun ki kwè ke Jezi se Pitit Bondye a. Disip Jezi a renmen ak obeyi li.

"Lavi ki pap janm fini an": Se lavi ke Bondye ban nou lè nou te resevwa Jezi kòm Sovè. Nou resevwa li nan lavi sa epi n'ap genyen li pou tout tan, avèk Seyè a nan syèl la.

Ekri mo yo avèk siyifikasyon yo nan tablo a epi mande ti moun ki pa gen kè avèk mak pye yo pou yo kopye sa w' te ekri yo.

Ti moun yo ap aprann mo sa yo ak siyifikasyon yo epi y'ap kapab di yo nan zòrèy ou kòm si se te yon sekre. Sa ki di l' kòrèkteman ap gen yon prim lè 4 leson inite VII la fini (li kapab yon kreyon, yon ti liv ak pòsyon biblik, yon règ avèk konfigirasyon oubyen etikèt).

Nan fen an, ti moun yo dwe kite kè yo avèk mak pye yo nan yon bwat oubyen sachè pou fè menm bagay la nan pwochen klas la.

ISTWA BIBLIK

Nonm ki te vle plis ak pi plis la

Anpil moun te rasanble bò kote Jezi.

--Yon moun te di konsa:--Koute sa li di.

--Yon lòt te kòmante:--Sanble li pa konnen Bondye.

--Yon fanm pami foul la ki t'ap koute sa Jezi t'ap anseye a di konsa: --Li se yon gran Antrenè.

Men te genyen yon nonm nan mitan yo ki pat afiche vizaj moun ki kontan: Li te panse: "Petèt mwen kapab fè Jezi pale ak frè m' nan pou li ka pataje eritaj la avèk mwen". Li te frè ki te pi jèn nan. Lalwa te di ke gran frè a ta resevwa eritaj la. Jennonm nan te gen lajan men li pat satisfè.

Li te vle plis! Li t'ap di poukont li.-Sa pa jis!

--Jennonm nan te rele Jezi:--Mèt.

Jezi te panse:--"nonm sa sanble pa alèz".

Li te kontinye:--Di gran frè m' nan pou l' ban mwen lajan eritaj la. Sa pa jis pou se li menm ki gen eritaj la sou mwen. Se mwen menm ki ta dwe genyen plis.

Jezi te reponn li:--Jennonm, mwen pa yon jij oubyen fanatik.

Se pa wòl mwen pou m' fè frè w' la ba ou lajan an.

Jennonm nan te gade li epi mare pli sou fwon li. Sitiyasyon sa a pa t'ap fonksyone jan ke li t'ap atann li an. Frè l' la pa ta koute li. Men wi, si Jezi te fè entèvansyon pou li, frè a ta ba li plis lajan.

Jezi te gade jennonm nan. Li te konnen ke li pat satisfè avèk repons li a. Apre sa li te gade foul moun yo. Li di nan kè li: "Sa a se yon bon moman pou anseye yo yon parabòl".

Mèt la te kontinye pou l' di:--Kite m' rakonte nou yon ti istwa.

Jezi te konnen ke jennonm nan te nan nesite pou l' te tande istwa sa.

Sa se yon istwa espesyal osijè de yon nonm rich.

(Moun yo te kòmanse ap sekwe tèt yo. Sa te sanble yon bon istwa).

Nonm rich la se te yon kiltivatè. Li te kiltive yon gran kantite grenn nan jaden li yo. Te genyen yon ane kote ke pwodiksyon grenn nan te anpil epi de bon kalite. Rekòt la te tèlman anpil ke nonm nan pat gen kote pou l' te mete li.

Kiltivatè a te poze tèt li kesyon: Kisa mwen pral fè kounye a? --Mwen pa gen depo kote pou m' mete rekòt la. (Fè yon ti poz nan istwa a pou w' poze kesyon sa:)

Kimoun ki te fè grenn/semans la grandi?

Kisa kiltivatè a te dwe di Bondye lè li te ranmase yon grenn tèlman gwo epi sen?

(Mèsi Seyè.)

Kisa nou kwè ke kiltivatè a te dwe fè avèk tout

grenn li te ranmase yo? (Ede lòt moun ki nan nesite ki pat gen manje yo).

Kisa nou kwè ke kiltivatè a te fè avèk grenn li pat kapab sere yo? (Repons yo pral diferan).

Di konsa: Ann wè kisa Bib la di osijè de kiltivatè a.

Nan katye kote kiltivatè a t'ap viv la te genyen anpil moun ki te nan grangou. Men sa pat regade kiltivatè a. Li te kòmanse fè lòt plan:

--Li di konsa: --Se sa ke mwen pral fè, mwen pral kraze depo m' nan epi m'ap bati yon lòt ki pi gwo pou m' ka konsève tout rekòt mwen an.

--Jezi te di ke:--Kiltivatè a te byen kontan avèk lide l' la. Sa ki pi san konprann nan te ranmase grenn li yo, bati plizyè lòt ki pi gwo epi li te chita e panse: Ala yon bèl lavi m'ap viv! Mwen tèlman fò epi an sante! Lavi mwen ap byen fasil pandan anpil ane. M'ap toujou genyen yon gran kantite manje! Se vre ke mwen te fè yon bon travay! Tout se te avèk entèlijans mwen. Se mwen menm ki plis enpòtan!"

Bondye te koute nonm nan.

Jezi te kontinye avèk istwa l' la.

Bondye te di li:--Ou se yon moun san konprann.—Ou gentan pliye mwen. Ou gentan bliye pou w' renmen mwen. Ou gentan bliye ke tout sa w' posede soti nan men mwen. Aswè a menm w'ap mouri, epi èske w' panse ke babako avèk rekòt ou yo ap vin pote w' sekou?

Foul moun yo te sekwe tèt yo. Konsa Jezi te di: Nan menm sware sa, nonm nan konprann nan te mouri. Li pat kapab pote grenn li yo avèk li. Li pat kapab itilize rekòt li yo. Anvan kiltivatè a te mouri, li te aprann yon leson. Li te aprann ke li te dwe mete Bondye nan premye plas la, ke li te dwe mete konfyans li nan Li pou l' te pwoteje li, ke li te dwe di Bondye mèsi pou tout bon bagay ke l' te ba li. Epi li te dwe itilize sa l' te posede pou l' ede lòt yo ki nan nesite.

Jezi te vle pou moun ki te antoure l' yo aprann epi sonje ke yo te dwe renmen Bondye pi plis pase nenpòt bagay nan mond sa. Nou tout kapab aprann. Nou kapab deside mete Kreyatè a nan premye plas. Nou kapab deside renmen Bondye plis pase lajan, oubyen bagay materyèl, oswa moun.

AKTIVITE YO

Tablo afich: "Mwen kapab viv kòm Jezi"

Prepare nan de papyè bristol inite oubyen nan papyè afichaj, yon gwo katèl pou ke ti moun yo travay epi ki kapab kole nan yon mi nan sal la pandan plizyè semèn.

Ekri nan mitan an gwo lèt byen laj epi ki kapab ranpli:

“Mwen kapab viv tankou Jezi”. Mande ti moun yo pou yo pote kèk grann/semans ki soti lakay: mayi, diri, pwa, elatriye.

Nan klas la, y’ap kole andedan lèt la diferan grenn yo te pote yo. L’ap rete byen bèl si yo se grenn ki gen koulè diferan.

Anplis de sa, mande yo (oubyen ou dwe pote), imaj oubyen foto moun k’ap fè yon bon aksyon oubyen k’ap pataje/sèvi nan kèk fason. Yo kapab desen/penti ke yo menm yo te fè. Bò kote mo ki ranpli avèk semans yo, y’ap kapab kole epi fè kòmantè sou imaj/foto ke yo te pote yo.

Gide yo avèk kesyon sou sijè leson an.

“Bondye nan premye plas”. Kondekorasyon

Remèt elèv yo fèy aktivite ki nan liv Elèv la, leson 29. Mande yo pou yo desine imaj pwòp tèt yo nan youn nan kote yo oubyen se pou yo mete non yo. An mezi y’ap desine, poze yo kesyon sou fòm revizyon:

Kòmman nou kapab deside mete Bondye nan premye plas? (Nan pale avèk li, aprann de li ak Pawòl li, swiv Jezi nan obeyisans, montre lanmou li pa mwayen pawòl avèk aksyon yo.) Mande ti moun yo pou yo relye imaj yo pwent nan pwent dèyè fèy la. Mande yo: Kimoun ki pat mete Bondye nan premye plas la? Ki bagay enpòtan nou te aprann jodi a?

Ede yo monte kondekorasyon an pandan n’ap swiv enstriksyon yo ki nan menm paj la. Mande yo pou yo pote li lakay yo epi rakonte yon moun istwa jodi a.

Di konsa: Nou kapab deside viv jan Jezi anseye a, pandan n’ap mete Bondye nan premye plas la.

Kisa ki plis enpòtan? Bondye oubyen lajan? Yon videyo oubyen Bondye? (Bondye) Kimoun ki plis enpòtan, paran nou yo oubyen Bondye? (Bondye).

Bondye plis enpòtan pase nenpòt moun oubyen bagay. Li ban nou anpil bon bagay. Li bay paran nou yo pou yo renmen nou epi pou nou renmen yo. Men li se Bondye ki san parèy. Nou dwe renmen li plis pase nenpòt lòt bagay.

Memorizasyon

Utilize monnen nan klas pase yo pou w’ santre vèsè bibliik la. Kache monnen yo nan tout salon an. Anvan rechèch la kòmmanse, ekri tèks la nan tablo a epi pratike li plizyè fwa. Apre sa, mande elèv yo pou yo chèche 25 monnen yo, e men sit bibliik la. 1. Moun, 2. Ki, 3. Asepte, 4. Kòmandman, 5. Mwen, 6. Yo, 7. Ki, 8. Obeyi, 9. Yo, 10. Se, 11. Moun, 12. Sa, 13. A, 14. Ki, 15. Renmen, 16. Mwen, 17. Papa, 18. M’, 19. Va, 20. Renmen, 21. Moun, 22. Ki, 23. Renmen, 24. Mwen, 25. (Jan 14:21a).

Lè timoun yo jwenn monnen yo, yo dwe kouri epi mete yo sou tab la, nan plas ki kòrèk la pou fòm tèks bibliik la. Sa ki pa jwenn monnen yo kapab ede nan kòmantè sou tab la.

Pou fini

Mande pou chak timoun yo priye epi repete pawòl sa yo: “Jezi, mwen vle pou w’ ede mwen pou w’ kapab okipe premye plas nan lavi mwen. Mwen pa vle pou... (televizyon an, espò yo, zanmi m’ yo, elatriye.) vin plis enpòtan nan lavi mwen”.

Priye pou elèv ou yo pou yo kapab konnen kijan pou yo toujou mete Bondye nan premye plas la.

Leson 30

Chèche lavi

Baz bibliik: Jan 4:1-42

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke Sali a se pou tout moun ki kwè nan Jezi epi resevwa li kòm Sovè yo.

Vèsè pou aprann: “Moun ki asepte kòmandman m’ yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m’ va renmen moun ki renmen mwen” (Jan 14:21a).

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Sa pa fè lontan yon moun te mande mwen: Èske w’ pa kwè ke moun yo adore pi byen avèk moun yo santi yo plis alèz yo?

Sa fè mwen panse ak obsève moun ki nan antouraj mwen yo, nan legliz kote mwen mache. Mwen remake anpil bagay ki sanble nan yo, men mwen remake anpil bagay ki diferan tou.

Apre m’ fin panse ak kesyon sa, mwen te rann mwen kont ke mwen pat dakò. Mwen pa kwè ke Bondye te rele nou pou nou vin fè ti gwoup apa epi elwaye de moun sa yo ki diferan de nou.

Poutan, mwen kwè ke istwa bibliik sa anseye nou fè lekòtrè. Jezi anseye nou gade pi lwen pase moun sa yo ke nou santi nou alèz avèk yo a. Jezi vle pou nou ofri kado Sali ak tout moun ki vle konnen li. Timoun primè yo renmen pale jeneralman se sa ki fè yo pare pou pale de Jezi e de lafwa yo. Yo renmen li epi vle pou lòt moun konnen sa.

Ankouraje elèv ou yo panse pi lwen pase fanmi

ak zanmi legliz yo. Ede yo panse ak moun ke yo konnen epi ki bezwen Seyè a.

Aprè sa, kòmanse priye avèk elèv ou yo pou moun sa yo. Kòm antrenè kapab apwofondi relasyon yo avèk Bondye, bay de fason. Premyeman, ofri timoun primè yo opòtinite pou yo konnen Jezi kòm Sovè pèsònèl yo. Dezyèmman, ede yo, pandan w'ap ofri yo zouti ke y'ap bezwen pou yo rakonte lòt yo osijè de kado Bondye a: lavi ki pap janm fini an.

KÒMANTÈ BIBLIK

Kesyon sa se pou ou: Kimoun ki kapab vin kretyen?

Nan yon kòmansman, sa sanble yon senp kesyon avèk yon senp repons. W'ap di konsa: Tout moun, asireman.

Ebyen, kite m' mande w' yon lòt bagay anplis: Kimoun k'ap difisil pou l' vin kretyen? Nenpòt moun ki gen anpèchman oubyen baryè—menm si se reyèl oubyen imajinè—l'ap gen difikilte pou li aksepte Seyè a.

Nan konvèsasyon Jezi a bò pi a, li te kraze de baryè ke sosyete l' la te leve. Premyeman, li te melanje diferans ant sa ki te “chwazi” yo ak sa ki te “rejte” yo. Jwif yo, “ras chwazi yo”, te konn repouse samariten yo. Pawòl la di li: “jwif yo pa t' gen rapò ak moun Samari” (Jan 4:9). Jezi pat bay kwayans sa valè. Li pat sèlman abòde samariten yo, men tou li te itilize yo kòm egzanp ki bon pou jwif yo imite. Nan dezyèm pozisyon, Jezi te kraze tab ou a epi li te kòmanse pale ak yon fanm samariten onèt (malgre jwif yo te doute ke te genyen yon moun konsa), men li te menm pi mal akoz de fanm sa ke li t'ap pale a. Li te yon abandone pa sosyete a akoz de pwoblèm materyèl li yo.

Nan je kilti jwif yo, fanm sa te inakseptab totalman. Men menm konsa, Jezi te wè li kòm yon moun ke li te vo lapèn pou li te tandè Bon Nouvèl ke li te genyen pou li a. Li te diskite chak eklerasyon fanm nan te fè li, avèk pasyans li te rive kraze chak baryè ke fanm nan te genyen osijè de Mesi a. Finalman li te kwè epi anpil lòt moun te vin kwè nan Seyè a, base sou temwayaj li osijè de Jezi.

Sa se yon istwa ki genyen yon bèl fen, menm si, nan yon kòmansman, miray yo te oblije kraze.

Sa a te fè n'ap poze lòt kesyon: Kimoun ki pa nan kondisyon pou resevwa Sali a jodi a?

Anvan ke w' reponn “pèsòn” epi rejte lide a, panse avèk miray ke moun yo dwe fè fas nan jou sa yo.

Pou kèk moun, ras li se yon miray, menm si

se pou pale oubyen pou koute Levanjil. Koulè po ak diferans kiltirèl yo kapab vin yon obstak pou evanjelizasyon an.

Genyen kèk pami yo ki bay opinyon yo epi aji kòm si yo fè pati de yon branch politik diferan de pa yo a, yo pa vrè kretyen. Lespri fèmèn yo se vrè baryè yo ye.

Moun ki gen plizyè relijyon diferan yo gen pwoblèm pou yo konprann youn lòt. Si nou pa konnen sa mizilman, endou oubyen jwif yo kwè, kòman n'ap kapab preche yo Levanjil Jezi a?

E pou sikonstans yo nan lavi a? Èske nou gen tandans pou nou dezespere paske genyen kèk ki twò pòv, oubyen gen twòp vis, oubyen pwoblematik, pou yo vin kretyen? Si se konsa, nou dwe kraze miray sa yo.

Jan 3:16 pa rekonèt baryè ke nou menm lèzòm nou leve yo. Pa genyen okenn eskizyon nan “tout moun”. Chak moun, san gade sikonstans yo, li diy pou koute Levanjil, epi genyen opòtinite pou li kwè.

DEVLOPMAN LESON AN

Byen akeyi elèv ou yo epi asire w' ke salklas la pwòp anvan yo rive. Anvan ou ale nan sijè jodi a, revize byen brèf twa leson pase yo epi mande elèv ou yo pou yo pale sou fason yo te fidèl ak Bondye pandan mwa sa k'ap fini an.

Dlo frèt

Si li posib, anvan klas la, reyalize kèk aktivite pou ke timoun yo kouri oubyen sote, nan fason sa yo ka vin swaf.

Nan klas la w'ap bezwen: po avèk dlo frèt avèk plizyè vè.

Mete po ki gen dlo frèt la sou tab la. Kache vè yo.

Mande timoun yo si yo vle bwè yon ti gout dlo. Montre po a. Envite sa ki swaf yo vin pran. Timoun yo ap dekouvri ke pa genyen vè. Mande:

Kisa nou bezwen pou nou bwè?

Pote vè yo epi sèvi timoun yo dlo a. Mande: Kilè sa bon pou nou gen dlo a tou prè? (Lè nou swaf anpil oubyen lè li fè chalè). Kòman yon moun santi li lè li swaf epi li pa gen dlo pou l' bwè?

Istwa jodi a rakonte nou lè Jezi te chita bò yon pi dlo. Li pat genyen okenn vèsò pou li te pran dlo a. Ann wè sa ki te pase epi kimoun ki te ba li dlo.

Mo enpòtan yo

“Disip Jezi yo”, “Lavi ki pap janm fini an” ak “dlo vivan”

W'ap bezwen plis mak pye ak kè ki fèt ak papye

bristòl pou chak timoun (gade enstriksyon yo nan leson 27). Ekri mo “Disip Jezi yo” ak “Lavi ki pap janm fini an” ansanm ak siyifikasyon yo, pou timoun yo kapab kopye yo. Fè kè ak mak pye sifi pou sa yo ki te pèdi pa yo a ak pou timoun ki nouvo yo. Jodi a y’ap pote kat yo lakay yo. Distribye kè avèk mak pye yo. Bay tan pou ke nouvo timoun yo oubyen sa yo ki pèdi kat pa yo a kapab kopye sa ki di sou tablo a nan leson 27 la.

“**Disip Jezi yo**”: Se moun ki kwè ke Jezi se Pitit Bondye a. Disip Jezi a renmen ak obeyi li.

“**Lavi ki pap janm fini an**”: Se lavi ke Bondye ban nou lè nou te resevwa Jezi kòm Sovè. Nou resevwa li nan lavi sa epi n’ap genyen li pou tout tan, avèk Seyè a nan syèl la.

“**Dlo vivan**”: Se dlo ki bay lavi ki pap janm fini an. Dlo ke nou bwè a pase swaf nou, men li tanporè. Dlo Bondye a espiritiyèl epi pap janm fini.

Ann wè kisa istwa jodi a di osijè de Jezi ak fanm ki te bò pi dlo a.

Di timoun yo pou yo ekri akote kè yo oubyen mak pye yo youn nan mo enpòtan yo avèk defisyon li epi plase non yo deyè li.

Timoun yo pral aprann mo sa yo avèk siyifikasyon yo epi y’ap kapab di yo nan zòrèy you kòm si ta tankou yon sekre. Sa ki di l’ kòrèkteman ap gen yon prim lè klas la fini. Jodi a se fen inite VII la. Ou kapab selebre final inite sa avèk timoun yo.

Repase istwa bibliik leson 27 la rive nan sa jodi a, pandan w’ap poze yo kesyon ke ou menm ou te deja prepare davans. (Ou kapab bay ti kado tankou kreyon, yon liv ki gen pòsyon bibliik yo, imaj oubyen etikèt, elatriye.). Fè tout timoun kado menm jan. Ankouraje yo pou yo kontinye raple yo de vèsè bibliik yo te aprann yo epi kontinye rakonte istwa bibliik yo ki nan inite a.

ISTWA BIBLIK

Jezi te anseye nan peyi Jide. Anpil moun te vini pou tande sa l’ t’ap di yo. Yon gran kantite moun te kwè epi yo te batize.

Farizyen yo pat renmen pou moun yo te chita tande Jezi.

--Yo te di:--Sa se yon bagay ki terib wi! --Disip Jezi yo te batize plis moun pase Jan Batis la.

Jezi te tande sa farizyen yo te di epi deside ale Galile.

Li menm ansanm avèk disip li yo te pase nan wout ki pi kout pou yo te ale Galile epi yo te pase pa Samari.

--Youn nan disip yo te mande: --Èske w sèten

ke sa se pi bon chemen an?

--Yon lòt te ajoute: --Se vre wi, nou pa fè samariten yo plezi non.

--Jezi te reponn: --Sa se fason ki kòrèk pou nou ale a.

Jezi avèk disip li yo te fè anpil tan ap mache.

Solèy la te cho anpil, te gen anpil chalè, epi te genyen anpil pousyè sou wout la. Jiskaske finalman yo te rive nan yon ti bouk nan vil Samari. Te genyen yon pi deyò a. Jezi te fatige.

Pandan li te chita l’ap tann, li te di disip li yo konsa: --nou mèt ale nan bouk la pou n’al achte bagay pou nou manje.

--Yo te reponn:--wi Mèt, epi disip li yo te leve y’ale.

Yon fanm samariten te apwoche bò pi a. Li te pote krich li pou pran dlo. Pandan li te pase bò kote Jezi a, li gade li. Li te konnen tout bagay de li. Men sitou li te konnen ke Bondye te renmen li. Jezi te konnen ke li te bezwen yon chanjman nan lavi li.

--Jezi te mande li:-- èske w’ ta ka fè m’ kado yon ti gout dlo?

--Fanm nan te gade li epi panse: --sa se yon jwif, “jwif yo pa pale ak samariten yo, epi espesyalman fanm tankou mwen”.

--Li te mande Jezi: --Kòman fè w’ap vin mande m’ pou w’ bwè a?

Jezi te souri ba li:

--Si ou te konnen sa Bondye bay la, si ou te konnen ki moun k’ap mande ou ti gout dlo pou bwè a, se ou menm ki ta mande l’ ba ou ti gout dlo bwè. Lè sa a, li ta ka ba ou nan dlo ki bay lavi a.

--Fanm lan di li: Msye, ou pa gen veso pou tire dlo. Epitou,

pi a fon anpil. Ki bò pou ou ta jwenn dlo ki bay lavi sa a?

Li pat konnen sa Jezi t’ap di a. Jezi te pale de lavi ki pap janm fini an, epi se pat de dlo reyèl la. Jezi te reponn li:

Tout moun ki bwè dlo sa a gen pou l’ swaf dlo ankò.

Men, moun ki va bwè nan dlo m’ap ba li a, li p’ap janm swaf dlo ankò.

--fanm nan te di: --Mwen vle nan dlo sa. Epi li te mete krich li a sou kote. Mwen ta renmen konnen plis de Bondye ak plis sou lavi ki pap janm fini an.

--Al chèche mari w’ epi retounen.

--Li te reponn: Mwen pa genyen mari non.

--Jezi te afime: --Sa a se vre. --Li te konnen ke fanm nan t'ap viv yon lavi peche. Li te bezwen lanmou ak padon Bondye. Li te di l' plizyè bagay de li. Fanm nan te tandè li epi poze l' plizyè kesyon.

--Lè sa a, fanm lan di l': Gen lè ou se yon pwofèt, msye?

Zansèt nou yo nan peyi Samari te sèvi Bondye sou mòn sa a. Men nou menm jwif, nou di: Sèl kote pou moun sèvi Bondye, se lavil Jerizalèm. Poukisa?

Jezi te di fanm nan ke yon jou nou pral adore Bondye ansanm. Fanm nan te kontinye san konprann nan.

--Fanm lan

di li: Mwen konnen Mesi a, moun yo rele Kris la, gen pou l' vini tou. Lè la vini, la esplike nou tout bagay sa yo.

--Jezi reponn li: Mwen menm k'ap pale avè ou la a, mwen se Sovè mond lan. Disip yo te retounen bò pi a. Yo te pote manje pou Jezi. Yo te wè fanm nan, pandan li t'ap retounen pou ale nan bouk la.

--Li di moun yo:--Vini wè yon nonm ki di m' tou sa m' te fè. Li di ke li se Pitit Bondye a.

Disip yo te mande Jezi pou l' te manje sa yo te pote pou li soti nan bouk la.

Men Jezi te fè yo konnen ke li te genyen yon pi bon manje, ki se fè volonte Papa li, Bondye. Devwa li se te preche di tout moun ke Bondye renmen yo.

Li te di disip yo: --Nou menm nou dwe fè menm bagay la.

Se konsa Jezi avèk disip li yo te wè Jezi k'ap vini avèk yon gwo foul moun.

Youn nan mesye yo te di Jezi pou l' te pale l' de Pitit Bondye a.

--Samariten yo te di konsa: --Tanpri, vini nan bouk pa nou an epi pale nou de Bondye.

Jezi te rive nan bouk la avèk disip li yo. Li te rete la pandan de jou. Anpil moun te konnen Jezi, epi anpil moun te resevwa "lavi ki pap janm fini an".

Finalman, samariten yo te di fanm nan konsa: --Koulye a nou kwè, se pa sèlman poutèt sa ou rakonte nou an, men tou paske nou tandè l' nou menm ak de zòrèy nou. Nou konnen se li menm vre ki vin delivre moun sou latè.

AKTIVITE YO

Liv: "A-B-C Sali a"

Remèt elèv yo aktivite ki nan liv Elèv la, leson 30.

Endike yo epi anseye yo kòman pou yo swiv enstriksyon yo pou aktivite sa a. Mande yo pou yo make liv la avèk lèt A-B-C. Li chak sesyon avèk yo.

Anvan klas la, fè plizyè kopi siyifikasyon koulè yo pou itilize li nan moman lavèy la ki rele sou lotèt la, epi pou yo pote li lakay yo apre sa. Si w' vle ou kapab fè yon liv pou chak timoun, avèk paj koulè ki endike pi ba yo. Mete fèy ki an koulè yo sèlman nan yon bò; siyifikasyon an nan pati ki dèyè yo chak.

Ble ou nwa: Siyifi PECHE. Nou tout komèt peche. Nou tout bezwen padon Bondye pou peche nou yo.

Blan:PADON. Lè nou di Bondye ke nou santi nou mal dèske nou te fè peche, epi nou atriste anpil pou sa. Nou kapab deside pa dezobeyi epi pa peche. Seyè a padone nou. Nou kapab deside renmen ak obeyi Bondye.

Wouj: SALI. Jezi te mouri sou kwa pou tout moun. Sali a siyifi ke nou konnen Bondye atravè Pitit li Jezikris. Se deside swiv epi obeyi Bondye, pandan nou konnen ke li padone nou.

Vèt: LAVI KI PAP JANM FINI AN. Lè nou jwenn padon epi sove, nou konnen ke nou genyen lavi ki pap janm fini an. Sa a se lavi ke Bondye ban nou an. Sa vle di ke nou kapab viv pou li kounye a, epi apre sa nan lavi ki pap janm fini an avèk Seyè a nan syèl la epi pou toujou.

Memorizasyon

Ekri vèsè memwa a nan plizyè ti moso papye. Apre sa, atache yo nan dous oubyen karamèl yo. Si l' posib, mete kolasyon yo nan yon gwo bokal plastik transparan.

Timoun yo dwe konn tèks la byen.

Ede yo pou yo di l' de memwa. Yo tout kapab resevwa kòm kado yon karamèl oubyen yon dous avèk vèsè a.

Pou fini

Ankouraje timoun yo resevwa "lavi ki pap janm fini an" oubyen "dlo vivan an" epi pou yo mete Jezi nan premye plas nan lavi yo.

Priye pou yo kapab aksepte defi pou yo viv jan Jezi vle a. Pale avèk pastè legliz la oubyen avèk pastè timoun yo, epi avèk paran timoun piti ki te aksepte Jezi kòm Sovè yo a. Planifye pou w' fè yon selebrasyon pou w' di Bondye mèsi pou timoun yo ki te pase de lanmò a lavi.

Fè kè w' kontan dèske w' te yon enstriman pou w' mennen timoun nan klas ou yo nan pye Seyè a!

Ane 3

Entwodiksyon – Inite VIII

LEGLIZ LA NAN LEMONN ANTYE

Baz biblik: Travay 8:1-8,26-24; Travay 10; 11:19-26; 13:1-12; 14:21-28

Tèks inite a: *Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou (Jan 20:21).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✘ Konnen ke Bondye te fonde legliz la avèk objektif pou pote bon nouvèl yo.
- ✘ Rekonèt ke gwo misyon legliz la se pwoklame Levanjil la.
- ✘ Konnen ke okenn obstak pat kapab bloke kwasans li nan mond lan.

Leson inite a

Leson 31: Bon nouvèl pou yon etyopyen

Leson 32: Bon nouvèl pou yon women

Leson 33: Bon nouvèl pou moun Antyòch yo

Leson 34: Bon nouvèl pou tout moun

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Pasaj biblik yo nan inite sa pèmèt demontre ke, depi nan yon kòmansman, legliz Jezikris la te pèsekite, dekalifye ak atake pa anpil rayisans.

Men malgre tout sa, li pat sèlman reziste, men tou li te gaye nan tout mond lan.

Pandan tout jenerasyon yo, Bondye te konn leve gason vanyan epi ki gen pasyon pou levanjil ki menm bay lavi yo, yo te pwoklame Kris la epi anonse Bon Nouvèl la.

Epi sa ki te plis enpòtan an se paske, an mezi ke nonm sa yo t'ap akonpli kòmandman Bondye a, men Seyè a te avèk yo. Sa vle di, pouvwa li te manifeste pandan li t'ap sipòte pawòl li yo avèk mèvèy, pwodij ak mirak. Epi gwo foul moun te konvèti an disip Kris.

Timoun primè yo pral aprann ke mond lan trè kòwonpi epi sanble ke peche a ap domine l' totalman, men legliz Jezikris la kontinye kenbe kòm rezèv moral ak bon koutim ki pliske li gen sipò Bondye, li genyen pouvwa pou li batay kont peche epi chanje lavi ki pèdi yo an lavi ki tou nèf epi pwòp.

Bon nouvèl pou yon etyopyen

Baz biblik: Travay 8:1-8, 26-40

Objektif leson an: Anseye timoun primè yo ke se nan vin misyonè ak kòman levanjil la te kòmanse gaye.

Vèsè pou aprann: *Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou (Jan 20:21).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Atende ak aksepte moun ki soti nan lòt kilti yo se yon bagay ki byen konsidere nan sosyete nou an jodi a.

Ankouraje timoun yo pou yo gen konsiderasyon anvè moun ki diferan de yo menm. Ala yon bèl opòtinite pou nou anseye timoun piti nou yo ke sa se yon prensip kretyen ki te mete an pratik nan legliz primitiv la! Se Bondye ki te etabli lide ke nou tout genyen menm valè. Se te entansyon li pou kretyen yo te rive atenn tout moun avèk mesaj lanmou li a.

Leson sa se yon opòtinite pou kòmanse kreye nan kè timoun yo lanmou pou tout moun k'ap pèdi yo nan tout mond lan. Filip anseye nou kalite obeyisans sa: al chèche lòt yo pou kondwi yo vin jwenn Bondye.

San gade kimoun li ye ni ki kote li ye. Menm jan sa te pase avèk Filip, tout timoun ki renmen Jezi yo kapab bay temwayaj de li.

Elèv yo konprann ke lè yo priye pou moun ki pa sove yo, Bondye tande yo epi li kontan. Ankouraje yo priye pou moun ki pa sove ki nan pwòp fwaye yo, pou zanmi yo, epi pou moun nan lòt peyi yo ki poko konnen Seyè a. Mete tèt ou ansanm avèk yo nan lapriye pou moun sa yo; epi fè yo fè yon priye pou moun sa yo ke w' genyen nan lis priye w' yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Filip te transfòme an yon moun enpòtan lè legliz la te kòmanse gaye nan lòt vil yo. Travay li a nan Samari te enpòtan anpil akòz de konfli ki te egziste ant samariten ak jwif yo. Yo te konn trete samariten yo tankou grèk, men si yo te fè pati “mouton pèdi Izrayèl yo”. Yo te kwè nan yon liberatè ki ta mennen yo retounen.

Filip te montre gwo fòs ak pèsistans li pou ale Samari, epi li te premye misyonè legliz ki te

fèk pran nesans lan ki ta pote mesaj lanmou ak esperans lan bay tout moun. Poutan, nou kapab di ke Samari ak Etyopi se te de zòn jewografik kote Jezi te voye disip li yo al preche (Travay 1:8).

Filip t'ap jwi yon ministè an siksè nan Samari, lè li te resevwa mesaj pou l' te kite li epi kòmanse pwojè li pou fè wout ki ta mennen li deyò vil la. Se tankou si jodi a yon moun ta mande nou pou nou ta ale nan yon lari ki plen nèt avèk machin.

San poze kesyon, Filip te ale. Li posib pou l' pat konprann rezon an, ni dakò avèk zanj lan, men li te pare pou l' te reyalize ministè li. Temwayaj Filip avèk etyopyen an se te yon bon travay pèsònèl. Nou menm kretyen jodi yo nou kapab aprann anpil bagay de li.

Lè w' li Travay 8, pran nòt sa:

- ✘ Filip te obeyisan epi li te travèse baryè kiltirèl yo pou l' te ka yon bon temwen.
- ✘ Se Bondye ki te prepare kè etyopyen an pou l' te resevwa sa Filip t'ap vin di l' la.
- ✘ Filip te kòmanse pale depi kote etyopyen an te kapab kapte li dapre eksperyans li. Li te reponn kesyon ke nonm nan te gen pou li yo.
- ✘ Pawòl la se te baz temwayaj Filip la—se pat pwòp opinyon li yo oubyen konesans li—men pito se sa Pawòl Bondye te di.
- ✘ Filip te mete aksan sou Jezikris.
- ✘ Li ba li opòtinite pou reponn mesaj la epi temwaye.

Temwaye pandan n'ap travèse baryè yo se plis pase yon mesaj transkiltirèl. Jan nou menm antrenè yo nou fè li chak dimanch: yon granmoun travèse al kote timoun yo pou prezante yo mesaj lanmou Bondye a.

Ann sonje ke nou dwe anseye pandan n'ap kòmanse depi kote timoun nou yo twouve yo a. Ann koute kesyon yo genyen yo. Nou dwe konprann konesans limite ak opinyon yo. Men plis pase tout bagay, ann apresye sa ki pi bon nan yo a: kè yo ki ranpli ak konfyans.

Menm pi piti yo kapab vin enstriman nan men Bondye pou montre mond sa lanmou li. Anpil fwa timoun yo konn plis efikas pase granmoun yo pou kapasite yo pou renmen san kondisyon, sa ki se reflè Bondye menm nan yo.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfò sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Bon nouvell yo

Si w' kapab pote yon telefòn selilè nan klas la li t'ap byen enteresan pou w' kòmanse leson jodi a. si sa posib, depi davans, mande pou yon moun rele w' nan yon moman detèmine.

Lè li rakwoche, di konsa: Se te yon zanmi ki te gen bon nouvell yo pou l' ban mwen. Èske nou vle tande yo?

Mande si gen kèk pami yo ki te resevwa yon bon nouvell nan dènye jou sa yo. Kòman li te santi li? (kontan, li te kòmanse vole anlè ak lajwa, elatriye.).

Mo enpòtan yo

Depi anvan klas la, ekri mo enpòtan yo ki nan leson sa: "Bon Nouvell-Levanjil". nan yon bò papye bristòl de 15 cm. x 15 cm. Ekri nan pati ki dèyè a siyifikasyon: Levanjil la se "Bon Nouvell" dè ke Jezi te mouri sou kwa a epi te resisite pou nou te kapab sove. Dezyèm mo enpòtan se: "Misyonè". Epi nan pati ki dèyè a ekri: Yon misyonè se yon moun ke Bondye rele pou l' al rakonte temwayaj Jezi a bay lòt moun nan lòt kilti yo. Legliz la voye misyonè yo".

Koke yon papye bristòl nan klas la pou w' mete mo enpòtan yo ki nan leson sa: "Bon Nouvell", "Misyonè". Nan pwochen leson yo w'ap kapab ajoute lòt vokabilè.

ISTWA BIBLIK

Felipe chita pale sou bon nouvell la

Se te yon moman byen difisil pou legliz Jerizalèm nan. Yo te mennen disip Jezi yo al fèmen nan prizon. Anpil nan yo te oblije nan kouri paske lavi yo te an danje. Filip te youn nan kretyen sa yo, epi li te kouri al Samari. Li te pè rete nan lavil Jerizalèm, men li pat pè pale moun yo de Jezi.

--Filip te preche konsa: --Koute sa m' pral di nou!

Mwen genyen bon nouvell pou m' ban nou!

Moun yo te rasanble pou yo koute. Epi li te rakonte yo bèl istwa sou kòman Jezi te mouri pou peche tout moun. Yo te wè mirak ke Bondye te ede Filip fè. Anpil te deside swiv Jezi. Te genyen anpil kè kontan nan vil la. Yon jou konsa, Bondye te voye yon zanj mesaje kote Filip.

--Li di l' konsa: --Ale nan direksyon sid nan wout ki bay sou dezè a, se chemen ki desann Jerizalèm nan Gaza.

Filip te obeye Bondye. Anpil moun te pase nan chemen sa.

Aprè yon tan konsa, Filip te tande klip, klòp, klip, klòp de plizyè cheval ki t'ap apwoche. Aprè sa li te tande bri woul yo, epi konsa li te rive obsève yon cha ki te byen chè epi byen dekore. Cheval yo te parèt byen ekipe. Menm kote a, Filip te rann li

kont ke se te yon moun byen enpòtan.

Nonm nan te trè byen abiye epi li t'ap li vini pwofèt Ezayi byen fò.

Nan moman sa Bondye te endike Filip:

--Apwoche epi al kote cha sa.

Filip te kòmanse kouri bò kote cha a epi mande awotvwa:

--Èske w' konprann sa w'ap li a?

Li te yon gwo chèf nan peyi Letiopi. Se li menm ki te reskonsab tout richès Kandas, larenn peyi a, te di konsa:

--Non, kòman m'ap fè konnen si yon moun pa anseye m' li?

Etyopyen an te souri bay Filip epi li te envite l' al monte cha a epi li te mande l':

--De kimoun pwofèt la ap pale?

Filip te pale ak etyopyen an osijè de bon nouvell Jezi yo.

Filip te di l' konsa: --La a se osijè de Sovè ke Bondye te voye a l'ap pale. Jezi se Sovè sa; mwen rekonèt li epi ou menm tou ou kapab rekonèt li tou!

De mesye yo te pale epi yo te pale. Je etyopyen an te kòmanse ap kale avèk emosyon, lè li te tande ke Jezi te renmen li.

Etyopyen an di: --gade! Men la gen dlo wi, mwen ta renmen batize.

Sa a se fòm pou demontre tout moun ke Jezi chanje yon lavi.

Nonm nan te soti nan dlo a. Pandan li t'ap mache pou al monte cha li, menm kote a Bondye te anlve monte epi pote li al lòt kote. Nonm nan te gade toupatou byen sezi.

Nonm nan pat konnen sa. --Li t'ap di: --Ki kote Filip pase?

Men wi, li te sèten ke kè li te ranpli avèk lajwa! Li te vole monte sou cha l' la! Li t'ap chanje chan remèsiman nan tout wout la.

"Mèsi paske w' te voye Filip! Mèsi Jezi paske w' se Sovè mwen!"

Epi kisa ki te pase Filip? Li te kontinye ap vwayaje de vil an vil, ale nan tout andwa kote Bondye te voye li. Filip te anonse bon nouvell Jezikris la.

AKTIVITE YO

Batèm etyopyen an

Remèt timoun yo fèy aktivite ki nan liv Elèv la, leson 31, epi montre yo rekoupe ak kole imaj etyopyen an avèk Filip. Pou aktivite sa a, ou dwe bay yo chak yon gwo plat an papye, kreyon koulè, ak lakòl. Di timoun yo pou yo ekri non yo nan travay ki fèt la. Aktivite sa ap ede yo panse ap ede yo panse ak moun ke y'ap kapab rakonte bon nouvell Jezi a.

Tablo afich “bon nouvell yo”

Chèche gwo papye afich oubyen de gwo fèy papye bristol, pou fè yon tablo afich avèk elèv ou yo, epi se pou l' rete nan salòn an pandan rès inite a.

Nan mitan tablo afich la desine oubyen kole yon kat jeyografik mondyal. Ekri tèks inite a nan pye katèl la: “Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou” (Jan 20:21).

Aprè sa, fè yon bann liy nan tout direksyon yo, kòm si se te reyon solèy la, pou ke timoun yo kole imaj oubyen desine moun ki soti nan diferan ras: nwa, endyen, blan, chinwa, endijèn, moun ti tay, wo, timoun piti, moun ki abiye tankou pòv, elatriye. Prepare kesyon sa yo nan ti moso papye, ki pral kapab kole nan tablo afich la tou. An mezi timoun yo ap rekoupe imaj ki nan magazin ak journal yo epi yo pral kole yo, poze kesyon tankou:

1. Èske li posib pou gen moun ki pa bezwen bon nouvell la?
2. Èske Jezi se Sovè sèlman moun ki bon yo?
3. Èske levanjil se pou moun ki soti nan ras blan yo sèlman? Oubyen sèlman pou moun ki soti nan ras nwa yo?
4. Èske moun ki aje anpil yo bezwen levanjil?
5. Èske pechè yo bezwen Jezi ak padon li?

Pèmèt timoun yo bay opinyon yo pou chak kesyon. Mete aksan sou verite ke nou tout nou bezwen Sovè a: Jezikris. San gade sou laj, koulè po, ni si nou edike ou pa. Pèmèt ke timoun yo pale de foto yo te koupe ak kole yo.

Tablo afich sa ap ede w' fè yon revizyon sou leson an lè inite a ap pran fen.

Memorizasyon

Prepare vèsè memwa a sou fòm devinèt. Koupe pèfil yo (w'ap bezwen 17 kat) ki gen plizyè mwayen transpò diferan, pandan w'ap panse ak mwayen transpò ke misyonè nan tan lontan yo te konn itilize ak sa y'ap itilize nan tan jodi a: cheval, mak pye yon moun k'ap mache, kabwèt, bòt, avyon, machin, kannòt, bisiklèt, motosiklèt, elatriye. Desine pèfil kat yo nan kat ki gen 15 cm. x 15 cm. Prepare de oubyen twa jwèt. Ekri youn nan mo vèsè pou memorize a nan chak pèfil yo. Pote pèfil yo nan klas la epi mande timoun yo pou yo pentire ak koupe yo. Fè atansyon pou w' pa ekri mo a nan pati ki pral koupe a. Yon fwa ke timoun yo fin pentire ak koupe, repete vèsè a nou tout ansanm plizyè fwa. Aprè sa, divize klas la fè de oubyen twa gwoup epi separe yo. Melanje kat yo epi mete yo fas anba sou tab la, atè a, oubyen sou yon ban. Mande ekip yo pou yo kòmanse monte devinèt la nan fason ki kòrèk lè w' konte rive jiska 3.

Kòm prim, ekip ki genyen an se li menm k'ap premye soti nan sal la.

Pou fini

Sa se yon bon leson pou ke timoun yo santi nesosite pou priye ak rakonte bon nouvell la bay lòt moun ki pa konnen Jezi yo. Ankouraje yo bay zanmi nan lekòl yo ak nan fanmi an temwayaj sou Jezi si yo pa kretyen.

Leson 32

Bon nouvell la pou yon women

Baz bibliik: Travay 10

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke Bondye pa nan patipri. Li renmen tout moun menm jan, nan chak kwen nan mond lan, epi li vle pou yo konnen levanjil Jezikris la.

Vèsè pou aprann: *Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou (Jan 20:21).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun yo pa toujou fè fas ak moun ki soti

nan plizyv kilti diferan yo, men lè y'al lekòl, sa kòmanse chanje. Li plis parèt nan kèk branch pase lòt yo. Pou ke lè timoun piti yo rive nan premye ak dezyèm ane, deja yo kòmanse ap fè remak sou ras diferan an, fason ke moun yo abiye, ak diferans nan konpòtman sa ki soti nan fwaye kretyen yo ak sa ki non yo. Yo kapte diferans nan langaj la tou, atitud ak tradisyon yo.

Anplis de tout sa, nan laj sa a, yo kòmanse ap resevwa enstriksyon sou tolerans anvè moun lari ak egalite, kòm yon pati nan kilti modèn nan.

Timoun yo bezwen rann yo kont ke Bondye vle pou tout moun konnen bon nouvell Jezikris. Yo bezwen tande ke Bondye renmen tout moun san gade kote y'ap viv, kimoun ki paran yo, nan ki ras oubyen nasyonalite yo soti, oubyen si yo soti nan fwaye kretyen ou pa. Seyè a renmen tout moun epi li pa nan patipri. Li vle pou tout moun resevwa li kòm Sovè yo. Yon fwa ke timoun yo

konprann verite sa a, y'ap konprann enpòtans sa genyen pou atenn lòt yo pou pale yo de Jezikris.

KÒMANTÈ BIBLIK

Pasaj sa pale nou de yon moman espesyal pou legliz la. Se sou li avni kreyen an repoze.

Aksyon Kònèy ak Pyè yo te kontribye pou fè ke nou menm, moun lòt nasyon yo, ki pa menm soti nan jenerasyon jwif yo, te kapab prezante nou nan non Kris la.

Bondye te rive nan lavi Pyè avèk yon revelasyon ki te kòmansman chanjman pou legliz la. Li te sèvi ak yon nonm lòt nasyon ki te onèt pou te fè Pyè pran yon desizyon imedyat. Mesye Kònèy yo te nan pòt la, disip la te oblije rekonèt sa Bondye te di l' nan vizyon an epi li te oblije aji imedyatman.

Pou jwif yo, rankin kont moun lòt nasyon yo t'al pi lwen pase prejije yo. Sa te gen pou wè avèk lalwa ansyen yo ki te deklare ke pèp Bondye te chwazi a te dwe fè atansyon pou li pat mele kò li nan lòt kilti vwazen yo.

Entèpretasyon lwa sa a te varye dapre moun ki t'ap anseye yo. Pyè t'ap goumen kont toulede: entèdiksyon kreyen yo avèk nouvo legliz kreyen nan.

Men nan sa, Bondye te kapte atansyon li epi dirije l' nan yon nouvo direksyon. Nou dwe Pyè anpil bagay pou pozisyon li te pran pou koute ak obeyi Seyè a. Ala difisil sa t'ap difisil pou nou si Bondye ta chanje direksyon legliz la jodi a! Kisa ki ta pase si l' ta chanje tradisyon lafwa ke nou te deja genyen etabli yo? E si nou anvi pran lòt direksyon? Gen kèk ki ta echwe san dout. Anpil nan nou ta fòme komite pou nou trete dosye yo. Epi genyen nan nou ki t'ap reponn byen vit, jan Pyè te oblije fè li.

Pyè te dwe chanje lanmou ak angajman li pou tout tradisyon ak paramèt ke lalwa jwif la te egzije. Se yon bèl egzanp sou akseptasyon ak obeyisans devan Seyè a.

Rasin jwif byen pwofon li yo ta kapab derasinen plan Sali Jezikris la. Men li te prè pou l' te chanje epi aksepte gwo verite lanmou Bondye a anvè yon mond pechè. Li te oblije konprann ke sakrifis Kris la te pou tout limanite atravè anpil syèk epi se pat sèlman pou yon gwoup moun.

Plan Bondye a ta pral pi lwen pase tan ak espas. Plan li a te touche lavi tout moun.

Jodi a se nou menm ki gen responsablite pou nou anseye timoun yo dimansyon lanmou Bondye pou yo ak pou tout lòt yo.

Jodi a timoun yo dwe konprann ke Bondye renmen tout moun menm jan epi Kris la te mouri

pou yo chak an patikilye.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfò sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Alfabèt peyi yo

Si l' posib, depi anvan klas la, prepare yon kat jeyografik mond lan; si w' genyen yon glòb tèrès tou, l'ap ede w'.

Plase glòb tèrès la sou yon tab oubyen koke kat jeyografik la nan yon mi. Ekri nan kat ki fèt ak papye bristòl oubyen katon non peyi yo pandan w'ap swiv lèt alfabèt yo epi mete tep pa dèyè a pou ke w' kapab kole yo nan tablo a.

A: Albani, B: Babad, C: Cuba (Kiba), D: Dànmak, E: esloveni, F: Frans, G: Gwatemala, H: Hongría (Ongri), I: India (End), J: Jamayik, K: Kenya, L: Libi, M: Mawòk. N: Nijerya, O: Oman, P: Pòtigal, Q: Qatar (Kata), R: Risi, S: Syèd, T: Taylann, U: Irigwey, V: Venezyela, W: (pa gen peyi ki ekri avèk W), X: (pa gen peyi ki ekri avèk X), Y: Yemen, Zaye.

Mande pou twa timoun pase devan yon sèl kou, pran yon kat epi apre sa kole li nan tablo a bò kote lèt alfabèt ke w' te deja ekri davans yo.

Lè timoun nan pase devan, anvan li kole peyi a ansanm ak lèt la, mande l' pou li fè yon lapriye, pa egzanp: "Seyè, beni tout moun ki nan peyi Albani. Beni moun sa yo k'ap preche Bon Nouvèl la ak misyonè ke w' voye yo. Mwen priye w' pou tout peyi ki gen non yo kòmmanse avèk lèt A". Epi konsa, yo chak ap priye menm jan pou peyi yo te kole non an nan tablo oubyen mi a.

Dramatizasyon

Sa se yon leson fasil pou prepare kòm dramatizasyon.

Chèche vètman ki apwopriye (degizman, sèvyèt ak dra) pou timoun ki pral reprezante Pyè ak Kònèy yo. Pou degizman Kònèy la, ou kapab fè yon flanèz ak papye oubyen papye bristòl koulè mawon, epi avèk papye aliminyòm ou kapab kouvri yon ti moso bwa ki pou sèvi kòm nepè. Si yo vle epi gen tan ase, timoun yo kapab aprann yon pati nan dyalòg ant Pyè avèk Kònèy la. Yon twazyèm patisipan kapab rakonte istwa a byen kout ke ou menm ou te deja prepare davans, se pou l' pale de vizyon ke Pyè te fè a ak sa li te dwe manje ou pa.

Petèt timoun yo vle fè jès oubyen siy pandan

y'ap prezante istwa a. Si timoun yo pa konn siy yo, ou kapab rakonte yo li.

ISTWA BIBLIK

Pyè bay bon nouvèl la

Kònèy se te yon bon moun epi li te enpòtan nan kominote a. Li te yon chèf (kòmandan) nan lame women an. Li te kwè nan sèl vrè Bondye a. Li te konn ede lòt moun epi li te yon nonm lapriyè. Kònèy pat jwif, men pito grèk.

Yon aprèmidi konsa pandan Kònèy t'ap priye, li te fè yon vizyon. Kònèy te ouvè epi fèmen je li: se te yon zanj!

---Zanj lan rele li: Kònèy!

---Li gade zanj lan, li te pè.

---Li di l' konsa: Sak genyen, Mèt?

---Zanj lan reponn li: Bondye asepte lapriyè ou yo---

Bondye vle pou w' konnen l' plis.

---Kònèy te souke tèt li di wi, byen enpresyone.

Reyèlman, Kònèy te vle konnen plis osijè de Bondye.

---Koulye a, voye moun lavil Jope, fè y' al chache yon nonm yo rele Pyè, se li menm ki va fè w' konnen tout sa w' dwe konnen.

Finis zanj Bondye a fin pale, li ale. Kònèy rele de domestik ansanm ak yonn nan gad kò l' ki t'ap sèvi Bondye jwif yo tou. Li rakonte yo tou sak te pase. Lèfini, li voye yo Jope.

Nan denmen, vè midi konsa, yo te nan wout toujou, men yo te prèt pou rive Jope. Menm lè sa a, Pyè moute anwo sou tèt kay la pou li al lapriyè.

Grangou bare l', li te anvi manje. Pandan yo t'ap pare manje pou li, li fè yon vizyon:

Li wè syèl la louvri epi yon bagay t'ap desann soti ladan li. Bagay la te tankou yon gwo dra mare nan kat bout li ki t'ap file desann sou latè.

Te gen tout kalite bèt kat pat, tout kalite bèt ki trennen sou vant ak tout kalite zwezo ladan li.

---Li tande yon vwa ki di l' konsa: Leve non, Pyè.

Touye, lè ou fini, manje.

---Men, Pyè di: Non, Mèt. Mwen pa janm manje move manje ni manje ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye.

---Menm vwa a pale ankò, li di li: Bagay Bondye di ki bon pou moun k'ap sèvi l', ou menm, pa di l' pa bon.

An twa fwa sa repete. Apre sa, lamenn bagay la moute tounen nan syèl la.

Pyè menm pa t' konn ki sans pou l' te bay vizyon li te fè a. Men, tout tan sa a, moun Kònèy te voye yo t'ap mande ki bò kay Simon an te ye. Yo te rive devan pòt la.

Yo rele moun, epi yo mande: Eske se isit Simon yo rele Pyè a fè ladesant li?

Pyè t'ap kalkile toujou sou sans pou l' te bay vizyon an, lè ---Sentespri di li: Koute. Gen twa moun anba a k'ap mande pou ou.

Pyè desann do kay la, li al jwenn mesye yo, epi l' di yo:

---Se mwen menm n'ap chache a.

---Yo di konsa se kaptenn Kònèy ki voye nou. Nonm sa a, se yon bon gason ki gen krentif pou Bondye.

Pyè te kòmanse konprann vizyon an. Li te pase tout lavi li lwen grèk yo, nan menm fason ke li te evite manje kèk bèt yo. Koulye a Bondye t'ap di li ke mesaj Sali a te pou tout moun, men pou grèk yo.

Pyè di konsa: --Mwen prale avè nou wi, men anvan, nou dwe pase nwit la isit la.

Sa se te yon gwo pa pou Pyè. Jwif yo pat konn envite grèk yo lakay yo.

Nan denmen, li leve, li pati ak twa (nouvo zanmi l' yo) epi plizyè frè lavil Jope te ale avèk yo tou.

Yo rive Sezare yon jou apre. Kònèy t'ap tann yo ak tout fanmi l' ansanm ak kèk bon zanmi l' li te envite lakay li.

Kònèy te rakonte Pyè vizyon an.

Kònèy te di konsa: Nou pare pou nou koute tout sa ke Seyè a te mande w' pou w' transmèt nou.

Pyè te gade nan antouraj li epi li souri. Se sa ki te fè m' fè vizyon an!" se sa Pyè te panse ak di.

---Pyè pran lapawòl, li di: Wi, koulye a, mwen konprann sa se vre: Bondye pa gade sou figi moun.

Epi Pyè te pale ak Kònèy sou Jezi ak lanmou li.

---Pyè te eksplike li: --Jezi se Sovè tout moun. Li te mouri epi koke sou kwa a, men sou twazyèm jou a li te resisite pami mò yo epi koulye a l'ap viv.

Lè li te tande sa, Kònèy ak moun ki te la yo te kwè nan Jezi. Epi menm kote a, Sentespri a te desann sou yo.

Jwif ki te kwè yo te panse: "Sa se yon mèvèy!" "Sentespri a te desann sou payen yo". Pyè te sezi!

---Li di konsa: --Moun sa yo kapab batize paske yo resevwa Sentespri a menm jan avèk nou.

Pyè te batize nouvo kwayan yo epi rete avèk Kònèy pandan kèk jou anplis.

Yo tout te ranpli avèk lajwa. Kounye a Kònèy ak moun pa l' yo te kwè nan Jezikris kòm Sovè yo. Pyè avèk kretyen jwif yo te aprann yon bagay nouvo:

Ke Bondye renmen tout moun. Bon nouvèl Sali a se pou tout moun ki nan chak kwen mond lan.

Èske w' manje sa?

Pandan semèn nan, rekoupe jounal avèk magazin ki gen plizyè figi animal diferan, oubyen mande pou chak timoun pote yon ti animal jwèt ke yo genyen lakay yo. Nan klas la, mande timoun piti yo pou yo rakonte ki animal li ye, kisa li fè, ki kri li fè epi si kèk fwa yo konn manje nan animal sa yo. Fè yon ti rechèch pou konnen ki kalite animal yo konn manje nan kèk peyi. Pa egzanp, nan peyi Meksik gen kote moun manje kèk kalite koulè. Lòt egzanp kapab montre ke jwif yo pa manje vyann kochon, li te deja konsidere kòm enpi, men nou menm nou manje l'.

Esplike yo ke Pyè te santi li menm jan avèk moun lòt nasyon yo (sa ki pat jwif yo). Men Bondye te anseye li yon nouvo fason pou familiarize li avèk moun yo).

Bondye renmen tout moun menm jan. Se poutèt sa ke Bondye vle pou ke nou chak pataje "Bon Nouvèl la" avèk lòt moun yo.

AKTIVITE YO

Devinèt: bon nouvèl pou yon Women

Remèt timoun yo fèy aktivite ki nan liv Elèv la, leson 32. Endike yo pou yo koupe ak monte devinèt yo dapre enstriksyon yo. Pou chak timoun, w'ap bezwen plizyè rektang ki fèt ak papyè bristòl oubyen katon de 21 cm. x 28 cm. pou kole devinèt yo. An mezi y'ap travay, ou kapab poze yo kesyon sou istwa bibliik yo te aprann nan leson sa.

Mo enpòtan yo

"Kretyen": Se moun ki te resevwa Jezi kòm Sovè pèsonèl li. Kretyen yo renmen epi obeyi Seyè a.

"Pa sove": Se moun ki pa genyen Jezi nan kè yo.

"Sali/moun sove": Se sa ke Bondye ban nou pou ke nou te genyen yon bon relasyon avèk li. Seyè a padone peche moun ki santi yo mal dèske yo te dezobeyi Bondye. Yo rele moun ki jwenn padon pou peche yo "moun sove".

Ekri tout mo enpòtan sa yo nan papyè bristòl de 15 cm. x 15 cm. epi kache yo nan sal la. Timoun ki jwenn youn an premye a ap pase devan epi plase

"mo enpòtan yo" nan tablo afich la.

Ann raple nou de misyonè yo

Di konsa: Pyè te yon bon misyonè. Li te ale lakay Kònèy epi preche "Bon Nouvèl" Sali a.

Mande: èske Kònèy te konvèti, tout fanmi l' ak tout moun ki te lakay li yo? (Wi).

Pote non plizyè misyonè ki genyen nan peyi w' nan klas la (si w' kapab, deja gen kèk peyi kote moun pa kapab site non misyonè yo pou rezon de pèsekisyon). Ekri non yo nan kat ki fèt ak papyè bristòl ki mezire 10 cm. x 10 cm. Ou kapab ekri non yo konplè ak non pitit yo (si yo genyen). Si w' vle, ou kapab ajoute adrès la. Fè yon tablo afich oubyen afichaj avèk tout kat yo (petèt ou kapab chèche foto yo nan biwo reyjonal la oubyen zòn nan).

Chak jou klas, timoun yo kapab priye pou misyonè yo.

Ankouraje yo fè kat ki byen dekore, fè yo mete yo nan anvlop epi voye yo bay fanmi misyonè a. Si gen plizyè misyonè nan nan peyi w', yo kapab voye kat bay youn oubyen de fanmi pa mwa.

Timoun yo kapab ekri nòt pou rakonte misyonè yo ke y'ap priye pou yo.

Yo kapab voye yon ti kado pou yo tou tankou (yon makè liv, yon almanak, elatriye.)

Pèmèt ke timoun yo itilize aktivite yo a pou pwojè sa yo.

Fè timoun yo sonje ke misyonè yo te kite fanmi yo pou obeyi apèl Seyè a, epi yo sonje pwòch yo avèk peyi yo te fèt la. Misyonè yo obeyisan anvé Seyè a.

Yo tande apèl li epi legliz la voye yo.

Memorizasyon

Si w' vle, ou kapab itilize menm aktivite leson 31 an pou etidye vèsè bibliik la. Men tou chanje pou ke li kapab mache ansanm avèk leson ki te etidye jodi a, ou kapab ekri tèks la nan kat yo, avèk pèfil ki gen plizyè animal. Apre sa, itilize menm chantiyon aprantisaj vèsè bibliik la.

Pou fini

Se yon bon moman pou w' ankouraje timoun yo vin tankou Pyè. Misyonè ki obeyisan, pare pou pote mesaj "Bon Nouvèl" Sali a bay fanmi ak zanmi ki pa konn Seyè a.

Mete fen avèk yon lapriye. Timoun piti yo kapab priye pou misyonè yo epi ou menm ou kapab priye pou timoun nan klas ou yo.

Bon nouvell pou moun Antyòch yo

Baz biblik: Travay 11:19-26

Objektif leson an: Anseye timoun primè yo ke se te nan Antyòch ke yo te rele disip Jezi yo “kreyen” pou premye fwa.

Vèsè pou aprann: *Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa map voye nou tou (Jan 20:21).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo konnen siyifikasyon fè oubyen pa fè pati yon gwoup trè byen. Yo vle abiye menm jan ak lòt yo, premye nan achte jwèt elektwonik ki alamòd, oubyen jwèt ki plis popilè a.

Yo efòse yo pou jwenn akseptasyon, yo vle gen anpil zanmi epi vin plis popilè nan legliz la, menm jan nan lekòl la. Nan premye ane lekòl primè yo, opinyon zanmi yo enteresan anpil pou yo.

Anpil fwa yo santi yo pa enpòtan paske yo pat fè “gwo mèvèy”. Nòt yo pa tèlman bon, oubyen yo pa tèlman popilè tankou lòt timoun yo. Leson sa osijè de misyonè san non sa yo, ki te kòmanse nan legliz la nan peyi Antyòch, pral ankouraje yo.

Yo pral kòmanse konprann ke se pa tout moun ki fè bagay enpòtan ki popilè. Y'ap kòmanse konprann ke viv pou Bondye ak pataje lafwa a se youn nan bagay ki plis enpòtan ke yo pral fè nan lavi yo. Priye pou ke timoun primè nan klas ou yo mete konfyans yo nan Bondye lè y'ap pale ak lòt moun yo osijè de Jezi.

KÒMANTÈ BIBLIK

Sa se yon istwa evènman istorik ki mèveye. Pou premye fwa, depi nan rezireksyon Jezi a, disip li yo “entansyonèlman” te preche Levanjil la bay grèk yo ki pat gen rapò avèk jwif yo.

Samariten yo ke Filip te preche yo se te mwayen jwif yo, epi yo pat popilè. Kònèy se yon nonm ki te gen krent pou Bondye, ki t'ap chèche verite a. Men, nan peyi Antyòch, pèsòn pat mande pou mesaj Levanjil la. Malgre tout sa, kreyen ki te anba pèsekisyon yo te deside ale nan yon vil ki te gen move repitasyon ak imoral pou preche bon nouvell la bay moun ki pat jwif yo. Nou pa konnen kilès moun kreyen sa yo te ye. Pa genyen okenn achiv ki gen non yo. Sèlman nou konnen ki kote yo te soti ak rapò gwo siksè yo. Yo te kreyen

nòm, men fidelite yo te ouvè pòt pou tout moun pou ke krisyanis la te gaye. Efò yo te fè yo te tèlman remakab, ke lidè nan legliz Jerizalèm yo, lè yo te tandè sa ki t'ap pase a, yo te voye Banabas al mennen ankèt.

Banabas te konsidere kòm yon moun ki te konn ankouraje ak konsòle moun. Se te yon bon moun, ranpli ak Lespri a ak lafwa.

Lè li te rive nan peyi Antyòch epi te wè bèl repons kwayan yo, li te rann li kont ke li te bezwen sipò.

Li te bezwen yon moun ki te pou konprann moun sa yo ak fason yo ye a, epi pou yo te plonje nan ansèyman Bondye a. Li te bezwen yon moun ki te pou pran ministè kominote Antyòch la. Nonm sa se te Sòl ki soti nan Tas, li menm ki te vin rekonèt sou non apot Pòl.

Pandan yon ane, Banabas ak Pòl te anseye kwayan Antyòch yo epi yo te preche sa ki pat kreyen yo. Legliz la te kontinye ap grandi byen vit. Epi gen yon detay enpòtan se ke nan jou sa yo se pou premye fwa yo te rele disip Jezi yo “kreyen”. Vokabilè a vle di “Kris-youn”, ki te itilize sou fòm fawouch. Malgre tou sa, se te yon senbòl Kris, kote kreyen yo t'ap reflekte jan yo t'ap viv pou sèl Kris ak Seyè a.

Nan mond nou an jodi a, nou fè yon kalkil ant grande, popilarite ak richès. Nou fè yon lis de siksè nou epi nou make yo; se kòm si lè nou konte yo sa fè nou vin pi bon. Malerezman, jodi a legliz la tonbe nan pyèj sa ke mond lan mete a.

Nou menm tou nou genyen lidè nou yo, konferansye ak ekriyen popilè, yo menm ke moun vle tandè. Nou pa rann lonè pou sèvitè Bondye a, ki pa tèlman popilè, li menm ki, ane apre ane, akonpli responsablite li yo andedan kongregasyon an. Nou tout rekonèt sèvitè Bondye sa yo, yo menm ki anseye pitit nou yo, netwaye tanp nou yo, epi dirije gwoup mizikal yo, ekri bilten lekòl dominikal, oubyen fè manje pou divès aktivite yo. Nou dwe rekonèt ke travay an silans yo a fè enpak sou anpil vi. Bondye te chwazi moun sa yo pou pote lafwa kreyen nan nan tout kwen ki byen lwen nan mond lan.

Li te sèvi ak yon nonm ki te gen kè nòb, yon nonm ki te konn ankouraje lòt moun. Banabas pat pè mande sipò pou l' te etabli legliz nan peyi Antyòch la, li pat pè ni pou moun te vin anpeche li. Pasaj sa anseye nou byen klè kòman se te kè ak plan Bondye.

Moun sa yo ki renmen “popilarite”, ni moun k'ap chèche pozisyon pou fè moun wè yo pa enpresyone Bondye. Okontrè, li chèche moun sa yo ki angaje yo epi akonpli misyon yo avèk fidelite.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke salklas la pwòp lè yo rive. Anvan w' antre nan tèm jodi a, repase de leson anvan yo byen vit.

Jwèt non yo

Di konsa: Èske nou konnen poukisa yo te ban nou non sa? (gen kèk timoun ki rele konsa paske yon manm fanmi espesyal pote non sa). Chak non genyen siyifikasyon yo. Èske nou konn siyifikasyon non nou? Di yo siyifikasyon non pa w'. Pèmèt ke sa ki konnen yo di li. Si timoun yo pa konnen l', chwazi non bibliik epi anseye yo sa yo vle di. Pa egzanp: Dina, jistis; Pyè, wòch.

Aprè w' fin pale de siyifikasyon non yo, menm kote a pase nan tèm sa, mo enpòtan yo.

Mo enpòtan yo

Di konsa: Nan istwa bibliik nou an jodi a, mo enpòtan an se "kreyen". Se sou sa nou pral etidye.

Montre mo: "kreyen", Kimoun ki konnen siyifikasyon "kreyen"? (Se moun sa ki pou Kris, Sovè a. se moun sa, li kapab timoun oubyen granmoun ki renmen ak obeyi Bondye). Pèmèt ke yon volontè plase mo a nan tablo mo enpòtan yo.

Poze kesyon: Kimoun ki kapab di mwen non de moun ki te bay "Bon Nouvèl la" nan de premye istwa yo? (Filip ak Pyè). Plase de kat ki gen non Filip ak Pyè. Mete kat la avèk non Banabas pou ke klas la kapab li l'. Mande pou yon timoun kole non Banabas la ansanm avèk lòt yo.

Prezante mo "Pòl". Ou kapab ekri: Sòl—Pòl, pou ke timoun yo kòmanse abitye avèk de non yo. Bay yon espikasyon byen brèf sou non Sòl anvan li te konnen Seyè a, ak Pòl lè li te vin konnen Jezi.

Kisa Pòl ak Banabas te anseye kreyen nan peyi Antyòch yo? (Jan pou yo renmen ak obeyi Bondye, jan Jezi te anseye a).

Pòl ak Banabas te kontinye avèk travay la pou preche Pawòl Bondye a, oubyen Bon Nouvèl yo.

Se vrè misyonè yo te ye. Travay misyonè a gen divès aktivite ladan li. Gen kèk misyonè ki se predikatè. Gen kèk k'ap travay nan lopital kòm doktè ak enfimyè. Gen kèk lòt ki nan òdinatè. Genyen k'ap anseye kòman pou moun viv pou Bondye. Semèn sa n'ap sonje pou nou priye pou misyonè k'ap anseye yo.

Anpil nan nou bay moun ke nou konnen yo Bon Nouvèl la. Men kisa misyonè yo fè? (Y'ap pale moun ki nan lòt peyi ak kilti yo ke yo pa konnen osijè de Jezi). Kimoun ki konnen siyifikasyon "kilti"? Se fason ke moun yo ap viv lavi yo. Kilti a gen ladan li manje ke yo konsonmen, fòm yo abiye, kalite kay ke yo prefere, opinyon yo sou sa

ki konsène Bondye, ak lòt koutim ak tradisyon yo.

Esplike yo: Leson jodi a se sou moun ki te pote Bon Nouvèl Jezi a nan lòt kilti yo.

Ann wè sa ki te pase.

ISTWA BIBLIK

Banabas ak Pòl bay bon nouvèl yo (dramatizasyon sou Travay 11:19-26)

(Depi davans, abiye timoun ki pral patisipe nan dramatizasyon yo avèk rad ki byen sanble. Si yo pa vle abiye avèk rad diferan, kite yo abiye ak pwòp rad pa yo. Y'ap kapab fè jès yo, pandan ke rakontè a ap rakonte istwa a. Montre yo sa ke yo dwe fè).

SÈN 1

Rakontè: Yo te kraze Etyèn anba wòch jouk li te rive mouri. Aprè sa, yo te pran anpil kwayan al mete nan prizon. Plizyè lòt te kouri kite lavil Jerizalèm pou yo te kapab an sekirite.

Men, nenpòt kote yo te ale yo te anseye sou Jezi. Gen kèk ki te ale nan vil Antyòch.

Sa a pat yon vil jwif. Pi fò moun yo se te moun lòt nasyon, yo te deja soti nan branch fanmi grèk yo. Men lè yo te tande Bon Nouvèl la, grèk yo te kwè epi resevwa Jezi. Byen vit, kreyen Jerizalèm yo te tande nouvèl la.

Banabas ak Kreyen yo: (Banabas te li yon mesaj ki te nan yon woulo. Aprè sa, li pale ak kreyen Jerizalèm yo).

--Koute sa! Genyen yon legliz tou nèf nan Antyòch k'ap grandi jou apre jou. Yo di ke genyen anpil moun lòt nasyon k'ap swiv Jezi. Èske se vre?

Rakontè: Legliz Jerizalèm nan te voye Banabas ale Antyòch pou wè sa ki te pase a (Banabas deplase).

SÈN 2

(Atèn, Demetriyis, ak kreyen nan Antyòch yo te antre, anba atansyon Banabas).

Atèn: --Byenvini nan vil la, Banabas!

Banabas: --Se yon plezi pou m' la avèk nou nan Antyòch!

Demetriyis:--Se yon lonè pou nou dèske w' vin vizite nou.

Kreyen yo: ---Byenvini, Banabas!

Tanpri, anseye nou plis bagay osijè de Bondye. Nou vle konnen kòman pou nou renmen ak obeyi Bondye.

Banabas: (Pandan li t'ap pale ak kreyen byen motive sa yo).

---Se pou nou adore Bondye. Mete li nan premye plas la. Nan tout sa n'ap di, ak fè, se pou nou obeyi sa Jezi anseye a.

Rakontè: Anpil moun nan Antyòch te swiv Jezi.

Banabas: (Fè kèk pa davans) –Kretyen sa yo gen tout enterè sa yo pou viv pou Jezi! Mwen vle pale plis avèk yo, men mwen bezwen èd. (Banabas soti deyò a. Atèn, Demetriyis ak lòt kretyen yo chita).

Rakontè: Banabas te vwayaje ale Tas. Li t'al pale ak yon antrenè jwif ki te rele Sòl. Anvan, Sòl te rayi kretyen yo, men nan tan sa li te yon kwayan. Lòt non Sòl la se te Pòl.

SÈN 3

Banabas: (Li pale ak Pòl) –Bonjou zanmi!

Pòl: --Bonjou Banabas! Pou ki rezon w' isit la nan lavil Tas?

Banabas: --Mwen bezwen èd ou.

Pòl: --Nan kisa mwen kapab ede w'?

Banabas: ---Genyen anpil kretyen nan lavil Antyòch.

Anpil pami yo se moun lòt nasyon yo ye. Yo pa konnen anyen sou Bondye nou an jiskaske yo te resevwa Jezi kòm Sovè yo. Yo bezwen antrenè ki pou ede yo konnen plis bagay sou lanmou Bondye epi ak kòman yo dwe obeyi li.

Èske w' kapab vini epi ede m' anseye yo?

Pòl: --Ala yon bèl lide sa! Kòman non! Annou ale kounye a non!

Rakontè: Pòl avèk Banabas soti nan sal la. Pòl avèk Banabas vwayaje pou direksyon Antyòch.

SÈN 4

Pòl avèk Banabas te mete tèt yo ansanm avèk kretyen Antyòch yo. Yo tout dwe leve kanpe.

Kretyen yo: ---Byenvini Banabas!

Banabas: ---M'ap prezante nou zanmi m' Pòl. Li se yon antrenè ki konnen Pawòl Bondye a trè byen.

Demetriyis: (Touche Pòl nan zèpòl) –Nou kontan anpil dèske w' vin anseye nou Pòl.

Atèn: ---Wi, nou genyen anpil bagay pou nou aprann!

(Pòl, Banabas ak kretyen yo chita. Demetriyis ak Atèn rete kanpe).

Demetriyis: (Li pale ak foul la) –Pandan yon ane, Banabas avèk Pòl te nan vil Antyòch. Yo te preche moun ki pat konnen Jezi yo. Yo te anseye moun ki pat kwè yo tou, tankou Atèn avèk mwen.

Atèn: Nou koute kòman pou nou renmen ak obeyi Bondye. Nan yon ti tan tou kout, moun nan Antyòch yo te kòmanse rele nou kretyen. Mo sa vle di “yon moun ki pou Kris”.

Demetri: ---Moun yo fawouche nou. Men nou fyè pou nou pote non espesyal sa. Sa se premye fwa yo te rele nou disip Jezi yo “kretyen”.

Kretyen yo: (Ansanm) –Yon kretyen se yon

moun ki resevwa Jezi kòm Seyè ak Sovè li. Nou menm kretyen yo nou renmen ak obeyi Bondye. Moun nan lavil Antyòch yo kapab wè ke nou tankou Jezi. Se poutèt sa yo rele nou “kretyen”.

AKTIVITE YO

Kòman yon bon kretyen ye? (di l' avèk jès)

Mande chak timoun pou yo fè yon montaj ak jès (san pawòl) epi demontre fòm kòman pou vin yon bon kretyen.

Lè yon timoun fè jès la, rès klas la dwe devine.

Ou kapab premye nan kòmansman:

- ✗ Bon kretyen (jès posib).
- ✗ Atantif (salye lòt moun yo epi ba yo lanmen ak yon souri).
- ✗ Renmen sèvi (ede lòt moun travèse lari oubyen sal la).
- ✗ Renmen bay- jenere (bay yon lòt moun yon bagay ki pou li: lajan, rad, manje).
- ✗ Renmen padone –(bay yon kalòt epi lòt la pa remèt li).
- ✗ Obeyisan (yon moun voye li al fè yon bagay epi li fè l').
- ✗ Pote dezyèm semans lan (ede lòt moun travèse lari oubyen pote sachè acha yo oubyen bale sal la).

Memorizasyon

Ou kapab itilize nenpòt pèfil avèk tèks bibliik pou memorize a, menm si se pèfil mwayen transpò oubyen pa animal yo. Depi anvan klas la, kache kat yo nan tout sal la. Lè moman an rive, mande timoun yo pou yo chèche yo. Fè yo sonje ke yo dwe genyen 17 kat. Lè timoun yo kòmanse jwenn yo, di yo pou yo plase yo sou tab la nan lòd. Nan fen an, yo tout ap di tèks bibliik la sou fòm koral.

Si gen mo ke timoun primè yo pa konprann, esplike yo sa yo vle di.

Pou fini

Ba yo tan pou yo reyalize aktivite ki nan liv Elèv la, leson 33. Ede yo konplete mo ki manke yo (chèche yo nan soup lèt) ak fraz yo.

Aprè sa yo kapab pentire figi yo.

Ankouraje timoun yo kontinye rakonte Bon Nouvèl la, menm jan Pòl ak Banabas te fè li.

Priye pou yo chak kapab rakonte san krent, ni lawont, mesaj Sali a.

Mande pou yon timoun priye pou misyonè yo ki nan peyi kote y'ap sibi pèsekisyon. Sa vle di ke si yo dekouvri sa misyonè yo, ap mennen nan prizon oubyen yo pini yo.

Bon nouvèl la se pou tout moun

Baz biblik: Travay 13:1-12, 14:21-28

Objektif lesan: Se pou timoun primè yo konprann ke legliz la fè pati plan Bondye pou pote Bon Nouvèl la bay tout moun.

Vèsè pou aprann: *Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou (Jan 20:21).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun yo bezwen santi ke yo se yon pati enpòtan nan kominote a ke nou rele legliz lokal la. Yo konnen kilès ki sa yo ki se lidè lokal yo epi familiarize yo avèk lidè timoun yo, nan menm fason ke nou menm granmoun yo nou fè li.

Se menm bagay la ki pase ak misyonè ke denominasyon an ap ede yo. Timoun yo rive konnen yo pa non, yo pataje foto yo, ak direksyon yo tou, e menm si se elekwonik oubyen direksyon postal.

Leson sa a an patikilye se yon bon fason pou ede timoun yo konprann ke se Bondye ki rele misyonè yo pou y'al preche Bon Nouvèl Jezikris la. Se kongregasyon ki fè travay sa ke yo aple pou yo reyalize a posib.

Leson sa ap ede timoun yo konprann, ke lajan ke yo mete nan ofrann misyonè a ap ede misyonè yo akonpli apèl Bondye a. Elèv yo pral aprann ke lè yo priye pou misyonè yo, yo fè pati plan Bondye a pou yo ak fanmi yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Genyen yon bèl sekre ki kache nan vèsè sa yo.

Moun ki genyen kilti diferan kapab rasanble nan yon menm koz pou yo chèche gason avèk fanm pou Kris.

Rasanble pa lafwa nan Jezikris, yo vin fè yon sèl epi fòme legliz la: vrè kò Kris la.

Bondye ak rès kominote a, ba li benediksyon l' epi otorize apèl la.

Non sèlman y'ap resevwa sipò finansyè bò kote kongregasyon an, men tou, li dwe sonje yo nan lapriyè prive ak kolektif yo. An repons, misyonè ke yo voye yo, dwe bay kongregasyon an rapò sou travay yo. Yo dwe fè konnen siksè ak echèk yo. Yo

dwe chèche sipò emosyonèl ak esprityèl ke yo bezwen an.

Sa se te ka Pòl ak Banabas, yo menm ke Legliz Antyòch la te voye. De mesye sa yo te vwayaje nan mond lan, chèche moun pèdi yo, anseye kwayan yo, epi ankouraje yo nan nouvo lafwa yo a. Youn nan ministè ki plis enpòtan ak pran anpil tan se te rive etabli lidè lokal pami manm yo nan chak legliz.

Sou chans konsa de mesye yo te retounen nan Antyòch pou al bay rapò sou kòman Bondye te beni misyon an. Yo te vrèman konsyan ke yo menm (mesaje yo), ak moun ki te voye yo a (kreyen Antyòch yo), te jwe yon wòl enpòtan.

Devwa misyonè ke n'ap voye jodi a al preche Bon Nouvèl la bay moun ki pa sove yo. Yo dwe ankouraje ak egzòte kwayan yo tou pou yo kenbe fèm nan lafwa yo fas ak advèsite a. Plasman misyonè a genyen ladan li fòmasyon nouvo konvèti yo pou yo evanjelize konpatriyòt yo. Avèk tèlman anpil relijyon nan tout mond lan, anpil misyonè jwenn li difisil pou yo preche Jezikris kòm sèl mwayen pou jwenn Sali a.

Misyonè yo fè fas ak yon gwo opozisyon nan anpil peyi. Li enpòtan pou nou raple kwayan ki nan chak peyi yo, kijan sa enpòtan pou temwaye gras delivrans Jezikris la epi ankouraje yo pran yon angajman ki fidèl avèk Seyè a. Youn nan fason pou rive atenn sa, se atravè òganizasyon lidè pou chak kongregasyon lokal. Nou dwe fòme lidè nasyonal yo pou ke yo pran responsablite yo nan legliz ki nan peyi yo a.

Lapriyè se yon pati enpòtan pou siksè nenpòt antrepriz misyonè.

Lè danje ak opozisyon yo prezante, misyonè yo depann de lapriyè moun ki konnen yo, menm si se pa pèsònèlman.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke salklas la pwòp lè yo rive. Anvan w antre nan tèm jodi a, repase twa leson anvan yo byen vit. Pale ak timoun sou defi pou yo vin fidèl ak Bondye.

Vwayaj prefere mwen

W'ap bezwen yon ti boul piti epi ki mou. Mande timoun yo pou yo chita sou fòm yon sèk. Di yo konsa: lè w' voye boul la, moun ke li tonbe sou li a gen pou l' rakonte istwa yon vwayaj ke li te fè ki te byen espesyal pou li. Lè yo fin rakonte sou vwayaj yo a, y'ap kapab dedouble boul la tou

dousman.

Ajoute: Vwayaje nan plizyè kote diferan se travay ke misyonè yo fè jeneralman. Yo vwayaje nan lòt peyi pou rakonte Bon Nouvèl Jezi a. Yo travay nan lòt kilti ke yo konnen. Manje ke yo konsonmen se bagay ki diferan. Pafwa, moun lòt peyi sa yo pale lòt lang epi misyonè yo dwe aprann li. Li posib pou bagay yo diferan de sa yo te genyen nan pwòp peyi pa yo a.

Poze yo kesyon: Èske nou kwè ke misyonè yo santi yo kontan ak ankouraje pou viv nan lòt peyi ak kilti diferan? Mwen genyen yon zanmi ki se misyonè. Li te kapab pote anpil nan afè li yo nan chan misyonè a. Li te kontan pou l' te fè plan pou nouvo fwaye l' la. Nan istwa jodi a nou pral pale sou de mesye ki te antrenè epi misyonè.

Tablo afich "Bon Nouvèl la"

Rasanble Timoun yo bò kote afich ki prepare pou inite a.

Fè yon revizyon pou chak lesan ki ladan li. Poze kesyon ki gen pou wè ak figi ki nan tablo yo ak sa ki ekri nan ti papye yo epi kole yo la a.

Revizyon mo enpòtan yo

Nan lesan sa a, gen 5 mo enpòtan: "Kreyen", "Levanjil/Bon nouvèl", "misyonè yo", "payen", "sove oubyen Sali a".

Mete yon nimewo pou chak mo. Ekri plizyè katon ki gen nimewo de 1 a 5.

Melanje yo pandan w'ap mete nimewo yo anba, sou tab la. Mande pou yon timoun leve yon katon. Dapre nimewo a, li dwe di tèman nan oubyen siyifikasyon mo ki ekri a.

Si Timoun nan reyisi li, ou kapab ba li yon ti prim oubyen li kapab soti nan sal la an premye.

ISTWA BIBLIK

Pou w' rakonte ak rekreye istwa biblik jodi a, ou kapab chèche yon dra oubyen yon vye tapi epi ouvè li atè a tankou yon kannòt. Timoun yo dwe chita sou li (kannòt), epi w'ap endike yo ke ou pral pran volan an. Lè w' panche sou bò dwat, yo tout dwe panche sou menm bò a tou. Nan lòt man an, yo tout dwe panche sou bò goch la. Pafwa, sekwe kò w' pou fè kòm si gen anpil gwo kouran. Lè w' reyalize chak montaj siy, timoun yo dwe imite menm mouvman yo. Di konsa: Mesye ki te vwayaje nan kannòt yo dapre istwa nou an. Nou dwe fè menm mouvman avèk mwen.

Èske nou sonje legliz Antyòch la ke nou te pale

de li nan lesan pase a? Misyonè yo se moun ke k'ap di moun sa ke Bondye vle pou yo fè.

Banabas avèk Pòl t'ap anseye nan peyi Antyòch jiskaprezan. An mezi ke moun yo t'ap priye (leve men w' pou w' montre syèl la), Sentespri a pale avèk yo:

---Mete Pòl avèk Banabas apa pou ke yo sèvi mwen. Mwen te chwazi yo pou yo fè yon devwa byen espesyal.

Moun nan Antyòch yo te vle fè volonte Bondye.

Yo te konn priye ak jene (panche sou bò dwat). Kreyen yo te mete men sou Pòl ak Banabas epi beni yo:

---Tanpri Seyè, se pou prezans ou toujou avèk mesye sa yo.

Yo te priye epi voye yo. (panche sou bò goch).

---Banabas te di Pòl konsa: ---sa a enpresyonan. Anpil.

---Pòl te reponn li: ---Imajine w' kantite moun k'ap prepare pou koute mesaj Jezi a gras ak vwayaj sa.

Premyeman, misyonè yo te ale nan sid, nan Silisi. Apre sa, yo te monte nan yon kannòt (sekwe kò w' pou w' fè kòm si ou jwenn ak kouran dlo ki dousman) epi yo te navige pou ale nan lavil Chip. Yo te preche tout moun Pawòl Bondye a. Yo te vwayaje nan tout zile a.

Pòl ak Banabas te rekonèt Bajezi (bouche vizaj ou tankou pantan). Se te yon majisyen mechan ak mantè.

Li te konn travay pou gouvènè zile a epi t'ap bat pou l' pat aksepte krisyanis la.

---Gouvènè a di: --Nou pe la! Mwen bezwen tande sa mesye sa yo ap anseye a!

Pòl te gade Bajezi nonm mechan an nan je, epi li di l' konsa:

---Ou menm, ou se pitit Satan. Ou plen riz ak mechanste nan kè ou, ou pa vle wè anyen ki bon. Eske ou p'ap sispann vire travay Bondye a lanvè? Koulye a, koute: Bondye pral mete men sou ou: ou pral vin avèg, ou p'ap wè limyè solèy pou kèk tan. (kouvri je w' fè kòm si kannòt la t'ap fè mouvman toupatou avèk gwo vitès.)

Epi se konsa sa te pase! Move majisyen an te tou avèg.

Li te eseye chèche kòman pou l' te ka mache, men li pat kapab (eseye tatonnen tankou si w' te avèg, fèmen je w'. Timoun yo dwe repete chak jès).

Gouvènè a te obsève tout sa ki te pase yo. Li te sezi anpil! (aji ak anpil sipriz).

Li te sezi. ---se enkwayab! Mwen menm tou mwen vle konnen non Jezi a.

Gouvènè a te aksepte Jezi epi kounye a li te yon kretyen.

Pòl ak Banabas te kontinye vwayaj yo a (sekwe kò w' tankou w' t'ap navige sou yon lanmè ki trankil). Yo te retounen nan anpil vil kote yo te ye anvan.

Yo te ede kwayan yo pran fòs ak aprann plis sou Bondye.

---Yo te anonse: --Se pou nou swiv sèl vrè Bondye a. Se pou nou fè volonte li.

Pòl avèk Banabas te chwazi lidè (kontinye sekwe kannòt la byen dousman) nan chak vil ke yo te vizite, pou ede nouvo kwayan yo.

Yo te priye konsa: --Chè Seyè (fèmen epi bouche je w' ak de men w')--, tanpri, ede nouvo lidè yo avèk tout kwayan yo. Tanpri, pwoteje yo. Ede yo renmen w' ak swiv ou.

Après sa yo t'al navige (sekwe kannòt la pou w' montre kòm si kouran yo pa fò, men apre yon tan konsa, genyen van byen fò ki te kòmanse soufle) nan direksyon Antyòch.

Après sa yo te rasanble (ouvè ponyèt ou yo epi fèmen yo kòm si w' ta ap rele moun yo vin rasanble) nan tout legliz la, tout manm yo. Yo te dwe tande sa Bondye t'ap di!

La menm, yo te rakonte kwayan ki te rasanble yo tout sa Seyè a te fè.

Pòl te di konsa:--Bèl travay sa ki te rive reyalize a se akòz de nou menm. Nou te voye nou. Bondye te travay atravè nou menm. Kounye a gen anpil moun ki vin konvèti an disip Seyè a. Nou te fè sa Seyè a te mande pou nou te fè a. Nou te bay anpil moun Bon Nouvèl Jezikris la, nan diferan bouk ak vil.

Poze kesyon sou istwa biblika la:

1. Kilès moun sa yo ki t'al nan vwayaj? (Pòl ak Banabas)
2. Kilès ki te voye Pòl ak Banabas nan vwayaj misyonè a? (Legliz Antyòch la)
3. Ki non majisyen ki te tou avèg la? (Bajezi)
4. Kisa Pòl ak Banabas te fè? (yo te vizite anpil vil epi yo te pale de Jezi)

Fè yo sonje ke se legliz la ki te voye misyonè yo. Yo ale, anseye epi apre sa yo retounen nan peyi

yo. Nou dwe ede ak sipòte yo. Nou dwe priye pou ke Bondye ede travay misyonè a pou li pwoteje moun sa yo ki nan tout pati nan mond lan.

AKTIVITE YO

Kimoun Bondye rele?

Kòmanse aktivite sa pandan w'ap divize klas la fè 2 ekip pou jwe "jwèt Bon Nouvèl la". Pale avèk elèv yo pandan w'ap mande yo sou ki fòm epi kimoun ki te ba yo Bon Nouvèl la pandan semèn sa yo.

Ankouraje yo kontinye pale de Jezi. Di yo konsa: Pale ak moun yo osijè de Jezi se yon misyon ke nou dwe genyen pou tout lavi. Nou pa janm dwe sispann pale moun yo de Jezi.

Remèt elèv yo travay ki nan leson 34. Mande pou yo pentire figi yo epi se pou yo jwenn toulede mo ki kache yo. Esplike yo: Travay misyonè a se yon efò an gwoup. Yon moun dwe rete pou voye.

Epi yon moun dwe obeyi epi ale.

Poze kesyon: Kilès ki te anvwa nan istwa jodi a? (Legliz Antyòch la). Kilès moun sa yo ki te obeyi epi ale? (Pòl ak Banabas).

Vire paj la; se pou timoun yo swiv enstriksyon yo pou jwenn mo yo epi ranpli espas vid yo.

Konsa, y'ap kapab dekouvri mistè a anba paj la.

Memorizasyon

Divize klas la fè de gwoup. Pou chak gwoup ap gen yon koup ki pou pase alafwa, epi y'ap monte tèks la nan yon fòm ki kòrèk.

Kat ki genyen vèsè pou aprann nan ap sou tab la epi mo yo ap fas anba. Mande pou elèv yo pase epi fòme tèks la. Anfen, de timoun yo pral kapab di vèsè a an koral. Si gen timoun ki pa sonje li, lòt yo kapab ede yo.

Pou fini

Priye pou legliz ki voye misyonè yo. Priye pou misyonè yo tou, espesyalman pou moun sa yo ki nan zòn danjre yo. Kòm antrenè, priye pou ke Seyè a rele timoun ou yo nan misyon yo.

Yo kapab chante yon kè chan ki apwopriye.

Finalman, si w' vle, ou kapab pote fwi ak bonbon pou w' selebre fen inite a.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite IX

MIZÈRIKÒD BONDYE A

Baz biblik: Jenèz 4:1-16; Jenèz 6; Jenèz 7:1-8:19; Jenèz 8:20-9:19.

Tèks inite a: *Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen bon kè, ou konn padonnen* (Danyèl 9:9a).

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✘ Konprann grande lanmou Bondye pou lòm.
- ✘ Konnen ke Bondye bay konpasyon plis valè pase sakrifis yo.
- ✘ Apresye egzanp Bondye a: yon modèl konpasyon ak lanmou.

Leson inite a

Leson 35: Istwa tris Kayen avèk Abèl la

Leson 36: Yon nonm ki bon nan yon mond ki pa bon

Leson 37: Bondye sove Noye

Leson 38: Bondye fè yon pwomès

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Liv Jenèz la fondamantal nan tout elajisman li. Men li genyen pasaj kle ki kapab ede timoun primè yo konprann ke konpasyon an se youn nan karakteristik Bondye ki plis dominan.

Istwa trajik Kayen ak Abèl la epi delivrans Noye a montre lanmou ak jistis li avèk klète.

Jodi a li pi fasil pou timoun yo aprann kilti “je pou je ak dan pou dan an”; men Bondye vle pou yo travèse nan verite a devan yo epi konvèti yo an moun ki renmen padone.

Se pou sa byen klè pou elèv yo ke istwa sa yo pa lejand, men pito reyèl ke Bondye kontinye menm jan jouk kounye a.

Anplis de sa, atravè leson sa yo ou kapab anseye yo ke Bondye gen konpasyon, epi ki di: “Se mizèrikòd mwen bezwen epi se pa sakrifis”. Sa siyifi ke anvan ke seremoni yo, pwomès ak pelerinaj lafwa yo, Bondye vle pou nou renmen pwochen nou.

Istwa tris Kayen ak Abèl la

Baz bibliik: Jenèz 4:1-16

Objektif lesan an: Ede timoun primè yo konprann ke Kayen te inyore ke Bondye te di l' epi kite move dezi yo te pouse li komèt move aksyon yo.

Vèsè pou aprann: *Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen bon kè, ou konn padonnen (Danyèl 9:9a).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Sa sanble yon istwa ki etranj pou rakonte timoun ki nan premye ak dezyèm ane, menm nan tan vyolan yo lè gen timoun k'ap komèt asasina.

Sepandan, lesan sa pale reyèlman sou desizyon pou obeyi oubyen dezobeyi Bondye. Epi timoun premye ak dezyèm ane yo fè fas ak dosye sa yo.

Kontèks istwa sa a gen pou wè avèk lavi yo.

Se pa ke nan lakou lekòl la oubyen lari ki nan katye a se yon kote ki terib, men an reyalye genyen konkou ki egziste ant frè ak zanmi. Timoun yo fè jalouzi avèk fasilite si yo kwè ke lòt jwenn plis favè pase yo, menm si se paske yo ba yo plis atansyon, oubyen jwi pi gwo konsantman. Santiman sa yo pwodwi gwo reyaksyon, kòm moun ki imilye, abi fizik, oubyen lòt move aksyon.

Sans ke w' dwe bay klas sa se sa: "li byen fasil pou move panse yo fè nou komèt move aksyon". Lè nou pèmèt ke move panse yo pran plas nan lespri nou, nou kapab fini pa fè aksyon ki terib.

Nan menm fason sa tou, Bondye kapab ede ak pwoteje nou pou nou pa fè peche".

Ankouraje Timoun yo pou yo kapab pale de Bondye onètman. Epi di yo ke si yo obeyi l', li va ede yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Fraz "Peche a kouche nan pòt kay ou" (Jenèz 4:7) poze nou de kesyon:

Èske w' dwe ouvè pòt la bay peche a?

Kisa k'ap pase si nou ouvè pòt la ba li?

Istwa Kayen ak Abèl la se istwa yon asasina, li menm ki te yon ofans byen serye. Men l'ap obsève li depi yon nivo ki pi wo, istwa sa gen pou wè avèk gras la.

Lesan an baze sou deside fè sa ki bon oubyen mal la. Si nou fè sa ki dwat, Bondye pral aksepte efò nou yo, menm si yo pa bon nèt (wè v.7). Men si nou pèsiste nan fè pwòp volonte nou, nou riske

tonbe an "dominasyon" peche, sa se tonbe pi fon nan rebelyon ak nan move aksyon.

Sa se madichon ke Kayen te chwazi. Li te refize konsèy Bondye a epi li te tonbe nan peche akòz de jalouzi ak kòlè li yo, yo menm ki lakòz li te touye frè l' Abèl. Menm konsa, Bondye pat adandone Kayen, okontrè li te mete yon mak pwoteksyon sou li, pou montre ke gras li li toujou disponib pandan n'ap viv la a. Sa dwe fè nou gen kèk tranquilite osijè de moun sa yo ki pèdi wout Seyè a. Yo pa pèdi rive yon kote ke gras li pa kapab rive.

Istwa sa a, nan kèk fason, se sou relasyon ant de frè. Ladan l' nou wè karaktè "mal" la paske pa "byen" an. Nou wè aspè pwòp lavi nou la ke nou konnen trè byen. Relasyon ant frè (oubyen sè) kapab kraze si gen konpetisyon ant yo, oubyen si kèk pami yo ranpli avèk jalouzi ak kòlè. Kòman nou aji nan relasyon famiyal nou yo, èske se tankou Kayen oubyen Abèl? Se yon bagay ke nou deside.

Istwa Kayen an gen pou wè avèk adorasyon tou. Petèt sakrifis Abèl la te aksepte paske li te pote pòsyon ki te gra nan premye bèt ki te fèt li yo (v.4). Kayen te pote kèk nan fwi latè yo (v.3). Oubyen petèt te genyen yon pwoblèm nan konpòtman.

Ebre 11:4 mansyone ofrann Abèl la an relasyon avèk "lafwa li". Petèt sakrifis Abèl la te reflè yon relasyon lanmou avèk Bondye, pandan ke ofrann Kayen an se te sèlman pou akonpli fòmalitye sa.

Nou pa kapab afime li avèk sètitud. Men l'ap mennen nou reflechi osijè de lesan yo ke nou fè osijè de adorasyon nou.

Ak eklèsisman istwa sa a, nou kapab reponn kesyon kòmansman an: nou pa janm ni pral fòse pou ouvè pòt bay peche a.

Si nou fè li, konsekans yo ap grav, men, Bondye pa abandone nou. An mezi ke n'ap viv sou tè sa, padon an ap toujou disponib.

Fen istwa a

Mwen repete, istwa sa a se osijè de gras la. La a genyen yon bagay ke nou kapab medite sou li.

Depi jou premye asasina sa, "nou apwoche tou pre mòn Siyon an, lavil Bondye vivan an... Jezi, moun ki ranje nouvo kontra a, bò kote san ki koule a, yon san ki pale nou pi byen pase san Abèl la (Ebre 12:22, 24).

Sa pa dwe ede nou chwazi kòrèkteman, pou ke peche a rete "deyò pòt la".

DEVLOPMAN LESAN AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou lesan sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfò sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

“M’ap riske oubyen kontinye”

Depi anvan klas la, prepare de katèl byen laj (kòm siyal sikilasyon peyi w’). Yo kapab de 50 cm x 50 cm., de papye bristòl ak katon an. Yon siyal dwe di: “ATANSYON-DANJE” (li kapab fè koulè wouj ak blan), epi lòt la se: “KONTINYE” (li kapab pote koulè vèt).

Nan klas la, mande pou de volontè, oubyen sa ki byen konpòte yo a, kenbe siyal yo: Di konsa: Mwen pral li plizyè fraz. Nan kèk pami yo, Timoun yo gen bon panse, nan lòt, yo genyen move panse. Si lapriyè a se sou bon panse, y’ap leve siyal ki di: “Kontinye”. Men si se sou move panse yo, y’ap leve siyal ki di: “Atansyon-Danje”.

Fè pratik pandan kèk minit. Tout Timoun yo dwe rele byen fò lè siyal yo leve ak: “Kontinye” oubyen “Atansyon-Danje”.

- ✘ Àn genyen yon vye bisiklèt. Emilya genyen youn tounèf. Àn panse: Poukisa Emilya genyen yon bisiklèt nèf? Mwen rayi l’!” (Atansyon-Danje).
- ✘ Pyè gen anpil jwèt epi Jan prèske pa gen jwèt. Pyè pataje jwèt li yo avèk Jan (Kontinye).
- ✘ Karla vle fè yon bèl bagay epi espesyal pou paran li yo (Kontinye).
- ✘ Jilyo te achte yon gwo blad wouj. Andre gade li Depi byen lwen epi li panse kòman li kapab apwoche pou l’ pike li (Atansyon-Danje).
- ✘ Maria te ale fè yon ti mache ak zanmi li yo Julia ak Sesilya, men li te bliye envite Debora. Debora te konn sa epi pwomèt ke li pa ta zanmi Mari ankò (Atansyon-Danje).
- ✘ Madam Roz te fè mari li kado yon bèl machin. Vwazen Adòlf santi li ofanse epi li di bagay ki pa emab sou yo (Atansyon-Danje).
- ✘ Julyan gen yon nouvo balòn foutbòl. Frè li Pòl te tonbe fè jalouzi epi pwomèt ke l’ap kraze li (Atansyon-Danje).

Di konsa: Poukisa li danjre pou nou panse tankou kèk nan moun sa yo? (Aksepte repons yo). Demontre ke move panse yo kapab fè nou komèt move aksyon, tankou nan ka Kayen ak Abèl la.

Mo enpòtan yo: “Fè peche” ak “Obeyi”

Prepare yon papye bristòl oubyen katon pou koke nan mi an.

Divize katèl la avèk yon liy vètikal. Nan yon bò, ekri “obeyi”, epi nan lòt la “fè peche”.

Ekri siyifikasyon obeyi: Fè sa ke Bondye vle pou nou fè. Volonte li nan Bib la se Pawòl li.

Anba chak mo ak siyifikasyon yo mande pou

Timoun yo pote plizyè ti moso pou yo ilistre tablo afich la. Yo kapab pote sesyon papyè jounal oubyen magazin ki montre sèn obeyisans ak peche. Yo chak dwe kole sesyon yo pote yo avèk moso tep nan afich la. Bat pou imaj yo apwopriye. Fè yo pratike pandan y’ap li mo a avèk siyifikasyon li a plizyè fwa.

ISTWA BIBLIK

Lavi pou Adan ak Èv te byen diferan apre yo te fin dezobeyi Bondye. Deja yo pat ka viv nan bèl Jaden Edèn nan ankò. Travay yo te vin di. Kounye a yo t’ap soufri anba doulè epi yo te malad. Men Bondye te renmen yo anpil.

Yon ti kras tan aprè, Adan avèk Èv te vin gen pitit. Èv te rele premye a Kayen. “Bondye te ede m’ genyen pitit sa a”. Li te rele dezyèm nan Abèl. Adan ak Èv te bay Timoun yo ansèyman sou Bondye.

Yo toulede a te grandi sen epi fò. Lè yo te rive nan laj majè, Kayen te deside pou l’ te vin kiltivatè, epi Abèl te deside vin gadò animal.

Yon jou Abèl te ofri Bondye yon mouton kòm ofrann. Kayen te ofri yon ofrann tou. Li te bay kèk legim avèk fwi ke li te konn kiltive yo.

Bondye te pran plezi nan ofrann Abèl la, men se pa avèk pa Kayen an. Poukisa Bondye pat pran plezi nan ofrann Kayen an? Bib la pa eksplike li. Men nou konnen ke Seyè a gen bon kè epi tout sa li fè bon. Gen yon bagay ki pa byen nan ofrann kayen an, oubyen nan fòm li te ofri l’ bay Bondye a. Kayen te fache anpil sou Bondye. Li te kontinye renmen li.

--Bondye te mande Kayen:--Poukisa w’ fache konsa? --Si w’ fè sa ki dwat, m’ap pran plezi nan sa. Ebyen, fòk ou fè atansyon tande. Ou dwe chwazi pou w’ fè byen oubyen mal.

Kayen te tande sa Bondye te di l’ la. Epi li te kontinye ap panse jan l’ te fache a. apre yon tan konsa, Kayen te vin pat renmen frè l’ la ankò.

Yon jou, Kayen di Abèl konsa:

--Ann ale nan fik la ansanm non.

--Abèl reponn li: Ann ale non.

De mesye yo te pran wout pou al nan fik la.

Pandan yo te la a, Kayen te touye frè l’ la Abèl epi li te antere l’. Vè lè pita, Bondye te pale avèk Kayen: Seyè a te mande l’: --Kote frè w’ la Abèl?

Bondye te di l’ konsa: --Mwen konnen sa w’ te fè a. Ou te mechan anpil. Soti kounye a pou ale pi devan, pa gen anyen k’ap fasil pou ou. Kayen te kòmanse kriye epi li di: --Chatiman an twòp pou mwen. Mwen p’ap ka sipòte l’. Men ou mete m’ deyò sou tè sa a koulè a, se kache pou m’ al kache pou ou pa wè m’. M’ap tounen yon vakabon k’ap plede mache toupatou sou latè san rete. Nenpòt moun ki jwenn mwen va touye m’.

Malgre Kayen te fè sa ki byen mal, Bondye te kontinye renmen l'epi fè l' yon pwomès.

--M'ap asire mwen ke pèsòn pa touye w'.

Avèk tristès, Kayen te kite fwaye ak fanmi li.

Bondye te kenbe pwomès ki l' te fè li a. Men san dout, anpil fwa Kayen t'ap mande tèt li poukisa li pat obeyi Bondye ak avètisman li pou l' pat fè mal la.

AKTIVITE YO

Ti maryonèt yo

Depi anvan klas la, prepare: sizo, lakòl oubyen adezif, ti moso bwa oubyen bwa krèm, koulè, kreyon. Remèt timoun yo fèy aktivite leson 35 ki nan liv Elèv la. Mande yo pou yo pentire ti maryonèt yo. Ede yo rekoupe figi maryonèt yo epi kole yo nan ti moso bwa plat ki mezire 20 cm. nan longè pou 1 cm. nan lajè, oubyen ti bwa pou krèm. Lè yo fini, yo kapab ajè epi fè maryonèt yo pale sou istwa Kayen ak Abèl la.

Sou fòm revizyon, lè istwa a fini, mande timoun yo: èske Kayen te dwe fè mal la pou l' te touye frè l' la? (Non). Kimoun ki te eseye anpeche Kayen fè sa ki mal la? (Bondye). Kisa ki pi gwo erè li te fè, anvan li te touye Abèl la? (Li te genyen move panse kont Bondye ak frè li a).

Istwa Bibliik ilustrada

Sa ap ede Timoun yo sonje istwa Kayen ak Abèl la. Itilize sa ki anba yo oubyen chwazi atik ki fè w' plezi.

1. De poupe double nan sèvyèt pou reprezante Kayen ak Abèl.
2. Yon mouton an nounous ki reprezante ofrann Abèl la. (Ou kapab desine yon mouton nan yon papye bristòl epi kole l' avèk koton. Itilize pwa oubyen bouton pou je yo). Ou kapab fè yon maryonèt avèk yon chosèt oubyen ba blan. Mete je bouton nwa. Rekoupe yon triyang ki fèt avèk yon twal nwa pou nen an epi kole li, ou kapab fè lèy yo avèk yon twal wouj, zòrèy yo kapab fèt avèk twal woz. Kole plizyè ti boul koton pou ke a epi ou kapab kole yon bon kantite koton nan kò a.
3. Plase kèk moso fwi ak legim nan yon plat, pou reprezante ofrann Kayen an.
4. Desine yon vizaj kontan pou reprezante kòman Bondye te kontan pou ofrann Abèl la.
5. Desine yon lòt vizaj tris. "Se konsa Bondye te santi li pou ofrann Kayen an".
6. Desine avèk yon sèk sonm (pa nwa), oubyen koupe yon sèk ak papye afich oubyen papye bristòl mawon (kafè), ki reprezante panse kolè Kayen anvè Bondye ak Abèl.
7. Yon kat ki di: "Piga nou fè kayen mal".

Di konsa: Chak timoun pral genyen youn nan objè sa yo. Lè m' endike yo, n'ap leve objè a anlè ke li genyen nan menm l' lan.

Yon fwa ke yo fini, mete objè sa yo nan yon panye oubyen bwat, pou itilize yo nan lòt sesyon.

Memorizasyon

Bandwòl avèk tèks bibliik la

W'ap bezwen: papye afich oubyen papye koulè klere, makè, adezif, sizo ak ti bwa yo.

Ekri tèks bibliik la nan bandwòl yo.

Nan klas la, distribye bandwòl bay chak timoun pou yo pentire. Di yo ke yo pa dwe pase penti a sou vèsè memwa a. Yon fwa ke bandwòl yo fin pentire, yo dwe kole yo avèk tep nan ti bwa ki mezire 12 cm. nan longè pou 1 cm. nan lajè. Mande Timoun yo pou yo ekri non yo nan chak bandwòl.

Mande yo: Kisa sa vle di "Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen bon kè, ou konn padonnen paske nou menm nou te vire do ba ou"? (Bondye pa pini nou jan li ta dwe fè l' pou peche ke nou komèt yo. Li toujou pare pou l' padone nou si nou mande l' li. Lè li padone nou li pa janm sonje peche nou yo ankò. Li trete nou kòm si nou pat janm fè peche).

Repete vèsè memwa a plizyè fwa. Apre sa, yo kapab soti sou lakou a epi mache, pandan y'ap repete li byen fò.

Finalman, ranmase bandwòl yo. Sa yo ap rete anba dominasyon klas la jouk nan dènye leson inite a.

Pou fini

Priye di Bondye mèsè pou:

- ✘ Chak timoun nan klas ou yo.
- ✘ Paran yo, frè ak sè yo.
- ✘ Lavi esprityèl yo ak relasyon yo avèk Bondye.
- ✘ Etid yo.
- ✘ Pou yo kapab vin fè bon timoun.
- ✘ Pou yo kapab vin legliz la oubyen plas reyinyon yo.

Priye mande pou:

- ✘ Timoun yo obeyisan anvè Seyè a
- ✘ Yo vin bon frè, sè ak zanmi
- ✘ Yo vin bon pitit ak elèv
- ✘ Genyen bon panse anvè Bondye ak pwochen yo.

Yon nonm ki bon nan yon mond ki pa bon

Baz biblik: Jenèz 6

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konnen ke Noye te deside obeyi Bondye, men lè pèsòn lòt moun pat fè li.

Vèsè pou aprann: *Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen bon kè, ou konn padonnen (Danyèl 9:9a).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Lè mwen te tou piti, presyon gwoup la pat tèlman afekte mwen, jiskaske mwen te rive nan 8yèm ane.

An mezi ke ane yo te pase, presyon Timoun yo te desann epi enstale nan ane anvan adolesans yo; pita li te pase nan ane entèmedyè yo, pandan lekòl primè a. Pou kounye a, timoun ki nan laj sis ak sèt ane, e menm pi piti yo, santi yo enfliyanse byen fò pa kamarad yo.

Youn nan rezon yo se ke yo pase chak fwa plis tan avèk lòt kamarad ki nan menm laj avèk yo. Avèk larive gadri ak jaden matènèl yo, timoun yo kòmanse santi yo enfliyanse pa kamarad yo, pratikman depi yo fèt. Pliske yo pase 4 a 12 zan avèk yo pa jou, Timoun piti yo preokipe yo pi plis pou sa zanmi yo panse ak afime. Leson jodi a jwenn Timoun primè yo avèk reyalyte sa, nan sitiyasyon tèlman san parèy ak patikilye sa yo.

Li pa janm fasil pou nou diferan de rès gwoup la, espesyalman nan jou sa yo. Epi avèk kòripsyon valè moral de baz yo nan sosyete a, timoun yo dwe fè fas ak chwa ke nou pat tandè ke yo te dwe pran plizyè ane pita. Pandan w'ap prepare twa leson ki sou Noye yo, tranpe w' nan pasaj Pawòl la ak nan istwa a.

Mande Bondye pou l' ede w' prezante Noye nan yon fason pou ke timoun yo admire li epi aji tankou l'. Noye te kanpe fèm fas ak yon mond peche ak vyolans. Priye pou ke elèv ou yo aprann mete konfyans yo nan Seyè a ase tankou pou fè menm bagay la si sa nesèsè, nan klas la, nan lakou jwèt yo, nan katye yo oubyen nan nenpòt kote yo dwe anonse ke yo se pitit Bondye.

KÒMANTÈ BIBLIK

Nan nenpòt istwa kote jijman te tonbe sou moun ki rebèl yo, li fasil pou wè Bondye kòm yon jij ki sevè. Nan istwa sa sou inondasyon an, li senp pou ke nou wè Bondye kòm yon moun ki te detwi mekan yo epi sove kèk lòt ansanm.

Si nou gade li nan fòm sa, n'ap inyore sa Bib la di: "Li vin règrèt li te fè moun sou latè. Kè l' vin sere ak lapenn" (6:6).

Se sèlman yon Bondye ki renmen ki kapab santi tout doulv sa yo pou mekanste lòm.

Doulè Bondye a se pa dèske li te kreye lòm, men pito li te soufri paske moun sa yo ke li te renmen, yo te refize restore relasyon yo avèk li.

Se poutèt sa, doulè Kreyatè a se te akòz de mekanste lòm. Limanite sa te peri.

Sitiyasyon sa te mennen yon peryòd netwayaj ak padon, sa ki te etabli yon aksyon lanmou, se pa vanjans.

Istwa sa genyen yon paralèl avèk dyalòg lòm. Lè kè moun nan chaje ak doulè pou erè ak peche yo epi chèche Bondye pou Bondye ede ou, li reponn avèk padon e transfòmasyon. Nan miazèrikòd li, li netwaye mond kawotik ki kreye ak kè k'ap peri a.

Nan istwa biblik la, nou wè ke se pa tout bagay ki te detwi pa inondasyon inivèsèl la. Branch doliv la se premye prèv ke vejetasyon an te rete vivan. Lè Noye ak fanmi li te sòti nan lach la, te genyen forè avèk jaden yo disponib pou yo te rekonstwi lavi yo.

Nan netwayaj kè lòm nan, Bondye pat detwi vye mak kreyasyon an. Moun yo te kontinye tankou moun aprè konvèsyon yo, men avèk nouvo opòtinite pou rekonstwi sou fondman ki te deja kreye a.

Istwa inondasyon an montre ke chak moun se responsab, san gade sa lòt moun kapab fè. Noye se te sèl "nonm jis, li te bon nèt pami lèzòm nan tan pa l' la" (v.9). Sa pa vle di ke Noye pat janm fè peche. Menm jan avèk nou tout, li te vèsò yon nati echwe, li menm ki te rezilta peche Adan ak Èv la; malgre Noye te renmen ak obeyi Bondye ak tout kè li.

Noye te kapab tankou tout lòt moun yo, men se pat konsa. Li te gen kouraj pou li te diferan de rès gwoup la, yon kalite ke Bondye te fè konpliman. Si sa se yon pwèn difisil pou granmoun yo, kidonk pou Timoun yo se plis toujou. Pouvwa foul moun yo oubyen sa nou konnen kòm "fenomèn mas la" difisil pou reziste.

Lè tout moun nan gwoup la fè yon bagay, li difisil pou fè yon bagay diferan, espesyalman lè "fè bagay sa" se kòrèk.

Noye se yon egzanp pou nou ak Timoun yo ke sèvi Bondye se toujou sa ki kòrèk, san gade si lòt moun fè li ou pa.

La a genyen yon bagay pou nou panse, se pa sèlman pou leson sa a, men pito se chak fwa ke nou an kontak avèk Timoun yo:

Kòm antrè Timoun yo, kòman n'ap fè enfliyanse elèv nou yo pou ke yo kapab mete konfyans yo nan Bondye ki fè yo kapab menm pare pou yo obeyi li menm si zanmi yo di yo pou yo fè sa ki kontrè?

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa depi davans epi eseye gen sal klas la pare, anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo ak pran enfò sou yo pou w' kontakte yo pandan semèn nan.

Èske mwen kapab antre nan lach la?

W'ap bezwen: papyè bristòl oubyen katon, sizo ak makè.

Depi anvan klas la, ekri nan kat ki gen 10 cm. x 10 cm. non animal ki fasil pou rekonèt pami timoun yo, pa egzanp: chen mawon, chat, chen, zwazo, elafan, lyon, kochon, elatriye. Fè 2 jwèt sou yo chak, yon fason pou 2 timoun gen chen mawon an, 2 pou chat la, 2 pou lyon an, epi kontinye konsa.

Pandan klas la, remèt chak timoun youn nan kat yo avèk non yon animal. Di timoun yo ke yo pa dwe montre li, ni di pèsòn ki animal yo pral reprezante.

Eksplike: Objektif jwèt sa se jwenn lòt moun ki gen menm kat ki genyen menm animal avèk nou yo nan sal la. Yo dwe fè bri animal sa fè, oubyen mache oswa aji tankou li, men yo pa dwe di non yo. Lè nou jwenn parèy yo a, vini epi di m': Èske nou kapab antre nan lach la? Si vrèman nou te jwenn parèy nou an, nou pral remèt mwen kat nou yo epi mwen va di nou: Wi, nou kapab antre nan lach la. Epi si non, m'ap di nou: Non, nou pa kapab antre nan lach la. Se pou nou jwe jiskaske tout timoun jwenn parèy yo.

Lè fini, poze kesyon: Ki istwa bibliik jwèt sa fè nou sonje? (Lach Noye a).

Noye te viv nan yon tan lè pèsòn sou latè pat renmen ni obeyi Bondye.

Difisil, pi difisil, trè difisil

W'ap bezwen: papyè bristòl oubyen katon fen, makè gra ak adezif.

Anvan klas la kòmanse, ekri nan gwo kare pou ke tout timoun kapab wè yo: "Difisil", "Pi difisil", "Très difisil". Plase yo nan twa mi diferan nan sal la.

Di nan klas la: Mwen pral li kèk istwa brèf sou plizyè moman diferan kote ke timoun yo dwe pran desizyon yo. Apre sa y'ap vote epi chwazi sa ki difisil, pi fasil oubyen trè difisil.

Vote, pandan n'ap kanpe devan katèl ke nou panse ki kòresponn ak yo chak an patikilye. Li istwa yo. Bay tan pou ke ti moun yo kapab vote oubyen mache an direksyon katèl ke yo chwazi a. Apre chak desizyon, mande kèk volontè ki rezon ki fè yo te reponn nan fason sa.

1. Antrenè a soti nan sal la. Li di yo ke yo dwe rete an silans epi fè devwa matematik la. Prèske tout timoun yo ap pale epi ri. Kòman moman rete silans ak obeyi a te ye pou ou?
2. Manman w' di pou w' netwaye chanm nan anvan w'al jwe. Li dwe soti epi chèche yon bagay byen vit. Ou gade chanm nan...tout

bagay gaye. Kòman w' te fè obeyi manman ou?

3. Timoun yo t'al nan yon fèt anivèsè. Youn nan timoun yo te pote yon magazin ki gen move blag ak desen. Paran w' yo pa kite w' gade kalite magazin sa yo. Tout timoun nan fèt yo ap gade l'. Kòman w' te fè kapab di yo: "non, mwen pap gade magazin nan", epi chwazi fè lòt bagay?
4. Pandan w' ansanm ak pi bon zanmi w' la nan yon magazen oubyen boutik toupren lakay ou. Nou toude a bezwen karamèl ak chokola, men yo pa genyen lajan pou achte yo. Zanmi w' lan di w' konsa: "sèlman pran kèk epi sere yo byen vit".

Kòman w' te fè di verite a?

Di konsa: Diside fè sa ki kòrèk se difisil. Espesyalman se lè se ou menm sèl ki vle fè li. Istwa jodi a pale de yon nonm ki te deside obeyi Bondye lè pèsòn te vle fè l'.

ISTWA BIBLIK

Diskisyon! Batay! Rayisans! Lanmò!

Bondye te gade nan tout kwen latè, tout moun t'ap fè sa yo te pi pito. Egoyis yo te pi fò pase lanmou ak bonte Bondye. Kè Bondye te santi gwo doulè ak soufrans. Tout moun t'ap fè sa ki mal. Pèsòn pa t'ap obeyi ni fè sa ki dwat. Noye te renmen Bondye epi toujou eseye obeyi li. Bondye pat kontan epi li pat kapab pèmèt ke mond lan kontinye nan menm fason an. Chak fwa li te vin pi mal. Avèk tristès, li te deside: "Mwen dwe detwi mond sa epi ak tout sa ki ladan l'!"

Bondye te pale ak Noye epi li di l' konsa:

Noye, mond lan plen ak vyolans ak mechanste.

Mwen pral detwi tout tout sa ki ladan l' ak yon gwo inondasyon (inondasyon byen gran). Men mwen pwomèt ou ke m'ap sove ou menm ansanm ak tout fanmi ou. Men sa w'ap gen pou w' fè.

W'a pran avèk ou tout yon pè nan tout kalite bèt, yon mal ak yon fennèl. Wa fè yo antre nan batiman an ansanm ak ou pou yo pa mouri. Konsa, nan tout kalite zwazo, nan tout kalite bèt domestik, nan tout kalite bèt ki trennen sou vant yo, gen yon pè nan chak kalite ki va vin jwenn ou pou yo pa

Mouri (v. 19-20). Ou menm bò pa ou, ranmase tout kalite manje, mezi ou kapab. Fè yon bèl pwovizyon mete la pou ou ka jwenn manje pou ou manje ansanm ak tout bèt yo tou.

Ala sezi Noye te dwe sezi avèk tout enstriksyon sa yo! Li pat janm fè lapli sou latè. Noye pat menm genyen lide sou kisa yon inondasyon te ye, se mwens pou yo yon ti lapli! ti lapli! Epi lach Bondye te mande a te gwo anpil! Li pat gen okenn lide sou kisa yon kannòt te ye, ni itilite li!

Li ta dwe pi gwo pase yon teren foutbòl, epi pi wo pase yon kay ki gen de etaj. Li ta pase anpil tan

ap bati li!

San dout, Noye te dwe genyen anpil kesyon pou l' poze Bondye, men li pat fè sa. Li te sèlman mete konfyans li nan Bondye. Li te kwè nan sa li te di l' la epi obeyi li. Rapidman li te kòmanse bati lach la. Bib la pa di l', men li posib pou twa pitit Noye yo sèm-Kam ak Jafè te ede li. Noye te bati lach la jan Bondye te endike l' la.

Noye te pase plizyè ane ap bati ak bati.

Tout moun ki te pase bò la a yo te gade sa Noye t'ap fè a.

Kisa yo ta panse? Bib la pa di l'. Men pandan yo t'ap gade konsa, epi li te anonse yo mesaj Bondye a. Seyè a te ba yo opòtinite pou yo sove. Li ta sove moun ki ta repanti de move chemen yo epi mande padon.

Men pèsòn pat fè li.

Finalman, kannòt la te fini. Noye te obeyi Bondye nan tout bagay. Finalman lè a te rive pou li menm, fanmi ak bèt yo te antre nan gwo anbakasyon an. Kisa ki ta pase aprè? Li pat konnen li.

Li sèlman te konnen ke Bondye t'ap pwoteje li ak tout fanmi l, jan sa te pwomèt la.

AKTIVITE YO

Tablo: Noye ak lach la

Sa se yon leson ki apwopriye pou reyalize yon gwo tablo, ke timoun yo pral jwi lè y'ap fè li. W'ap bezwen: papyè, koulè, kreyon, papyè koulè mawon (kafe) pou lach la, papyè ble syèl oubyen vè klè pou dlo, adezif, lakòl, elatriye. Nan sa avèk de lòt klas yo kote nou pral pale de Noye a, nou kapab ajoute plis ilustrasyon nan tablo a. Jodi a nou kapab pentire pèfil Noye nan jan li t'ap bati lach la, pye bwa, kay, kannòt la, elatriye. Fè yon desen ki genyen gwo tras kannòt la, ak lòt figi ankò. Pèmèt ke timoun yo pentire yo. Pwochen klas la ap kapab ajoute animal yo epi kontinye konsa. Itilize aktivite sa pou w' fè revizyon istwa bibliik la. Pandan timoun yo ap travay nan penti a, ou kapab poze plizyè kesyon ki apwopriye.

Animal yo vini

Jwèt sa ap sèvi pou revize istwa bibliik la. Mande pou timoun yo fòme yon liy orizontal nan plas dèyè nan sal la. Apre sa, bay yo chak yon animal diferan, li menm k'ap fè kri animal sa. Kapab genyen animal ki repete plizyè fwa. Pèmèt ke yo chak pratike sa yo dwe fè.

Di konsa: Mwen pral poze kesyon sou istwa bibliik jodi a.

Yo tout dwe reponn. Si yo reponn kòrèkteman, yo dwe rete kote yo ye a epi an silans. Ann wè si tout moun kapab antre nan lach la.

Jwe jiskaske yo tout rive nan lach la oubyen jiskaske yo fini avèk kesyon yo.

1. Kimoun ki te kreye latè? (Bondye)
2. Pou ki rezon Bondye te atriste? (Paske pèp la

te violan epi t'ap fè sa ki mal).

3. Kimoun ki te obeyi Bondye ? (Noye).
4. Kisa Bondye te mande Noye pou l' te fè? (Yon lach).
5. Èske Noye te konnen kijan pou l' te fè lach la? (Non).
6. Konbyen animal de chak fanmi ki te dwe antre nan lach la? (De).
7. Ki plis bagay Noye te mete nan lach la? (Manje).
8. Èske Noye te koute ak obeyi Bondye? (Wi).
9. Konbyen moun ki te sispann peche epi te antre nan lach la? (Pèsòn).
10. Pou kimoun Seyè a te gen pitye? (Pou tout moun, men Noye te antre nan lach la avèk tout fanmi li).

Atansyon antrenè: Objektif aktivite sa a se ede timoun yo sonje leson an epi se pa pou fè yo pase egzamen. Si yo reponn mal, ou kapab ba yo repons ki kòrèk la epi fè yo repete li, epi konsa y'ap kapab fè kri animal yo gen nan men yo a, epi fè yon pa annavan, jiskaske yo rive nan lach la, li menm ki kapab yon kote ki tou prè avèk chèz oubyen ban.

Deside obeyi

Mande timoun yo pou yo rekoupe devinèt yo ki nan leson 36 ki nan liv Elèv la. Remèt yo yon sachè plastik pou yo konsève pyès yo. Imaj yo apwopriye pou kapab pale sou sa yo dwe fè pou yo obeyi.

Memorizasyon

Konpetisyon vèsè bibliik

Depi anvan klas la, prepare 2 bandwòl sou fòm rektang. Pentire yo avèk koulè ki atiran (Si w' vle ou kapab fè yo ak gwo lèt). Plase yon ti bwa ki gen gwo 40 cm. de longè ladan yo.

Nan klas la, repete tèks bibliik Danyèl 9:9 la. Apre sa fin fèt plizyè okazyon, divize gwoup la fè de ekip. (Li pi bon pou aktivite sa fèt nan yon lakou ki ouvè). Lè w' di: "ya", premye timoun nan chak ekip, avèk bandwòl la nan men yo dwe kouri rive jouk nan lòt pwen la (plase yon endikasyon, tankou yon chèz) epi di vèsè bibliik ki nan Danyèl 9:9 la byen fò ak sit la tou.

Apre sa l'ap kouri tounen rive jouk kote ekip li a ye a, l'ap remèt bandwòl la bay pwochen timoun nan epi kontinye konsa. Byen obsève konpetisyon vèsè a. Ede sa ki genyen pwoblèm yo.

Jwe jiskaske yon jwè nan ekip yo genyen. Mete fen pandan yo tout ap repete vèsè bibliik la ansanm. Konsève bandwòl yo pou pwochen klas la.

Pou fini

Priye pou ke elèv ou yo vin obeyisan anvè Bondye. Chante yon kè chan ki apwopriye sou obeyisans. Priye pou timoun ki jwenn li difisil pou yo obeyi paran oubyen antrenè yo. Ankouraje yo priye youn pou lòt nan semèn nan.

Bondye sove Noye

Baz biblik: Jenèz 7:1-8:19

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke moun sa yo ki renmen ak obeyi Bondye eksperimante lanmou ak atansyon li nan yon fason ki espesyal.

Vèsè pou aprann: *Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen bon kè, ou konn padonnen* (Danyèl 9:9a).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Mwen pap janm bliye yon imaj nan inondasyon ke mwen te piti, nan liv istwa biblik la pou timoun yo. Nan pati devan nan kare nwa e blan sa, nan reprezante dlo yo avèk gwo lapli a, te genyen figi bebe sou wòch yo ki ta gen pou koule nan dlo a byento. Mwen te renmen bebe yo epi mwen te mande youn ak yon lòt fwa poukisa Bondye pat sove yo, omwens, yo menm.

Li bon pou piblikasyon jodi yo pa genyen materyèl pou timoun yo tankou sa yo. Menm konsa, elèv ki plis sansib nan klas ou yo ap santi yo enkyete pou lanmò tout moun ak kreyati sa yo ki te rete deyò lach la.

Priye anpil pou leson sa, paske li anseye yon verite difisil. Bondye renmen tout moun avèk yon lanmou ki pa gen fen. Epi moun sa yo ki reponn avèk konfyans ak obeyisans, yo pral eksperimante lanmou ak atansyon li nan fason ke lòt moun pa kapab fè li. Yo te refize obeyi epi se poutèt sa jijman te atenn yo.

Nan leson sa “mete aksan sou lach delivrans lan” ke Bondye te bay Noye. Fè elèv ou yo sonje ke Noye, kòm lòm, li te peche. Men nan diferans de lòt rès moun ki te rayi ak inyore Bondye, li te renmen ak anvi obeyi l'. Epi jan li te fè l' la, Bondye te pwoteje li. Seyè a pral fè menm bagay la pou timoun yo ki nan klas la.

KÒMANTÈ BIBLIK

Gen bon nouvèl ant leson dimanch pase a avèk sa jodi a: Noye te viv! Ant manda Bondye a ki se “antre nan lach la” (7:1) epi “soti nan lach la” (8:15) nou wè plizyè demonstrasyon lanmou Bondye, de mizèrikòd ak atansyon li yo.

Gen anpil pwen nan istwa sa kote rezilta yo ta kapab diferan. Kisa ki ta kapab pase si Depi nan kòmansman Bondye pat bay Noye plan yo pou fè lach la? Oubyen si Noye te pran pwojè lòt konstriksyon nan moman an? Epi si animal yo ta refize monte nan lach la? Epi si lach la ta genyen

filtrasyon epi te koule?

Gras ak Bondye, Noye te rete vivan! Apre ke li menm, mandanm li, pitit li yo, bèl fi li yo ak animal yo te antre nan lach la, Bondye te fèmen pòt la lè yo te fin antre (7:16). Ala yon panse tèlman trankil Noye avèk fanmi li yo te genyen, pou jou long fè nwa sa yo ki ta vini! Inondasyon ki te bale tout kreyati yo, sof pwason yo, animal ak moun yo ki nan lach yo.

Bondye te bay lach la kòm yon mwayen pou siviv. Byen pwoteje andedan li, Noye, fanmi li ak animal yo te chape anba destriksyon terib ki te frape zanmi ak vwazen li yo. Apre inondasyon an, lach la te pote yo al mete atè byen janti, lè li te poze sou mòn Ararat, epi plase yo fas ak yon nouvo lavi.

Se Bondye ki te ofri yo nouvo lavi sa ke yo te obeyi a.

Chapit 8 la kòmanse avèk mo: “Men, Bondye te vin sonje Noye”. Lè Bib la itilize tèm “li te sonje” an relasyon avèk Bondye, li esplike prewokipasyon li pou yon moun, li menm ki eksprime an aksyon lanmou.

Jijman Bondye sou pèp la te fini.

Kounye a yon peryòd redanmsyon te kòmanse.

Bondye te rekòmanse avèk yon fanmi ak yon kreyasyon ki sen. Li te etann gras li atravè kreyasyon li pa mwayen moun ki mache dwat ki vivan yo. Nan liy Noye a, te genyen Abraram, Izarak, Jakòb, Moyiz ak Jezi ki te vin soti.

Pita, mo “lach” te kontinye parèt nan relijyon jwif la. Bwat kontra a te kote senbòl prezans Bonye yo te konsève. An mezi ke li ta ansanm avèk izrayelit yo, yo ta anba pwoteksyon.

Nan kilti nou an, nou pale de moun yo ki antre nan “lach delivrans lan” lè yo aksepte Kris kòm Sovè yo. Lè nou antre nan “lach delivrans sa a”, Bondye delivre nou anba lanmò ak destriksyon ki akonpanye ak jijman li pou peche a.

Nan jou inestabilite ak peche sa yo, nou vle wè pitit nou yo pliskejamè viv nan mechanste ki antoure yo.

Bondye te bay “lach la” atravè Jezikris. Nou dwe anseye timoun yo ke Bondye renmen yo epi, sitou, gide yo pou yo antre nan lach delivrans lan, li menm ki se Jezikris, Sovè a.

Nan ki fason nou kapab bay pitit nou yo yon lach delivrans?

- ✘ Pa mwayen lekòl dominikal, lè kè kontan yo, Lekòl Biblik Vakans yo, elatriye.
- ✘ Atravè legliz la.
- ✘ Atravè zanmitay kretyen ak enfliyans kominote lafwa a.
- ✘ Atravè bon konsèy yo.

- ✕ Pa temwayaj kretyen mwen.
- ✕ Pa mwayen plizyè aktivite epi tan lib kretyen yo.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w'ke salklas la pwòp lè yo rive. Anvan w' antre nan tèm jodi a, repase de leson anvan yo byen vit epi mande elèv ou yo pou yo rakonte kòman Bondye te pwoteje ak ede yo pandan semèn nan.

Mo enpòtan yo: "Obeyi" ak "Peche"

Kache kat ki gen mo enpòtan yo nan sal la. Mande elèv yo pou chèche de mo enpòtan yo nan inite a: "obeyi" ak "peche".

Lè yo jwenn kat yo, li siyifikasyon obeyi ak peche. Poze kesyon ki gen pou wè ak sa. Ede timoun yo avèk flach sou leson pase yo.

1. Kimoun sa yo ki te popilè nan premye leson inite sa? (Kayen ak Abèl).
2. Kisa Kayen te fè? (Li te touye Abèl.). Èske li te peche oubyen obeyi? (li te peche).
3. Kisa Abèl te ofri bay Bondye? (Yon mouton). Èske li te peche oubyen obeyi? (li te obeyi.)
4. Kilès nonm sa ki te konstwi lach la? (Noye).
5. Kisa Noye te dwe fè? (Konstwi lach la).
6. Èske li te genyen enstriksyon sou kòman pou l' te fè lach la? (Wi, Bondye te ba l' enstriksyon yo).
7. Konbyen animal de chak li te dwe pote nan lach la? (De).
8. Kimoun ki te antre nan lach la avèk Noye? (Tout fanmi li).
9. Kisa ankò Noye te mete nan lach la? (Manje pou yo tout).
10. Èske Noye te obeyi? (Wi, li te obeyi).

Konte animal yo

Depi anvan klas la, koupe 2 jwèt kat an papye bristòl oubyen katon de 8 cm. x 8 cm. Ekri lèt alfabèt yo nan chak jwèt. Mete yo tout nan yon sachè oubyen yon panye.

Pandan klas la ap dewoule, mande timoun yo pou yo chita sou fòm yon sèk pou jwe nan "Lach, Lach" la.

Sou son rap ou kapab di: "Lach, Lach, konbyen animal ou genyen? Epi yo repete menm bagay la plizyè fwa, pandan sachè avèk lèt yo ap pase nan men timoun yo youn apre lòt. Lè w' sispann konte, timoun ki genyen sachè a ap pran yon lèt epi di pi fò kantite animal ki genyen non yo

kòmanse ak lèt sa. Egzanp avèk lèt c (k): koulèv, kakati, kwati, kochon, kayiman. An mezi sa, epi an silans, w'ap konte jiska 10. Ekri non chak animal nan tablo a, san repete. Apre sa kontinye chante: "Lach, Lach..." Kontinye si gen tan jiskaske chak timoun gen opòtinite pou patisipe.

Konte konbyen animal yo te site ki nan tablo a.

Di konsa: Trè byen, nou te sonje anpil animal. Panse avèk konbyen animal noye te oblije mete nan lach la, de nan chak. Pat genyen plis nan youn ke nan lòt yo.

Pliske lach la te tèlman gwo, gen moun ki panse ke te genyen plis oubyen mwens 45 000 animal. Men nou pa konnen li avèk sètitud. Se anpil animal! Istwa jodi a pale nou de kòman Bondye te sove Noye, fanmi li ak anpil animal.

ISTWA BIBLIK

Tablo: Noye ak lach la

Mande timoun yo pou yo kontinye travay nan tablo a epi al kole imaj yo pandan w'ap rakonte istwa a. (ou kapab pote kouran dlo ki tou prepare, dlo koulè ble syèl, tras plizyè animal, elatriye. pou timoun yo pentire, rekoupe ak kole nan tablo a, nan moman ki apwopriye a.). Poze kèk kesyon sou leson pase a epi ba yo tan pou ke yo kole chak pè animal yo).

--Noye di: --Ya, nou pare!

--Manm nan fanmi l yo te reponn:--Wi, nou fini!

Ansanm, Noye, madanm li, pitit ak bèl fi li yo te gade nan gwo lach la, kanpe nan tè sèch devan yo a. Kannòt la te pi gwo pase yon teren foutbòl. Noye ak fanmi li te pase 100 ane ap konstwi li. Finalman li te fini!

Yon lòt fwa ankò, Bondye te pale ak Noye.

--Sou sèt jou mwen pral voye lapli a. li gen pou l' fè lapli pandan 40 jou ak 40 nwit. Ou menm, madanm ou, 3 pitit ou yo avèk madanm yo pral antre nan lach la. Pote de animal nan chak epi mete yo nan lach la. Epi pote sèt pè animal pwòp (Ou kapab fè yon ti kanpe la nan istwa a epi eksplike sa ki te animal pwòp yo. Yo te animal ke Bondye te konsidere ki bon pou fè sakrifis pou li. Pliske yo ta dwe sèvi kòm animal sakrifis pou Bondye, konsa, te dwe genyen yon bon kantite animal pwòp).

Kontinye avèk istwa a

Noye te fè tout sa ke Bondye te mande l' fè. Pandan tout yon semèn, animal yo te rive epi Noye te fè yo antre. Ala yon tan ki te chaje ak travay sa te dwe ye! Nou kapab imajine nou de Noye, madanm li, pitit li yo ak madanm yo k'ap eseye ranje animal yo?

Elefan yo te dwe nan plas kote pou yo pat

kraze lòt ti animal piti yo, epi ti zwazo te bezwen espas pou yo te vole. Èske nou kapab imajine nou kantite bwi ki ta genyen? Epi ki kote yo ta mete zonrin yo?

Lè sèt jou yo te fin pase, yo te fin antre nan lach la. Bondye te fèmen pòt la avèk tout sekirite.

Li te vle pou yo tout te an sekirite epi sove, paske Depi menm jou sa lapli a ta kòmanse tonbe. Li pat janm konn fè lapli sou latè! Kounye a li pat sispann fè l'. Pandan 40 jou ak 40 nwit lapli a pat sispann. Dlo a te kòmanse monte epi monte (bay tan pou timoun yo kòmanse kouvri tablo a avèk kouran dlo ble syèl yo, retire imaj Noye a avèk fanmi li ak lach la. Plase dlo a sou rès moun yo, animal ak plant yo), chak fwa li te vin pi wo. Li te kòmanse kouvri plant yo, deja li te kouvri pye bwa yo, li te kouvri kay yo (rakonte istwa a nan yon fason ki dramatik), epi li te kòmanse kouvri mòn yo. Tout moun ak bèt yo te mouri! Sèl moun ki te vivan se te Noye, mandanm li, pitit li yo avèk bèlfi li yo, avèk animal yo epi kreyati lanmè ki te kapab viv nan dlo yo.

Lè 40 jou ak 40 nwit yo te fin pase, lapli a te sispann (mete lach la k'ap flote sou dlo a). Kounye a Bondye t'ap fè latè pare pou Noye, fanmi li ak animal yo ankò. Bondye te soufle van pou ke latè te seche.

Pandan plizyè mwa, dlo a t'ap bese. Noye te vle konnen kòman bagay yo ta prale. Nan kòmansman, li te voye yon kòbo (Mete imaj yon kòbo). Zwazo a te vole epi retounen, paske pat genyen plas ki sèch kote pou l' te fè nich li.

Pita, Noye te voye yon pijon (mete imaj yon pijon), sa se yon zwazo ki renmen mache atè. Men li te retounen byen vit jiskaprezan paske pat genyen tè sèch. Nan demen maten, Noye te voye pijon an yon lòt fwa ankò. Li te retounen ankò, men li te pote yon branch doliv nan bèk li (mete yon ti branch doliv nan bèk pijon an). Ala yon gwo nouvèl pou Noye ansanm avèk fanmi li! Dlo a te gentan nan ren pye bwa yo (mande kèk timoun pou yo retire yon pati nan dlo ki kouvri pye bwa yo).

Yon semèn pita, Noye te voye pijon an ankò. Men fwa sa a pijon an pat retounen. Noye te panse: "Tè a dwe sèch pou ke pijon an kapab mache". Èske Noye te ouvè pòt lach la? San dout, li te gen anpil anvè pou l' te fè sa. Yo te rete nan lach pandan prèske yon ane. Men Noye pat ouvè pòt lach la, men pito li te rete tann pou Bondye te ba li enstriksyon yo.

Finalman, bèl jou a te rive! Yon ane ak 10 jou depi ke Bondye te fèmen pòt la dèyè Noye, fanmi li ak animal yo, Bondye te pale avèk Noye fwa sa a.

"Soti nan lach la! Pran madanm ou, pitit ou yo ak madanm yo, ak tout bèt yo ansanm ak ou. Abite nan tè sa epi fè pitit. Mwen vle wè zwazo yo k'ap vole yon lòt fwa ankò ak bèt yo k'ap miltipliye".

Avèk lajwa, Noye, fanmi li ak tout bèt yo te obeyi Bondye. Pandan yo t'ap soti nan lach la, yo te kapab mache sou gazon ki fre epi vèt. Yo te kapab santi chalè solèy la, koute chan zwazo yo epi pran sant odè flè frèch yo. Bondye te pwoteje yo kont inondasyon an avèk anpil lanmou. Kounye a yo te kapab kòmanse yon nouvo lavi sou latè. Kè Noye te ranpli ak remèsiman, lanmou ak louwanj pou Bondye.

Di konsa: Bondye renmen tout moun ki nan mond lan. Kòman pou Seyè a ta vle pou moun yo ta di: "padone nou dèske nou mechan epi pou bagay ki mal nou fè yo, padone nou tanpri!" Si yo ta fè sa, Bondye t'ap sove yo chak epi ba yo opòtinite pou yo antre nan lach la, oubyen petèt li pa gen pou l' voye inondasyon an. Men, Noye se sèl moun ki te kwè epi obeyi Bondye.

Deside obeyi (modèl nan bwat sapat yo)

Remèt chak timoun yo yon bwat sapat, epi fè yo swiv enstriksyon yo ki nan liv Elèv la, leson 37. Sa se yon aktivite pou nou fè yon revizyon sou istwa jodi a. Dèske Noye te obeyi Bondye nan tout bagay, mande timoun yo:

Kòman nou kapab obeyi Bondye lakay nou, pandan n'ap jwe oubyen nan lekòl la?

"Mwen obeyi Bondye" (riban pou tèt la)

Depi anvan klas la, koupe ti lèz papyè ki mezire 60 cm. nan longè x 6 cm. nan lajè an papyè bristòl oubyen papyè koulè ki pwès epi klè. Yon ti filang pou chak timoun.

Nan klas la, ekri nan tablo a: "Mwen obeyi Bondye". Distribye ti bann papyè yo, kreyon koulè ak ti imaj pi yo oubyen etikèt yo, pou ke timoun yo ekri ladan yo: "Mwen obeyi Bondye". Apre sa, yo kapab kole imaj yo ladan yo epi dekore ti bann yo a. Lè yo fini, yo kapab mezire tèt yo epi relye de pwent ti bann nan avèk filang adezif la. San dout, y'ap bezwen èd ou.

Pandan timoun yo ap dekore bann yo a, mande yo:

1. Èske Noye te obeyi Bondye? (Wi).
2. Kisa li te fè pou l' te obeyi? (Li te koute Bondye, bati lach la, preche pèp la, rasanble animal yo).
3. Kisa nou dwe fè nou menm, si lòt yo dezobeyi Bondye? (Kontinye obeyi).
4. Kisa nou dwe fè si nou fè erè epi dezobeyi Bondye? (Repanti, epi mande Bondye pou li ede nou pou nou pa fè mal).

Di konsa: Sonje, chak moun (timoun) deside obeyi oubyen dezobeyi Bondye. Pèsòn pa kapab deside pou nou.

Pandan timoun yo ap fin dekore bann yo a, ou kapab ede yo mezire yo nan tèt yo epi mete bann adezif ladan yo oubyen relye de pwent zepeng. Yo kapab soti nan sal la avèk riban an nan tèt yo. Ankouraje yo pou yo rakonte fanmi ak zanmi yo istwa bibliik la ki pale de kòman Noye te obeyi Bondye.

Memorizasyon

Konpetisyon vèsè bibliik

Aprè plizyè repetisyon Danyèl 9: 9, divize gwoup la an 2 ekip epi mande yo pou yo fòme 2 ranje. (Li pi bon pou fè aktivite sa a nan yon lakou ki gen espas). Lè ou di “ya”, premye timoun nan chak ekip, ak kouwòn nan men, yo dwe kouri nan yon pwent pou rive nan yon lòt (mete yon endikasyon, tankou yon chèz), di tèks ki nan Danyèl 9: 9 la ak sit bibliik la ak yon vwa byen fò,

li dwe kouri tounen nan ekip li a, remèt pwochen timoun nan kouwòn nan epi youn aprè lòt. Mete anpil atansyon sou repetisyon tèks la. Ede timoun ki genyen pwoblèm yo.

Prete atansyon ak repetisyon tèks la. Ede sa ki gen pwoblèm yo.

Jwe jiskaske youn nan ekip yo---ganyan an--fini. Mete fen pandan n'ap repete vèsè bibliik la ansanm. Konsève bandwòl yo pou pwochen klas la.

Pou fini

Mande timoun yo: èske gen kèk moman li difisil pou nou obeyi?

(Ba yo tan pou yo reponn).

Si se konsa, ann priye pou ke Bondye ede yo sonje leson sa. Nou deside obeyi oubyen non; Seyè a se yon Bondye ki genyen tout pouvwa.

Ann priye: Bondye sen, ede chak timoun pou yo vin obeyisan fas ak pawòl ou epi fè tout sa ki fè w' plezi. Ankouraje yo priye youn pou lòt pandan semèn nan.

 **Nòt mwen yo:**

Bondye fè yon pwomès

Baz biblik: Jenèz 8:20-9:19

Objektif leson an: Ede timoun primè yo genyen sètitud ke lè Bondye fè yon pwomès, nou kapab sèten ke l'ap akonpli li.

Vèsè pou aprann: *Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen bon kè, ou konn padonnen (Danyèl 9:9a).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Mwen te yon timoun ki te gen privilèj paske mwen te konnen ke lè paran m' yo te pwomèt yon bagay, yo t'ap akonpli li, sèlman si yo pa ta kapab akòz de kèk sikonstans ki byen difisil. Vin veridik te yon pwen enpòtan nan fwaye nou, epi yo te mete sa an pratik ni manman, papa, tankou nou menm, pitit yo. Mwen santi tristès pou timoun sa yo ki toujou ap koute: "Mwen pwomèt ou li", pou apre sa yo dekouvri ke yo se pawòl san sans. Li konstwi yon baz ki byen fèb pou sa yo ki vle mete konfyans yo nan Bondye.

"Pwomès" se tèm leson an.

Pandan w'ap anseye dènye leson sa sou Noye, ou dwe konnen ke gen timoun nan gwoup ou a ki gen eksperyans nan sa ki rele pwomès ki pa akonpli yo byen. Menm si yon paran ki gen bon entansyon vyole pwomès li yo, pitit li yo pap kapab konprann li.

Pandan dewoulman leson sa a, fè timoun yo sonje ke Bondye diferan pase nenpòt lòt moun ki fè pwomès yo. Li se Bondye, epi pa genyen anyen ki limite li oubyen ki anpeche l' akonpli sa ke li te pwomèt. Li te kenbe pwomès ke li te fè Noye pou mil ane. Epi li te kenbe pwomès tou ke li te fè lèzòm yo. San gade sa timoun yo te eksperimante avèk pwomès ke yo te fè yo, yo kapab mete konfyans yo ke Bondye renmen yo tèlman ke l'ap toujou akonpli pwomès li yo, ni sa yo ke li te fè yo menm jan ak pa lòt moun yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Nan konklizyon istwa inondasyon an, nou wè ke Bondye te fè yon pwomès epi siyen yon kontra avèk Noye. Yon kontra se yon angajman ant Bondye ak moun yo. Bondye te kòmanse akò a epi li te defini siyifikasyon li tankou benediksyon yo. Nan yon pwomès, lèzòm te dakò avèk tèm yo epi pwomèt obeyi. Pafwa, kontra a konpare avèk yon alyans; menm si gen kèk diferans yo. Yon kontra se baz an relasyon entèpèsònèl yo epi li se yon

angajman nesèsè ak onètete ant de pati yo.

Pwomès Bondye yo pou Noye afekte nou tout jodi a menm jan. Li te pwomèt ke li pap janm madichonnen latè akòz de mechanste lòm ankò (8:21).

Menm si plant yo te kontinye viv anba inondasyon an, pa genyen dout ke pral genyen soufrans pandan tan sa. Men sa ki plis enpòtan se ke Bondye te pwomèt ke li pa ta janm detwi "lèzòm vivan" (v.21). Li te deklare entansyon li yo avèk bèl pwezi:

"An mezi latè egziste, simen ak rekòlte pap sispann, fredri ak chalè, prentan ak livè, jou ak lannwit" (v.22).

Bondye te pwomèt ke li pa ta janm voye lòt inondasyon ki tèlman destriktif sou latè. Pou motif sa, li te mete yon bagay nan syèl la pou ke nou te sonje li. Lakansyèl la se yon rapèl pou Noye, epi pou chak moun ki te viv apre li, de sa ke Bondye te pwomèt li. Li ta fè yo sonje Bondye menm. "Chak fwa m'a fè nwaj yo konmanse sanble, lakansyèl la va parèt nan syèl la. Lè sa a, m'a chonje kontra mwen te fè avèk nou ansanm avèk tout kalite bèt vivan yo. p'ap janm gen gwo inondasyon ankò ki pou detwi tout moun ak tout bèt k'ap viv sou latè" (9:14-15).

Pandan tan ki pase yo ant Noye avèk nou, Bondye te kenbe pwomès li a. Yon inondasyon pat janm detwi èt vivan yo ankò. Sa pa vle di ke Bondye inyore mechanste ke lèzòm kontinye komèt yo. Li pat pwomèt inondasyon, men pito dife pou pwochen fwa.

"Dapre menm pawòl Bondye a, syèl la ak tè a ki la koulye a ap tann dife a. Yo la ap tann jou jijman an, lè tout mechan yo va disparèt" (2 Pyè 3:7).

Istwa temwaye li, epi dezyèm vini an finalman ap pwouve sa ke nou menm kretyen yo konnen epi kwè: Bondye akonpli pwomès li yo.

"Pa kite renmen lajan pran nanm nou. Se pou nou kontan ak sa nou genyen. Paske Bondye te di:

- ✘ "Mwen p'ap janm vire do ba ou, mwen p'ap janm lage ou" (Ebre 13:5).
- ✘ "Men, Bondye ap toujou kenbe pawòl li. L'ap ban nou fòs, la pwoteje nou anba Satan" (2 Tesalonisyen 3:3).
- ✘ "Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an" (Jan 3:16).
- ✘ "Se konsa, Bondye ban nou pwomès li yo ki gwo anpil, ki gen anpil valè, pou nou kapab patisipe nan sa Bondye ye a, pou nou kapab chape anba koripsyon ki nan lemonn, akòz move lanvi ki nan kè moun" (2 Pyè 1:4).

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi asire w' ke salklas la pwòp lè yo rive. Ba yo yon bèl akolad byenvini, fè yo santi ke w' renmen yo. Di yo ke w' sonje non yo lè w' priye pou yo.

Mo enpòtan yo: "Obeyi" ak "Peche"

Depi anvan klas la, kache de kat nan sal la ki genyen mo enpòtan yo: "obeyi" ak "peche".

Yon fwa anplis repase siyifikasyon chak (ou kapab ekri l' nan tablo a li l' si w' genyen li ekri nan kèk afich ki nan mi an).

Lè timoun yo jwenn kat yo, mande pou yo tout chita oubyen fòme yon sèk kanpe.

Pase yon boul oubyen yon sachè ki plen avèk semans, de timoun an timoun. W'a deyò sèk la pa do.

Lè w' kòmanse bat men w', w'ap vire menm kote a epi timoun ki gen boul nan men l' lan ap reponn yon kesyon revizyon nan 2 dènye leson yo ki pale de Noye. Pa egzanp: Kimoun sa yo ki te antre nan lach la? Oubyen, kisa obeyi siyifi? Oubyen, èske Noye te fè peche oubyen obeyi? Si timoun nan byen reponn, l'ap soti nan sèk la epi kanpe ou oswa chita bò kote w' la pou ede w' aplodi. Ou kapab kontinye avèk jwèt revizyon an si gen tan.

Kimoun ki akonpli sa li pwomèt? (23 lèt ak de siy kesyon)

Anvan klas la, fè 23 liy pwen nan tablo a. Si ou vle, ou kapab mete yon lèt andedan chak mo.

Pa egzanp: _ _ K _ O _ _ L _ N _ A _ _ P _ I _ _ ?
(Kimoun ki akonpli sa ke li pwomèt la?) Mete siy kesyon an.

Nan klas la, divize gwoup la an 2 oubyen plis ekip. Kòmanse ak premye timoun ki nan premye ekip la. L'ap genyen pou l' di yon lèt alfabèt. Timoun ki genyen an ap jwenn 10 pwen, si gen plis pase yon lèt, l'ap genyen 50 pwen.

Après sa w'ap pase pou dezyèm nan epi konsa li dwe kontinye. Kontinye jiskaske yon timoun di yon lèt ki pa nan mesaj la. Pase nan pwochen ekip la epi kontinye timoun apre timoun jiskaske tèks la vin dekouvè. Apre sa, fè deba sou kesyon sa. Timoun yo pral pale de paran yo, antrenè yo, oubyen Bondye.

Mande: Kòman nou santi nou lè yon moun akonpli yon pwomès ke li te fè nou? Apre sa: Kòman nou santi nou lè yon moun pa akonpli yon pwomès ke li te fè nou?

Istwa jodi a se sou yon moun ki akonpli pwomès li. Moun sa se te Bondye. Koute kisa pwomès la te ye.

ISTWA BIBLIK

Yon ane ak dis jou se anpil tan.

Pandan tan sa nou genyen (site non jou ferye ou genyen nan peyi w' yo). Nou akonpli yon ane

an plis, nou pi gran, ann al lekòl, nou fini ane eskolè a, lè nowèl la rive, apre nouvo Ane a, nou soti an vakans. Tout sa epi pi plis bagay pase nan yon ane ak dis jou.

Noye avèk fanmi li te rete nan lach pandan tout tan sa. Yo te rete tann epi tann pou ke jou pou yo te soti nan lach la ta rive epi kòmanse yon lavi tounèf sou latè. Finalman, bèl jou sa te rive! Yon ane ak dis jou Depi ke Bondye te fèmen pòt lach la deyò Noye, fanmi li ak anpil animal ki te antre ladan li! Lè jou espesyal sa te rive, Bondye te pale avèk Noye epi di l' konsa:

"Soti nan lach la. Pran madanm ou, twa pitit ou yo: Sèm, Kam ak Jafè avèk madanm yo ak tout animal yo.

Soti nan lach la epi kòmanse viv sou latè".

Si w' te kite tablo a son dlo dimanch pase a, mande timoun yo pou yo mete imaj Noye, fanmi l' ak animal yo kounye a ankò, elatriye.

Avèk anpil plezi, Noye, fanmi li ak tout animal yo te obeyi Bondye.

Ann imajine nou ke yo te ansanm ak Noye pandan tout tan sa, Kisa ki ta plis ankouraje li vle tounen nan tè sèch ankò? (Kite timoun yo reponn).

Noye te konnen ke Bondye te gen pou akonpli pwomès li pou pwoteje l' kont inondasyon terrib la. Poutèt sa, kè l' te ranpli ak remèsiman ak louwanj anvè Bondye.

Premye bagay ke Noye te fè se te konstwi yon lotèl pou adore Bondye. Li te chèche wòch epi fè yon gwo pil (Timoun yo kapab desine epi kolore gwo wòch yo, pou ranje yo sou fòm lotèl. Lèt yo kapab desine bwa avèk dife epi pentire yo. Gen kèk ladan yo ki kapab desine epi pentire kèk mouton pou ofrann nan). Apre sa, li te touye kèk animal pwòp ak zwazo ke Bondye te detèmine ki ta pou ofri l' sakrifis. Noye te ofri yon sakrifis pou l' te demontre Bondye lanmou ak remèsiman li.

Bondye te kontan ak Noye epi di nan kè li:

"Toutotan latè a la, va gen yon lè pou plante, yon lè pou rekòlte, va gen sezon fredri ak sezon chalè, va gen sezon sèk, ak sezon lapli, va gen lajounen, va gen lannwit. Wi, toutotan latè a la, bagay sa yo p'ap janm sispann".

Konsa Bondye te di Noye konsa:

Mwen vle pou ou menm ak pitit ou yo ak madanm ou genyen anpil pitit. Mwen vle pou zwazo ak tout animal yo gen pitit. Yo dwe ranpli latè ankò. Depi kounye a, Noye, w'ap kapab manje vyann animal ak zwazo yo. W'ap kapab manje nan plant yo tou. Ou pap janm touye lòt moun. M'ap pini nenpòt moun ki touye lòt moun.

Epi Bondye te pwomèt Noye ak fanmi li ke pwomès pase a se te pou yo, ak jenerasyon ki ta

vini aprè yo. Sa tou se te pou animal yo ak zwazo yo ki te nan lach la.

An mezi w'ap rakonte istwa bibliik la, bay timoun yo chans pou yo plase lakansyèl plizyè koulè a nan tablo a, sou lach la epi sou lotèl wòch la. Yo kapab ti filang papyè, koupe an semi sèk ke yo menm yo te pentire. Yo kapab ajoute ti klere ladan li si yo vle.

An mezi Bondye t'ap pale a, menm kote a yon bèl siy te parèt nan syèl la, se te yon semi sèk avèk bèl koulè.

Pandan Noye ak fanmi li t'ap gade lakansyèl koulè yo, Bondye te di yo konsa: -Mwen p'ap janm bay tè a madichon ankò poutèt sa lèzòm fè, paske depi yo jenn, se move lide ase ki nan kè yo. Mwen p'ap janm detwi tout bèt vivan yo ankò, jan mwen sot fè l' la. M'ap mete lakansyèl mwen nan syèl la. Men siy m'ap ban nou pou kontra mwen pase ak latè a. Chak fwa m'a fè nwaj yo konmanse sanble, lakansyèl la va parèt nan syèl la. Lè sa a, m'a chonje kontra mwen te fè avèk nou ansanm avèk tout kalite bèt vivan yo. p'ap janm gen gwo inondasyon ankò ki pou detwi tout moun ak tout bèt k'ap viv sou latè.

Noye te kwè nan pwomès Bondye a. Li te akonpli pwomès li te fè l' la. Li te pwoteje Noye ak fanmi li. Li te pran swen lach la pou l' te flote epi li pat inonde. Li te pran swen pou ke moun yo ak animal yo pat pè. Èske nou imajine nou si animal yo te kòmanse ponpe andedan lach la? Bondye te pran swen chak detay. Li te pran swen plant yo, li te pèmèt ke van te leve pou seche latè. Bondye te pwoteje yo, jiskaske yon jou li te di yo pou yo te soti nan lach la. San dout, Noye te kapab kontinye mete konfyans li ke Bondye ta akonpli tout pwomès li yo.

AKTIVITE YO

Revizyon "lakansyèl"

Depi anvan klas la, ekri plizyè kesyon nan ti moso papyè oubyen papyè bristòl de diferan koulè. Itilize koulè ki klè k'ap reprezante lakansyèl la.

Mete ti papyè ak kesyon yo nan yon anvlòp oubyen bwat ke timoun yo kapab wè koulè yo.

Aprè sa, rele kèk volontè pou ke yo retire chak ti papyè epi li kesyon yo pran yo pou rès klas la.

1. Kòman kannòt Noye a te rele? (Lach).
2. Kisa Noye te bati lè li te soti nan lach la? (Yon lotèl).
3. Poukisa Noye te bati yon lotèl? (Pou adore Bondye epi di li mèsi dèske li te kenbe pwomès li yo).
4. Kòman Bondye te santi l' ak ofrann Noye a? (Kontan).

5. Kisa bondye te di Noye, pitit li yo ak bèl fi li yo? (Ke yo te dwe genyen anpil pitit pou yo ranpli latè).

6. Kisa moun yo te kapab manje? (Vyann ak vejetal yo).

7. Kisa ki te pwomès Bondye a? (Pa t'ap genyen inondasyon ankò).

8. Ki pwomès Bondye te ba yo pou yo te sonje pwomès li a? (Lakansyèl ki gen plizyè koulè yo).

9. Ki non madanm Noye a? (Antrenè a pa di l').

10. Kimoun ki sonje non pitit Noye yo? (Sèm, Kam, Jafè).

Mobil: Lakansyèl ak pwomès

Gide timoun yo nan konfeksyon mobil liv Elèv la, leson 38. Atizana sa ap ede yo sonje pwomès Bondye pou tout limanite.

Di yo pou yo rakonte lakay yo bèl istwa sou obeyisans Noye, pandan y'ap fè konprann ke Bondye toujou kenbe pwomès li yo lè moun yo renmen ak obeyi li.

Memorizasyon

Konpetisyon vèsè bibliik la

Aprè plizyè repetisyon sou Danyèl 9:9, divize gwoup la fè 2 ekip epi mande yo pou yo fòme de liy. (Li pi bon pou aktivite sa fèt nan yon lakou ki ouvè). Lè w' di: "ya", premye timoun nan chak ekip, avèk bandwòl la nan men yo dwe kouri rive jouk nan lòt pwent la (plase yon endikasyon, tankou yon chèz) epi di vèsè bibliik ki nan Danyèl 9:9 la byen fò ak sit la tou.

Aprè sa l'ap kouri tounen rive jouk kote ekip li a ye a, l'ap remèt bandwòl la bay pwochen timoun nan epi kontinye konsa. Byen obsève konpetisyon vèsè a. Ede sa ki genyen pwoblèm yo.

Jwe jiskaske yon jwè nan ekip yo genyen. Mete fen pandan yo tout ap repete vèsè bibliik la ansanm. Konsève bandwòl yo pou lòt opòtinite ke sesyon leson sa yo anseye.

Pou fini

Prepare davans yon aktivite remèsiman pou Bondye pou pwomès li yo, se kapab yon moman de reyinyon avèk paran timoun yo. Prepare timoun yo pou ke yo rakonte tout istwa lavi Noye. Se pou timoun yo rakonte paran yo sa ke yo te aprann nan inite sa.

Nou tout kapab di Bondye mèsi paske li toujou kenbe pwomès li yo, epi aprè sa, nou kapab pran yon ti kolasyon ki te planifye Depi davans pou nou pataje ansanm timoun yo avèk paran yo.

Ou kapab mete ladan li: plizyè ti moso salami, fwomaj, hotdòg, bonbon ak fwi. Dlo oubyen lèt.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite X

SÈVITÈ FIDÈL BONDYE YO

Baz biblik: Rit 1-2; Rit 3-4; 1 Samyèl 1:1–2:11,18-21; 1 Samyèl 2:12-17, 22-26; 3

Tèks inite a: *Gen krentif pou Seyè a. Sèvi l' tout bon ak tout kè nou. Chonje tout bèl bagay sa yo li fè pou nou (1 Samyèl 12:24).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✗ Devlope yon lespri sèvis anvè Bondye.
- ✗ Aprann ke Bondye vle pou nou vin sèvitè ki fidèl anvè li.
- ✗ Konprann ke Bondye sèvi ak sèvant e sèvitè fidèl yo pou akonpli plan li yo sou latè.
- ✗ Dekouvri bèl egzanp sèvitè fidèl yo nan Bib la.

Leson inite a

Leson 39: Rit, yon sèvant ki fidèl

Leson 40: Bòz, yon sèvitè ki fidèl

Leson 41: Àn, yon sèvant ki fidèl

Leson 42: Samyèl, yon sèvitè ki fidèl

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Inite sa prezante opòtinite pou jistifye egzanp biblik ki byen ilistre yo, ke Bondye bay valè nan yon fason ki espesyal a moun ki sèvi l' avèk fidelite yo. Epi se pa sèlman sa, men tou byen konsidere moun sa yo ki reve wè nesosite lòt yo epi fè sa ki posib pou satisfè yo.

Leson sa yo tou bay posiblite ke timoun primè yo kapab konpare ant egoyis mond lan avèk atitid sèvis ke Seyè a mande nou an.

Ede yo konprann ke moun ki fòse yo pou sèvi lòt yo, se Bondye y'ap sèvi an reyalite, epi sa bay kòm rekonpans, bon renome pami zanmi yo ak lajwa nan kè.

Rit, yon sèvant ki fidèl

Baz biblik: Rit 1, 2

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo aprann ke Bondye vle pou yo vin sèvitè ki fidèl.

Vèsè pou aprann: *Gen krentif pou Seyè a. Sèvi l' tout bon ak tout kè nou. Chonje tout bèl bagay sa yo li fè pou nou* (1 Samyèl 12:24).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Se tout kote nou jwenn ke pi fò timoun nan laj sa yo renmen rann sèvis. Se nan etap sa menm nan kwasans yo ke yo vle ede lòt moun epi, se poutèt sa, li pa etranj pou yo ofri tèt yo kòm volontè pou ranje chèz yo nan sal la, efase tablo oubyen distribye kreyon koulè bay konpayèl yo.

Timoun primè yo santi yo gen valè epi jwenn apresyasyon lè yo kontribye nan aktivite chak jou yo.

Elèv ou yo santi nesesite pou kolabore pou yo amelyore antouraj yo, yo vle demontre ke yo di de konfyans pou yo resevwa responsablite yo. Nan kèk sans, yo kòmanse devlope kapasite yo pou yo vin sèvitè fidèl. Leson sa ap ede yo konprann siyifikasyon vin yon sèvitè fidèl devan Bondye.

Malerezman, li pwobab tou pou ke genyen kèk manm nan gwoup ou a ki santi yo desi pa yon moun ki pat akonpli pwomès yo oubyen ba yo manti. Sepandan, atravè etid lesan sa, y'ap aprann ke Bondye toujou rete fidèl epi bon pou nou fè konfyans.

Fè yo sonje ke Seyè a toujou akonpli pwomès li yo epi vle ke nou menm tou nou rete fidèl. Itilize opòtinite sa pou ede elèv ou yo konprann ke Bondye vle itilize fidelite li pou beni lòt moun.

KÒMANTÈ BIBLIK

Liv Rit la se yon ouvraj enpòtan nan literati ebre a, men se pa sèlman sa, men pito ke tou se yon bèl egzanj nan fòm ke Bondye travay atravè moun ki fidèl avèk li yo.

Menm si ke sou yon koudèy tou senp, liv sa ta sanble mete aksan sou lavi de fanm, an reyalyte se yon revelasyon sou pouvwa Bondye k'ap aji atravè lavi yon sèvant ki fidèl.

Premye senk vèsè yo rakonte nou atmosfè yon sityasyon dramatik. Yon kriz mennen yon lòt epi tout bagay sanble pèdi ak san espwa. Sepandan, andedan yon sityasyon ki atwòs pou de medam sa yo, Bondye demontre pwoteksyon ak mizèrikòd li nan yon fason ki mèveye.

Rit reponn pwoteksyon Bondye a avèk fidelite e obeyisans, epi se pou rezon sa a ke Seyè a te chwazi

li, se pa sèlman pou li te yon egzanj nan lafwa ak onètete, men tou pou fè pati pye bwa jeneyaloji Sovè nou an Jezikris.

DEVLOPMAN LESON AN

Resevwa elèv ou yo avèk anpil afeksyon epi di timoun ki vin asiste pou premye fwa yo byenvini. Kòmanse klas la ak yon kantik louwanj epi prepare yo pou yo koute verite biblik la pandan y'ap sèvi ak aktivite sa yo.

Pawòl fidelite yo

Depi anvan klas la, trase kontou tout lèt alfabèt yo nan yon papye bristòl epi rekoupe yo. Ekri mo fidelite la de fwa tou epi rekoupe l'.

Melanje tout lèt yo epi mete yo nan yon ti kobèy oubyen panye. Apre sa divize klas la fè 2 ekip epi remèt yo yon papye bristòl ak lakòl. Mande pou chak ekip chèche lèt ki fòm mo fidelite yo epi kole yo nan pati anlè papye bristòl ki kòresponn nan.

Ekip ki fini anvan an se li menm ki genyen epi l'ap kapab chwazi yon aktivite rekreyatif pou li jwe nan fen klas la.

Kisa fidelite a ye?

Pou aktivite sa a w'ap bezwen: magazin, papye jounal (jounal) ki sèvi deja, sizo, kreyon koulè ak lakòl.

Pèmèt ke elèv ou yo regwoupe yo, an ekip, se pou yo chèche nan magazin yo oubyen jounal yo kèk imaj oubyen pawòl ki reprezante fidelite epi kole yo nan papye bristòl la, anba mo yo te plase nan premye aktivite yo. Pa egzanj: yon timoun k'ap ede yon granmoun, yon fanm k'ap bay pitit li manje, elatriye.

Lè toulede ekip yo fini, mande yo pou yo eksplike sa yo genyen andedan travay yo a epi sèvi ak repons yo kòm baz pou w' kòmanse istwa biblik jodi a.

ISTWA BIBLIK

Rasanble elèv ou yo pou yo koute istwa biblik la epi di yo ke chak fwa ke, pandan kont lan, se pou yo koute pawòl "Rit" bat yon bravo epi lè yo koute pawòl "Nawomi" bat de bravo.

Rit, yon sèvant ki fidèl

Sa fè anpil tan, lè pèp Bondye a te anba gouvènman jij yo epi se pat anba dominasyon wa yo, te genyen anpil grangou nan peyi Izrayèl. Moun yo pat genyen ase manje. Pou rezon sa a, Elimelèk, madanm li Nawomi (de bravo) avèk de pitit gason li yo t'al viv yon kote byen lwen ki rele Moab.

Kòman tan an te pase, Elimelèk te mouri epi pitit li yo te grandi epi marye avèk fanm moabit yo: Rit (yon bravo) ak Ôpa. Dizan aprè, pitit Nawomi yo (de bravo, elatriye.) yo te mouri tou.

Nawomi te byen tris paske li te lage poukont li nan yon peyi etranje, lwen fwaye li.

--Nawomi te di Rit ak ôpa konsa: --M'ap retounen nan peyi m'; mwen pran nouvel ke Bondye beni

Izrayèl epi kounye a gen manje.

--Bèl fi li yo reponn:--Nou prale avèk ou.

Nawomi di bèlfi li yo konsa: --Pito nou tounen lakay nou al jwenn manman nou. Mwen mande Seyè a pou l' aji byen ak nou menm jan nou te aji byen avè m' ansanm ak defen yo.

Nawomi te apwoche pou l' te ba yo yon bo anvan yo ale epi se konsa yo tout te pete rèl kriye avèk tristès.

Après sa, Opa bo bèlmè li a, li di l' orevwa, epi li al jwenn fanmi li. Men, Rit menm te refize kite l'. Naomi di l' konsa: -Rit machè! Gade bèlsè ou la! Li tounen li al jwenn moun li yo ansanm ak bondye l'ap sèvi yo. Fè menm jan an tou. Tounen ansanm avè l' non! Men, Rit reponn: -Pa fòse m' kite ou! Tanpri, kite m' ale avè ou. Kote ou prale, mwen prale avè ou. Kote ou rete, m'a rete avè ou. Se moun pa ou yo ki va moun pa m'. Bondye w'ap sèvi a, se li m'a sèvi tou.

Kote w'a mouri a, se la m'a mouri tou.

Lè Nawomi wè Rit te soti vre pou ale avè l', li pa di l' anyen ankò.

De medam yo te pran wout pou peyi Izrayèl epi yo te rive nan Bètleyèm ansanm ak moman rekòt la. Lè kiltivatè yo te konn keyi grenn epi ranmase yo, yon pati nan grenn yo te konn tonbe atè. Bondye te bay izrayelit yo lòd pou yo te kite grenn ki te konn tonbe atè yo. Yo te dwe kite yo pou moun pòv yo te vin ranmase epi ganyen manje pou yo manje. Se sa ke Rit te fè. Li t'ap mache dèyè kiltivatè yo pou ranmase grenn ki te tonbe a.

Li te yon fanm ki te konn travay epi li pat sispann pou li repoze. Li te konnen ke si l' pat travay, Nawomi avèk li pa ta genyen anyen pou yo manje.

Pandan ke Rit t'ap travay san pran souf, Bòz, mèt jaden an t'ap kontwole rekòt la.

Bòz mande kontwòlè a: -Ki jenn ti madanm sa a?

Nonm lan reponn: -Se yon fi moun lòt peyi li ye. Li travay san pran souf pandan tout jounen an.

Bòz te apwoche kote Rit t'ap travay la epi li di l' konsa:

--Ou pa bezwen ale nan lòt jaden pou ranmase tèt lòj. Ou mèt rete nan jaden sa a, bò medam yo ki isit la.

Gade tout kote y'ap travay nan jaden an, fè dèyè yo, rete ak yo. Mwen bay mesye m' yo lòd pou yo pa anbete ou. -Poukisa w'ap bay kò ou tout traka sa a pou mwen? Poukisa w'ap fè tout bagay sa a pou yon moun ki pa menm ras avè ou?

--Bòz reponn li: -Yo di m' tou sa ou te fè pou bèlmè ou depi mari ou mouri a.

Lè Rit te retounan lakay nan sware sa, li te pale ak Nawomi sou tout grenn li te ranmase yo ak bonte mèt jaden an anvè li.

Nawomi te reponn li:--Bòz se fanmi avèk mari m' wi.

Mwen kontan anpil paske li te byen sèvi avèk ou, konsa ou pa bezwen pè travay nan jaden li, l'ap

pwoteje w'.

Rit te obeyi bèlmè li, li te kontinye ranmase grenn tou pre sèvitè Bòz yo. Li te travay nan jaden an jiskaske rekòt la te pran fen. Nan fason sa li te rive konsève yon gran kantite grenn pou asire ase manje pou li ak bèlmè li.

AKTIVITE YO

Mobil: Mwen kapab fidèl ak Bondye!

Pou aktivite sa, w'ap bezwen: kreyon koulè, sizo, lakòl, ti bwa plat (twal oubyen lèn) ak pens.

Anvan klas la, koupe yon pyès ki bwa plat de 30 cm. epi kat pyès de 15 cm. pou chak timoun.

Distribue bay elèv ou yo paj aktivite yo ki nan liv Elèv la, leson 39, epi mande yo pou yo swiv enstriksyon yo pou yo monte mobil la. Ba yo tan pou yo pentire imaj yo pandan y'ap repase kontni leson an. Yon fwa ke timoun yo te fin pentire imaj yo, ba yo sizo pou yo koupe chak seksyon travay manyèl la. Ede yo fouye twou yo pou yo lye mobil la pandan y'ap swiv enstriksyon yo.

Dirije atansyon timoun yo nan pati ki dèyè imaj mobil la epi di yo konsa: Yo di la a "Mwen kapab fidèl avèk Bondye", nan ki fason nou kapab montre fidelite nou anvè Bondye? (Pandan n'ap asiste nan legliz la, priye, obeyi paran nou yo).

Si tan ak espas la pèmèt li, prepare yon ekspozisyon byen senp pou ke paran yo obsève travay ke pitit yo te fè pandan klas la.

Yon sipòtè fidèl

Distribue bay timoun primè yo moso papyè ki tou koupe sou fòm rektang ak kreyon koulè yo.

Eksplike yo ke nan chak moso papyè yo dwe ekri yon fason ke yo vle montre fidelite yo anvè Bondye devan paran yo pandan semèn nan, pa egzanp: li Labib chak jou, ede ti frè m' nan avèk devwa li, ranmase fatra, priye pou moun ki malad yo, elatriye.

Li enpòtan pou elèv ou yo konsantre yo nan de oubyen twa aktivite yo, okontrè y'ap santi yo angaje twòp epi fayi nan akonplisman pwomès yo.

Priye mande Bondye pou li ede nou vin sèvitè ki fidèl pandan semèn nan.

Memorizasyon

Depi anvan klas la, ekri vèsè memwa a nan yon papyè bristol epi koupe l' fè plizyè moso devinèt.

Pandan dewoulman klas la, pèmèt ke elèv ou yo vire pou yo monte devinèt yo epi li vèsè bibliik la byen fò. Rejistre tan chak timoun pandan y'ap ranje tèks la, ankouraje yo fè l' pi vit chak semèn.

Pou fini

Repase mo enpòtan inite sa (fidelite) epi chante kèk kè chan louwanj anvan nou ale. Fè elèv ou yo sonje ke nan pwochen klas y'ap kontinye etidye sou kòman yo kapab vin fidèl ak Bondye epi ankouraje yo toujou vin asiste alè.

Bòz, yon sèvitè ki fidèl

Baz bibliik: Rit 3-4

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo aprann ke Bondye itilize sèvitè ki fidèl yo pou akonpli plan li yo sou latè.

Vèsè pou aprann: *Gen krentif pou Seyè a. Sèvi l' tout bon ak tout kè nou. Chonje tout bèl bagay sa yo li fè pou nou* (1 Samyèl 12:24).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo konsyan ke yo depann de atansyon paran yo. Yo konnen y'ap chèche manje pou yo, rad ak kay ki kouvri yo a. Li posib pou pi fò nan elèv ou yo ap viv nan yon fwaye kote yo santi yo asire, gras avèk lanmou ak atansyon paran yo. Sepandan, nan lòt ka yo, li pa konsa, genyen kèk nan elèv ou yo k'ap soufri paske paran yo pa akonpli responsablite yo jan sa ta dwe ye. Li pi fasil pou nou pale ak yo sou atansyon Bondye a avèk sètitud. Se sa ki fè, li enpòtan pou klas ou a avèk lesan ke timoun yo ap resevwa nan legliz la, se yon mwayen ki itilize pou montre timoun sa yo ke li pran swen yo.

Itilize istwa Bòz la pou w' anseye timoun yo ke Bondye bezwen sèvitè ki fidèl ak obeyisan, ki pare pou sèvi enstriman benediksyon pou frè parèy yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Lè nou li premye chapit istwa Rit yo, atansyon ak pwovizyon Bondye a klè avèk fanm sa e bèlmè li. Sepandan, preokipasyon Nawomi pou avni jèn bèlfi li a parèt nan chapit twa a. Depi nan epòk okipasyon an, Jozye te distribye tè bay douz branch fanmi Izrayèl yo. Sepandan, pat genyen yon sèl menm ki te mèt tè a, paske li te fè pati eritaj fanmi an. Nan Levitik 25:23 Bondye te di konsa: "Yon tè pa fèt pou vann pou tout tan, paske tè a pa pou nou, se pou mwen li ye. Nou menm, nou tankou moun lòt peyi ki rete lakay mwen: mwen ban nou dwa sèvi sou tè a".

Pòsyon sa a nan Pawòl la detaye ban nou byen klè enstriksyon ki nesèsè yo pou posede, vann oubyen rekipere yon byen. Si moun nan te bezwen vann byen an (Rit 4:3), li te oglijasyon ak devwa pou paran ki pi pwòch la te achte li pou l' te kapab kontinye rete pou fanmi an.

Nawomi te konnen ke Bòz te fanmi pwòch li epi vle pou l' te pran responsablite li, se pat sèlman sou tè a, men tou sou Rit, kòm sa mansyone nan

Detewonòm 25:5-10.

Lonètete ak angajman Rit te dirab pandan li t'ap swiv enstriksyon bèlmè li. Sepandan, Bòz te vin konvèti an figi santral chapit 4 la. Li te fè bagay ke menm Rit ak Nawomi pa t'ap kapab fè pou tèt yo: li te pran desizyon an (4:1); li te rekipere byen an (4:8-9); li te restore non medam sa yo (4:9-10); li te fè pwovizyon pou avni yo (4:14-15).

Bòz te kontinye ak tout pwosesis legal ak relijye nesèsè yo pou ede Rit ak bèlmè li. Li te obeyisan epi akonpli volonte Bondye lè li te pran Rit pou madanm li epi vin fè pati fanmi wa David.

Chante plizyè kè chan lajwa ansanm avèk elèv ou yo pou nou louwe Bondye anvan kòmansman etid lesan bibliik la.

Priye youn pou lòt epi ranmase ofrann nan. Aprè sa, fè yon revizyon byen brèf sou lesan anvan an pou ke timoun yo kapab relye pèsonaj yo avèk istwa jodi a.

DEVLOPMAN LESAN AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou lesan sa a depi davans epi pare sal klas ou a anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo epi pran kowòdone yo pou w' kapab kontakte yo pandan semèn nan.

Atansyon ki plen lanmou

W'ap bezwen pou aktivite sa, yon ti plant oubyen fotografi yon animal.

Montre elèv ou yo plant lan oubyen ilustrasyon epi esplike yo ke yo se bèt vivan ki bezwen atansyon espesyal pou yo viv. Pèmèt ke yo patisipe nan bay opinyon sou kòman pou nou pran swen plant oswa animal yo. Pa egzanp: yon plant bezwen dlo ak limyè solèy la, epi yon ti pwason bezwen yon kote ki espesyal pou l' viv, manje ak dlo pwòp pou l' respire.

Mande yo: Kisa ki ta pase si m' bliye pran swen plant oubyen ti animal mwen an? (Yo ta kapab malad oubyen mouri).

Après sa, fè tranzisyon an vè istwa bibliik la pandan w'ap di yo konsa: Menm jan avèk ti plant mwen an (oubyen animal) bezwen yon swen espesyal, nou menm tou nou bezwen atansyon. Istwa bibliik nou an jodi a pale nou de yon nonm ki rele Bòz, li menm ki te yon sèvitè fidèl, Bondye te itilize li pou pran swen Rit ak Nawomi.

ISTWA BIBLIK

Fabrike plizyè maryonèt senp ki reprezante Nawomi, Rit ak Bòz pou ilistre istwa a. Fè yo pandan w'ap itilize ba (chosèt) oubyen sachè an papyè epi dekore yo avèk materyèl ki modènize. Si w' vle, prepare yon sèn avèk bwat katon, aprè

w'ap kapab itilize li pou pwochen reprezantasyon yo. Mande pou yon granmoun ede w' jwe wòl youn nan pèsonaj yo.

Bòz ede Rit

Lavi Rit ak Nawomi pat menm jan ak anvan ankò. Gras ak Bondye kounye a yo te genyen pwovizyon manje epi yo t'ap viv yon kote ki asire. Chak jou Rit te konn ale nan jaden yon nonm ki te rele Bòz pou ranmase grenn. Rit te trè janti anvè Naomi, li te pèmèt li manje ak medam ki t'ap travay pou li yo epi li te asire li ke tout travayè li yo te kite grenn ase pou ke Rit te ranmase li.

Rit avèk Nawomi te trè rekonesan anvè Bondye dèske li te fè yo jwenn ak yon moun tankou Bòz ki te pou ede yo.

Sepandan, te genyen yon bagay ki te prewokipe Nawomi. Rit te yon fi ki te trè jèn epi li te bezwen yon mari ki te pou renmen ak pwoteje li, ki ta ba l' posiblite pou l' genyen pwòp fanmi li.

Yon jou Nawomi te pale avèk Rit epi li te di l' konsa:

--Mwen vle sa ki bon pou ou, mwen ta renmen pou w' fòme pwòp fanmi pa ou. Bòz se yon paran ki pwòch nan fanmi nou. Aswè a, yo pral vannen lòj nan depo l' la, konsa ou dwe al wè li. Mwen va di w' sa ke w' dwe fè.

Rit te abiye avèk pi bon rad li a epi l' ale chèche Bòz. Li te rete tann jiskaske Bòz t'al repoze.

Lè yo te poukont yo, Rit di l' konsa:

---ou se pwotektè fanmi nou, tanpri, mwen ta renmen pou w' responsab mwen, pandan w'ap marye avèk mwen.

--Bòz te reponn li: --Ou pa bezwen pè, m'ap pran w' sou responsablite mwen paske mwen se paran w' epi tout moun deja konnen ke w' se yon bon fi. Men ou genyen lòt paran ki plis pwòch. Mwen pral pale avèk li demen maten. Si li vle ede w', se va trè byen. Men si se kontrè a, m'ap marye ak ou epi m'ap pwoteje w'.

Nan demen maten, Bòz te pale avèk lòt paran an. Li te reyini avèk li ak dis granmoun gason nan pòtay lavil la epi li te mande nonm nan si l' te vle achte tè ki te pou Nawomi an epi marye avèk Rit.

--Paran pwòch la te reponn: --Mwen pa vle ni achte tè a ni marye avèk bèlfi Nawomi an.

Nan tan sa a, nan peyi Izrayèl, lè yon moun pase dwa li genyen pou achte osinon pou twoke yon tè bay yon lòt moun, men sa yo te konn fè: Moun ki te gen dwa a wete yon grenn sapat nan pye l', li bay lòt moun lan li.

---Lè sa a, Bòz di chèf fanmi yo ak lòt moun yo ki te la a: -Nou tout nou temwen, pa vre! Jodi a, yo ban m' dwa achte nan men Naomi tou sa ki te pou Elimelèk ak de pitit gason l' yo, Maklon ak Kiljon.

An menm tan tou, yo ban m' dwa pran Rit, vè

Maklon an, pou madanm mwen. Konsa, tè a va rete nan fanmi defen an.

Finalman, Rit avèk Bòz te marye. Yon tan aprè yo te genyen yon bèl bebe ki te pote non Obèd.

Tout moun te byen kontan pou nesans timoun nan.

Lè Obèd te grandi, li te genyen plizyè pitit epi aprè sa anpil pitit pitit. Youn nan pitit pitit li sa yo te touye yon gwo zotobre ki rele Golyat. Se te wa David, li menm ki te soti nan branch fanmi Rit avèk Bòz.

Anpil, anpil ane aprè, yon lòt bebe te fèt ki te soti nan branch fanmi Rit avèk Bòz tou. Bebe sa tou te fèt nan Bètleyèm epi li te dòmi nan yon krèch.

Bondye te rekonsan fidelite Rit avèk Bòz lè li te pèmèt yo vin fè pati fanmi wa David la, men sitou, Seyè Jezi a.

Istwa Rit avèk Bòz la

Ou bezwen: Rad ki senp oubyen twal ke yo kapab itilize pou yo kouvri, grenn mayi ak ble, yon nounous ak yon tapi.

Chèche degizman yo epi pèmèt ke timoun yo jwe kèk nan sèn yo osijè de istwa bibliik la: 1. Nawomi te di Rit ke li dwe chèche Bòz; 2. Rit pale avèk Bòz epi li ba l' grenn pou l' pote lakay li; 3. Bòz te pale avèk ansyen yo nan pòtay lavil la; 4. Rit avèk Bòz marye; 5. Nawomi pran swen bebe Obèd.

Kat anime

Mande pou timoun yo ouvè liv Elèv la nan aktivite ki nan leson 40 lan epi ekri non yo nan liy ki make a. Ba yo tan ase pou ke yo swiv enstriksyon nan liv la epi fabrike kat anime yo a.

Di yo pou yo pote kat la lakay yo epi rakonte paran yo sa yo te aprann nan leson jodi a.

Memorizasyon

Itilize devinèt ke w' te fabrike nan klas pase a pou w' repase vèsè bibliik la.

Depi anvan ke elèv yo rive, sere pyès yo nan plizyè pati diferan nan sal la. Pèmèt ke timoun yo chèche pyès yo epi monte tèks la. Apre sa, yo tout kapab repete vèsè memwa a sou fòm koral. Si gen volontè ki te gentan aprann tèks la de memwa, mande pou l' di li. Kòm prim, y'ap resevwa bravo nan rès timoun yo.

Pou fini

Repete vèsè pou aprann nan byen fò epi fè yo sonje mo enpòtan pou inite sa: "Fidelite".

Fòme yon sèk, men nan men epi la menm mennen yo nan lapriyè. Mete fen ak klas la pandan n'ap chante yon chan louwanj ki pale sou fidelite Bondye.

Pa bliye remèt yo travay ke yo te fè pandan klas la pou ke yo kapab rakonte zanmi ak fanmi yo sa yo te aprann nan klas sa.

Àn, yon sèvant ki fidèl

Baz biblik: 1 Samyèl 1:1-2:11, 18-21

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo aprann mete konfyans yo nan fidelite Bondye epi ogmante anvi yo pou priye.

Vèsè pou aprann: *Gen krentif pou Seyè a. Sèvi l' tout bon ak tout kè nou. Chonje tout bèl bagay sa yo li fè pou nou* (1 Samyèl 12:24).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun ki nan laj preskolè ki konn toujou asiste nan legliz la oubyen fè pati fanmi kreyèn nan, vin abitye ak lapriyè a pi plis chak jou. Pou yo menm, priye a se yon bagay ki trè senp, sèl bagay yo dwe fè se pale ak Jezi. Byen souvan nou kapab koute yo k'ap di Bondye mèsi pou ti animal yo, jwèt yo epi mande Bondye pwoteksyon pou paran yo pandan y'ap travay.

Timoun yo konnen ke yo genyen yon liy kominikasyon byen dirèk avèk Bondye epi yo kapab konte sou li nenpòt kote. Leson sa ap ede yo ranfòse sa ke yo te deja aprann atravè tan sou lapriyè. L'ap ede nouvo konvèti yo konprann ak konfyè yo ke Bondye koute ak reponn nou lè nou priye.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li 1 Samyèl 1:1-2, 18-21. Premye avèk dezyèm liv Samyè la rakonte nou istwa Izrayèl, Depi nan okipasyon Jozye rive jouk nan envazyon Babilòn nan.

Yo pale nou de yon Bondye mèvèye epi sen, li menm ki travay atravè sèvitè l' yo ak sikonstans yo pou akonpli objektif li a. Nan menm fason an yo te pwoklame prezans ak fidelite Bondye nan istwa pèp li a.

Nan kòmansman istwa jodi a, Àn t'ap viv avèk yon santiman fristrasyon, triste ak tò. Pat ka fè pitit nan sosyete jwif la te plen yon fanm ak lawont. Ti gason yo te enpòtan pou konsève non fanmi an epi bay paran yo sekirite lè yo fin granmoun aje. Anplis de sa, mari a te genyen dwa legal pou l' divòse li de yon madanm ki pat kapab fè pitit.

Àn te chèche konsolasyon ak sekou nan men sèl moun ki te kapab koute ak konprann dlo nan je l' yo: Bondye. Li te priye avèk imilite devan li pandan li t'ap remèt li fristrasyon ak nesessite li yo, epi pwomèt ke li l' te ba li yon pitit gason, li ta konsakre l' pou l' sèvi Bondye konplètman.

Bondye te tande lapriyè fanm nan epi te reponn

demann li a. Li pwobab pou Samyèl te genyen twazan lè Àn te pote li nan tanp lan pou akonpli pwomès ke l' te fè Seyè a. Asireman li te difisil pou li te kite pitit ke l' te tèlman rete tann nan sou kont prèt Eli. Sepandan, yon fwa anplis Bondye te montre fidelite li anvè Àn lè li te fè l' vin manman senk lòt pitit ankò.

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare materyèl ansèyman ou pral itilize pou leson sa a depi davans epi pare sal klas ou a anvan elèv ou yo rive.

Sonje akeyi vizitè yo epi pran kowòdone yo pou w' kapab kontakte yo pandan semèn nan.

Mo enpòtan yo

Ekri mo enpòtan yo ki nan leson sa a nan de kat ki fèt ak papye bristòl. Ekri siyifikasyon an nan pati ki dèyè a. Montre elèv ou yo li.

Poze yo kesyon: èske yon moun kapab di m' kisa sakrifis vle di? (Kite timoun yo reponn).

Après sa, ou dwe li definisyon ki nan pati dèyè kat la epi repete menm pwosesis la pou mo "ofrann".

Sakrifis: Yon sakrifis se yon kado san pri ke nou ofri Bondye.

Ofrann: Yon ofrann se yon kado ke moun yo ofri Bondye. Li pa nesessè pou se lajan sèlman. Li kapab tan tou, aboyisans, sèvis, elatriye.

Asire w' ke elèv ou yo pa genyen dout pou sa ki konsène de konsèp sa yo. Epi pou w' fè yon tranzisyon nan tèm etid la jodi a, di yo konsa: Nan istwa biblik jodi a, nou pral pale de yon fanm ki te ofri Bondye yon kado san pri. Ofrann li an te yon gwo sakrifis.

Ann wè sa Àn te ofri a epi poukisa.

Maryonèt

Pou w' prepare aktivite sa w'ap bezwen: Sachè (sak) papye, de filang de 5 cm. x 12 cm. an papye bristòl oubyen katon ki pa pwès pou chak elèv, moso papye bristòl an koulè, sizo, lakòl, kreyon oubyen makè koulè.

Di elèv ou yo: Istwa nou an jodi a pale nou de yon fanm ki rele Àn. Kounye a annou fè yon maryonèt avèk figi Àn pou ke nou tout patisipe nan istwa biblik la. Remèt chak elèv yon bous an papye epi mande yo pou yo doublé filang papye bristòl yo pou fòme ponyèt yo, apre sa yo dwe koupe kat sèk an papye bristòl pou fòme men ak pye yo. Yo dwe kole ponyèt yo andedan doub sakit la, ak men ak pyen yo nan plas yo.

Bay tan pou ke timoun yo desine vizaj la, cheve ak rad Àn.

Bebe Àn nan

Pou aktivite sa w'ap bezwen yon nounous. Kenbe nounous la nan ponyèt li yo epi di konsa: Istwa bibliik la jodi a se sou yon fanm ki rele Àn ki te anvè gen pitit, men li pat kapab. Poutèt sa li te trè atriste.

Pèmèt ke timoun yo kenbe bebe a kèk tan epi di yo ke si yo vle konnen sa ki te pase avèk Àn nan, yo dwe swiv istwa bibliik la avèk atansyon.

ISTWA BIBLIK

Mande timoun primè yo pou yo kenbe maryonèt yo te fabrike yo nan men yo epi se pou chak fwa ke yo koute non Àn pandan istwa bibliik la, yo dwe souke men yo pou montre ke Àn ap pale.

Àn akonpli pwomès li a

Sa fè Depi anpil kote te genyen yon nonm ki te rele Èlkana ki te genyen de madanm. Nan ansyen testaman li pat entèdi pou yon gason te genyen de madanm. Youn rele Penina epi lòt la te Àn.

Àn te renmen Bondye, men li te atriste anpil. Li te santi l' konsa paske li pat gen pitit, malgre li te bezwen yo avèk tout kè l'. Kontrèman, Penina te genyen anpil pitit epi toujou ap fawouche Àn.

Chak ane Àn avèk mari l' Èlkana te vwayaje byen lwen pou al adore Bondye nan tan plan epi ofri li sakrifis. Yon jou, pandan Èlkana t'ap priye, Àn te kòmanse kriye.

Àn te priye konsa: --Chè Bondye, ou gouvène sou tout bagay yo. Tanpri, pa bliye mwen epi koute plenn mwen. Tanpri, pèmèt mwen gen yon pitit. Si sa rive, mwen pwomèt ou ke l'ap vin sèvitè w' epi l'ap renmen w' pou toutan.

Nan tan plan, genyen yon prèt ki te anchaje li pou pran swen kay Bondye a, non li se te Eli.

Eli te chita ap gade bouch li. Men, Àn t'ap lapriye nan kè l'. Se bouch li ase ki t'ap bat, konsa moun pa t' ka tande sa l'ap di a. Lè sa a, Eli te konprann se sou li te sou, konsa li te apwoche bò kote li pou egzòte li.

Li di l' konsa: -Kilè w'a sispann bwè jouk pou ou sou konsa? Soti al desoule ou yon lòt kote! Àn reponn li: --Se pa sou mwen sou non, mè! Mwen pa goute ni diven ni ankenn lòt bweson. Se nan gwo lapenn mwen ye. Se louvri m'ap louvri kè m' bay Seyè a.

Se rakonte m'ap rakonte Seyè a lapenn mwen.

Tanpri, mè! Pa pran m' pou yon fanm lib! Kifè m'ap pale konsa, se paske mwen nan gwo tèt chaje. Chagren ap touye m'.

Lè sa a, Eli reponn li: --Ale ak kè poze. Mwen mande Bondye pèp Izrayèl la pou l' ba ou sa ou mande l' la.

Ana reponn li: --M' espere ou p'ap janm bliye

m'! Epi li leve, l' al fè wout li. Li manje. Depi lè sa a, li pa t' menm moun lan ankò.

Nan denmen maten, Elkana leve byen bonè ak tout fanmi li, yo adore Seyè a. Apre sa, yo tounen lakay yo lavil Rama. Elkama kouche ak Ana, madanm li. Epi, Seyè a fè pou Àn sa li te mande lan. Se konsa Àn vin ansent. Lè lè a rive pou l' akouche, li fè yon pitit gason. Li rele l' Samyèl, paske li te di: Mwen te mande Seyè a li. Apre sa, Elkana moute lavil Silo ansanm ak tout fanmi li yo pou yo te ka fè ofrann yo gen pou yo fè chak lanne bay Seyè a, ansanm ak ofrann espesyal yo te fè ve bay Seyè a. Men Àn pa t' ale. Li di mari l' konsa: --Fini m'a fin sevre pitit la, m'a mennen l' nan Tanp Seyè a kote li pral rete pou tout tan.

Elkana, mari li, di l': --Fè sa ou wè ki pi bon an. Rete non jouk w'a fin sevre l'. Tansèlman, se pou Seyè a fè sa li te di a rive vre. Se konsa Àn rete pou l' pran swen ti bebe a jouk li sevre l'.

Apre li fin sevre pitit la, li mennen l' lavil Silo. Li te pran avè l' yon ti towò bèf twazan, yon barik farin, yon sak an po bèt plen diven. Li mennen ti gason an nan tanp Seyè a, lavil Silo, atout li te tou piti toujou.

Ane yo te pase byen vit. Menm si Samyèl te toujou piti, Àn te pare pou retounen nan Silo epi akonpli pwomès ke li te fè Seyè a, se konsa ke li te pran timoun piti a epi pote l' nan kay Bondye a.

Après ke Èlkana te remèt sakrifis li yo devan Seyè a, Àn te pote Samyèl devan Eli. Epi li di l' konsa:

--Eskize m' wi, mè. Ou pa chonje ki moun mwen ye? Menm jan ou vivan an, se mwen menm fanm ou te wè ki te kanpe bò kote ou la yon jou ap lapriye Seyè a. Mwen te mande l' pou l' te ban mwen pitit gason sa a. Li ban mwen sa m' te mande l' la.

Se konsa m' vin mete l' apa pou l' ka viv pou Seyè a ase jouk li mouri.

Lè Àn avèk Èlkana te retounen lakay yo, Samyèl te rete nan Silo epi te kòmanse ede prèt Eli nan travay yo nan tanp lan. Men, menm si samyèl pa t'ap viv nan kay la, Àn te toujou renmen li, chak ane li te konn fè yon rad tounèf pote pou li.

Eli te konnen ke Bondye te kontan dèske Àn te akonpli pwomès li a epi li te ba li yon benediksyon espesyal.

Bondye te gen mizèrikòd anvè li epi pwomèt ke li ta ba li twa gason ak de fi. Lè li te wè Samyèl ap sèvi nan tanp lan, li te toujou sonje ke Bondye te reponn priye li.

AKTIVITE YO

Après w' fin rakonte istwa biblik la, itilize jwèt sa pou w' repase sa yo te aprann nan. Divize klas la fè de ekip. Itilize yon lèz adezif pou w' fòme yon gwo kare atè a. Divize kare a fè kat pati epi bay chak seksyon pwen sa yo: 1, 2, 3 ak 4 pwen. Si w' pa kapab itilize lèz adezif, make yon kare atè a avèk yon wòch, oubyen atè siman an avèk lakrè (lacho).

Chak ekip dwe fòme yon liy dèyè kare a epi elwaye yo de li omwens demi mètr de li menm.

W'ap bezwen yon sakit ki plen ak gran oubyen kèk lòt objè ki pese (wòch) pou ke timoun yo voye yo nan kare a. Toudepann de pwen kote sachè a tonbe a, elèv yo pral reponn yon kesyon revizyon. Elèv ki reponn li kòrèkteman ap genyen kantite pwen sa yo. Ou kapab kontinye poze yo kesyon epi yo kapab kontinye voye sakit la epi ogmante pwen yo jwenn yo. Ekip ki gen plis mwen se li k'ap genyen.

Desen

Mande pou yon volontè distribye liv Elèv yo epi di timoun yo pou yo ouvè yo nan paj kòresponn

nan leson an. Dirije yo vè seksyon ki pou koupe a epi mande yo pou yo chèche ak koupe imaj ki kòresponn yo nan kontou paj travay jodi a. Aprè, ba yo lakòl pou yo kole yo epi double fèy ki fini an pou fòme yon desen.

Memorizasyon

Fòme yon wonn epi repete vèsè pou aprann nan plizyè fwa an mezi n'ap vire. Aprè sa, pèmèt ke kèk volontè pase nan mitan wonn nan epi di pasaj biblik la poukont nou. Ede moun ki genyen difikilte avèk memorizasyon an.

Pou fini

Repase mo enpòtan inite sa byen brèf epi ranmase ofrann nan. Ankouraje elèv ou yo vin fidèl ak obeyisan anvè Bondye pandan semèn nan, nan priye, vizite moun malad yo epi obeyi paran ak antrenè yo.

Fè yo sonje ke pwochen klas la se pral dènye nan inite sa, se poutèt sa asistans lan enpòtan anpil.

Priye pou w' fè yo ale.

Leson 42

Samyèl, yon sèvitè ki fidèl

Baz biblik: 1 Samyèl 2:12-17, 22-26; 3

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konnen ke Bondye vle pou yo tandè ak obeyi li nan tout desizyon ke y'ap pran.

Vèsè pou aprann: *Gen krentif pou Seyè a. Sèvi l' tout bon ak tout kè nou. Chonje tout bèl bagay sa yo li fè pou nou* (1 Samyèl 12:24).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Obeyisans se yon mo ke timoun primè yo konprann trè byen. An mezi tan ap pase, yo aprann ke lè yo dezobeyi toujou gen konsekans negatif. Yo konprann ke lè yo obeyi gen konsekans tou. Montre timoun yo obeyi se yon etap fondamantal pou w' kreye nan yo tanperans ak disiplin. An mezi ke n'ap ede timoun yo obeyi paran ak antrenè yo, n'ap gide yo pou ke yo fè l' avèk Bondye tou.

Obeyisans la se yon pati espesyal nan fidelite a. Samyèl te obeyisan ak Bondye epi se pou rezon sa a, Seyè a te deside itilize li pou fè bagay ki mèvèye.

Samyèl te aprann koute Bondye.

Ankouraje elèv ou yo pou yo pare pou koute vwa Bondye epi obeyi volonte li.

KÒMANTÈ BIBLIK

Depi anvan ke pawòl Bondye a te disponib nan fòm ekri, Seyè a te itilize diferan mwayen pou li pale ak pèp li a, pa egzanp, atravè rèv, vizyon ak evènman sinatirèl yo. Sepandan, 1 Samyèl 3:1 di: “Lè sa a, Samyèl te timoun toujou, li t'ap sèvi Seyè a sou zòd Eli. Nan tan sa a se pa t' fasil pou Seyè a te pale ak moun. Se bagay ki te ra anpil pou Seyè a te fè moun wè l'”.

Pitit Eli yo se te yon pati santral nan pwoblèm ke chapit sa rakonte a. Nan premye pozisyon, Samyèl 2:12 siyale: “Pitit gason Eli yo te yon bann vòryen. Pou yo, Seyè a pa t' egziste”.

Yo te mande yon pòsyon espesyal (anplis de ke yo te resevwa kòm don nan men moun sa yo ki te konn ap vin apwoche nan tanp lan), men anvan ke Bondye te resevwa pati sakrifis pa l' la. Nan menm fòm nan, imoralite ke yo te konn komèt ak fanm ki te konn travay nan tanp yo te vyole Dis Kòmandman yo epi li pwobab pou se konpòtman kananeyen yo ke yo te imite. An diferans “Ti Samyèl menm t'ap grandi toujou. Li t'ap aji yon

jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi” (1 Samyèl 2:26).

Bondye te jwenn nan Samyèl yon sèvitè entèlijans ak obeyisan ke li te kapab pale.

Nan kòmansman, Samyèl pat rekonèt apèl Bondye a. Sepandan, konsèy ke Eli te bay Samyèl la te ede l’ rekonèt vwa Seyè a ak sa li te dwe fè ak mesaj ke li te resevwa a. Menm si se te difisil, Samyèl te bay Eli mesaj Bondye avèk fidelite. Depi lè sa a, Samyèl te konsidere ak aksepte kòm pwofèt Bondye.

DEVLOPMAN LESON AN

Byen akeyi elèv ou yo epi asire w’ ke sal klas la pwòp anvan yo rive. Anvan ou ale nan sijè jodi a, revize byen brèf twa leson pase yo epi mande elèv ou yo bay kèk egzanp sou kijan yo te fidèl ak Bondye pandan mwa sa k’ap fini an.

Koute apèl la!

Pou aktivite sa a, w’ap bezwen plizyè moso twal pou w’ bande je elèv yo.

Deplase chèn yo avèk tab yo nan dènye bout nan sal klas la pou kreye espas ki pral itilize pou jwèt la epi evite aksidan yo.

Divize elèv ou yo pa de, youn ap pitit epi lòt ap papa. Bande je pitit yo epi mande yo pou yo koute vwa papa li avèk atansyon. Sa dwe fèt pa yon koup alafwa. Tout rès yo dwe rete an silans pou bay pitit la opòtinite pou rekonèt vwa papa l’. Yon fwa ke tout koup yo fin reyalize pati jwèt sa, separe papa yo de pitit yo epi gaye yo nan sal klas la.

Lè w’ di konsa: “Kounye a!”, timoun yo dwe chèche paran yo lè yo sèlman dirije pa vwa yo. Sa ki jwe wòl papa yo dwe rele li jiskaske pitit la jwenn li.

Repete jwèt la plizyè fwa, pandan w’ap pèmèt elèv yo chanje wòl yo. Asire w’ ke pa genyen okenn objè ki kapab frape timoun yo pandan y’ap jwe avèk je yo bande a.

Reflechis sou enpòtans pou rekonèt vwa Papa nou pou rive nan prezans li.

Mo enpòtan yo

Pandan semèn nan ekri mo enpòtan inite yo an gran lèt nan yon papyè bristol: fidelite, sakrifis ak ofrann. Koupe chak lèt epi kache yo andedan sal klas la anvan elèv ou yo rive.

Mande timoun primè yo pou yo chèche lèt yo epi fòme mo yo pi vit jan sa posib. Plase nan mi an oubyen nan tablo a plizyè moso bann tep pou

ke yo kole lèt yo lè yo jwenn yo.

Mande pou twa volontè pase devan epi esplike tout gwoup la siyifikasyon twa mo enpòtan yo.

ISTWA BIBLIK

Depi anvan klas la, plase de tapi oubyen dra ak de zòrye nan kwen ki kontrè yo nan sal klas la. Yon kabann ap pou Eli epi lòt la pou Samyèl.

Lè istwa biblik la kòmanse, chwazi de elèv pou yo entèprete pvsonaj Samyèl ak Eli. Mande yo pou yo kouche nan kabann yo jiskaske yo koute dezyèm pati istwa a, epi lè w’ ba yo siyal la y’ap leve epi y’ap swiv enstriksyon ki nan kont lan.

Yon vwa nan nwit la

Prèt Eli te genyen de pitit gason. Yo menm tou yo te prèt, men yo pat genyen yon bon konpòtman devan Bondye. Malgre yo te konnen kòmandman Bondye yo, yo pat vle obeyi yo.

Lè yon moun ta pral ofri yon sakrifis nan tanp lan, sakrifikatè a te konn ofri yon pati nan vyann nan kòm yon ofrann devan Bondye. Apre sa, sakrifikatè a te kapab konsève yon pòsyon pou li menm oubyen pataje ak lòt yo.

Pitit gason Eli yo pat obeyi kòmandman Bondye yo pou ofrann yo. Olye de sa, yo te pran pyès vyann ke yo te vle anvan yo te prezante ofrann nan bay Bondye. Lè moun ki t’ap ofri sakrifis yo te poze kesyon sou bagay yo, pitit Eli yo te reponn yo avèk move jan.

Yon ti tan aprè, Eli te kòmanse koute plent sou konpòtman de pitit li yo. Konsa li te pwoche bò kote yo epi fè yo konnen ke anpil moun t’ap pote plent pou move konpòtman yo.

Pitit Eli yo pat koute konsèy papa yo epi yo te kontinye fè sa ki mal devan je Bondye. Sepandan, Samyèl te grandi epi pran fòs nan krentif Seyè a.

Yon sware, Eli ak Samyèl t’al dòmi kòm abitud, men trè byento Bondye te rele Samyèl.

Li pat janm koute vwa Bondye anvan, poutan, li pat rekonèt li epi li te panse ke se Eli ki te rele l’.

Menm kote a Samyèl te leve nan kabann li epi kouri al kote Eli te ye a.

--Samyèl reponn: --Men mwen wi! Poukisa w’ te rele m’?

Eli reponn li:

--Mwen pa rele ou non! Tounen nan kabann ou. Samyèl ale, li kouche.

Seyè a rele l’ ankò. Samyèl leve, l’ al jwenn Eli,

li di l': -Men mwen wi! Mwen tande ou rele m'!
Men, Eli reponn li: --Pitit mwen, mwen pa rele ou.
Al kouche tande!

Samyèl pa t' ankò konnen Seyè a paske Seyè a pa t' ankò janm pale avè l' anvan sa. Seyè a rele Samyèl yon twazyèm fwa. Samyèl leve, l' al jwenn Eli, epi li di l': --Mwen tande ou rele m'. Men mwen wi! Fwa sa a, Eli vin konprann se Seyè a ki t'ap rele ti gason an.

Li di Samyèl konsa: --Al kouche tande! Si ou tande yo rele ou ankò, w'a reponn: Pale non, Seyè! Sèvitè ou la ap koute ou!

Samyèl ale, li kouche nan kabann li.

Bondye te bay Samyèl yon mesaj byen tris pou Eli.

--Di Eli ke mwen pral pini fanmi li, mwen dwe fè li paske l' te konnen ke pitit li yo t'ap mal aji devan mwen epi li pat anpeche yo.

Lè Bondye te fin pale, Samyèl rete nan kabann li jouk denmen maten.

Li leve granmaten, li louvri tout pòt nan Tanp Seyè a. Men, li te pè al rakonte Eli vizyon li te fè a. Men Eli rele l': --Samyèl, pitit mwen! Samyèl reponn li: --Men mwen wi! Eli mande l': --Kisa Seyè a di ou konsa?

Tanpri pa kache m' anyen. Se pou Bondye ba ou pi gwo pinisyon ki genyen si ou kache m' anyen nan sa li di ou la. Se konsa Samyèl rapòte l' tout pawòl Seyè a san kache l' anyen. Epi Eli di l':

--Se Seyè a li ye, l'a fè tou sa li wè ki bon.

Samyèl t'ap grandi, Seyè a te avèk li. Li te fè tout pawòl ki te soti nan bouch Samyèl rive vre. Konsa, tout pèp Izrayèl la, depi moun ki te rete nan peyi Dann lan jouk sa ki rete lavil Bècheba, te vin rekonèt Samyèl tankou yon bon pwofèt k'ap pale pawòl Seyè a.

AKTIVITE YO

Jwèt pou revizyon

Ekri kesyon sa yo nan plizyè ti moso papye epi byen kase yo. Apre sa, kache chak ti woulo nan yon blad ki degonfle.

Gonfle blad yo tèlman pou ke papye avèk kesyon an kapab rete andedan. Apre sa, distribye blad yo pami timoun yo pou yo pete yo epi reponn kesyon an. (Si sa pa yon aktivite pratik pou ou, ekri kesyon yo nan ti papye, plase yo nan yon bwat oubyen sachè, bay opòtinite pou ke chak timoun retire yon kesyon epi reponn li.

Ede moun sa yo ki pa konnen repons lan). Ou kapab ajoute kesyon, dapre nimewo elèv ki nan gwoup ou a.

1. Kisa pitit Eli yo te konn fè?
2. Kisa moun ki nan popilasyon an te konn di Eli?
3. Kisa pitit Eli yo te fè lè li te di yo pou yo te sispann move konpòtman yo a?
4. Nan kisa Samyèl te fè diferans de pitit Eli yo?
5. Kisa Samyèl te tande?
6. Kisa Samyèl te fè lè li te tande vwa ki te rele l' la?
7. Kisa Eli te di Samyèl pou l' te fè lè li te tande vwa a?
8. Kisa Bondye te di Samyèl?
9. Kilès ki te manman Samyèl?
10. Ki kote Samyèl t'ap viv?

Travay atizana

Remèt timoun yo fèy aktivite ki nan liv Elèv la epi mande yo pou yo ouvè l' nan paj ki kòresponn leson sa. Mande yo: Kilès pèsonaj ki parèt nan desen an? (Samyèl). Pèmèt ke kèk volontè repete sa Samyèl te koute nan bouch Bondye a byen brèf.

Mete yon mizik de baz pandan elèv ou yo ap pentire ilustrasyon an epi rekoupe imaj la pa kontou ki make a. Esplike yo ke yo kapab itilize travay ki fini yo a pou koke li nan kòchèt pòt dòmitya yo a, lè y'ap pale/priye avèk Bondye epi konsa evite obstak yo.

Memorizasyon

Mande pou de oubyen twa volontè ki deja aprann tèks bibliik la pase devan epi di li devan rès gwoup la. Si w' gen posiblite, bay yon ti kado (kreyon, separatè Bib oubyen karamèl) pou sa yo ki te aprann tèks la konplèt.

Si w' vle, envite kèk paran nan fanmi an pou ke yo vin koute sa ke pitit yo te etidye pandan kat leson sa yo.

Pou fini

Verifye byen pou ke timoun primè yo pa bliye sa yo dwe pote lakay yo (travay atizana yo, rad, elatriye.). Di yo chak mèsè dèske yo chak te vin asiste nan klas jodi a epi fè yon sitasyon espesyal pou sa ki te asiste yo pandan tout mwa a. Anonse tèm pwochen inite a: "Gwo pouvwa Bondye a", pou reveye enterè timoun yo. Mete fen avèk yon lapriye epi pa bliye raple elèv yo ke yo dwe vin sèvitè fidèl epi pare pou koute vwa Bondye.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite XI

GWO POUVWA BONDYE A

Baz biblik: Egzòd 3-4; Egzòd 13:17, 15:2; Egzòd 16:1-17:7; Estè 1:1-4:17; Estè 5-8.

Tèks inite a: *Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray (Sòm 46:1).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✗ Dekouvri ke Bondye gen plis pouvwa pase nenpòt aktè sine oubyen televizyon.
- ✗ Ke pouvwa Bondye a se pa yon ti istwa, li reyèl.
- ✗ Konnen ke Bondye satisfè bezwen pitit li yo.
- ✗ Konfye yo nan Bondye nan moman difisil yo.
- ✗ Aprann ke Bondye genyen pouvwa pou libere pitit li yo anba danje ke y'ap fè fas.

Leson inite a

Leson 43: Bondye bay Moyiz yon misyon espesyal

Leson 44: Bondye sove pèp li a

Leson 45: Bondye fè pwovizyon pou pèp li a

Leson 46: Bondye pwoteje pèp li a

Leson 47: Bondye montre pouvwa li

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Timoun ki nan nenpòt kote sou latè renmen istwa aktè yo ki, nan dènye moman, yo sove moun ki “bon” yo.

Si w' rive rakonte istwa biblik yo, epi ou fè l' avèk dinamik epi emosyon (san egzajere tèks la), li byen posib ke timoun yo pa janm bliye mirak ak mèvèy Bondye yo.

Mete aksan sou pwen sa yo:

1. Ke an diferans de ti istwa Batman, Sipèmann, Tazan ak plizyè lòt ankò; bèl istwa nan Bib yo reyèl.
2. Ke nou genyen yon Bondye avèk pouvwa ki san limit. Sa dwe wete tout lapèrèz nou epi ranpli nou avèk konfyans nan Bondye ke nou kwè nan li a.
3. Ke tout di ak difisil ke lavi nou kapab parèt, Bondye kapab ede nou, deje ke pa genyen anyen ki enposib pou li.

Bondye bay Moyiz yon misyon espesyal

Baz bibliik: Egzòd 3—4

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo aprann lè Bondye bay yon misyon espesyal, l'ap ede yo reyalize li.

Vèsè pou aprann: *Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray (Sòm 46:1).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Sosyete ke n'ap viv ladan l' lan bay valè ak entelijans, bote, popilarite ak tanlan. Li nòmal pou moun ki kreyatif ak gen tanlan yo resevwa plis louwanj ak konsiderasyon pase sa yo ki pa ofri kalite sa yo. Pou anpil nan elèv ou yo se yon bagay ki nòmal pou yo santi yo meprize ak fristre devan gwo defi ke sosyete a mete devan yo.

Pou timoun primè yo li espesyalman difisil, paske li jis pandan etap sa kote yo kòmanse pèdi dan epi santi yo fèb devan fòs adolesan yo. Pou yo menm li konplike pou yo konprann kòman Bondye fè chwazi yo pou yon misyon tèlman espesyal. Sepandan, atravè ansèyman yo ki nan inite sa a, y'ap aprann ke Seyè a kapab itilize menm moun ki plis fèb yo pou reyalize objektif li.

Poutèt rezon sa a, elèv ou yo pral idantifye yo byen fasil avèk Moyiz. Li te yon nonm malen, ki te gen difikilte pou pale epi li te vin pè lè Bondye te mande li pou l' t'al libere pèp ebre a. Sepandan, istwa rakonte nou fason ekstraòdinè ke Bondye te itilize Moyiz.

KÒMANTÈ BIBLIK

Egzòd 3—4. Lè yon ebre te mande prens Moyiz: “Kimoun ki mete w' kòm prens ak jij sou nou?”, li pat gen yon lide sou kijan pawòl sa yo te pwofetik. Ebre ki te nan esklavaj nan peyi Lejip yo pat pare pou yo te resevwa yon liberatè. Se nan menm fason an, Moyiz pat pare pou vin lidè pèp Bondye a. Seyè a pat menm ko ba li misyon sa.

Madyan te nan direksyon sidwès mòn Sinayi a. Madyanit yo se te branch fanmi Abraram, sa te fè yo paran izrayelit yo.

Moyiz se te gadò mouton epi travay avèk Jetwo, yon prèt madyanit ki te vin konvèti an bòpè li aprè yon tan. Travay sa te ede Moyiz viv nan dezè a; deja li ta bezwen kapasite sa yo pou reyalize travay ke Bondye te genyen planifye pou li a.

Yon jou, touf bwa k'ap boule a te fè Moyiz sezi. Byen souvan dife a te konn akonpanye revelasyon Bondye yo paske li te reprezante prezans li. Kòm Moyiz t'ap fè prese pou al wè touf bwa a, Bondye te avèti li ke li te dwe wete sandal li yo. Ki te yon fòm de respè ak imilite devan Bondye.

Bondye se gouvènè an chèf linivè a. Li kapab pran nenpòt pwoblèm sou responsablite li lè l' sèlman panse l'. Sepandan, youn nan gwo verite Pawòl la se ke Seyè a te toujou chwazi lèzòm pou l' konplete objektif li yo. Kòm pitit Bondye, nou kapab santi nou gen lonè pou nou fè pati plan pafè li yo.

Bondye te chwazi Moyiz malgre defo ak feblès li yo. Li pat chwazi li paske li te brav oubyen gwo konesans li yo, men pito se paske Seyè a gen pouvwa pou l' itilize moun ki pa bon pou l' demontre konbyen zèv ak li yo gran ak mèvèye.

DEVLOPMAN LESON AN

Sa se premye a nan seri senk leson sou gwo pouvwa Bondye a. Chèche kantik ki gen pou wè ak tèm etid la Depi davans epi ekri lèt la nan plizyè papyè bristòl pou ke elèv ou yo aprann yo pi fasil.

Kontwòl asistans

Pandan semèn nan, fabrike yon kare asistans pou ke elèv ou yo konplete nan entèval inite a.

Chèche kèk manm nan kongregasyon w' lan ki pou ede w' achte oubyen prepare ti kado ki byen senp pou moun ki toujou asiste yo.

Di timoun primè yo ke li enpòtan pou yo toujou fidèl nan asistans ak prezans yo alè, se pa sèlman pou yo ka jwenn prim nan, men tou pou yo aprann verite bibliik ki enpòtan yo.

Mo enpòtan yo

Anvan klas la, ekri definisyon mo “mirak” nan tablo a.

Mirak: se yon evènman enpresyonan ki pase lè Bondye montre pouvwa li epi ki pa genyen okenn lòt espplikasyon.

Di elèv ou yo ke mo enpòtan nan inite sa se “mirak”, epi esplike yo ke pandan dewoulman inite sa a y'ap aprann sou anpil mirak ke Bondye te fè pou delivre pèp li a.

Pèsonaj sekrè

Mande timoun primè yo pou yo chita sou fòm yon sèk pou yo devine kimoun ki pèsonaj bibliik ke yo pral etidye sou li nan inite sa.

Ou pral li fraz sa yo, pandan ke y'ap panse an silans. Apre sa, mande pou moun ki konnen de kimoun y'ap pale a leve men yo epi reponn nan lòd.

1. Li te fèt epi viv nan peyi Lejip pandan anfans li.

2. Fanmi li te kache li lè l' te piti.
3. Li te genyen yon sè l' ki te rele Miryam.
4. Li te grandi nan palè Farawon an jiskaske li te vin gran.
5. Pandan 40 tan li te gadò mouton nan dezè peyi Madyan.

ISTWA BIBLIK

Rasanble elèv ou yo pou yo koute istwa biblik jodi a.

Ouvè Bib la nan Egzòd 3 epi di timoun primè yo konsa:

N'ap jwenn istwa biblik nou an nan Egzòd, chapit 3 ak 4 epi li pale nou de Moyiz. Koute avèk atansyon sa ki te pase pandan li t'ap pran swen mouton yo nan dezè a.

Yon misyon espesyal ak yon pwomès

“Bèè-bèè!” mouton yo t'ap rele an mezi ke Moyiz t'ap kondwi yo nan dezè cho ak sèch la.

Li te vle mache prese paske jiskaprezan li te rete yon wout byen long devan li. Yo tout te byen swaf, fatigue epi cho. Finalman, yo te rive nan yon mòn kote yo te kapab fè yon ti repoze.

Menm kote a Moyiz te wè yon bagay ki te fè l' sezi.

Li rele:--Sa k'ap pase touf bwa sa la a?

Li te fè yon ti pwoche pi plis pou l' te kapab gade ak plis detay...touf bwa te kouvri ak dife!, men li te deside apwoche plis pou wè pou ki rezon dife a pat boule li.

Yon vwa te pale Depi nan touf bwa a: --Moyiz! Moyiz! Moyiz reponn: --Men mwen wi. Bondye di: --Rete kote ou ye a. Pa pwoche. Wete sapat nan pye ou, paske kote ou kanpe a se yon tè ki apa pou mwen.

--Menm kote a, Moyiz te kanpe epi wete sandal yo. Li te rete byen trankil, li t'ap gade touf bwa a, yon dife, avèk je l' yo ouvè byen gran. Li pat kapab kwè ke touf bwa a pat boule ak gwo dife a! --Se mwen menm, Bondye zansèt ou yo, Bondye Abraram lan, Bondye

Izarak la ak Bondye Jakòb la.

--O Seyè--Moyiz bouche figi l', paske li te pè gade Bondye. Seyè a di:

--Mwen wè tray pèp mwen an ap pase nan peyi Lejip. Mwen tandè jan y'ap rele anba men moun k'ap peze yo. Wi, mwen konnen jan y'ap soufri. Mwen desann pou m' vin delivre yo anba men moun peyi Lejip yo, pou m' fè yo soti nan peyi Lejip la, pou m' mennen yo nan yon gwo peyi ki gen bon tè, yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. --Koulye a, ale! Se mwen menm k'ap voye ou bò kote farawon an. Fè pèp mwen an soti nan peyi Lejip.

--Moyiz di Bondye: --Ki moun mwen ye menm pou m' ta penmèt mwen ale bò kot farawon an pou

m' fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip? Bondye pwomèt li: --M'ap kanpe la avè ou. Lèfini, pou fè konnen semwen menm ki voye ou, men sa w'a fè: lè w'a fin fè pèp la soti kite peyi Lejip, n'a sèvi m' sou mòn sa a.

Moyiz te pè anpil, konsa, li te konmanse plenyen devan Bondye. Moyiz di Bondye konsa: --Bon. Koulye a, mwen pral bò kote pèp Izrayèl la, mwen pral di yo: Bondye zansèt nou yo voye m' kote nou. Ou mèt sèten yo pral mande m': Ki jan li rele? Lè sa a, kisa pou m' reponn yo?

Bondye di Moyiz: --Sa m' ye a se sa m' ye. Apre sa li di ankò: -W'a pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo konsa: Mwen menm ki rele sa m' ye a, se mwen menm ki voye ou bò kote yo.

Bondye di Moyiz ankò: -Men sa pou di moun pèp Izrayèl yo. Seyè a, Bondye zansèt nou yo, Bondye Abraram lan, Bondye Izarak la, Bondye Jakòb la, voye m' bò kote nou. Wi, se konsa mwen rele. Se konsa y'ap toujou rele m' sou latè de tit an tit.

--Moyiz mande: --Kisa k'ap pase si lidè Izrayèl yo pa kwè mwen epi panse ke se mwen k'ap envante tout bagay sa yo?

Seyè di li: --Kisa ou gen nan men ou la a? Moyiz reponn li: -Yon baton. Seyè a di l': --Jete l' atè. Moyiz jete baton an atè. Baton an tounen yon koulèv. Moyiz rele di:

--Mwen pral fè li. Seyè a di Moyiz:

--Lonje men ou, bese pran koulèv la nan ke. Moyiz lonje men l', li pran koulèv la nan ke. Lamenn, koulèv la tounen baton ankò nan men Moyiz. Seyè a di:

--Men sa w'a fè pou yo ka kwè Seyè a, Bondye zansèt yo, Bondye Abraram lan, Bondye Izarak la, Bondye Jakòb la, te parèt devan ou. Seyè a di l' ankò:

--Foure men ou anndan chemiz ou, sou lestonmak ou. Moyiz fourè men li anndan chemiz li, sou lestonmak li. Lè li wete men l', men l' te vin tou blan ak bouton. Li te kouvri ak lalèp. Seyè a di l':

--Fouremen ou anndan chemiz ou ankò, sou lestonmak ou. Moyiz fourè men li anndan chemiz li ankò. Lè li wete l', men li te menm koulè ak rèss kò li. Seyè a di Moyiz:

--Si apre ou fin fè premye mirak la, ou wè yo pa vle kwè ou, yo pa vle koute ou, y'a kwè ou lè w'a fè dezyèm mirak sa a.

Si apre ou fè de mirak sa yo, y'ap fè tèt di toujou, yo pa vle kwè ou toujou, yo pa vle koute sa w'ap di yo, w'a pran ti gout dlo nan gwo larivyè a, w'a vide l' atè. Lamenn, dlo a va tounen san.

Moyiz di Seyè a: ---Eskize m' wi, Seyè. Men, mwen pa ka pale fasil. Se pa bagay jòdi a non. Menm koulye a, depi w'ap pale ak sèvitè ou la, anyen pa chanje. Bouch mwen lou, lang mwen mare.

Lè sa a, Seyè a move sou Moyiz, li di l' konsa: --Gen Arawon, frè ou la, ki soti nan branch fanmi Levi a. Mwen konnen lang misye pa mare nan bouch li. Men koulye a, li gen tan nan wout ap vin jwenn ou. L'a kontan anpil lè l'a wè ou. Mwen va ede nou de a nan misyon sa. Pa bliye pote baton w' lan non paske atravè li menm mwen pral fè anpil mirak.

Finalman, Moyiz te obeyi Bondye epi li t'ale di bòpè li Jetwo orevwa. Moyiz pran madanm li ak de pitit gason l' yo, li mete yo sou bourik, epi li tounen nan peyi Lejip. Li te renkontre ak Arawon nan wout la.

Lè Moyiz ak Arawon te rive nan peyi Lejip, yo te di pèp la tout bagay ke Bondye di Moyiz sou montay Orèb la. Moyiz menm fè tout mirak yo devan tout pèp la. Pèp la vin kwè yo. Lè yo tandè Seyè a te vin vizite yo, epi li ta vin delivre yo anba esklavaj.

AKTIVITE YO

Bondye ede nou (desen)

Distribye fèy liv aktivite ki nan liv Elèv la, leson 43.

Mande elèv ou yo pou yo konplete tèks bibliik la epi pentire imaj Moyiz yo. Apre sa, ou kapab poze yo kesyon sou sa ki te pase nan chak sèn. Lè fini, mande pou yo vire paj la pou pale sou ilustrasyon an epi dialoge sou sa ki te parèt yo lè li te priye?

Poukisa wi oubyen poukisa non? (Bondye wete tout lapèrèz ke nou santi; nan lòt okazyon yo li ede nou konnen kisa nou dwe fè malgre nou pè).

Ba yo tan pou yo reyalize aktivite a, pandan w'ap fè yon revizyon brèf sou sa ke yo te aprann nan istwa bibliik la.

Memorizasyon

Pandan semèn nan, prepare yon desen touf bwa k'ap boule nan yon papye bristòl epi pentire li avèk kèk koulè ki fò.

Apre sa, ekri chak mo k'ap fòmè vèsè memwa a nan kat yo avèk fòm flanm dife.

Distribye yon kat bay chak timoun nan fòm dezòdone pou ke yo eseye ranje yo sou rebò touf bwa a, nan fason ke, vèsè inite sa rete nan lòd ki kòrèk la. Remèt kat yo bay lòt timoun yo epi repete aktivite sa plizyè fwa jiskaske li vin fasil pou yo mete pasaj bibliik la nan lòd kòrèk.

Kole papye bristòl la yon kote ki vizib nan salòn an kòm souvni.

Pou fini

Mande elèv ou yo pou yo òganize epi konsève materyèl yo ke yo te itilize pandan jounen an. Apre sa, fè yo rasanble pou w' priye pou demann lapriye yo. Fè yo sonje ke Bondye gen pouvwa pou ede yo reyalize tout aktivite yo, menm si yo ta byen difisil epi ankouraje yo asiste pwochen klas la.

Leson 44

Bondye sove pèp li a

Baz bibliik: Egzòd 13:17-15:2

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo aprann ke Bondye gen pouvwa pou l' ede yo nan sitiyasyon difisil yo.

Vèsè pou aprann: *Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray (Sòm 46:1).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun yo renmen istwa ki pale sou mirak. Mirak liberasyon izrayelit yo nan Egzòd 14 ap pèmèt yo aprann plis sou mèvyè ak mirak ke yo ke Bondye nou an fè.

Li pwobab pou ke gen kèk nan elèv ou yo k'ap

soufri yon sitiyasyon vyolans domestik oubyen separasyon paran epi k'ap priye pou mande yon mirak ki pou ede yo rezoud sitiyasyon difisil sa ki chape anba kontwòl yo.

Li enpòtan pou ke atravè leson sa a yo ranfòse konfyans yo ak lafwa ke Bondye gen pouvwa pou l' ede yo rezoud men pwoblèm ki pi difisil yo. Sepandan, li enpòtan pou souliye tou ke Bondye pa yon "machin pou akonpli dezi yo", men pito yon Papa ki gen lanmou, ki koute nou epi konprann demann nou yo selon volonte li. Pafwa, repons Bondye yo pa imedyat, men yo pa janm rive ta.

KÒMANTÈ BIBLIK

Egzòd 13:17. Finalman, apre plizyè santèn lane, izrayelit yo te jwenn liberasyon anba esklavaj epi Bondye te mennen yo lwen peyi Lejip. Sepandan, li te pase nan chemen long avèk yo. Asireman li te trè difisil pou pèp la te konprann poukisa li ta plis fasil viv nan yon dezè sèch epi cho, olye de fabrike piramid anba move tretman ejipsyen yo.

Men Bondye te genyen plan pa li, epi pase ak yo

nan chemen long yo se te estrateji pou l' pwoteje yo. Li te konnen ke nan tan sa a izrayelit yo te yon pèp frajil epi te konn dekouraje ak fasilite, konsa, chemen long nan te pi bon pou yo te evite fè fas ak lagè avèk pèp lènmi yo.

Pami tout bagay ke yo te pote avèk yo nan vwayaj long sa, li enpòtan pou nou konnen ke yo te pote tou rès Jozèf yo. Egzòd 13:19 di: "Moyiz pran zosman Jozèf yo avèk li, paske Jozèf te fè moun pèp Izrayèl yo fè sèman. Li te di yo: Bondye gen pou vin ede nou. Lè sa a, se pou nou pati ak zosman mwen soti isit la". Jozèf te vle pou yo te antere li nan tè ke Bondye te pwomèt Abraram depi plizyè lane anvan deplasman pèp la. Jozèf te mete konfyans li nan Bondye epi kwè nan pwomès ke Seyè a te fè Abraram nan sa fè depi plizyè lane pase.

Yon lòt kote, izrayelit yo te pèdi lafwa byen vit pandan yo te twouve yo nan dezè plen chalè a. Premye erè yo te fè se te poze kesyon sou si Bondye te abandone yo. Bondye konnen kisa l'ap fè lè li pase nan chemen long nan avèk nou. Lè li ankouraje nou pou kenbe fèm nan lafwa nou epi konfyè nan li, li ban nou kapasite tou pou nou kapab rive jouk kote li vle pou nou rive a. Bondye pa janm kite nou sèl, li mache devan nou pou l' ouvè chemen an. Seyè a te mache devan izrayelit yo kòm yon kolòn nyaj ak dife pandan yo t'ap mache nan dezè a.

Bondye pa pwomèt sove nou anba tout sitiyasyon difisil yo, sepandan nou kapab sèten ke l'ap la pou l' ede nou soti venkè avèk pouvwa li.

DEVLOPMAN LESON AN

Rete tann elèv ou yo nan pòt la epi, an mezi y'ap antre nan sal klas yo, mande yo pou yo chita sou fòm yon semi sèk. Priye epi di Bondye mèsi pou semèn ki te fini an avèk sa ki kòmanse a. Di vizitè yo byenvini epi fè yo santi yo alèz pami nou.

Revizyon bibliik

Desine oubyen kole nan tablo a imaj: yon bèt kay, lagrèl ak krapo yo.

Mande timoun primè yo: Kisa twa imaj sa yo genyen an komen avèk klas pase a? (Se te kèk nan malè ke Bondye te voye nan peyi Lejip pou libere izrayelit yo). Koute repons timoun yo epi repase sa yo te etidye semèn pase a byen brèf.

Kimoun ki kapab ede mwen?

Itilize aktivite sa pou ke elèv ou yo aprann konnen moun ke yo dwe pwoche bò kote yo pou chèche sekou nan kèk sitiyasyon, epi pou fè tranzisyon istwa bibliik la tou.

Ekri kesyon sa yo nan tablo a epi pèmèt ke elèv

ou yo dyaloge ant yo pou jwenn repons yo. Koute sa ke yo di epi konplete lide yo avèk repons ki parèt nan parantèz la.

Kimoun ou ta mande èd si...?

✘ Ou pèdi nan yon magazen epi ou pa kapab jwenn paran w' yo. (Yon travayè nan magazen an, yon ajan sekirite oubyen yon polisye).

✘ Yon mou tante frape w' nan lakou lekòl la. (Yon antrenè, direktè a oubyen yon travayè nan lekòl la).

✘ W'ap eseye ranje yon dosye ki twò konplike pou ou. (Paran m' yo, yon zanmi granmoun oubyen gran frè m' yo).

✘ Ou gen kesyon pou w' poze sou Bondye. (Paran m' yo, pastè legliz la oubyen antrenè Lekòl Dominikal la).

✘ Ou santi w' tris oubyen anba desepsyon. (Bondye, paran m' yo).

Siprann!

Mande pou de nan elèv ki pi wo yo pou yo kanpe fas pou fas nan yon espas ki vid. Mande yo pou yo kenbe men youn lòt epi fèm yon twazyèm moun nan bwa yo. Konseye yo pou yo pa peze li fò.

Aprè sa, di twazyèm elèv la: Kounye a ou siprann epi ou dwe chèche yon fòm pou w' soti la san w' pa frape kamarad ou yo.

Pèmèt ke l' eseye soti epi lè li reyalize l' finalman, mande pou ke lòt volontè pase.

Di yo konsa: Jodi a nou pral tande pale de yon gwoup moun ki siprann epi san soti, yo te sèten ke yo ta pral mouri epi sèlman Bondye te kapab sove yo.

ISTWA BIBLIK

Mande timoun primè yo pou yo chita lè y'ap fòm yon semi sèk epi mande yo pou yo ouvè Bib yo nan Egzòd 13:17. Di yo konsa: Nan klas pase a nou te aprann ke Bondye te pini Lejip avèk dis malè diferan paske li pat vle libere izrayelit yo ke li te kenbe kòm esklav yo. Nan istwa jodi a nou pral aprann sa ki te pase lè finalman yo te rive soti kite peyi sa.

Liberasyon nan Lanmè Wouj la

Imajine nou kisa sa ye viv pandan plizyè lane ap travay kòm esklav anba solèy cho nan dezè a. Imajine nou travay chak jou ap fè brik epi pote wòch ki byen lou soti yon kote pou ale nan yon lòt kote. Sa se te fason ke izrayelit yo t'ap viv anvan ke Bondye te voye Moyiz pou libere yo nan peyi Lejip.

Bondye te voye dis malè sou ejipsyen yo depi anvan ke Farawon an te kite yo ale, jiskaske finalman li te kite yo ale. Pèp la te kontan pou nouvèl la epi yo te kontinye ap fè Moyiz prese. Bondye te pwomèt ke li te gen pou mennen yo nan yon bèl peyi. Yo tout t'ap louwe paske finalman yo ta jwenn libète anba esklavaj lejip la.

Izrayelit yo te ranmase tout sa yo te posede yo, menm animal yo tou, epi yo te soti nan tè yo te nan esklavaj pandan anpil ane a avèk kè kontan. Sepandan, Bondye pat pase nan chemen kout ansanm avèk yo pou l' te antre Kanaran, men pito li te chwazi chemen long nan.

Bondye te trase yon plan espesyal pou gide ebre yo pou rive jouk nan tè Kanaran. Li te fè yo konnen ke li ta ansanm ak yo: yon kolòn nyaj te gide yo pandan jounen an epi yon kolòn dife te klere yo pandan lannwit la an mezi ke yo t'ap vwayaje a.

Lè yo te rive bò lanmè Wouj la, pèp la te deside kanpe epi se la pwoblèm yo te kòmanse.

Youn nan yo te rele byen fò: --Men ejipsyen yo ap vini!

--Gade pousyè cha yo ap leve, yo vin pi prè nou chak tan!

Farawon te chanje plan li yo epi te vle pou esklav li yo te retounen nan travay li yo.

Yon lòt te rele byen fò: --Nou te dwe rete nan peyi Lejip--. Yo di Moyiz konsa: --Eske se paske pa gen kote pou antere moun nan peyi Lejip la ki fè ou mennen nou vin mouri isit la nan dezè a? Kisa ou fè nou konsa lè ou te fè nou soti kite

Lejip la? Bondye te di li ke ejipsyen yo ta gen pou swiv yo, men tou li te konnen ke Bondye te gen plis pouvwa.

De tanzantan bwi cheval ak cha yo te fè plis eskandal pi pre toujou.

Lè li te kòmanse fè nwa, Bondye te deplase kolòn nyaj la epi plase li ant ebre yo avèk ejipsyen yo. Pèp Bondye a ta gen klète pou yo kontinye vwayaje, pandan ke ejipsyen yo ta nan fè nwa.

Bondye te bay Moyiz lòd:--Lonje baton an sou lanmè a.

Moyiz te obeyi epi van te tèlman soufle fò, li te ouvè lanmè a, fòm yon chemen sèk pou ke izrayelit yo te kapab travèse.

Byen bonè nan maten, tout pèp la te kòmanse travèse lanmè a nan chemen sèk, epi lè yo te gade dèyè yo te wè ejipsyen yo ki t'ap swiv yo nan menm chemen an.

Bondye te fè kawoutchou cha ejipsyen yo te rache epi yo tout t'ap rele:

---Nou dwe kite ebre yo trankil, Bondye yo a ap batay kont nou!

Lè ebre yo te rive sou lòt rivaj la, Bondye te di Moyiz pou l' te lonje baton l' lan epi konsa dlo yo te retounen nan plas yo. Tout sòlda ejipsyen yo, cheval ak cha yo te rete kouvri pa lanmè a. Atravè gran pouvwa li, Bondye te sove pèp li a.

Moyiz ak tout pèp la te louwe Bondye epi te chante avèk lajwa: " Bondye se fòs mwen ak chan mwen, se nan li menm delivrans mwen soti. Li se Bondye epi mwen louwe li".

AKTIVITE YO

Yon liberasyon mèvèye

Remèt timoun yo fèy aktivite ki nan liv Elèv la pou ke yo travay.

Swiv enstriksyon yo pou aktivite a.

Pandan y'ap fè li mande yo: Nan ki fòm Bondye te libere izrayelit yo? Kisa ki te pase ak ejipsyen yo? Kisa ki te fè dlo lanmè yo te ouvè an de?

Repase istwa a pandan n'ap travay, vire paj la epi ranpli espas vid yo avèk mo ki kòresponn yo.

Memorizasyon

Pandan semèn nan, chèche fotografi yon palè oubyen fòtèy nan kèk liv oubyen magazin, epi pote li nan klas la pou ke elèv yo obsève li.

Esplike yo ke, nan tan lontan, wa yo te bati fòtèrès yo pou defann yo kont lènmi yo.

Yo te konn itilize gwo wòch pou konstwi mi byen wo pou ke pèsòn pat kapab travèse yo. Nan moman lagè, moun ki te andedan fòtèrès yo te an sekirite.

Nan menm fòm nan, vèsè memwa nan inite sa fè nou sonje ke Bondye se fòs ak pwoteksyon nou, se poutèt sa, nou pa dwe pè.

Distribye papye ak kreyon koulè pou ke yo desine yon fòtèrès epi ekri pasaj pou aprann nan kòm souvni.

Pou fini

Asire w' ke yo tout te fini travay yo epi ranmase materyèl ansèyman an. Di Bondye mèsi pou sa ke yo te aprann yo epi pa bliye envite yo nan klas semèn pwochen nan pou etidye plis sou gwo pouvwa Bondye a.

Bondye fè pwovizyon pou pèp li a

Baz biblik: Egzòd 16:1-17:7

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo aprann ke Bondye satisfè nesessite pitit li yo.

Vèsè pou aprann: *Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray (Sòm 46:1).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pou elèv ou yo li enpòtan pou yo koute sou ki fòm mèvyè Bondye te pran swen pitit li yo atravè tan yo. Timoun primè yo pral jwenn yon bagay majik nan klas jodi a, lè yo koute fason ke Jezi te bay pèp ebre a.

San domaje lafwa infantil yo, esplike yo ke se pa tout lapriyè yo, genyen yon mirak, men sa pa vle di ke pa genyen okenn manyè ke Bondye te bliye yo.

Bondye satisfè bezwen nou yo nan fason ki diferan epi ede nou mete konfyans nou nan li. Anseye timoun yo rezon ki fè ke li enpòtan pou nou prezante demann ak nesessite nou yo devan Bondye nan lapriyè. Li gen kontwòl tout aspè nan lavi yo.

An mezi ke elèv ou yo ap rakonte demann priyè yo, ankouraje yo di mèsè lè yo resevwa repons Seyè a.

Timoun primè yo dwe konnen Bondye kòm sèl operatè mirak yo, men tou yo bezwen sonje ke li toujou la avèk yo, ap pran swen epi ede yo atravè tout sitiyasyon ke y'ap travèse epi, menm si anpil fwa yo santi yo sèl, yo kapab toujou konfyè yo ke Seyè a la bò kote yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Egzòd 16:1-17:7. Pèp Bondye a te kite peyi Lejip dèyè epi, sou wout la dezè a, yo te plenyen epi regrèt sa yo te abandone yo.

Yo te anvi dlo dous ak pen cho ke yo t'ap jwi nan fwaye yo nan peyi Lejip.

Lè yo te rive Mara, yo te jwenn yon sous dlo anmè. Apre pèp la te fin plenyen epi diskite kont Moyiz, Bondye te fè li frape woche a avèk yon baton an bwa epi dlo dous te koule ankò.

Apre yo te fin kite Mara, izrayelit yo te rive nan dezè Elim (Egzòd 16:1). Nan zòn sa a te genyen douz sous dlo ak swasann dis pye palmis ki te bay bon lonbray, rezon sa te fè yo te deside kanpe la.

Yon mwa te gentan pase depi yo te wè mirak lanmè Wouj la. Bondye te satisfè bezwen yo avèk dlo

dous ak yon kote ki konfòtab pou repoze anvan pou yo te pran direksyon dezè Sin. Sepandan, anpil tan pat pase lè yo te kòmanse bougonnen kont Moyiz, dèske yo te kite peyi Lejip.

Bondye te vle pou pèp la li a te konfyè epi depann de li menm sèlman. Li te reponn plent yo a avèk gwo lanmou epi voye lamàn nan ki ta yon sous nouriti pou izrayelit yo pandan karant lane.

Chak maten yo ta jwenn lamàn atè a epi yo te konn ransanble yon bon kantite ki ase pou jounen an. Si yo te konsève yon pwovizyon ki plis pase sa yo te bezwen an, nan lòt jou a li ta deja pouri epi plen ak vè. Sèl jou ke yo te kapab rasanble doub pòsyon lamàn se ta maten anvan jou repo a.

Bondye te demontre pouvwa li yon fwa ankò lè li te pran swen pèp li a epi voye manje soti nan syèl la pou yo.

DEVLOPMAN LESAN AN

Konsèy nou kòmanse lesan jodi a se mete apa inèd tan anvan klas la pou netwaye sal klas la byen pwòp. W'ap bezwen yon pakèt bonbon ak napkin tou.

Mete bonbon yo sou napkin yo epi mete yo atè tout kote nan sal klas la. Mande elèv ou yo pou yo antre ak atansyon pou yo pa pile sipriz ke yo jwenn nan.

Di yo ke lesan jodi a pale sou fòm espesyal ke Bondye te pran swen pèp li a lè yo te nan dezè a.

Yon sèl la

Anvan klas la chèche yon sachè dous oubyen karamèl byen vlope.

Pandan dewoulman klas la, mande timoun primè yo pou yo chita pandan y'ap fòme yon sèk atè a. Di yo konsa: Fèmen je nou pandan m'ap konte rive sou twa, aprè sa m'ap kite plizyè dous tonbe tout kote nan sal klas la. Apre sa, n'ap kapab ouvè je nou epi pran yon karamèl. Si nou pran plis pase youn, n'ap pèdi li.

Apre timoun yo fin pran kolasyon yo a, poze yo kesyon: Èske gen kèk pami nou ki gen plis pase youn? Si yon moun genyen de oubyen plis, mande pou l' remèt tout karamèl yo.

Mande yo ankò: Èske li te difisil pou nou te pran sèlman youn?

Koute repons yo epi di konsa: Li byen enpòtan pou nou swiv enstriksyon yo, si non nou ta kapab gen pwoblèm. Jodi a nou pral aprann sa ki te pase izrayelit yo lè yo pat swiv enstriksyon Bondye yo.

Kisa ki te rive pen an?

Ou bezwen yon moso pen ansyen epi ki kanni.

Rasanble elèv ou yo epi di yo konsa: Pafwa lè n'al nan magazen, nou achte plis pen ke nou kapab manje. Èske nou konnen sa ki pase lè yon pen vin kanni? (Limon kale sou li epi li santi).

Montre klas la pen kanni an epi di yo konsa: Èske nou ta renmen manman nou sèvi ak pen sa pou prepare manje pou nou? Pèmèt yo reponn epi

di yo konsa: Nan istwa jodi a nou pral tande pale sou kèk moun ki te pran yon move desizyon ak kèk bagay mal te pase nouriti yo.

ISTWA BIBLIK

Rasanble elèv ou yo pou yo koute istwa bibliik la. Mande pou yon jèn nan kongregasyon w' lan chèche yon rad epi degize an Moyiz pou rakonte istwa sa.

Yon mirak depi nan syèl la

Deplasman depi Lejip ak sovtaaj atravè lanmè Wouj yo te sèlman kòmanse yon vwayaj byen long pou nou tout. Bondye te gide nou soti yon kote pou ale nan yon lòt atravè dezè a. Pafwa pat gen dlo ase pou moun bwè. Lè sa te pase, izrayelit yo te bougonnen sou mwen epi te kòmanse plenyen dèske yo te kite Lejip.

Mwen ta vle pou yo ta mete konfyans yo nan Bondye olye pou yo fè tout tan yo ap plenyen.

Seyè a mennen nou nan Elim, yon repo nan dezè a avèk palmis yo epi fas ak dlo a. Apre sa, nou vwayaje pou dezè Sin, kote nou rete san manje epi pèp ki grangou a te kòmanse bougonnen sou mwen yon lòt fwa ankò.

Yo t'ap di yo: --Poukisa Seyè a pa t' tou touye nou nan peyi Lejip la? Lè sa a, nou te konn chita devan bòl vyann nou, nou te konn manje pen plen vant nou. Men, ou menm ak Arawon, nou mennen nou nan dezè sa a pou fè tout kantite moun sa yo mouri grangou.

Seyè a di Moyiz: --Mwen tande jan moun pèp Izrayèl yo ap plenyen. Men sa pou ou di yo: Aswè a, anvan li fin fè nwa, n'a gen vyann pou nou manje. Denmen maten, n'a gen pen kantite nou bezwen. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm, Seyè a, ki Bondye nou.

Anplis de sa li te bannou enstriksyon espesyal yo sou lamàn nan epi li di nou konsa--: Chak maten yo ranmase mezi yo te bezwen pou yo manje. Men, kou solèy la konmanse cho, bagay la te fonn.

Sizyèm jou nan senmenn lan, yo te ranmase de fwa lavalè sa yo te konn ranmase chak jou a.

Nan demen maten, apre lawouze te fin seche, te genyen fèy lamàn nan tout dezè a.

Gou li te dous tankou myèl.

Sepandan, izrayelit yo pat swiv enstriksyon ke Bondye te bay yo epi te pran plis lamàn de sa ke yo te gen bezwen pou jou sa. Nan demen maten te genyen yon move sant nan tant yo epi yo te jwenn anpil vè sou pen yo te ranmase yo.

Sepandan, sa pat fè yo swiv enstriksyon Bondye yo. Sizyèm jou a, lè yo te dwe ranmase lamàn ase pou de jou, anpil pat fè li epi yo te soti nan maten ke yo te dwe repoze a pou y'al chèche pòsyon pen an, men Bondye te di ke sèlman li ta fè lamàn tonbe pandan sis jou.

Nou te resevwa lamàn pandan sis jou nan semèn nan pou karant jou ke nou te viv nan dezè a. Bondye te bannou lòd pou nou te mete yon pòsyon lamàn

nan yon vèsò epi pou nou konsève li pou ke nouvo jenerasyon yo te konnen fason mèvèye ke Bondye te nouriti pitit li yo.

Jou pou n' te ale lòt kote a te rive. Nou vwayaje pou yon tan epi finalman nou kanpe nan Refidim, yon kote ki pa gen dlo. Pèp la te kòmanse boude sou mwen ankò epi yo te mande m' poukisa m' te mennen yo vin mouri nan dezè a.

Yon lòt fwa ankò mwen te apwoche bò kote Bondye pou mande l' èd li epi li di m' pou mwen te pran lidè pèp Izrayèl yo avèk mwen epi ale nan yon gwo wòch ki te nan mòn Orèb epi frape wòch la avèk baton m' nan.

Mwen te obeyi epi dlo te soti nan wòch la. Lòt mirak gran Bondye nou an pou demontre pèp la ke li te gen kontwòl tout bagay.

AKTIVITE YO

Bondye fè pwovizyon

Mande timoun primè yo pou yo pran liv Elèv la epi chita pou yo reyalize aktivite ki kòresponn ak leson sa. Ede yo konplete pwojè yo a epi li enstriksyon yo byen fò pou ke yo tout tande li avèk klète.

Esplike yo sa ke yo dwe fè pou mete fen ak aktivite a epi, pandan y'ap travay la, fè yon revizyon sou sa ke yo te aprann nan leson bibliik jodi a.

Remèt nesèsite w' yo

Pou aktivite sa w'ap bezwen yon ti bwat katon pou chak elèv, kreyon oubyen makè koulè ak lòt materyèl pou dekore.

Remèt chak timoun yon bwat epi pèmèt yo dekore li jan yo renmen l' lan. Chak bwat dwe genyen yon twou kote yon fèy papye double kapab antre.

Apre sa, remèt yo plizyè moso papye pou yo ekri motif lapriyè yo epi yo dwe mete yo andedan bwat la.

Di yo ke, menm jan ke Moyiz te mande Bondye pou nesèsite yo, yo menm tou yo kapab fè li lè y'ap ekri demann yo epi konsève yo nan bwat lapriyè a. Si yo vle, nou kapab envite lòt yo vin mete demann yo lapriyè yo andedan bwat la. Paran ak frè yo kapab vin mete demann pa yo a ladan l' tou.

Memorizasyon

Mande timoun yo pou yo fè yon ti mache pa do. Pou chak pa ke yo fè, yo dwe di yon mo nan vèsè memwa a. Repete tèks la jiskaske nou fin fè viwonn sal klas la konplètman. Apre sa, repase li avèk yo nan fòm endividyèl epi ankouraje sa ki gen difikilte pou aprann li yo.

Pou fini

Priye di Bondye mèsi pou pwovizyon li ak pwoteksyon li. Priye mande Bondye pou tout moun ki toupatou nan mond lan tou ki bezwen manje.

Remèt yo fèy aktivite yo te reyalize yo epi envite yo nan pwochen reyinyon an.

Bondye pwoteje pèp li a

Baz biblik: Estè 1:1-4:17

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo mete konfyans yo nan Bondye nan moman difisil yo.

Vèsè pou aprann: *Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray (Sòm 46:1).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pouvwa Bondye nou an enkonparab epi se sa ki ede nou, pwoteje ak bannou kouraj pou nou swiv li. Si se vre ke Bondye pa rele nou pou nou vin “aktè”, asireman gen yon moman k'ap rive kote ke, pou koz Kris la, n'ap gen pou nou fè yon bagay ki danjere. Sepandan, nou menm pi fò kreyen yo nou genyen yon lavi ki òdinè epi komen. Sa pa vle di ke nou pa dwe fè fas ak danje peche ak tantasyon yo ke mond lan ofri.

Timoun primè yo kòmanse dekouvri yon mond ki jiskaprezan enkonni pou yo. Televizyon, zanmi ak mwayen kominikasyon yo mete nan dispozisyon yo yon bon kantite tantasyon ki vle atrape yo nan peche. Li enpòtan pou ke atravè lesan sa, timoun yo aprann mete konfyans yo nan Bondye lè yo santi yo tante oubyen nan pwoblèm. Egzanp kouraj larenn Estè a ap ede yo konnen ke Bondye pare pou ede yo fè fas ak danje yo, si yo mande li ak imilite.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Estè 1:1-4:17. Seri evènman etranj yo ki te fè Estè okipe twòn pwovens Pès yo ta kapab sanble yon senp kout chans. Men Madoche, tonton Estè a, pat kwè menm bagay la. Li te sèten ke Estè te rive nan pozisyon wayal sa pou yon rezon patikilye.

Bib la pa bannou anpil detay sou istwa sa, kòm pa egzanp: poukisa Madoche te anpeche Estè pale sou orijin li yo, ni nonplis nou pa konnen rezon ki fè ke Madoche te pèmèt ke nyès li a te marye ak yon payen, deja sa te entèdi pa lalwa jwif yo.

Estè te konsidere kòm kandida pou vin madanm wa a epi li te oblije soumèt li a yon rejim bote pandan douz mwa. Finalman, li te prezante devan li epi yo te chwazi li kòm larenn, nan plas Vasti. Daprè tradisyon an, pwosesis sa te pran anviwon kat lane.

Evènman ki te gen pou vini yo se te yon

anchennman mechanste, rankin ak rayisans Aman anvè jwif yo. Sepandan, fidelite Bondye a te an aksyon epi li te chwazi itilize Estè pou pwoteje pèp li a.

DEVLOPMAN LESAN AN

Priye di Bondye mèsè dèske li bannou opòtinite pou nou rasanble yon lòt fwa ankò pou etidye Pawòl li epi chante kèk ti kè chan. Esplike timoun primè yo ke jounen jodi a yo pral etidye lòt liv nan Bib la. Nan twa lesan anvan yo, yo te etidye Egzòd epi nan okazyon sa a yo pral etidye liv Estè a.

Ede yo idantifye liv nan Bib yo a epi separe l' avèk kreyon pou itilize li pandan istwa jodi a.

Kilès sa?

Ekri nan tablo a lèt ki fòme non Estè yo an dezòd, pa egzanp: ETSÈ. Aprè sa, mande elèv ou yo pou yo eseye òdone lèt yo pou jwenn non pèsonaj biblik ke yo pral etidye pandan de lesan sa yo.

Kouwòn pou wa a

Pou aktivite sa w'ap bezwen: yon bann byen laj (15 cm. oubyen plis) an papye bristòl oubyen papye pwès pou chak timoun, sizo, lakòl, bann adezif, kreyon oubyen fet koulè ak moso papye koulè.

Distribye materyèl yo epi mete yon bann papye alantou tèt chak timoun epi make plas kote bann nan dwe rankontre a pou ke kouwòn nan kapab rete byen mezire. Ede yo rasanble kouwòn yo avèk bann tep la.

Ba yo tan pou yo ekri non yo nan kouwòn nan epi dekore li jan yo renmen l' lan. Pèmèt ke elèv ki pi gran yo fè pwent nan kouwòn pa yo a pandan y'ap itilize sizo epi ede sa ki pi piti yo.

Pandan y'ap travay, mande yo: Kimoun ki itilize kouwòn? (Wa ak larenn yo). Kisa wa avèk larenn yo fè? (Yo gouvène yon peyi, yo ede moun yo epi anchaje yo pou tout bagay byen fonksyone).

Esplike yo ke wa ak larenn yo sèvi pèp yo a. Travay yo se garanti sekirite moun yo, garanti sou travay yo epi administre resous kominote a. Nan tan kounye a, anpil peyi pa genyen wa ak larenn, men pito se prezidan. Sepandan, nan tan biblik yo, se yo menm ki te konn gouvène. Jodi a nou pral etidye sou yon larenn ki te mete konfyans li nan Bondye pou ede pèp li a.

Yon larenn ki brav

Wa Asyeris, li menm ki t'ap gouvène peyi Pès ak pwovens li yo, li te deside fè yon gwo fèt epi envite tout chèf enpòtan nan wayòm nan. Larenn Vasti te òganize yon fèt pou zanmi l' yo tou.

Wa te voye yon mesaje pou l' al di larenn Vasti konsa:

--Vini nan fèt mwen an, paske mwen vle pou tout moun wè jan w' bèl.

--Mwen pa prale.

Lè larenn nan te refize ale, wa te fache anpil, konsa li t'al kote konseye li yo epi mande yo:

--Kisa mwen dwe fè avèk larenn nan? Li pat vle obeyi mwen epi li te refize vini nan fèt mwen an!

Yo te reponn li: --Pa pèmèt pou Vasti kontinye kòm larenn, li pi bon pou w' chèche lòt fanm ki pou okipe twòn nan.

Wa a souri, li te kwè ke se te yon bèl lide, konsa, li te kòmanse rechèch la pou jwenn lòt larenn nan.

Madoche te yon jwif ki t'ap viv nan peyi Pès. Li te genyen yon bèl nyès ke yo te rele Estè.

Yon jou sèvitè wa yo te rive lakay Madoche epi yo te wè Estè.

Yo rele byen fò: --Li bèl anpil, n'ap mennen l' nan palè a.

Estè pat gen lòt opsyon, li te dwe obeyi lòd wa. Men avan li te soti lakay la, Madoche te di l' konsa:

--Pa di pèsòn ke w' se jwif, epi pa enkyete w' pou anyen paske m'ap rete tou prè ou.

Yo te mennen Estè nan palè wayal la ansanm avèk lòt jèn yo ak anpil bèl fanm. Pandan douz mwa sèvitè kay wa a yo te ede yo pou yo te vin pi bèl. Yo te byen resewa l' nan palè a, tout moun te renmen l' epi pran swen li anpil.

Madoche pat bliye Estè, epi chak jou li te toujou ap pwoche bò jaden palè a pou mande pou nyès li a.

Finalman jou a te rive kote ke Estè te dwe rekonèt wa a. Li te abiye avèk yon bèl wòb epi li te fè tout sa sèvitè wa a yo te di l' pou l' te fè. Lè wa te wè li pou premyè fwa li te rete konekte ak bote l' la epi li te chwazi li kòm larenn. Apre sa, li te òganize yon gwo fèt nan lonè li yon fason pou ke tout moun te konnen ke se li menm ki te madanm tou nèf li a.

Menm jan ak tout jou yo, Madoche te apwoche kote palè a pou pran nouvel nyès li a. Sepandan, jou sa te diferan paske li te tande de sòlda ki t'ap fè plan pou touye wa a. Konsa, byen vit li t'al wè nyès li a epi rakonte li sa ke l' te tande a.

Estè te fè mari l' konnen plan sòlda yo te gen kont li a. Dosye sa te ekri nan liv Kwonik wa yo.

Nan palè a te genyen yon chèf mechan tou ki te rele Aman. Sepandan, wa te renmen fason li, li menm ki te ba li yon plas trè enpòtan. Tout moun te konn mete ajenou epi adore Aman, sof yon moun, Madoche.

Lòt anlwaye yo mande Madoche:--Poukisa li t'ap dezobeyi lòd wa a te bay la.

Men li te kontinye san mete ajenou devan Aman.

Byen vit nouvel sa te rive nan zòrèy Aman, li menm ki te fache anpil epi li di konsa:

--Kòm pinisyon, m'ap touye Madoche ak tout lòt jwif yo. --Byen vit, Aman te leve l'al kote wa a epi li di l' konsa:-- -Monwa, gen yon ras moun ki gaye nan tout peyi w'ap gouvènen yo, yo toupatou nan mitan pèp yo, men yo viv apa. Mès pa yo pa menm ak mès lòt pèp yo. Lèfini, yo derefize obeyi lòd ou bay yo. Li pa ta bon pou wa a fèmen je l' sou sa. Tanpri, pran lajan sa epi itilize l' pou w' fè kontra ak moun ki pou touye moun sa yo.

Aman te ekri yon nouvo lwa ki di konsa: "Nan trèzyèm jou premye mwa a, Aman fè rele tout sekretè wa yo, li ba yo yon piblikasyon pou yo mete nan lang chak peyi, jan yo ekri lang lan nan peyi a. Lèfini, li bay lòd pou yo voye l' bay tout prefè wa a, tout gouvènè pwovens yo ak tout chèf lòt pèp yo. Piblikasyon an te fèt nan non wa Asyeris". Lèfini, li mete so bag wa a anba li pou voye l' nan tout pwovens yo.

Lè Madoche pran nouvel tou sa ki t'ap pase, sa te fè l' lapenn anpil. Li chire rad sou li. Li mete yon rad sak anwo li ak sann dife sou tèt li, li pran lari pou li, li t'ap rele, li t'ap plenn byen fò.

Yon jou, yon sèvitè Estè te di konsa:

--Men tonton w' Madoche deyò a epi li vle wè w', l'ap kriye epi li abiye ak rad sak, sanble li byen tris.

Estè te renmen tonton l' anpil, konsa li te mande pou sèvitè li a te pote rad pwòp ba li epi alèz pou l' te chanje li.

Sèvitè a te retounen avèk rad la byen vit, paske Madoche pat vle aksepte li, tristès li a te tèlman gran epi sèl bagay ke li te vle se pou larenn nan te konnen sa ki t'ap pase a.

Madoche te mande sèvitè a pou l' te fè nyès li a konnen move nouvel yo.

--Madoche di: --Pèp nou an pral peri, mwen abiye ak rad akoz de tristès ke mwen genyen. Estè te vin konnen plan Aman te genyen prepare a.

Tonton li te mande l' pou l' t'al pale avèk wa a epi mande èd li.

Men Estè te di l' konsa:

--Mwen pa kapab ale. Wa pa mande pou l' wè mwen, men se jouk sou trant jou, si m' ale san envitasyon l'ap touye mwen.

--Madoche voye repons sa a bay Estè: -Pa mete nan tèt ou lè y'ap touye jwif yo w'ap chape paske se lakay wa a ou rete. Si ou konprann pou fèmen bouch ou nan yon ka konsa, Bondye ap toujou delivre pèp jwif la. Y'a sove, men ou menm, w'ap mouri epi fanmi ou ap disparèt. Sa ki konnen si se pa pou move pa sa a ou larenn jounen jòdi a?

Lè Estè te tande pawòl sa yo, li te panse fè yon

bagay pou l' ede. Li te mande Madoche ak lòt jwif ki t'ap viv nan vil yo pou yo te priye pou li, li te di yo pou yo pat manje anyen pandan twa jou, sèlman pou yo te priye.

Li te deside obeyi Bondye pou sove pèp li a epi li te priye pou mande sekou Seyè a.

Madoche, Estè ak pèp jwif la te priye ak jene pandan twa jou.

Kisa ki pral pase avèk yo? Èske yon moun ta kapab bloke plan terrib Aman an? Piga nou pèdi final bèl istwa sa semèn pwochèn nan.

AKTIVITE YO

Mwen pa pè

Pou aktivite sa w'ap bezwen fèy blan ak kreyon koulè.

Distribye materyèl yo ant elèv yo epi mande yo pou yo fè yon desen oubyen ekri yon istwa sou bagay ki fè nou pantan oubyen ki fè yo pè.

Kontwole yo pandan y'ap travay epi pale avèk yo sou enpòtans pou konfyè nan Bondye lè nou santi nou pè oubyen lè sitiyasyon yo sanble dekontwole.

Bay tan pou yo chak montre travay yo a epi di sa li reprezante. Pale sou lapèrèz yo, epi itilize istwa Estè a pou w' anseye yo ke Bondye ede nou vin brav si nou mete konfyans nou nan li.

Aprè sa, mete poubèl la oubyen bwat fatra a nan mitan sal klas la pou ke yo chak pase epi chire desen yo a pandan w'ap di konsa: Mwe pa pè, paske mwen mete konfyans mwen nan Bondye epi l'ap ede m' pou m' vin brav.

Konfyè nan Bondye

Prepare materyèl ke liv Elèv la sigjere a depi davans epi asire w' ke genyen ase pou ke chak timoun jwenn. W'ap bezwen: plat an katon ak

bann oubyen fil ki pwès pou chak timoun, koulè, makè, kreyon, sizo ak lakòl.

Pandan dewoulman klas la, ede timoun yo reyalize travay atizana a. Pandan y'ap travay mande yo: Kimoun ki te mete konfyans yo nan Bondye nan istwa jodi a? (Estè ak Madoche). Di yo konsa: Bondye te ede Estè vin brav epi fè sa ki dwat pou l' te ede pèp li a. Nou menm tou nou dwe gen konfyans ke Bondye ap ede nou vin brav epi nou dwe toujou fè sa ki kòrèk, san gade jan sitiyasyon an difisil.

Ankouraje timoun primè yo pote travay ki fini yo lakay yo epi di yo konsa: Pwochèn fwa ke yo fè fas ak yon sitiyasyon difisil, yo dwe gade imaj sa epi sonje ke yo kapab konfyè yo nan Bondye epi mande l' pou li ede yo vin brav.

Memorizasyon

Mande elèv ou yo pou yo chita ap gade devan epi di yo pou yo fèmen je yo. Ekri tèks memwa a nan tablo a. Aprè sa, timoun yo kapab ouvè je yo epi li l'. Mande yo pou yo fèmen je yo ankò epi, pandan ke ou efase kèk mo, yo dwe di tout vèsè a. Repete egzèsis la jiskaske tout mo yo fin efase epi yo kapab di pasaj biblik la konplèt de memwa.

Pou fini

Fòmè yon wonn lapriyè pou di Bondye mèsi.

Di konsa: Li ede nou vin brav epi konfyè nan pouvwa li lè n'ap fè fas ak kèk pwoblèm. Ba yo opòtinite pou yo di demann priyè yo.

Ankouraje timoun primè yo mete konfyans yo nan Bondye pandan semèn nan. Di yo pou yo pale ak fanmi yo sou sa yo te aprann nan klas jodi a.

Fè yo konnen ke semèn pwochèn yo pral etidye dènye leson inite sa, ki pral pale sou pouvwa Bondye, se poutèt sa l'ap byen enpòtan pou ke yo tout la pou yo asiste.

Leson 47

Bondye montre pouvwa li

Baz biblik: Estè 5-8

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo konnen ke Bondye genyen pouvwa pou l' libere pitit li yo kont danje yo.

Vèsè pou aprann: *Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray (Sòm 46:1).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pwogram yo nan televizyon ki plis popilè pami timoun yo jeneralman yo fèt sou aktè ki genyen pouvwa pou vole, atake lènmi l' yo, parèt envizib epi gade atravè twou panno yo. Timoun prime yo kontan lè yo wè fason aktè imajinè yo a ap triyonfe. Zotobre sa yo venk lènmi yo atravè pwisans; epi li nòmal pou jwèt enfantil yo imite konpòtman sa yo epi sanble ak aktè televizyon sa yo.

Epi menm si sa se pwodwi imajinasyon kreyatè ti komik yo, li enpòtan pou yo konnen ke se sèlman Bondye ki genyen pouvwa pou li fè nenpòt bagay.

Men se pa sèlman sa, men tou ke Bondye vle pou pitit li yo jwi benediksyon li yo epi fè pati plan

li yo. Li vle itilize pouvwa li atravè nou menm pou atenn yon mond k'ap viv nan fè nwa.

An mezi ke w'ap anseye elèv yo leson sa a, mande Sentepri a pou li ede yo konprann ke pouvwa Bondye a li pi lwen pase panse nou epi li disponib pou tout moun ki mete konfyans yo nan li.

KÒMANTÈ BIBLIK

Estè 5-8. Nenpòt moun ki di ke li Labib bay dekourajman, definitivman li pat li liv Estè. Li genyen yon istwa ki vrèman enpresyonan ki pou kapte lesipri lektè a.

Nan istwa jodi a, Estè sou pwèn pou li prezante tèt li devan wa a epi prepare pou nenpòt sa ki ta kapab rive.

Sof si Asyeris te lonje baton wayal la ba li, lagad yo genyen lòd pou yo touye li, san gade si li se larenn nan.

Genyen de pèsonaj ki jwe yon wòl trè enpòtan nan istwa jodi a. Sa ki plis vizib la se Estè. Pa etònman, Bondye tout kreyasyon an, ki kapab fè sa li vle a, te chwazi travay atravè men lèzòm pou akonpli objektif diven li.

Atravè itwa sa a, Bondye te pèmèt moun òdinè fè bagay ki ekstraòdinè, menm si lavi yo ta an danje. Estè se te yon fanm nòmal ki te deside obeyi Bondye, epi li te kapab sove tout yon pèp.

Li enpòtan tou pou nou siyale fidelite Madoche. Nonm sa te rete fidèl ak Bondye epi li te deside pa mete ajenou devan Aman nonm mechan an. Istwa sa fè nou sonje yon lòt fwa ankò ke Bondye vle genyen sèvitè obeyisan epi fidèl ki pou swiv li ak mete konfyans yo nan pouvwa li.

Bondye te itilize Estè nan yon fason ki te byen espesyal pou sove pèp jwif la kont yon destriksyon. Se te fidelite ak temwayaj tonton l' lan Madoche ki te ankouraje l' obeyi volonte Bondye. Li te konfyans ke pouvwa Seyè a ta kapab rann posib sa ki ta sanble enposib.

DEVLOPMAN LESON AN

Dèske sa se dènye leson nan inite a, nou konseye w' pou w' prepare yon prim pou w' bay elèv sa yo ki te toujou asiste avèk fidelite. Prepare kèk kat remèsiman oubyen vèsè ki byen senp pou w' rekonpanse elèv yo.

Chante kèk kantik louwanj anvan nou kòmanse ak aktivite ansèyman an.

Kisa larenn nan bezwen?

Nan jwèt sa, antrenè a ap reprezante larenn nan epi elèv yo ap reprezante pèp la. Larenn nan dwe chita akote sal klas la, pandan ke elèv yo ap nan lòt pwent la.

L'ap bay pèp la plizyè kalite enfòmasyon, kòm pa egzanz: "Wobèto, ou dwe fè twa pa an avan". Li kapab mande yo tou pou yo sote, pou yo mache pa bak, elatriye.

Repete jwèt la jiskaske tout elèv ou yo patisipe.

Après sa, di yo konsa : "Wa yo kapab pase pèp yo lòd, paske yo se gouvènè epi yo genyen anpil moun anba dominasyon yo. Nan istwa jodi a, ann koute sa ki te pase larenn Estè apre li te fin pran move nouvèl sa".

ISTWA BIBLIK

Anvan w' kòmanse istwa jodi a, li enpòtan pou nou repase sa nou te etidye nan leson pase a ansanm. Nan fason sa a, pèsonaj yo ap familiarize yo epi ansèyman an ap plis efikas.

Si w' vle, chwazi plizyè volontè ki pou rakonte sa

yo te aprann semen pase a oubyen li pasaj bibliki ki koresponn nan.

Anvan klas la kòmanse, ekri fraz sa nan yon papye bristol: Bondye gen kontwòl tout bagay! Apre sa, montre elèv ou yo li epi di yo konsa: Lè mwen montre nou fraz sa pandan dewoulman istwa bibliki la, nou dwe repete mo sa yo byen fò. Nou dwe koute ak anpil atansyon pou nou kapab konnen kisa ki te fen istwa a.

Pwisans ki delivre

Estè te rete ap reflechi; finalman li te leve kanpe epi di konsa: Mwen dwe al wè wa a. (Montre fraz la: "Bondye gen kontwòl tout bagay!").

Li te pase twa jou ap priye epi jene. (Fraz)

Après twa jou yo te fin pase li te leve epi l'al wè wa a. Li te pè anpil!, paske pèsòn pat kapab wè li san yon envitasyon, sepandan, li te konnen ke Bondye te ansanm avèk li. (Fraz)

Wa Asyeris te santi l' byen kontan lè Wa a te wè Estè epi li te ba l' pèmision pou pale avèk li, li te lonje baton wayal li a bay Estè, sa ki te siyifi ke li te padone lavi. (Fraz)

Wa Asyeris di l' konsa: __Kisa ki pase, larenn Estè? Pou ki rezon ou vini wè mwen? Mande m' nenpòt sa ke w' vle epi m'ap ba ou l'. Li te mè mwatye nan wayòm nan m'ap ba ou li. (Fraz)

Estè reponn li:

__Wa Asyeris, mwen ta renmen envite w' nan yon fèt aswè ke mwen te prepare pou ou. Tanpri, vini epi envite Aman tou.

Wa a avèk Aman te aksepté envitasyon larenn nan pou ale nan fèt la. (Fraz)

Wa a mande li:

--Kisa mwen kapab fè pou ou larenn Estè?

Estè te reponn li: --Mwen vle mande w' yon bagay ki trè enpòtan. Tanpri, mennen Aman vin

soupe avèk nou demen epi se la mwen va reponn kesyon w' lan.

Aman, byen ògeye li te leve li ale lakay. Li te toujou santi li fache paske Madoche te inyore li, men li te byen kontan paske Asyeris ak Estè te envite li nan fèt la.

Aman t'ap bat lestomak li devan zanmi ak fanmili yo :

--Jodi a mwen te soupe ak wa avèk larenn nan, mwen genyen anpil byen epi yo envite mwen nan yon lòt fèt demen ankò, sepandan, pa genyen youn nan sa yo ki fè kè m' kontan lè mwen wè Madoche rete chita nan pòt pale a.

Madanm li di l' konsa : --Mande Asyeris pou l' touye li.

Zanmi l' yo di tou : --Se vre wi, li pap janm refize w' anyen.

Konsa, Aman te voye plante yon potou pou l' te pann Madoche nan demen maten.

Nan sware sa a, wa a pat kapab dòmi epi li te voye sèvitè li yo al chèche liv kwonik wayal yo pote ba li epi pou yo te li l' nan prezans li. (Fraz)

Lè l' te li kote ki di ke Madoche te ede sove lavi wa Asyeris la, li mande:

--Kisa nou te fè pou nou te rekonpanse Madoche dèske li te sove lavi mwen?

Sèvitè a te reponn: --Anyen non Mon Seyè.

Se konsa wa a te tande yon bwi epi li mande:

--Kimoun sa ki nan lakou a ?

--Se Aman wi.

Wa te bay Aman lòd pou li te antre epi li mande li :

Kòman nou kapab rekonpanse yon moun ke wa a vle onore ?

Aman te panse ke se te de li menm yo t'ap pale epi li te reponn:

--Ou dwe ba li yon wòb wayal, yon bèl cheval epi mete yon kouwòn sou tèt li pou ke tout moun kapab wè li.

Se konsa wa te di li :

--Fè prese al fè tout sa pou jwif Madoche.

Aman te fè tout sa wa te mande l' fè. Men, li te fache anpil! Konsa li te ale lakay li al rakonte madanm ak zanmi li yo sa ki te pase a. Se konsa sèvitè wa yo te rive pou vin chèche l' pou al soupe ak wa Asyeri e larenn Estè. (Fraz). Pandan yo te nan fèt la, wa te mande Estè kisa ki te demann li an epi se konsa li te rakonte tout sa ki te pare pou rive pèp li a. (Fraz).

Wa te fè sa Estè te mande l' la, li te mande epi dikte yon nouvo lwa pou sove jwif yo. (Fraz)

Li te pini Aman pou mechanste nan menm potou ke li te mete pou pann Madoche a. Epi Madoche ansanm avèk jwif yo te fè yon gwo fèt epi yo te

louwe Bondye. Yo te byen kontan paske li te sove yo anba yon lanmò ki te sèten. (Fraz).

Wa te bay Madoche yon bon pozisyon epi yo pat gen lapèrèz ankò paske yo te konnen ke se Bondye ki te sove yo anba men lènmi yo.

AKTIVITE YO

Gwo pouvwa Bondye a

Distribye fèy aktivite ki nan liv Elèv la ak kreyon. Ede yo monte devinèt yo, pandan n'ap mete imaj ak mo pèdi yo nan plas ki kòresponn yo. Mande pou kèk volontè li fraz yo byen fò. Ankouraje yo mete konfyans yo nan pouvwa Bondye, lè yo santi lapèrèz nan fè fas ak yon sityasyon.

Ou menm tou, ou kapab jene!

Mande timoun yo pou yo chita pandan y'ap fòme yon wonn epi pou yo mete kouwòn ke yo te fè nan klas pase a. Ankouraje yo imajine yo ke yo se wa oubyen larenn epi panse kòman yo kapab ede lòt moun, menm jan ke Estè te ede pèp li a.

Mande pou kèk volontè antre nan wonn nan epi di nan ki fason yo ta ede lòt moun yo si yo te wa yon nasyon.

Esplike yo ke menm si yo pa rive vin yon wa pwisan, yo kapab sèvi pwochen yo, pa egzanp: ranmase fatra tanp lan, nan ede yon granmounn aje, kolabore nan travay fwaye a, elatriye.

Memorizasyon

Pale avèk pastè w' la oubyen direktè ministè Lekòl Dominikal yo pou ke yo bay yon patisipasyon espesyal nan sèvis la. Prepare elèv yo pou ke yo di tèks ke yo te aprann pandan inite sa de memwa devan kongregasyon an.

Ede sa ki pi piti yo oubyen sa yo ki genyen difikilte avèk aprantisaj la.

Pou fini

Ankouraje timoun primè yo mete konfyans yo nan Bondye nan mitan pwoblèm yo. Fè yo sonje ke atravè tout lesyon yo te aprann yo ke pouvwa Bondye pi gwo pase nenpòt lòt bagay. Di yo ke pouvwa Seyè a disponib pou tout moun sa yo ki mete konfyans yo nan li epi obeyi li.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite XII

ISTWA NOWÈL LA

Baz bibliik: Matye 1:18-25; 2:1-12; Lik 1:26-38; 2:1-7; 2:8-20; Jan 3:16; 1 Jan 4:9.

Tèks inite a: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an (Jan 3:16).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- ✗ Konprann enpòtans pou obeyi Bondye.
- ✗ Konprann ke tout moun bezwen Sovè a: Jezi Kris.
- ✗ Reveye yon lespri evanjelistik nan yo.
- ✗ Konprann ke Bondye pran plezi nan louwanj ak adorasyon pitit li yo.

Leson inite a

Leson 48: Kado obeyisans lan

Leson 49: Kado yon Sovè

Leson 50: Kado louwanj lan

Leson 51: Kado adorasyon an

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Inite sa ap pèmèt ou ede timoun primè yo konprann ke lè yo obeyi Bondye epi bagay yo gen pou mache pi byen pase lè yo dezobeyi a. Konsèy Bondye yo se toujou pou byen moun k'ap swiv li yo.

Konfòm ak devlopman espikasyon Nowèl la, w'ap kapab reveye nan yo dezi pou yo pale ak zanmi ak fanmi yo ki pa konnen Seyè a. Men se pa tankou moun k'ap chèche asosye pou yon klèb, men se paske yo konprann premyèman, ke moun san Bondye yo avid, tris ak san esperans.

Epi finalman, inite sa ap ba w' bèl posiblite: anseye yo ke Bondye ap tann chak jou pou li ansanm ak yo epi koute pawòl adorasyon ak remèsiman nan bouch yo pou tout benediksyon ke li vide sou lavi yo.

Kado obeyisans lan

Baz biblik: Matye 1:18-25; Lik 1:26-38

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo anvi obeyi Bondye.

Vèsè pou aprann: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an (Jan 3:16).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

“Ki kado ou vle pou nowèl la?” li pwobab pou se youn nan kesyon ki plis komen ke n'ap koute pandan epòk nowèl la. Lis demann ak kado timoun yo sanble san fen epi chak jou yo ajoute yon bagay nouvo.

Leson sa se premye a nan kat sa nou pral etidye yo sou “kado” ki te genyen nan premye Nowèl la. Avèk esepsyon ti kado yo (lò, lansan ak lami) ke nonm saj nan peyi oryan te pote pou Jezi, kado sa yo se pa materyèl, men pito pati nan adorasyon ke nou dwe Wa tout wa yo.

Mond nou an ranpli avèk gwo kado ki gen tout kalite ak fòm. Materyalis la absòbe yon gran pati nan lavi èt imen an. Epòk espesyal sa vin tounen yon entèchanjman de gwo kado ki byen chè, men ki pa ranpli vid ki nan lavi espirityèl nan nanm lòm. Pandan w'ap prepare leson sa yo, mande Seyè a pou li ede w' anseye timoun yo vrè siyifikasyon Nowèl la. Se pou yo tout kapab konprann enpòtans pou bay kado lanmou ke Bondye te fè limanite a valè: Jezi, Sovè mond lan.

KÒMANTÈ BIBLIK

Ou te koute istwa Nowèl la tèlman anpil fwa ke deja li dwe parèt monotòn epi kouran. Men nou konnen ke se pa konsa. Jiskaprezan se gwo istwa a ki fè nou sonje soufrans ak triyonf èt imen an.

Jezi pat soti nan yon fanmi ki te bon nèt ki t'ap tann yon pitit gason, kote ke paran l' yo t'ap tann pou l' te grandi kòm Sovè mond lan. Okontrè, Bondye te chwazi de moun ki senp, de moun ki pat menm ko marye, pou yo te pwoteje bebe li a sou tè a. Bondye te chwazi yo, men malgre sa yo te dwe aksepte òf Bondye a. Epi obeyisans li a pat rive san fè efò, paske se èt imen yo te ye, epi li fè pati nan kondisyon imen an. De ensidan sa yo nan Pawòl la montre nou yon modèl k'ap kapab ede nou swiv volonte Bondye.

Li Lik 1:26-38. Nan rankont Mari avèk zanj

Gabriyèl, li te koute yon gran anons ki te soti nan Bondye: li ta manman sèl Pitit Bondye a. Reyaksyon Mari a te yon reyaksyon natirèl nenpòt èt imen. Non sèlman posiblite pou fè yon timoun tèlman “espesyal”, li te ranpli li avèk panik, men nonplis li pat konprann kòman sa ta pase, dèske li te vyèj jiskaprezan.

Avèk pasyans Gabriyèl te esplike li kòman Bondye t'ap fè sa atravè Sentespri a. Li te menm revele li lòt mirak ke Bondye te fenk sot fè: kouzin li Elizabèt ki pat ka fè pitit la te ansent. Gabriyèl te konvenk Mari ke li te genyen yon bon plan nan lespri li epi li te kapab reyalize li. Mari te kwè nan mesaj la epi li te aksepte wòl li a nan dram lavi li.

Li Matye 1:18-25. Jozèf te fè menm eksperyans lan nan yon ti tan. Lè gwosès Mari a te konfime, li te vle fè sa ki kòrèk la. Pou Jozèf, sa te vle di separe avèk li pou toujou paske sa t'ap kapab mete Mari nan yon eskandal piblik, si li ta marye avèk li nan yon kondisyon parèy. Jozèf te enkyete pou repitasyon Mari, paske li te yon nonm ki dwat.

Men, nan yon rèv, yon zanj te vin esplike li kòman tout bagay sa yo te fè pati plan Bondye pou li, pou Mari, ak pou tout moun. Lè Jozèf te leve, li te obeyi Bondye pandan li te aksepte Mari kòm madanm li.

Nou kapab wè menm modèl sa nan efò nou yo pou obeyi Bondye. Nou koute gwo lòd levanjil la, li menm ki atrape kè nou.

Konsa, lapèrèz natirèl nou yo lakoz –lapèrèz fas ak chanjman, lapèrèz fas ak sa ki enkonni—epi li fè nou balance.

Konsa, Lespri a anseye nou verite a (Jan 14:26; 16:13). Lapèrèz nou yo enkyete yo, nou obeyi epi nou swiv Kris la. Apre Sali nou, pwosesis sa ap kontinye pandan ke Bondye ap mande nou pou nou fè yon nouvo pa nan lafwa.

Antrenè, kòman nou kapab ede timoun yo aksepte modèl obeyisans sa? Sou plizyè fòm:

- ✘ Nou pwoklame bèl istwa Levanjil yo nan fòm ke timoun yo kapab konprann.
- ✘ Nou konseye epi konsole timoun yo lè y'ap soufri ak priye.
- ✘ N'ap rete veyatif pou Sentespri a nan mezi ke w'ap pale ak timoun yo.
- ✘ N'ap ede yo konprann dezi Bondye pou sove yo epi gide yo pou rès lavi yo.
- ✘ Gide timoun yo pou yo pare pou rekonèt ak aksepte apèl Bondye a avèk yon angajman pou swiv Antrenè a.

Nou se kolaboratè avèk Bondye nan fè ke timoun yo deside obeyi Seyè a depi bonè nan laj yo.

DEVLOPMAN LESON AN

Nou konseye w' dekore sal klas la avèk motif nowèl pou fè yo plis atiran devan timoun primè yo. Sonje ke yo dwe se dekorasyon ki pa distrè atansyon yo fas ak vrè siyifikasyon selebrasyon sa.

Ki kado w' vle pou Nowèl la?

Distribye fèy blan yo ak kreyon koulè pou ke elèv yo fè yon desen sou kado ke yo vle pou Nowèl sa.

Yon fwa ke yo tout fini, mande yo pou yo pase devan epi esplike siyifikasyon desen yo a. Konsidere sa elèv yo eksprime kòm baz pou kòmanse prezantasyon klas sa.

Kado enpòtan yo

W'ap bezwen kat bwat ki fèmèn kòm kado pou aktivite sa, chak bwat dwe genyen yon kat andedan yo ki gen mo sa yo: Obeyisans, Sovè, Louwanj ak Adorasyon.

Nan chak klas inite sa, w'ap ouvè bwat ki gen kado sou sa ke yo pral etidye leson an.

Rasanble elèv ou yo devan bwat la epi mande yo: Kisa nou pi pito, bay oubyen resevwa kado?, se sèten ke pifò nan yo ap reponn ke yo prefere resevwa. Esplike yo ke Bib la di ke gen plis benediksyon nan bay pase resevwa, epi nan seri leson sa y'ap etidye ki kado y'ap kapab ofri Jezi.

Ouvè bwat ki kòresponn ak leson sa epi mande yo pou yo li sa kat la di a byen fò: Obeyisans.

ISTWA BIBLIK

Rasanble lè ou yo pou yo koute istwa biblik la epi kite Bib yo ouvè nan Matye 1:18-25.

Kado Mari ak Jozèf la

“Tan pase byen vit”, se sa ke Mari te panse, nan kèk mwa sèlman mwen menm ak Jozèf gen pou nou marye”.

Mari te yon fanm ki te renmen ak obeyi Bondye. Li t'ap viv nan yon ti bouk ki rele Nazarèt. Li te fyanse yon jèn bòs chapant ki te rele Jozèf.

Yon jou Mari te chita devan lakay li lè sanzatann li te wè yon nonm ki parèt devan li ak yon rad ki te byen klere sou li.

Mari te panse: --¿”Kimoun li kapab ye”? èske se yon zanj, yon mesaj Bondye?”

Pèsonaj etranj sa se te zanj Gabriyèl. Mari te tou rete paralize anba lapèrèz.

Zanj Gabriyèl di l' konsa: --Bonjou Mari. Ou pa bezwen pè non, Bondye renmen w' anpil epi li ansanm avèk ou—Mari te santi l' pè anpil, je li yo te ouvè byen gran epi li pat sispann gade zanj Gabriyèl ki te kanpe devan li--.

Ou fè Bondye plezi epi li te voye m' vin ba w'

yon bon nouvèl.

Mari te tandè avèk atansyon sa kòman zanj lan t'ap di li:

--Byento, genyen yon bagay espesyal ki pral rive w'.

Ou pral genyen yon bebe! Epi ou dwe rele l' Jezi. Li pral yon gran Wa. L'ap Wa pou toutan epi l'ap ede anpil moun paske li se Pitit Bondye a.

Mari te eseye konprann sa zanj lan te di li, men sa te sanble enkwayab pou li.

Mari te mande:--Kòman sa ap fè posib?

--Mari, bebe k'ap fèt la se pral pa mwayen pouvwa Bondye.

Bondye kapab fè bagay ke pèsòn lòt pa kapab fè. Ou pral genyen Pitit Bondye a.

Mari te mete konfyans li nan gwo pouvwa Bondye a, li te konnen ke li t'ap akonpli pwomès li epi santi li kontan paske li te chwazi pou li te vin manman bebe espesyal sa. Lè zanj lan te fin ale, Mari te louwe ak bay Bondye glwa avèk tout kè li.

Aprè sa li t'al chèche Jozèf epi li te rapòte li tout sa ki te pase avèk zanj lan. Men Jozèf pat kontan epi malgre li te renmen fyanse li a anpil, li te deside pa marye avèk li.

Se pandan, nan sware sa Jozèf te dòmi, zanj Seyè a te parèt devan li epi di konsa:

--Zanj lan di li: Jozèf, pitit pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit l'ap pote a se travay Sentespri. Li pral fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo.

Lè Jozèf leve nan dòmi an, li fè tou sa zanj Bondye a te di l' fè.

Olye li te deside kraze relasyon l' avèk Mari, li te pito chwazi obeyi Bondye, konsa li te leve l'al wè fyanse li.

Jozèf di konsa: --Mwen menm tou mwen wè zanj lan, m'ap marye avèk ou.

Mari avèk Jozèf pat konprann sa ki t'ap pase a, men yo toude a te renmen Bondye epi yo te vle obeyi li kòm paran tètès sèl Pitit Bondye a: Jezi. Yo ta fè pati plan Bondye pou pote Sovè a nan mond lan.

Èske w' obeyi?

Remèt elèv ou yo de kat blanch oubyen koupe yon fèy nan mitan. Yo dwe ekri fasil nan youn epi difisil nan lòt la.

An mezi ke w'ap li fraz sa yo, yo dwe leve kat ki reprezante repons ke yo vle bay la.

Papa di konsa: “Monte nan machin nan, ann al achte krèm glase”.

Manman di konsa: “Jodi a ou dwe netwaye chanm ou an”.

Antrenè a di konsa: “Fini tout devwa a pou maten an”.

Tonton w' di konsa: "M'ap mennen w' al jwe boul sou plas la, si w' aprann sis vèsè biblik yo".

Grann ou di konsa: "Ou dwe souse karamèl lan anvan soupe a".

Papa w' di konsa: "Pwomèt mwen ke w' pap gade ti komik vyolan yo pandan w' lakay zanmi w' Luis".

Antrenè lekòl dominikal ou a di konsa: "Pa bliye pale de Jezi ak yon moun pandan semèn sa".

Lè yo fini, dyaloge sou poukisa li difisil pou obeyi pafwa ak lòt non.

Esplike yo ke Bondye vle pou nou obeyisan devan li menm si kèk fwa nou jwenn li difisil.

Kib Nowèl la

Pandan semèn nan, anvan klas la, fè yon modèl kib/bwat kado dapre enstriksyon ki nan liv Elèv yo.

Pandan klas la, distribye fèy aktivite ki nan liv Elèv la epi gide timoun yo pou yo kontinye swiv enstriksyon yo pou prepare travay atizana a. Ba yo tan pou yo pentire, konplete mo ki manke yo epi monte bwat kado a. Pandan y'ap travay, pèmèt ke yo pale ak repase sa ke yo te aprann nan istwa biblik la.

Kòmante sou pawòl yo ki nan kib la.

Memorizasyon

Trase plizyè bwat kado sou plizyè papyè ki pwès epi dekore yo avèk kreyon koulè.

Aprè sa, ekri mo ki fòme tèks inite ki pou memorize a ladan yo. Divize tèks la fè 8 kat, jan yo endike sa nan tras yo (/):

"Passe/, Bondye sitèlman renmen lèzòm/ li bay sèl Pitit li a pou yo/. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li/ p'ap pedi lavi yo/. Okontrè/ y'a gen lavi ki p'ap janm fini an"/ (Jan 3:16)/.

Kache kat yo nan sal klas la. Mande timoun primè yo pou yo chèche epi eseye ranje yo nan lòd.

Ede yo òganize vèsè yo kòrèkteman epi repase yo plizyè fwa pandan w'ap itilize kat yo. Kat sa yo gen pou sèvi pou kat klas inite yo.

Pou fini

Asire w' ke elèv ou yo ranmase zafè yo ke yo te sèvi nan klas yo epi òganize sal klas la Depi anvan w'ale. Mete fen avèk lapriyè pandan n'ap di Bondye mèsi dèske li anseye nou pou nou obeyi li.

Mete aksan nan enpòtans fè Jezi kado obeyisans nou chak jou kòm youm nan lanmou nou pou li. Fè yo sonje ke nan pwochè semèn l'ap etidye sou lòt ke nou kapab ofri Bondye kado.

Leson 49

Kado yon Sovè

Baz biblik: Lik 2:1-7; Jan 3:16; 1 Jan 4:9

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann rezon ki fè ke moun yo bezwen Sovè a.

Vèsè pou aprann: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an (Jan 3:16).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Petèt youn nan devwa ki plis difisil pou antrenè timoun primè yo se ede yo yo konprann poukisa kado Jezi kòm Sovè a tèlman espesyal. Pou apresye Jezi konplètman kòm Sovè, moun nan dwe genyen yon santiman nesosite pou vin sove. Pou li genyen santiman sa a, li dwe konnen ke li te peche epi li repanti.

Nou pa kapab fòse timoun yo konprann verite espiritiyèl sa anvan ke yo vin kapab fè li. Sepandan, nou kapab prezante yo verite sa epi mande Sentespri

a pou li pale nan kè yo epi ba yo konpreyansyon menm nan ti laj tou kout yo a. Leson sa ap ede elèv yo konprann rezon ki fè yo bezwen yon Sovè ak rezon ki fè ke nesans Jezi a espesyal. Genyen kèk pami timoun sa yo ki kapab pran yon desizyon pèsònèl si w' pale yo sou plan Sali jodi a. Li pwobab pou gen lòt ki jwi istwa biblik la, men ki pa aksepte Kris, sepandan, w'ap plante grenn nan epi Sentespri a pral fè li grandi nan tan li.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Lik 2:1-7; Jan 3:16 ak 1 Jan 4:9. Bay kado se youn nan tradisyon ki plis gen rasin li nan epòk nowèl epi nan anpil ka li vin konvèti an pati santral selebrasyon an. Sepandan, Pawòl la fè nou sonje enpòtans selebrasyon espesyal sa a.

Jan 3:16 ban nou egzanp ki bon nèt la sou pi bon kado Nowèl la. Tout mond lan kapab resevwa bèl kado sa. Tout moun ki kwè nan Pitit Bondye a ap resevwa lavi ki pap janm fini an. 1 Jan 4:9 pale nou de menm kado sa, men nan yo fòm ki pèsònèl: Bondye ki moutre nou lanmou sensè li a atravè Jezikris. Aprè sa, nan Lik 2:1-7 nou jwenn kado espesyal Bondye a: ti bebe Jezi a, Sovè mond lan.

Gwo lanmou Bondye a k'ap manifeste nan mond lan se pi bon kado Nowèl ke moun yo kapab resevwa.

Bib la klè lè li di nou ke...”I’ap sove pèp la anba peche li yo”. Epi nou menm, kòm resepte bèl kado sa, nou genyen pou misyon al fè li rive jwenn tout moun sa yo k’ap viv nan fè nwa epi ki san espwa.

Priye pou ke pandan epòk Nowèl sa, Seyè a pèmèt ke ou menm ak elèv ou yo vin yon enstriman de benediksyon pou lòt yo. Fòme timoun piti yo pou yo kapab rive atenn lòt moun epi mennen yo nan pye Kris la. Timoun yo fè pati plan Bondye a tou.

DEVLOPMAN LESON AN

Ofri elèv yo yon bèl akèy, espesyalman sa ki vini pou premye fwa yo. Pran enfòmasyon sou yo yon fason pou w’ kapab kenbe kontak avèk yo. Chante yon kè chan louwanj pou nou kòmanse.

Kado enpòtan yo

Li tan pou w’ ouvè dezyèm bwat kado a, sa ki gen kat ki di: Sovè a.

Chwazi elèv ki te rive pi bonè a oubyen ki deja konnen vèsè a de memwa pou ke li ouvè bwat la epi li kat la byen fò.

Après sa, repase sa yo te aprann sou kado obeyisans lan byen brèf. Esplike yo ke nan klas sa y’ap gen pou yo etidye sou pi bèl kado pandan tout tan yo.

Yon bebe espesyal

Pou aktivite sa w’ap bezwen atik ki pou bebe.

Mete yo sou tab la epi pèmèt ke timoun yo wè ak touche yo. Ou kapab vini ak yon poupe pou ke timoun primè yo kapab panse ak ti bebe Jezi a. Après sa, mande yo: Pou fè kisa nou itilize atik sa yo? Koute repons yo epi pale sou atansyon ke paran yo dwe bay timoun ki fenk fèt yo. Pale sou posiblite ki te genyen pou ke Mari pat genyen dlo pwòp pou fè twalèt ti bebe a. San dout li ta tandè bwi animal yo, epi pran yon sant ki menm jan ak pa krèch la. Se konsa kote Sovè a te fèt la te ye.

Se vrèman yon plas ki trè enb. Si timoun yo vle, ou kapab pote yon rad pou w’ abiye yon ti fi ki pou reprezante Mari, lòt pou reprezante Jozèf epi kèk lòt kapab reprezante gadò mouton yo. Di yo konsa ke nan klas jodi a y’ap koute yon istwa sou bebe ki trè espesyal la.

Kontamine! (Tach solid)

Prepare sal klas ou a pou jwèt sa, pandan w’ap deplase tout mèb yo mete nan yon kwen. W’ap bezwen yon espas ki laj pou elèv ou yo kapab kouri (ou kapab fè li nan yon lakou).

Chwazi yon volontè ki pou sèvi kòm “kontamine” ki dwe kontajye lòt moun yo lè yo touche li. Timoun ki resevwa touche a dwe rete san bouje, jiskaske yon lòt timoun ba li yon ti kou nan do pou “dekontamine li”. Lè yo tout fin

rete san bouje, jwèt la ap tou fini epi nou kapab rekòmanse pandan n’ap chwazi lòt “kontamine”.

Après jwèt fini, mande yo: Pou ki rezon yo pa kapab bouje lè “kontamine a” touche nou? (Paske yo te kontamine). Kisa yo te bezwen pou yo te kontinye rete nan jwèt la? (Pou ke yon moun ki p’ at kontamine te touche yo).

Fè tranzisyon an pou istwa bibliik la pandan w’ap esplike yo ke menm jan ak nan jwèt la, nan lavi reyèl, nou tout kontamine avèk peche epi nou pa kapab sove pwòp tèt nou pou kont nou, se poutèt sa, Bondye te kreye yon plan pou ke nou te jwenn padon pou peche nou yo epi pou nou te kapab genyen li nan kè nou. Nan istwa bibliik la nou pral aprann plis sou plan espesyal sa.

ISTWA BIBLIK

Santre elèv ou yo nan kontèks istwa a. Li enpòtan pou yo konprann ke nesans Jezi a te parèt nan sikonstans ki vrèman espesyal ak sanzatan.

Pou fè yon ti kout je sou istwa a, ou kapab sèvi ak materyèl ansèyman. Si w’ pa genyen, prepare li ou menm oubyen achte kèk imaj ki itilize nan nesans tradisyonèl yo pou reprezante pèsonaj istwa bibliik yo. Si w’ vle ou kapab fè fotokopi sèn ki nan liv Elèv la, agrandi figi yo, pentire yo, kole leman oubyen yon fil nan pati ki dèyè a, epi itilize yo nan yon plak metal.

Kado mèvèye Bondye a

Yon mesaj chèn lame women an Seza Ogis te rive sou cheval li nan yon mache ki nan vil Nazarèt, li te retire yon woulo nan alfò li epi te kòmanse li byen fò pou ke tout moun te tandè : Ogis Seza, gran chèn lame women an pral fè yon resansman, paske li vle konte kantite moun k’ap viv nan wayòm li an.

Pou sa fèt, tout moun te dwe vwayaje pou ale nan lavil kote yo te fèt la.

Mesaje a te fèmen woulo a epi li te pran wout pou lòt vil pou l’ t’al fè menm anons lan pase.

Plizyè mwa te deja pase lè zanj lan te parèt devan Mari ak Jozèf. Bebe a te prèt pou l’ fèt.

Jozèf di konsa: ---Nou dwe ale Bètleyèm paske se la ke tout fanmi nou yo soti.

Mari te reponn li: --Fanmi pa m’ yo soti Bètleyèm tou wi.

Yo tou de a te ranmase pakèt yo pou kòmanse long vwayaj la. Yo ta bezwen manje, dlo ak dra pou yo dòmi. Mari tou te prepare kèk rad ke li te deja fè pou ti bebe a. Daypè yo nan ka sa a ta vrèman nesèsè. Nan epòk sa a, pat genyen bon daypè tankou sa nou menm nou te itilize yo.

Se te yon chemen byen long pou rive nan lavil Bètleyèm. Finalman yo te rive lè li te deja nan nwit.

Jozèf te prese ap chèche yon kote pou yo te repoze, Mari te byen fatige akòz de vwayaj long nan epi byento ti bebe a ta gen pou l' fèt. Sepandan, tout otèl ak kay ladesant yo te gentan plen. Te genyen anpila paske yo te dwe la pou yo te anrejistre yo dapre pwogram resansman an.

Finalman, yo te rive nan dènye plas nan bouk la epi li te toujou ranpli ak moun, mèt ti otèl la te pèmèt li rete nan pak bèt la.

Sa se pat kote Mari te panse pou pitit li a te fèt. Fanmi li te byen lwen epi li pat genyen okenn zanmi oubyen fanmi tou prè a ki pou ede yo, yo pat genyen yon kabann pou yo te repoze non plis.

Sepandan, sware sa a, nan yon pak bèt nan Bètleyèm, ti bebe Jezi a te pran nesans, Sovè mond lan.

Mari te pran timoun nan sou ponyèt li epi li te netwaye li, apre sa li te vlope li nan yon dra ke li te lave epi li te mete li nan yon krèch ki plen ak pay ki pwòp pou ke li te kapab dòmi.

Nan sware sa a, Bondye te ofri limanite pi bon kado Nowèl la : Jezi, sèl Pitit li a.

Apre istwa a, mande timoun yo pou yo beze tèt yo epi gide yo pou yo repete lapriye sa apre w'. Fè yon ti poze chak fwa ke w' jwenn siy sa (/). Si w' vle, ou kapab fè yon envitasyon ki plis pèsònèl a chak timoun pou yo remèt Kris lavi yo. Si timoun yo aksepte Jezi, nou konseye w' mete yon ti tan apa apre klas la pou w' priye avèk yo endividyèlman.

Chè Bondye, mèsì dèske w' renmen nou./ Mèsì dèske w' panse ak yon plan ki bon nèt pou nou/ epi voye Jezi sou latè./ Nou louwe ak adore w' Bondye/ pou kado mèvèye a/ ke w' te ban nou

atravè Pitit ou a,/ Sovè nou an./ Amèn.

AKTIVITE YO

Nesans Jezi a

Remèt chak timoun yo liv Elèv la tou ouvè nan leson 49, sizo ak adezif.

Depi anvan klas la, li entriksyon yo avèk anpil atansyon epi swiv yo etap pa etap pou w' prepare krèch kote Jezi te fèt la.

Ede timoun primè yo reyalize travay atizana yo a epi poze kesyon sou leson an, pou w' repase istwa a, an mezi ke y'ap travay. Ankouraje yo sèvi ak sèn nesans Jezi a. Di yo pou yo rakonte zanmi ak fanmi yo kèk bagay sou sa ke yo te aprann nan klas sa.

Memorizasyon

Itilize kat ke w' te prepare semèn pase a avèk vèsè bibliik la.

Kole yo nan tablo a pou ke timoun yo kapab li tèks la de fwa, apre sa kòmanse efase yo youn pa youn, jiskaske tablo a rete avid epi pou yo di pasaj la konplèt de memwa.

Si w' vle epi tan pèmèt ou, mande pou kèk volontè pase devan pi di vèsè a de memwa.

Pou fini

Bay yon atansyon espesyal a sa yo ki te priye pandan yo t'ap aksepte Jezi yo epi esplike yo enpòtans pa nan lafwa sa.

Ankouraje yo kontinye asiste klas la pou yo aprann plis sou kado ke Bondye ofri nou an.

Ba yo tan pou yo rekonèt demann lapriye yo epi se pou youn priye pou lòt anvan yo ale.

Leson 50

Kado louwanj lan

Baz bibliik: Lik 2:8-20

Objektif leson an: Anseye timoun primè yo sou enpòtans rakonte lòt yo Bon Nouvèl Jezi a genyen.

Vèsè pou aprann: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an (Jan 3:16).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Li komen pou kèk nan elèv ou yo wè konsèp "temwen Kris" la yon ti jan difisil pou konprann. Genyen anpil timoun primè ki timid epi li difisil pou yo pale ak lòt yo de lafwa yo, sitou si y'ap viv nan yon sosyete kote kwayans yo konplètman kontrè ak sa ke yo te aprann yo, nan klas la oubyen nan fwaye kreyen yo.

Leson sa pral ede yo aprann osijè de kè kontan ke gadò mouton yo te santi lè yo te rekonèt Jezi, ak fason ke yo te rakonte Bon Nouvèl la bay lòt yo.

Gadò mouton yo pat genyen anpil bagay pou yo ofri Jezi epi petèt elèv yo santi yo menm jan. Ede yo konprann ke yo kapab bay Jezi menm bagay ke gadò mouton yo te ofri Jezi nan krèch la: louwanj, kè kontan ak anvi pou rakonte lòt yo bon nouvèl sou Pitit Bondye a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Lik 2:8-20. Genyen plizyè istwa ke nou kapab koute youn ak youn lòt fwa san nou pa fatige epi sa se ka pasaj bibliik sa.

Pati istwa Nowèl sa revele nou pi gwo evènman ki te pase nan istwa limanite a: nesans Sovè mond lan. Sepandan, se pa youn senp kont sou evènman sila a, men pito ki esplike nou siyifikasyon sou sa ki te pase a. Se pat sèlman nesans lòt bebe jwif, se te larive Sovè a, moun Bondye te chwazi a, moun yo te voye pou pote Bon Nouvèl la bay pòv yo (Lik 4:18).

Sovè a ta pote libète pou moun ki nan prizon yo tou epi ta fè avèg yo wè. Definitivman, nesans Jezi a te chanje istwa limanite, epi mond lan pa ta menm nan.

Sepandan, Bondye te chwazi kèk gadò mouton byen senp pou pote Bon Nouvèl la. Se sèlman Levanjil selon Lik ki pale nou de visit ke zanj yo te fè gadò mouton yo. Mesye senp sa yo te premye moun ki te konnen Bondye te akonpli pwomès li, dèske Sovè ki te chwazi a te deja sou late pou akonpli misyon li.

Lik esplike nou byen klè ke Bondye te fikse je li sou mesye senp sa yo avèk gadò enb sa yo pou anonse nesans Pitit li a. Avèk sa, li te etabli pou ke Bon Nouvèl la se pou tout moun, depi nan sa ki pi rich la ak pwisan an pou rive sou kreyati ki pi pòv epi fèb la.

Gadò mouton yo pat rete tan, epi tou ranpli ak lajwa yo te prese pou y'ale Bètleyèm pou al konnen nouvo Wa a. Men se pa sèlman sa, men pito yo te bay tout moun Bon Nouvèl.

Fòm kwayans dirèk la ak repons gadò mouton yo, se youn egzanz pou nou jodi a. Nou dwe bay Bondye tout louwanj pou Jezi, Pitit li a te vin viv avèk nou, li te vini pou mouri pou nou, epi li t'ap prepare youn plas pou nou. Sa se pi bon egzanz kado ke nou kapab bay moun sa yo ki pa konnen Bon Nouvèl Jezikris la!

DEVLOPMAN LESON AN

Priye pou di Bondye mèsi pou opòtinite nou genyen dèske nou rasanble youn fwa ankò pou nou etidye Pawòl li a. Salye youn lòt. Chante youn kè chan louwanj epi kòmanse etid leson an.

Kado enpòtan yo

Ouvè twazyèm bwat kado a. Menm jan ak klas pase a, ou kapab chwazi youn volontè ki te afiche youn bon konpòtman oubyen aprantisaj. Pale sou de lòt kado ke yo te etidye yo epi di yo konsa ke nan klas jodi a yo pral aprann sou lòt kado ki trè espesyal ke youn gwoup mesye te bay Jezi.

Kisa youn gadò mouton fè?

Depi davans, envite youn jèn nan kongregasyon w' lan pou li degize an youn gadò mouton, tankou nan epòk bibliik yo.

Mande l' pou li pale ak timoun yo osijè de wòl youn gadò mouton, pa egzanz, pran swen mouton yo, defann yo kont bèt yo, chèche manje ak dlo pou twoupo a, konte yo lè lannwit la rive, elatriye.

Pèmèt ke elèv ou yo poze kesyon anvan w' pase nan pwochen aktivite a.

ISTWA BIBLIK

Chèche de jèn ki pou ede w' prezante pwochen sèn nan. Retire fotokopi paj sa pou ke envite w' yo gen tan pou etidye pati ke w' te ba yo a. Ou kapab mete rad tankou nan tan Jezi yo. Ou kapab itilize maryonèt tou.

Kado gadò mouton yo

Zetwo: --Miryam, Miryam vini byen vit !

Miryam: --Kisa ki pase, Zetwo? Kisa w' genyen? Pa tann pou w' rive lakay jous apre twa jou.

Zetwo: --Miryam, mwen gen youn bagay pou m' di w', genyen youn bèl bagay ki pase!

Miryam: --Rakonte m' li non!

Miryam : --Yèswa pandan m' t'ap pran swen mouton yo nan savann nan genyen youn gwo koze ki te pase.

Miryam: --Prese, di m' sa ki te pase a!

Zetwo: --Zanj yo!

Miryam : --Zanj ? Zetwo, èske w' gen lafyèv? (li touche fontenn li) èske w' malad?

Zetwo: --Non, non, non Miryam ! Se verite m'ap ba ou. Nan mitan nwit la gen plizyè zanj ki te parèt avèk rad ki byen klere sou yo epi nou tout te byen sezi.

Miryam : --Mwen menm tou mwen ta byen sezi.

Zetwo : --Se konsa ke youn zanj te parèt devan nou epi li di nou konsa: "Nou pa bezwen pè paske mwen pote Bon Nouvèl pou tout pèp la. Jodi a nan lavil David la genyen youn Sovè ki fèt ki se Kris ak Seyè a. Sa ap sèvi nou siyal, n'ap jwenn timoun nan vlope nan kouchèt yo ansanm ak Mari, manman li".

Miryam : --Epi après? Rakonte m' pi vit...ala emosyon...epi ala sezisman!

Zetwo : --Konsa syèl la te plen ak plizyè santèn zanj ki t'ap bay Bondye glwa epi yo t'ap di: "Tout glwa pou Bondye ki anwo nan syèl la epi lapè ak bon volontè pou tout moun k'ap viv sou late".

Miryam: --Epi kisa sa siyifi?

Zetwo: --Se sa mwen ta pral rakonte w' wi. Lè zanj yo te ale, nou te leve byen vit epi ale jous Bètleyèm pou wè kisa ki te pase a avèk sa Seyè a te di nou an. Epi se menm jan ke zanj lan te di nou an, nou jwenn bebe a nan yon krèch! Yon krèch! Èske w' kapab kwè? Li te kouche nan yon krèch, podyab! Sant lan pat tèlman bon...se te yon krèch! Men bebe a te genyen rad pwòp sou li. Vizaj li te byen bèl epi machwè li te woz.

Miryam: --Se vre? Sanble li enposib pou m' kwè. Èske se verite w'ap di a?

Zetwo: --Sa te enkwayab pou nou, men tout bagay te pase menm jan zanj lan te di nou an. Menm si jiskaprezan mwen pa konprann poukisa Sovè a te fèt nan yon pak bèt, olye de nan yon palè ki gen bèl bèso an lò ak dra bòde.

Miryam: --Mwen menm non plis mwen pa konprann sa.

Zetwo: --Sepandan, nou santi nan kè nou ke bebe sa se Pitit Bondye a. Nou mete jenou nou atè pou nou adore li. Apre sa nou te ale byen prese paske nou te dwe rakonte bon nouvèl sa yo bay tout moun. Ala yon gwo privilèj pou rakonte larive Sovè a, moun Bondye te pwomèt la! Ala yon gran privilèj pou zanj yo ban nou bèl nouvèl... nou menm ki se kèk senp gadò mouton! Nou t'al mache nan tout ti bouk Bètleyèm nan ap adore Bondye epi rakonte sa nou te wè ak tandè.

Miryam: --Zetro, mwen poko janm ka kwè jiskaprezan. Ou se sèlman yon senp gadò mouton. Poukisa pou Bondye ta ba w' yon lone tèlman gran?

Zetwo: --Mwen pa konnen sa byen. Men wi mwen konnen ke mwen te wè moun Bondye te pwomèt la, Mesi a, Sovè m' nan, epi mwen dwe di tout moun sa. Vwa mwen pa tèlman bèl menm jan avèk pa zanj yo, men mwen vle itilize li pou m' toujou adore Bondye. Mwen vle bay tout moun Bon Nouvèl la. Sa se kado ke mwen genyen pou Bondye!

AKTIVITE YO

Annou rakonte Bon Nouvèl la

Remèt timoun yo kèk ti bann papye pou ke yo ekri kèk fason moun kapab rakonte Bon Nouvèl la bay lòt moun yo. Lè yo fini, kole bann papye yo nan yon papye bristòl pou fòmen yon tablo afich epi plase li yon kote ki vizib nan sal klas la. Nan fason sa y'ap sonje ke rakonte lòt yo osijè de nesans Jezi a enpòtan anpil.

Nou ba w' konsèy sa yo la:

✘ Envite zanmi nou yo vin asiste sèvis Nowèl la.

✘ Voye yon kat Nowèl avèk yon mesaj sou Jezi.

✘ Vizite lopital yo pou w' rakonte istwa nesans Jezi a bay timoun ki malad yo.

Nou pwopoze w' ke tankou pwojè klas la, se pou yo chak prepare yon kat Nowèl epi voye li bay yon fanmi oubyen zanmi ki pa konnen Kris.

Gadò mouton yo

Distribye liv Elèv la, epi mande timoun primè yo pou yo ouvè li nan paj ki kòresponn avèk leson sa.

Separe kat yo epi ba yo tan pou ke yo rekoupe figi yo nan seksyon ki pou rekoupe a epi kole yo nan espas ki kòresponn yo.

Pandan y'ap travay, pale sou sa ke yo imajine ke gadò mouton yo te santi lè yo te resevwa vizit zanj yo.

Chan Nowèl yo

Dirije yon moman ak kè chan epi mete akonpayman avèk enstriman, nou pwopoze w' yon fòm ki byen senp pou w' fabrike yo la.

W'ap bezwen: mamit oubyen bokal konsèv ki vid ki gen plizyè gwosè diferan, gran, bouton, ak ti wòch piti. Mande timoun yo pou yo ranje grenn yo oubyen wòch yo andedan mamit yo. Remèt fèy papye oubyen aliminyòm pou ke yo fè yon espès de kouvèti. Anseye yo kòman pou yo kole avèk adezif la. Enstriman mizikal yo te deja la.

Si yo genyen enstriman ki gen pou rit nan legliz nou, pa doute itilize yo, epi mete yon tan ki apa pou louwanj pou selebre nesans Jezi a. Esplike elèv ou yo ke yon fason pou adore Bondye se atravè kantik nou yo, menm jan tankou zanj yo te fè a nan sware ke Jezi te fèt la.

Memorizasyon

Anvan klas la, cache kat yo ke w' te itilize nan leson pase a. Endike timoun yo pou yo chèche yo.

Apre sa, mande yo pou yo ranje vèsè a nan lòd epi di li byen fò Si w' vle ou kapab fè de jwèt kat avèk imaj bwat kado a. Sa pral ede w'divize klas la fè de ou plis gwoup.

Pou fini

Fòmè yon wonn lapriyè epi priye pou bezwen yo chak. Apre sa pwofite sezon nowèl sa pou w' swiv egzanp gadò mouton yo. Mande timoun yo pou yo rakonte lòt yo istwa nesans Jezi a. Di yo konsa ke pou yo rakonte plan Sali Bondye a ki bon nèt, pou sove limanite anba peche li yo.

Mete fen pandan n'ap chante yon chan pouw' fè louwanj. Envite yo vin asiste pwochen klas la pou yo dekouvri dènye kado a.

Kado adorasyon an

Baz bibliik: Matye 2:1-12

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo anvi ak chèche fason pou yo adore Jezi.

Vèsè pou aprann: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an (Jan 3:16).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Èske timoun yo kapab adore Bondye? Absoliman wi! Anpil fwa nou panse ke yo pa kapab konsantre yo nan yon atitid adorasyon, sepandan, menm avèk devouman yo ak eksè enèji, elèv yo genyen kapasite pou aprann adore Bondye.

Adore pa sèlman vle di chante avèk je nou yo fèmen ak men anlè, adore se yon atitid nan kè, ki pran nesans nan lanmou ke nou santi pou Bondye.

Itilize lesonn sa a pou anseye timoun yo egzanp saj oryan yo, yo menm ki te vwayaje anpil kilomèt pou ofri, non sèlman kado materyèl, men tou adorasyon ak devosyon yo bay Wa tout wa yo.

Ede yo konprann ke vrè adorasyon an pran nesans andedan kè a. Di yo ke Bondye kontan lè nou imilye nou devan li. Kontrèman ak sa ki pase nan dat sa yo, lè tout moun espere resevwa yon bagay, timoun primè yo pral aprann jodi a, ke Bondye vle pou nou bay Jezi kado adorasyon sensè nou an.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li Matye 2:1-12. Se yon zetwal ki te klere nan syèl la ki te attire atansyon saj oryant yo. Se pat yon zetwal komen ak kouran, yo pat janm konn wè l' parèt, epi li sanble te endike yo yon bagay. Men, kisa li te ye? Se te akonplisman plan Bondye a pou limanite!

Bondye te akonpli Pawòl li epi Sovè a te prèt pou fèt.

Bib la pa di nou konbyen mesye ki t'al vizite Jezi yo te ye ni nonplis kijan yo te rele. Tradisyon an di nou ke se te twazòm, pou kantite kado ke yo te ofri Seyè a.

Nou konnen tou ke yo te rive Jerizalèm depi oryan epi yo t'al chèche wa Ewòd pou yo te mande li: "Kote wa jwif yo ki fenk fèt la? Paske nou wè zetwal an oryan epi nou vini pou nou adore li"

(Matye 2:2).

Menm kote a, Ewòd te voye rele prèt ak doktè yo ki te nan mitan pèp la pou te vin fè envestigasyon sou ki kote Kris la te gen pou fèt. Apre kèk deliberasyon ak kalkil, enfòmasyon an ta nan Bètleyèm peyi Jide, jan pwofèt Miche te ekri a.

Ewòd te rele saj yo an sekre pou analize tan aparisyon zetwal la, epi li te voye yo ale Bètleyèm pou chèche bebe a. Li te di yo ke lè yo jwenn li pou yo te fè li konnen sa, pou ke li menm tou l'al adore li.

Lè saj yo te jwenn Jezi, yo te mete jenou yo atè pou adore li epi yo te ofri li plizyè kado ki senbolik: lò, lansan ak lami. Sepandan, yo te fè yon rèv nan dòmi. Seyè a te endike yo nan yon revelasyon pou yo pat retounen al wè Ewòd ankò. Twa saj yo te retounen lakay yo pa lòt chemen. Bondye te konnen ke plan Ewòd yo te gen mekanste.

Mesye sa yo ban nou yon egzanp, non sèlman nan obeyisans pou kite peyi yo epi kòmanse yon vwayaj pou chèche Jezi, men pito pou remisyon ak adorasyon yo devan Sovè mond lan.

Men se pa tout moun ki reponn menm jan avèk saj yo. Genyen kèk ki reyaji fas avèk anons Jezi a jan Ewòd te fè l' la, avèk rayisans ak opozisyon. Ewòd se yon bon egzanp; li te panse ak Jezi kòm yon wa ki ta vin nan konpetisyon avèk li pou pouvwa. Se rezon sa ki te fè l' te di ke apre li ta al adore li; men verite a se yon lòt bagay, li te vle touye li. Gen lòt ki reponn Jezi ak endiferans. Egzanp ki menm avèk ni doktè lalwa ak farizyen yo ki te inyore Jezi pandan ane li yo nan ministè a. Men saj yo te reponn Jezi ak vrè adorasyon an. Se nan kategori sa nou tout vle pou nou ye. Ann mande Seyè a pou li ede nou vin "vrè adoratè" Jezikris.

DEVLOPMAN LESON AN

Pliske sa se dènye lesan inite a avèk ane a, nou konseye w' pou w' prepare yon ti fèt nowèl ki senp. Prensipal motif la se selebre bebe Bètleyèm nan, Jezi.

Sa pral fèt tou pou remèsye elèv yo pou asistans ak patisipasyon yo pandan tout ane a.

L'ap nesèsè pou w' prepare liv atizana ak materyèl yo ke timoun yo pral pote lakay yo. Jodi a y'ap kapab pote yon bokal ki genyen Tèks Dous yo. Mande yo pou yo kole dènye dous la (caramel) la nan bokal la. Di yo pou yo kontinye sonje epi memorize tèks bibliik yo.

Konseye yo pou yo repete vèsè yo devan paran,

gran papa, grann ak zanmi yo.

Kado enpòtan yo

Jodi a se jou pou dènye nan kat kado yo ouvè.

Revize sa yo te aprann nan twa leson avan yo byen brèf epi ouvè katriyèm bwat la pou dekouvri kat ki di “adorasyon” an.

Fè timoun primè yo konnen ke nan klas sa yo pral etidye sou lòt kado ke yo kapab fè Jezi.

Twa kado pou yon Wa

Chèche twa ti kat ki gen gwosè yon pla men vlope pou kado, epi konsève andedan chak bwat yon ti kat ki di: lò, lansan ak lami.

Kache twa bwat yo nan sal klas la epi mande elèv yo pou yo ede w' jwenn twa kado ke kèk nonm saj te pote bay Jezi lè li te yon ti bebe.

Ba yo kèk minit pou yo chèche ti bwat yo epi pote yo vin mete devan klas la. Apre sa, chwazi twa volontè ki pou li kat yo byen fò. Itilize aktivite sa kòm entwodiksyon istwa bibliik jodi a. Lè yo ouvè ti bwat yo epi li sa ki nan kat yo, esplike siyifikasyon chak kado ke nonm saj yo te pote bay Jezi yo:

Lò: Se te yon kado ki pafè pou yon Wa. Jezi se te Wa tout wa yo epi Seyè tout seyè yo.

Lansan: Se te yon kado pafè pou yon Prèt. Jezi se te Gran Prèt la.

Lami: kado pafè pou yon moun ki ta gen pou pase pa lanmò. Jezi ta ale mouri sou kwa pou nou.

ISTWA BIBLIK

Prepare kèk materyèl vizyèl ki pou ilistre kontni leson an. Itilize imaj pou fè montaj oubyen lòt ilustrasyon pou kapte atansyon elèv yo.

Kado nonm saj yo

Sa fè depi byen lontan te genyen kèk nonm saj ki t'ap viv yon kote ki byen lwen. Yo te moun ki te konn etidye zetwal yo. Youn nan nwit sa yo, yo te obsève yon bagay ki diferan nan syèl la, yon gwo zetwal epi byen klere te parèt.

Nonm saj yo te di konsa : --Zetwal espesyal sa vle di ke genyen yon bebe espesyal ki sot fèt. -- Bebe sa se yon Wa trè enpòtan, ann al adore li!

Nonm saj yo te monte chamo yo epi kòmanse yon long vwayaj.

--Youn pami yo di konsa: --Nou dwe rive Jerizalèm. --Moun ki rete la yo va di nou ki kote pou nou jwenn nouvo Wa a.

Lè yo te rive nan vil la, yo t'al nan pale wayal la pou pale avèk wa Ewòd, li menm ki t'ap gouvène Jerizalèm.

--Nonm saj yo te di konsa: --Ki kote Wa ki fenk fèt la ye? Paske nou wè zetwal li epi nou vini pou nou adore li.

Wa Ewòd te kòmanse tranble lè li te tande sa, epi li te rasanble prèt prensipal yo avèk lòt save yo epi li te mande yo:

--Ki kote nouvo Wa a te dwe pran nesans ?

--Yo te reponn: Nan Bètleyèm peyi Jide, nan vil David la. Pwofèt Miche te ekri li. Depi anvan nesans Jezi a, Bondye te chwazi moun ki fidèl pou anonse pèp la ke li t'ap voye Pitit li a nan mond lan, kòm yon Wa espesyal.

Nonm saj yo te pran chamo yo epi yo te kòmanse vwayaj pou Bètleyèm nan. Zetwal klere ke yo te wè a te swiv yo an mezi yo t'ap avanse.

Apre yon sèten tan, zetwal la te kanpe sou tèt pak bèt kote ti bebe Jezi a te ye a. Nonm saj yo te santi yo kontan anpil!

Lè yo te antre nan pak bèt la, yo te wè Jezi avèk Mari manman li epi yo te mete ajenou devan l' pou adore li.

--Yo te rele di byen fò: --Sa a se nouvo Wa a.

Nonm saj yo te bay Jezi twa kado espesyal: lò, lansan ak lami.

Yon ti tan aprè, yo te dwe retounen nan peyi yo, vwayaj la ta byen long, se poutèt sa li pat tèlman enpòtan. Yo te byen kontan, paske yo te rekonèt Jezi, Pitit Bondye a, Sovè yo t'ap tann nan. Epi yo te kontan tou paske yo te kapab pote kado adorasyon yo pou bebe Bètleyèm nan, Wa tout wa yo.

AKTIVITE YO

Ann dekore pye bwa a

Y'ap bezwen papye bristòl oubyen papye pwès koulè vèt, filang papye mawon (koulè kafe) pou chouk la, sizo, lakòl, koulè. Mande pou yon volontè distribye liv travay yo. Mande timoun primè yo pou yo ouvè yo nan paj leson 51 an epi swiv enstriksyon yo pou reyalize aktivite a. Distribye materyèl ke yo bezwen epi ede timoun ki pi piti yo.

Pwofite moman sa pou repase avèk yo sa ke yo te aprann pandan dewoulman tout kat leson yo sou istwa Nowèl la.

Yon zetwal kache

Fè yon tras nan mitan yon pòm epi montre elèv yo zetwal ki fòme lè yo fann li nan mwatye a. Di yo ke genyen kèk moun ki panse ke zetwal sa se yon rapèl de sa ki te gide nonm saj yo rive jwenn Jezi a.

Nou kontan dèske Bondye te voye zetwal espesyal sa. Se yon egzanp ki montre ke Jezi se pa sèlman Wa jwif yo, men, li se Wa nou tou.

Saj ki te soti nan oryan pou ale Jerizalèm yo te premye moun ki pat jwif ki te adore Jezi.

Si w' gen pòm ase, pataje yo avèk elèv ou yo.

Memorizasyon

1. Òganize yon patisipasyon espesyal pou elèv sa yo ki te aprann vèsè biblik la konplèt epi ba yo yon ti kado ki senp pou w' ankouraje yo kontinye etidye ak aprann pawòl Bondye a.
2. Si gen timoun ki sonje tout vèsè biblik ane a, sa ap bon pou yo kapab pase yon moman espesyal epi resite vèsè yo devan kongregasyon an. Pou sa, mande paste w' la pou li ba w' opòtinite pou w' prezante klas ou a ak timoun ki te aprann tout vèsè yo. Ou kapab remèt timoun ki te patisipe yo sètifika rekonesans.

Pou fini

Di Bondye mèsi pou ane etid sa ki fini epi pou bèl kado Delivrans lan ke li te ban nou atravè Jezikris, Ankouraje timoun yo kontinye pou pi devan ak lavi kretyèn yo pandan y'ap mete konfyans yo nan Jezi, kòm Sovè pèsonèl yo.

Mande yo ki kado y'ap bay Jezi nan epòk Nowèl sa. Kòmanse rakonte timoun yo kisa k'ap kado espesyal w'ap bay Jezi:

- ✘ Tan: nan anseye klas la, tan preparasyon, asistans nan sèvis yo, elatriye.
- ✘ Lapriyè pèsonèl ak piblik
- ✘ Kongregasyon: Tout lavi li
- ✘ Ofrann: lajan, talan
- ✘ Adorasyon: chan louwanj, rakonte Bon Nouvèl la, temwaye sou Jezi.

Priye pou yo chak epi fè yo sonje enpòtans toujou chèche Bondye a genyen. Pa bliye remèt yo liv Elèv la ak travay ke yo te fè nan klas yo.



Nòt mwen yo:



DEBUTAN

Chè Antrenè, byenvini nan mond Timoun Primè yo!

W'ap jwenn anpil bon leson nan liv sa pou tout yon ane. W'ap jwenn anpil pratik ansèyman, anpil prezantasyon leson avèk dinamik, kòmantè bibliik ki pral anrichi konesans ou nan pawòl Bondye a avèk anpil sipò ansèyman ki bon pou aprantisaj elèv ou yo.

Koleksyon liv sa yo pou oumenm avèk elèv ou yo pral ba ou yon bon èd non sèlman pou klas lekòl dominikal ou a, men tou pou moman kè kontan yo, klèb timoun, klas edikasyon kreyèn chak semèn yo avèk nenpòt kalite modalite ke w vle adapte.

Konpliman paske w chwazi liv "Debutan" Timoun Primè Twazyèm Ane yo.

Ekip Ministè Fòmasyon Disip la priye pou ke ou santi w enspire lè w'ap anseye istwa bibliik yo ki pral fòse nou mennen yon lavi kreyèn ki bay viktwa.